66.61
В К-16

Қәллибек КАМАЛОВ

ЕЛ ХЫЗМЕТИНДЕ

УОК 35 (575. 172)
КВК 66. 61
К—16

Қ. Камалов. Ел хызметинде. Нөкис, «Билим» баспасы, 2018-жыл. 452 бет.

УОК 35 (575. 172)
КВК 66. 61
К—16

Қарақалпақстанның белгили ақсақалы, ел ағасы, «Эл-юрт ҳурмати» ордениниң ийеси, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер Қаллибек Камаловтың бул китабы еске түсириўлерден ибарат болып, негизинен ол ел басқарған 60—80-жыллардағы ўақыяларды өз ишине алады. Китапта Қарақалпақстанның экономикалық, соңиаллық ҳәм мәдений раўажланыўына байланыслы ең көп тарийхый ўақыялар, фактлер, сондай-ақ бир қатар турмыслық проблемаларға, соның ишинде, тил, әдебият ҳәм тарийх илимлерине байланыслы ой-пикирлери берилген. Жас әўладларды тәрбиялаў мәселелери бойынша автор өз пикирлери менен ортақласады, жасларға өзиниң жасы үлкенлик нәсиятларын айтады.

Китап екинши мәртебе баспаға таярланғанда бираз толықтырылды, бүгинги ғәрезсизлик дәўириндеги ерисип атырған үлкен жетискенликлерге автор өз мүнәсибетлерин билдирди.

Жуўаплы редактор:

Фарахат Палымов

Пикир билдириўшилер:

К. Мәмбетов — филология илимлериниң докторы;
Т. Изимбетов — философия илимлериниң кандидаты, профессор;
Ж. Базарбаев — философия илимлериниң докторы;
С. Нийетуллаев — философия илимлериниң докторы, юридика илимлериниң докторы.



ISBN 978-9943-4443-1-7

© Қәллибек Камалов, 2018.
© «Қарақалпақстан», 1995.
© «Билим» баспасы, 2018.

ЖАҢА БАСЫЛЫМҒА АЛҒЫ СӨЗ

Көпшилик китап оқыўшылардың тилеги бойынша өзимниң 1995-жылы «Қарақалпақстан» баспасында басылып шыққан «Ел хызметинде» атлы мемуарлық мийнетимди қайта баспадан шығарыўды лазым таптым. Бул шешим, әлбетте, ойымда бирден пайда болған жоқ. Өзбекистанның ғәрезсизлик жылларындағы оғада тез пәт пенен раўажланыўы, дүньяның сиясий картасынан мүнәсип орын ийелеўи, оны дүньяның раўажланған мәмлекетлери тән алыўы, мени—Өзбекистанның кексе бир пуқарасы, қарақалпақ халқының жасы үлкени, ел ағасы сыпатында жүдә толқынландырып жиберди ҳәм халқымның бул несийбесине усы китабым арқалы өз мүнәсибетимди билдирип, ел-халқыма буннан былай да абадан-шылық тилеўди нийет еттим.

Китаптың биринши басылымы жарық көрген жыллары Өзбекистанның өз ғәрезсизлигин жәриялағанына жаңа ғана төрт жыл болған, адамлар СССР деп аталған үлкен державаның биринши ҳәм соңғы президенти М. С. Горбачевтың көзсизлик пенен жүргизген сиясатының жәбирин тартып атырған пайытлар еди. Бир миллет екинши миллетке еңсесин гүжирейтип, өзлерин басқалардан артық қойып, ғаўасатлы шақырықларға берилип, жумыс ислеў орнына сөз қуўалап кеткен пайыт еди ол жыллар. Нәтийжеде, мәмлекетте ислеп турған механизм тоқтап, халық ашаршылыққа дуўшар бола баслады. Бул қытшылық басқа аўқамлас республикалар сыяқлы Өзбекистанды да шетлеп өтпеди. Әне, усы бир қыйын дәўирде елди бул дағдарыстан алып шығыў, халықтың келешекке болған исенимин арттырыў, Өзбекистан мәмлекетиниң Биринши Президенти Ислам Абдиғаний улы Каримовтың ийнинде турды. Ол СССРдың ҳәмме ҳәкимшилик күшлери өз бийлигинде турыўына қарамастан, батырлық пенен 1991-жылы 31-августта Өзбекистан

Республикасының өз ғәрезсизлигин жәриялады. Бул күн мәмлекет тарийхына, әлбетте, алтын ҳәриплер менен жазып қалынды.

Бул, үлкен сиясий бурылыс еди. Елде сол ўақытлардың өзинде ҳәр қыйлы сиясий ағымлар, Өзбекистанды Ислам мәмлекетине айландырыўды қәлеўши, сырттан күш алып турған топарлар баршылық еди. Соның менен бирге, халық арасында жетпис жыллық бурынғы дүзимниң тәсиринде жүрген, «Бизди мәмлекет бағыўы керек» деген сайыз ойдағы топарлардың да болғанлығы анық. Биринши Президент И. Каримов бул қыйыншылықлардан шығысыўдың ҳәм сиясий, ҳәм идеялық, ҳәм экономикалық жолларын таба билди. Мәмлекетимиз ғәрезсизлигин көре алмаўшы күшлердиң идеясына қарсы жаңа идея менен гүрес алып барды. Елдиң экономикасын басқа мәмлекетлерден қарыз көтерместен, әзелден мийнеткеш өзбек халқын бурынғыдан да бетер жәмлесиўге, бир жан-бир тән болып мийнет етиўге, солай етип, ғәрезсизлигимизди сақлап қалыўға ҳәм оны беккемлеўге шақырды. Улыўма Өзбекистан халқына, әсиресе, жасларға қарата «Биз ҳеш кимнен кем болмаймыз, ҳеш ким бизден артық емес», «Өзбек халқы ҳеш кимге жалтақ болмайды», «Бизди таңлаған жолымыздан ҳеш ким қайтара алмайды» деген жалынлы сүренлер таслады, халықтың руўхын көтерди. Ол усы қыйын дәўирден шығысыўда бас реформатор болды. Биринши Президент алдын болжап айтқанындай, арадан өткен шерек әсирлик дәўирде Өзбекистан келешеги айдын мәмлекетке айланды. Халық хожалығының ҳәмме тараўлары биргеликли раўажлана баслады. Өзбекистан енди шийки зат базасы емес, ал, өз өнимин өзи қайта ислеп шығаратуғын, сыртқа экспорт етиўши күдиретли мәмлекетке айланды.

И. А. Каримов өзбек халқына «Азат ҳәм абат Ўатан» қалдырып кетти.

2016-жылы 4-декабрьде халқымыз өзиниң жаңа Президентин сайлады. Шавкат Миромонович Мирзиёев өзин Президентликке кандидат етип көрсетилген күннен баслап, алға қойған ийгиликли мақсетлерин халыққа жәриялады ҳәм оны әмелге асырыўда дәслепки күнлерден-ақ күш-жигерин аямады. Ол өзиниң 2003—2016-жыллар аралығында Өзбекистан Республикасының Министрлер Кабинетиниң Баслығы лаўазымларында ислеп жүрип халықтың турмысын тереңнен үйренгенлигин ис жүзинде көрсетти. Ол халықтың ең төменги қатламларына дейин кирип барды. Сөз бенен истиң бирлиғин өз алдына ўазыйпа етип қойды. Өзбекистанды тек ғана

аграр республика емес, ал, санааты раўажланған индустрияллы мәмлекетке айландырыў жолында нық қәдем таслады.

Оның исшеңлиги, билимлилиги, қатаң талапшаңлығы, халықшыллығы ҳәр бир басшы ҳәм қосшы ушын үлги алыўға турарлық. Мен оған узақ өмир, беккем денсаўлық, Өзбекистан атлы келешеги уллы мәмлекетимиздиң буннан былай да гүллеп раўажланыўына хызмет етиўде талмас күш-ғайрат, сарқылмас жигер тилеймен. Бул сиясий ўақыяларға китабымның жаңа басылымында өз мүнәсибетимди, миннетдаршылығымды билдиргим келди.

Енди китапты қайта баспадан шығарыўыма түртки болған және бир мәселеге тоқтап өтпекшимен. Мен бул китапты «Ел хызметинде» деп атағанда «мениң бир өзим ел хызметинде болдым» деген өзимшиллик сезимде болғаным жоқ. Мен басшылық лаўазымға кирискен пайытларымда бурын узақ жыллар ел басқарған ақсақаллар бар еди. Оларды өрнек туттым, ақыл-нәсиятларын тыңладым. Жасыратуғыны жоқ, сол жыллары Қарақалпақстан — Өзбекистанның басқа ўалаятлары менен салыстырғанда оғада артта еди. Мине, бул қалақлықты сапластырып, республиканы ҳәмме тараўларда жоқары басқышқа алып шығыўда, мениң менен тең ийинлесип хызмет еткен қатар-қурбыларым, қосшыларым болды. Олардың көпшилиги бүгин арамызда жоқ. Бирақ, олардың ел ушын, Қарақалпақстанымыз ушын ислеген хызметлери қалды. Оны бүгинги әўладлары — перзентлери, ақлық ҳәм шаўлықлары билиўи керек. Биле отырып «мениң әкем, ямаса мениң атам усындай әжайып инсан болған екен ғой, ел ушын жан күйдирип ибратлы ислерди ислеген екен, мен де сондай елимниң азаматы болайын» деген Ўатан сүйиўшилик, патриотлық сезимлери ояныў керек. Китап мине, усы тәрепинен де елге хызмет етсе мен оғада бахтыярман.

Соны да айтып өтпекшимен, қарақалпақ халқының тарийхы бүгинги күнге дейин толық жазылған жоқ. Бизиң алымларымыз XVIII—XIX әсирден ары өтпеди. Бул, бәлким, сол заман сиясатының ақыбети шығар. Мине, енди гәрезсизлик заман келди. Халқымыздың тарийхы оның пайда болған дәўиринен баслап қайта жазылыўы керек. Талантлы журналист ҳәм жазыўшы Шарап Уснатдинов өзиниң «Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим» атлы китабында мениң мемуарым ҳаққында төмендегидей баҳа береди:

«Елимиздиң үлкен ақсақалы Қаллибек Камаловтың «Ел хызметинде» китабы мемуар деп аталып жүр. Мениң пикиримше,

ол китап мемуардан гөре, халқымыз тарийхының шерек әсирлик бөлимине арналған үлкен илимий мийнет.

«Ел хызметинде» өз ишине қамтыған жыллардағы Қарақалпақстан Республикасының сиясий, экономикалық жағдайы, санаат, қурылыс, әсиресе, аўыл хожалығы тараўының раўажланыў жоллары, себеплер ҳәм нәтийжелер саррас көрсеткишлер менен берилгенлиги соншелли, бул китап сол дәўирди үйрениўши ҳәр бир адам ушын архив, статистика ҳәм тарийх».

Егер ҳәр бир ел басшысы, ямаса сол дәўирдиң белгили тарийхшылары, жазыўшы, журналистлери өз дәўириниң тарийхын жазып қалдырса, келешек әўлад болжаўлардан ғана ибарат емес, ал, ҳақыйқый тарийхқа ийе болады.

Мен ел арасында көп боламан. Мийманға шақырады, ушырасыўларға мирәт етеди. Сондайда китаптың жазылыў тарийхына қызығыўшы сораўлар бериледи. Әлбетте, бул сораўлардың артында мениң қулағыма жетип келген «бул китапты Камалов жазбаған, биреўлерге жаздырған» деген гүптикейге анықлық киргизиў мақсетлери де бар шығар. Сонлықтан бул мәселеге де анықлық киргизип кеткеним мақул.

Мен шерек әсир даўамында ел басқарып, үлкен жыйынларда, конференцияларда сөйлеген баянатларымды өзим жазғанман, буннан тысқары, тексттен шығып күнниң әҳмийетли ўазыйпалары ҳаққында күйиншеклик пенен сөз сөйлегенлеримди заманласларымыз ҳәм сол дәўирде басшы яки қосшы болғанлар жақсы билсе керек.

Буннан келип шығатуғын жуўмақ сол—мемуарды мен өзим қолым менен жаздым. Әлбетте, ядыкешлигим пәнт берип жүрмеў ушын айырым министрликлер менен басқармалардан фактлерди тастыйықлап алдым. Жазыў столына болса ҳәр күни азанғы саат алтыдан баслап саат онға шекем отырар едим. Кеште бул жазғанларымды көрип шығаман, редакторлайман ҳәм ертеңги жазажақ теманы режелестиремен. Усылайынша китаптың толық жазылып болыўына 3,5 жыл ўақтым кетти. Қолжазбаларым жети том болды. Оларды ықшамластырып китапқа таярлағаннан кейин Өзбекистан Қаҳарманы, Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповқа, академиклер Чаржаў Абдиров, Жуманазар Базарбаев, философия илимлериниң кандидаты, профессор Тәжен Изимбетов, филология илимлериниң докторлары Камал Мамбетов, Қонысбай Камалов, белгили сиясий ҳәм жәмийетлик ғайраткерлер Камал Рзаев, Үббинияз Әширбеков, Қурбанбай Әбдиров, Толыбай

Шербеков, Сағындық Нийетуллаев ҳәм тағы басқаларға рецензияға бердим. Олардың ҳәммеси бир қатар усыныслар менен бирге, унамлы баҳаларын берди. Мен олардың усынысларын, әлбетте есапқа алдым. Олардың айырымларының пикирлеринен үзиндилер келтирип өтпекшимен.

«Ҳүрметли Қаллибек аға!

Елимиздиң үш жасы үлкени ҳаққындағы еске түсириўлериңизди оқыдым, саўап ҳәм жаслар ушын ибратлы иске қол урғансыз.

Кишкене қосымша усыныслар берген болдым, қосымша қағазда. Мақул көрсеңиз қосыўға болады.

Усы турысында жәриялаўға, әлбетте, болады деп ойлайман. Лекин, Пиржан аға ҳәм Мәтеке ақсақалдың бөлимлерине бир-бирден ири халықлық ислерге басламашы (инициатор) болғанлығын қоссаңыз еле де күшлирек ҳәм байыр еди, еске түсириўлердиң жәмийетлик әҳмийети және де күшейер еди.

Және бир усыныс: Сиз өзиңиз ҳаққында (яғный, өз өмириңиз, дәўириңиз ҳаққында) китап жазыўыңыз керек ғой. Бундай бай ўақыялар табыла бермейди. Бир күшли журналист алың қасыңызға. Сөйтип, Қарақалпақстанды сағалаяқтан дүнья сахнасына шығарып танытыўдағы (бас режиссёр өзиңиз, әлбетте) хызметлериңизди жазсаңыз. Ол китап қызықлы болады».

Сәлем менен Сизди бәрқулла сыйлайтуғын Иб. Юсупов.

Ибрайым елимиздиң үш жасы үлкени дегенде Пиржан Сейитов, Мәтеке Жуманазаров ҳәм Наўрыз Жапақовларға арналған бөлимлерин айтып отыр. Мен бирақ «Пиржан аға менен Мәтеке ақсақалды үлкен халықлық ислердиң басламашысы етип алсаңыз» деген усынысын мақул көрмедим. Себеби, Наўрыз Жапақов та ҳәр қандай халықлық ислерде олардан кем жан күйдирмеди. Мен ол киси менен жанма-жан турып бирге ислескенмен. Оның искерлигин, оның патриотлығын жүдә жақсы билемен.

Философия илимлериниң кандидаты, профессор Тәжен Изимбетовтың пикиринен:

«Қаллибек Камаловтың бул мийнети Қарақалпақстан китап баспасы тарийхындағы биринши мемуарлық шығарма болып табылады.

Мемуарлық шығарманың айырмашылығы сонда, оның авторы, ол ҳақыйқатшыл адам болса, өзиниң өмирбаянын ғана көркем сөзлер арқалы сүўретлеў менен шекленип қалмай, өзиниң жасаған

заманындағы ўақыялар ҳаққында тарийхшы алымлар неше жыл архивлерди ақтарса да таба алмайтуғын мағлыўматларды келешек әўладқа саўға етип қалдырады. Бундай мийнет заманның өзгериўлерге ушыраўына қарамастан өзиниң әҳмийетлилигин жоғалтпайды. Қ. Камаловтың «Ел хызметинде» атлы мемуарлық мийнети бизиң жеке пикиримиз бойынша сондай мийнетлердиң қатарына жатады».

Филология илимлериниң докторы Камал Мәмбетов:

«Ҳүрметли Қаллибек аға!

Мен сизиң үш бөлимнен ибарат мийнетиңизди қайта-қайта оқып шықтым. Ырасын айтсам, қосып я алып таслайтуғын жерлерин таба алмадым. Ҳәммеси кеўилдегидей болып шыққан. Соншама ҳақ кеўиллилик пенен, өз стилиңиз бенен жүрек дәртиңизди төгип таслағансыз. Редакторлаў ҳеш мүмкин еместей...»

Қулласы, усындай унамлы пикирлер. Олардың ҳәммесинен үзинди келтирип, ўақтыңызды алып отырмайман.

Жаңа басылымда өзимниң шаңарағым ҳаққында өзгерислерди (ақлық, шаўлықларымның көбейгенлигин) қостым. Китаптың «Өзбек халқы менен мәңги бирге жасаймыз» деген бөлимин дерлик қайтадан жазып шықтым. Онда жәҳән цивилизациясына үлкен үлес қосқан өткендеги тарийхый тулғаларды, Өзбекистан мәмлекетиниң пайда болыўына, қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына жанкүйерлик пенен үлес қосқан ҳәм бүгинги күнде сол ийгиликли ислерди даўам етип атырған шахслар ҳаққында кеңирек тоқтадым, оларға болған өзимниң миннетдаршылығымды, сүйиспеншилигимди билдирдим.

Сондай-ақ, китаптағы реңли ҳәм ақ-қара реңдеги айырым тарийхый сүўретлерге өзгерис киргиздим. Қалғанлары бурынғысынша.

Китап оқыўшыларымнан бир тилегим, мени түсинип оқыўын қәлер едим. Мен совет дәўиринде, сол заманның сиясатына бойсынып хызмет етсем де, ҳәмме ўақыт усы ел деп, туўылған ана Журтым деп, Өзбекистанның ҳәм Қарақалпақстанымыздың гүллеп раўажланыўы ушын, халқымыздың турмысы күннен-күнге абадан болыўы ушын жан күйдиргенмен.

Өз перзентлери қатарында бизди де кәмалға келтирип, бахытлы өмирге жоллама берген дана халқыма бағышлайман.

Автор

КИТАП ОҚЫЎШЫЛАРҒА

Ҳәр бир елде өз халқының терең иззет-ҳүрметине бөленген, бәлент мәртебели, мерекелерде төрден орын берилетуғын абыройлы адамлары болады. Қарақалпақ халқының усындай ардақлы перзентлериниң бири сыпатында мен биринши гезекте атақлы сөз шебери Өзбекистан Қаҳарманы, Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповты тилге алар едим. Ол шынында да бизиң халқымыздың бетке тутар азаматы. Ибрайым инимиз әлпайым минезли, кишипейил, көргенли, кеўили дәрьядай инсан. Ол елимиздиң көрнекли шайыры. Ибрайымның жазған қосықлары үлкен бир дүнья. Оларды оқып отырсаң мисли өзиңниң жүрегиндеги ойлар, әрманлар сөз етилгенин сезесең. Сол себепли олар ҳәр бир инсанның жүрегиниң төринен орын алады, кисиге қанат байлайды, уллы ислерге талпындырады.

Қудайтаала Ибрайымжанға сақыйлық пенен Бердақтың ҳәм Әжинияздың шеберлигин инам еткен сыяқлы. Мен Ибрайымды қарақалпақтың ҳәзирги Бердағы ҳәм Әжиниязы деп атасам қәте болмас деймен. Ибрайымның қосықларын оқығанында сол уллы бабаларымыздың теберик дөретпелери менен суўғарылғаны сезилип турады. Сондай-ақ, жер жүзилик мәденият тарийхында айрықша орын тутқан Шығыстың уллы ойшыллары Омар Ҳайям, Наўайы, Мақтымқулы ҳәм тағы басқалардың, Европаның даңқын көтерген Шекспир, Гейне, Пушкин, Лермонтов усаған сөз шеберлериниң шығармалары да Ибрайымның дөретиўшилигине үлкен тәсир

жасағанын сезиў қыйын емес. Ибрайымның бирнеше томлық китаплары, опера ушын жазған либреттосы, Қарақалпақстан гимниниң тексти ҳәм тағы басқа теңи-тайы жоқ дөретпелери әдебиятымыздың алтын қорынан ылайықлы орынды ийелейди. Мениң пикиримше, Ибрайым Юсупов өзиниң сөзге шеберлиги, әжайып ширели қосық қатарларына бай дөретиўшилиги менен өзбектиң Абдулла Ариповына, қазақтың Олжас Сулеймановына, башқурттың Мустай Каримине, дағыстанның Расул Гамзатовына, қырғыздың Шыңғыс Айтматовына тең келерликтей дәрежеге жеткен үлкен шайыр. Әсиресе, Өзбекистан Республикасы Президенти Ш. Мирзиёевтың И. Юсуповтың исмин мәңгилестириў мақсетинде оның атына инталы дөретиўши жасларды тәрбиялап шығаратуғын мектеп-интернатты қурып берип, халқымызға инам еткени бул да шайырға көрсетилген үлкен иззет-ҳүрмет деп ойлайман. Сонлықтан да, мен Ибрайым Юсуповты Қарақалпақстан елиниң мақтанышы ҳәм сөнбес жулдызы, деп ойлайман.

Мен Ибрайымды 1945-жылдан, яғный Нөкис педагогикалық институтында бирге оқыған ўақыттан берли таныйман. Студентлик алтын дәўирди оның менен бирге өткердик. Сол жыллары-ақ ол өзиниң таланты менен көзге түсип, шайыр сыпатында журтшылыққа таныла баслаған еди. Мен оны жүдә жақсы көргенликтен:

Ибрайым, Ибрайым,
Қулағыңа сыбырлайын,
Әке-шешең не деп кетти?
«Арпа-тақан же» деп кетти,

—деп, ойнап ҳәзиллесетуғын едим. Ал, Ибрайым мениң бул ҳәзилимди дурыс түсинетуғын еди. Ақыры, арпа-тақан жеп, қарақалпақтың тиси шыққан ғой. Бәримиз де заманында сол арпа-тақанды жеп келе болғанбыз. Не бир қыйын-қыстаўлы, жоқшылық заманда бәримизди асыраған сол арпа тақан ғой. Ибрайымға айтқан бул қосық қатарлары: «Ибрайым, тақаның таўсылмасын, өмириң узақ болсын, несийбең мол болсын» — деген мәнини аңлатып турғандай сезилер еди...

Бүгинги күни Ибрайым тек Қарақалпақстанға ғана емес, ал дүньяның көп еллерине аты белгили үлкен шайыр. Бүгин оның қосықлары Қарақалпақстан жериндеги сыяқлы Кавказ таўларының үстинде де, қалмақ ҳәм монғол далаларында да, рус ҳәм татар

аўылларында да бәлент ҳәм йошлы ҳаўаз бенен жаңлап турғаны гүмансыз. Ибрайымның өзи айтқандай, қырқ жыл қәлем тартып, басқаға алаң болмай тек қосық пенен тиртеклесип жасап, өз туўылған Ўатаны, өз халқы ушын хызмет етип киятыр. Бул туўралы ол:

Қосық теңиз, болсам балық,
Ис буйырса сиздей халық,
Аяғымды қолға алып,
Басым менен жумалайман,

—деп жазды.

Шынында да, ол елдиң перзенти, халық шайыры. Ол халқым деп жасайды, халқы ушын қәлем тербетеди. Ибрайымның әжайып дөретпелери бизиң бул сөзимиздиң дәлили болады.

Ибрайым Юсупов өзиниң маған жазған бир хатында: «Ҳүрметли Қаллибек аға! Сиз өзиңиз ҳаққында, яғный өз өмириңиз, дәўириңиз ҳаққында китап жазыўыңыз керек ғой. Бундай ўақыяға бай өмир табыла бермейди, әлбетте. Қасыңызға бир күшли журналист алың, сөйтип жазың. Қарақалпақстанды сағалаяқтан жаңа дүнья сахнасына шығарып танытыўда бас режиссёр, әлбетте, өзиңиз. Сонлықтан, ол китап қызықлы болады», — деп жазған еди.

Көплеген заманласларым, бирге ислескен кәдирдан досларым, бир қанша алымлар, ташкентли бирадарларым, көп ғана интеллигенция ўәкиллери маған усындай мәсләҳәт берди. Ибрайым инимниң ҳәм көплеген досларымның берген мәсләҳәти маған түртки болды. Сонлықтан, мен қолыма қәлем алып, өткен дәўир ишинде басымнан кешкен ўақыяларды, Қарақалпақстанның халық хожалығының өсип, раўажланыў жолларын халқыма, жасларға, келешек әўладларға баян етиўди өзимниң алдыма мақсет етип қойдым.

Ел ағаларының, жазыўшылардың, әсиресе әскербасылардың өз заманласлары ҳаққында, өзлериниң басынан өткен ҳәм өзлери қатнасқан тарийхый ўақыялар ҳаққында еске түсириўлерин жазып қалдырыўы бурыннан киятырған жол екенлиги белгили. Бундай китапларды мемуар деп атайды. Мемуар жазыў әййемги дәўирлерде де, Юлий Цезарь заманында да болған. Соңырақ Жан-Жак Руссо өз басынан кеширген ўақыялардан ибарат «Сырласыў» деген китабын жазып қалдырған. Бундай мемуарларды рус илимпазлары менен жазыўшылары да жазғаны мәлим. Рус жазыўшысы ҳәм философы А. И. Герценниң «Өткен өмир ҳәм ойлар» деген китабы, талантлы жазыўшы Афанасий Феттиң, Татьяна Пассектиң, Анастасия

Цветаеваның, декабристлердиң, урыс сәркардалары Жуков, Василевский, Конев ҳәм басқалардың еске түсириўлери тарийхый ўақыяларға бай дәретпелер болып табылады.

Мемуар жазыў батыс еллеринде жүдә жийи ушырасады. Бизиң регионымызда өзиниң өткен өмирин баянлап китап жазыў оғада сийрек гезлеседи. Орайлық Азия еллериниң басшыларынан тек Динмухаммед Ахмедович Қонаев, Нуриддин Акрамович Мухитдинов китап жазып, келешек әўладларға ҳәм тарийхшыларға баҳалы мийрас қалдырды. Бизиң елимизде бундай китап жазыў үрдис болмаса да, мен келешек әўладлар ушын, тарийхшыларға ҳәм илимий изертлеўшилерге көмек ретинде Қарақалпақстандағы XX әсирдиң алпысыншы-сексенинши жыллар арасындағы бай ўақыяларды, елимиздиң гүллениўи, халқымыздың ийгилиги ушын исленген хызметлерди айқын ҳәм дәл баян етиўге бел байладым. Буған түртки болған тағы бир жағдай соннан ибарат, гейпара тарийхшылар тәрепинен Қарақалпақстанның халық хожалығының 1960—70—80-жыллардағы раўажланыў жолын изертлеў жумыслары үстиртинирек ҳәм оларға берилген баҳа ҳақыйқатлықтан қашықлаў болыпты. Тарийхшылар барлық ўақытта ҳәм барлық жерде ҳақыйқатлыққа сүйениўи ҳәм ҳақыйқатлықты булжытпай жазыўлары керек.

Мениң бул китабымда айырым кемшиликлер болыўы мүмкин, бирақ мен болған ўақыяларды толық ашық-айдын етип жазыўды өз алдыма мақсет етип қойдым. Соның менен бирге, ел ақсақалы сыпатында мен бул китабымда өзим менен заманлас болып, бирге ислескен гейпара басшы азаматлардың хызметлерине сыпатлама бериўге ҳәрекет еттим. Әлбетте, мемуар өтмишти еслеўден ибарат болатуғынлығы түсиникли. Деген менен, мен қайта-қайта китап жаза бермеймен. Усы китабымның шығыўынан пайдаланып, мен бүгинги күнги ўақыяларға да өз көзқарасымды билдирдим. Шешилиўин күтип турған гейпара мәселелерди ортаға қойдым, оларды кешиктириўге болмайды, деп ойлайман. Сондай-ақ, қолымнан келгенше жақсылардың жақсы ислерин жасы кишилерге үлги етип керсетиўди де мақсет еттим. Сол мақсетиме жеттим-аў деген сезим менен усы китабымды оқыўшыларға усынып отырман.

Мен, 1926-жылы Арал теңизи бойында «Тербенбес» деген жерде туўылғанман (Бурынғы шыққан китабымда Тахтакөпир районының 8-аўыл советинде туўылдым, деп жазғанман).

Бизиң аўыл «Көкдәрья»да суў азайып кеткеннен соң «Есимөзек» бойына, ҳәзирги «Қараөзек» хожалығының аймағына «Тербенбес»тен 40—45 км жоқарырақ, суўлы жерге көшип шыққан. Аўыл көшкенде мен еки жасар бала екенмен.

1945-жылы «Шақаман»ды суў алып кеткеннен соң, Қараөзек районы Тахтакөпирдиң 8—9—10—11–аўыллар аймағына көшип келип, қоныс басқан. Сол себепли, бизиң аўыллар Қараөзек районы курамына кирип, көпшилик адамлар усы районда туўылдық, деп ҳүжжетлерин өзгерткен.

Бизиң ҳәмме ағайин-туўысқан, жерлеслеримиз 1928-жылы көшип келген «Есимөзек» бойында «Самат» аўыл деген жерде жасап атыр.

Аўылымыз көшип келген жерде бираз тарийхый орынлар бар. Аўылдан үш километрдей арқада «Мыржықтың қумы» бар. Ол «Есимөзек»тиң шеп тәрепинде жайласқан. Ал, «Есимөзек»тиң оң жағында, бизиң аўылға жети-сегиз километр арқа-шығыста «Бегистиң қумы» деген тарийхый орынлар бар. Соған қарағанда Ерназар Алакөз батырдың ата-бабалары сол жерлерде жасағанын аңлатады. Бизлер жас бала, яғный оқыўшы ўақтымызда усы атлары аталған қумларға жуўырып барып, жуўырып қайтып турғанбыз, танысқанбыз. Жергиликли жасы үлкен аталарымыз бул жерлерде батырлардың жасағанын тастыйықлайды.

Мениң әкем Камал Нуржан улы ескише жүдә саўатлы адам болған. Өз заманында белсенди болып, Жақсымурат болысқа хаткер (секретарь) лаўазымында ислеген. Мениң туўылған күним ҳаққында ҳеш мағлыўмат жоқ. Биз қатарлы қарақалпақлардың көпшилигиниң туўылған күни белгисиз, себеби, ол дәўирде ҳәзиргидей есап-китап болмаған. Бирақ, әкем мениң туўылған жылымды есине түсирип, барыс жылы, яғный 1926-жылы деп еди. Оның және екинши бир жөнли дәлили—сол жылы «Қызкеткен» каналының қазыўы болған. Сол «Қызкеткен» каналының төтелемей жаңа жағасын (ҳәзирги Нөкис қаласынан өтип турған бөлегин) қазыўға мениң әкем болыстың секретары сыпатында қатнасқан. Бурынлары «Қазақдәрья»ның сағасы «Қаттыағар» деген ҳәзирги Нөкистиң РесПО поселкасының түсында болған. «Қазақдәрья» дегенимизге ҳәзирги жаслардың бираз түсинбеўи мүмкин. Сонлықтан, оны анығырақ етип түсиндирип кетейин. Бурын «Қаттыағар» деген жерде Әмиўдәрьядан саға алып, «Қуўанышжарма», «Кегейли», «Есимөзек» бәри қосылып бир суў системасынан ибарат болып, дәрьядай кең, мол суўлы үлкен канал аққан ҳәм ҳәзирги Тахтакөпир районының

аймағында көп көллерди пайда еткен. Ол көллерде тынық суўлар көк-көңбек болып жыйналып, «Айдосқала»ның үстинен ағып өтип, Арал теңизине қуйған. Сонлықтан, дәрьяның аяқ жағы «Көкдәрья» деп аталған. Сол «Көкдәрья»ның бойында көп қарақалпақлар дийқаншылық етип, малын бағып, күн кеширген.

Гүзде «Қаттыағар»дың сағасын уйық теўип, суўы қурып, жазда үлкен тасқын болып, аяқтағы еллер бүлине берген. Суў менен тураклы рәўиште тәмийин етиў мақсетинде каналдың сағасы жоқарырақтан таслақ жерден, «Қызкеткен» каналының ҳәзирги сағасынан алынған. Тарийхый ўақыяларды изертлестирип қарасақ, «Қызкеткен»ге тураклы саға 1926-жылғы қазыўда алынғанын анықлаймыз. Әкем сол қазыўдан қайтқанда мен дүньяға келиппен. Туўылған күним ҳаққында белгили сәне болмаған, бирақ атамның айтыўы бойынша тары писик ўақтында туўылғанман. Демек, ол июль, август, сентябрь айларына туўра келеди. Мен ертерек паспорт алыў мақсетинде туўылған күнимди тақминнен 18-март деп белгилегенмен. Бул үлкен тарийхый сәнелердиң бири. Жаслық дәўирде балалар ҳәр қыйлы ой-қыялларға берилетуғыны мәлим ғой. Биз де сондай тәсирлерге берилип кеткен болыўымыз керек.

Мен 7 жасымда арқа аўылдағы («Таз аўыл» деп аталатуғын аўылда) гөне мешит жайында 1-классқа кирип оқыўды басладым. Ол ўақытта әлипбе китап та, парта да жоқ еди. Парта орнына еки қарағай тақтай болып, биреўи бәлентлеў—үстине дәптерди қойып жазыў ушын, екиншиси, отырғыш есабында. Еденге тақтай төселмеген, қуры қара жер, пеши жоқ, айнасы жүдә кишкентай, күнниң жақтысы зорға ғана түсетуғын жайда оқыдық. Бизлер менен бирге ержетиўге шамаласқан жигит-қызлар да оқыды. Мен ертеден оқыўға қызығып, үлкен ағаларым, апаларым менен бир класста оқыдым. Бул жерде бизлерди Оспан аға деген муғаллим оқытты. 2-классты сол мешитте оқып, 3-классқа көшкенде колхоздың орайында «Қарамойын» аўылындағы жақсылап салынған, ҳәклеиген, партасы бар мектепке барып оқыўды даўам еттирдим.

Бизлер 3-класста оқыған ўақтымызда бирге оқып жүрген бираз бой жеткен қызлар турмысқа шығып кетти. Сол ўақытта «түйедей» аға-апалар менен оқыймыз, деп айтысып жүргенлеримиз еске түсип, кеше болып өткендей көз алдымда турады. Сол баслаўыш мектепте 4-классты питкердим. Мен жақсы оқыйтуғын оқыўшылар қатарына киретуғын едим. Бизлерди Қосназар аға Халқоразов деген муғаллим оқытты. Ол шығысы Тахтакөпир районы 5-аўылсовет

«Қызылбайрақ» колхозынан, район орайына жақын жерде жайласқан аўылдан еди. Қосназар аға жүдә саўатлы, талапшаң тәрбиялаўшы еди. Оқыў-тәрбия исин жүдә қатал рәўиште апарар еди. Сабақты билмеген, кеш келген, тәртипти бузған балаларға еки қолына еки пискен гербишти услатып, көтертип, класстың тахтасы алдында турғызып қояр еди. Қулақтан тартып, шымшып та тәртипке шақырар еди. Бул ўақыяларды мен Қосназар ағаны жаманлаў нийетинде емес, ал, оның, «тәртипли бол», «жақсы оқы» деген тәрбиясы, қатаңлығы бизлердиң жақсы оқыўымызға қамшы болған шығар деген ой менен айтып отырман. Қосназар аға кейинирек бизлерге жезде болды, фронтқа кетип, аўылға қайтып оралмады, жаны жәннетте болсын пақырдың...

1937-жылы 4-классты питкердим. Бизиң аўылдан 15 ке жақын ер балалар баслаўыш мектепти мениң менен бирге тамамлады. Бирақ олар аўылда қалып, және сол 4-класста екинши мәртебе оқыўын даўам етти. Себеби, ол ўақытта аўылларда 5-класс еле ашылған жоқ еди. Аўылдан мен бир өзим Тахтакөпир районының орайындағы В.И.Ленин атындағы толық емес орта мектептиң 5-класына кирип оқыўды даўам еттим. Бул мектепте атлары елге танылған ақсақаллардың бири Қурбанбай Әбдиров, талантлы шайыр, марҳум Хожамурат Турымбетовлардың бизлер менен бирге оқығаны есимде. Мектебимиз Россия қурылысшылары салып берген жақсы мектеп еди. Интернатта жатып, аўылдан бир өзим оқыўды даўам еттирдим. Оқыўға қызығыўшылығым жүдә күшли болды. Бул мектепте муғаллимлер жәмәәти жүдә күшли еди. Мысалы, математикадан САГУди питкерген Турсынбеков, химия, биология пәнинен Казан университетин питкерген Хусайнова, орыс тилинен ески гимназияны питкерген, Чеховқа усап көзәйнек кийген Тюбетов деген қазақ киси оқытты. Ол орыслардың арасында жасаған жүдә саўатлы адам еди. Мениң жас басымнан орыс тилине қызығыўымда сол Тюбетовтың үлкен тәсири бар, оны мен бүгин де жоқары баҳалайман. Физика сабағын САГУди питкерген, мектеп директоры болған Мендибек Қуўатбеков оқытты. Ол жүдә саўатлы, жәмәәтти қатаң тәртипте услайтуғын еди. Басқа сабақларды оқытқан муғаллимлердиң барлығы дерлик институтларды питкерип келген оқытыўшылар еди.

Мен сол мектепте 1942-жылы июнь айында 9-классты барлық сабақлардан «ағла» баҳа менен тамамладым. Мақтаныў ушын емес, ҳақыйқатлық ушын айтаман, мен мектепте ҳәмме сабақлардан «ағла»

баҳа менен оқыдым. Мектептеги күшли муғаллимлер жәмәәти бизлерге терең билим алыўға жақсы тәсирин тийгизди. Солай етип, 1942-жылы Шымбайға Төрткүлден көшип келген муғаллимлер институтына физика-математика факультетиниң 1-курсына кирип оқыдым. Бир ярым ай оқығаннан кейин обкомның екинши секретары О.Тәтибаев келип, институтта жыйналыс өткерип, студентлерди пахта теримине жиберди. Пахтаға бизлер Кеңестеги М.Горький атындағы колхозға барып, қурылысы питпеген бир моншаның ишинде Қурбанбай Әбдиров және көп кәрис, орыс балалар менен бирге жаттық. Көп узамай-ақ Қурбанбай Әбдировты армияға шақырып алып кетти. Сол жылы көп студентлер армия қатарына алынды. Қурбанбай достым кеткеннен кейин ески моншаның иши босап қалғандай көринди.

Хожалық жағдайларына байланыслы мен аўылға кетип, Тахтакөпирге РайОНОға барып, жумыс сорадым. Олар мени 1942-жылы ноябрь айында аўылдағы Ворошилов атындағы толық емес орта мектепке геоғрафия, биология, тарийх сабақларынан мугаллим етип жиберди. Усы пәнлерден 5—6—7-классларга сабақ берип, жумыс ислеўге кириштим. Еки жыл өткеннен кейин сол мектепке оқыў бөлиминиң баслығы болып тайынландым.

1945-жылы сентябрь айында Нөкистеги муғаллимлер таярлаў институтының тарийх ҳәм филология факультетиниң биринши курсына кирип оқыдым. Биринши семестрдиң жуўмағы бойынша барлық имтиханларды ағла баҳаға тапсырып, Сталин атындағы жоқары стипендия алыўға миясар болдым. Оқып жүрип институттың жәмийетлик ҳәм сиясий ислерине белсенди қатнастым. Көп узамай-ақ институттың комсомол комитетиниң секретары болып сайландым. 1946-жылы август айында Москваға ВЛКСМ Орайлық Комитети уйымластырған Жоқары оқыў орынлары комсомол комитетлери секретарьларының бир айлық семинарына қатнасып қайттым. Екинши курста оқып жүргенде областьлық комсомоллар конференциясында обком комсомолдың ағзасы, ал, пленумда бюро ағзасы болып сайландым. Муғаллимлер таярлаў институтын питкерген соң, 1947-жылы августта обком комсомолдың кадрлар бойынша секретары болып сайландым. 1953-жылы республикалық иштен ҳәм сырттан оқыў орта мектебиниң 10-класын питкерип, аттестат алдым. Пединститутың тарийх факультетинде сырттан оқып, 1955-жылы «айрықша» диплом менен тамамладым.

1949-жылдың сентябрь айында обком комсомолдың биринши секретары, 1951-жылы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Совети Баслығының орынбасары, 1952-жылы Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң баслығы, 1953-жылы үш ай муғаллимлердиң билимин жетилистириў институты директорының орынбасары болып иследим. 1953-жылы июнь айында коммунал хожалығы министри болып тайынланып, бул лаўазымда 1956-жылға дейин иследим. 1956-жылдың июнь айынан 1958-жылдың июнь айына шекем Қарақалпақстан Республикасы Автомобиль транспорты ҳәм тас жоллары министри болып иследим. Халқабад—Тахтакөпир, Хожели—Шоманай, Хожели—Қоңырат, Қыпшақ—Маңғыт, Беруний—Төрткүл асфальт жолларын салыўға басшылық еттим. 1958-жылдың июнь айында Куйбышев райкомының биринши секретары болып сайландым. Бул жерде 1959-жылдың март айына дейин иследим. Район Кегейлиге қосылды. 1959-жылы мартта мени Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Баслығы етип тайынлады. Бул жумыста саррас төрт жыл иследим. 1963-жылы мартта Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң биринши секретары болып сайландым. Бул лаўазымда 1984-жылдың 13-августына дейин 21 жыл 5 ай иследим.

1984—86-жылларда дипломатиялық исте Румынияның Констанца қаласында СССРдың Бас консулы лаўазымында ислеп қайттым.

Министрлер Советиниң Баслығы ҳәм обкомның биринши секретары лаўазымларында ислеген дәўирди қоссақ саррас 25 жылдан, яғный шерек әсирден көбирек ел басшысы болып, Қарақалпақстанның халық хожалығын раўажландырыў бойынша ел-халқымның хызметинде болдым.

Үлкен лаўазымда ислеп жүрип, көп мәмлекетлик наградалар алыўға миясар болдым. 1973-жылы маған Соңиалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы деген атағы берилди. Үш мәртебе Ленин ордени, Октябрь революциясы, Қызыл Байрақ, еки рет Ҳүрмет Белгиси ордени менен, сондай-ақ 10 медаль менен наградландым. Олардың ишинде Өзбекистанымыздың ғәрезсиз мәмлекет болыўының 3 жыллығына байланыслы «Шухрат» медалын, 1941—1945-жыллардағы урыстағы Жеңистиң 50 жыллығына байланыслы юбилейлик медальды алыўға миясар болдым.

СССР Жоқарғы Советине 6 мәртебе (VI—XI шақырықларында) депутат болып сайландым, Өзбекистан Жоқарғы Советине 1 мәртебе (V шақырықта) депутат болдым. Қарақалпақстан АССР

RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI' 89896

Жоқарғы Советине 7 мәртебе (III—X шақырықларында) депутат болып сайландым. СССР Жоқарғы Советиниң сессияларында үш мәртебе шығып сөйлеп, елимиздиң проблемалық мәселелерин ортаға қойдым.

1950-жылдан баслап 1985-жылға шекем Қарақалпақстан обкомының ағзасы, ӨзКП XV—XX съездлеринде ӨзКП Орайлық Комитетиниң ағзасы, ал, 1971-жылдан баслап 1984-жылға шекем ӨзКП Орайлық Комитетиниң бюро ағзалығына кандидат болып сайландым КПСС тиң XXII—XXIII—XXIV—XXV—XXVI съездлерине 5 рет делегат болып сайландым, ал, XXIV—XXV—XXVI съездлеринде КПСС Орайлық Комитетиниң ағзалығына кандидат болып сайландым.

1976-жылы маған «Өзбекистанға Мийнети сиңген экономист» ҳүрметли атағы берилди.

Бас секретарь Черненко қол қойған КПССтиң сиясий бюросының 1984-жылдың 25-июлиндеги қарары менен ҳәм СССР Жоқарғы Совети Президиумының А. Громыко қол қойған сол жылы 11-августтағы пәрманы менен маған «Чрезвычайный и полномочный посланник 1 класса», яғный «Айрықша ҳәм толық ҳуқықлы 1-класс елши» деген атақ берилди. (Бул дипломатиялық дәреже Генерал-полковник деген әскерий атаққа тең. — Ред.)

Үлкен лаўазымларда ислеген жыллары денсаўлықты сақлаў, халық билимлендириў тараўындағы ислеген хызметимизди баҳалап, СССР Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң уйғарыўы менен «СССР Денсаўлықты сақлаў ағласы» — деген атақ берилди. Сол сыяқлы «СССР Халық билимлендириў ағласы» — деген атаққа да ийе болдым.

Пүткил аўқамлық жарыста жеңип шыққанлар қатарында 12 мәртебе ВДНХның үлкен ҳәм киши алтын медалын ҳәм ақшалай сыйлықларын алыўға еристим.

Сол сыяқлы 4 мәртебе Өзбекистан Жоқарғы Советиниң Пәрманы менен Өзбекистан Республикасының Ҳүрмет жарлығы менен наградландым. 2017-жылдың 26-августында Өзбекистан Республикасы Президентиниң Пәрманы менен «Эл-юрт ҳурмати» ордени менен сыйлықландым. Бул ушын Президентимизге шексиз миннетдарман.

Мен хызмет бабындағы ислеген ислеримди еске түсирер екенмен, турмыс жолым жүдә бахытлы, сәтли болды, — деп есаплайман.

1949-жылдан баслап, сүйикли зайыбым Любовь Семеновна менен бирге турмыс қурып киятырмыз, Мен зайыбымнан жүдә ырзаман,

мине 69 жылдан берли бирге жүдә татыў жасап киятырмыз. Ол жоқары мағлыўматлы, жүдә саўатлы, үйде тынышлықты, татыўлықты сақлаўшы әжайып инсан. Любовь Семеновна мениң атама зор хызмет ислеп, оның алғысына миясар болды, көп пәтиясын алды. Мениң, жемисли ислеўимде, басшы сыпатында жетилисиўимде мениң зайыбымның үлеси жүдә уллы екенин айтыўым керек. Бизлер 4 перзентли болдық. Бирақ, биринши перзентимиз Венераны сақлай алмадық, ол ертеректе дүньядан өтти. Ҳәзир 3 перзентимиз — Полатбек, Тамара, Муратбеклер аман-саў өз қатарларындай жақсы турмыс кеширип атыр. Бизлер ҳәзир екеўимиз де 92 жастамыз. Жети ақлығымыз, он жети шаўлығымыз бар. Бизлер Любовь Семеновна менен ақлық-шаўлықлардың қызық-ларын, рәҳәтин көрип, ақ жүзли, абырайлы болып өмир кеширип атырмыз. Мен 70 жасымда Мәкке Мадинаға барып «Ҳажы» болып қайтқан едим. Ҳәр күни намаз оқыйман. Намазымда Алла тааладан ел-халқыма мол ырысқы-несийбе, тынышлық, төгин-шашынлық, ығбал-бахыт тилеймен.

Бул дүньядан әрманымыз жоқ десек қәте болмайды. Ендиги тилегимиз, әўладларымыз аман саў болғай, Алла таала узақ өмир бергей, елимиз абадан, халқымыз тынышлықта жасай бергей.

ӨЗБЕК ХАЛҚЫ МЕНЕН МӘҢГИ БИРГЕ

Тәғдирдиң буйрығы менен мен өтмиште урыс-қағысты, әдилсизликти көбирек көрип, ҳәр жаққа көшип-қонып, пытыраңқырап, дым азайып қалған ҳәм социал-экономикалық раўажланыўдан оғада артта қалған халықты басқардым.

Қарақалпақ халқы тәғдирдиң буйрығы менен өтмиштеги сансыз урыс-қағыслардың нәтийжесинде көп жәбир шегип, ҳәр жаққа көшип-қонып, пытыраңқылықтан азайып қалған. Сол себепли социал-экономикалық раўажланыў жағынан жүдә төмен, аш-әптадалықты көбирек басынан өткерген халықлардан саналады.

Тарийх бетине тереңирек үңилип қарасақ, қарақалпақ халқының келешегин дүзген ата-бабаларымыз сак-массағетлер әўели Әмиўдәрья, Сырдәрья, Арал теңизи бойларында жасаған. Кейин ала олар «Конгой», «Печенеглер» деп аталып, балық аўлап, мал бағып, көшип-қонып күн көрген.

Ески халықларда таза жерге көшип-қоныў, қоныс жаңалаў әдетке айланған. Сол себептен болса керек атақлы тарийхшы илимпаз С. П. Толстовтың анықлаўы бойынша «Печенеглер»диң көпшилик бөлеги IX—X әсирде өз Ўатанын таслап, Үстирт кеңислигине көшип келип, отлақлы жерлерди ийелеп қоныс басады.

Тәбияттың қырсығы менен 100 жыл даўамында Үстиртке ҳеш жаўын жаўмай, жерлер куўрап қалады, от-шөплер жоқ болып кетеди. Усы қыйыншылық кесиринен «Печенеглер» Үстирт кеңислигинен арқаға қарай көшеди, отлақлы жерди излеп, Жайық, Урал дәрьяларының бойларына барып орналасады.

«Печенеглер»диң айырым бир бөлеги өзлерин «қанлы» деп атап Әмиўдәрьяның шеп тәрепине өтип, Хорезмге барып қоныс басады. Ал, қалған «Печенеглер» 889-жылда (Л. Н. Гумилёвтың анықлаўы бойынша) Волгадан Қара теңиз бойына көшип, «Черные клобуки»

деген ат пенен Киев Русине шекемги аралыққа көшип барады. Ал, Огузлар екиге бөлинип, бир бөлеги ҳәзирги Түркменстан Республикасы жайласқан жерге көшип, өз алдына мәмлекет дүзеди. Олардың (Огузлардың) көпшилик бөлеги Волга (Едил) дәрьясынан өтип, келешекте Азербайжан, Түрк еллерин және Кавказ таўының үстинде жайласқан майда түркий халықларын пайда етеди.

Қарақалпақлар Ноғайлардың дәўиринде миллет болып қәлиплеседи. Әсирлер өтиўи менен аз санлы қарақалпақ халқы ҳәр қыйлы халықлардан дәкки жеп, әдеп Түркстанга, соңын ала өзлериниң атабабасы печенеглер жасаған Арал теңизи жағалаўына көшип келеди.

Бул ҳаққында китаптың тил, әдебият ҳәм тарийх ҳаққында пикирлер бөлиминде кеңирек тоқталады.

XIX әсирдиң екинши ярымында Россияның Орта Азияны жаўлап алғаны тарийхтан белгили. Лекин, бул басып алыўшылық сиясаты оларға бахыт алып келмеди.

XX әсирдиң басында Россия менен Германия арасында урыс басланды. Бул урыс кең ен жайып, биринши дүнья жүзилик урысқа айланды. Рус интеллигенциясы, инженерлер, генераллар урыстың ақыбетинен ўатанын таслап, шет еллерге кетип қалды.

Россияда аўызбиршиликтиң бузылыўы себепли көп миллетлер өзиниң миллий мәмлекетин дүзеди. Солардың ишинде биринширлерден болып Өзбекистан өз алдына Республикаға айланды.

Усы жағдайлардан пайдаланып, халқы аз болса да қарақалпақлардың миллийлигин тиклеў мәселеси күн тәртибинде турды. Қарақалпақ халқының ҳадал перзенти, жан күйер, мәрт азаматы Аллаяр Досназаров бир неше мәртебе Бухарада, Ташкентте, Москвада үлкен әнжуманларда шығып сөйлеп, қарақалпақларға мәмлекетлик ҳуқық бериўин соранады. Көп қарсылықларға қарамастан ол сөзин өткереди ҳәм ең соңында ЦИК (Москва)тиң II съездинде қарақалпақлар өз алдына миллет екенлигин мойынлайтуғын қарар қабыллаўына ериседи.

Солай етип, 1924-жылы РКның Орта Азия бюросының Қарары менен Қарақалпақстан Автономиялы Области дүзиледи. Оның орайы етип Төрткүл қаласы белгиленеди.

Автономиялы область 1925-жылы Қазақстан АССРының курамына киреди. Бирақ, бул үлкен қыйыншылық туўдырады. Жол қатнасы жоқ, ел басшылары сол ўақыттағы Қазақстанның орайы болған Қызыл Ордаға түйе менен еки ҳәпте жол жүрер еди. Ал, халық хожалығын байланыстырыўға ҳеш қандай жағдай жоқ еди.

Сол себепли Қарақалпақстан 1930-жылы Россияға қосылды. 1932-жылы Қарақалпақстан Автономиялы Областьтан Автономиялы Республикаға айланады. Деген менен, Қарақалпақстанға бул еки республикада да жетерли жәрдем жоқ еди. Россия болса аўыр ашлықты бастан кеширип атыр еди.

Бул тарийхый фактлерди келтирип отырғанымның себеби, келешек әўлад өз республикасының тарийхын билсин, Өзбекистанға қосыламан дегенше халқымыздың басынан кешкен аўыр жағдайларды түсинсин ҳәм бүгинги бахытлы турмыстың қәдирине жетсин деген нийеттемен.

1936-жылы Қарақалпақстан Автономиялы Республикасы Өзбекистанның курамына өтти. Әзелден дәстүри бир, дини бир, тили жақын, аўылы аралас, қойы қоралас еки халық бир-бири менен жүдә жақын, инақ болып жасады. Солай етип, бизиң жетискенликлеримизде, өнип-өсиўимизде Өзбекистанның, улыўма өзбек халқының атқарған роли ҳәм материаллық-интернационаллық жәрдеми оғада уллы болды. «Жалғыз ағаш үй болмас, жалғыз жигит бий болмас» дегендей, жалғыз адам аўыр жүкти тарта алмайды, оның талабы оралмайды. Халықлардың тәғдири де тап сондай. «Қум жыйналып төбе болар»—дейди халқымыз. Сол айтқандай, бир теклес халықлардың бир мақсеттеги бирлесиўи үлкен бахытқа, абаданшылыққа алып келеди. Өзбекистанға қосылыўымызға себеп болған социал-экономикалық жағдайлар да бар еди. Биринширден, биз аз санлы халықпыз, бизде өндирис күшлери кем, үлкен халықлардың ғамхорлығына мүтәжбиз. Екиншиден, бир неше мәмлекетлер арасында жасаймыз. Сонлықтан да, өзимизге тәғдири жақын, жери шегаралас, руўхый өмири араласып кеткен республиканы таңлаўымыз керек болды. Бул жағынан қарағанда Өзбекистан биз ушын оғада зәрүр еди. Бизиң Өзбекистан курамында жасап, өзбек халқы менен тәғдирлес болғанымыз ушын бахытқа, тоқ, абадан турмысқа жеткерди деп айтсақ жүдә орынлы ҳәм ҳақыйқатлық болады. Өзбекистан Республикасының халқы, ел басшылары 1936-жылы Қарақалпақстанның Өзбекистан курамына қосылғанын қушақ ашып күтип алды.

Өзбекистан Компартиясы Орайлық Комитетиниң биринши секретары Акмал Икрамов 1937-жылы 12-февральда Өзбекистан ССР Конституциясының жойбары ҳаққында Өзбекистан ССР Советлериниң VI съездинде жасаған баянатында былай деди: «Конституцияға муўапық Өзбекистанның курамына кирген

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасына айрықша үлкен ғамхорлық көрсетиўимиз тийис...

Қарақалпақ халқының күтә қысқа мүддет ишинде алдынғы раўажланған халықлардың бири болыўына жәрдемлесиў, оның аўыл хожалығының көтерилиўине, пахтаның зүрәәтлилигиниң арттырылыўына жәрдемлесиў, ол жерде санаат орайларының дүзилиўине жәрдемлесиў — бизиң ең әҳмийетли ўазыйпамыз.

Жақын еки жылдың ишинде қарақалпақ халқының барлық көрсеткишлер бойынша туўысқан өзбек халқының дәрежесине көтерилиўине жетисиўимиз тийис.

Биз бул бағдарда усы жылдың өзинде бир қатар илажларды белгилеп отырмыз. Мәселен, санааттың өсиўин ғана алып қарайық: Өзбекистанда 29,5 процентке белгиленсе, Қарақалпақстанда 32,6 процентке белгиленди.

Бюджеттиң өсиўин алайық:

Бул Өзбекистанда 24,7 процентке, ал, Қарақалпақстанда 53,1 процентке белгиленген. Бирақ бул да еле ҳәммеси емес, бул тек басламасы ғана.

Биз қарақалпақ халқын Советлер Аўқамы халықларының алдынғы қатардағылары дәрежесине жеткериў ушын жәрдемлесиўге барлық күшлеримизди жумсаймыз. *(Қол шаппатлаўлар)*»[1].

Өзбекистан ССР ҳүкиметиниң баслығы Файзулла Хожаев Өзбекистан ССР Советлериниң VI съездинде шығып сөйлеген сөзинде былай деген еди:

«Қарақалпақстан АССРының Өзбекистан курамына кириўи өзбек ҳәм қарақалпақ халықлары арасындағы туўысқанлық бирлигиниң беккемлениўиниң көриниси, олар арасындағы дослықтың дәлили болып табылады. Бул жүдә қуўанышлы! Жолдаслар, бизлер бул исенимди қорғаўымыз, оны қәдирлеўимиз, туўысқанлық бирлигимизди тағы да беккемлей бериўимиз керек, қарақалпақ халқына, оның хожалығы менен мәдениятының тағы да өсе бериўине, жаңа социалистлик турмысты қурыўына жәрдемлесиўимиз лазым»[2].

Өзбек халқының бул еки әдиўли перзенти Акмал Икрамов, Файзулла Хожаев сталинлик заманда репрессияға ушырап, қурбан

---

[1] Акмал Икрамов. Избранные труды. Том III, Ташкент, 1974 г, стр. 184—185.

[2] Файзулла Ходжаев. Избранные труды. Том III, Ташкент, 1973 г, стр. 519—520.

Бизиң академигимизден баслап, әпиўайы инженер кадрларымызға шекем ҳәммеси Өзбекистандағы алымлардың жәрдеми менен Ташкент, Самарқанд, Андижан қалаларында оқып, тәлим алып, кәниге ийеси болған. Олардың ҳәммесиниң устазлары өзбек халқының интеллигенциясының ўәкиллери. Соның ушын да, бизиң Өзбекистанға қосылыўымыз ҳәр тәреплеме орынлы болған.

Өзбек халқы әййемги көп әсирлик мәдениятқа ийе. Орта Азияның басқа халықларының мәдениятының өсип-раўажланыўына оның үлкен тәсири болды. Ол ҳаққында қырғыз халқының әдиўли перзенти, пүткил дүньяға белгили жазыўшы Шыңғыс Айтматов былай деген еди:

«... Көп әсирлик өзбек мәдениятының Орта Азия халықларына көрсеткен тәсирин Византияның әййемги Русьқа көрсеткен тәсири менен салыстырыў мүмкин. Совет дәўиринен бурын да, совет дәўиринде де Өзбекистан бизиң сөйлер сөзимиз ҳәм Шығыстағы саўлатымыз болды»[1].

Бул жүдә жоқары ҳәм әдил баҳа, шын ҳақыйқатлық. Сонлықтан, қарақалпақ мәдениятының, әдебиятының, көркем өнериниң раўажланыўында өзбек мәдениятының роли жүдә үлкен. Бизиң мәдениятымыздың өсиў-раўажланыў сағасы — бул өзбек халқының оғада бай мәденияты болып есапланады.

Бул мәселениң бир жағы болса, екиншиден, тап усындай бирлик қатнасықлар туўысқанлықты да пайда етеди. Қарақалпақстан қурамында жасап атырған өзбеклер де көп. Олар жақын арада пайда болған деп айтыўға болмайды. Ерте дәўирден баслап қыз алысып, қыз берисип, қуда-қудағай болып жасап атыр. Динимиз де, дәстүримиз де ортақласып кеткен, түби бир, туўысқан халықлармыз. Бирақ соған қарамай, тилимиз ҳәм мәдениятымызда айырым өзгешеликлер бар. Соның ушын да, өз алдына суверенли республика сыпатында қабыл алындық. Солай болса да, бизиң раўажланыў тарийхымызды Өзбекистаннан бөлек дәлиллеп болмайды. Себеби, кейинги алпыс жыл даўамында Қарақалпақстанда қандай жаңалықлар пайда болған болса, Өзбекистанның ағалық жәрдеми менен болды.

Жуўмақластырып айтқанда, Өзбекистан қарақалпақ елине материаллық, мәдений ҳәм руўхый жәрдем көрсетти ҳәм көрсетип келмекте.

---

[1] «Правда» газетасы, 1988-ж. 13-февраль. 3—162.

Бизде буны терең түсинетуғын, оған тән беретуғын адамлар көп. Бирақ ишимизде усындай аталық ғамхорлықты бүгин билсе де, ертеңине умытып кетиўшилер аз да болса табылады.

Өзбек халқының қалыс жәрдемлери ҳаққында, сондай-ақ бурыннан тамыры бир тәғдирлес халық екенимизге үлкен итибар берип, айтып отырғандағы мақсетим — жасларға тәрбия болсын, түсинбегенлер уғып алсын — биз тәңир қосып қойған халықпыз, бир жан-бир тән болыўымыз керек. Өзбек халқына рахметимизди, миннетдаршылығымызды жүректиң төринде, көздиң қарашығындай сақлаўымыз, өзбек халқы менен мәңги бирге болыўымыз керек, буннан Қарақалпақстан халқы тек утады, табысқа, бахытқа ийе болады демекшимен. Усы жерде бизиң мақтанышымыз, қарақалпақтың өшпейтуғын жулдызы Ибрайым Юсуповтың қосықларынан мениң бул пикирлеримди тастыйықлаўшы қатарларын оқыўшылардың дыққатына усынаман.

Бүгин Әмиў болып аққым келеди,
Арғымақ ат болып шапқым келеди.
Бүгин өңирине өзбек ағамның
Кеўлимнен гүл үзип таққым келеди.

* * *

Елин сүйген бир өзбектен,
Кем сүйсем мен бул үлкени,
Қарақалпақ демең мени.

* * *

Енди мен Қарақалпақстанды Өзбекистан менен тығыз байланыстырыўда хызметлери оғада уллы ҳүрметли инсанлар ҳаққында өз пикиримди билдирмекшимен.

ПИДАЙЫ ЕЛ БАСШЫЛАРЫ

УСМАН ЮСУПОВ

Өзбек халқының данышпан перзентлериниң бири болған Усман Юсупов ең аўыр ўақытларда, Өзбекистан экономикасының жаңа басқышқа көтерилиў дәўиринде хызмет етти. Ол өз халқының, өз елиниң хызмети ушын ҳарып-шаршаўды билмейтуғын ҳақыйқый азамат еди. Усман Юсупов 1929—1937-жылларда Ташкент ўәлаятлық партия комитетиниң хаткери, Пўткил Аўқамлық Орайлық Комитеттиң Орта Азия бюросының баслығы болды. Соңынан 1937-жылдан 1950-жылға шекем ӨзКП Орайлық комитетиниң биринши хаткери болып иследи. 1950—1953-жыллары бурынғы аўқамның пахташылық министри болды. Сталин өлгеннен соң бул министрлик сапластырылып, У. Юсупов Өзбекистанға қайтып келип, республика Министрлер Советиниң Баслығы лаўазымында иследи. Ол Өзбекистанда ең биринши колхоз ҳәм совхоз хожалықларын шөлкемлестириўшилерден болды. Хожалықларды техникалар, суў менен тәмийинлеў бойынша үлкен хызметлер етти, жаңа жерлер ашты, жаңа заводлар ҳәм қалалар қурды. Өзбекистанның ең ири санаат орайлары Бекабад, Ангрен ҳәм Шыршық Усман Юсуповтың басшылығында қурылып басланды. Оның басламасы тийкарында секундына 280—300 $м^3$ суў беретуғын 300 километр узынлықтағы үлкен Ферғана каналы 1939-жылы 45 күнде қол күши менен қазып питкерилди. Бул шынында да қаҳарманлық еди.

Усман Юсупов Ўатандарлық урыс жылларында өзин терең ойлы, тәжирийбели, билгир басшы сыпатында көрсетти. Ол 1941—1943-жылларда Россия, Украина ҳәм Белоруссиядан келген баспанасыз адамларды турақ жай ҳәм жумыс пенен тәмийинледи.

1943-жылы Екинши жәҳән урысы ғажжа-ғаж даўам етип атырған ўақытта Өзбекистанда Илимлер академиясы шөлкемлестирилди. Бул теңи-тайы жоқ Уллы тарийхый ўақыя еди. Республика басшылары академияға Москва, Ленинград ҳәм басқа да қалалардан илимге жетик, дүньяға белгили илимпазларды шақырды. Олар Ташкентке келип, тез арада жаңа ашылған академияның жумысын жолға

қойды. Ең баслы мәселе, көпшилик жергиликли халық жасларын академияға жумысқа алып, оларды жоқары дәрежели илимий кадрлар етип таярлады. Сонлықтан, өзбек халқынан шыққан жоқары дәрежели профессор, академиклер саны көбейе баслады. Нәтийжеде, республикада илимге қуштар, интеллектуаллық потенциалға ийе кадрлар өсип шықты. Олар өз ғезегинде елимиздиң экономикасын көтериўге жақсы тәсирин тийгизди.

Буған қосымша, республикаға жигирмадан аслам жоқары оқыў орынларының профессор кадрлары келип, Ташкент, Самарқанд қалаларына орналасты. Солай етип, Ташкент, Самарқанд қалалары да үлкен илим орайына айланды. Республика басшылары бул оқыў орынларына тийисли жәрдем көрсетип, олардың жумыс ислеўине қолайлы жағдай туўғызды.

Және бир айтыўға тийисли мәселе, Өзбекистандағы емлеўханалар жоқары дәрежели маман қәнигелер менен тәмийинленди. Мәселен, ТашМИ қапталындағы емлеўхана Аўқамда ең атақлы емлеў орайына айланды. Ең шешиўши, үлкен социал-экономикалық әҳмийетке ийе мәселе, Өзбекистанға урыс жылларында 40 тан аслам заводлар, фабрикалар эвакуация етилди. Ел басшысы Усман Юсупов оларды қушақ ашып күтип алып, завод ҳәм фабрикаларды республика қалаларына орналастырды. Булардың ишинде гигант Чкалов атындағы авиация заводы да бар еди. Бул заводлар ҳәммеси иске қосылып, өним шығарып, республиканың экономикасын көтериўге хызмет етти.

Республикада қурылыс раўажланды. Мәденият, әдебият та шетте қалмады.

Улыўмаластырып айтқанда, сол жыллар әдеўир қыйыншылықларға қарамастан, Өзбекистан Республикасы санаатты раўажландырыўда, илим, билим, мәденият, әдебият, халықтың денсаўлығын сақлаў тараўларында үлкен табысларды қолға киргизип, келешекке исенимли қәдем таслады.

Жоқарыда көрсетилген ислер өз-өзинен болмайды. Биринши гезекте, мийнет сүйгиш, халықтың күн-түн демей, аянбай хызмет етиўиниң арқасында әмелге асты. Халқымыз қыйыншылықларды жеңиўге жәмлесип, аўызбиршиликли, мийнеткеш ел екенин ис пенен дәлилледи.

Өзбекистанның бул дәўирдеғи жетискенликлери, әлбетте, Қарақалпақстанның да жетискенлиги екени түсиникли. Себеби, бул заводлар Қарақалпақстан ушын да көп өнимлер бере баслады.

Ташкенттиң Орта Азиядағы ең ири илим орайына айланыўы Қарақалпақстанда кадрлардың өсип-жетилисиўине үлкен жәрдем берди.

Усман Юсупов Өзбекистанда жасаўшы халықлардың дослығын нығайтыўды, узақ хәм жақын ўәлаятлар арасында қарым-қатнасларды күшейтиўди нәзерде тутты. Хорезм хәм Қарақалпақстанды темир жол арқалы Ташкент қаласы менен, басқа да ўәлаятлар менен байланыстырыў оның ең баслы әрманларының бири еди. Ол Орта Азияның темир жол арқалы Үстирт кеңислигиниң үстинен Европа менен байланысыўын жақыннан түсинди. Сол тийкарда 1947-жылы Чаржаў — Қоңырат темир жолының қурылысы басланды. 1947-жылы жазда бул қурылысқа 100 мыңнан артығырақ адамды қатнастырып, қол күши менен 45 күнниң ишинде 5 миллион кубометр топырақ төгилип, Чаржаўдан Хазараспқа шекем жолдың бийик қашысы питкерилди. Бул Қарақалпақстанда хәм Хорезмде социал-экономикалық бурылыс жасаған Өзбекистанның ең ири қурылысларының бири болды. Соның ушын да, бул қурылысты өзбек, қарақалпақ, түркмен хәм қазақ халықларының дослық қурылысы деп атаса болады.

Урыстың ақыбетинен қыйрап қалған көп қала, район орайларын, аўылларды, завод-фабрикаларды толық қайта тиклеў мақсетинде бурынғы Аўқамның хәмме күши, қаржылары, материаллық ресурслары усы ўазыйпаны шешиўге қаратылды. Ол жыллары Орайдан бир нәрсе сорап алыў аңсат емес еди. Усындай машақатлы жыллары Усман Юсупов дәўжүреклилик етип, орайдан руқсат алмай-ақ, Өзбекистанның өз қаржысы есабынан Чаржаў — Қоңырат темир жолын қурды.

1947-жылы жаз айында Усман Юсуповтың тапсырмасы менен бул қурылысқа Наўрыз Жапақовтың басшылығында Қарақалпақстаннан 20 мыңға жақын адам қатнасып, дәслепки темир жолдың тырнағын салды. 1951-жылы Хожелиге ең биринши поезд келди. Әлбетте, бул жыллары Қарақалпақстанның, Ташаўыз ўәлаятының хәм пүткил Хорезм ойпатлығының Орта Азия республикалары менен байланысыўы үлкен ўақыя еди.

Усындай уллы ислер қыйыншылықсыз раўажлана береди деўге болмайды. Әлбетте, урыстан кейинги дәўирлерде хәр бир тараўдың үлкен машқалалары болды. Сол жылы Өзбекистанда пахта жобасы орынланбай қалып, Усман Юсупов Москвадан руқсатсыз Чаржаў — Қоңырат темир жолын қурды, көп қол күшлерин

пахта тәрбиясына қатнастырмады,—деген айып тағып, Орайлық Комитеттен Г. М. Маленковтың қолы қойылған қарар менен Усман Юсуповқа сөгис жәрияланғаны да мәлим.

Сол жыллары У. Юсупов пенен бирге ислескен Өзбекистан Компартиясы Орайлық Комитетиниң санаат ислери бойынша хаткери, соңғы жыллары Өзбекистанда қурылыс материаллары министри болып ислеген Борис Григорьевич Мырзабеков маған гүрриң етип, Усман ағаның жүдә күшли, дәўжүрек, омыраўлы басшы болғанын айтып берди.

Қайсы жыл екени ядымда жоқ, 1947, яки 1948-жылдың декабрь айының соңғы күни жаңа жылды күтип алайын деп атырғанда кешқурын Усман Юсуповтың «Москва» мийманханасындағы номерине әскерий формада бир полковник кирип келген. У. Юсупов номерде Б. Г. Мырзабеков екеўи отыр екен. Әдетте, әскерий адамлар қатты сөйлейди. Полковник: «Ким Юсупов?»—деп сорайды. Оның даўысы қаттырақ шыққанлықтан, Усман аға дәўжүрек болса да албыраңқырап, «Мен» деп жуўап берди. Түри де бираз өзгерген болыўы керек. Ақыры, ол жыллар қорқатуғын дәўир еди. Полковник: «Мына пакет сизге»,—деп тапсырыпты. Пакетти қол қойып алып ашып қараса, ишинде ВКП (б) Орайлық Комитети Сиясий бюросының қарары екен. Әдеттегише, ондай қарар қызыл сыя менен жазылып, қызыл реңде басылады. И. В. Сталинниң қолы қойылған қарар екен. Бул қарар бойынша Усман Юсуповтан сөгис алып тасланыпты. Солай етип, жаңа жылды үлкен қуўаныш пенен күтип алғанын Б. Г. Мырзабеков сөз етип берди.

Усман Юсуповты И. В. Сталин жүдә жақсы көрген. Оған өзинше «Ясупов»деп ат қойған. Бул күнлери Усман аға Сталинниң қабыллаўына барса, Сталин: «Ясупов, сени жигитлер қапа етипти ғой»,—депти. Сталинниң «жигитлер» дегени сиясий бюро ағзалары деген мәнисти аңлатады. Бул гәптиң кейни сөгисти бийкарлаў менен тамамланыпты.

Мен ел таныў, жақсыны көрип тәжирийбе алыў мақсетинде 1966-жылы декабрь айында Киевке бардым. Украина КП Орайлық Комитетиниң жуўаплы хызметкерлери күтип алды. Үш күн болып, қаланың дыққатқа ылайық орынлары менен таныстым. Көп қурылысларды көрдим. Бизди Киевтеги қалалық балалар (пионерлер) сарайына апарды. Бул сарай жүдә әжайып, сулыў, архитектураның соңғы жетискенликлеринен пайдаланып қурылған екен. Сарай үлкен комплекс болып, спорт заллары, шомылыў

бассейни, жабық стадион, сауна, мәжилис өтетуғын заллар, ҳәр бир қәнигеликке бейимлестирилген бөлмелер бар. Бул объекттиң қурылысына неше жүз миллион манат қаржы жумсалған. Биз бундай гиддиман имаратты көрип, ҳайран қалдық. Бундай сарай Москвада да, Ленинградта да жоқ. Бул сарай Киев қаласының балаларына теңи-тайы жоқ саўға болған. Оның үлкенлиги сонша, бир күнде 30 мың бала барып, ҳәр ким өзи қәлеген маманлығы менен шуғылланады екен. Бул сарай 1960-жылдың басында қурылған. Усы объектти қурғаны ушын сол ўақыттағы Украина КП Орайлық Комитетиниң биринши секретары болып ислеген Николай Викторович Подгорныйға (ол сол қурылыстың басламашысы), неге сен бундай гиддиман объектти қурдың, деп айыплап, Хрущёв сөгис жәриялаған екен. Мен барғанда украиналы жолдаслар «сөгис алып тасланды, бирақ, сарай орнында қалды» деп, пионерлер сарайын мақтаныш етип, усы ўақыяларды баян етип берди.

Сол сыяқлы Усман ағадан сөгис алып тасланды, ал, Чаржаў—Қоңырат темир жолы қалды. Хорезм ойпаты халықларының ийгилиги ушын иследи ҳәм бүгин де ислеп турыпты. Бул жол Орта Азиядан Европаға шығатуғын ең төте жолдың негизин қурайды.

Усман Юсуповтың Қарақалпақстан Республикасына, Хорезм, Ташаўыз ўәлаятларына темир жол қурып әкелиўи теңи-тайы жоқ үлкен әҳмийеттеги хызмет. Бул, ҳәм аталық ғамқорлық, ҳәм халықтың келешеги, материаллық абаданлығы. Бул халқын, елин ойлаған уллы инсанның ғана қолынан келетуғын ис. Соның ушын бизиң халқымыздың Усман ағаға болған миннетдаршылығын жүректиң төринде мәңги сақлаўымыз керек. Чаржаў—Қоңырат темир жолы бизиң раўажланыўымыздың сағасы болып хызмет етип киятыр.

Мен Усман Юсуповтың батыр, дәўжүрек басшы болғанын дәлиллейтуғын және бир фактти айтып беремен.

КПСС Орайлық Комитетиниң биринши хаткери Н. С. Хрущев Тажикстанға сапар етип, халық хожалығының барлық тараўлары менен танысады. Аўыл хожалығының алымлары менен ушырасады. Усы ушырасыўда аўыл хожалығы алымлары өз пикирлерин айтып, пахта егисиниң қатар арасының 45 см болыўын өзлеринше дәлиллеп, Н. Хрущевти исендиреди.

Сол сапары Н. С. Хрущев Ташкентке келеди. А. Наўайы атындағы театрдың залына республика, ўәлаятлар, районлар басшыларын жыйнап, Н. С. Хрущев пенен ушырасыў өткеризеди.

Мәжилисте Н. С. Хрущев кең түрде шығып сөйлеп, Өзбекистан Республикасының социал-экономикалық раўажланыў ўазыйпасын белгилейди. Сөзиниң соңында: «Сизлер — өзбекистанлылар пахтаның қатар арасын 45 см етип егесиз. Мәкке-жүўерини де егесиз» деп қатаң тәртип береди.

Жыйналыста Н. С. Хрущев сөйлеп болғаннан кейин, сол жыллары Өзбекистан Республикасы Министрлер Советиниң Баслығы болып ислеп атырған Усман Юсупов шығып сөйлейди. Ол Н. С. Хрущевқа қарап: «Биз Өзбекистанда ғаўашаның қатар арасын 70 см етип егемиз. Себеби, 45 см етип егилген ғаўашаның шақалары бир-бири менен тутасып, трактор жүргенде ғаўашаның шақалары сынып кетеди. Және 45 см етип егилген ғаўашаның гөреги киши, шигитлери майда, талшығы әззи болады. Сондай-ақ, Өзбекистанда мәкке-жүўери екпеймиз, оның орына ата-бабаларымызға үрдис болған ақ жүўерини егемиз. Өйткени, ақ жүўери ҳәр гектарына 50—60 центнерден дән береди, пақалында қант элементлери жүдә көп ҳәм маллар ушын да жуғымлы от-жем болады» — деп дәлиллейди.

У. Юсупов сөзин жуўмақлап, орнына барып отырады, ал, Н. С. Хрущев қып-қызыл болып үндемей отырады, қарсы сөйлеўге дәлил табалмайды.

Бул ўақыя 1955-жылдың ақырында яки 1956-жылдың басында жүз бергенлиги ядымда. Себеби, мен усы жыллары Қарақалпақстанда Коммунал хожалығы министри болып ислеп атырғанлықтан, бул болып өткен ўақыялардан хабардар едим.

Өз халқының тәғдири, келешеги ҳаққында жан күйдирип батырлық, мәртлик етип, өз пикирин айта билген, оның әмелге асыўы, орынланыўы ушын күш-ғайратын, билимин, ақыл-парасатын жумсаған басшы—ол елдиң бахты, жарқын келешеги.

Усындай ғайратлы, дәўжүрек, ақыллы, дана басшылар елимизди үлкен раўажланыў жолына мәрдана баслап киятыр. Халқымыз бундай басшыларды сыйлап, ҳүрметлеп, олардың уллы ислеринде табыслар тилеп, оларға узақ өмир, беккем денсаўлық тилеп келеди.

Елимиздиң гүллеп, жайнап-жаснап раўажланыўы мийнетте зәбердес мийнеткеш халқымызға ҳәм оларды келешеги айдын туўры жолға баслаўшы парасатлы, искер, билимли, дана ел басшыларыға байланыслы десем асыра айтқан болмасам керек.

Өзбекистан тарийхындағы Усман Юсуповтан кейинги ең үлкен шахс Шараф Рашидов болды.

ШАРАФ РАШИДОВ

Менің Қарақалпақстанда шерек әсирден аслам усы әжайып адам менен ислесиўим оны басқалардан көбирек билиўиме себепши болса керек, деп ойлайман.

Шараф Рашидов өзбек халқы өзин халық аралық майданда таныта баслаған бир дәўирде басшы болды. Әлбетте, өзбек халқы бурыннан-ақ өзин дүньяға таныта алған тарийхы терең ел. Солай болса да, алғаў-далғаў заманларда бул халық көп қурбанлар көрген. Елдиң әдиўли азаматлары репрессияға ушырап, соңынан қәддин тиклеп киятырған жас буўынлар жаңаша билимлер менен суўғарылып, жаңаша қурылыслар басланған дәўирлер еди. Жаңа кадрлар таярлаў, жаңадан жер ашыў, жаңа қурылыслар баслаў зәрүр болды.

Шараф Рашидов бул дәўирде жас болса да қанлы саўаш майданларын басынан кеширген, студент болып та үлгерген, соңынан газета хызметкери, обком хаткери, жазыўшылардың басшысы, парламент баслығы, қулласы, адамлардың руўхый дүньясын жақсы сезетуғын, мәмлекетлик истиң барлық тармақларынан хабардар, әдалатлы басшы болып жетилисти. Соның ушын да, ол ҳәр қандай басшыны әдалатлы түрде сынақтан өткерди.

Менің Жаслар аўқамында тәрбияланып, еле жас болсам да райком хаткери, министр болғаным ҳәм республика Министрлер Советиниң Баслығы лаўазымында ислеп атырғанлығым оны қанаатландырса керек, ол шынында да менің менен үлкен мехрибанлық қарым-қатнаста болды. Мен, әлбетте, оның менен бурын таныс емес едим, жумыс бағдарында таныстым. Ол маған басқа айырым басшылар сыяқлы кейип бақырған жоқ. Мулт кеткен жерлеримди әдалатлы түрде түсиндирди. Менің ең жақын бир ақсақалым сыпатында дослық кеңеслерин беретуғын еди.

Ол данышпан адам болғанлығы ушын мәселени жүдә узақтан ойлайтуғын еди.

— Қаллибекжан, — деди ол бир күни. — Қарақалпақ деген өз алдына халық, оның өз тарийхы, тили, мәденияты ҳәм әдебияты бар. Буны бир ўәлаят көлеминде баҳаласақ, қарақалпақ халқын қапа етип аламыз. Өзи Орта Азиядағы жалғыз автономиялы республика. Ол да Өзбекистанның қурамында. Солай екен, оның аўырманшылығы екеўимиздиң басымызға теңдей түседи. Сонлықтан, еки республиканың машқалаларын теңдей шешиўимиз керек. Буны мен жақсы түсинемен. Өтинишлериң болса айтып тур...

Ҳақыйқатында, жоқарыдағы мәсләҳәт ретинде айтылған сөзлерди мениң өзим айтыўым керек еди. Бул сөзди Шараф Рашидовтың айтқанына ҳайран қалдым. Себеби, мениң өзим де тап усындай ойда жүрген едим. Соның ушын да, мен оны дүньядағы ең қәдирдан адамым, ҳадал достым, уллы устазым деп түсиндим.

«Өтинишлериң болса айтып тур», деген соң оның қабыллаўында болып, «Мен еле жаспан, жаңа 37 жасқа кирдим, тәжирийбем аз, қәтекемшилигим болса айтып турыңыз. Қарақалпақстандай артта қалған үлкени көтериў аңсатқа түспейди. Алдымызда бизди көп машақатлы ислер күтип турыпты. Сол ушын сизиң мәсләҳәтиңизге мүтәжбен. Соның менен бирге, Қарақалпақстанға көп материаллық ресурслар, техникалар берилмесе, сиз өзиңиз қоллап-қуўатламасаңыз, онда мениң қолымнан бундай аўыр машқалаларды шешиў келмейди», деп ашық айттым. Шараф Рашидов дурыс түсинди. Ол бизиң елимиздиң аўыр жағдайына жүдә қанық еди ҳәм Қарақалпақстанға көп жәрдемлер берди.

Ш. Рашидовтың дана сиясатшы, асқан ақыл ийеси ҳәм әдалатлы басшы екенин мына бир мысалдың өзинен-ақ аңлаўға болады. Рашидовтан бурын Өзбекистан ўәлаятларының дизиминде ең кейинги болып ҚҚАССР жазылар еди. Ал, ол киси елге аға болғаннан кейин, дизимниң басына Қарақалпақстанды жаздырды. Буның мәниси оғада уллы, оны биз терең түсинемиз.

Мен 1963-жылы обкомға биринши хаткер болғаннан кейин исимиз бирден жүрисип кете бермеди. Сол жылы пахта тапсырыў жобасы орынланбай қалды. Кейин ала, әсиресе, 1965, 1966, 1968-жыллардан баслап Қарақалпақстан қәддин тиклеп, бириншилер қатарында пахта жобасын орынлаўға еристи. Ш. Рашидов бизлердиң қолымыздан ис келетуғынын сезип, бизлерге деген ҳүрмети арта баслады. Сол тийкарда оның менен бизиң ҳақыйқый сыйласығымыз басланған еди.

Шараф Рашидовтың басламасы менен Қарақалпақстанда көп ғана партаў жерлер ашылды. Пахташылық, салыгершилик негизги базаға айланды. Көплеп овощ, мийўе, палыз егинлериниң өнимлери жетистирилди.

Қарақалпақстанда жақын жылларға шекем мийўешилик раўажланбаған еди. Ш. Рашидовтың усынысы менен Ташкенттен Ризамат ата Мусамуҳамедов келип, «Шағалкөпир»де ең дәслепки алма жетистиретуғын хожалық дүзилди. Кейинги ўақытларда бундай хожалықлардың саны өсти. Овощ, палыз ҳәм мийўе жетистирип

беретуғын жаңа Нөкис районы, сондай-ақ, мал шаруашылығына бейимлескен Бозатаў районы пайда болды ҳәм халық хожалығының басқа да жаңа тармақлары ашылды.

Ол Қарақалпақстанға жүдә үлкен ҳүрмет, сыйласық пенен қарап, ҳәмме ўақыт аталық қолын созып, шын жүреги менен жәрдем берип турды. Қарақалпақстанды комплексли раўажландырыўға айрықша кеўил бөлди. Соның ушын, елдиң келбетин көркейтип, келешегин нурландыратуғын, экономикасын көтеретуғын үлкен әҳмийетке ийе болған баслы-баслы мәселелерди шешти. Олардың ишинде: Тақыятас ГРЭСи, Тақыятас плотинасы, темир жол тармақларын ҳәм асфальт жолларды тез пәт пенен қурыў, салыгершиликти раўажландырыў, Елликқала, Жамбасқала массивлерин өзлестириў, әдебиятты, мәдениятты, көркем өнерди раўажландырыў, қайсы бирин айта берерсең, қысқасы, бизиң елимизде мен басшылықта турған дәўиримде исленген ислердиң ҳәммесиниң ғамқоршысы, сағасы, басламашысы Шараф Рашидов болды. Буны бизиң мийнеткеш халқымыз жақсы биледи.

Ол Қарақалпақстанның кадрларын жүдә ҳүрмет етер еди. Бизиң елимизде исленген унамлы ислерди көрсе оның қуўанышының шеги болмады. Республикаға ҳәр сапары келгенде, райком хаткерлери, колхоз, совхоз, республика басшылары менен ушырасып, сөйлесип, ҳал-жағдайын билип, қыйын мәселелерди шешип, кадрларға қанат байлап кетер еди. Сонлықтан, бизиң халқымыз оны ҳәр келген сайын терең иззет-ҳүрмет пенен күтип алды.

Шараф аға ҳеш ўақытта даўысын көтерип сөйлемес, жақсы сөз бенен-ақ кемшиликлеринди айтып, мәсләҳәт берип, кеўлиңди алады. Оның менен ушырасып сөйлескен адам уйқысыз, машақат пенен кеширген күнлерине, еткен мийнетине ырза болып, шаршағанын умытып, және жаңа күшке минер еди.

Ол Қарақалпақстанда тек халық хожалығының раўажланыўына ғана емес, ал, әдебият пенен мәденияттың раўажланыўына да көп дыққат аўдарды. Бизге ҳәр келгенде Тилеўберген Жумамуратов, Жолмурза Аймурзаев, Ибрайым Юсупов, Төлепберген Қайыпбергенов ҳәм тағы басқа да шайыр-жазыўшыларымыз бенен сәўбетлесип, олардың дөретпелерин өзбек ҳәм рус тиллеринде бастырып бериўге жәрдем етти.

Қарақалпақ көркем өнерининң алға раўажланыўына үлкен аталық ғамқорлығын биз ҳәрдайым сезер едик. Ташкентте өткерилген Қарақалпақ әдебияты ҳәм мәденияты күнлерине өзи қатнасып, оны

қоллап-қуўатлады. Ақсақалдың ғамқорлығының нәтийжесинде Қарақалпақстанның көплеген артистлери, жазыўшылары, басқа да талант ийелери «халық артисти», «хызмет көрсеткен артист», «халық жазыўшысы» деген хүрметли атақларға ийе болды. Сол сыяқлы Қарақалпақстанда баспа ислериниң раўажланыўы ушын қол-көмегин аямады. Ҳәр жылы 30 атамадан артық китап шығара алмайтуғын баспамыз 300 атамалық китап шығаратуғын үлкен кәрханаға айланыўына жәрдем етти. Қарақалпақстанда қайсы тараўды алмайық, оның алға раўажланыўында бул инсанның ғамқорлығы болды.

Мен Шараф аға менен жақсы ислестим, көп мәсләҳәтлерин тыңладым, оннан ибрат алдым, ақыл үйрендим. Оның мәселе шешиў, келешекти болжаў сыяқлы жақсы пазыйлетлерин қабыл алыўға талпындым. Сонлықтан, ол инсан мениң ең бас устазым болып қалды. Кеўлимде қандай ойым болса мен Шараф ағадан жасырғаным жоқ. Ойға алған ҳәмме ислеримди оған ашық-айдын айтып, мәсләҳәт алар едим. Ол кисини мен оғада сыйлап, көрсетпелерин өз ўақтында орынлап бардым. Соның ушын шығар, ол мени жүдә жақсы көретуғын еди. Солай болса да, басқа ўәлаятларға қарағанда мениң жүгим әдеўир аўыр болды. Себеби, халық хожалығы мәселелеринен тысқары, халықтың билим ҳәм мәденият тараўларын раўажландырыў усаған мәселелерди шешиўим керек болды. Усыған байланыслы қаржы бөлип шығарыў, ресурсларды бөлистириў сыяқлы үлкен мәселелер шешилип атырғанда, мен өз пикиримди айтып, илажы болса көбирек алыўға ҳәрекет еттим. Бундай жағдайда Шараф Рашидов бәрҳа мен тәрепте болды, қоллап-қуўатлады.

Шараф Рашидов өзбек халқының ең уллы перзентлериниң бири еди. Ол 33 жыл даўамында Өзбекистанға басшылық етти. Үлкен лаўазымларда иследи. 1950-жылдан баслап Өзбекистан ССР Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы болып, ал, 1959-жылдың март айынан баслап өмириниң ақырына дейин ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши хаткери лаўазымында иследи.

Сол дәўир ишинде ол Өзбекистанның экономикасы менен мәдениятының көтерилиўине үлкен үлеслер қосты. Өзбекистанда жасаўшы барлық халықлардың тәғдирине үлкен итибар берди, татыў халықлар үлкесине айландырды. Ол периштедей таза, сыпайы минезли, адамгершилиги күшли, кишипейил, терең билимли, сөйлескен адамды өзине тартып, иши-баўырына кирип кететуғын,

әжайып инсан болды. Оның менен сөйлескен ҳәр қандай адам таў булағынан мийри қанып суў ишкендей болар еди. Ол парасатсыз, билимсиз ҳәм жалқаў адамларды бирден-ақ сезетуғын уқыпқа ийе болды. Өзбекистан ушын ис көрсете алған, халық ийгилиги ушын жанын пидә еткен адам оның ҳақыйқый досты еди.

Шараф аға ишки дүньясы таза инсан еди. Ол коммунистлик партия хызметкери бола турып, Қудайтааланы умытқан жоқ. Көп ўақытлары «қуда қәлесе», «несип етсе», «несип буйырса» деген сөзлерди айтар еди. Шараф Рашидовтан еситип, бизлер де Ийшан қалада ҳәм басқа районларда өткерилген бригада, бөлим баслықлары қатнасқан жыйналысларда «қуда қәлесе, быйыл мол зүрәәт болады» деп айтатуғын едик. Шараф аға қудайға ҳеш ҳәсилик етпеди, ийман-исламды умытпады, соның ушын да шығар, оған Алла таала сақыйлық пенен ҳәмме жақсы қәсийетти, жоқары атақ-абырайды берди.

Ол ең зәрүр нәрсени иске асырмағанша кеўли кеншимейтуғын еди. Мәселен, оның Өзбекистан ушын еткен үлкен бир хызмети ҳеш ядымнан кетпейди. Ташкенттиң халқы бир миллионнан асқаннан кейин-ақ Шараф Рашидов бул уллы қалаға метро қурыў әрманы менен жасады. Ол КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюросының ағзалығына кандидат болғаны менен бул мәселе аңсатлық пенен питпейтуғыны мәлим. Себеби, өзлериңиз билесиз, метро қурылысы көп қаржы талап етеди. Солай болса да, ол бул мәселени жүзеге асырыў ушын Л. И. Брежневке талай мәрте қатнады. Орайлық комитет оның бул тилегин бес мәрте қайтарды. Бирақ, Шараф аға үмитин үзбеди ҳәм ақыр-соңы алтыншы мәрте өтиниш жасағанда Л. И. Брежнев: «Надоел ты мне, Рашидов» деп қағазына қол қойып, метро қурыўға руқсат берген. Ш. Рашидов мине усындай, халық исине әбден берилген инсан болды.

1966-жылы Ташкентте жер силкиниў болғанда, ол оғада қыйын жағдайларды басынан кеширди. Ол бул дәўирде басына аўыр мүсийбет түскен бир меҳрибан атаға усайтуғын еди. Оның өзи ҳәр бир кварталды аралап, баспанасыз қалған адамларды жатақ жайлар менен тәмийинледи. Шараф Рашидов Ташкент қаласын жедел салып питкериўдиң бас шөлкемлестириўшиси болды. Ол өзиниң исшеңлиги ҳәм мәртлигиниң арқасында қурылыс үскенелери менен жумысшы күшин тез ўақыттың ишинде жәмледи. Бундай үлкен шөлкемлестириўшилик барлық басшылардың қолынан келе бермеўи

мүмкин. Рашидов Ташкент қаласында «Халықлар дослығы» сарайын қурыўда өзи архитектор, прораб болды. Буны әдиллик пенен баҳалап, Президент Ислам Каримов оған Наўайы атындағы сыйлықты берди.

Ш. Рашидов Өзбекистанда ири қурылысларды раўажландырды. Ҳәмме ўәлаятлар үлкен қурылыс майданшасына айланды. Барлық басшы кадрларды қурылыс пенен шуғылланыўға үйретти. Үлкен-үлкен қурылыс объектлерин өзи барып көрип, қол-көмегин берип турды. Сонлықтан, Бекабад, Шыршық, Алмалық, Ангрен ҳәм басқа да қалаларда ири металлурғия раўажланды. Ташкент трактор ҳәм авиазаводларының қуўатлылығын күшейтти. Дийқаншылықты көтериў ушын Мырзашөл, Қаршы, Язяван, Жиззақ ҳәм Қызылқум саҳраларын өзлестириўге үлкен итибар берди. Билимлендириў, илим ҳәм медицинаға айрықша кеўил аўдарып, қырқтан аслам жаңа институт ҳәм университетлерди пайда етти. Самарқанд, Бухара, Хийўа ҳәм Қоқанд қалаларын дүньяның музей қалаларына айландырыў ушын үлкен күш салды. Жаңадан жер асты байлықларын излеп табыўға салмақлы үлес қосты. Соның ушын Бурынғы Аўқамның жоқары сыйлығының лауреаты болды. Өзбекистанның келешеги ушын гүрескен көплеген кадрлар таярлады. Республикада тазадан үш Сырдәрья, Жиззақ, Наўайы ўәлаятларын шөлкемлестирди.

Шараф Рашидов Өзбекистанның даңқын пүткил дүньяға танытты. Ол басшылық еткен жылларда Өзбекистан аграрлық республикадан Шығыстағы санааты раўажланған, экономикалық қуўаты артқан, халқы қурғын жасайтуғын, мәденияты бай республикаға айланды. Булардың барлығы оның даналық басшылығы астында әмелге асты. Ел-халқы алдындағы үлкен хызметлери дурыс баҳаланған Ш. Рашидов еки мәрте «Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы» деген уллы атаққа ийе болды. Әскерий наградаларын есапқа алмағанда, ол 10 рет Ленин ордени менен сыйлықланды. Бурынғы Аўқамда усы орден менен 10 рет наградланған тек еки адам болса, соның биреўи Ш. Рашидов еди.

Ҳүкимет тәрепинен усындай жоқары сыйлықларға ийе болған мәртебели ел ағасы өз халқының да терең иззет-хүрметине бөленди. Шараф ағаны халқымыздың Пайғамбарға тақәббил ең уллы ақсақалы десек қудайға ҳәси болмайтуғын шығармыз. Себеби, оның халқымыз, елимиз ушын ислеген пидайы хызметлери, уллы адамгершилиги буған турарлық, деп ойлайман.

Соңғы дәўирде М. Горбачев ҳәм Е. Лигачевлар Шараф Рашидовтың атын тарийхтан өшириўге урынып көрди, ҳәр қыйлы жарамас ҳийлелер иследи. Бирақ, жақсы адамлардың аты ҳеш қашан тарийхтан өшпейди, өзиниң ылайықлы орнын ийелейди. Шараф ағаның аты өзбек халқының тарийхында алтын сыя менен жазылады. Солай болыўы да керек. Сонда ғана әдалатлық өз орнына түседи. Бул әдалатлықты орнатыўда И. А. Каримовтың үлкен үлеси бар. Ол үлкен данышпанлық иследи, теңи-тайы жоқ мәртлик көрсетти: тарийхты бурмалаў ушын ҳәрекет еткенлерге есинен танғандай етип соққы берди.

Совет аўқамы жылларында ҳәр 4—5 жылда партияның съездлери өткерилер еди. Оған көплеген шет еллерден мийманлар келер еди. Съезд тамам болған соң шет елли қонақлар, әсиресе, Латын Америкасы, Азия, Африка еллеринен келген мийманлар Өзбекистанға сапар етер еди. Олар Ташкенттеги гигант Чкалов заводын, қурылып атырған метрополитенлерди көрип, Самарқанд, Бухара, Хийўа қалаларына барып, республиканың тез пәт пенен раўажланып атырғанына тәсийн қалысар еди. Сол дәўирде Орай Өзбекистанды «Звезда Востока» («Шығыс жулдызы») деп атап, әдил баҳа берер еди. Бул баҳа ҳақыйқаттан дурыс, себеби, сол жыллары Өзбекистан Республикасы ҳәр тәреплеме раўажланған елге айланған еди.

Шараф Рашидов Россия басшылары менен де шеберлик пенен тил табысып, елге зәрүр материаллық ресурсларды алып келип, өз гезегинде республиканың тәмийнат мәселелерин толығы менен қанаатландырар еди. Мениң ойымша, Шараф Рашидов ушын мынаў үлкен, мынаў киши мәселе деген жоқ еди. Бул оның даналығының нәтийжеси деп есаплайман. Нөкистеги университетти ашыўға байланыслы мәселеде мына ўақыя ҳеш есимнен шықпайды: университетте тазадан факультетлер ашылыўы керек, усыған байланыслы бизлер юридика факультетин ашыўды Орайдағы Жоқары оқыў орны министрлигинен талап етсек те, министр келисим бермеди.

КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумында Шараф Рашидов жоқары оқыў орны министри В. П. Елютин менен ушырасып, бул машқаланы еки минутта шешип берди. Олардың сөйлескен ўақтында мен де қатнасқан едим. Бул оның абырайы менен ҳүрметиниң бир көриниси еди.

Усындай әжайып ел басшысы дүньядан биймезгил көз жумды. Өзбекистан халқы аўыр жудалыққа ушырады. КПСС Орайлық

ҳәммесин азат етти. Солай етип, өзбек халқының атақ-абырайын сақлап қалды. Бундай батырлық, даналық ислери ушын өзбек халқы Ел басшысы И. А. Каримовқа рахметлер айтты ҳәм оның қаҳарманлық ислерине тән берди.

И. А. Каримов Өзбекистанның Ғәрезсиз республика болыўы шәрт екени ҳаққындағы өз пикирин ҳәр жыйналыста, Орай басшылары алдында тартынбай, қорқпастан өз пикирин баянлап келди. Мәселен:

И. Каримов 1989-жылы 20-сентябрьде Москва қаласында болған КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумында шығып сөйлеп: «Аўқам менен республикалар арасындағы қатнасты шеклеп, республикаларға ғәрезсизлик ҳуқықын бериў керек» деген еди.

Пленумда Орай басшылары И. Каримовтың сөзин қатты сынға алды, ал, И. Каримов болса, табанлылық пенен өз пикиринен қайтпады. (История Узбекистана, 6 стр. 2015 г. издания).

1990-жылы 18-июнь күни Өзбекистан Олий Мажлисиниң II сессиясында «Өзбекистанда Ғәрезсиз мәмлекетти дүзиў» ҳаққында мәселе қаралды. Сессия елимиз басшысы И. Каримовтың республикага ғәрезсизлик алыў бойынша ҳәрекетлерин бир аўыздан мақуллады (История Узбекистана, 5 стр. 2015 г. издания).

И. А. Каримов өзиниң усы усынысын жыйналысларда тәкирар-тәкирар айтыўдан шаршамады.

Усы жерде ашық айтыўға тийисли бир факт бар. Бурынғы Совет Аўқамы дүньяда күшли мәмлекетлер қатарынан орын алатуғын 280—300 миллионға жақын халқы бар, АҚШ пенен тең келетуғын куўатлы мәмлекет еди. Басшылықтың насазлығынан, төменлигинен бул мәмлекет қулаў ҳалына келди. Сол жыллары елди басқарған М. Горбачев ҳәм Е. Лигачев дегенлердиң ийи бос, тәжирийбеси аз, халықты басқарыў уқыплары төмен болғанлықтан елде бирликти жоғалтып, аўызбиршиликти қашырып, ҳәр ким ҳәр қыйлы пикирлерди айтып, елди қулатты, Аўқамды тарқаў жағдайына алып келди.

Усы жағдайдан пайдаланып, биринши гезекте Балтық бойы еллери СССРдың қурамынан шығып, ғәрезсиз мәмлекетлер болды. Олардан кейин Әзербайжан, Грузия республикалары да өз ғәрезсизлигин жәриялады.

И. Каримов өзбек халқының әсирлер бойы арзыў-әрман еткен тилегин иске асырып, халқымызды үлкен бахыт-қуўанышқа бөледи.

Өзбекистанның ғәрезсиз елге айланыўы, бурынғы дәўир сиясатынан пүткиллей өзгеше сиясат жүргизиўди талап етти.

Елимиз ғәрезсиз мәмлекет болғаннан соң жәмийеттиң ҳәмме тараўларында жаңа реформаларды иске асырыў процеси басланды.

Ғәрезсиз мәмлекетти жанландырыў, оны беккем раўажландырыў ушын биринши гезекте таза экономикалық база дүзиў зәрүр еди. Экономикалық база дүзбей, елдиң суверенлилигин сақлаў қыйын еди. Ғәрезсизлик дәўирде, бурынғыдан улыўма басқаша есап-китап жүргизиў талап етилди.

Мине, Ғәрезсизликтиң дәслепки жыллары қыйын өтиў дәўиринде елдиң басында, есап-китапты жүдә жетик билетуғын инсан И. Каримовтың турыўы жүзикке қас қондырғандай болды.

Жәмийетти кескин раўажландырыў ғәрезсиз елдиң стратегиялық тактикасын, «Өзбек модели»н иске асырыў арқалы белгиленди. Бул «Өзбек модели»ниң бас принципи, бас өзгешелиги базар экономикасына өтиўде, елимиздиң спецификалық жағдайлары, экономикалық бир тәреплеме раўажландырыўдағы кемшиликлерди сапластырыў, биринши гезекте халықтың турмыс дәрежеси есапқа алынып, мәмлекет тәрепинен тийисли социаллық қорғаўды тәмийинлеў болып табылды.

И. А. Каримовтың стратегиялық концепциясы бойынша мәмлекеттиң тийкарғы ўазыйпасы төмендеги тийкарғы илажларды иске асырыўға бағдарланыў зәрүр еди:

1. Базар экономикасына өтиў жолындағы социал-экономикалық машқалаларды шешиў.

2. Демократиялық институтларды дүзиў, олардың ўазыйпасын белгилеў.

3. Өзбекистан Республикасының Ғәрезсизлигине қарсы келетуғын күшлерди жоқ етиў.

4. Өзбекистанның сыртқы сиясатын белгилеў, дүнья жүзилик жәмийетлер менен интеграцияны беккемлеў.

5. Ғәрезсизликтиң қуўатлы беккем экономикалық базасын дүзиў.

Базар экономикасын дүзиў мақсетинде биринши гезекте базар инфраструктурасын, демек, коммерциялық банклер, биржалар, базар орталығында хызмет көрсететуғын шөлкемлер иске қосылды. Тийисли илажлар ислеп шығылды, миллий валютаға өтиў иске асырылды.

И. А. Каримов Өзбекистан Республикасының Ғәрезсиз стратегиялық тактикасының, «Өзбек модели»ниң авторы болса, оның социал-экономикалық раўажланыўын әмелге асырған сол ўақыттағы Бас министр Шавкат Миромонович Мирзиёев болып есапланады.

Буны халқымыз жүдә жақсы биледи ҳәм тән алады. Ол ҳаққында сөз кейнинде кеңирек айтылады.

1992-жыл 8-декабрьде Өзбекистан Республикасының Конституциясы қабыл етилди. Бул елимиз тарийхында алтын ҳәриплер менен жазылып қалатуғын үлкен сиясий ўақыя болды.

Мен гәп еткен үш басшы — Усман Юсупов, Шараф Рашидов, Ислам Каримов — олар ҳәр қыйлы заманда ислесе де, олар бир мақсет пенен, халқына, елине хызмет етиў пикири менен жасады. Үшеўи де көп уллы ўазыйпаларды атқарып, туўған жанажан Өзбекистанымыздың қудиретин арттырып, ел-халқының ҳүрмет-иззетине миясар болды. Үшеўи де «ел реформаторы» болды деген пикирдемен. Ғәрезсизлик жылларында Өзбекистан Республикасының қоллап-қуўатлаўы, үлкен экономикалық-социаллық жәрдеми нәтийжесинде Қарақалпақстан гүлленген республикаға айланды. Қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил статусы берилди. Суверенли Қарақалпақстан өзиниң Конституциясына, байрағына, гимнине, гербине ийе болды.

Солай етип, мен өзбек халқының көрсеткен ҳәм көрсетип атырған аталық ғамқорлығына рахмет айтып, шексиз миннетдаршылық билдирип, «өзбек өз ағам» деп, қудиретли мәмлекетимиздиң гүллеп, жайнап-жаснап раўажлана бериўин Алла тааладан тилеп қаламан.

ШАВКАТ МИРОМОНОВИЧ МИРЗИЁЕВ

Демократиялық принциплер тийкарында өткен ҳәм халқымыз ерк-ыкрарын сәўлелендирген сайлаў нәтийжелерине бола Шавкат Мирзиёев Өзбекистан Республикасы Президенти етип сайланғанына бир жыл болды. Өткен усы қысқа дәўир ишинде елимиз социал-экономикалық жақтан шын мәнисинде жаңа раўажланыў басқышына шықты.

Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримов 2016-жылы сентябрь айының басында дүньядан көз жумды.

2016-жыл 8-сентябрьде болып өткен Олий Мажлистиң еки палатасының басқоспа мәжилисинде Президент сайланыўына шекем Президенттиң ўазыйпасын ўақтынша атқарыў Бас министр болып ислеп атырған Шавкат Миромонович Мирзиёевқа жүкленди.

Орайлық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық Президенттиң мүддетинен бурын сайлаўын өткериўди Олий Мажлис 4-декабрь 2016-жылға белгиледи. Президент болып сайланыўға сиясий партиялардан 4 талабан көрсетилди.

Шавкат Миромоновичтиң усынысы бойынша ҳәмме талабанларға өзлериниң программаларын сайлаўшыларға таныстырыўға, баспасөзден, эфирден теңдей пайдаланыўға мүмкиншилик туўдырды.

Өзбекистанда Президент сайлаў кампаниясы демократиялық ашық ҳәм жоқары шөлкемлескенлик дәрежеде өтти.

Усындай жағдайда сайлаўдың өтиўи Шавкат Миромоновичтиң әдиллиги, сайлаўшылардың сана-сезиминиң өсиўи арқасында әмелге асырылды.

Әзелден ақыллы-дана ел басшысы өзинен кейин ел басқарыўға, оның соңиал-экономикалық раўажланыўы сыяқлы машақатлы аўыр жүгин арқалап, оны мәнзилине жеткериўге, уқыплы, озық ойлы, билимли, күш-ғайраты жететуғын шәкирт таярлайды.

Усы идеядан келип шығып, Биринши Президент И. А. Каримов жүдә ақыллы, дана, үлкен талант ийеси, ис тәжирийбеси мол, келешекти болжап билиў қәбилети күшли, адамгершилик пазыйлети жоқары, кишипейил, зор интеллект, жетик саўатлы инсан Шавкат Миромонович Мирзиёевты өзине ылайық шәкирт етип таярлады.

* * *

2016-жыл 4-декабрьде болып өткен Президент сайлаўында Шавкат Миромонович Мирзиёев 88,6% даўыс алыўға миясар болды.

Усындай сайлаўдың унамлы нәтийжеси Шавкат Миромоновичке жоқарыда берилген баҳамыздың айқын дәлили болып есапланады.

Сайлаўға халық аралық шөлкемлерден ҳәм мәмлекетлерден 600 ден аслам бақлаўшылар ҳәм 1300 журналистлер қатнасып, сайлаўдың өтиў процесин бақлап барды. Олардың пикири бойынша, сайлаў ең жоқары дәрежеде, тынышлық жағдайда, терең шөлкемлескенлик жағдайда өтти.

Бизиң пикиримиз бойынша, сайлаўдың унамлы нәтийжеси — Өзбекистанның жарқын келешеги ҳәм кескин раўажланыўының толық гаранты болып хызмет етеди.

Оны Өзбекистан Республикасының Президенти болып сайланыўы халқымыздың үлкен бахты.

Ғәрезсиз Өзбекистанның беккем аяққа турыўында, оның социал-экономикалық раўажланыўын тәмийин етиўде жаңадан сайланған Президентимиздиң хызмети айрықша уллы. Оны халқымыз толығы менен тән алады.

Шавкат Миромонович машқатлы турмыс мектебиниң ҳәмме басқышларын басып өтти. Ол пайтахттағы Мирзо Улығбек районының, Жиззақ, Самарқанд ўәлаятларының ҳәкими болып иследи. Соңғы 13 жыл даўамында, 2003-жылдан баслап мәмлекетимиздиң Бас министри болып ислеп, елимиздиң гүлленип, раўажланыўында өзиниң салмақлы үлесин қосты.

Өзбек халқы совет жылларында да, оннан соң да уллы алымларды, дана, пидайы жәмийетлик, мәмлекетлик ғайраткер басшыларды дөретти, таярлады. Олардың қатарына Усман Юсупов, Шараф Рашидов, Ислам Каримов, ҳәзирги Президентимиз Шавкат Миромонович Мирзиёевлар киреди.

Елдиң, бир халықтың өсип-өниўин, раўажланыўын тәмийин етиў Ел басшыларының уқыбына, искерлигине байланыслы екенин ҳәмме биледи.

Жоқарыдағы аты аталған ел басшылары Өзбекистан Республикасының күш-қуўатын, илимин, билимин, мәдениятын, әдебиятын, халықтың турмыс жағдайын кескин раўажландырыўға өзлериниң салмақлы үлеслерин қосты. Сонлықтан, оларды өзбек халқының

Уллы аталары десек кәте болмайды. Өзбекистан Бурынғы Аўқам жылларында да, әсиресе, ғәрезсизликке ийе болған дәўирде үлкен тарийхый өсиў, раўажланыў жолын басып өтти.

Шавкат Мирзиёев тәбияттың берген талантына сүйенип, топлаған үлкен турмыс тәжирийбесине хәм терең билимине, әсиресе, узақты көре билиў, айрықша мийнетке уқыплылығына, искерлигине, тыным таппай, үзликсиз ел хызметине берилип, жанкүйерлик пенен ис тутыўы пүткил елди, халықты қуўандырады. Президентимиздиң ис тутыў жолы хәмме басшыларға, халқымызға үлкен мектеп болады, деп ойлайман.

Президентимиздиң бас мақсети — инсан мәпи, жәмийетимиздиң кең көлемли раўажланыўы, оның жоқары жуўапкершилигинен дерек береди. Сонлықтан, 2017-жылды «Халық пенен пикирлесиў хәм инсан мәплери жылы» деп атады. Бул Президентимиздиң ең үлкен философиялық пикирлер менен тәмийин етилген реформасы болып есапланады.

Ҳәзирге дейин ҳеш бир мәмлекет басшылары усындай мәнисте, халықтың арзыў-әрманын тыңлап, мүмкиншилиги болғанынша оны қанаатландырыў бойынша реформа қабыл еткен жоқ. Усы жағынан бизиң Президентимиздиң реформасы теңи-тайы жоқ мәмлекет басқарыўда жаңалық болып хызмет етеди.

Халық мәпин хәмме ўазыйпалардан жоқары қойыў — бул ақыллы басшының нийети.

Усы мақсетти әмелге асырыў ушын Ташкентте, Қарақалпақстанда, ўәлаятларда, районларда Президент тәрепинен «Халық қабыллаўханалары» шөлкемлестирилген. Буларға басшы етип ең саўатлы, ис тәжирийбеси жетерли басшылар қойылған. «Қабыллаўхана»ларға келген инсанлардың тилеги, машқалалары илажы болғанынша канаатландырылады. Кем тәмийинленген хожалықларға жеңиллетилген кредит, турақ жай, майыпларға арбашалар берилип атыр. Бул илажлар Президентимиздиң атап өткениндей «Инсан мәмлекет ушын емес, ал, мәмлекет инсан ушын хызмет етеди».

Президентимиз келешекти терең ойлап халық хожалығының, жәмийетимиздиң ҳәмме тараўлары бойынша ҳәзирги заманға сай ўазыйпаларды анықлап қарарлар, пәрманлар қабыл етип атыр.

Бас мақсет — Ел басшымыз сайлаўалды өзиниң бағдарламасын орынлаў, жәмийетимиздиң кең көлемде раўажланыў мәселелерин толық ҳәм өз ўақтында әмелге асырыў бойынша ис тутыўы оның жоқары жуўапкершилигинен дерек береди.

Қабыл етилген хәмме қарарлар, пәрманларды, басшылардан ис талап етиў усылларын бир мақалада баян етиў қыйын ҳәм мүмкин де емес. Солай болса да, айырым қарарларын қыска түрде баян етиўимиздиң зыяны жоқ.

Ең дәслеп, «Нураный» қорының жумысын жетилистириў, елге хызмет еткен ақсақалларға қолайлы жағдай туўғызыў нәзерде тутылған.

— Қалаларда, аўылларда ҳәзирги заман талабына жуўап берикликтей турақ жайлар қурыў;

— көплеген заводлар, кәрханалар қурыў, елимиздиң экспортлық мүмкиншилигин күшейтиў бойынша ҳәр ўәлаятқа барып, жақын арада жана-жан Өзбекистанымызды индустриал-аграр мәмлекетке айландырыў мәселелерине үлкен итибар қаратылып атыр.

* * *

Усының менен бирге, Шавкат Миромонович сайланыўдан кейин көп ўақыт өтпей-ақ, ҳәр қыйлы министрликлер, басқа да уйымлар менен артқа қалдырып болмайтуғын мәселелер бойынша ушырасыўлар ҳәм мәжилислер өткерип, басшылардың жуўапкершилигин арттырыў бойынша әмелий илажлар көрди.

Биринши ушырасыў Өзбекистан Илимлер академиясының ағзалары менен болды. Илим раўажланбай, халық хожалығы раўажланбайды, деп ҳәзирги илимниң жаңа жетискенликлерин елимизге алып келип, халық хожалығын кескин көтериў мәселесин биринши ўазыйпа етип белгиледи.

Президентимиз тийкарғы итибарды медициналық мәкемелердиң жумысын пүткиллей жаңаша жолға қойыў, халқымыздың денсаўлығын сақлаў — ең бас ўазыйпа деп белгилеп, медицина хызметкерлерин сынға алды.

Прокуратура хызметкерлери менен ушырасып, нызамның үстинлигин тәмийин етиў мәселесин тиккелей орынлаўды олардан талап етти.

Президентимиз Өзбекистанда жасап атырған 130 миллетлердиң ўәкиллерин жыйнап, халықлар дослығын беккемлеў бойынша алға ўазыйпа қойып, көплеп усыныслар берди.

Усындай ушырасыўлар әдебият, мәденият, көркем өнер, спорт, жаңадан дүзилген жаслар аўқамының ағзалары менен де болды.

Президентимиз ҳәмме ушырасыўларда жақын арада Өзбекистанда барлық раўажланған мәмлекетлер тәжирийбесин тезирек өзлестириў, инвестицияның кирип келиўин тәмийинлеў, солай етип, тезирек раўажланған еллердиң қатарынан орын ийелеўди ўазыйпа етип қойды, бул мәселелерди унамлы шешиў ушын бизде ҳәмме мүмкиншилик бар.

Буған толық исенип, хадал тер төгип, ҳәр ким өз орнында пидайы мийнет етиўди талап етеди.

* * *

Әлбетте, усы жерде Президентимиздиң Қарақалпақстанға өзиниң айрықша дыққат-итибарын айтып өтиўимиз керек.

Сайлаў алдындағы ушырасыўларды биринши гезекте Қарақалпақстаннан баслады. Сондай-ақ, Президент болып сайланғаннан соң ең алдын Қарақалпақстанға жумыс сапары менен келип, барлық әҳмийетли ўазыйпаларды терең түрде көрип шықты, тийисли шешимлерди қабыл етти. Ол өз сөзинде «мен өзбек ҳәм қарақалпақ халқының перзентимен» деп мақтаныш пенен айтып өткенлиги халқымызды үлкен мақтаныш сезимлерине бөледи.

Ал, өзиниң шығып сөйлеўинде мени — Қарақалпақстанның социал-экономикалық раўажланыўына салмақлы үлес қосты деп атап өтти. Соның ушын мен бул жоқары баҳасына мың мәрте рахмет айтаман ҳәм халқыма, елиме ырзаман.

Қарақалпақстанда ең бир ашынарлы машқала — бул Арал апаттшылығы. Усы мәселе бойынша алдынғы ўақытлары Орайлық Азия республикаларының басшылары ушырасып, бир неше мәрте симпозиумлар өткерип, тийисли қарарлар қабыл етти. Бирақ, булар ақырына дейин толық жеткерилмеди.

Ал, Шавкат Миромонович Президент болып сайланғаннан соң биринши гезекте Мойнақ районына өз дыққатын аўдарды, бес айдың ишинде Қоңыраттан Мойнаққа 101 километр водопровод қурылды. Суў барғаннан кейин ҳәмме халық жыйналып, әсиресе, кексе адамлар бетин суўға жуўып, көзинен жас ағып Президентимизге шексиз миннетдаршылық билдирди.

Мойнақта жумыссыз отырған 252 ҳаял-қызларға жумыс орнын жаратты. Ҳәзир Мойнақта көплеген турақ жайлар, социаллық объектлер ҳәм басқа да қурылыслар иске асырылмақта.

Шавкат Миромонович Бас министр болып ислеген ўақтынан-ақ бизиң пайтахтымыз Нөкис қаласына айрықша дыққатын аўдарып келди. Соңғы жыллары көплеген турақ жайлар, социаллық-мәдений объектлер салынды. Буған бюджеттен ҳәм банклерден қосымша көп қаржылар ҳәм кредитлер ажыратылды. 2017-жылдың 20—21-январь күнлери Өзбекистанның көп министрлерин алып келип, Нөкисте 2 завод, Ибрайым Юсупов атындағы инталы балалар мектеп интернатын, балалар медициналық орайын, балалар спорт орайын қурыў, Нөкисте мешиттиң реконструкциялаў мәселелерин шешти, тийисли қаржы ажыратып, Нөкис халқын қуўанышқа бөледи.

Қарақалпақстанның халқының тилеги бойынша Шавкат Миромонович Қаратаўда Тебинбулақ массивинде титан-магнетит руда базасында металлургиялық комбинатын қурыў мәселесин шешти. Қаратаўда және еки цемент заводын қурыў нәзерде тутылған.

Жуўмақластырып айтқанда, Өзбекистанның ҳәмме регионларында, әсиресе, Ташкент қаласында үлкен индустриаллық ҳәм социаллық объектлер қурылады.

Президентимиз ҳәмме ўәлаятларға барып, еки күн даўамында республика активлери менен бирге олардың 2017—2021-жыллар арасында әмелге асыратуғын ўазыйпаларын белгилеп, келешекте барлық аймақларда заводлар қурыў, экспортлық мүмкиншиликти кескин кеңейтиў мәселелерин додалап, тийисли шешимлер қабыл етпекте.

Өзбекистанда туризмди жанландырыў ушын үлкен мүмкиншиликлер бар. Сонлықтан, Самарқанд, Бухара, Хийўа қалаларындағы музейлерди оңлаў, мийманханалар қурыў, тағы басқа да заман талабына жуўап берерлик жаңалықлар киргизиў мәселелерине дыққат аўдарып, шешим қабыл етти. Олардың ишине Нөкисте Савицкий атындағы музей де киреди.

Шавкат Миромонович биринши гезекте қоңсы мәмлекетлер менен дослық, татыўлықты беккемлеп, арада пайда болған келиспеўшиликлерди, машқалаларды толығы менен унамлы рәўиште шешти.

Россия менен дослық қатнасықлар Өзбекистанның тезирек раўажланыўы ушын мүмкиншиликлер туўдырады, усы мақсетти гөзлеп Шавкат Миромонович Россия менен қарым-қатнасты күшейткени бул үлкен жетискенлик.

Президентимиз басқа да шет мәмлекетлер менен байланысты күшейтиў мақсетинде халықаралық аренаға шығып, көп әмелий илажларды иске асырып, Өзбекистанның абырай-атағын көтериў

үстинде унамлы ислерди атқарып, сыртқы сиясатқа да жетерли кеўил бөлмекте.

Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң 72-сессиясында шығып сөйлеп, Президентимиз халықаралық мәселелерди кең түрде ортаға таслады. Солардың ишинде ең әҳмийетли машқалалар төмендегилерден ибарат:

— мәмлекетлер арасында келиспеўшилик болса, оны урыс-қағыс пенен емес, сөйлесиўлер ҳәм дипломатиялық жол менен шешиў тийис;

— Ислам тәлийматын таза сақлаўымыз лазым:

— терроризмге, экстремизмге қарсы гүрести күшейтиў керек.

Оларға қатнасыўшылардың көбиси 30 жастан төменги жаслар, соның ушын жаслар тәрбиясына айрықша дыққат аўдарыў зәрүр.

Президентимиздиң БМШ сессиясында шығып сөйлеген сөзи қатнасыўшыларда үлкен қызығыўшылық туўдырды, ҳәмме қоллап-қуўатлады.

Өзбекистан, Қазақстан ҳәм Түркменстан Президентлериниң өтиниши менен БМШниң келисими менен Самарқандта халықаралық конференция өткерилди, 80 мәмлекеттиң ўәкиллери қатнасты. Онда Президентимиз, БМШниң ўәкили, басқа мәмлекетлердиң ўәкиллери шығып сөйледи.

Елимиз басшысы өз сөзинде Орайлық Азияны тыныш ҳәм турақлы регионға айландырыў, терроризм, экстремизм, наркотрафикке қарсы гүресиўди бириктириў ҳәм күшейтиў мәселелерин көтерди.

Ең әҳмийетли ўазыйпаның бири—бул Орайлық Азия мәмлекетлери арасында ҳәмме тараўда тығыз байланыс жасаўдан ибарат.

Президентимиз Аўғанстанда парахатшылықты орнатыў, Аўғанстанды региондағы экономикалық қатнасыўға қосыў, жәрдем бериўге барлық Орайлық Азия мәмлекетлерин шақырды. Көп жыллардан берли Өзбекистан Корея Республикасы менен экономикалық қатнасықларды раўажландырмақта. Дослық қатнасықларын күшейтиўде буннан 80 жыл бурын елимизге жайласқан кореецлердиң айрықша тәсирин айтып өтиўимиз зәрүр. Олар өткен дәўирде Өзбекистанның раўажланыўына өзиниң салмақлы үлесин қосты.

Ҳәзирги ўақытта қатнасықлар беккемленип атыр. Корея Республикасы Өзбекистанда көп ири кәрханалар қурды. Олардың ишинде Асака автозаводы, Үстирттеги газ-химия комплекси ҳәм басқа объектлер, 470 қоспа кәрханалар ислеп тур.

Корея Республикасы менен дипломатиялық қатнасықлар дүзилгенине 25 жыл толды. Соған байланыслы Корея Республикасы Президенти Шавкат Миромоновичти Сеулге мирәт етти. Өзбекистан делегациясы кең курамда үш күн болып, барлық қатнасықлар бойынша 60 келисимге қол қойылды. Бизиң делегацияны Корея Республикасы үлкен хүрмет пенен күтип алды. Президентимизге «Сеул қаласының хүрметли пуқарасы» атагын берди.

Келисимлердиң шәрти бойынша Корея Республикасы Өзбекистанға 9 миллиард АҚШ доллары муғдарында инвестиция бериўге келисим жасады.

Жуўмақластырып айтқанда, еки мәмлекет арасындағы қатнасықлар беккемленип, келешектеги раўажланыўға үлкен мүмкиншилик туўдырды.

Шавкат Миромонович Мирзиёевқа Алла таала сақыйлық пенен терең ақыл-ойды, жоқары адамгершиликти, дослық қатнасықты күшейтиў уқыбын бергенлигин тән алып, мақтаныш етиўимиз тийис. Өйткени, ислеген бир жылдың ишинде әмелге асырып атырған илажлардың көлеми елди тезирек раўажландырыўға бағдарланған көлемли ўазыйпаларды унамлы шешиўге сөзсиз хызмет етеди.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев 2017-жылы 22-декабрь күни елимиз тарийхында биринши мәрте Олий Мәжлиске мүражат хатын усынды.

Мүражатта 2017-жылда әмелге асырылған жумыслардың жуўмағы ҳәм 2018-жылда социал-экономикалық раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары өз сәўлесин тапты.

«Арал бойында экологиялық жағдайды жақсылаў бойынша анық илажлар көрилди. Қаржы Министрлиги жанынан Арал бойы регионын раўажландырыў қоры дүзилди ҳәм оған 200 миллиард сомнан зыят қаржы қаратылды. Әне, сол қаржылар есабынан Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Хорезм ўәлаяты халқының суў тәмийнаты, турмыс шараяты жақсыланбақта. Соның менен бирге, бул аймақларда 3 мың километрден аслам ишки жоллар капитал оңланып, реконструкцияланды» деп атап өтилди Мүражатта.

Буның ҳақыйқый көринисин биз күнделикли турмысымызда көрип ҳәм жүректен сезинип атырмыз.

Мүражатта Президентимиз 2018-жылда мәмлекетимизди раўажландырыўда бес түрли ири бағдарламаларын көрсетип берди. Шавкат Мирзиёев 2018-жылды «Жедел исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў

жылы» деп атады. Бул халқымыздың кеўлиндеги әйне мүддәҳә болды. Себеби, бүгинги күннің баслы талабы жедел исбилерменлик. Оны инновациялық идеяларды қоллап-қуўатламай турып, өндириске жаңа технологияларды енгизбей турып гөзлеген мақсетке ерисиў мүмкин емес.

Президентимиздиң бул шақырығы оның узақты көре алатуғын дана басшы екенлигиниң және бир мысалы болып табылады.

Шавкат Миромоновичке көз тиймегей, жүз жас жасап, денсаўлығы беккем, бала-шағалары аман болып, узақ дәўир елге басшы болып, елимизди кескин раўажландырып, халықтың ҳүрмет-иззетине, сүйиспеншилигине миясар болып, аты тарийхта алтын сыя менен жазылып қалғанын тилеймен.

Мен ҳәр күни намаз оқығанда Ҳүрметли Президентимизге «дуўа» қыламан, илайым, Жаратқанымыз тилегимди қабыл еткей.

Халқымыз Президентимиздиң халықаралық майданда елимиздиң мәплерин алға қойыў, сырт мәмлекетлер менен бирге ислесиўди раўажландырыў, қоңсы мәмлекетлер менен барлық бағдарларда байланысты активлестириў, олар менен жақсы қоңсышылық, дослық, шериклеслик мүнәсибетлерин орнатыў бойынша табанлы сиясатты алып баратырғанын жоқары баҳалайды. Мәмлекетимиз жақын ҳәм узақ сырт еллер менен бирге сиясий, социал-экономикалық, мәдений-гуманитар, илимий-техникалық тараўларда өз ара пайдалы байланысларды жолға қоймақта. «Жәмийетлик пикир» жәмийетшилик орайының халқымыз арасында өткерген сораўнамасында пуқараларымыздың Президентимизге исеним рейтинги анықланды. Ўатанласларымыздың абсолют үлкен бөлегиниң атап өткениндей, бүгин мәмлекетимиздиң басшысы халқымыз исенимин ҳәм арзыў-үмитлерин ақлап, елимиз тәғдири ҳәм де журтымыздың пәраўанлығы ушын жуўапкершиликти өз мойнына алған жетекши сыпатында жоқары ҳүрмет-итибарға миясар болмақта. Бул келешеги уллы жолда Ҳүрметли Президентимизге елихалқымыз бахтына аман болың, Алла таала ҳәмийше яр болсын, деп тилек билдиремен.

Соның менен бирге, мени 2017-жылы «Эл-юрт ҳурмати» ордени менен сыйлықлаўы, оның маған, мен арқалы пүткил қарақалпақ халқына болған үлкен ҳүрметиниң және бир айқын дәлили болды. Бул ушын мен қәдирли Шавкат Миромоновичке өзимниң ҳәм пүткил қарақалпақ халқымның атынан терең миннетдаршылық билдиремен.

ҚАРАҚАЛПАҚТЫҢ ҮШ БАЙТЕРЕГИ

Ел басқарыўдай оғада машақатлы, бийик мәртебели лаўазымның жүрмел атын тәғдир түрли адамлардың алдына тартады. Халықтың ядында, елдиң тарийхында олардың бәри бирдей из қалдырып кете алмайды, әлбетте. Биз бул еске түсириўимизде ҳүрмет пенен тилге алып отырған яшуллыларымыз Қарақалпақстан Республикасының тарийхында, халықтың ядында терең из қалдырған ел ағалары болды. Олар туўралы бираз нәрселер жазылған ҳәм жазылар да еле, ал бул жерде мениң айтажағым — жасы үлкенлерди жақыннан билемен ҳәм ел басқарыў ислеринде олар тиккелей маған ғамхорлық ислеген устазларым болды.

Дана халқымыз «Жаўын менен жер көгерер, нәсият пенен ер көгерер» деп, инсан ушын пәндиў-нәсияттың, устазлық жол ҳәм ақыл сөзлердиң әҳмийетиниң уллылығын айрықша атап көрсетеди. Егер биреўдиң қолы өнерли болып, ислеген исин журт унатса, «ол устаз көрген гой», деп мақтайды. «Устазы зордың устамы зор» деген сөз де сол ушын айтылған. Жақсылардан устаз тутқан, илим үйренип, тәлим алған адамлар ғана гөзлеген мақсетине жетиўи, ата-мәканына, туўған халқына ибратлы хызмет ете алыўы мүмкин. Адамзат тарийхында өшпес из қалдырған данышпанлардың да, дүньяны титиреткен сәркардалардың да устазлары болған. Сол устазлар өз шәкиртлериниң табысларын көрип қуўанып, ақылына ақыл қосып, хошаметлеп, уллы ислерге руўхландырып отырған. Устаз бенен шәкирт арасындағы бул жағдайлар былайынша қарағанда адамлар арасында әпиўайы қарым-қатнас сыяқлы көриниўи мүмкин, ал бирақ бундай инсаныйлық пазийлетлер жәмийеттиң алға илгерилеўиндеги шәртли тәбийий қубылыс екенлигинде ҳеш қандай даў жоқ.

Устаз ҳәм шәкирт арасындағы қарым-қатнаслар жөнинде гәп қозғағандағы мақсетим — усы китабымда қәдирли устазларымды еске алып өтпекшимен.

Өзбек халқының данышпан перзентлериниң бири Шараф Рашидовты мен өзимниң уллы ҳәм бас устазым деп тән аламан. Рашидовтай әжайып инсан менен заманлас болғаным, оның даналық сөзлерин тыңлағаным ҳәм көп жыллар даўамында оның басшылығында хызмет ислегеним ушын шексиз бахытлыман. Бүгинги күни Өзбекистанда бир мен емес, мың-мыңлаған үлкен-киши белсендилер, атақлы алымлар, көрнекли өнер-кәсип ийелери Шараф Рашидовты өзлериниң жан күйер жол басшысы, тәлим берген тәрбияшысы, уллы устазы сыпатында еске алатуғынына мениң ийманым кәмил. Ең бас устазым болған Ш. Рашидов ҳаққында китабымның басында сөз еттим.

Усы жерде китап оқыўшыларда «Қаллибек Камаловтың Шараф Рашидовтан басқа устазлары болмаған ба екен?» деген орынлы саўал туўыўы мүмкин. Әлбетте, оннан бурын да мениң устазларым көп болды. Мен бул китабымда өзиме устаз тутқан үш ақсақал ҳаққында еске түсирип өтпекшимен. Олар қарақалпақ халқының уллы байтереги, туўған елимиз тарийхының бетлеринде атлары алтын сыя менен жазылыўға миясар Пиржан аға Сейтов, Мәтеке аға Жуманазаров, Наўрыз аға Жапақов еди.

Бул жасы үлкенлер отызыншы жыллардың ақырында, Ўатандарлық урыс дәўиринде ҳәм урыстан соңғы қайта тиклеў жылларында Қарақалпақстанға басшылық еткен елимиздиң ардақлы ақсақаллары. Ҳәммеге мәлим, бул дәўир қан төгиспе урыс себепли халық гүйзелиске ушырап, турмыс шараяты төменлеген, мәмлекетлик тәмийнат оғада аз болған машақатлы, аўыр жыллар еди. Мине, усындай ўақытларда елге басшылық етиў, халықтың нанын таўып берип, тамағын тойдырыў мүшкил ис еди. Бул жылларда тапқанлар өгиз қос пенен, таппағанлар ешек қос пенен жер сүрип ямаса кетпенлеп егин еккен, қыста қазыўда жаптың ырашында тоң арқалап шығарып суў әкелип, шығыр менен жер суўғарған. Бул үш ақсақал усындай аўыр жылларда, қыйын шараятларда Қарақалпақстанның гүлленип, раўажланыўы ушын ҳадал хызмет иследи, халықты аш-жалаңаш қылмай, елдиң бирлигин сақлап турды, олардың халыққа ислеген хызметлери ҳаққында биз қатарлы ҳәм бизге өкшелес заманласларымыз жақсы биледи. Олар ҳәммемиз ушын өрнек болды. Бизлер усы үш ақсақал менен ҳәр ушырасқан

сайын ибратлы сөзлерин қуныҕып тыңладық, адамлар менен қарым-қатнас жасаўдың сырларын, миллий дәстүрлер менен үрп-әдетлерди қәстерлеўди үйрендик. Әлбетте, бүгинги жас әўладлар да олардың атларын еситкен шығар. Бирақ олардың ким екенлиги, минез-қулқы, жүрис-турысы, адамлар менен қарым-қатнаслары, халық ушын ислеген хызметлери ҳәм олардың төрели ақсақаллығы ҳаққында ҳәзирги жасларымыз билмейди. Бул ақсақалларымыз туўралы жазылған мийнетлер де жоқтың қасында. Ал, уақыт болса шапқан аттай зымырап өтип баратыр. Бизиң жазыўшыларымыз бенен журналистлеримиз олар ҳаққында шығармалар дөретиўди қолға алар, халқымыздың тарийхый өтмишиниң бетлери сыпатында өшпес из қалар деген үмиттемен. Өзиниң өтмишин билген, оны көздиң қарашығындай қәстерлеген халық—дана халық. Бундай халықтың келешеги жарқын болады.

Ярым әсирден берли мыңларға саясын салып, жерге көрик берип, әл ҳаўаға бой созған, тамыры тереңге кеткен қарақалпақтың усы үш байтереги ҳаққында көрген, билгенлеримди жасларға қысқа ғана жазып қалдырыўды көптен берли мақсет етип жүрген едим. Енди, мине еске түсириў китабымды жазғанлығым себепли буның пайыты келип, қолыма қәлем алдым.

Пиржан аға Сейтов. Мен Пиржан ағаны огада ҳүрметлейтуғын едим. Ол кисини көрип қала қойсам, дәрҳал аттан түсип, қолынан алар едим. Бизиң менен зәңгилес жигитлердиң ҳәммеси дерлик Пиржан ағадан ибрат алып, қатарға қосылды десем, қәте қылмайтуғын шығарман. Өйткени, Пиржан аға қарақалпақтың ең әўелги интелеллигентлериниң, елге ағалық еткен дәслепки ақсақалларының бири. Ол еки мәртебе областлық партия комитетиниң биринши секретары, Республика Министрлер Советиниң Баслығы, Өзбекистан ССР Министрлер Совети Баслығының орынбасары, Қарақалпақстан совнархозының баслығы, Қарақалпақстан салы комплексин өзлестириў басқармасының дәслепки баслығы, Қарақалпақстан аўыл хожалығын техника менен тәмийинлеў бирлеспесиниң баслығы ҳәм тағы басқа жоқары лазаўымларда иследи. Ярым әсир даўамында аттан түспей ислеген усы хызмет орынларын еслетип өтиўдиң өзи-ақ Пиржан ағаның өз ел-халқының бахытлы, абадан турмыста жасаўы, абырай-даңқының артыўы ушын аянбай ат салысқан азамат болғанлығын айқын көрсетип турыпты. Сол ушын оның мийнети көплеген жоқары ҳүкиметлик наградалар менен белгиленди. Қарақалпақстан Республикасы тарийхы китабынан оған ылайықлы орын берилди.

Устаздың минез-құлқы, сөйлеген сөзи, үйинде ҳәм ел ишинде өзин қалай тутыўы, қулласы, оның жеке турмысы шәкиртлер ушын өрнек болатуғыны белгили. Пиржан аға жеке турмысында да ибрат аларлықтай жақсы қәсийетлерге ийе, адамгершиликли ақсақал еди. Мениң көзқарасымнан ол жүдә сыпайы, аўыр минезли, биймәлел адам. Оның бир әдети—қандай да бир исти басласа, соны питкермегенше тыныш таппас еди. Ол өзине де, жолдасларына да талапшаңлығы күшли, бирақ ҳеш кимге жаманлық ислеў нийети жоқ, әжайып инсан болды. Оның жүрис-турысы да, кийиниўи де бизлерди сүйсиндирер еди. Пиржан аға өз бойын азада тутатуғын, қатаң тәртипли, дуўпыяз адам еди. Ол ҳеш ўақытта ҳәзликке берилмеген, ишимликти жақсы көрмеген, изине ҳасла жаман сөз ертпеген, әдепли ақсақал болғанлығы белгили. Шылым шегиў былай турсын, ҳәтте шылымның ийсин де жақтырмас еди. Ол ҳасла көйлегиниң жағасын кир шалдырмас, шалбарының сызығын кетирмес, азада кийиниўди күсеўши мәдениятлы адам еди. Пиржан ағаның бул қәсийетлери көп сандағы шәкиртлерине өзиниң жақсы тәсирин тийгизгенлигинде даў жоқ.

Ҳәммеге мәлим, урыс жыллары көп жас жигитлер армияға, орта жастан жоқары адамлар рабочий баталонға, ержетпеген қыз-жигитлер ФЗОға алынып, республикамыз қол қүши жағынан жүдә әззилеп қалды. Пиржан аға урыстың қыйыншылықлы жылларында да ел ийгилиги ушын халық хожалығының үлкен көлемдеги жумысларына өзи басшылық етип, оны әмелге асырды. Гөне-Үргенч пенен шегаралас Хожели районының Ленин, Фрунзе, Андреев, Сталин атындағы колхозлардың халқы Кенегес каналынан суў ишип, дийқаншылық етер еди. Кенегес каналы бәҳәрде ҳәм гүзде батыл болып, оннан тек жазда суў тасқан ўақытта ғана суў ағар еди. Суўсызлықтың нәтийжесинде халықтың дийқаншылығы мандымай, аш-әптадалықта жасады. Бул аўҳалды Пиржан аға жақсы билди, себеби ол Хожели райаткомның баслығы еди. Экскаватор болмаса да ол арқа районлардан белдар жыйнап, Шоманай каналын қаздырды. Шоманай массивин өзлестирип, сол жақсы, боз жерлерге ел апарып, халықты тойдырыўдың ғамын ойлады, урыстың ғажжа-ғаж жүрип атырған ўақтында абырайлы ел басқарыўшылары сыпатында танылған Абдуллаев Мырзамурат ағаны Шоманайға 1942-жылы көширип апарып, тазадан қонысландырды. Тамды районынан Бердимурат аға Әўезов басқарған К.Маркс атындағы колхозды да сол Шоманайға

жайластырды. Ол колхоз жүдә күрғын, малы көп, 40 мыңға жақын қойы, түйеси, қара малы бар колхоз еди.

Тәбият жүдә қызық: бир жер суўсыз болса, бир жерди суў басып, халықты бүлгиншиликке салады. 1943-жылдың жазында Қоңырат районының арқа-батыс жағында Раўшан каналының бойындағы Әширбай аға Өтеўлиев, Тәжимурат аға Өтебаев басқарған колхозлардың аймағын суў басып, оларды да Пиржан аға Шоманайға көшириўге қарар етип, бул ойын әмелге асырды.

Солай етип, Мырзамурат аға, Бердимурат аға, Әширбай аға, Тәжимурат аға сыяқлы елдиң уйытқысы болған жасы үлкенлерди Шоманайға көширип, таза, боз жерлерге орналастырып, қыйынқыстаў жыллар болыўына қарамастан, халықтың турмысын жақсылаў ушын Пиржан аға өзи басшылық етип, келешекте район болатуғын жағдайды алдын ала болжап, көп хожалықларды көширип апарып, үлкен исти шөлкемлестирди. 1942—43-урыс жыллары усы көшип келген еллер боз жерлерде керегинше дийқаншылық етип, күрғын жасады. Олар жер төлелерде жасап, қыйыншылық көрсе де, жеўге наны мол болды. Шоманай район болып шөлкемлестирилгенде жоқарыда аты аталған төрт ақсақал Шоманайдың тиреўи ҳәм уйытқысы болды. Олар басқарған еллер күрғын хожалық болып, көп пахта зүрәәтин жетистирди. Урыс жылларында ел көшириў, таза қоныс бастырыў, таза канал қазыў—бул аңсат ис емес, оны дәўжүрек, халқының ғамын ойлаған адамлар ғана ислей алады.

Сол жыллары Төрткүлди дегиш алыў жүдә күшейип кетти. Дегиш алып, жерсиз қалған хожалықларды жер менен тәмийинлеў мақсетинде урыс жылларында ҳәзирги Қырыққыз массиви өзлестирилди. Сол ўақыттағы Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Баслығы Пиржан аға Сейтов бул истиң де басы-қасында болды. Бизиң ақсақалларымыз урыс жүрип атыр, аўҳал аўыр деп қарап отырған жоқ. Қолдағы бар мүмкиншиликтен пайдаланып, урыс жылларында Қырққыз каналын қол менен қаздырып, ел көширип апарды. Сол дәўирдиң көзқарасы менен қарағанда бул үлкен ислер еди. Халық посып кетпеди, жақсы жерге көшип қоныс басты. Бул ҳаққында ҚҚАССР Министрлер Советиниң бир қанша қарарлары шығарылды ҳәм көшип барғанларға мәмлекет тәрепинен көп жәрдемлер берилди. Мине, усындай ибратлы ислерди Пиржан ағаның аты менен байланыстырсақ қәте болмайды. Әлбетте, бул ислерди әмелге асырыўда жергиликли ҳүкимет орғанлары, оның басшылары Пиржан ағаға қол-көмек көрсетип, жәрдемши болды.

Пиржан аға тыным таппайтуғын, гөзлеген исин ақырына дейин апаратуғын, басламалары көп ақсақалымыз еди. «Ашлықта жеген загараның тоқлықта дәми кетпес» дегендей, Пиржан ағаның бундай ибратлы ислери бизлерге өрнек, сабақ болды, өзиниң жақсы тәсирин қалдырды.

Пиржан Сейтов ҳәр қыйлы заманды көрди. Ол Сталинниң тусында да, Хрущев пенен Брежневтиң тусында да үлкен лаўазымларда иследи, Ташкентте, Москвада болған партиялық съездлерге, үлкен жыйынларға Қарақалпақстан Республикасы халқының атынан қатнасты, елдиң тәғдири шешилетуғын кеңеслерде батыл сөйлеп, өз пикирлерин ортаға қоя билген өткир басшы болды.

Қарақалпақстан халқы Пиржан Сейтовты төбесине көтерип сыйлайтуғын еди. Қай жерге барса да мүриўбетли халқымыз жасы үлкенди үйиниң төрине шығарды. Өзиниң ҳадаллығының, азаматлығының, үлкен адамгершилигиниң арқасында ол өмириниң ақырына шекем иззет-ҳүрметке бөленип кетти. Мен обкомда ислеген жыллары биздеги партия конференцияларында, басқа да ҳәр қыйлы салтанатларда Пиржан ағаға президиумнан орын берилди. Мен Пиржан аға менен Москваға ең соңғы рет 1982-жылдың декабринде бурынғы СССРдың дүзилгенининң 60 жыллық юбилейине бирге бардым. Үлкен Кремль сарайында болған бул әнжуманға Өзбекистаннан барған төрт ветеранның бири Пиржан аға еди. Сол сапары ол маған өзиниң наўқасланып жүргенин айтты. Мен СССР Денсаўлықты сақлаў министрлиги қасындағы төртинши басқарманың баслығы академик Е.И.Чазовқа кирип, Пиржан ағаны Кунцеводағы Кремль емлеўханасында бир ай жатып емлениўге қалдырып кеттим. Бундай өмир елеслерин еске алыўымның себеби—ел халқына үлкен хызметлер ислеген жасы үлкенлерди сыйлаў ҳәр бир басшының адамгершилик ҳүждан иси, әдеплиликтиң, көргенлиликтиң белгиси екенлигин айтыў менен бирге, келешекте ел басқарған азаматларға сабақ болсын деген мақсетти гөзлеп отырман. Жасы үлкенди сыйлаў, ҳүрмет, иззетин орнына қойыў жасы кишиге парыз ис.

Пиржан ага белгили ел ағасы, мәмлекетлик искер сыпатында ғана емес, соның менен бирге үлкен устаз сыпатында халқымыздың ядында мәңги қалады деп исенемен.

Мәтеке аға Жуманазаров. Мәтеке аға қарақалпақлардың тарийхында айрықша орны бар, халықтың ишинен шыққан, атақлы абырайлы уллы ақсақалларымыздың бири. Мәтеке аға Жуманазаров сол дәўирдиң термини менен айтқанда қарапайым батрактан Прези-

дент дәрежесине шекем өсип жетискен қалың халықтың ишинде турмыс қазанында қайнап писип шыққан, омыраўлы, Гөруғлыдай саўлатлы, гүрилдеген әжайып бир адам болды. Ол шын мәнисинде қарақалпақтың Ахунбабаевы еди десек ғәлет болмас деп ойлайман. Мәтеке аға 18 жыл Қарақалпақстан Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы болып иследи. Бул оның нағыз халықшыл, ақыл-парасатлы, искер азамат болғанлығынан дәрек береди. Ол аз оқығанлығына қарамастан, сиясатқа жетик, халық хожалығының машқалаларын дипломлы қәнигелерден кем билмейтуғын жүдә сезимталлы, туўма талант ийеси еди. Жыйынларда ортаға шығып сөйлегенде Мәтеке аға дәрьядай тасып, сөздиң жүйесин таўып айтып, халықты аўзына қарататуғыны соншелли, жыйналған аламан селт етпей тыңлап, иши силтидей тынып қалатуғын еди.

Мәтеке ағаның өзине тән айырмашылығы — ол әпиўайы, пуқара халықтың арасында көбирек болатуғын еди. Сонлықтан да, өзимиздиң ата-бабамыздан мийрас болып қалған халықлық дәстүрлерди басқа ақсақалларға қарағанда көбирек ҳәм тереңирек билер еди ҳәм оларды теберик етип, жүрегиниң төринде сақлар еди. Мәтеке аға жүрген жеринде елдеғи дәстүрлерге итибар берип, жасы үлкен менен жасы киши арасындағы, дайы менен жийен, жеңге менен қәйин, қатар қурбы-қурдаслар ҳәм заманласлар арасындағы өз ара ҳүрметтиң әпиўайы қарым-қатнастың, ҳәзил-дәлкектиң бүгинги турмысымызда өз орнына ийе болып сақланыўын талап етти, өзи де рети келген жерде усындай ел дәстүрлерине садықлығын көрсетти.

Сол замандағы тәртип бойынша, Мәтеке аға көпшилик ўақтын районларда өткерди. Аўыл арасында тандырға нан жаўып атырған ҳаялларды көрип қалса, дәрҳал машинасын тоқтатып: «Жумамурат (шофёрының аты), кишелериңе барып еки шөрек алып кел» деп, ыссы нан алдырып, машинада жеп кете берер еди. Көп жыллар даўамында ел үстинде жүрип, қарақалпақтың ҳәр бир аўылына танылған ақсақалдың бул әдетин жақсы билген келиншеклер Мәтеке аға киятырса, тандырдан шыққан ыссы шөреклерин өзлери-ақ алып шығып, нан жеўге мирәт ететуғын болған.

Мәтеке аға қарақалпақлардың миллий тағамларын сүйсинип жейтуғын еди. Ол жийи-жийи торақ суў қатқан қатыбыламық писиртип, терлеп-тепшип ишетуғынынан хабарым бар. Мәтеке аға менен көкирек ушырасып, табақлас болған, оның минез-қулқына қанық аўыл атқа минерлери барған жеринде дастурханға айран қатқан жүўери гөже, майсөк, зағара, ийжан таярлатып қоятуғын болған.

Мәтеке ағаның есте қалғандай әдетлериниң бири — ол қатар-құрбылары менен дәлкеклескенди тәўир көретуғын, тайын жуўап, ҳәзилкеш ақсақал еди, егер биреўдиң жақпас қылығын ямаса улыўма адамгершилик нормаларына жайғасыңқырамайтуғын ис-ҳәрекетин сезе қойса ол адамды дәрҳал басқыға алады. Усындай гезлерде оның муртының бир жағы қыймылдап, бир ҳәзил ғәп айтажағы белгили болып турар еди. Бизлер сол ўақытларда әдетке айналған узыннан-узақ жыйналысларда отырып шаршасақ, тәнепис ўақтында Мәтеке ағаның қасына барып, оның ушырма ғәплерин тыңлап, ишек-силемиз қатып күлип, шаршағанымызды шығаратуғын едик. Ол қуўақылық етип, биреўди басқыға алмағаны менен, айтатуғын сөзлери мәдениятлы, сыпайы, халықлық философиясы күшли, әдил, ҳеш кимди кемситип ямаса зейнине тиймейтуғын бир жөн сөзлер еди.

Мәтеке аға районларға шықса көбинесе мени өзи менен бирге алып кететуғын еди. Күни менен машинада аўылма-аўыл жүрип атызларды аралаймыз, ал түнге қарай райкомның бюросына қатнасамыз. Ол ўақытлары райкомның бюролары кешки саат онларда басланып, түнги 3—4 лерге шекем даўам ететуғын еди. Қайсы жылы екени есимде жоқ, бир сапары Қараөзек райкомының бюросына қатнастық. Кешки саат онда басланған бюроға колхозлардың басшылары, бригадирлер қатнасты. Жумысына арқайын қараған ғейпара басшылардың тәмбиси берилди. Бюро түнги үшлерде тамам болды.

Мәтеке аға маған: «Камал сен кетпе (ақсақалдың бир әдети— кисиниң атын емес, ал фамилиясын айтып шақыратуғын еди), ҳәзир бир жерге барып шай ишемиз», деп изине ертип алып кетти. Сейтеков Дәўлетмурат ағаның үйине бардық. Барсақ қой сойып, писирип таярлап, қонақлардың келиўин күтип отырған екен. Дастурхан жайылып, табақлар тартылғаннан кейин сол замандағы үлкен қара шийшелер де келди. Усыншама кең дастурхан жайып, қонақ асы берип отырған үй ийесиниң кеўлин жықпай, Мәтеке аға кеселерге ишимликтен қуйдырды ҳәм жеңгейге (Дәўекениң зайыбына) биреўин услатып атырып: «Келин, мынаны алып жибер, қудай қәлесе қушаққа сыймайтуғын келин боласаң...» деғени есимде.

Мәтеке аға ғейде ҳәзил ретинде: «Егер қонаққа барсаңлар ең әўели сол үйдиң ҳаялына хошамет бериңлер, ол улықпапында барын дастурханға төгеди, оннан кейин үйдиң ийесине хошамет берип, қолына қадақ услатыңлар, ол да сақлап қойғанларын ортаға шығарады» деп күлдиретуғын еди.

Усы жерде Мәтеке ағаның басынан өткен бир қызық ўақыя есиме түсти. Бул туўралы гүррің етип, үлкемиздің өтмишиндеғи көринислерди китап оқыўшыларымның көз алдына елеслетсем шеп болмас, деп ойлайман.

Елиўинши жыллардың басында Қарақалпақстанға Ташкенттен Шараф Рашидов ўәкил болып келди. Ол гезде Өзбекистан ССР Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы еди. Ол жыллары Қарақалпақстанда дурыслы жол бар ма? Районлардың, аўыллар менен қалаларды бир-бири менен тутастыратуғын ҳәзиргидей асфальт жоқ. «Орыс жол», деп аты кешкен жоллар тек Нөкис пенен гейпара районлар арасында ғана бар еди. Ол жоллар да асфальтланбаған, ҳәтте тас та төселмеген, бирақ қәдимғи ата-бабаның арба жолларынан гөре әдеўир кең. Жолды жағалап қатара дилиграм ағашлар (телеграф бағаналары) көмилип, уша басына сымлар тартылған. Бул үлкен жоллар ўақты-ўақты ремонтланып турғанның өзинде гей жерлери орпаң топырақ, гей жерлери қазғанақланып, машиналар ыңыранып зорға шығатуғын шуқанақлар көп гезлесетуғын еди.

Шараф Рашидов келген сайын қасында Мәтеке Жуманазаров бирге жүретуғын еди. Сол сапары да Мәтеке аға ГАЗ-67 автомашинасына қонағы екеўи минип, районларды аралаўға шығады. Дәслеп Шоманайға барады. Пахта атызларын бир қатар аралап, енди Қоңырат районына өтпекши болғанда, Мәтеке аға:

—Шараф Рашидович, күндиз Шоманайдан шығып Қоңыратқа жетип барыў мүмкин емес, себеби шыжғырған ыссы ҳәм артымыздан ескен самал көз аштырмайды, шаңға көмилип қаламыз. Қоңыратқа түнге қарай өтейик. Түнде самал пәсейеди ҳәм түнги салқында жол жүргенимиз мақул болар, — дейди.

Оның бул усынысы Шараф Рашидовқа да мақул түсип, сол күни түнге қарай жолға шығады. Шаңсыз жолдан жүремиз деп Айбүйирдиң етеги менен Қоңыратқа қарай тартады. Айсыз түнде жол жүриў тәжирийбели шофёрлар ушын да аңсат емес ғой. Буның үстине Жумамурат шофёр бул жолдан бурын жүрип көрмеген екен. Қаншама жол жүрсе де жеткизетуғын Қоңырат жоқ. Ақыры, олар азанда бир қалаға келеди. Абайлап қараса, түни менен жол жүрип қайтадан Шоманайға айналып келипти. Олар тағы райкомға барыўға уялып, изине қайтып, Қоңыраттың белгили жолына түсипти. Сонда Рашидов Мәтеке ағаның усынысын есине салып:

—Мәтеке аға, халқымыз «Айланыш та болса жол жақсы», деп бийкарға айтпаған екен ғой,—деп ҳәзиллескен екен.

Бул шынында да болған ўақыя. Бул есте қаларлық ўақыяны маған Шараф Рашидов бирдейине айтып беретуғын еди.

Мәтеке аға палўан тулғалы, денсаўлығы күшли киси еди. Қарақалпақстанға ақсақал болған он сегиз жылдың ишинде бир рет те курортқа бармағаны былай турсын, ол наўқасланып емлеўханаға түсип те көрген жан емес. Қыйт етсе емлеўханада жатып алатуғын гейпара жора-жолдасларына ҳәзил етип: «Журт наўқасланыўға ўақыт таба алмайды, ал сизлер емлеўхананы кисиге бермейсизлер»—дейди екен. Оның денсаўлығының күшли болыўы, бәлким бердейине ҳәзил дәлкекти, күлкини, ўақты хошлықты өзине жолдас еткенлигинен де шығар...

Мәтеке ағаның «Журт наўқасланыўға ўақыт таба алмайды» деген ҳәзилиниң астында шынлық бар еди. Ол күнди-күн, түнди-түн демей мудамы халық хызметинде жүретуғын, тынып-тыншымайтуғын искер басшы еди.

Шынын айтқанда, Мәтеке ағадай кең көкирекли, ҳақ кеўилли басшы дүньяға бир келеди ғой. «Аға болар жигиттиң етек-жеңи кең болар», деп халқымыз даналық пенен айтқан екен. Қытымыр минезли, саясы жоқ теректей, өзинен басқаның ғамын ойламайтуғын, өзгениң болғанын күнлеўши адамлардан оңлы басшы шықпайды.

Мәтеке ағалар елдиң саўлаты, көрки еди. Өзи өлген менен оның ислеген хызметлери, айтқан устазлық сөзлери халықтың ядынан шықпайды, халық оның исмин терең ҳүрмет пенен тилге алады.

Мәтеке ағаның ушырма сөзлеринен бир-еки мысал келтирейин:

Қарақалпақстаннан Москваға оқыўға барған бир жигит үйленипти. Келиншектиң сықылын көрип, Мәтеке аға: «Балам, үлкен базарға барған екенсең-дә, бирақ шетинен алып қайта берипсең», деп сын берген екен.

«Қарақалпақтың жигитлери дүзде өзин шер етип көрсетеди, ал үйине келип, келин баланы көрсе пышықтай болып қалады»,—депти Мәтеке аға.

Мәтеке аға Жумеке менен (Жийемуратов) көп дәлкеклесип, оның аяғының қыйсықлығына күлип, ҳәзил етип ойнар еди. «Жийемураттың бойы келте емес, егер аяғын қысып дүзиўлесең бойы узын жигит болып шыға келеди»—деп еди.

«Мәтекениң ғарғысы», «Мәтекениң сөзден жеңилиўи», «Мәтекениң лесхозға барыўы» деген аңызға айланған ҳәзиллери де бар. Мәтеке аға халық аўзында қарақалпақтың өткир сөзли, гәпти ушырып айтатуғын сөз устасы сыпатында қалады.

Мәтеке аға аяқ-қолы жеңил, бәрҳама ең қыстаўлы ислердиң басында жүрер еди. 1940—1950-жыллары Әмиўдәрья тасып, көп елатларды суў басып кеткенин ҳәмме билемиз. Сол жыллары Нөкистиң тусында июнь, июль айларында секундына 8—9 мың кубометр суў ағатуғын еди. Ал, гейпара жылларда 11 мың кубометрге жетти. 1945-жылы бурынғы Қараөзек районы аймағын толық суў алып кетти. Районды жаңа жерге көшириў, елди орналастырыў жүдә жуўапкерли ис. Усы иске тиккелей Мәтеке аға басшылық етип, қараөзекшилерди сол жылы ҳәзирги турған жерине көширип алып келди. Хожалықларға жер бөлистирип, ақсақаллық, төрелик етти. Елди көшириў қағазға жазсаң аңсат, оны әмелде иске асырыў жүдә қыйын ўазыйпа. Усы жүдә машақатлы исти Мәтеке аға басқарды, биймәлел етип, ақырына дейин апарды. 1958-жылға шекем суў алыў деген машақатлы ислер ҳәр жылы жазда болып турды. Сол ўақытта ҳәмме Әмиўдәрьяны жағалап, қашы шабыўға қатнасты. Нөкистиң төменги жағына қашы шабыўға Мәтеке аға басшылық етти. 1958-жылы мен Куйбышев райкомында биринши секретарь болып ислеп атырғанымда, Мәтеке ағаның тапсырыўы бойынша бир суткада мың белдар алып, Шортанбайға келдим, ол жерде Мәтеке ағаның штабы бар екен. Штабтың баслығы Мәтеке аға, оның жәрдемшиси Жолымбет аға Сейтниязов екен. Адамларды санап тапсырып, пахта тәрбиясын даўам етиў ушын Мәтеке ағаға райатком баслығы Самандаровты қалдырып, өзим районға қайтып кеттим.

Мине, усындай ислердиң басында ақсақаллық етип, ҳәрдайым бизиң Президентимиз Мәтеке аға турар еди. Мәтеке ағаны ел басшыларынан баслап, ҳәмме әпиўайы халық сыйлар еди. Белдарлар шаршаған ўақытта Мәтеке аға күлкили сөзлер айтып, улыўма халықтың кеўлин алар еди. Қызғын истиң басында болса да Мәтеке ағаның күлкили сөзлери жарасықлы, орынлы, халықтың шаршағанын шығарып жиберетуғын үлкен күшке усап турар еди. Бул, бир жағынан, Мәтеке ағаның сөз шеберлигин, екинши жағынан, ис уйымластырыў уқыбының жүдә жетилискенлигин дәлиллейди.

Мәтеке ағаның басқысына ҳеш ашыўланған, қабағын үйген инсан болған емес. Керисинше, Мәтеке ағаның ҳәзили сол ўақыттағы шаршап ҳәм аўырыңқырап турған белдарларға дәридей дәрман ендирип, күшли тәсир етер еди.

Мәтеке аға айрықша жаратылған, кең пейилли, ағып турған дәрьядай талўаслы, өзи де, сөзи де жанға жағымлы инсан еди.

Наўрыз аға Жапақов. Мен урыстан алдынғы жыллары-ақ Наўрыз ағаның атын еситип, оның жазған қосықлары менен мақалаларын газеталарда оқыған едим. Мектепте «Буденный жаўға атланды» деген ҳәм тағы басқа қосықларын айтып жүрер едик. Ал, дәслепки ушырасыўым мен областлық комсомол комитетиниң секретары лаўазымына жумысқа өткенде жүз берген еди. Ол ҳәр бир сөзин ойланып айтатуғын, салмақлы, әлпайым, өзиниң билимине, күшине исенетуғын, сын-сымбаты келискен, арыслардай айбатлы киси еди. Соң ол Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Советиниң Баслығы болып ислеп атырғанда мен 1951-жылы оның орынбасары болып бирге ислесиўге миясар болдым. Наўрыз аға мени баласындай көрип, баўырына тартып, ақыл-нәсиятларын айтып тәрбиялап, жүдә сыйлайтуғын еди. Көп жыллар даўамында газеталарда ислеп, жазыў-сызыўға қолы жатлыққан Наўрыз аға маған да ҳәр қыйлы тапсырмалар берип, мақалалар жазыўды, баянатлардың текстлерин таярлаўды үйретти.

Наўрыз ағаның басламасы бойынша 1950-жылы Қарақалпақстанның орта мектепти питкерген барлық оқыўшыларын Нөкиске жыйнап, слёт өткерилгени есимде. Соннан кейин, олар шөлкемлескен рәўиште Ташкент, Москва сыяқлы үлкен қалалардағы Жоқары оқыў орынларына жиберилип, кадрларды таярлаўға үлкен дыққат аўдарылды. Келеси 1951-жылы да Наўрыз аға тап усы тақылетте слёт өткериўди жобаластырып, оқыўшы жаслар алдында сөйлейтуғын сөзиниң текстин жазыўды маған тапсырды. Бул мениң биринши сынақтан өтиўим еди. Наўрыз ағаның көрсетпеси бойынша жойбарлап, бар интам менен ықласланып жаздым ҳәм текстти оған өзим оқып бердим. Ол дыққат қойып тыңлап болғаннан кейин негедур күлди, бирақ маған ҳеш нәрсе айтпады. Слёт басланды. Наўрыз аға минберге шықты. Ол текстсиз, бирақ мен жазып берген бағдарда сөйледи. Соның өзине-ақ мен қуўанып қалдым. Бул мениң Наўрыз ағаның сынағынан биринши өтиўим еди.

Соң мен Наўрыз ағаның басшылығында ҳәр қыйлы лаўазымларда хызмет иследим. Ол өзине де, басқаларға да талапшаң басшы болды. Кабинетине хызмет бабында барсаңыз өтинишиңизди илажы барынша питкерип жиберетуғын, айтқан сөзин орынлайтуғын, соның менен бирге басқаларға да айтқанын орынлататуғын басшыға жарасықлы қәсийетлери есимде қалды.

Мен Наўрыз ағаның жетимликтен жетилип қатарға қосылғанын өзинен көп еситкенмен. Ол турмыс қыйыншылықларын көп көрген.

«Кемликтиң кемалы бар» дегендей, ол өзиниң пысықлығының, билимге қуштарлығының, тил алғышлығының, бәринен де бурын терең ойлылығының арқасында жаслайынан-ақ көзге түсти. Жасы үлкен, жасы кишиге орны менен ҳүрмет көрсетип, жақсылар менен жолдас болып, ибрат алып, ақылына ақыл қосты, турмысты үйренди. Нәтийжеде, өмирди терең түсине билген, иске талапшаң, салдамлы азамат болып жетилисти, жаслайынан қарақалпақтың белгили басшыларының бири болып танылды. Оның Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы, еки рет Республика Министрлер Советиниң Баслығы, областлық партия комитетиниң секретары болып ислегенлигин еске алсақ, Қарақалпақстанның экономикасы менен мәдениятын раўажландырыўға қаншелли үлес қосқанлығын түсиниў қыйын емес.

Наўрыз ағаның басқа ақсақаллардан өзгешелиги — ол Қарақалпақстанның келешек тәғдирин белгилейтуғын үлкен мәселелер ортаға қойылса ҳәр қандай лаўазымдағы адамның алдында да өз пикирин тайсалмай айта алатуғын батыл минезли, ержүрек киши еди. Өзиниң өткирлигиниң ҳәм пысықлығының арқасында ол 28 жасында Қарақалпақстан жасларының жетекшиси, ал 29 жасында областлық партия комитетиниң секретары болып сайланды. Бул — урыс жыллары еди. Дени саў, иске жарамлы еркеклердиң бәри фронтқа кетип, аўылларда тек ҳаяллар, кемпир-ғаррылар, жас өспиримлер қалды. Мине, усы адамларды жумысқа жегип, жергиликли халықты да, фронтты да азық-түлик пенен тәмийинлеў керек болды. Бул оғада қыйын ис еди. Деген менен, жаслық жигер, туўылған елге, Ўатанға садықлық сезимлери жүреклерде үлкен жуўапкершилик оятып, талмас ғайрат, сарқылмас күш берди. Фронтқа көрсеткен үлкен жәрдемлери ушын Наўрыз Жапақовтың атына Бас командующийден алғыс телеграммалары келгенлиги бул сөзимиздиң гүўасы болады...

Урыстан соңғы дәўир де машақатлы, оғада аўыр жыллар болды. Наўрыз аға бул жылларда жуўапкершиликли лаўазымда — Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Советиниң Баслығы болып иследи. Усындай аўыр жылларда ҳүкимет басында Наўрыз ағадай искер, талапшаң, әдил адамның ислегени қарақалпақ халқының бахты шығар деген ойға кетемен. Себеби, ол гезде ҳәзиргидей материаллық-техникалық имканиятлар жоқ, тек ел басқарған азаматлардың күшли ерки ҳәм бийик абырайы ғана басқаларды уллы ислерге жумылдырып, айтса адам инанғысыз қаҳарманлықларға руўхландырды. Сол жыллардың өзинде қол

менен қанша каналлар қазылды, қанша жаңа жерлер ашылып, ел қонысланды, мектеплер, емлеўханалар салынды. Бир ғана Чаржаў—Қоңырат темир жолының салыныўы Қарақалпақстанның экономикасын көтериўде үлкен әҳмийетке ийе тарийхый ўақыя болды. Наўрыз ағаның темир жол курылысшыларының арасында болып, олардың қамыс қосларында түнеп, аўырманлықларды бөлисип жүргенлиги, оның адамгершиликли ҳәм нағыз жанкүйер басшы болғанлығын көрсетеди.

Наўрыз ағаның тағы бир өзгешелиги—ол оғада сыншыл адам еди. Ол қасында сөйлесип отырған кисиниң жүрегиниң төринде не жатырғанын билер ҳәм жай ғана гүрриңлесип отырып-ақ кисиде анаў ямаса мынаў мәселеде исеним туўдырарлықтай уқыпқа ийе адам еди. Өтирик сөйлеген адамды жек көргенлиги соншелли, оның менен қайтып сөйлескиси келмес еди. Наўрыз аға қандай мәселе болса да, оны әдиллик жолы менен шешиў тәрепдары болды.

Наўрыз аға кеўил сарайы кең, изиндеги жеткиншеклерге баўырманлық көрсететуғын әжайып инсан. Зейинли, уқыплы жасларды көрсе оның қуўанышының шеги болмады. Бундай жаслардың жоқары оқыў орынларында оқып билим алыўы ушын қолынан келген жәрдемин берди. Өл Қарақалпақстанның белгили алымлары С. Камаловты, Р. Қосбергеновты, М. Нурмухамедовты, В. Шәлекеновты Москваға аспирантураға оқыўға жиберди ҳәм оларға бәрҳама қайырқомлық етти Қарақалпақстан ушын билимли кадрларды жетистириўде Наўрыз аға үлкен хызметлер иследи.

Наўрыз аға ҳасла миллет айырмас. Жақсы адам болса миллетине қарамастан, туўысқанындай қатнасты. Оның өзбектен де, қазақтан да, орыстан да, түркменнен де дослары көп болды. «Миллетте турған гәп жоқ, мәселе адамның адамгершилигинде», деўши еди ол.

Наўрыз аға ерки күшли, алған бағытынан қайтпайтуғын, принципли адам болды. Ол үлкен лаўазымнан босап кеткеннен кейин руўхы түспей, өзиниң илимге қуштарлығын, қолға алған исинен нәтийже шығара алатуғын уқыплы адам екенин дәлиллеп көтсетти. Еки жылдың ишинде илим кандидаты, тағы бес-алты жыл ишинде илим докторы илимий атақты алыўға еристи ҳәм Қарақалпақстанда илимди раўажландырыўға, жас илимпазларды тәрбиялаўға белсенди қатнасты. Ол бизиң халқымыздың алтын ғәзийнеси болған қарақалпақ фольклорының 20 томлығын таярлаўшылардың бири. Қарақалпақтың 20 томлық фольклорын китап етип басып шығарыў керек, соған жәрдем ет деп маған кирип мәселе қойды, бул 20 томлық

китап Қарақалпақстанның үлкен руўхый ғәзийнеси екенин айтты. Мен «Наўрыз аға, сиз айтсаңыз болды, әлбетте басып шығарамыз»— деп ўәде еттим. Биз оны Ташкенттен, Москвадан жәрдем сорамайақ өз күшимиз, өз қәрежетимиз бенен жобаға киргизип, бастырып шығардық. Айырым илимпазлар телевизор арқалы ҳәр қыйлы гәплерди айтып жүрипти, олар шынлыққа жатпайды. Бул үлкен хызметлери ушын Наўрыз ағаға Республикалық Бердақ атындағы сыйлық берилиўи үлкен әдиллик болды.

Наўрыз аға тек мәмлекетлик ғайраткер ҳәм атақлы алым ғана емес, соның менен бирге белгили шайыр ҳәм журналист сыпатында да ҳәммеге танылды. Ол 1934-жылғы Қарақалпақстан жазыўшыларының биринши съездиниң қатнасыўшысы, онлаған қосықлар топламының авторы. Оның қосықларына жазылған намаларды ўақтында ҳәммемиз де йошланып айтып жүргенбиз, оларды бүгинги күнги жаслардың атқарыўында да еситип киятырмыз.

Наўрыз аға қарақалпақ халқының мәдениятын басқа жақларда пропағандалаў мәселесине айрықша итибар берди. Мениң есимде, ол Республика Министрлер Советиниң Баслығы лаўазымында ислеп атырған 1957-жылы бир баҳалы баслама көтерди. Бир жыйналыста: «Биз Өзбекистанның қурамындамыз. Өзбек халқы менен туўысқанбыз. Деген менен, биз Ташкентте, Өзбекистанның басқа да жерлеринде Қарақалпақ әдебияты ҳәм мәдениятының он күнлигин өткерип, туўысқанларымызды өзимиздиң миллий дәстүрлеримиз, үрп-әдетлеримиз, фольклорымыз, әдебият ҳәм көркем өнер тараўындағы жетискенликлеримиз бенен жақынырақ таныстырайық» деген усыныс жасады. Оны ҳәмме мақуллады. 1957-жылы бизиң әдебиятымыздың биринши он күнлиги оғада табыслы өтти. Бул еки халықтың туўысқанлығын буннан былай да беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул он күнликти өткериўдиң басламашысы ҳәм шөлкемлестириўшиси Наўрыз аға еди.

Қарақалпақстан жерин гүллендириў, халқының турмыс абаданлығын арттырыў жолында аянбай хызмет ислеген ақсақалларымыздың бири болған Наўрыз ага Жапақов туўған жеримиздиң тарийхынан ылайықлы орын алыўға миясар адам деп ойлайман. Қарақалпақстан тарийхы китабында Пиржан аға Сейтовтың қасында Наўрыз Жапақовтың ҳәм Мәтеке Жуманазаровтың сүўретлери турса жүдә әдил ҳәм орынлы болып, үш байтерек саўлат төгип турар еди.

Наўрыз аға менен биз өз ара терең сыйласықта болдық. Мен Наўрыз ағадан хеш ўақытта қол үзбедим. Бизлер бир-биримиздиң

шаңарағымызға барысып-келисип турдық. Сырлас болдық. Тек хызмет бабында емес, жийи-жийи ошақ басында ушырасып, әпиўайы инсаный гүрриңлесип отырысатуғын едик. Мен Наўрыз ағадай көпти көрген, түрли өмир сынақларын басынан кеширген тәжирийбели, салдамлы, ҳақ кеўил, дана адам менен талай мәртебе дастурханлас болғаным, оның маңызлы әңгимелерин, бийбаҳа нәсиятларын тыңлағаным ҳәм өзиме устаз тутқаным ушын шексиз бахытламан.

Мине, қарақалпақтың бир дәўирде туўылып өскен, бир дәўирде тәрбия алып улғайып, халқына хызмет етип, ел басқарған үш абырайлы ақсақалы ҳаққында, мениң устазларым ҳаққында өз еске түсириўлеримди қысқа ғана етип жаздым. Толық жазар болғанда олардың ҳәр бириниң тәрийипи бир дәстан ямаса роман болар еди. Ал, бул жағы сөз шеберлериниң жумысы деп ойлайман.

Усы үш ақсақалымыздың машақатлы өмир соқпақларындағы излерин шаң бастырмай ядқа алып, Қарақалпақстанның келешек әўладлары ушын өрнек етип нәсиятлаў бизлердей шәкиртлериниң миннети. Мен устазларымды еске алып, китабыма қосып, өзимниң шәкиртлик миннетимниң кишкене бир бөлегин орынладым деген қуўанышлы сезимге бөленип жүремен. Ендиги жағында Ш. Рашидов, П. Сейтов, М. Жуманазаров, Н. Жапақов усаған устазларды көздиң қарашығындай қәстерлеп, руўхына дуўа қылыўды парызым, — деп билемен.

ДИЙҚАН ЖЕРДИ ТОЙДЫРСА, ЖЕР ЕЛДИ ТОЙДЫРАР

Қай заманда да Қарақалпақстан халқының негизги кәсиби дийқаншылық пенен мал шаруашылығы болғанлығы мәлим. Совет ҳәкимияты орнағаннан кейин де бизиң республикамыз СССРдың аўыл хожалық зоналарының бири болып қалды. Урыска шекемги ҳәм урыстан кейинги жылларда колхозларда жер ашыў, жап қазыў, егислик жерлерди сүриў, ғаўашаны тәрбиялаў, онимлерди жыйнаў жумысларының бәри дерлик қол менен исленди. Жерлер бәҳәрде өгиз қос, ат қос, түйе қос пенен сүрилди. Күш-көлиги, қослары болмаған адамлар бел, кетпен менен жер аўдарып, дийқаншылық етти. Жекке-сийрек колхозлар ат жегилген сеялкалар менен шигит екти. Әлбетте, гүнде менен сүрилген жерлердиң сапасы төмен болды, себеби сүримниң тереңлиги 5—10 сантиметрден аспайды. Ол жерден толық нәл алынбайтуғын да еди. Ҳәзиргидей механизм болмаған соң жабайы шөплердиң тамыры қыйылмай, жазы менен отақ басып, пахтасы көринбей жататуғын еди.

Халық жарлы жасады. Жайлар пақсадан салынған, тахтай едени жоқ, ызғар, айырым хожалықлар қыстың қақаман суўығында қара үйлерде жасады. Руўызгершилигиниң төмен болыўынан адамлардың тамағы тоймай, ел ишинде туберкулез, сүзек, безгек сыяқлы аўырыўлар көбейип кетти.

Урыстан бурынғы жылларда жәбдиллесип колхоз болған менен техника жоқтың қасында болды. Тек бай адамлардың қолынан тартып алынған өгиз, ат, түйелер ғана колхоздың негизги күшин қурады. Аўылда саўатлы адамлар жүдә кем болғанлықтан, колхозларды саўаты жоқ адамлар басқарып келди.

1937—38-жылларда ислеўши адамлар саўатсыз болғаннан кейин ликбезлер (саўатсызлықты сапластырыў) ашылып, халықты толық

саўатлы етиў бойынша аз-кем жумыслар исленди. Деген менен, ел басқаратуғын саўатлы кадрлардың саны жоқтың қасында болды. Дийқаншылықтың шешиўши тараўларының бири пахташылыққа адамлар еле көнликпеди. Сонлықтан, сол жыллары Өзбекистанның басқа областьларынан жиберилген адамлар ҳәр колхозға колхоз баслығының орынбасары, өндирис лаўазымында ислеп, пахтаның агротехникасын үйретти. Ҳәр районда бир-еки МТС (машина трактор станциясы) болып, тракторларды сапалы ремонтлаўға олардың күши жетпейтуғын еди. Тракторшылардың ҳәм механиклердиң билими төмен, ҳеш жерде оқымаған, ис тәжирийбеси аз болғанлықтан, олар тракторларды өзлери оңлай алмады. Қанша темир тәртип орнағаны менен механизация күши жетиспегенликтен, пахтаның ҳәм басқа да дақыллардың өними аз болды. Ол жылларғы пахтаның бир гектардан алынған өними бес-алты центнерден аспады. Усының себебинен халықтың мийнет ҳақысы ушын алатуғын я ақшалай, я дәнлей табысы болмады.

Урысқа шекем аўылларда халық көп жасайтуғын еди, ал қалаларда турыўшылар аз болғанлықтан, орташа отыз гектарлық бригадаларда 60—70 адам иследи. Адамлар ғаз-қатар дизилисип турып, жерлерди бел менен аўдарып, азаннан кешке шекем қарыўлылары жигирма, ҳәлсизиреги 10 сотыхқа зорға жеткеретуғын еди. Ол ўақытлары ҳәр бир колхозшының ислеген жумысларын есапқа алыў жүдә қатаң болды. Ким ис ислесе, сол ислеген мийнети табельщиклер арқалы өлшенип алынды.

Отызыншы, қырқыншы жыллардағы ең жумыстың аўыры қазыў болды. Атызларға баратуғын майда жап-салмалардан баслап, ири хожалықлар аралық, ҳәтте районлар аралық магистрал каналлар ағаларымыздың, апаларымыздың күши менен қазылды. Бүгинги күни жасы алпыстан асқан адамлар жақсы биледи, Қызкеткен, Ленин атындағы, Пахтаарна, Бозжап, Қуўанышжарма, Шоманай, Қойбақ ҳәм т. б. ири каналларды қазыў үлкен әпсанаға айналды. Халықлық қурылыс аты менен басланған қазыўлар белгиленген мүддетлерде тамамланды. Бул жумыслар шайырлардың қосықларында жырланды, қарыўлы қазыўшылардың неше норма орынлағаны республикалық газеталар менен радио хабарларында жәрияланып, ҳәмме халық алдынғылардың атларын билип отырды. Аўыр мийнеттиң арқасында егислик жерлерге суў шығарылды, егистиң көлеми көбейди. Суў шыға алмайтуғын бийик жерлерге шығыр қурып, оған түйе, ат қосып, суў шығарылатуғын еди.

Урыстың басланыўы менен колхозлардан атлар, кейинирек жүк автомашиналары жыйнап алынып, фронтқа жиберилди, армияға көплеп затлар алынды. Жасы үлкейгенлер қара жумыс ислеў ушын батальонға алынды. Аўыл хожалығындағы дийқаншылық, шаруашылық жумыслары ҳаял-қызлардың, кемпир-ғаррылардың мойнына шөкти. Басына мүсийбет түскен кемпир-ғарры, ҳаял-қызлар ержетпеген балалары менен күни-түни жумыс иследи, фронтқа пахта, дән, гөш, май, кийим-кеншек, байпақ, қолғап ҳәм т.б. жиберип отырды. «Ҳәмме нәрсе фронтқа» деген уран астында жумыс иследи, өзлери ишип-жемей, не өндирсе фронтқа жиберди. Оның үстине урыс жыллары танклер, самолетлар ислеўге деп, ҳәр қыйлы салықлар салынып, тез-тез жыйнап фронтқа жиберилди. Урыс жылларында аўылда қалған ҳаяллар менен жумысқа жарамсыз кемпир-ғарры, жаслардың пахта егиўде, оның тәрбиясын өткериўде, ири майда жапларды қазыўда, әсиресе күндиз пахта отағында, кеште арпа, бийдай орыўда, ал таң ала геўғимде жоңышқа орағында ислеўи сол ўақыттағы жаслар болған бизлердиң еле көз алдымыздан кетпейди. Халқымыз не деген мийнетти өз басларынан кеширмеди. Пахта тәрбиясында ислеп атырған ҳаялларға почтальонның фронттан жазылған баўырсаққа усаған хатларды әкелиўи, жүреклери әлўан түрли ойлар менен толқыған бул ата-аналарға усы хатларды оқып беретуғын адамлар аз болып, бизлердиң оқып бериўимиздиң өзи үлкен тарийхый ўақыя болып көринеди. Үй қапталы меншик жерлерине егилген дақылының дәнин жаңа қапқа салып, қыс азығын жыйнап алып атырғанда районнан жиберилген дән жыйнаў ўәкили келип, фронт ушын деп тартып алып, арбалар менен ғәлле қабыллаў орнына жибергенлерин өз көзимиз бенен көргенбиз. Хожалықтың фермадағы қой-ешкилерин бир аўылдың әтирапына жыйнап саўып қой ешки сүтинен исленген иримшиклер, қарамал сүтинен алынған сары майлар фронтқа жиберилип турды. Фронт ушын оқыўшы балаларға тасбақа жыйнатып, олар да қайта ислейтуғын заводларға жиберилди. Сол ўақытларда аўылларда бригаданы басқаратуғын шала саўатлы бригадирлердиң ис усылы, олардың қаталлығы, ҳәмме бригададағы кемпир-ғарры, жас өспиримлерди алдына салып айдап, ерте турғызып «Сталинниң бир өзи бес жумысты ислеп атыр, ал сизлер еле уйқылап атырсыз» деп, атын жетелеп жүрип, ҳәммени азанда ерте оятқан ашшы даўысы усы күнге шекем қулағымыздан кетпейди. Мине, усындай қатаң тәртип Москвадан аўылдағы бригадаға шекем орнады.

Урыстан кейинги 1946—47-жылларда да аўыл хожалығындағы аўыр қол мийнети даўам етти. Соңырақ бир қатар колхозлар биреңсараң НАТИ жер сүриў трактырын, жүк автомашинасын алды. Урыстан келген зыянларды орнына келтириў ураны астында жумыс исленди. Дүканларға азық-аўқат, санаат товарлары түсе баслады. 1947-жылдың ақырында нанды карточка бойынша бөлистириўдиң тәртиби өзгертилип, ашық саўдаға өтти. Сол жыллары Өзбекистан Республикасында пахта жетистириўди бир миллион тоннаға жеткериў бойынша барлық бригада баслықлары, майда звенолар, колхоз басшылары «Москва, Кремль, жолдас Сталинге» деп ант қабыллады. Ҳәр бир ант үш дана етип жазылып, районға, республикаға жиберилди. Онда ҳәр бир звено, бригада, колхоз сол бир миллион тонналық Өзбекистанның пахта қырманына неше тоннасы менен үлес қосатуғыны жазылды. Бул ҳәмме халықты күни-түни пахта атызында мийнет етиўге, көрсетилген пахтаны қалай болмасын жетистириўге мәжбүрледи.

Қарақалпақстан Республикасында аўыл хожалығындағы машақатлы аўыр мийнет 50-жылларда да даўам етти. Деген менен Сталин өлген дәўирге шекем бурынғы майда колхозлар бир-бирден жер сүриў трактырын, жүк автомашинасын сатып ала баслады. Бирақ еле халықтың тамағы тоймаған, руўзыгершилиги төмен еди.

Н. С. Хрущев партия менен ҳүкимет басына келиўден аўыл хожалығын раўажландырыўға қаратылған сентябрь (1954-ж.) Пленумын өткерди. Колхозларды ирилендирди, бирақ бул илаж бизиң республиканың аўыл хожалығына ондай жақсы тәсирин тийгизбеди. Аўыр мийнет, аз өним алыў, колхозшылардың айлық ҳақысының төмен болыўы даўам ете берди. Сентябрь пленумының қарары бойынша ҳәмме күш Қазақстанда, Россияда тың жерлерди өзлестириўге қаратылды. «30 мыңшылар» ҳәрекети басланды, бирақ ол бизде керекли нәтийже бермеди. Тың жерлерди өзлестириўшилерге кеўил көбирек бөлинип, жаңа техника бизге жөнли берилмеди. Сонлықтан, 50-жыллардың ортасында 500—600 гектар пахта егетуғын колхозда 3—4 НАТИ тракторы, 3—4 универсал тракторы ғана болды. Олар да өнимли ислей алмай бузылып, ремонт талап етип, атызда жатып қалар еди. Бул техникалар колхозлардың өзлериники емес, ал МТСқа қараслы еди.

Пахта егиси апрельде басланып, июнь айының ақырына дейин 90—100 күн даўам ететуғын еди. Сол пахтаны егип болғаннан

кейин ғана универсал тракторлар культиватор илдирип, ғаўашаның тәрбиясына кирисер еди.

Колхозшылар пахта егиўге жер таярлаў, шелди қолдан көтериў, суўғарғаннан соң оны жығыў, кесек езиў менен бәнт болар еди. Сол 90 күнге шекем культивация етилмеген пахта отақ басып, тәрбиясы берилмей жолдан қалып, шанағында қартайып, қорлықлы аўҳалда жатар еди. Пахта егип болмағанша пахта тәрбиясын баслаў мүмкин емес еди, ақыры аз адам қаяғына болсын. Сонлықтан, айырым жыллары агротехниканың талабына муўапық чеханкалаў дәўирине шекем ғана биринши тәрбия зорға питер еди. Оның үстине пахта егилгеннен 45 күн өткеннен кейин пахта уўыз суўын ишиўи керек деп, отамай-ақ пахтаны суўғарып жиберер еди. Отағы менен суўғарып, отақты суўдың ишинде жүрип, тамыры менен суўырып алыў керек деп, жоқарыдан тәртиплер де берилип жүрди. Мен 1955-жылы Коммунал хожалық министри ўақтымда Қараөзек районының Энгельс атындағы колхозында бир жыллық ўәкил болдым. Арзы Махмудов обкомға биринши секретарь ўақтындағы ис усылы бойынша республиканың белсендилери бир колхозға бир жылға бекитилди. Мен бекитилген Энгельс атындағы колхоз 450 гектар жерге пахта егетуғын 7 бригададан ибарат еди. Колхозға Қараөзектиң 1-МТСнан 4—5 НАТИ тракторы, 4—5 универсал тракторы бекитилген еди. Тракторлар сапасыз ремонт етилгенликтен, бир атызға кирип тап салады да, сол жерде бузылып қалады. Оны атызда 3—4 күн ремонтлайды. Жер таптан шығып кетип, тракторды буксир менен атыздан шығарып, шели жығылған атыздың және шелин қайта қол менен алып, егислик жерди қайтадан жеңил шайып суўғарып, егиске таярлайтуғынын өз көзим менен көрдим. Апрельде суўғарған жер июньға шекем табында тура бермейди, бир неше рет қайта-қайта суўғарылады. Адамлар усындай шел алыў, шел жығыў ҳәм шели жығылған атыздың шелин қайта тиклеў усаған ислер менен бәнт болар еди. Пахта егиси усы колхозда апрельдиң басында басланып, июньның ақырында тамам болды. Бираз атызлар отақтан тазаланбай-ақ қалып қойды. Ол гезде адамлар селитрдиң қәдирин билмей, пахтаға бериў орнына боянлардың арасына жасырып таслар еди. Усы мәселе бойынша бираз жәнжеллер де болды. Сол жылы бул колхоз пахта жобасын 55 процент орынлады, себеби бес қонақта пахтаны суўық урып етти. Пахтаны терип болып, колхозшылар колхоздағы жети каналды қысы менен суўықта қазып, март айының басына суўғарыў мапазын таярлап қойыўы керек еди. Колхозда

мийнет ҳақы төлеў де жоқтың қасында еди. Усындай себеплерге шыдамай, көп ер адамлардың балаларын алып, қалаға, аз да болса айлық алатуғын иске кетип қалыў жағдайлары елиўинши жыллары басланған еди. 1950-жылларда колхозлардың пахташылықтан алынатуғын өними жүдә аз болыўы себебинен көп хожалықлардың экономикасы жүдә төмен дәрежеде болды. Көп колхозлар пахта жобасын 60—70 проценттен артық орынлай алмады. Пахта жобасы орынланбағаннан соң колхозлардың басшылары тез-тезден өзгертилип турылды, бул бир жағынан экономиканың екиншиден, адамлардың моральлик психологиялық аўҳалының төменлеўине себепши болды.

Сол дәўирде Өзбекистанның областьларынан жиберилген бираз адамлар Қарақалпақстанда узақ жыллар даўамында көп нәтийжели жумыслар иследи, пахта егиў мәдениятын үйретти. Бизиң халқымыз олардың исмин елеге шекем өз жүрегинде сақлап, рахметин айтады. «Жақсыдан шарапат» дегендей, ол кисилердиң көпшилиги унамлы ислери менен халқымыздың кеўлине жағып қалды. Олар да өзлериниң екинши Ўатаны сыпатында Қарақалпақстанды таныйды. Мен Жора Ханназаров пенен сөйлесип тураман. Ол бизиң елдиң адамларын, олардың ашық кеўлин, мол дастурханын ғәп етеди. Әсиресе, қарақалпақ қызларының жуўапшыл екенине тән береди. Бундай ақсақалдың атын атап өтиў, халыққа, әсиресе жасларға баян етиў бизиң ўазыйпамыз деп түсинемен.

Урыс басланған жыллары Қарақалпақстанда областьлық партия комитетиниң бириши секретары болып Сабыр Камалов ислеген еди. Сол жыллардағы аўырлықты нардай көтерип, халықты жәмлестирип, үлкен мийнет етти. Ал, 1951—56-жыллары обкомның биринши секретары болып Арзы Махмудов, 1956—63-жыллары Насыр Махмудов иследи, республикамызда Өзбекистаннан келип, көп ислерди жүзеге асырған, бизиң елимизди өзиниң екинши туўған елине теңеген областьлық партия комитетиниң аўыл хожалығы бойынша секретары болып ислеген Ариф Хакимов, Жора Ханназаровларды жақсы жағынан атап көрсетким келеди. Өзиниң жаслық шағында Өзбекистаннан жиберилген Фаттах Васигов дәслеп Төрткүл райкомының биринши секретары болып, көп мийнет етти. Пахташылықты көтериўдеги талапшаңлығы, көп өрнек боларлық үлкен хызметлери ушын ол Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы деген атақ алды. Фаттах Васигов областьлық партия комитетиниң аўыл хожалығы бойынша секретары, Әмиўдәрья районлық партия

комитетиниң биринши секретары болып иследи. Ҳәзир ҳүрметли пенсияда, Ташкентте турады. Ғаррылықты Қарақалпақстанда өткериў ол кисиниң әрманы еди. Бирақ мен жәрдем берип үлгермей қалдым. Бул ақсақаллардың хызмети айрықша. Бизиң халқымыз оларға ҳәзирге шекем рахметлерин айтып жүр.

Сол ўақыттағы узақты көре билмейтуғын республика басшылары пахташылықтың төмен раўажланыўының бас себеплерине терең анализ берместен, бизиң елдиң дийқанларына, жергиликли кадрларды жумыс ислемейди, жалқаўлығы басым, сонлықтан пахташылық раўажлана алмай киятыр деген насақ сөзлер тағып, ҳәмме кадрларды алмастырыў керек деген пикирде болғанын айтып өтиўимиз керек.

ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши секретары болып ислеген А. И. Ниязов Қарақалпақстанның дүньядағы пахташылық зонасында ең арқада жайласыўын, оның тәбийий аўҳалларын есапқа алмай, материаллық-техникалық база дүзиў жөниндеги өтинишлерге кеўил бөлмей, «Сизлер жумыс ислей алмайсыз, жалқаўсызлар» деген пикирде болып, Қарақалпақстанға басшылық етиў ушын Өзбекистанның басқа областьларынан жүзлеп кадрлар жиберди. Районлық партия комитетлериниң биринши, екинши секретарьлары, райаткомның баслықлары ҳәм олардың орынбасарлары, республиканың Министрлер Советиниң бир неше орынбасарлары, областьлық партия комитетиниң биринши ҳәм жай секретарьлары, министрлер ҳәм олардың орынбасарлары лаўазымларында да басқа жақтан келгенлер иследи. Көп жыллар даўамында респрокурор ҳәм РесПО баслығы лаўазымлары Қарақалпақстанның азаматларына несип етпеди. Бирақ оның бундай кадр сиясаты жақсы нәтийже бермеди. Сырттан келген басшылар экономикаға унамлы өзгерис киргизе алмай-ақ, еллерине қайтып кетти. Әлбетте, халықтың үрп-әдетин, дәстүрин билмейтуғын, жер-суў шараятлары менен бийтаныс басшысымақлар жарытып жумыс ислей алмады. Олардың гейпараларының үстинен тоқылған күлкили сөзлер усы бүгинги күнге шекем ел аўзында айтылып жүр.

Қарақалпақстан областьлық партия комитетиниң биринши секретары болып сайланған Насыр Махмудов әўелги ўақытлары бир қатар өзгерислер ислей баслады. Арзы Махмудовтың өзи менен бирге ертип келген районлық партия комитетлериниң биринши секретарьларын, райатком баслықларын өз еллерине қайтарды. Олардың биразының орнына өзимиздиң қубла районлардың кадрларын арқа

районларға басшы жумысқа жиберди. Бирақ 1958—60-жылларда Насыр Махмудов тәрепинен пахта жерлерин терең сүрместен, тырма менен пахта егиў тәртиби енгизилди. Бул аўҳалдан жерлер пахса болып қатып қалды, отақ ғаўлап кетти. Пахтаны тырма менен екпеген Төрткүлдеги «Совет Өзбекистаны» колхозының баслығы, Соңиалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Мәтназар аға Машарипов обкомның бюросында қатты партиялық жаза алды. Мәтназар аға дийқан адам еди, ол тырма менен егиўге қарсы шықты. Бизиң арқа районлар тырма менен егиўге қарсы болмады, бирақ жақсы нәл алынған менен ғаўашалар пахса болып қалған жерге тереңге тамыр ура алмай, бойы бир қарыстан аспай, атызларды отақ басып кетти. Мийнети көп, өними аз пахта болды. Халық мийнет ҳақысына ақшалай ямаса дәнлей ҳеш нәрсе ала алмады. Усы дәўирди Насыр Махмудов ӨзКП Орайлық Комитеги ҳәм Өзбекистан ҳүкиметиниң келисими менен арқа районлардың колхозларын совхозларға айналдырды. 1957-жылы республикадағы 475 колхоздан 38 и қалдырылып, қалған 437 колхоз тийкарында жигирмалаған ирилендирилген совхозлар дүзилди. Меншиктиң коллектив түринен мәмлекетлик меншик түрине өткен хожалықлардың басшылары, қалай етип жумыс ислейтуғынын билмей, алыс-берис актлерин дүземен дегенше көп ўақытларды өткерип алды, бурынғы колхоздағы маллардың, қурылыслардың, буйымлардың есапсыз зая болыўына жол қойылды. Совхозлар жүдә ири болып, басқарыў уқыбын жоғалтты. Кегейли районының аймағында бир «Кегейли» совхозы дүзилди. Директор етип, Гульянц А. С. таярланды. Аймағының көплигинен ол айырым бригада атызларын аралап шыға алмайтуғын, көплеген бригадир, бөлим баслықлары менен көп ўақытқа шекем ушыраса алмайтуғын еди. Нәтийжеде, бул совхоз бурынғы жетистирип турған пахта өнимин кемейтти. (Ҳәзир сол бир совхоз базасында «Кегейли», М. Жуманазаров атындағы, К. Абибуллаев атындағы «Еркиндәрья», «Көкшийел», «Ақтуба», Ширедер бағшылық ҳәм пал ҳәррешилик барлығы сегиз хожалық дүзилди). Бундай мысалларды көплеп келтириўге болады.

Колхозларды совхозларға айналдырыў, меншик формасын өзгертиў өзиниң жаман тәсирин тийгизди. 1957—58-жылларда Қарақалпақстанда пахта жобасы орынланбай қалды. Әсиресе, 1958-жылы бизде дүзилген совхозлар мәмлекетке 108 миллион манат зыян келтирди, ол ўақытлары бул жүдә көп ақшаны қурайтуғын еди. Бизиң көплеген басшыларымыз Өзбекистан Республикасы алдында

үлкен айыплы адамдай, жүзлери төмен болып жүрди. Совхозлардың айналыс фонды көп жыллар жоқарыдан толықтырылмады, совхозлар бир неше жыл даўамында өзлериниң финанс аўҳалын дүзете алмады. Совхоз жумысшылары бурынғысынша жарытып айлық ала алмады.

Қарақалпақстан областьлық партия шөлкемин Н.Махмудов басқарған жыллары районлардың, министрликлердиң басшылары тез-тез өзгерип турды. Сол себепли ертеңгисин ойлап, халық ушын пайдалы, узақ мүддетте иске асырылатуғын ойлар орынланбастан қала беретуғын болды.

1959-жылы аўыл хожалық егинлери ушын қолайлы жыл болды. Пахта ерте бәҳәрде егилип, керекли жыллылықты тезирек алыўы нәтийжесинде республика 200 мың тонна әтирапында пахта жетистирип, жобаны артыгы менен орынлап, Қарақалпақстан Республикасы Ленин орденин алыўға миясар болды. Колхозшылар менен совхоз жумысшыларының жобаны орынлады деген аты болмаса, алатуғын айлығы, совхоздың сап пайдасы оғада аз болды. Ол жыллары республикамыз мәмлекетке пахтадан басқа өнимлерди сатпайтуғын еди. Салы, гөш, сүт жетистириў жоқтың қасында еди.

Усы жыллары Н. Махмудов районларды қосып, ирилендириў, совхозлардың бөлимлерин қысқартып, тиккелей совхоз дирекциясына қарайтуғын 250—500 гектарлық биргадалар дүзиў, колхозларды ирилендириў, басқа да кадрларды өзгертиў жумысларын жүргизиў менен шуғылланды. Ҳәзирги Хожели, Шоманай, Қанлыкөл, Қоңырат районлары бир Хожели районы болып бирлести. Төрткүл, Беруний, Елликқала районлары есабынан Төрткүл районы болды. Ал Шымбай, Кеңес, Қараөзек, Тахтакөпир бириктирилип, Шымбай районы болды. Мысалы, Хожели райкомының биринши секретары Д. Ожраевқа өз хожалықларын көзден өткериў ушын ярым ай ўақыт керек еди. Буныңдай көзсиз басшылық етиў, сынап көрилмей, жалпыламай ирилендирилген район дүзиў өним жетистириўди көбейтиўге жақсы тәсирин тийгизбеди. Басшылық етиў өндиристен әдеўир алыслап кетти. Н. Махмудов тәжирийбеде бурын сынап көрилмеген басқа да экспериментлер өткерди, районлардың басшылары қарсы болса да өзиниң пикирин мәжбүрий өткерди. Районлар ирилениўи менен турмай бурынғы колхозларды таратып, 5—6 колхоздан бир колхоз дүзиў усылына өтиўди талап етти. Мәселен, Төрткүл районындағы Әбдихалық Тохсабинов басқарған «XXII партсъезд» колхозы ҳәзирги Намуна, Буденный (Төркүл районынан), Тимошенко, Ленин, Қырққызабад колхозларының (Елликқала районынан) базасында

бир колхоз дүзилди. Сол колхоздың берги шетинен арғы шетине шекем 50—70 км аймақты қурайды. Усындай колхозды бир басшы басқарып үдделей ала ма? Әлбетте, жоқ! Басқарыў қыйын ҳәм мүмкин де емес. Бул жаңадан дүзилген колхоз бир район аймағына тең келетуғын еди. Мине, усындай ҳәдден тыс ири хожалықлар барлық районларда дүзилди. Бир үлкен жыйналыста Н. Махмудов тәрепинен совхозлардағы бөлимлерди қысқартып, ириленген бригадалар дүзиў тапсырмасы берилип, бир ай ишинде бул жумыс иске асырылды. Бөлимлер бурынғы колхозлар есабында көп жыллар бирге мийнет етип, той-мерекелерин, лазымларын аўызбиршиликте өткерип киятырған жәмәәт еди. Сол ўақытлары бөлимлердиң басым көпшилигин бурынғы сыналған колхоз баслықлары басқаратуғын еди. Бөлимлерди қысқартыў менен көп жыллық тәжирийбеси бар басшылар жумысларын таслап кимиси дем алысқа, кимиси қалаларға көшип кетти. Солай етип, аўыл халқы бираз сыналған басшылардан айырылды.

Бир жағынан колхозларды, районларды ирилендириў, бөлимлерди қысқартыў, екинши жағынан, белгили бир турақлы административлик аймақтың болмаўы аўыл хожалығының раўажланыўына өзиниң жаман тәсирин тийгизгени, әлбетте ҳәммеге мәлим.

Соның менен бирге, ол жыллар Н. С. Хрущевтың партиялық басшылықты өзгертиў сиясатының иске асырылған дәўири еди. Орайлық ҳәм областлық партия комитетлеринде аўыл хожалығы бойынша ҳәм санаат бойынша бюролар дүзилди. Айырым областларда еки обком—аўыл хожалығы ҳәм санаат бойынша обкомлар дүзилди. Областта басшылық обкомның қолында қалдырылды, ал районларда аймақлық аўыл хожалығы өндирислик басқармасында барлық бийлик берилип, бурынғы районлық партия комитетлери өндирислик аўыл хожалық басқармасының партия комитетиниң секретары (райком) болып иследи. Районда райком екинши дәрежели органға айналды. Сол күнлери «районда биринши басшы ким?» деген мәселе жөнинде көплеген даў-жәнжеллер болды. Халық өз мәселесин шешиў ушын бурынғысынша парткомға (бурынғы райкомға) барады. Областлық партия комитетиниң басшылары районлық парткомға барады. Мәселе көбинше парткомда шешиледи. Ал сол күнлерги Н. С. Хрущевтиң тәртиби бойынша районлық өндирислик аўыл хожалық басқармасы ҳәмме мәселеге басшылық етиўи керек еди.

Бизде ең тәжирийбели, уқыплы, билимли кадрлар парткомда қалды. Төрткүлде Қ. Нурымбетов, Әмиўдәрьяда Ф. Васыгов, Хожелиде Д. Ожраев, Кегейлиде П. Халмуратов, Шымбайда Қ. Әбдиреймов. Олардың өндирислик аўыл хожалық басқармасының баслықлары М. Розумбетов, Р. Жапақов, В. М. Донцов, Т. Наўрызбаев, Х. Мажидовлар еди.

«Бир қазанға еки қойдың басы сыя ма», енди бир районда еки адам биринши басшылыққа талас жәнжеллери басланып кетти. Бизлерге Шымбайдағы Қ. Әбдиреймов пенен Х. Мажидовтың даўласыўларына төрелик бериў, жарастырыў қусаған қосымша ўазыйпаларды атқарыўға туўра келди. Әлбетте, әмелге таласыў, биринши басшы болыў ушын гүресиў районда тәртипти бузыўға алып келеди. Хожалық, мәкеме басшыларының бир-бири менен келисилмеген еки түрли тәртибин орынлаў, биринен кейин екиншисиниң шақырыўы менен жыйналысына қатнасып, қайсысының көрсетпесин орынлаў, кимниң кеўлинен шығыў кадрлардың мийин ғыр етти, хожалықлардың негизги ўазыйпасын орынлаўға өзиниң жаман тәсирин тийгизди, тәртипти босаңластырды, хожалықлардың аўызбиршилигин пәсеңлетти. Н. Хрущевтың әшкараланып, СССР басшылығынан кетиўи ҳәм Брежневтиң жаңа сиясаты менен бул кемшиликлер сапластырылды.

1950-жылдың ақырында 1960-жыллардың басында халқымыздың мәдений-турмыс дәрежеси аўылларда да, қалалық жерлерде де дүзелмеди, аўыр мийнети жеңиллеспеди. Нөкистен Тахтакөпир, Төрткүл, Қоңырат, Шоманайларға барыў, жол жүриў жүдә қыйын еди. Жолаўшы тасыйтуғын автомашиналар жоқ, жолаўшылар Тахтакөпирден сексеўил тийеген жүк автомашинасының үстинде ғарғадай қонақлап, үсти-басы адам көргисиз аппақ шаң болып, тек көзи көринип отыратуғын еди. Нөкистен Қоңырат, Шоманай ҳәм Төрткүл қалаларына барыўдың қыйыншылығын бизиң заманласларымыз биледи.

Районлардың орайларында, аўылларда имаратлар қурылмады. 1935—36-жыллары москвалы қурылысшылардың ғамқорлығында қурылған орта мектеплер тозығы жетип қулай баслады. Район мәкемелериниң, колхозлардың отыратуғын кеңсеси пахсадан салынған адам көргисиз гөне жайларда еди. Республикамызда тек бир жоқары, 4 орта билим беретуғын оқыў орны бар еди. Оқыйман, билим аламан, қәниге боламан деген көплеген талантлы жаслардың әрманы орынланбай қалатуғын еди.

Республикада тек пахтаны шигитинен айыратуғын ҳәм пахта шигитинен май алатуғын заводлар ғана бар еди. Бул заводлар да революцияға шекемги гөне үскенелер менен тәмийинленген, дурыслап пахта талшығын ала алмайтуғын, толық тазартылмаған ақ май шығаратуғын еди. Санаатты, қурылысты раўажландырыў, ҳәзирги заман тас жолларын салыў, оларға ири қаржы жумсаў мүмкиншилиги болмады.

Дийқаншылықтың мәденияты төмен болды, отыз сотых әтирапындағы майда қыйтақ атызларға егин егилди. Бундай атызларда тракторлар емин-еркин жумыс ислей алмайтуғын, ири каналлардың егислик жерлерге суў бериў қуўаты жетиспейтуғын еди. Магистраль коллекторлар менен хожалық ишиндеги изей суўды шығаратуғын дренажлар жоқ еди.

Жер сүриў тракторларының жетиспеўинен пахта егиси июнь айының ортасына шекем созылатуғын еди. Ҳәр жылы Қарақалпақстанға көмекке деп Ферғана, Сурхандәрья ҳәм басқа да областлардан 300—400 трактор келетуғын еди. Көмекке қайсы хожалық жақсы тракторын жибереди. Бизге поезд бенен жетип келип, я атызда ямаса хожалық устаханасында ремонтқа түсетуғын еди. Сол 1960—64-жылларда көплеген дизель тракторы болыўына қарамастан, бизлерге елиўинши жыллардың НАТИ тракторын көмекке жиберип турды. «Аты дардай, иси қылдай» дегендей, бундай көмек өзиниң жасқы нәтийжесин бере алмады. Басқа областлардан келген гөне бузық тракторлар бизиң колхоз, совхозларда қалдырылып, балансқа алынып, саны бар, сапасы жоқ, қозғалыўға ҳалы жоқ техника 60-жыллардың басында бизде көп еди. Балансқа ҳәр жылы 300—400 НАТИ гөне тракторлар қосыла берген соң таза трактор берилмейтуғын болды.

Қазыў техникаларының болмаўынан бизиң халқымыз ҳәр жылы қысы менен жер төледе жатып, үйинен алыс жерлерде қазыў қазып, автономиялы республика бойынша 20—25 млн. м^3 топырақты қол менен ултаннан сыртқа шығатуғын еди. Сонша мийнет еткен менен жыл ақырында мийнет ҳақысына дәрамат бөлиўде ҳеш нәрсе тийиспей қалатуғын еди. Аўыллардағы мийнеттиң аўырлығы, ис ҳақының болмаўы нәтийжесинде аўыл халқы қалаларға көше берди. Қаладан айлықлы жумыслар ислеп, күнин көрди, ҳаял, бала-шағалары үй пайдасын иследи, аўылдағы ата-мәканында кемпир-ғаррысы қолындағы малларын бағып қалды. Пахта тәрбиясы жумысларына олардан көмек жоқ еди.

Аўылларды электрлестириў болмады. Колхозлардың, совхозлардың орайлық устаханалары станоклар менен тәмийинленбеген еди, бурыннан киятырған темиршилердиң көриги ҳәм шөккишинен басқа ҳеш нәрсе болмады.

Усы, 1961—1963-жыллары бизиң республикамызда жылына 215 мың тонна пахта жетистирилип, салығершилик тараўында биринши совхозлар қурыла баслаған еди. Колхозшылардың орташа бир айлық мийнет ҳақысы (сол ўақыттағы баҳа менен) 40 манатқа жетпейтуғын еди.

Мал шаруашылығында ферма жайлары қурылмаған, оларға егислик жерлер ажыратылмаған, саўын сыйырларға шекем тоғайларда, колхоздан алыс жайлаўларда бағылатуғын еди. Сүт саўыў, оны мәмлекетке тапсырыўда көп қыйыншылықлар ушырасатуғын еди. Улыўма мал шаруашылығы хожалықтың артта қалған тараўы еди.

Жуўмақластырып айтқанда, 1950-жылларда ҳәм 60-жыллардың басында аўыл экономикасы төмен жағдайда болды. Пахташылық еле пәраўан раўажланыў жолына түспеген еди. 1950—1963-жылларда (14 жыл ишинде) Қарақалпақстан Республикасында пахта жобасы тек еки мәртебе ғана 1954 ҳәм 1959-жыллары орынланды. Пахта жобасы орынланған менен де зүрәәт қубла районларда 15—18 центнер, ал арқа районларда 8—12 центнерден аспаған еди.

Ол жылларда ҳәр бир елге, ҳәр бир басшыға баҳа пахта жобасының орынланыўына, зүрәәттиң муғдарына қарап берилди. Ол да түсиникли, себеби турмыстың негизги арқаўы, руўзыгершиликтиң тийкары пахтаның тоннасына байланыслы.

Ташкентте ҳәр жылы өткерилетуғын аўыл хожалығы алдынғыларының қурылтайы Наўайы атындағы театрда өтер еди. Пахта жобасын орынлай алмаған Қарақалпақстан ўәкиллериниң орны үшинши яруста болар еди. Ал 3-ярус «кептерхана» деп аталып, қалақлардың орны «кептерхана»да деп күлкиге алар еди.

1958-жылы мен Куйбышев райкомының биринши секретары болып ислеген жылы, сол «кептерхана»да отырарға да орын таба алмай, қурылтай жыйналысын тик аяғымда турып өткердим. Әлбетте, буған ызаланбаў мүмкин емес.

Және бир айтып кететуғын жағдай, халқымызда «өзи жаманның иси жаман», «иси жаманның сөзи қурысын» деген гәплер бар. Сол жыллары Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм мәдений қалақлығы себепли елге жаман ат тағылып, «Каракалпакия страна

чудес»—деген сөзлер тарқалғаны да ырас. Не қыламыз, илаж жоқ, ҳәммесине де көнгенбиз, ҳәммесин де бастан өткергенбиз.

Мен областлық партия комитетиниң биринши секретары болып сайланғаннан кейин туўған елимниң, халқымның тәғдири ушын үлкен жуўапкершилик мойныма жүкленгенин сезип, көп ойландым. «Қалай еткенде өз халқымның, ӨзКП Орайлық Комитетиниң ҳәм Өзбекистан ҳүкиметиниң исенимин ақлайман? Қалай еткенде Қарақалпақстанның экономикасын көтерип, халқымның турмысын жақсылап, тамағын тойдыраман, мәдениятын, билим дәрежесин жоқарылатаман? Жаман аты кешкен Қарақалпақстанды басқа областлар дәрежесине қалай жеткеремен?». Бул сораўларға өзимше турмыстан жуўап изледим, ел басқарып жүрген жасы үлкенлер менен ақылластым, олардың ис тәжирийбелерин үйрендим. Гейпаралар айтқандай, бизиң халқымыз шетинен ис жақпас, уқыпсыз адамлар емес еди. Бизде қара жерди әрўанадай ийдиретуғын, еккен дақылын өрре турғызатуғын маман дийқанлар көп болды. Бул адамлардың аўзын бириктирип, күш-жигерин белгили мақсетлерге дурыс бағдарласа Өзбекистанның қай областының дийқанларынан да қалыспайтуғынына мениң көзим жетти. Жасы үлкен ақсақалларымыздың: «Басшы болған адам халықты изине ерте алатуғын, Қарақалпақстан ушын жанын пидә қылатуғын, Ташкент, Москваның тилин таўып, техникадан, қаржыдан пайын сорап алатуғын, омыраўлы зәбердес болмағы керек»,—деп өз ара сөйлесип отырғанларын еситтим. Шынында да, бул даналық сөзлер ғой. Техникасыз, қаржысыз, Москва, Ташкенттиң жәрдемисиз жарытып жумыс ислеў мүмкин емес. Ақыры, сол жыллардағы бизиң халық хожалығымыздың аўҳалы ашынарлы жағдайда болды. Ол ҳаққында жоқарыда қысқаша баян етип өткен едим. Сол ушын мен ӨзКП Өрайлық Комитетиниң биринши секретары Шараф Рашидовқа кирдим. Маған Қарақалпақстанға басшылық етиўди исенип тапсырғаны ушын миннетдар екенимди айттым, халқымыздың ийгилиги ушын, республиканың экономикасы менен мәдениятын жоқары көтериў ушын аянбай, жанды пидә қылып хызмет ислеймен, деп ўәде еттим. Соның менен бирге, Қарақалпақстанның жағдайының төмен екенлигин, материаллық-техникалық ресурсларға оғада мүтәж екенлиғин анық фактрлер келтирип айтып бердим. Шараф аға Қарақалпақстанның жағдайын жақсы билетуғын еди. Ол Өзбекистан Республикасы Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы болып ислеген жыллары ўәкил сыпатында ҳәр жылы бир неше айлап бизиң

жақта болды. Дийқаншылық мәдениятының төменлигин, техника базасы жоқтың қасында екенлигин, жолсызлықты, халық хожалығының басқа да тараўларындағы аўыр аўҳалларды өз көзи менен көргенликтен, Қарақалпақстанның жай жағдайларына оғада қанық еди. Меннен бурын Қарақалпақстанға басшы болған А. Махмудов дәслеп Самарқанд обкомының биринши секретары, ал Н. Махмудов Самарқанд ҳәм Ташкент обкомының биринши секретары болып ислеп, тәжирийбе топлаған басшылар болса да республиканың экономикасын көтере алмаганын, ал мен 37 жаста екенимди, олардай бурыннан ис тәжирийбемниң жоқлығын, Өзбекистаннан жәрдем болмаса экономиканы көтериў қыйын екенлигин айтып, Е. Айтмуратов екеўимиз қол қойған хатты Шараф ағаға бердим. Бул хатта бизлер жер сүретуғын 700, егинниң қатар арасын ислейтуғын 2 мың трактор, 250—300 экскватор, жүк тасыйтуғын тележкалы тракторлар, автомашиналар ҳәм басқа да техникалар сорап жазған едик. Шараф Рашидов бизиң өтинишлермизди қанаатландырыўға ўәде етти. Ол кисиден жәрдем болатуғынын еситип, өзимди мисли қанат питкен қустай сезип, шексиз қуўанышларға бөленип қайттым. Шараф ағаның ўәдеси көп күттирмеди. 1964-жылы ӨзКП Орайлық Комитети менен Министрлер Советиниң бирликтеги «Қарақалпақстан Республикасының өндириўши күшлерин раўажландырыў ҳаққында» Қарары шықты. Онда негизинен республиканы раўажландырыў ушын жылма-жыл ири қаржы, автомашина, жер сүретуғын, пахтаның қатар арасын ислейтуғын ҳәм жүк тасыйтуғын тракторлар, канал, жаплар, қазыў ушын экскаваторлар, бульдозер, скрепер, грейдер, минерал төгин, ҳәр қыйлы станоклар, үскенелер бөлип шығарыў анық көрсетилген еди. Бул қарар халқымыздың бахтына қыдыр дарығандай қолымыз узайып қалды. Автомашиналар, тракторлар, экскаваторлар, бульдозерлер, скреперлер жылма-жыл қарарда көрсетилген муғдарда алынып турылды. Усы көп сандағы техникаларды меңгеретуғын тракторшыларды, бульдозершилерди, экскаваторшыларды таярлайтуғын курслар шөлкемлестирдик. Бул курсларда дипломлы инженерлер, тәжирийбели механиклер сабақ берди. Соның менен бирге, бурынлары аўыллардан қалаларға көшип кеткен механизаторларды материаллық жақтан қызықтырып, көп айлық берип, өз хожалықларына қайтарып көширип әкелдик. Бул мәселеге үлкен итибар бердик. Бирақ, ол бир күнде шешиле қоятуғын мәселе емес. Биз, ҳәттеки, жетписинши жылларда да аўыл хожалығын механизатор

кадрлар менен толық тәмийинлеўге үлгере алмадық. Бир трактор-шының ықтыярында 4—5 механизм болды. Ол жер сүреди, насос айдайды, шигит егеди, культивациялайды, пахта тереди ҳәм басқа да толып атырған жумысларды ислейди.

Мен өз дәўиримде нызамсыз болса да сүрим тракторын айдаўшыларға 70 манаттан айлық төлеттим. Ол ўақыттағы 70 манат, ҳәзирги 7—10 мың сомға тең еди[1]. Буған «Совхозлар трести» қарсы болды, бирақ оларды исендирдим, көндирдим. Ақыры, пахта егисинен баслап гүзде егисти жыйнап алғанға шекем күнди-күн, түнди-түн демей, ала бурқан шаңның астында мийнет ислеп жүрген азаматларға 70 манат төлеўге болмас па еди?! Әлбетте, болады. Мийнет адамларын алдап ямаса қорқытып жумсаўға болмайды. Оларды ҳүрметлеў, тамағын тойдырыў, үстин пүтинлеў, мийнетине қарай ис ҳақысын бериў орынлы ис ғой.

Өзимизге тийисли минерал төгинлерди, аўыл хожалық техникаларын, әсбап-үскенелерди жыл басында алып келиўге ҳәм ремонт жумысларын ерте тамамлаўға еристик. Нәтийжеде, егисти өз мүддетинде питкеретугын болдық. Колхозлар менен совхозлардағы қыйтақ атызлар тегисленип, ишинде тракторлар еркин ислей алатуғын 5—8 гектарлық көлемлер пайда болды. Усыған ылайықлы олардың суў жоллары кеңейтилди, тазартылды, дренажлары алынды. Пахташылықтағы бурынғы бизге жат агротехниканы өзгертип, дийқанларға еркинлик бердик. Хорезмли пахтакешлердиң, соң Төрткүлли пахта усталарының ис тәжирийбелерин атыз басларына барып үйрендик. Қайсы районда қандай жақсы ис болса, сол жаққа басшыларды, қәнигелерди, хожалықлардың басшыларын жыйнап апарып, семинар-кеңес өткерип, алдынғы ис усылларын ҳәммеге үйретиўди әдетке айландырдық. Бурынғы колхоз, совхоз районларға бир неше айлап ўәкил жибериў деген ис усылды өзгерттик. Соннан кейин пахта, салы, басқа да егинлердиң тәрбиясы ўақтында жанды себил етип, қайсы район, қайсы хожалық болмасын, олардың атызларын, мал фермаларын азанғы саат 5 тен кешки саат 9 ға шекем көзден өткериў, қандай кемшиликлер бар, соны анықлаў ушын областлық партия комитетиниң көшпели бюросын өткериўди шөлкемлестирдик.

Тексериў жумысларына обком бюросының, республика хүкиметиниң ағзалары, министрликлердиң басшылары, аўыл хожалығы,

[1] Бул баҳа 1995-жыллар өлшеми менен алынған.

суў хожалығы, сельхозтехника ҳәм басқа да аўыл хожалық мәкемелеринде ислеўши кәнигелер қатнасты. Тексериўшилер бир неше топарға бөлинип, ҳәр районда үш күн болатуғын еди. Онда пахташылықты мен өзим басқарған, салыны Х. Маткаримов, мал фермалары менен от-жемлик егинлерди М. Кинбаев, овощь, палыз, мийўелерди Ж. Жийемуратов басқарған топарлар көзден өткерди. Тексерилмеген, көзден өткерилмеген бир де атыз ҳәм мал фермасы қалмайтуғын еди. Тексериўде жағдайдың жақсы-жаманы толық айтылады. Әсиресе, егинге тәрбия бериў дәўиринде артта қалыўшылық, агротехниканы бузыў, зооветтехникалық тәртипти бузыўшылық көшпели бюро мәжилисинде, тексериўши топарлар басшыларының баянатларында толық айтылып, оны дүзетиў ушын не ис ислеў керек, қандай жәрдемге мүтәж, мине усы сыяқлы мәселелерди қарадық. Көшпели бюро мәжилисин июнь, июль, август айларында ҳәр районда жылына үш мәртебе өткерип турдық. Мен өзим азанғы саат 5 тен аяғыма етик кийип, атыз аралап, фермаларды көрип жүрдим. Көпшилик бригадирлердиң, бөлим баслықларының атын ядқа билетуғын едим. Мениң усындай себил болып жүргенимди көрген республика, район, хожалық басшылары да маған уқсап ел тәғдири ушын жан күйдирип иследи. Солай етип, жылдан жылға бизде де дийқаншылықтың мәденияты бираз көтерилди. Халық хожалығында жанланыў сезиле баслады.

1964-жылы ҳеш көрилмеген аўыр карадрина жылы болды. Жазы менен барлық күш карадринаға қарсы гүреске жумсалды. Оғада көп муғдарда зәҳәрли химикат себилди. Зүрәәтти аман сақлап қалдық. Көп жыллар орынланбаған пахта жобасы сол жылы биринши мәртебе орынланды. Бул республикамыздың 40 жыллық юбилейине таярлаған саўғамыз болды. Юбилей мерекесине мийнет жеңисиниң байрамы қосылып, үлкемиз үлкен шадлыққа бөленди, юбилей қос байрам болып өткерилди.

1964-жылы 24-ноябрьде Автономиялы Республикамыздың дүзилгенине 40 жыл толыўына байланыслы юбилей мерекеси өткерилди. Юбилейге Ш. Рашидов ӨзКП Орайлық Комитетиниң бир қанша ағзалары менен келип қатнасты. Сондай-ақ, юбилейге Қазақстаннан ҚазКП Орайлық Комитетиниң секретары Жәнибеков, Тәжикстан Жоқарғы Совет Президиумы Баслығының биринши орынбасары Н. Зарипова, Қырғызстаннан Министрлер Совети Баслығының орынбасары С. Бегматова, Түркменстан Жоқарғы Совет

Президиумының Баслығы А. Қлычев қатнасты. Отаўлар тиктирип, ат шаптырып, гүрес туттырып, тойды есте қаларлықтай етип өткердик.

Сол жылы Шараф Рашидовқа бизиң республикада район аймақларының бир-биринен алыслығын, басқарыўдағы үлгермеўшиликлерди ҳәм басқа да қыйыншылықларды айтып, ири районларды бөлип, бурынғы қәлпине келтириўге келисим алдым. Соннан кейин Төрткүл, Беруний районы болып екиге, Хожели, Қоңырат, Шоманай районы болып үшке, Шымбай, Тахтакөпир районы болып екиге бөлинди. Соң Қараөзек, Нөкис, Бозатаў, Ленинабад районларын дүздик. Районларды ықшамлап, бурынғы қәлпине келтириўдиң арқасында райком менен райаткомның дийқаншылыққа ҳәм мал шаруашылығына басшылығы бурынғыдан гөре әдеўир оңайласты. Сондай-ақ, республикамызда бурынғы ҳәдден тыс үлкен колхоз, совхозлар жер-суў ҳәм орналасыў аўҳалларына қарап, басқарыўға қолайлы етип қайта қурылды. Совхозлардағы бөлимлер қайта тикленди, бригадалар 100—125 гектар пахта жер көлеминде дүзилди, бригадаларға табельщиклер қайтадан берилди. Елди басқарыў бойынша өткерилген өзгерислер тезден өзиниң жақсы нәтийжесин берди. 1963-жылға қарағанда 1964-жылы 13 мың тонна, 1965-жылы 47 мың тонна, ал 1966-жылы 76 мың тонна пахта көп алынды.

1965—66-жыллары бизиң республикамыз Өзбекистанда биринширлер қатарында пахта тапсырыў жобасын орынлағандағы халқымыздың қуўанышы айрықша еди. Адамлардың ислесе табыс болатуғынлығына исеними күннен-күнге артты.

Пахта жобасын орынлаған районларға барып, хожалықлардағы бригадирлерге шекем жыйнап, салтанатлы жыйналыс өткерип, областлық партия комитетиниң, республика Жоқарғы Совети менен Министрлер Советиниң атынан қутлықлап, алдынғы хожалық, бригада баслықларына баҳалы сыйлықлар тапсырдық. Жыл ақырында қосымша ҳақысы менен байрақ ақшасын банк баслықларына айтып, жылды жуўмақлаған жыйналысларында бергизгеннен кейин бурын ақшалай дарамат алмаған колхозшылар, совхоз рабочийлары ертеңги күнине толық исенди, қызығыўшылығы артып, бурынғыдан да көбирек ҳәм сапалы ислеўге тырысты.

Қарақалпақстан көп миллетли ел. Сонлықтан, миллетлердиң өз ара сыйласығын сақлаўды, ҳәр халықтың ақсақалын таўып, оның иске уқыплы жигитлерин хызметке көтерип, Обкомда, Министрлер Советинде ҳәм министрликлерде барлық халықлардың ўәкил-

лериниң теңбе-теңлик сиясатын жүргизиўди бирдейине көзде туттық. «Бирликли ел азбас» дегендей, халықты қатықтай уйытып, елдиң бирлигин, халықтың тынышлығын қорғаў, елдиң ағаларын сыйлаў, ел дәстүрлерин әлпешлеп, көздиң қарашығындай сақлаў, бир-биреўге ҳүрмет-иззет көрсетиў бизиң дыққат орайымызда болды.

Исте әдиллик болсын деп жөнсиз биреўдиң кеўлине тиймеўге, жөнсиз ақыретлемеўге тырыстым. Жобаны орынлаған искер азаматқа ҳүрмет күшейди, сөзи өтимли, өзи иззетке миясар болды. Насыр ағаның ўақтында ҳәр қыйлы майда себеплер менен 65 басшы хызметкер партиядан өшип кетти, истен азат етилди. Мысалы, бурынғы Куйбышев районындағы Чапаев атындағы колхоз баслығы, ең атақлы пахтакеш, сол елдиң абырайлы ақсақалы Абыл аға квадрат уялап, сым менен пахта екпегени ушын партиядан өширилип, истен босатылды, ҳәттеки жуўапқа тартылды. Мен Абыл ағаны жақсы билер едим. Куйбышев райкомында биринши секретарь болып ислеген дәўиримде бирге ислестик. Ол ақыллы, дийқан адам, елди келе қылды, дүзетти. Оннан өш алыў мақсетинде Махмудов партиядан өширди. Бул әдиллик емес еди. Оны мен өзим сездим, бирақ қолдан келер шара жоқ еди. Абыл аға әдилсизликке шыдам бере алмас еди. Н. Махмудов пенен көп мәртебе айтысқан, сөзинен қайтпаған мәрт адам болды. Ата-бабамыздың «Ҳәр нәрсениң ақырын берсин» дегениндей, елге хызмет еткен Абыл ағаны сыйлап, оған республикалық персоналлық пенсия берилди. Ол қор болған жоқ, ҳүрмет-иззетке ийе болды.

Мен жумыс ислеген дәўирде усындай жөнсизликке, адамның қәдир-қымбатын көзге илмеўшиликке жол қоймадым, ҳеш кимди жазықсыз орнынан босатып, партиядан өширип, жүрегин жаралamадым.

Район, колхоз, совхоз басшыларының проблемалық мәселелерин шешиўден бас тартпадым, қыйыншылықтан қашпадым, машқалалары аўыр жерге өзим барып, жағдайын өз көзим менен көриўди үрдис еттим. Қолымнан келсе басшы хызметкерлердиң ис бабындағы мүтәжин, өтинишин орынлаўға ҳәрекет еттим.

Ел хызметиндеги азаматлардың сөзин жерге тасламадым. Питпейтуғын мәселени питкеремен деп, оларға курғақ ўәде бермедим. Район, республика көлеминде ис питкерген, халықтың ийгилиги ушын жанын пидә еткен азаматларды қоллап-қуўатладым, жақсы ислерин бәрҳама баҳалап турдым. Бул ислер елимиздеги бирликти

күшейтти, биреў-биреўге хүрмет-иззетти асырды. Соның нәтийжесинде бизиң халқымыз пахташылықты алға илгерилетиў бойынша аянбай мийнет етти.

Деген менен, Қарақалпақстанның географиялық жайласыўының өзи-ақ аўыл хожалығы ушын, әсиресе пахташылық ушын көп нақолайшылықларды пайда етер еди. Себеби, бизиң елимиз дүньядағы ең арқа зонада пахта егетуғын регион. Пахташылық менен шуғылланатуғын басқа областлар менен салыстырғанда бәҳәр бизиң жаққа бир ай кеш келеди, ал гүз болса бир ай ерте түседи. Сонлықтан, көп жылларда пахтаның писип жетисиўи ушын зәрүр болған ыссылықты ала алмайды. Оның үстине жаўын-шашынның қыйыншылығы өз алдына. Мәселен, Ташкент областында шиғит егисинен кейин жаўын жаўса пахтакешлер куўанады, себеби, ол жерлерде қатыўаш болмайды, керисинше, жас нәлдиң тамырына жетерли дәрежеде ызғарлық барып, демде атыз нәлге толады. Ал, бизде жаўыннан кейин жер бетинде шеримдей қатыўаш пайда болады. Көпшилик жылларда шигитти қайта егиўден басқа илаж қалмады. Ал қайта егис, биринширен, ўақытты алады, пахта генжелейди, екиншиден, оған жумсалған жанар май да, шигит те, трактордың амортизациясы да, адамлардың мийнети де еки рет жумсалып, ертеңги күни дийқанның қалтасына түсейин деп турған пулдың азайып қалыўына себепши болады, сонлықтан, егисти кешиктирмей өз мүддетинде өткериўди, ғаўаша жер бетине көгерип шығыўдан оның тәрбиясын жақсы шөлкемлестирип, жолдан қалдырмай, азықтан тарықтырмай, культивациялаўды да, суўғарыўды да талабына қарай өткерип, ерте писириўге тырыстық.

Әлбетте, аўыл хожалығының раўажланыўында техника менен минерал төгинлердиң тутқан орны өз алдына. Ал, биз техникадан да, минерал төгинлерден де тарықпадық. Бизиң өтинишимиз бойынша ӨзКП Орайлық Комитети, Өзбекистан Республикасының Министрлер Совети 1972-жылы екинши мәртебе «Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди раўажландырыў» ҳаққында қарар қабыл етти. Бул бизиң халқымызға Өзбекистан басшыларының, айрықша Шараф Рашидовтың көрсеткен үлкен ғамхорлығы еди. Нәтийжеде, биз материаллық-техникалық ресурсларды керегимизше алатуғын болдық.

1960-жыллардың ақыры, 1970-жыллардың басында жылына 700 ге жақын сүрим тракторы, көп санда бульдозер, жер жумсартатуғын 1500 трактор, скрепер, автомобиль ҳәм т.б. техника алып турдық.

1969-жылы СССР Суў хожалығы министри Е. Е. Алексеевский аўқамлық қор есабынан бир жүз елиў Т-100 бульдозер ҳәм скреперди Қарақалпақстан ушын өз алдына бөлип берди.

Өзбекистанға келген Т-100 тракторының ең кеминде 40 процентин бизлер алыўға еристик. Өзбекистанның мәмлекетке салы тапсырыў жобасындағы 40 мың тонна салыны өзимизге жоба етип қосып алып, оның орнына ҳәр жылы қырқ Т-100 бульдозерин алып турдық.

Бир айта кетерлик нәрсе, бизиң республикамыз ушын арнаўлы қарар менен жылма-жыл алыныўы тийис болған техникаларды өз мүддетинде, ҳәтте мүддетинен бурын заводлардан алып қайтыўды да өзлеримиз шөлкемлестирип жүрдик. Өйтпеген жағдайда бизге бөлинген тракторлар ямаса басқа аўыл хожалық әсбап-үскенелери сол жылдың аяғында жиберилиўи мүмкин еди, ал бул жағдайда жер сүриў де, егис те, зүрәәтти жыйнаў да кешеўиллеп қалыўы сөзсиз еди. Сол ушын ҳүкиметтиң техникаларды ажыратып бергени менен қанаатланып жүре берместен, оларды елимизге тезирек әкелип, өндириске қосыў мәселесине үлкен кеўил бөлдик. Бул жумысларды бәржай етиўде көп азаматлар зор хызмет етти.

Москваға ҳәр барған сайын «Союзсельхозтехника»ның баслықларына (дәслепки баслығы А. А. Ежевский, соңғы баслығы Л. Н. Хитрунге) Алымбай Пиримов, соң И. Дощанов пенен бирге кирип, олар менен жақынырақ танысып, досласып, көп мәселелерди олардың алдына қойып өтиниш қылғанбыз. Олар биз айтқан машқалалардың бәрин де унамлы шешип отырды. Усы жерде айтып кетиў орынлы деп есаплайман. Аўқамлық «Союзсельхозтехниканың» Бас басқарма баслығы болып А. Башкирцев деген азамат иследи. Ол бурын Кемерово обкомының секретары болып ислеген адам. Алымбай Пиримов, И. Дощанов ҳәм Р. Досумов оның ең жақын дослары болды, не сораса соны алып турды. Сол себепли запас бөлеклер, резина, аккумулятор, металл, станок ҳәм т.б. бизде жеткиликли болды.

Жер сүриўши Т-4 тракторын шығаратуғын Алтай үлкесиндеги Рубцовск трактор заводына бизиң республикамыздағы қыйыншылықларды көрсетип хат жазып, М. Кинбаев, А. Пиримов, И. Дощанов ҳәм Р. Досумовларды жибердик, он еки айға бөлинген фондты ҳәр жылы биринши майға шекем алып келетуғын едик. Олар завод басшыларынан техникаларды алдын ала жибериўге руқсат алып, басында жатып, он күнде 500—700 ге шекемги жер сүриў тракторын поездға жүклетеди. Сол тракторлар елимизге биринши майға келип

болатуғын еди. Тракторларды жиберген күнлери вагонлардың темир жолда иркиншисиз келиўин А. Федеров бақлап отырды. Еле есимде 1-Май демонстрациясын өткерип, бюро ағзалары менен жаңа ғана тарқаса бергенде Хожели станциясына 600 сүрим тракторы келди деген хабар жетти. Сол жерде М. Кинбаев пенен И. Дощановты Хожелиге жибердим. Тракторларды бир күнде ҳәмме районларға жеткизесең, деп тәртип бердим. Олар Нөкис, Хожели автобазаларындағы ҳәмме автомашиналарды жумсап, ҳәр районға 50—60 тракторды сол күни жеткизип берди. Кейинги тракторды Қараөзек районына түнги саат үште апардық, деп Кинбаев маған түнде телефоннан қоңыраў етти. Ал, Данил Якупов Челябинсктеги заводтың басшылары менен досласып, бизге республиканың ҳәмме системаларына тийисли бульдозерлердиң жыл бойлық фондын январьда-ақ әкелип жеткизип турды. Жигитлердиң усындай искерлиги халқымыздың бахтына, оның келешегине хызмет иследи.

ӨзССР аўыл хожалық министри А. Үркинбаев арқалы ҳәр жылы 20 жеңил автомашина (ГАЗ-69) фондын алып, республикадағы 120 дан көбирек колхоз ҳәм совхозлар басшыларына ҳәр бес жылда бир таза «ат» мингизип турдық. Жетпегенлерине райкомнан босаған, еле тазаға мегзейтуғын автомашина берилди. Ал, райкомның биринши секретары ҳәр жылы таза жеңил автомашина алып турды. Бул мәселелерди шешиўде Е. Айтмуратов екеўимиз басы-қасында болатуғын едик.

Аўыл хожалығындағы зәрүрли машқалалардың алдын алып, тәмийнат мәселелери менен биринши дәрежели жумыс ретинде шуғылландық.

Жанар майды бәрҳа жыл басынан алып келип қояр едик. Сәл таңсықлаў болған жылы Башқуртстан менен Оренбургқа Кинбаев, Чаржаўға Федеров, Ферғанаға Дощанов барып, жанар майлар алып келиў менен жақсы шуғылланды.

Минерал төгинниң де жыл бойлық фондын ғаўаша ғумшалағанға шекем алып келгенбиз. Жобадағыдан зыят төгин болса да, оны өз ўақтында жеткериўдиң ҳәрекетин ислеп турдық. Бир сапары Кинбаев Куйбышев обкомының биринши секретары Муравьевтың дачасында отырып, ҳәмме қосымша берилген төгинлерди жибердим дегени еле есимде.

РесПО баслығы болып ислеген А. Қунназаров, Г. Қурбанов ҳәм РесПО базасының директоры Қ. Дәўлетмуратовлар Москваға барып, ҳәр жылы жобада жоқ 20—22 мың тонна мочевина — ең керекли

төгинди алып келип, колхоз, совхозларға сататуғын еди. Бир гектарға 300 кг мочевина бергенде 70 мың гектарга жетеди. Мочевина берген атыз бир суўғарғандай болып, ғаўаша ҳалласлап өсип, суў талап етпей көзди қуўантады. Суў кемлеў болған жылларда бул төгинниң әҳмийети күшли болды.

Солай етип, ҳәмме басшы хызметкерлер ел ийгилиги ушын хызмет етти. Усындай хызметлердиң нәтийжесинде қубла районлар былай турсын, арқа районларда да 70—80 процент пахта атызында өскин, зүрәәтли, белбуўарға келетуғын бир тегис ғөрекли пахта писип жетисетуғын еди. Ш. Рашидов ҳәр жылы еки мәртебе бизиң республикамызға келип, бойлы пахталарды көрип, ферғанашылардың пахтасынан кем емес деп баҳа берип, өзи шад болар еди.

70-жыллардың ақырларында бизиң республикамызда тек колхозлар менен совхозларда 5231 жер сүриў, 8104 дақылдың қатар арасын ислейтуғын, 2560 жүк тасыў тракторы ҳәм көплеген автомашина болды. Техниканың көплигинен бир тракторшының үйинде үш трактор (сүрим, қатар арасын ислейтуғын, жүк тасыйтуғын) болатуғын еди. Техниканың саны 1960-жыл менен салыстырғанда он есеге көбейди.

Республикамыздың халық хожалығына керекли техникаларды, басқа да әсбап-үскенелерди излеп табыў ушын мен кимлер менен таныспадым, кимге хызмет етпедим, кимлерге жалынып, қол қаўсырып сәлем бермедим. Ташкентке, Москваға сессия ямаса съездлерге шақырылғанымда еки-үш күн алдынырақ барып, республикамыз ушын үлкен әҳмийети бар мәселелерди шешиў ушын онлаған ири басшыларға киретуғын едим. Дем алысқа курортларға барғанда да басқа республикалардың, областьлардың басшылары менен танысып, дастурхан жайып, жақсы сөйлесип, бизиң республикамызға бир куб тахтай алатуғын рети болса, сол адамлар менен досласатуғын едим. Усындай досларым Москвада, Ташкентте, бурынғы совет елиниң ҳәмме областьларында да болды. Танысып, досласыўдан соң оларға жолдаслық хат жазып, адам жиберип, бизиң республиканың мүтәжин айтып, мүмкиншилиги болғанша жәрдем сорайтуғын едим. Усындай жоллар менен вагон-вагон бөрене ағашлар, тахтайлар, техника, минерал төгинлер, жанар майлар ҳәм т.б. келетуғын еди. Әлбетте, бул сол дәўирдиң жағдайында мүмкин болды.

Усындай көплеген досларымның бири Петр Васильевич Дементьев болды. Мен танысқанда П. В. Дементьев СССРдың авиация

санааты министри еди. Ол жумысын урыстан бурын авиация заводларында ислеўден баслап, 1941-жылы СССР авиация санааты министрлигинде дәслеп министрдиң орынбасары, кейнинен министр болып ислеп, урыс жылларында СССР самолёт ислеп шығарыў өндирисине басшылық еткен, Сталинниң тәрбиясын алған үлкен басшы. Ол Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, инженерлик әскерлердиң генерал-лейтенаты, Мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты. Бул адамлар ашшы менен душшыны көрген, өзиниң билимин, күш-қуўатын, барлық өмирин СССРдың авиация бойынша дүньяда биринширлер қатарында болыўы ушын жумсаған адам. Бундай уллы адамлар турмыста ҳеш нәрсеге зәрүр болмайды. Олар республикамыздың мүтәжин түсиндирип, жүрегимизди ашып сөйлесип, бир-еки аўыз хошамет сөзлер айтыў менен биз ағайин, яр-дос болдық. Дементьевтиң жәрдеми менен авиация заводларында ислетилген, олар гөне деп тапқан станокларды ҳәр жылы 15—20 данадан, барлығы 70—80 дей станок алып, колхоз, совхозлардың устаханаларына қурғызып бердим. Бул станоклар оларға гөне көрингени менен бизиң хожалықларымыз ушын оғада жарамлы еди. Фонд бойынша алынған таза станоклар ҳәм Дементьевтиң жәрдеминде алынған станоклар менен барлық колхоз, совхоз устаханалары үскенеленди. Ойлап қарасаң, станокларсыз не ислеў мүмкин. Сол станоклардың жәрдеминде автомашина, трактор ремонтлары сапалы өткерилип турды. Тез арада колхоз, совхозлардың ҳәммесинде заманагөй устаханалар салынды, техникалық база дүзилди, дән, минерал төгинлерди сақлайтуғын складлар, сүт-товар фермалары салынды. Хожалықлардың орайына орта мектеп, бала-бақшалар, монша, клуб, турақ жайлар салынып, кишкене қала пишининде мәдений орайлар пайда болды. Мен обкомның биринши секретары болып ислеген ўақытта тәмийнат мәселесин биринши дәрежели ис деп қарап, оның менен өзим шуғылланып, басшылық еттим. Ақыры, халықтың керегин таўып бериўден артық хызмет болыўы мүмкин емес.

Ата-бабалырым айтқан ғой, «Быламықты май келтиреди», деп. Қалтаңда пулың аз болса, шанашыңда уның аз болады, қазаның толып қайнамайды, қарның тоймайды. Қалтаңда пул, шанашыңда ун болыўы ушын не ислеў керек? Сол ўақыттың шараятына ылайық экономиканың жетекши тараўы есапланған пахташылықты раўажландырыўды биринши ғезектеги ўазыйпа етип қойып, қолымызда бар ресурсларды, халықтың күш-ғайратын мине усы ўазыйпаны

орынлаўға бағдарладық. Оның үстине, елдеги сиясат бойынша Өзбекистан СССРдың пахтадан ғәрезсизлигин тәмийинлейтуғын тийкарғы республика болып есапланды. Бул сиясатты Рашидов ямаса Камалов ойлап тапқан жоқ. Бул сиясат Брежневтың тусында да, Хрущевтың, ҳәтте Сталинниң дәўиринде де ҳүким сүрди. СССРда экономикалық районластырыўдың тәртиби исленип шығылған. Онда қайсы районлар дән береди, қайсылар гөш, май, картофель т.б. беретуғыны жобаластырылған. Ҳәмме сол бойынша жумыс иследи. Соның ушын, Өзбекистанның, оның бир үлкеси болған Қарақалпақстанның тийкарғы кәсиби пахташылық болды. Сол себепли нан да, кийим-кеншек те пахтаның арқасында бизге алып келинер еди.

Алдынғы жыллары СССРдың пахтадан ғәрезсизлиғин тәмийинлеў ўазыйпа қойылған болса, кейин ала пахта СССРдың сыртқа шығаратуғын тийкарғы өними ҳәм СССРдың ири қалаларындағы халықларды жумыс пенен тәмийинлеўши, әскерий ислерге керекли, халықтың тутыныўы ушын көп түрли затлар ислеп шығаратуғын егинге айналды. Пахташылықтағы артта қалыўшылық сиясий терминлер менен қараланды.

СССР ҳүкиметиниң қарарлары менен Өзбекистанның халқы мәмлекетке сатқан бир тонна пахтасы ушын қанша ақша, дән, гөш, сары май ҳәм т.б. алатуғыны белгиленип қойылды. Сонлықтан, бир-бирине экономикалық жип пенен байланған пахтаны көп жетистирсең ақшалай табыс көбейеди, алатуғын дән, ақ бийдайдың уны көп болады, басқа да затлар менен дүканларымыз толар еди. Сол ушын да бизлерде ҳәмме күш пахтаға жумсалып, «пахта халықтың ар-намысы, наны» деген уранлар көп болды. Усы уранлар астында пахтаны жылдан-жылға көп таярлаў ушын, Қарақалпақстанның экономикасын көтериў, халықтың турмысын абаданластырыў ҳәм ақыр аяғында туўылған жеримиздиң абырай-данқын көтериў ушын атадан балаға шекем уллы аўызбиршилик пенен жәўлан урып мийнет еттик. Областлық партия комитетиниң бюро ағзалары, районлардың, колхозлар менен совхозлардың басшылары, ел ағалары өрнек көрсетип, күни-түни атызларда халық арасында жүргенимиз, алдынғылардың ис усылларын жатлықпай нәсиятлап, бир-биреўден үйренгенимиз, пүткил Қарақалпақстан дийқанлары, мектеп оқыўшылары сыяқлы мол зүрәәт алыўдың жолларын яд қылып алып, әмелий ис жүзине асырыў ушын ғалаба ат салысқанымыз ҳаққында мен жоқарыда айтып өткен едим.

Бул уллы атланыслар өз нәтийжелерин берди. Бизлер Қарақалпақстанға басшылық еткен 21 жылдан аслам ўақыт ишинде тек 3 жыл ғана мәмлекетлик пахта жобасы орынланбай қалды. Бул — қыс оғада қатты келген 1963-жылы, Берунийди суў алған 1969-жыл ҳәм ҳаўа райы нақолай келген 1978-жыллар еди. Қалған он сегиз жылдың ҳәммесинде пахта таярлаўдың жобасын зыяты менен орынлап, халқымыз ақ жүзли абырайлы болды. Ел басшыларының жүзи жарқын болып, Ташкенттеги өткерилетуғын үлкен әнжуманларда бурынғы «кептерхана»ның орнына Қарақалпақстан ўәкиллериниң орны биринши қатарлардан көрсетилип қойылатуғын болды.

Пахта жобасы артығы менен орынланған жыллардың ишинде 1968-жылы пахта сондай өсип раўажланды, теримге 6-сентябрьде кирисип, 22-октябрьде Өзбекистанда биринши болып пахта тапсырыў жобасын орынладық. Жобаны 46 жумыс күнинде, орташа ҳәр күни 2,2 процентten пахта сатып орынладық. Пахта тапсырыўдың әйне қызған күнлери колхоз, совхозлардың өзиндеги жүк тасыў көликлери жетиспей қалып, район орайындағы автобазалар менен мәкемелердиң автомашина ҳәм трактор тележкалары пайдаланылды. Мәмлекетке тапсырылған пахтаның улыўма муғдары 301 мың тоннаға жетти, жобаны 125,32 процент етип орынладық. Жобадан 60 мың тонна пахта зыят сатылды. 1970-жылы да сондай зор пахта жетистирилди, октябрь айының биринши он күнлигинде ҳәр күни 4,5—4,7 процентten пахта тапсырылды. Қарақалпақстан тарийхында биринши мәртебе пахта таярлаў жобасы октябрь айының он төртинде орынланды. Улыўма пахта өними 335 мың тоннаға жетип, жоба 133,83 процент орынланды.

«Елиң абат болсын, еки тойың қабат болсын»,—деген пәтия алғандай, 1974-жылы да пахта қырманын молдан көтердик. Пахта теримине 10-сентябрьде кирисип, 24-октябрьде жобаны орынлап, улыўма өним 371 мың тоннаға, жоба 118 процентке жетти. Зүрәәт байрамы республикамыздың 50 жыллық юбилей тойына араласты. Юбилейди өткериўге ертеден үлкен таярлық жумыслары алып барылды. Тойға саўға ретинде 1—2 мийманхана, театр ҳәм т.б. қурылыслар питкерилди.

Қарақалпақстанның тарийхындағы ең уллы той сол 1974-жылы өткерилди. Тойға Ш. Рашидов басқарған Орайлық Комитеттиң ҳәмме бюро ағзалары, Өзбекистанның барлық областьларынан обкомның биринши секретары басқарған делегациялар келди. Москва қаласының Джержинский райкомының биринши секретары

Аблогин Михаил Алексеевич басқарған, Қызыл Орда обкомының биринши секретары Ийсатай аға Әбдикаримов басқарған, Ташаўыз областынан обкомның биринши секретары Байры Атаев басқарған делегациялар қатнасып, 50 жыллық тойымыз бенен қутлықлады. Оларға бизиң елимиздиң мол пахта, салы қырманын, питкерилген зор курылысларды, агросанаат орынларын көрсеттик. Сондай-ақ, халықтың ақ кеўили менен таярланған мол дастурханын жайдық. Ҳүрметли қонақларымыз бизиң республикамыздың жетискенликлерине кеўиллери толып, миймандослыгымыз ушын рахметлерин айтты.

1979-жылы да пахтакешлеримиз Өзбекистанда биринши болып пахта таярлаў жобасын орынлады. Жобадан зият 69,5 мың тонна пахта сатып, улыўма 448,5 мың тонналық қырман көтердик. Жоба 121,2 процент орынланып, бизлердиң зият тапсырған пахтамыз есабынан Андижан областы бермеген пахтасының орнын қаплады. Сол 1979-жылы Өзбекистанның басқа областьларында пахта төмен болды. Өзбекистан Республикасы пахта жобасын орынламай, бизиң республикамызға Өзбекистаннан көп ўәкиллер келип, еки айлап районларда отырды.

Гейпаралар көп сөйлеп, бизиң пахташылықтағы ерискен табысларымызды бийкарлағысы келди, қосып жазыўлар болған деп насақ сөзлер айтты. Ойлап қараңызлар, биз жобадан зият 69,5 мың тонна пахта жетистирсек, бизге өтирик мағлыўматтың, қосып жазыўдың не кереги болды? Бәлким, айырым хожалықларда қосып жазыўлар бирең-сараң болған шығар, мен буны толық бийкарлағым келмейди. Гейпара басшылар ис қосжақбаслық етип, аўырдың үсти, жеңилдиң асты менен жүрип, жалған абырай-атаққа ийе болғысы келип, сондай насаз жолға түскен болыўы да мүмкин. Бирақ биз районлардың, хожалықлардың басшыларынан өтирик мағлыўмат бериўди талап етпедик. Биз олардан жыйын-теримди жоқары дәрежеде шөлкемлестириўди, туўылған үлкемиздиң абырай-данқы ушын улыўма халықлық гүрестен артта қалмаўды, мәмлекетлик жобаны кешиктирмей орынлаўды талап еттик. Өзлеримиз да жан күйдирип, атыз басларында жүрдик. Республикадағы ушырасқан кемшиликлердиң ҳәммесин басшылардың мойнына аўдарыў инсаптан емес шығар.

Сол 1979-жылы бизиң атызларымызда, әсиресе Шоманай, Қоңырат, Ленинабад (ҳәзирги Қанлыкөл) т.б. районлардың пахта атызларында еле де зүрәәт бар еди. Бирақ жобаны әдеўир арты-

ғы менен орынлағаннан кейин, адамлар атызлардан шығып кеткенликтен, пахта терип тапсырыў ҳаққындағы Өзбекистанның тәртибин орынлаў жүдә қыйынға түсти. Деген менен, ҳәр күни 0,5—0,6 процент пахта тапсырып, Орайлық Комитеттиң де кеўлин алдық. Сол жыллары жаман күнлерге деп резерв сақлайтуғын да едик. 1979-жылы сатылған пахтадан 1980-жылы 132853 тонна пахта талшығы алынды ҳәм СССРдың тоқымашылық фабрикаларына тапсырылды. Бундай пахта талшығы Қарақалпақстанда бурын да, кейин де жетистирилген жоқ.

Бизлер басшылық еткен жигирма бир жылда Қарақалпақстанда 7 млн. 144 мың тонна ямаса орташа ҳәр жылы 340 мың тоннадан пахта жетистирилди. Усы салыстырылған жигирма бир жылда республикада шигитинен тазаланған 2 млн 219 мың тонна пахта талшығы алынып, бурынғы СССРдағы тоқымашылық фабрикаларына тапсырылды. Пахта талшығын алыў 21 жыл ишинде орташа 31,1 процентти қурады.

Есаплап қарағанымызда бизлер ислеген ҳәр бир жылда 105,6 мың тоннадан пахта талшығы шығарылып сатылған, бул 1963-жылғыдан ҳәр жылы орташа 31,8 мың тоннадан көбейип барған, яғный пахта талшығы 43 процент көп алынып, елимиздиң байлығын, экономикасын көтериўге қосқан үлесимиз болды.

Пахташылықта қайсы 5 жыллықларда қандай жумыслар ислегенин төмендеги кестеден көриўге болады. Егер 1963-жылы бизиң республикамыз 213 мың тонна пахта жетистирген болса, соңғы жыллардағы көрсеткиш төмендегише:

Жыллар	Усы жылларда жетистирилген (мың тонна)	Орташа 1 жылда (мың тонна)	1961-ж. ға қарағанда өсими (процент)	Неше жылда
1964—1970	1980	270	126,8	7 жылда
1971—1975	1687,7	337,5	158,6	5 жылда
1976—1980	1953,4	390,6	183,4	5 жылда
1981—1984	1623,2	405,8	190,5	4 жылда

Кейинги жылларда республикамызда салыгершилик пенен бир қатарда пахташылық та теппе-тең раўажланып барды. Тахтакөпир, Қоңырат, Нөкис, Ленинабад (Қанлыкөл), Қараөзек районларының бурынғы пахташылық совхозларының көпшилиги салы жетистириўге өткерилгеннен кейин де, пахта жетистириў пәсейген жоқ, ол ушын қосымша мүмкиншиликлер иске қосылды. Төрткүл, Беру-

ний районларында мың жыллап партаў, бос жатқан Елликқала, Жамбасқала, Қырққыз жерлери ашылды. Тазадан ашылған жерлер есабынан Елликқала районы дүзилди. Пахташылық пенен қубла районлар, салыгершилик пенен арқа районлар шуғылланды, ал қара маллар ушын Бозатаў, Мойнақ районлары, қаракөлшилик совхозлары ашылды.

Елликқала массиви — бурынғы ата-баба дийқаншылық еткен жерлер. Биз усы жерлерди өзлестириўди бурыннан ҳәўес етип келдик. Бирақ күшимиз жетпеди. Усы мақсет пенен Елликқала массивине ГАЗ-69 автомашинасы менен барып, батып қалып, зорға қайтып келген ўақытларымыз да болды.

1972-жылы жазда мен, Қасым Нурымбетов, Нарбай Қурбанбаев үшеўимиз Шараф Рашидовты вертолет пенен сол жерге апардық ҳәм усы массивти өзлестириў ҳаққында өтиниш еттик. Бул мақсетимизди Шараф Рашидов мақуллады, ақ пәтиясын берди. Арадан еки күн өткен соң сол ўақыттағы ӨзССР Суў хожалығы министри Салийжан Мамарасулов Ташкенттен жетип келди. Ол киси хәмме жерлерди көрип, «ЮгККводстрой» трестин шөлкемлестириўге ҳәм Елликқала массивин ашыўға қарар еттик. Сол жылы Төрткүл районы өз жағынан, Беруний районындағы «Өзбекистанның қырқ жыллығы» совхозы екинши жағынан бир-бирине қарай жол қурыўды баслады. Көп техника, транспорт бөлип шығарылды. Райкомның екинши секретарьларының басшылығында ҳәр район өз штабын дүзди. Январь айына тас төселген жол екеўи қосылып таяр болды. Солай етип, 1973-жылы қыстан баслап Елликқалада төрт совхоз (еки совхоз Төрткүл районының, еки совхоз Беруний районының есабынан) ашылды.

Төрткүлде Сарибий, Берунийде Қылшынақ ең халқы көп ел. Сол еки елдиң үсти менен асфальт жолды Елликқалаға туўры тартыў мәселеси тез шешилди. Себеби, Елликқалада район дүзиўде халқы тығыз Сарыбий, Қылшынақ еллери базаға айланыўы көзде тутылған еди.

Өзбекистан Республикасының суў хожалығы министри Салийжан Мамарасулов Елликқаланың жерин өзлестириўге керекли бульдозер, экскаватор, скрепер ҳәм автомашиналарды 1973-жылдың биринши кварталында жеткерип берди. Қатты ҳүжим басланды. Шөлқуўарлар қаҳарманларша мийнет етти. Нәтийжеде, Елликқалада пахта егиў 1973-жылдың өзинде-ақ басланды. Ең атақлы пахта усталары Искендер Алламбергенов, Социалистлик Мийнеттиң

Қаҳарманы Нарбай Розумбетов ҳәм т.б. атақлы пахтакешлер Елликқалаға жоллама алып, шөлкуўар болып келди. Искендер Алламбергенов Елликқалада адам бойлы пахта өсирип, Мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды. Усындай атақлы пахта усталары Елликқала шөлиниң абыройын көтерди, бир-еки жылдың ишинде аўылдағыдан да зор пахта дөретти.

1974-жылы Ш. Рашидов Елликқалаға келип, Нарбай Розумбетов пахта еккен жерден он төрт шигитли пахта қанасын таўып, естеликке алып кетип, мениң менен Хорезмге барғанда Мәдияр аканың төс қалтасына салып, «мә, көр, Елликқаланың пахтасын» деп, бизиң елимиздиң пахтакешлериниң мийнетин жоқары баҳалады.

Елликқаланы өзлестириўде Қасым Нурымбетов үлкен хызметлер етти. Алымбай Ражапов та көп жумыслар иследи. Елликқаланың сақый жерин гүллендириўде Амин Ҳамраевич Тажиевтиң де мийнети көп.

1976-жылы Елликқала өз алдына район болды. Алымбай Пиримов районлық партия комитетиниң биринши секретары болып сайланды. Елликқала район болып дүзилгенде район шегарасында 37 мың халық жасар еди, ҳәзир 120 мың халық жасайды. Пахта жетистириў еки есе көбейди. Шөлистан гүлистанға айналды. Бүгин Елликқала ең бай, ең жас, ең талўаслы, раўажланыў келешеги күшли район.

Егер усы жерлер өзлестирилип, район дүзилмегенде, халықтың тез көбейиўи себепли Сарыбийдеги, Қылшынақтағы жерлер жай салыўға, үй қапталы участкасына да жетпей қалып, күн көриў қыйынласар еди. Елдиң келешеги буннан 20—25 жыл бурын ойлап шешилиўи мақтаныўға турарлық ўақыя болып есапланады. Еле де Елликқаланың 10—15 мың гектар жер ашыў мүмкиншилиги бар.

Сол сыяқлы Төрткүлде 6 совхоз ашылып, Жамбасқала массивине ҳүжим басланды. «СредАзирсовхозстрой»дың начальниги Н. Р. Ҳамраев Төркүлге Ш. Рашидовтың тапсырыўы бойынша келип, жерлерди көрип, 1976-жылы январь айында Төрткүлде қонақ болып, сол жылғы «ГлавсредАзирсовхозстрой»дың алатуғын техникасының 65 процентин тек ғана Жамбасқаланы ашыў максетинде бериў туўралы буйрық берди. Бул техниканы сол буйрық пенен шөлкемлестирилген Төркүлдеги «Целинхлопокстрой» қурылыс трестине бериў уйғарылды. Буйрыққа ол Төрткүлде Қасым Нурымбетов екеўимиздиң көзимизше қол қойып, Ш. Рашидовқа телефон арқалы қоңыраў етип, шешилген мәселени баян етти.

Жамбасқаланың жерлери Елликқаладағыдан да күшли, бурынғы егислик жерлер, Жаңадәрьяның аңғары. Егер суў менен тәмийинлеў мәселеси шешилсе, ол массив үлкен пахта базасына айналады. Мен бул массивке де бир пахта районын дүзиўди нәзерде тутып жүрер едим. Сол мақсетте барлық коммуникациясын, электр линиясын, суў тармақларын, газды, асфальтланған жолды ертеде-ақ Жамбасқала массивиниң орайына апарып, еки жағынан, Төрткүл қаласы хәм Қырққыз совхозына шығатуғын жол менен тутастырғанбыз.

Жамбасқаланы өзлестириўге атақлы пахтакеш, 30 жыл колхозға баслық болған Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Мәтназар ага Машарипов звено баслығы болып барды. Сая жоқ, ыссыда күйип-писип пахта егип, 70 жасқа шыққанына қарамастан, ерлик көрсетти. Бул аўҳалды көрип мен «Целинхлопокстрой» трестиниң баслығына 5 айда Матназар ағаға тас гербиштен жай салып бериўди тапсырдым. Жай салып берди. Хызметтиң рәҳәти болыўы керек. Усы Елликқала, Жамбасқаланы өзлестириўши азаматлардың хызметин умытыўға бола ма?

Жамбасқалада Орынбай Матнепесов көп хызмет етти. Сондай-ақ, сол жыллары Хожелиде Қумжыққын, Кегейлиде Қуўанышжарма, Шымбайда Бозатаў массивлери ашылды, совхозлар дүзилди, пахта егилди. Ол күнлери бизлердиң ҳәммемизде ҳәр күни жаңа пикирлер туўар еди, жаңа резервлерди излеп, ис пенен бәнт болдық. Усы ислеген хызметлер заяға кетпеди, өз нәтийжелерин берди, халқымыздың толы дастурханы, жақсы ийгилиги ушын еледе жемисли нәтийжелер бермекте.

* * *

Қарақалпақстанда егислик жер майданы жылдан-жылға кеңейтилгенликтен, аўыл хожалығын техникалар, мәдений төгинлер хәм басқа да керек-жарақлар менен тәмийинлей отырып, суўландырыў мәселелерин табыслы шешиў иси менен де қатты шуғылландық. Усы жерде мен хожалықтың бул тараўында исленген жумысларға бираз токтап өтпекшимен.

Суў — тиришиликтиң арқаўы — негизи. Суў жок жерде адам жасаў түўе, өсимлик те өспейди.

Ертеректе ата-бабамыз аўылы жаптың аяғында жайласқан адамға қызын күйеўге бериўге қыйналған, рети келсе бермеген. Себеби, жаптың аяғында отырған хожалыққа бәрҳама суў жетиспейди, ол

егинди өз ўақтында еге алмайды, ишип-жеўге дәни болмайды, гей жыллары ашлыққа да дуўшар болады. Қулласы, сол хожалыққа түскен қыз қатарынан кемлеў болады, деген пикирде болған. Оның үстине қысы менен қазыўға барып, зилдей тоңды көтериў қыз балаға жүдә нақолай ис екенлиги мәлим. Қазыўдың қыйыншылығынан көп жас келиншеклер түсик түсириў кеселине гириптар болған.

Ерте заманда Жаңадәрья өзиниң аңғарын өзгертип, қарақалпақлар посып көшкени мәлим. Буны Жийен Жыраўдың «Посқан ел» поэмасынан билемиз.

Суў мәселеси тек Қарақалпақстанда ғана емес, ал Орайлық Азия ҳәм суўғарып егин егетуғын ҳәмме регионларда неғизги мәселелердиң биринен есапланады.

Әмиўдәрьяның еки жағасына жайласқан Хорезм, Ташаўыз ҳәм Қарақалпақстанды арқа тәрепинен елсиз жатқан Қызылқум даласы ҳәм қубла тәрепинен Қарақум шөлистаны қоршап алған. Әмиўдәрьяның суўы болмағанда, бул областьлардың халқының жасап атырған жерлери шөлистанға айналған болар еди. Бул жақларда жазда ҳаўаның ыссылығы 40—45 градусқа шекем көтериледи. Усындай ыссылар суўғарылып турған бағлы-терекли елдиң ишинде де болады. Адамның ерни кеўип, күн бойына суў ише береди. Соның ушын, бизде суўдың қәдирин атадан балаға шекем биледи.

Елиўинши жыллардың ақырынан баслап Әмиўдәрьяның суўы жылдан-жылға, әсиресе бәҳәр ўақытларында кемейе берди. Ал бәҳәрде, март, апрель айларында егислик жерлердиң шорын жуўыў мақсетинде шайып суўғарылмаса, еккен егиниң көгермейди. Егер де, буннан кешигип суўғарылса егис кешигеди, егинниң өнимлилиги кемейип кетеди, егин писип үлгермейди. Әмиўдәрьяда бар суўдың муғдары усы ўақытларда Тақыятастың тусында секундына 150—200 кубометрден төмен түсип кетти. Қызкеткен ҳәм Ленин каналларына суў шықпай қалды, шықса да жүдә аз муғдарда болды. Бул аўҳал, дийқанларымызды қатты қыйыншылықларға алып келди. Елди суў менен тәмийинлеў машқаласы республика басшыларын көп ойландырды ҳәм тезлетилген қосымша шаралар көриўге мәжбүр етти. Суў каналларға ақпайтуғын болғаннан кейин я посып кетиў, я басқа бир жолын табыў керек болды. Сағасы бәленттен алынған ҳәм дәрья тартылған жылы суўды оғада аз алатуғын Ленин атындағы каналдың сағасына секундына 40 кубометр қосымша суў беретуғын «ФОИТ» насос станциясы қурылды. Бул қурылыс 1961-жылдың гүзинде басланып, 1962-жылы март айында питти ҳәм иске

түсирилди. «ФОИТ» станциясы олжа ретинде, урыс жылларынан кейин Германиядан алып келинип, Шыршық қаласында сақланып турған екен. Станцияның қурылысын Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Совети Баслығының биринши орынбасары Александр Александрович Юриц хеш қайда шықпастан, күни-түни истиң басында отырып, алты айда питкерди. Бундай қурылыстың мүддети норматив бойынша 3 жыл еди. Усыннан баслап, Александр Александровичке обкомның тапсырыўы бойынша суў хожалығына басшылық етиў биротала жүкленди ҳәм бул тараўда пенсияға шығып кеткенше көп жыллар унамлы жумыс иследи.

Александр Александрович мийнетти сүйетуғын, жасынан турмыстың аўыр-жеңилин басынан өткизген, өз жумысына пысық қарайтуғын, денсаўлығы күшли, ғайратлы инженер еди. Өзиниң мийнетин шофёрлықтан баслап, кейин институтты питкерип, текстиль фабрикаларда жай инженер болып ислеген. Қарақалпақстанның суў хожалығының раўажланыўында ол көп хызмет иследи.

1964-жылы республикадағы үлкен Қызкеткен суўғарыў системасына Қаттыағар насос станциясын қурыў туўралы шешимге келдик. «Жыламаған балаға емшек қайда» дегендей, мен бул туўралы май айының ақырында, сол ғездеги Өзбекистан Суў хожалығы министри Салийжан Мамарасуловқа телефоннан қоңыраў еттим. Ол киси маған өзиниң келисимин берди, тез күнде жойбарлаўшыларды жиберди. Арадан бир ярым ай өткен соң жойбарлаўшылар менен бир ўақытта қурылыс жумыслары да басланып кетти. Бул қурылысқа басшылық етиў елемиздиң ақсақалы, бурын Қарақалпақстанның Суў хожалығы министри болған Жүсип аға Мереевке тапсырылды. Қаттыағар насос станциясы алты агрегаттан ибарат болып, ҳәр қайсысы секундына он кубометр суўды он метр бийикликке көтерип шығаратуғын еди.

Жойбардың негизи питкеннен кейин, насос станциясының агрегатларын тезлетип алып кетиў мақсетинде ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши секретары Шараф Рашидов қол қойған хатты алып, мен өзим Александр Юриц пенен сол ғездеги СССР Химия ҳәм нефть машина қурылыс министри Константин Иванович Бреховқа барып, барлық аўҳалымызды айттық. Ол киси бизди жақсы қабыл етип, жобада жоқ болса да насос агрегатларын келеси жылдың биринши кварталында таярлап бериўге ўәде етти ҳәм адамларына тәртип берди. Питкериў мүддети бизди қанаатландырмады. Соннан кейин Александр Юриц буйыртпаларды ўақтынан бурын питкерип алыў ушын мениң тапсырыўыма муўапық Уралгидромаш заводына

барып, рабочий ҳәм инженер хызметкерлер менен танысып, оларға балық, қаўын ҳәм ҳәр түрли мийўелер берип қызықтырып, дослықты беккемледи. Олар өз ўәдесинен шығып, жумыстан тыс ўақытлары да ислеп, үш ай ишинде питкерип, 1965-жылы январь айында бизге 6 агрегатты жүклеп жиберди.

Солай етип, насослар келип түскеннен кейин республикада барлық керекли күшлерди, материаллық ресурсларды топлап, насос станциясының қурылысын март айында питкерип, Қызкеткен каналына қосымша суў берилди. 1965-жылы апрель айында бул станцияны Шараф Рашидовтың өзи келип көрди. Сегиз метр төмендеги дәрьядан секундына 60 кубометр суўды бурқыратып шығарып турған агрегатларды көрип, «атаңызға рахмет»,—деп мениң аркамнан қақты. Сол ўақытта Қызкеткен каналының сағасынан өз аяғы менен бир тамшы да суў ақпай турған еди.

Енди гезек Ленин каналы болды. Буның аяғында жайласқан Шоманай, Қоңырат районларына бәҳәр айларында суў жетпей, егис кешигип қалатуғын еди. Бул мәселе бизди көп ойландырды. Ленин каналын реконструкциялап, кеңейтип, қосымша суў қосыў мүмкин емес. Себеби, бул канал, топырақтан қашы үйип қурылған болып, еки қапталындағы топырақ алынған жерде изей суў жататуғын еди. Усының себебинен бул каналға қосымша суў бериў ушын Әмиўдәрьяның «Есберген шығанақ» деген жерине ҳәр қайсысы секундына 300—350 литр суў шығаратуғын 50—60 дана майда насослар қуратуғын болдық. Бул үлкен машақатлы ис екени мәлим.

1964-жылы мен март айының ақырында Қоңырат районына барып, суўғарылған жерлерди көрип, Қоңырат райкомының биринши секретары Қурбанбай Әбдиров ҳәм «Қоңыратводстрой» трестиниң басқарыўшысы Саўқым Жаманқараев пенен «Есберген шығанақ»қа келдик. Бул жерде аўыл хожалығы министриниң орынбасары Федор Иванович Криничный жаңағы майда насослардан суў шығартып атыр екен. Суў дәрьяның ултанында болғаны ушын насослар секундына 100 литрдей ғана суўды 10 метр бәлентликке зорға шығарып тур екен. Бул суўлар Ленин каналына жуғым да болмас еди. Соннан шығып Ленин каналының сағасына қарай жол алдық. «Беғжап» деген жерге келген гезде Саўқым Жаманқараев маған қарап: «Ақсақал, тап усы жерге 60 кубометр суў беретуғын насос станциясын қурайық»,—деп усыныс етти. Бул усынысты мақул деп таптым ҳәм сол күни Нөкиске келип, Салийжан Мамарасуловқа телефоннан қоңыраў қылдым. Ол киси де буны мақуллады ҳәм тез

арада жойбарлаўшыларды жиберди. Жойбар еки айда питкеннен кейин, қурылыс жумысларын басладық. Бурынғы усыл менен А.А.Юрицти ҳәм Саўқым Жаманқараевты тағы да Уралгидромаш заводына жибердик. Олар усы насостың агрегатларын төртинши кварталда жиберилетуғын етип қайтты. Солай етип, Уралгидромаш заводының хызметкерлери менен дослығымызды күшейттик. Олар ўәдесинен шығып, айтқан ўақтында насосларды жүклетти. Бул насос станциясының қурылысын да ақсақалымыз Жүсип аға Мереевке тапсырдық. Ол жаңа ғана Қаттыағар насос станциясының қурылысын питкерген еди. Бул гезде ол киси 65 жаста болса да, бирақ қуўатлы, жас жигиттей күни-түни ислей беретуғын, тәжирийбели адам еди. Қарақалпақстанда суў хожалығы қурылысына Жүсип ағаның синирген хызмети үлкен. Ол киси усы Қызкеткен, Ленин ҳәм де Пахтаарна суўғарыў системаларын қурыўда, инженерлик қурылмаларды салыўда 1930-жыллардан баслап қатнасты ҳәм басқарып келди. Қурылысқа «Қоңыратводстрой» трестиниң қурылыс мәкемелери ҳәм басқа да мәкемелер қатнасты. Узынлығы 10 километрлик асфальт жол қурылып, 110 киловаттлық электр линиясы тартылды. Алты агрегаты суўды жети метрге дейин көтерип беретуғын бул станцияның қурылыс жумыслары қанша аўыр болыўына қарамастан 1966-жылдың март айында, өз ўақтында питти ҳәм иске түсти. Солай етип, Шоманай, Қоңырат, Ленинабад районлары толығы менен суў там-тарыслығынан қутылды.

Әмиўдәрьяның тентеклигинен Беруний районына суў берип турған Бозжап каналын ҳәм Елликқалаға суў берип турған Амирабад каналын дегиш алып кетти. Беруний ҳәм Елликқала районларының суўсыз қалыў қәўпи туўды. Бул районларды суў менен тәмийинлеў ушын мен СССР Суў хожалығы министри Евгений Евгеньевич Алексеевскийдиң алдына бардым ҳәм жағдайды түсиндирип айтып, насослар сорадым. Бизди тыңлап аўҳалды түсингеннен кейин, сол гезде Чехословакияда шығып турған, суўда қалқып жүрип суў шығаратуғын ПНС–7,5 маркалы, жанар май менен ислейтуғын насосларды аўқамның бюджети есабынан сатып алыўға келисим берди. Юрицти Чехословакия елшиханасы арқалы дәрҳал заводқа жибердик. Дәслеп 8 насос келип түсти. Бул насослардың саны соңғылықта 18 ге жетти. Олардың ҳәр қайсысы секундына 7,5 кубометр суў шығаратуғын қуўатқа ийе. Бул насослар суўда жүзип жүрип ислейди, электр линиясы бармаған жерлерге де қура бериўге қолайлы. Әмиўдәрьяның қәлеген жерине бара беретуғын болған

соң, суў мол жыллары жаз айларында мал шарўашылығына суў бериў ушын да пайдаландық. Гейпара хожалықлардың бөлинип қалған жерлерине суў бериў ушын суўда қалқып туратуғын жүзлеген «Астрахань» насослары да алып келинди. Солай етип, егис майданларын суў менен тәмийинлеў мәселеси толығы менен болмаса да недәўир жақсы шешилди. Бул ислер жазыўға, айтыўға аңсат, насосларды таўып әкелип қурыў, жол салыў, ЛЭП қурыў, 10 метр тереңликте насостың астына фундамент қуйыў, насосларды монтажлаў, жыйнаў, оларға кадр таярлаў ислери аңсат емес. Бул ислер көп күшти, материаллық ресурсты, шөлкемлестириў уқыбын талап етти. Бул объектлерге ҳәр еки күнде өзим барып, ислеген ислер менен танысып, шешилмей атырған проблемаларын шешип берип турдым. Телефон арқалы ҳәр күни хабарласып, жағдайды билип жүрдим.

1965-жылдан баслап Әмиўдәрьяда март айларында суў дым азайып кетти. Тақыятастың тусына суў келмейтугын болды. Дийқаншылықтың талап етиўи бойынша, жерди шайып суўғарыў 20—25 күнниң ишинде—март, апрель айларында питиўи керек, ал оған жетерли суў каналларда жоқ. Бул жағдай Әмиўдәрьяға бөгет басыў арқалы келген суўды иркип, каналларға аяқтан ағатуғын етиўге мәжбүр етти. Егер де бөгет болмаса, суў жетпей, ўақтында егин еге алмай қалыў қәўпи болды. Солай етип, биз 1966-жылдан баслап, Тақыятас плотинасы питкенше, яғный 1974-жылға дейин Әмиўдәрьяны жети рет байладық. Ҳәр байлағанда суў 1—1,5 ай иркилди ҳәм каналлар қәлегенше суў алды. Бөгет Қызкеткен каналының сағасындағы тарнаўдан 70 метр төменде болды. Бул жерде дәрьяның ени 840 метр. Ҳәр жылы бөгет басыў ушын республиканың арқа районларынан, ПМК лардан, қурылыс мәкемелеринен, колхоз ҳәм совхозлардан басқа жумысларды тоқтатып, 300 ден 400 ге шекем бульдозер, скрепер, экскаватор, жүк автомашиналары үлкен күш пенен трайлерде ГАИдиң басшылығында жыйналып, Қаратаўдан тас әкелип, неше жүз миллион кубометр топырақ қазып, бир-еки айдан көбирек жумыс ислейтуғын еди. Әмиўдәрьяға узыны 840 метрлик, бийиклиги 10 метрлик, ултанының ени 100 метрлик, ал үстиниң ени 20 метрлик, қулласы Әмиўдәрьядағы 8—10 метр бийикликтеги суўды иркип турғандай қуўатлыққа ийе бөгет басылатуғын еди. Әмиўдәрьяға бөгет басыў тарийхта болмаған ҳәм оны ҳеш ким ойламаған. Буны турмыс талап етти. Бөгетти көрген адамлар Әмиўдәрьяны да байлаўға болады екен ғой деп, тәўбе қылып кетер

еди. Усы бөгеттиң басында республика көлеминде жыйналыс өткериўге қарар етип, 1966-жылы 31-март күни райкомлардың секретарьлары менен райатком баслықларын, колхоз, совхозлардың, бөлимлердиң баслықларын сол бөгеттиң басына жыйнадық. Жыйналыста қарақалпақ халқының тарийхында суў бәрҳама кем болганын айтып, Жийен жыраўдың «Посқан ел» поэмасындағы:

Көше-көше көштен әрман қалмады,
Суў жағалап белде дәрман қалмады,

—деген қатарларды келтирип «Суў там-тарыслығы бүгин де даўам етип атыр. Көрип турганыңыздай, Әмиўдәрьяға қанша күшлер менен бөгет басылды. Мине, Ленин ҳәм Қызкеткен каналлары толып ағып тур. Бөгетти, енди он бес күндей ғана иркип турыў мүмкин. Соның ушын усы он бес күнде пахта, мәкке, овощь, палыз ҳәм т.б. егилетуғын жерлерди шайып суўғарып, толық қандырыў керек»,— деген ўазыйпалар айтылды. Жыйналыста шығып сөйлеген елдиң жасыўлкенлери Қарақалпақстан басшыларының буныңдай үлкен мийнетине жуўап ретинде көрсетилген мүддетте егислик жерлерди қандырып суўғарыў, пахтаны көбейтиў бойынша жан-тәни менен жумыс ислейтуғынын айтып, ўәдесин берди. Бизиң пахтакешлеримиз сол жылы 289 мың тонна пахта зүрәәтин алып, соннан 35,1 проценттен пахта талшығын мәмлекетке сатты. Егер де усындай бөгет басылмағанда жерди шайып суўғарыў май айының ақырына созылып, ал пахтаның егиси 15—20-июньге шекем созылып, өним 30—40 процентке төменлеп кетер еди. Бөгет ҳәр жылы өзин 10 мәртебеден көп ақлады ҳәм насосларға жумсалатуғын жанар май ҳәм электр қуўаты үнемленди. Көп көллер ҳәм мал жайлаўлары суўландырылды. Бундай бөгет 7 жыл қатарына басылды. Бөгет басыўды Өзбекистаннан жәрдем сорамай-ақ өз күшимиз бенен шөлкемлестирдик.

Әмиўдәрьяның жоқарысында жайласқан ҳәмме областьлар өзиниң аймағынан шыққан изей суўды Әмиўдәрьяға қашырып, суўдың дузлылығы айырым жылларда бәҳәр айларында ҳәр литрде 3—4 граммға дейин жетти. Сонлықтан, бәҳәр айларында Әмиўдәрья коллектор болып ислеп турды. Буның суўынан қайнатылған қара шайға сүт қуйылғанда ол ирип кететуғын болды. Бундай суў менен бәҳәрде суўғарылған жер шорланып, егинди дурыс көгертпейтуғын еди. Жерлер екинши мәртебе дузланып *(вторичное засоление)*, көп жыллар даўамында егистен шығып қалды. Соның ушын да,

биз соңғы жыллардан баслап, арқа районларда жерди шайып суўғарыўды гүз ҳәм қыс айларында өткизиўге мәжбүр болдық. Буның мәнисине түсинбеген адамлар, Камалов ҳәкимшилик етип, гүзде зорлап суўғартып атыр дейтуғын болды. Бул пүткиллей натуўры. Гүзде, қыста жоқарыдағы областьлар дәрьяға изей суўды қашырмайды, суў жүдә душшы болады. Сонлықтан гүз айларында суўдың курамында дуз әдеўир кемейеди. Бизлер қыс ерте түсиўи себепли, жерлерди сүрип, майда атызларды шеллеп суўғарыўға үлгере алмағанлықтан 2—3 гектарлық жерге үлкен шел шаўып, 3—4 рет беретуғын суў нормасын бир рет-ақ берип суўғаратуғын болдық. Солай етип, жердиң дузын душшы суў менен жуўып, ерте егип, тегис нәл, жоқары өним алыўға еристик.

Жоқарыдағы келтирилген фактлерден көрип турсыз, егер суў жоқ деп қол қаўсырып отыра берсек, пахта да, айлық та болмас еди. Ел аш-әптада болып бүлинер еди. Биз қол қаўсырып отырмай илаж иследик, жоқты бар еттик, суўды алыўдың, ерте егиўдиң жолын изледик. Шешимин таптық, тәбияттың зулымлығына халықты гириптар етпедик. Бул үлкен ислердиң қәдир-қымбатын бизиң заманласларымыз жүдә жақсы биледи.

Суўғарыў майданы кеңейген сайын республикамызда жерлердиң мелиоративлик аўҳалы төменлей баслады, себеби ири коллекторлар курылып питпеди. Олардың суўы майда-шүйде ишки көллерге тасланып, жер асты суўлары көтерилип кетти. Соның ушын да, қубла районларда ири коллекторлардан К-1, К-2, К-3, К-4 ҳәм ишки коллекторлар тазадан курылды. Қызкеткен суўғарыў системасының КС-1, КС-2, КС-3, КС-4 коллекторлары ҳәм оның шақапшалары қайтадан, гейбиреўлери тазадан курылды. Булардың суўлары теңизге қуйылатуғын етилди. Ленин суўғарыў системасында Хожели коллекторы, шеп жағалық бас коллекторы, Қоңырат коллекторы ҳәм Алтынкөл коллекторлары курылып, булардың суўлары да Судочье көли арқалы теңизге түсетуғын болды. Барлық колхозлар ҳәм совхозлардың коллекторлары, жаңадан, гейбиреўлери қайтадан курылды.

Усы ирригация ҳәм мелиорация тараўларының курылысында ҳәм оларды пайдаланыўда тек Өзбекистан Суў хожалығы министрлигиниң мәкемелери тәрепинен ҳәр жылы 25—30 млн кубометр топырақ қазыў жумыслары исленетугын еди. Усыншама топырақты илгериде халқымыз қол менен қазды.

Еле есимде, мениң туўылған елимдеги колхозлар Есимөзек каналының аяғында жайласқан еди. Сол жылы 30 шақырымлық каналды

ҳәр жылы қолдан қазатуғын еди. Мен қазыўға урыс жыллары 16 жасымнан баслап, 18 жасыма дейин, яғный институтқа оқыўға кеткенше айырым күнлерде апамның орнына қатнастым. Колхоз аралық каналдың қазыўы ноябрь айының ақырынан басланып, февраль айының ақырына дейин созылады. Кейин март, апрель айында аўылдың ишиндеги жап-салмаларды қазады. Гей жыллары каналлар июль, август айларында да ылайдан көмилип қалған соң ылайлама етип қайтадан қазылады. Бул машақатлы ис халқымыздың диңкесин куртатуғын, елде кеселликти көбейтетуғын еди.

1967-жылға келип колхоз, совхозлар майда салмаларды да механизмлер менен қазатуғын болды. Халық толығы менен бул аўыр жумыстан қутылды. Илгериде Қарақалпақстанда барлығы болып бир экскаватор станциясы бар болса, соңғы гезде 1967-жылдан баслап ҳәр районда бир көшпели механизацияласқан колонна дүзилди. Ҳәр қайсысында 25—30 экскаватор, 40—50 прицепли (бульдозер, скрепер) механизмлер болды. Мен ҳәр жылы қасыма Александр Юрицти ҳәм Саўқым Жаманқараевты алып, Өзбекистан Суў хожалығы министри Салийжан Мамарасуловтың алдына кирип, қосымша механизм алатуғын едим. Ол киси мен туўралы «Қаллибек Камаловичке бир экскаватор беремен десең, өзин суўға таслаўға таяр» деп ҳәзил қылатуғын еди. Не деген менен, де биз ҳәр жылы Өзбекистаннан 30 процент экскаватор, бульдозер, скрепер фондын алып отырдық. Буннан басқа да 1969-жылдан баслап Әмиўдәрьяның суў тасқынын бәнелеп, СССР Суў хожалығы министри Е. Е. Алексеевскийдиң алдына кирип, жүзден аслам Т-100 бульдозерин ҳәм елиў Т-100 скреперин алдық. Буларды әкелиў ушын Данил Якуповты заводларға жиберип, жыл бойына алынатуғын техниканы январь айында-ақ алып турдық.

Солай етип, 1963-жылғы 97 экскаватор орнына суў хожалығында экскаваторлардың саны 1984-жылға келип 800 ге, бульдозерлер 900 ге, скреперлер 200 ге, земнасослар 100 ге жетти. Мине, усы техника халқымызды үлкен азаптан, аўыр мийнеттен толығы менен қутқарды.

Жеримизди суў менен тәмийинлеў менен бир қатарда, суў хожалығы қурылысын күшейтиў ушын санаат базасы қурылысы үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул исте Өзбекистан ССР Суў хожалығы министри Исмайыл Ҳакимович Жорабеков үлкен баслама көтерди. Жылына 50 мың кубометр өним беретуғын Қаттыағар темир-бетон заводы салынды, оннан соң 100 мың кубометр темир-бетон

беретуғын Нөкис заводы, жылына 100 мың квадрат метр турақ жай куратуғын завод силикат заводы менен бирге қосып салынды. Берунийде 50 мың кубометр темир-бетон беретуғын завод, Нөкисте хәм Берунийде экскаватор, бульдозер, скрепер ремонтлайтуғын хәм металл-конструкция заводлары курылды.

Исмайыл Жорабеков суў хожалығына шын берилген, ақыллы, басламашыл, жумыстың көзин билетуғын, искер министр болды. Ол кисиниң жақсы ислеўи нәтийжесинде, Өзбекистан ирригация хәм мелиорация ислери әдеўир алға илгерилеп кетти.

Исмайыл Жорабеков ирригация, мелиорация курылысы бойынша Өзбекистанды дүньядағы ең раўажланған еллер дәрежесине көтерген, курылысты индустриаль усылға көширген басшы болып танылды. Әлбетте, бул исти әмелге асырыўда Шараф Рашидовтың кәўендерлигин ядта сақлаўымыз керек.

Елимизде дән мәселесин шешиў бойынша КПСС съездлеринде алпысыншы жыллардан баслап көплеген қарар қабыл етилди. Соның ишинде, Әмиўдәрьяның төменги саласында салыгершиликти раўажландырыў бойынша мәселе кеңнен қойылды. Солай етип, Хорезм, Ташаўыз областьларында хәм Қарақалпақстанда салы егиў 1964-жылдан басланды. Гейпаралар Арал теңизинде суўдың азайып кетиўин салы еккеннен деп түсинип, нырыққа келмейтуғын гәплерди айтып жүр. Бул негизинен натуўры.

Арал теңизиниң суўы 1960-жылдан баслап, республикамызда салы кең көлемлерде егилместен бурын-ақ кемейе баслады. Буған Әмиўдәрьядан секундына 800 кубометр суў алатуғын Қарақум каналы иске түсип, Чаржаўдың тусында 100 мың гектарлық Керки даласының, Тажикстанда Бахш суўғарыў системасында 100 мың гектарлық жердиң, Қашқадәрьяда бир миллион гектар жердиң ашылыўы, Әмиў–Бухара каналының, бир неше ири суў сақлағышлардың курылыўы хәм жоқарыда жайласқан басқа да областьлардың көплеп жер ашыўлары себеп болды. Соның менен бирге, Аралға Сырдәрьядан да суў түспей қалды.

Мен Арал теңизиниң курыйтуғынын алдын-ала билдим. 1965-жылы ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши секретары Шараф Рашидовке хәм ӨзССР Министрлер Советиниң Баслыгы Р. Қурбановқа Е. Айтмуратов екеўимиз хат жаздық. Хатта Түркменстанда Қарақум каналының курылып атырғанын, Чаржаў областында 100 мыңлап жаңа жерлер ашылып атырғанлығын, Тәжикстанда хәм Өзбекистанда тазадан массивлер ашылып, Әмиў-

дәрьяның суўын талан-тараж етип атырғанын көрсеттик. Бирақ та хатқа жуўап болмады. Мен халықтың улы есабында Арал ушын қатты қыйналдым. Арал Орта Азия халықлары ушын жазды жаздай, қысты қыстай қылып, климатын бир жөнкил етип, ҳаўаны кислород пенен байытып, халықтың ден саўлығын сақлайтуғын, елге көп байлық, халыққа мол ырысқы-несийбе беретуғын теңиз еди.

Арал машқаласына бағышлап СССРдың барлық республикаларының ўәкиллери қатнасқан еки-үш илимий конференцияны Нөкисте шөлкемлестирдик. Дүнья жүзине шаўқым салдық, бирақ та Аралды сақлап қала алмадық.

1966-жылдың март айында КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары Л. И. Брежневке, СССР Министрлер Советиниң Баслығы А. Н. Косыгинге Арал теңизин сақлап қалыў бойынша Е. Айтмуратов екеўимиз хат жаздық. Д. С. Полянскийдиң қолы менен Рашидовтың атына жуўап жазыпты. Сол себепли Орайлық Комитеттиң бюросында неге хат жаздың деген қатты сөзге дуўшар болдым. Соның менен мениң бул иске араласыўыма шек қойылды. Усы аўҳалдан кейин 1966-жылы бир неше мәртебе мен обкомға Сабыр Камаловтың басшылығында көп алымларды шақырып, жағдайды түсиндирип, КПСС Орайлық Комитетине, СССР Министрлер Советине хат жазыўды тапсырдым. Сизлер алымсызлар, қорқпай жазың, ҳешким сизлерди орныңыздан алып таслай алмайды. Батырлық пенен хат жаза бериң, деп мәсләҳәт бердим. Олар ҳәрекет қылғанда бирқанша мәселелер шешилип қалыўы мүмкин еди. Оларда жөнли хат жазып, жуўап ала алмағанға усайды.

Соны да айтыўымыз керек, Орта Азия республикаларында оғада көп муғдарда жаңа жерлердиң өзлестирилиўи өзинен өзи болған жоқ. СССРдың экономикасын көтериўде ҳәм қорғаныў қудиретин асырыўда айрықша орын ийелеген пахтаны жылдан жылға көбирек жетистириў бойынша Орай қатаң тапсырмалар берди. Басқа республикаларды айтпағанның өзинде Өзбекистан бойынша 6 миллион тонна пахта жетистириўди Орай баслы тапсырма етип белгиледи ҳәм оның орынланыўын талап етти. Бул ушын көп муғдарда жаңа жерлерди өзлестириў керек болды. Ал, усы мың-мыңлаған гектар жерлер ушын жүдә көп муғдарда суў кереклиги өзинен өзи түсиникли.

Әлбетте, өз дәўиринде Ш. Рашидов та, Д. Қонаев та Арал теңизиниң тәғдири туўралы бас қатырды. Обь ҳәм Иртыш дәрьяларынан

50—60 кубокилометр суўды Арал теңизине қуйдырыў зәрүрлигин дәлиллеп, Л. И. Брежневтиң алдына мәселе етип қойды ҳәм оның келисимин алып, Орайлық Комитеттиң қарарын шығартыўға еристи. Бул үлкен қурылыстың жойбарын таярлаў менен СССРдың жүзден аслам жойбарлаў институтлары шуғылланды. Бул жойбар бойынша Сибирь дәрьяларынан саға алған канал Қазақстанның үсти менен өтип, Тахтакөпирдиң шығысы менен Хожакөлге келип, Әмиўдәрьяға секундына 1000 кубометр суў қуйыўы жобаластырылған еди. Бул жойбар СССР Суў хожалығы министри тәрепинен бекитилди. Жойбар Москвада СССР Суў хожалығы министрлигиниң бас жойбарлаў институтында талқыланды. Оған Өзбекистан Республикасы Министрлер Советиниң баслығы Н. Ж. Худайбердыев, мен, Ж. Палўанов қатнастық. Мен ол жерде сөзге шығып, таярлаған жойбарды қоллап-куўатладым ҳәм Қарақалпақстанның суў тамтарыслығы себепли аўыр машқалаларға дуўшаркер болып, халық материаллық ҳәм руўхый жақтан қыйналып атырғанын анық фактлар менен айтып бердим. Солай етип, сол 1980-жылы жойбар қабыл етилип, дүньядағы ең уллы қурылысты баслаўдың таярлықлары көриле баслады. Сол дәўирде, бул ҳаққында орайлық баспасөзде бираз машқалалар да жәрияланды. Бирақ, бул үлкен суў қурылысы басланар гезде Брежнев дүньядан өтти. Соннан кейин-ақ бул баслама аяқсыз қалды ҳәм Горбачевтиң ўақтында пүткиллей тоқтатылды. Бул туўралы Д. Қонаев өзиниң китабында айқын жазған. Егер Брежнев те, Ш. Рашидов та тири болғанда, бәлким, бул үлкен проблема шешилген болар еди. Енди Россия өзге, сырт ел болып қалды ҳәм Аралға Сибирь дәрьяларының суўын қуйдырыўға келисим бермейди.

Қарақалпақстан салы ушын жылына тек ең көби 4—5 кубокилометр суў алады. Ал, теңизди бурынғы қәлпинде сақлаў ушын жылына 35—40 кубокилометр суў керек. Соның ушын, бизиң алған суўымыз теңизге тамшы ғана болып қалар еди. 1940—1950-жылларда ҳәр жылы Арал теңизине 55—60 кубокилометр суў түсетуғын еди. Оның 55—60 проценти Әмиўдәрья арқалы, ал 40—45 проценти Сырдәрья арқалы түсер еди. Ал, бизиң салыға алған суўымыз 4—5 кубокилометр, яғный оның жети-сегиз процентин қурайды. Салыға алынған 4—5 кубокилометр суўдың 30 проценти коллектор арқалы Арал теңизине қайтадан түседи. Оны есапқа алғанда Қарақалпақстанда салыға кететуғын суў оннан да аз муғдарды қурайды. Сырдәрьядан да суў Арал теңизине пүткиллей

куймай калды. Суў жолда егиске пайдаланыўға алып қойылды. Қазақстанның Чимкент, Қызыл Орда областьлары да салы егиў майданын көбейтип жиберди. Тәжикстан, Андижан, Наманган областьлары да оның суўынан көп пайдаланады. Сырдәрья Арал теңизине суў бериўди 1960-жыллардан кейин үзил-кесил тоқтатты. Сонлықтан, Камалов салыгершиликти раўажландырып суўды қуртты деген сөз, ҳақыйқатлық емес, ол билмеген адамның гәпи.

Биз бул жерде соны да айтып кетиўимиз керек, егер де жоқарыда жайласқан республикалар жер ашыўды усылайынша даўам ете берсе, келешекте Қарақалпақстанда дийқаншылық ушын суў буннан да азайып қалыўы мүмкин.

Биз жоқарыда Әмиўдәрьяда суўдың бәҳәр айларында кемейетуғыны (суўдың пүткиллей келмей қалыўы) ҳәм көрилген илажлар ҳаққында кеңнен гүрриң еткен едик. Әмиўдәрьяда бәҳәр айларынан кейин, жазда июль, август айларында, пахта, салы ҳәм тағы басқа егинлер суўды көп талап ететуғын ўақытларда да жоқарыдағы областьлар суўды Әмиўдәрьядан кереғинше алып, бизге пайдаланыўға тийисли 600—700 кубометр суў орнына 100—200 кубометр суў ғана келетуғын болып қалды. Ал 1982-жылы июль айында бирнеше күн даўамында Тақыятас плотинасының алдына бир жутым да суў келген жоқ.

Суўдың жаз айларында бундай ҳәдден тыс тартылыўының себебинен пахта, салы ҳәм басқа да егинлердиң өниминиң кемейип кетиўине алып келген жыллар да болды. Соның ушын, биз Әмиўдәрьядағы бар суўдан пайымызды алыў ушын көп бас қатырдық ҳәм гүрес жүргиздик. Жазда дийқаншылықта жумыс балалап кеткен ўақытларда басқа хызметлеримиздиң ҳәммесин былай жыйнастырып қойып, елимизге жеткиликли муғдарда суў алып келиў иси менен шуғылландық. Бул ис жылдан-жылға үлкен проблемаға айланды, бизиң жүйкемизди жуқартып, машақатлы машқалаларды пайда етти. Сонлықтан, биз жоқары лаўазымда отырған Ташкент, Москвадағы жасы үлкенлерге қозғаў салып, оларды да иске қосып, суўды областьлар арасында тең бөлистирип бериўди, суўдан пайдаланыўда әдиллик орнатыўды өтиниш еттик. Ҳеш кимге тынышлық бермей, тайсалмай турып, пайымызды алыў ушын қатаң гүрес жүргиздик.

Суў ушын гүрес—бул халықтың абаданлығы ушын, пахтадан ҳәм басқа да егинлерден жоқары зүрәәт алыў ушын ақыр-аяғында

халқымыздың ырысқы-несийбеси, бахыт-ығбалы ушын гүрес еди. Соның ушын бизлер жан-тәнимизди аямастан, күни-түни хызметте жүрдик. Мен дийқаншылықты жалпыламай суўғарыў ўақтында— июль, авгүст айлары азанда кеңсеге келгеннен кейин, айырым күнлери орнымнан турыўдан соң жумысты суўдан баслайтуғын едим. Әмиўдәрьяның суў жыйнайтуғын алабында Памир таўының шыңында ыссылық қалай болып атыр, солардың мағлыўматын көрип, қай жерде қанша суў болатуғынын шамалап, суў маманлары менен ойласып, бизге керекли суў кемейетуғын болса, көбейтиўдиң илажларын көретуғын едим. Ҳәр күни телефоннан Ташкент, Москвадағы жолдасларға аўҳалды айтып, сол гездеги СССР Министрлер Совети Баслығының орынбасары Зия Нуриев пенен бир неше рет сөйлесип, Нурек суў сақлағышынан қосымша суў таслататуғын едим.

Еле есимде, суўсызлық қыйнаған 1977-жылы КПССтиң июнь пленумы болып атырған гезинде СССР Министрлер Советиниң Баслығы Алексей Николаевич Косыгинге кирип, июнь, июль, авгүст айларында Нуректен қосымша 3,5 млрд кубометр суў таслаттырдым. Алексей Николаевичке киргенимниң себеби, бул мәселени басқа басшылар шеше алмады. Сол сыяқлы усындай суў кем болған жыллары КПСС Орайлық Комитетиниң секретары Кулаков Федор Давыдовичке де кирип, суў мәселесин шешетуғын едим. Мениң аўқамымыздың ең үлкен ақсақалларына кире алатуғынымды билген, бирақ бурын сөзди итибарға алып, тыңламай жүрген СССР Суў хожалығы министрлигиниң басшы хызметкерлери мениң менен енди ләббай, деп сөйлесетуғын болды.

Соны да айтып өтиў керек, Әмиўдәрьяның жоқарысында жайласқан областьлардың басшылары мен сыяқлы суў туўралы бас аўыртпады. Олар қәлегенинше суў алып отырды. Сол ушын мен КПСС Орайлық Комитетиниң бас секретары Леонид Ильич Брежневке ҳәм СССР Министрлер Советиниң Баслығы Алексей Николаевич Косыгинге хат жаздым. Онда Қарақалпақстанға суўдың жетип келмеўи, жоқарыда жайласқан областьлар суўды ҳәдден тыс алып атырғаны көрсетилген еди. Оған СССР Министрлер Советиниң Баслығының биринши орынбасары Полянский жуўап жазды. СССР Суў хожалығы министрлиги қасынан республикалар арасында Әмиўдәрьяның суўын ҳәр жылы тең етип бөлип беретуғын штаб шөлкемлестирилди. Бул штабтың суўды бөлиўинде ҳәмме ўақыт өзим қатнастым. Бул штабтың СССР Суў хожалығы

министриниң орынбасары Кудрин қатнасқан биринши мәжилисинде Әмиўдәрьяның суўын Керкиниң тусында Өзбекистан менен Түркменстан ортасында жарыма-жары қылып бөлип пайдаланыў ҳақкында келисимге келдик. Буған Өзбекистан Суў хожалығы министри Салимжан Мамарасулов ҳәм Түркменстан Суў хожалығы министри Кандим Атаев Үргенч қаласында қол қойысты. Оннан кейин, мениң усынысым бойынша, Түйемойын плотинасынан төменде жайласқан үш область суўды төмендегише бөлисти:

Қарақалпақстан	— 54 процент
Хорезм	— 23 процент
Ташаўыз	— 23 процент

Бул процентлер бойынша СССР Суў хожалығы министрлигиниң буйрығын шығартыўға еристим. Оның толық орынланыўын өзим күнделикли қадағалаўға алдым.

Тағы да, Әмиўдәрьяның Түйемойын суў өлшейтуғын жерден Тақыятасқа келген аралықта суўдың бийкарға шығыны ямаса жерге сиңип жоқ болыўы 25 процент деп қабыл етилди. Бул секундына 250 кубометрдей суўды қурайтуғын еди. Буның бәри бизиң пайдамызға шешилди. Берилген лимитти қадағалаў мениң усынысым бойынша бизиң республикаға тапсырылды.

Жоқарыда жайласқан Чаржоў, Сурхандәрья, Қашқадәрья ҳәм Бухара областьларына лимит орнатылды. Қарақум каналы 850 кубометр суў алыўдың орнына 550 кубометр суў алатуғын болды. Қаршы насос станциясында 4 агрегаттың орнына 3 агрегат ислейтуғын болды, яғный суў алыў мөлшери 60 кубометрге кемейтилди ҳәм Бухара насос станциясының ислеўи 30 процентке түсирилди.

Бул процентлер СССР Суў хожалығы министриниң Түркменстан ҳәм Өзбекистан Суў хожалығы министрлериниң келисими менен бекитилсе де, областьлардың басшылары тәртип бузып, түнде суў урлап, каналларды ашып, насосларды жүргизип жибериў және суўдың тағы да келмей қалыўына, кемейип кетиўине алып келди. Соның ушын биз Әмиўдәрьяның жоқарысында жайласқан областьлардың ҳәм каналларының насосларының сағасына Қарақалпақстан суў хожалығы хызметкерлеринен 2—3 адам қурамында гүзетши қойып, суткасында 3 мәртебе суўды өлшеп, қадағалап отырдық. Сол каналлардың басына сақшы болып кетиўшилерди өзим обкомға шақырып, сөйлесип, жуўаплы жумысқа кетип баратырсыз, елдиң

ырысқы-несийбесине, нанына қылап етпең, өз халқыңның пахта, салы зүрәәти мол болыўы ушын азаматлық хызмет етиң, халықтың суўын сатып жибермеңлер, азаматлық мийнет етип, елге суў алып келиўде натықлық етпең, деп зинҳарлап түсиндирип жиберер едим.

Шынын айтыўым керек, ол жигитлер қатты хызмет етти. Советябтың сағасына милиция хызметкерлерин де бекиттим, себеби канал басқармалары көп урлық етер еди. Бизиң жигитлерди алдап, аўқат берип шарап иштирип, суўды урлап алыўға шекем барды. Суўды әкелиў бойынша ҳәр күни азанда саат алтыда А. А. Юриц, Саўқым Жаманқараев мәжбүрий рәўиште маған есап берип турды. Қарақум каналы суўды нормадан көбирек алатуғын болса, биз оны Ташаўыз областының Советяб каналынан қырқып алатуғын едик. Қарақумнан суў Тақыятасқа он-он еки күнде келетуғын болса, ал Советябтан 3—4 саат ишинде жетип келеди. Соның ушын да, бул қоңсыларымыз тәртипти сақлады. Суў бөлистириўде усындай қатаң тәртип орнады.

Қағаз жүзинде теңлик қылып бөлискен менен де, Тақыятасқа суў белгиленген нормада келмейтуғын еди. Қанша қатты тексериўлер болмасын, протоколдың шешими толық орынланбады. Соның ушын да, ата-бабамыз: «Сағадағы суў ишеди, аяқтағы уў ишеди» деп бийкарға айтпаған екен. Биз сол Әмиўдәрьяда суўдың кемтаршылық гезинде уў ишкендей болдық. Солай болса да, пайымызды алыў ушын жағаластық, керек болса жәнжелге шекем бардық. Москваға арыз етип, шифровка[1] берип, «ВЧ» арқалы сөйлесип турдық. Пайын ала алмаған басшы, ол елдиң соры. Пайымызды алыў ушын биз қатты турдық. Гейпара областьлардың басшылары менен ашшы сөзлердиң басына да бардық.

Қарақалпақстанда жаңа жерлердиң жалпыламай ашылыўы барлық үлкен-киши каналлардың ҳәм коллекторлардың суў ағызыў уқыплылығын арттырыў ушын оларды қайтадан қурып шығыўға мәжбүр етти. Соның ушын Пахтаарна каналының сағасын Түйемойын плотинасына көтерип, суў өткизиў уқыплылығы еки жүз кубометрге жеткизилди, ол бурын жүз кубометр еди. Соған сәйкеслестирилген үлкен қурылмалар салынды. Жамбасқала массивине секундына 70 кубометр суў апаратуғын таза канал апарылды.

Қызкеткен каналы қайтадан кеңейтилип қазылғаннан кейин бир секундта 130 кубометр орнына 400 кубометр суў өткизетуғын

[1] Шифровка — купыя ҳүкиметлик телеграмма.

болды. Тағы қосымша 150 кубометр суў өткизетуғын Қызкеткен параллель каналы өткерилди.

Қуўанышжарма, Есимөзек, Кегейли, Абаджармыс, Майжап ҳәм басқа да каналлар толығы менен қайтадан кеңейтип қазылды. Усы системадағы қурылмалар да тазадан салынды.

Секундына 240 кубометр суў өткизетуғын параллель Ленин каналы қазылды. Ленин каналының өзи бастан аяғына дейин, яғный 110 километр узынлықта қайтадан кеңейтип қазылды. Бул каналдың шақапшалары болған Шоманай, Киндикөзек, Қазақжап, Ленинабад, Жиңишке, Орджоникизде ҳәм басқа да каналлар қайтадан қазылды ҳәм олардағы қурылмалар да тазадан салынды. Бул системадағы каналлар ҳәм сооружениелер электрлестирилди ҳәм телефонластырылды.

Мине усы жоқарыдағы көрсетилген үлкен-үлкен илажларды әмелге асырмағанымызда, дәрьяға бөгет баспағанымызда, күшли насос станцияларын қурмаганымызда, қалқып жүретуғын насослар алып келмегенимизде, каналларды кеңейтпегенимизде, ең баслысы, халықты қазыўдан азат етпегенимизде, Тақыятасқа плотина қурмағанымызда, жыл сайын Қарақалпақстанға 500—600 сүрим, 1500—2000 жер жумсартыўшы трактор алып келмегенимизде, материаллық-техникалық база дүзбегенимизде, куры сөз бенен артта қалған аўыл хожалығын көтериў қыйын болар еди. Буларды майдалап айтып отырғандағы мақсет, бизиң заманласларымыз өз ўақтында басқа областьларда жоқ қыйыншылықларды, аўыр машақатларды жеңип, үлкемиздиң экономикасын көтерди, әсиресе пахташылықты, салыгершиликти раўажландырыўда айтарлықтай жетискенликлерди қолға киргизди, усыларды келешек әўладлар билсин демекшимен.

Ҳәзирги базар қатнасығы ўақтында бундай ислерди ислеў қыйын. Бул туўры, бирақ бизлер ислеген ўақта да истиң жүдә қыйын болғанын оқыўшылар жоқарыда айтылғанлардан түсинетуғын шығар деймен. Ҳәр ўақыттың өзине жараса қыйыншылығы болады. Оларды жеңиў халыққа басшылық еткен ел ағаларының иси, деп ойлайман.

* * *

Республикамызда суўландырыў машқалалары табыслы шешиле баслағаннан кейин пахташылық пенен бир қатарда салыгершиликти де раўажландырыўға киристик.

Партия съездлериниң қарарларында халықтың гүришке болған талабын өз елимизде жетистирилген салы өними менен қанаатлан-

дырыў, Аўқамдағы көплеген реғионлар қатарында Қарақалпақстанда салыгершиликти раўажландырыў бойынша ўазыйпалар белгиленгени, хожалықтың бул тараўындағы жумыслар бизде 60-жыллардың басында-ақ қолға алынғаны ҳаққында жоқарыда айтып өткен едим.

Партия менен хүкиметимиз тәрепинен салы жетистириўди кескин көбейтиў бойынша тапсырмалар күннен-күнге күшейе берди. ӨзКП Орайлық Комитети, республика Министрлер Совети СССР Суў хожалығы министрлиги менен келисе отырып, Қарақалпақстанда ең ири қурылыс мәкемесин —«Қарақалпақстан салыгершилик совхозлар қурылысын» («Қарақалпақриссовхозстрой») дүзди. Соннан баслап жер ашыў, канал, коллекторлар қазыў ушын техникалар өз алдына Москвадан, СССР Суў хожалығы министрлигинен берилип турды. Бундай ири қурылыс мәкемелериниң дүзилиўи Қарақалпақстан Республикасының халқына қосымша теңи-тай жоқ ырысқы-несийбе алып келди. Бул республикамыздың раўажланыўы ушын таза хожалық тараўы болған салыгершиликти көбейтиў, аўылларда таза мәденият орайларын дүзиў, әсиресе Нөкис қаласының көркейиўи, жаңа районлар қурыў ушын хызмет иследи. Тез арада жер ашыў, канал, коллектор, дренаж қурыў, өндирис жайларын қурыў бойынша өзимизде бир неше жойбарлаў институтлары ашылды. Ҳәр бир совхоз ушын сол 60-жыллардың баҳасында 30—40 млн манатқа шекем қурылыс жумысларына қаржы жумсаў белгиленди.

Совхозларды жойбарластырыў жумысларының толық питкерилиўин күтпестен жеке жойбарлар менен жерлер ашылды, суў беретуғын каналлар, изейкешлер қазылды, совхоз орайларында турақ жайлар, өндирислик объектлер қурылып, қызғын жумыслар басланып кетти. Областлық партия комитетиниң секретары Х.Маткаримов тек ғана салыгершилик жумыслары менен шуғылланды. Ол өзиниң ўазыйпасын жақсы түсинип, ҳадал мийнет етти. Усы мәкемениң күши менен ҳәр жылы 20 мың гектарлық жаңа жер ашылып, егинлер егилип турды. Көплеген каналлар, ири магистрал коллекторлар қазылып, Арал теңизине шығарылды. Республикада 25 салы егетуғын совхоз ашылды. Салы жетистириўди жылына орташа 300—330 мың тоннаға жеткерип, бизиң үлкемиз Аўқам бойынша Краснодар, Қызыл Ордадан кейинги үшинши салы жетистириўши зонаға айналды. Салының көп муғдарда алыныўына байланыслы Тақыятаста, Ленинабадта, Шымбайда гүриш заводлары салынды. Санаат өнимлерин жетистириў бойынша алынатуғын улыўма табыс көбейди. Салыгершилик пенен шуғылланыў есабынан

бизиң республикамызда 100 мыңға жақын адам жумыс пенен тәмийинленди, күн көрисин жақсылады. Бизиң дийканларымыз салының агротехникасын, жоқары зүрәәт жетистириўдиң сырларын 5—6 жылда тез өзлестирип алды. Тилекке қарсы, елимизде бул өнимди зая етпей, жыйнап алатуғын комбайнлар болмады. Ал, бар комбайнлар менен орып жыйнағанда 30—40 процент салы зая болып жерге төгилиўине жол қойылды. Буған сол замандағы комбайнлардың технологиялық кемшилиги, оның үстине биздеги комбайн айдаўшылардың тәжирийбеси, билиминиң кемлиги себепши болды, комбайнлар да жеткиликсиз еди. 1980-жылдың ноябрь айында Ш. Рашидов бизиң өтинишимизге бола СССР Министрлер Советиниң Баслығы Тихонов Николай Александровичке хат жазып, сол жылдың аяғында Қарақалпақстанға 500 комбайн (Сибиряк) бөлип шығарыўды сорады. Ҳақыйқатында да, бизге сол жыллары усы муғдардағы комбайн керек еди, себеби республикамызда 100 мың гектар жерге салы егилетуғын еди, буның үстине ҳәр жылы 8—10 мың га жерди тазадан ашып, салы егиў ҳаққында Москвадан жоба сыпатында тапсырылатуғын еди. Бизиң еккен салыларымыз қатаң мийнеттиң нәтийжесинде 70—80 центнерлик зүрәәт топлар еди, бирақ бизде салыны орыў жоқарыда аталған себеплерге байланыслы 90—100 күнге созылып кетер еди. Салы пискеннен кейин көп узамай-ақ пақалы кеўип, өзиниң сабағында дәнди услап тура алмай, дән саўылдап төгилип қалатуғын еди. Ал, Краснодар технологиясы бойынша олар салыны жети күнде орып дәстелеп, он күнде түйеклеп алады екен. Соның ушын, олар ҳәр гектардан 50—60 центнерден өним алып келди. Биз болсақ, жазы-қысы мийнет етип, мол салы өнимин жетистирип, оны өз мүддетинде орып бола алмай масқара болып, ноябрьдиң ақырына, декабрьдиң басына шекем орып, дәнди көз гөреки зая етип жүрер едик. Илаж қанша...

Солай етип, Е. Айтмуратов, Ж. Палўанов, И. Дощанов 1980-жылы Ш. Рашидовтың жазған хатын алып, ноябрьде бир ай Москвада жатып, Н. А. Тихонов, А. А. Ежевскийдиң қабыллаўында болып, 500 комбайн алыў мәселесин унамлы шешип келди. Мине, усындай көп ҳәрекетлер болды. Бирақ «Сибиряк» комбайны да зүрәәтти 40 центнерден артық салыны түйеклей алмай, төгип ямаса пақалда жиберип қояды екен. Комбайнның усындай технологиялық кемшилиги де салы зүрәәтин заялаўға алып келди.

Демек, салы жетистириўди көбейтиў өз ўақтында орып, шығынсыз жыйнап алыў есабынан ғана мүмкин. Бул машқаланы толық

шеше алмадық. Оның үстине бизиң климатлық жағдайымызға бейимлескен пақалы жығылмайтуғын сорт жоқ. Биз егетуғын УзРОС-59 сорты басын көтере алмай жығылып, төсек болып қалып, жыйнаў исин қыйынластыратуғын еди.

Приморье крайында тәжирийбе өткерилип, Японияда ислеп шығарылған комбайн менен салыны жыйнағанда өним 60—70 центнерден келген, ал бир жағдайда, сондай салы атызында Биробиджаннан шығарылған «Сибиряк» комбайны 40 центнерден ғана өним алған. Ал, усы технологиялық кемшилик бүгинги күнге шекем даўам етип келиўде. «Сибиряк»қа қарағанда ҳәзирги бизде ислеп жүрген «Енисей» комбайны анағурлым жақсырақ көринеди. Биз ислеген дәўирде бул комбайн Қарақалпақстанға келген жоқ еди.

Сол жыллары мен Қызыл Орда обкомының биринши секретары Ийсатай аға Абдикаримов пенен дос болдым, оннан комбайншылардан жәрдем бериўди өтиниш етип, М. Кинбаевты АН-24 самолёты менен Қызыл Ордаға жиберип, еки-үш жыл қатарына 400—500 комбайншы, 70—80 комбайн алдырып, салы орағына қостық. Қызыл Ордадан келген комбайн айдаўшылар бизиң комбайн айдаўшыларға қарағанда әдеўир тәжирийбели, жумысын жақсы билетуғынын көрсетти. Себеби, олардың көп жыллық тәжирийбеси бар. Салы орағы тамамланғаннан кейин комбайн айдаўшы қонақларды шай дастурханына шақырып, сыйлықлар берип, артистлерди шақырып, концерт тыңлатып, кеўиллерин хошлап елине қайтардық. Олардың кеўли хош болғаны соншелли, шақырмаған жылларды да өз ерки менен бурын ислеп кеткен совхозларына келип, көмеклерин берип жүрди.

Кейин ала бизиң халқымыз да салы егиў, тәрбиясын бериў, оны орып жыйнаўда үлкен тәжирийбе топлады. Көплеген звено, бригадирлер 70—80 центнерлик өним жыйнап алыўға еристи. Салыгершиликтеги жетискенликлеримиз себепли КПСС Орайлық Комитетиниң усынысы менен Қарақалпақстанда еки мәртебе Пүткил Аўқамлық тәжирийбе алмасыў кеңеси өткерилди. Краснодар, Приморье, Қызыл Ордадан келген илимий хызметкерлер, салы егиўши хожалық басшылары Қоңырат районындағы Чапаев атындағы, Нөкис районындағы «ВЛКСМның 50 жыллығы» совхозларының салыларын көрип, ҳайран қалды. Олар бундай 80—100 центнерлик салы өсип турғанын өзлериниң үлкесиндеги ҳеш бир хожалықта көрмегенин мойынлады. Бизиң совхозларымыздың директорлары Оңғарбай Қурбаниязов, Аралбай Атамуратов ҳәм олардың кәниге-

леринен бундай жоқары зүрәәттиң қалайынша топланғанын сорап, исленген агротехниалық илажларды жазып алыў менен болды.

Семинар-кеңеске жыйналғанларды республикамыздың басқа да дыққатқа ылайық жерлерине ҳәм Хийўа қаласына апарып, тарийхый естеликлерди көрсетип, мийман күтиўдиң барлық шәртлерин ислеп, кеўиллерин хош етип қайтардық. Егер бизиң атызларымызда мол зүрәәтли салы болмаса әйтеўирден әўтеўир бундай семинар-кеңести бизде өткериў шешимине келмеген болар еди.

Семинар-кеңести таярлаў, жумыс жобаларын дүзиў, қонақларды күтип алып орналастырыў, улыўма семинарды нәтийжели ҳәм жоқары дәрежеде өткериў бойынша жуўапкершилик КПСС Орайлық Комитети аўыл хожалығы бөлиминиң нусқаўшысы Трубинский ҳәм СССР Аўыл хожалығы министрлигиниң дән егинлери бөлиминиң басқарыўшысы Коноковаға жүкленип, олар бир ай бурын бизге мийман болып келген еди. Қарақалпақстаннан Х. Маткаримов, С. Кинбаев, Ж. Палўанов, И. Дошанов ҳәм басқа да басшылар бизиң үлкемиздиң атақ-абырайын жоқары көтериў ушын семинар-кеңести таярлаў исине белсенди қатнасып, көп шөлкемлестириў жумысларын иследи.

Краснодардан Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, қырқ жылдан аслам ўақыттан берли «Красноармейский» совхозында директор болып ислеп киятырған Аўқамға белгили А. И. Майстренко да келди. Оны КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюро ағзалары таныйтуғын ҳәм ҳүрметлейтуғын еди. Ол киси бизге бурынырақ еки-үш мәртебе келип, көп жәрдем етти. Мине, сол Майстренко мениң менен Чапаев атындағы совхозға бирге барып, көпшилик салы атызларын аралап, ырғалып өсип турған (сол ўақытта салылар толық баслап еди) салыларды көрип ҳайран қалды ҳәм «бундай зүрәәтли салы бизде жоқ», — деп тән берди.

Шынында да, бул совхоздың жәмәәти теңи-тайы жоқ жетискенликлерге ериспекте еди. Совхоз өндирисиниң шебер шөлкемлестириўшиси Оңғарбай Қурбаниязов бул жәмәәтке жигирмалаған жыл басшылық етти. Истиң көзин таныйтуғын, жердиң тилин билетуғын уқыплы директор басшылық еткен дәўирде совхоз бирликли, абадан елге айналды. Ҳәр жылы турақлы рәўиште гектарынан 50—55 центнерден зүрәәт жетистирип, республикадағы алдынғы тәжирийбе мектеби болды. Халық алдындағы үлкен хызметлери ушын Оңғарбай Қурбаниязов — Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы деген ҳүрметли атаққа миясар болды, СССР

Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. КПССтиң XXVI съездине делегат болып қатнасты.

Аўқамның усындай семинар-кеңести Қарақалпақстанда өткериўи бизиң салыкешлердиң мийнетине берилген баҳа, деп есаплаймыз.

Салыгершиликти раўажландырыў мақсетинде салы совхозларын басқарыўға бурыннан тәжирийбели, пахташылық совхозларда абырой-атаққа ийе басшылар жиберилди. Олардың арқасында Е. Панаев «Мәденият» совхозын, И. Арзуев «Қараөзек», К. Сәрсенбаев «Раўшан», М. Өтепбергенов «Алтынкөл», А. Атамуратов «ВЛКСМ ның 50 жыллығы» совхозын басқарыўға жиберилди. Салыкешлердиң де ҳәммеси жергиликли халықлардан болды. Бул илажлар өзиниң пайдалы нәтийжесин берди. Салыгершиликти көтериўге, оның зүрәәтлилигиниң, улыўма өнимин арттырыўға алып келди. Өзимиздиң жергиликли халықтың арасынан салы дақылының тилин билетуғын маман салыкешлер, шебер шөлкемлестириўши бригадирлер, бөлим баслықлары өсип шықты. Халықтың салыға қызығыўшылығы артты. Салыгершилик совхозларының турғынларының хожалықлары анағурлым қурғынласты, ырысқы-несийбеси артты. Ҳәзирги заман талабына жуўап берерлик турақ жайлар менен тәмийинленди, газлестирилди, электр жақтысы барды. Салы себепли бурынлары суў бармай әспек болып жататуғын жерлерге суў барды. Салыкештиң жесе сары палаўы, малына пишени ҳәм жеми молайып қалды.

Салы совхозлары ушын партаў, тоғай астынан 140 мың гектар егислик жерлер инженерлик тәртипте комплексли ашып берилди. Бурынғы елсиз бос жатқан, адам аяғы тиймеген жерлерден 25 қала пишиминдеги совхоз орайлары пайда болды. Олар мектеп, бала бақша, емлеўхана, өндирислик жайлар, ҳәзирғи заман үскенелери бар устаханаға ийе болды, ишимлик суў менен тәмийинленди. Көпшилиги газлестирилди, электлестирилди. Жуўмақлап айтқанда, салы жетистириў 1963-жылғы 10 мың тоннадан 1983-жылы 333 мың тоннаға жетти, яғный 33 есе өсти.

Қәнигелестирилген Ленинабад (ҳәзирги Қанлыкөл) районының орайы да салыгершилик районы болғанлықтан салыгершилик есабынан қурылды. Тахтакөпир районы толығы менен салы егиўге өткерилди. Ол жерде аўыл ҳәм қаланы қурыў ушын арнаўлы қурылыс трести жумыс иследи. Нийетимиз суў жолларын шешкеннен кейин «Қуралпа», «Кеңес», У. Юсупов атындағы совхозларынан Арал теңизине шекемги бос жатқан 100 мың гектарға шекемги, ата-

бабаларымыз жайлаған, соң суўсызлықтан көшип кеткен жерлерди аштырып, 4—5 таза совхоз шөлкемлестирип, бурынғы Кеңес районын қайта тиклеп, қосымша 80—100 мың тонна салы жетистиретуғын жаңа район ашыў еди. Бул мақсет экономиканың буннан былай көтерилиўине қарай иске асырылар деген ўмитимиз бар. Әлбетте, салыгершилик жумысларын жүргизиўде де бир қатар кемшиликлер болды. Көп өним беретуғын, бирақ узақ күнлер тәрбиялаўды талап ететуғын салы сортларын егип, писип жетискен менен ўақтында орылмай, қар, жаўын астында қалған жыллары да болды. Бизиң республиканың тәбиятына қолайлы сортлар шыға қоймады. Илимий мәкемелер биринши күннен-ақ ашылған менен, таза сортты шығарыў ушын бир неше он жыллар керек болды, сол себепли ҳәзирги Нөкис сортлары ол ўақытлары жоқ еди. Сонлықтан, қолымызға қандай сорттың туқымы түссе соны ектик. Соның себебинен бир сортлар тез писетуғын болса, екинши бир сорт писиў алдында жығылып қалып, оны адам күши менен қолдан орып, комбайнның түйеклеўине қолайластырдық. Көп салыны оқыўшы балалардың, совхоз рабочийларының күши менен қолдан орғызған ўақытларымыз да жийи-жийи болып турды. Бирақ 100—120 мың гектар салыны қолдан орып жыйнаў бизиң жағдайымызда мүмкин емес. Ал, Хорезм области ҳәмме салысын пақалы кеппестен бурын қол менен орып, гүдшеклеп, кейин бир орында турып, комбайн менен түйеклейди. Олар бул усылдан зүрәәтти сепситпей көп утысқа ийе болып жыйнап алады. Зүрәәтти бундай жол менен жыйнаўға бизлердиң де ақылымыз жетер еди, бирақ Хорезмдегидей аз салы емес ҳәм қол күшимиз жетпейди, себеби бул гезде пахта жыйын терими де қызғын жүрип ататуғын еди.

Ўақтында байқалмаған кемшиликлердиң бири — «Қарақалпакирсовхозстрой» мәкемеси жобаластырылған ири қаржыны тек ғана таза жер ашыўға жумсап, белгиленген гектарын ашып, ал оларға тийисли өндирислик жайлар қурыў, совхоз орайындағы поселканы абаданластырыў, ишимлик суў менен тәмийин етиў менен шуғылланбай, тағы бир қатар керекли объектлерди салмай таслап кетти. Айырым совхозларда бул кемшиликлер усы бүгинге шекем дүзетилмеди. Қурылған турақ жайлардың, өндирислик объектлердиң, асфальтланған жоллар ҳәм қазылған канал, коллектор, дренажлардың саласында азы-кем кемшиликлер болды. Олар ўақтында айтылды, бирақ қадағалаўдың кемислигинен орынланбай қалды. Минерал төгинлерди салы атызларына бериўде белгили

норматив болмаўынан, илимий басшылықтың жеткиликсизлигинен, нормадан көбирек бериў орын алды. Республикаға жобада белгиленгеннен артық әкелинген төгиннен Х. Маткаримовтың сораўы бойынша вагон-вагон минерал төгинлер берилип, оларды салыға қәлегенинше берип, айырым жерлерде дәнниң пуш болыў, кеселликлерге ушыраў жағдайлары да болды. Қайсы ўақытта, қандай нормада минерал төгин ҳәм гербицид берилетуғынын ҳәр кимнен сорап пайдаландық, бирақ ол айырым жыллары өзиниң зыянын тийгизип, зүрәәттиң кемейиўине алып келди.

Деген менен, салыгершилик тараўындағы табысларымыз алдында бундай бирең-сараң қәтеликлер менен сәтсизликлер ҳеш нәрсе емес еди. Пахташылықтағы сыяқлы салыгершиликте де бәлент қырман көтериўге Қарақалпақстан елиниң даңқын шығарыўға еристик, туўылған үлкемиздиң экономикасын беккемлеўге, халқымыздың абаданшылыгын арттырыўға салмақлы үлес қостық. Ең баслысы— СССР бурын гүриштти Қытай, Вьетнам, Корея, Ҳиндстан Республикаларынан валютаға сатып алып келер еди. Енди Қарақалпақстан халқы Өзбекистан мийнеткешлерин палаў менен тәмийинлеўге усаған инабатлы исти әмелге асырды, көп валюта қаржыларын үнемлеўге себепши болды. Бул ушын бизиң халқымыз мақтаныўға ҳақылы.

«Ат басына күн туўса, суўлығы менен суў ишер, ер басына күн туўса, етиги менен суў кешер» дегендей, мен жумыстан кетип, наҳақтан басыма аўыр саўдалар түсип, шаңарағымыз үстинде қара бултлар топланып, руўхый азап шегип жүрген дәўирде тырнақ астынан кир излейтуғын гейпара «азаматлар», «Камаловтың ислеген надурыс ҳәрекетлериниң бири — ол көп сандағы салыгершилик совхозларын дүзип, Аралға түсетуғын суўды кемейтти, жерлерди изейлетип жиберди, тоғайларды қурытты...» — деп сыртымнан сайып, пүткил республикаға жар салып маған гина тағыпты. Олардың Гдлянға жазып берген түсиник хатларын да өзим оқып таныстым. «Жығылғанға жудырық» дегендей, буларды мениң ислеген қылмысларым сыпатында көрсеткен екен. Бир таң қаларлық жери — қылмысқа жатқарып жазған бул ислерди олар өз дәўиринде жүдә мақуллап, обкомның барлық басламаларын көклерге көтерип, мақтап жүрген еди.

Бул еки жүзли адамлардың сөзиниң дузы бар ма, жоқ па, буған халқымның өзи баҳа бере берер. Ал, бизиң сол дәўирде ислеген ислеримиздиң дурыслығын турмыс дәлилледи.

Салыға келген қаржыдан Қарақалпақстандағы ҳәмме ирригация тараўлары толығы менен кеңейттирилип, қайта қурылды, ири мелиорация тараўлары пайда болды. Салы совхозлары дүзилмегенде салыгершиликтеги жоқары жетискенликлер болмағанда арқадағы районлар хожалықтың қайсы тараўы менен мақтаныш етер еди? Халықтың күн көриси қалай болар еди? Салыгершилик совхозларының тез пәтлер менен раўажланыўы халықтың турмысын пүткиллей өзгертип жиберди. Салының себебинен ҳүкимет көп қаржы, техникалар берди, таза поселкалар салынды, асфальт жоллар апарылды, каналлар, коллекторлар қазылды, электрлести, газлести, турмыс ушын басқа да шараятлар дүзилди. Гүриш молайды, маллар ушын от-жем көбейди, ел абаданласты, шаңарақлар қурғынласты.

Бурынғы «ВЛКСМның 50 жыллығы», ал ҳәзирги Нөкис районына қараслы «Шортанбай» совхозының дүзилгенине 30 жыл толды. Жақында усы 30 жыллыққа арналып той өткизилди. Сол 30 жыл ишинде усы бир совхозда исленген исти тәрийиплеў арқалы салы совхозларының Қарақалпақстан халқы ушын таўсылмас ырыс-қы-несийбе, мол дастурхан болғанын дәлиллемекшимен.

— Шортанбай» совхозы ийин жерде, Әмиўдәрьяның жағасында ийи бос, май топырақ жерде жайласқан. Бул совхоздың орайын белгилеў ушын мен жолдың жоқлығынан «ГАЗ-69» машинасы менен бара алмай, еки мәртебе Нөкистен пароходқа минип, Әмиўдәрья арқалы барып, жерлерди аралап, «Үлпет шүңгил»диң бойында жайласқан сол елдиң ақсақалы Аманбай ағаның үйине ат басын бурып шай ишкеним, ол киси менен сөйлесип, совхоздың орайын жайластырыў жөнинде мәсләҳәт сорағаным еле есимде. Мен Аманбай ағаның үйинде бурын да болып едим. Ол киси бағлышарбақлы, жүдә дастурханлы, шарапатлы ел ақсақалы болды. Оның мәсләҳәти бойынша совхоз орайын ҳәзирги турған жеринде орналастырыўға уйғарған едик. Себеби, ол бийик, бурынғы Крейт дәрьясының аңғарына жайласқан, изей суў алыў қәўпи жоқ жер. Бул жер маған да мақул түсти, жойбарлаўшыларды да қанаатландырды. Усындай ҳәр бир тазадан дүзилген салы совхозларының аймағын, орайын, суў жолын, изейкешлерин алыўды белгилеўде мен өзим де қатнасып, Аманбай ағаға усаған жер, суў жағдайын билетуғын ел жасы үлкенлеринен мәсләҳәт алатуғын едим.

Сол «Шортанбай» совхозы өткен 30 жылдың ишинде ҳәр жерде жайласқан дара-дара отырған 17 хожалықтан қуралып, ҳәзир 7000 адам жасайтуғын, 1563 хожалықтан ибарат, ҳәмме коммуникацияға

ийе кишкене қалаға айналды. Бул орайда ҳәзир 3 мектеп бар. Оларда 2100 бала билим алады, ҳәр қайсысында 160 бала тәрбияланатуғын 3 бала бақша, 20 койкаға ийе аўыллық емлеўхана, дүкән, клуб, монша ҳәм т.б. объектлер халыққа хызмет етеди. Совхоз орайы газ, электр жақтысы, ишимлик суў менен тәмийин етилген, жоллар асфальтланған. Усы 30 жыл ишинде совхоз 567 мың тонна салы жетистирди. Ҳәр гектар жерден 50—55 центнерден зүрәәт алатуғын үлкен хожалыққа айналды. Совхоз 1964-жылы дүзилип, оның қурылысы 7 жыл даўамында жүргизилди. Оған 27 млн сом қаржы жумсалып, совхоз қурылысы тийкарынан 1970-жылы питкерилди. Хожалық толық қурылып питкеннен кейин 9 жыл ишинде тек нақ пайда есабынан өзиниң қунын өтеди. Басқаша айтқанда, совхоз қурылысына жумсалған 27 млн сом ақшаны тиклеген. Бул 1979-жылға туўра келеди. Мине, енди колхоз 15 жылдан бери жетистирген зүрәәтине қосымша қаржы жумсамай, мәмлекетке пайда келтирип, халықтың ийгилиги ушын ислеп атырыпты. Дүзилгеннен кейин 9 жылда өзин-өзи қаплаў бул дүньяда тәжирийбеде аз ушырасатуғын жағдай. Бул хожалық 30 жыл ишинде 535 млн сом нақ пайда алған. 1994-жылы алған нақ пайдасы 9 млн 8 мың сомды қурайды. Ҳәр гектардан 54 центнерден салы зүрәәтин алған. 1994-жылы колхоз салы менен бир қатарда 1000 гектар жерге бийдай егип, ҳәр гектарынан 22 центнер бийдай дәнин жыйнап алды. Бул 2200 тоннаны қурайды.

Тәғдирдиң буйрығы менен усы колхозда баяғы Аманбай ағаның баласы Ықлас халық тилегине муўапық еки жылдан көбирек ўақыттан берли баслық болып, жемисли ислеп атыр. Ықлас пенен сөйлескенимде бул хожалық мәмлекет жобасын орынлағаннан қалған дәнниң есабынан ҳәр ислеўшиге 1200 кг салы, 150—200 кг бийдай бөлип берген. Демек, халықтың ырысқы-несийбесин молайтып, дәстурханын берекетли етип атыр. Оннан тысқары, колхозшыларға картошка, гешир, пияз ҳәм т. б. өнимлерди жеткизип берип, елиниң напақасын арттырып атыр. Ал, халықтың дәннен басқа алатуғын ақшасы ол өз алдына.

Көз тиймесин, бул үлкен жетискенлик. Әсиресе, ҳәзирги қыйын-шылық заманда халқын аш етпей, дәнди молдан жетистирип, қазанға түсетуғын ҳәр түрли өнимлер менен тәмийинлеген басшыны төбеңе көтерип жүрсең арзыйды.

Егер биз өз ўақтында салы совхозларын шөлкемлестирмесек, аўҳал қандай болар еди? Буны ҳәзир екиниң бири биледи. Шоманай,

Кегейли районларының басшылары жыласа, көзиниң жасын тыйдыра алмайсаң.

Ең қуўанышлы нәрсе, усы «Шортанбай» колхозына 30 жылдың ишинде келип қоныс басқан ҳәм сол жерде туўылып өскен балалардың ишинен оқып, билим алып, үш азамат илим докторы, 12 жигит илим кандидаты болып жетисти. Бул бизиң республикамыздың илимий потенциялына шортанбайшылардың қосқан бийбаҳа үлеси болып есапланады. Халқымызда «Елиў жылда ел жаңа» деген нақыл бар. Бунда, мениңше, еки мәнис бар. Биринши, бурын халқымыз жарлы жасап, азық-аўқаттың кемлигинен, аўыр кеселлердиң көплигинен, узақ өмир сүре алмай, ерте дүньядан өтип, және жаңа әўлад пенен толысып барған. Екинши, адамлардың турмысы жақсыланып, дәстурханы толып, өнип-өсип, халқының мақтанышы болған илимпазларды тәрбиялап шығарып, ел шын мәнисинде жаңаланып атыр.

Мине, усындай хожалықлардың қатарында Чапаев атындағы, «Мәденият», «Россия», «Алтынкөл», «Хорезм», «Майжап», тағы басқа көп хожалықларды киргизиўге болады. Ўақтында дурыс исленген ислер өзиниң усындай жемисин берип келмекте.

Солай етип, бизлер 1960—70-жылларда көп салы совхозларын дүзип, шөлистанларды гүлистанға, тарқақ аўылларды қала пишининдеги поселкаларға айналдырып, оларға асфальт жол, газ, электр жақтылығы, суў апарып, турақ жайлар, мектеп, емлеўхана, клуб, монша ҳәм т.б. елге керек объектлерди қурып, халықтың турмысына умытылмайтуғын унамлы өзгерислер киргизгениме өзимди бахытлы сеземен.

Енди халық хожалығының бири мал шаруашылығын раўажландырыў бойынша исленген жумысларға тоқтап өтпекшимен.

Адам баласы жаралғалы берли, оның тиришилиги, күн көриси мал менен байланыслы болған. Бизиң елимизде адамлардың сәлемлескеннен кейин, «Мал-жаның аман ба?» деп аманлық-есенлик сорасыўы соннан келип шыққан. Халықтың атам заманнан берли минер көлиги де, аўыр жүклерди бир елден апаратуғын транспорты да ат пенен түйе болған. Мың жыллар бурын Европадан Азияға баратуғын атақлы «Жипек жолында» жүрген кәрўанлар да негизинен атлар менен түйелерден дүзилген.

Мине усындай жесең тамағың, минсең көлигиң болған малларды асыраў, бас санын көбейтиў бизиң халқымыздың негизги

талабы болған. Қандай дәўир, қандай жәмийетлик дүзим болыўына қарамастан, төрт түлик малды көбейтиў ўазыйпасы биринширлер қатарында турған. Бизиң халқымыздың ертеректе ярым отырықшы ярым көшпели болып күн кешириўлери де, бала-шағасын асыраўы да усы мал сақлаўға байланыслы болған.

Бизиң республикамыздың аймағы Совет ҳүкимети орнағанға шекем маллары көп, шаруашылығы раўажланған ел болғаны бизге мәлим. Мың-мыңлап жылқы айдаған, он мыңлаған қой-ешкиси, бир неше жүзлеген қара малы бар адамлар көп болған. Ал, 30—40 майда жанлық, 3—4 қарамал, жылқылар еки үйдиң биринде болған. Дийқаншылықтың тилин аз билетуғын бизиң халқымыздың баслы талабы мал өсириўшилик болған.

Халқымыздың аўзындағы «Мал баққанға питеди», «Бақпағанның малы, қарамағанның қатыны кетеди», деген сөзлер бийкарға айтылған емес. Малды көбейтип, бай атағын алғанларды айыплаўға болмайды. Олар сондай қыйын, техникасы жоқ заманда ҳәзиргидей тонна-тонна қыслық от-шөбин таярламай-ақ, жақсы жайылым жерлерди излеп таўып, малларын жайып, талай-талай аўыр келген қыслардан малларын аман алып шыққан.

Усындай ақыллы, мийнеткеш мал өсириўшилерди де Сталинниң қәте сиясаты арқасында қаматып, жер аўдарып жиберди. Дереклестирип қарағанда бизиң ҳәзирги қолда бар малларымыздың тийкары усы байлардан алынған маллар екени белгили.

Бизлер республика басшылығына келген дәўирде колхоз, совхозлардың көпшилигинде мал қорасы жоқ, механизация деғеннен хабарсыз, ҳәмме жумыслар қол менен исленип, саўын сыйырдан жылына 300—400 литр сүт алынатуғын аўҳалда еди. Мал шаруашылығы пахтаның мойнына түсип, хожалыққа зыян беретуғын артта қалған тараў еди. Бир қанша пахташылық хожалықлар аўылында от-жем болмай, саўын сыйырларды да Қазанкеткен, Аспантай, Дәўкемпир жайлаўларына жазда туўған баспағы менен қоса айдап жиберип, қысқа қарай алдырып, саўдырып сүт беретуғын еди. Төрткүл, Беруний, Елликқала, Әмиўдәрья ҳәм Хожели районларының бойдақ маллары Қазанкеткен, Аспантай усаған алыс жайлаўларда, яғный өз районларынан 200—300 километр алыслықта бағылатуғын еди. Ал, ол жақта егислик жерлер, мал қоралар жоқ. Бойдақ қара маллар қамыслықларға айдап жиберилип, көзден тасада, район, колхоз, совхоз басшыларынан узақта жүрер еди. Бурынғы шала саўат ферма баслықлары 2—3 айда

мал бағыўшыларға қонақ болып, малларды көрмей, ислеўшилердиң айлықларын апарып берип қайтатуғын еди. Бир қатар қойшылық совхозлары дүзилген менен фермалардың орайлары жоқ, рация ямаса телефоны жоқ, алыс жайлаўлардағы қойшылардың аўырыў-саўын билиў қыйын, оларды тутыныў товарлары менен тәмийинлеў жолға қойылмаған. Шопанлар мәдений орайдан 200—300 километр алыслықта жайласқан еди. Шопанларда радио, газета жоқ. Олар хәтте райкомның биринши секретары, райаткомның баслығы ким екенин де билмейтуғын еди.

Улыўма алғанда, бизиң мал шаруашылығымыз Өзбекистанның басқа областларынан 20—30 жылға артта қалған еди.

Аўыл хожалығының барлық тараўын бир ўақта дүзетиўдиң имканияты болмады. Ҳәмме күш-қуўат, мүмкиншиликлер дәслеп пахташылық пенен салыгершиликке қаратылды. Бул тараўлар бир қанша жолға түскеннен кейин мал шаруашылығына қарап, оларға да ири қаржы жумсап, хожалықтың бул тараўын да жақсылаўға, алатуғын өнимин көбейтиўге бағдар алдық. Жазы менен дийқаншылықтың басында болсақ, қысы менен областлық партия комитетиниң бюро ағзалары, Министрлер Советиниң басшылары, республика министрлери менен басқа да басшы хызметкерлер қара мал, қойшылық совхозларды бөлип алып, шаруа жумыслары менен шуғылландық. От-жемнен қысылған совхозларға үлкен авто-машиналар колоннасы менен от-жем апаратуғын едик.

1969-жылдың қысы қатты келди. Маллардың аўҳалы оғада қыйынласты, таярланған ири от-шөп ҳәм жемлер 4—5 айға созылған 30—40 градуслық суўықта жетпей қалды. Әмиўдәрья районының Энгельс, Ленин атындағы колхозларының Қазанкеткендеги малларын көрсең, бир жасар бузаўлар «муштай» болып, жүни түсип, териси менен сүйеги қалып, көкирегинде тек шықпаған жаны қалды. Қыстың қақаман суўығында малға жақсы қарағаны ушын ҳәр барғанда Ленин атындағы колхоздың падашысы Қозыбақтан хабар алып, оның менен яр-дос болдым. Қозыбақтың қатты аязда бетиниң алмасын, қулағын суўық алып кетипти, сонда да сол суўықта малларды, бузаўларды бағып жүр екен. Бул аўҳалларды көргеннен кейин, тийисли мәкемелерге тәртип берип, ҳәр бир қораға 4—5 тоннадан гүнжара, комбикорма түсиртип бергиздим. Жигирмалаған күннен кейин тағы барып көрсем, гүнжара менен жемге тойған баспақларға қайтадан жылтыраған таза жүн шығып, ойнақлап жүр екен. Өз көзим менен усындай аўҳалды көргеннен кейин, мал

қораларды аралап, маллардың аўҳалын көриўди дәстүрге, жумыс ислеўдиң бир нәтийжели түрине айландырдым. Сол жылы қыста мен қара мал бағылатуғын Қазанкеткен, Аспантай, Порлытаў, Дәўкемпир массивлериндеги жайлаўларға алты мәртебе бардым. Мен барарда барлық район, колхоз, совхоз басшылары өз хожалығының қора басларында болып, кемшиликлерге сол ўақтында шара көрилетуғын еди. Биз көремиз дегеннен баслап хожалықлардың, мәкемелер менен автобазалардың автомашиналары ири от-шөп, жемлерди мал қораларға апаратуғын болды. Бирақ жылына бир-еки ай берген жәрдем не болады? Ол жайлаўларда егислик жер, мал қора, турақ жай, асфальтланған жоллар, электр жақтысы, емлеўхана, басқа да мал бағыўшыларға хызмет ететуғын ямаса кемис-қутығын айтып баратуғын жер болмаса, еситетуғын қулақ болмаса, Қазанкеткен, Аспантай, Дәўкемпир, сондай-ақ Мойнақ, Қоңырат районларының жайлаўларында белгили басшылық ететуғын хожалықлар дүзилмесе, ол хожалықларға жақыннан жәрдемлесетуғын район болмаса қара мал өсириў, олардан төл, гөш алыў мүмкин болмайтуғынына көзим жетти. Усы айтылған жайлаўлардың жерин, елин, көлин сол жыллары республика Денсаўлықты сақлаў министри Рейипназар Бабаназаров жақсы билетуғын еди. Ҳәр барғанымда Рейип Әметовичти бирге алып жүретуғын едим, ол маған көп жәрдем берди. 1963-жылы бизиң республикамызда 126 мың қара мал (соннан 39 мың басы сыйыр), 339 мың бас қой-ешки бар еди. Сол жыллары мәмлекетке тирилей салмағында тек ғана 8,2 мың тонна гөш, 16 мың тонна сүт, 9,8 млн дана мәйек сатылатуғын еди. Бир бас сыйырдан жылына 547 кг сүт, ҳәр мәкийен таўықтан 76 дана мәйек алынатуғын еди. Бул көрсеткишлер менен ҳүкиметтиң тапсырмасын орынлаў, халықтың гөш, сүт ҳәм мәйекке болған талабын қанаатландырыў қыйын еди. Бирақ қанша қыйын болса да мал шаруашылығын пахта, салы дәрежесине жеткериўди мақсет еттим, миннетли ҳәм әдиўли ўазыйпам деп қарадым.

Қойшылықты келешекте раўажландырыў мақсетинде Төртқүлде «Жамбасқала», Елликқалада «Буханмерей», Берунийде «Қызылқала», Тахтакөпирде «Жаңадәрья», Қараөзекте «Қарақалпақстанның 40 жыллығы» совхозларын, майда қой фермалары есабынан Қоңыратта «Үстирт» қаракөлшилик совхозын дүздик. Бул совхозлар қумларда жүретуғын ЗИЛ-131 маркалы Урал автомашиналары, Т-40 транспорт тракторы ҳәм көплеген жүк тасыйтуғын көликлер менен тәмийинленди. Ҳәр бир қаракөлшилик совхозына суўға-

рылып егилетуғын 5—6 мың гектар жер берилип, от-шөпке болған талабын қанаатландырғандай мүмкиншилик жасалды. Бул совхозлар да пахта, салы хожалықлары сыяқлы қалаға мегзес елатқа ийе болды. Шопанлардың балалары мектеп-интернатларда оқыды. Клуб, емлеўхана, саўда орынлары, ҳәтте оларға хызмет ислейтуғын рабкоопы дүзилди, автолавкалар жәрдеминде шопанлар тутыныў товарлары, ун, шай, қант, май, дуз сыяқлы затлары менен тәмийинленип турылды.

Беруний ҳәм Тахтакөпир районларында ғөшке сойылатуғын қойларды бағып семиртетуғын еки хожалық дүзилди. Бул еки хожалық қойларды май заводлардың қасында шелуха берип бағып семиртип, ҳәр бир қойды 40 килограммнан кем болмаған салмақта тапсырып, қойшылықтың пайдалылығын арттырыўға үлкен жәрдем етти. Бирақ қойларды көп жыллар даўамында қолдан қашырыўда қолланылған СЖК, бир саўлықтан еки-үш қозы алыў тәртиби қойлардың майдаланыўына, алынған терилердиң дүнья жүзилик стандартқа туўра келмей, өтимсиз болыўына, оның үстине 3—4 қозы туўған саўлықлардың өлиўине алып келди. Сондай-ақ, бизиң жайлаўларымыздың қунарсызлығы, жайылып жейтуғын от шөбиниң аз болыўы, айырым қыс қатты келген жут жыллары қойшылыққа үлкен зыян тийгизип турды. Қалың қар жаўып, боранлы, ызғырық ҳәм қатты суўық күнлер төрт-бес айға созылған жут жылларда қойларды өлимнен қутқарып қалыў мүмкиншилигине ийе емес едик.

Районлардағы пытыраңқы майда фермалар есабынан алдынғы жыллары базалар қурдық, оларда бир қанша жақсы жумыслар исленди. Мәселен, Хожелиниң хожалық аралық базасына Юсипқалий Дәўлетовты басқарыўшы етип таярлаған едик, бул уқыплы басшы тезден мал қоралар, турақ жайлар қурып, Аспантайда үлкен елат пайда етти. Бул колхоз аралық хожалықта егислик жерлер ашыла баслады, малдың күтими әдеўир жақсыланды, гөш алыў көбейди. Ю. Дәўлетовтың ислеген жумысларын көрип, оның үлкен басшы екенине исенгенликтен, оны Хожелидеги ең артта қалған «Әмиўдәрья» совхозына директор етип жибердик. Ол бул совхозды да қалақлықтан шығарып, пахтаны көбейтти, ҳәр жылы жобасын орынлайтуғын, поселкалы ел дүзип, алдағы хожалықлар қатарына қосты. Сонлықтан, Ю. Дәўлетов ҳүкиметимиздиң орден ҳәм медальлары менен сыйлықланды, Қарақалпақстанға бир неше мәртебе депутат болып сайланды. Мениң айтайын дегеним, кимде-

ким ҳадал тер төгип Ю. Дәўлетовтей мийнет етсе, елсиз алыс жерлерге де халық жыйналып, үлкен елат пайда болыўы, маллардың бас санының өсиўи мүмкин екенин ис жүзинде көрсетти. Соннан кейин усы жайлаўдағы маллардың бас санын және де көбейтиў ушын Төрткүл районының фермаларынан «Төрткүл», Әмиўдәрья районының фермаларынан «Порлытаў», Беруний районының фермаларынан «Қазанкеткен», Хожели районының фермаларынан «Аспантай» совхозлары дүзилди. Бул совхозлар малларды негизинен өз аяғынан тоғайда, қамыслықларда жайып бағып, арзан гөш жетистиретуғын, қара мал өсириўши хожалықлар болды.

Тилекке қарсы, Әмиўдәрьяда суўдың азайып кетиўи себепли сол жағалықлардағы көллер суўсыз қалды. Бир-еки мәртебе Әмиўдәрьяға бөгет басып, Қазанкеткен көллерин суўландырып едик, бирақ кейинги жыллары ол суў да болмай қалды. Қыйыншылықлар қайтадан бас көтере баслады. Тийкарынан гөш жетистириўге бағдарланған бул совхозлардағы қыйыншылықларды жеңиў мақсетинде 1976-жылы өз алдына бир мал шарўашылық районын — Бозатаў районын шөлкемлестирдик. Бул — Өзбекистанда биринши гөш жетистириўши район болды. Бозатаўға Шымбай районынан «Қарақалпақ», Мойнақ районынан «Қазақдәрья», Кегейли районынан «Еркиндәрья» ҳәм тазадан дүзилген «Төрткүл», «Қазанкеткен», «Порлытаў», «Аспантай» совхозлары, барлығы болып жети совхоз берилди. Бозатаў районы дүзилгенде бул совхозлардағы қара маллардың бас саны 66,4 мыңды қурайтуғын еди. Район дүзилиўи менен-ақ мәмлекетлик ири қаржы есабынан ислейтуғын «Приаралводстрой» трести дүзилди. Усы тресттиң күши менен егислик жерлер ашылды, совхоз орайларында турақ жайлар, каналлар, өндирислик жайлар, мал қоралар қурылды. Район орайында емлеўхана, бир неше орта мектеп, мәкеме жайлары, интернат, училищелер қурылып, Қазанкеткендеги елсиз, тоғайлық жерлерде халық жыйналған үлкен мәдений орай пайда болды. Бул районға сағасы Қызкеткеннен—Тақыятас гидроузелинен алынып, узынлығы 150 километрге шамалас канал апарылды. Бул канал Бозатаў халқының бахтына, егислик жерлерди суўғарыўға, қамыс өсетуғын жерлерди қысы менен суўландырыўға хызмет етти. Районның ҳәр бир совхозы 4,5 мың гектар егислик жерлерге ийе болып, 100 мың бас қара малды арқайын өсиретуғын, ҳәр хожалығы бир мың тонналық гөш жетистиретуғын ел болыў нийетинде бул илажлар иске асырылған еди. Өзбекистан Республикасының тас жоллар министри, ақсақалымыз А. Қаюмовты Өзбекистан ССР

Жоқарғы Советине Бозатаў районынан депутат етип сайладық, ол сайлаўшылардың наказы деп, министрликтиң ири қаржысын хәм техника күшин жумсап, район орайын гүллән хожалықлары менен байланыстыратуғын асфальт жоллар салып берди.

Бул район толық өз жумысын баслағаннан кейин, еркек бузаўлар менен баспақ, таналарды өз алдына бағып, семиртип, қондицияға келтирип, орташа салмағын 400 килограммға жеткерип гөшке тапсырыў, хәмме колхоз, совхозлардағы бойдақ малларды май заводының қасына жыйнаў пикири пайда болды. Усы мақсетте Шымбай районында май заводқа жақын жерден «Гигант», Беруний районындағы «XXII партсъезд» мал семиртиў совхозлары дүзилди. Бул совхозларды тез қурыў мақсетинде Республика Министрлер Совети Баслығының биринши орынбасары М. Кинбаевты штаб баслығы етип тайынлап, оған күни-түни жумыс ислеттик, коммунал хожалығы министрлигине қарайтуғын «Ремстройтрест»тиң (басқарыўшысы Алғабас Мустафин), «Өзсельхозтехника»ның (бас-шысы Рашид Досумов) күши менен үш айда мал қоралар салынып питкерилди, жайлаўларды суўландырыў трестиниң (баслығы Шарипов) күши менен олар суў менен тәмийинленди, бир ай ишинде хәр комплекске 6—8 мыңдай бойдақ маллар жыйналды. Бул совхозлардың басқа колхоз, совхозлар менен алыс-берисин, гөшке тапсырыўды есаплаў жолларын мениң усынысым бойынша М. Кинбаев ташкентли қәнигелер менен бирге ислеп шықты, сол жумыс баслаған жылдың өзинде жақсы нәтийжеге еристик. Заводтан алынған шелуха менен арзан гөш жетистирилди.

Кейинги жыллары бул совхозлардың бойдақ малларының 10 мың басқа жеткерилиўи хәм технология бойынша 20 күнлик бузаўлар жыйнап әкелиўине байланыслы раңионында көк от-шөпке талап көбейгеннен кейин «Гигант» совхозына «Шымбай» пахташылық совхозын бекиттик, ал Берунийден «XXII партсъезд» совхозын көк от-шөп пенен тәмийинлеў ушын өз алдына Жданов атындағы совхозды аштық.

Ўақытша салынған мал қоралар көп ўақытқа жарамайтуғын болғаннан кейин, сол еки совхоздан мәмлекетлик ири қаржы есабынан заманагөй мал қоралар қурылды. Бул епкинли қурылысты Республика Министрлер Советиниң Баслығы Е. Айтмуратовқа, кейин М. Юсуповқа тапсырып, республиканың көпшилик қурылыс мәкемелериниң күши менен хәр совхозда 15—25 мың бас қара мал жайғасатуғын қора салынып питкерилди. Хәзир де олар колхоз,

совхозларды мал семиртиў усаған қыйын жумыслардан қутқарып, пайдалы ис ислеп атыр. Бирақ хожалықлардан 20 күнлик еркек бузаўларды жыйнап, 400 килограммлық салмаққа шекем бағып, семиртиў жумыслары СССРдың тарқалыўы менен иске аспай қалды. Бул илажлар пахташылық, салыгершилик, овощь, палыз егетуғын хожалықларда тек саўын сыйырлар сақланып, оларды жыллы қораларда бағып, ферма қасынан егислик жерлер менен тәмийинлеп, сүтти көбейтиўге жол ашып берди. Сүт жетистириў менен шуғылланатуғын хожалықларда от-жемди майдалап, пуўландырып беретуғын, ири шөплерди майдалайтуғын техникалар алынды, саўыншылар дем алатуғын жайлар, малларды қолдан қашырыў пунктлери салынды ҳәм сыйырларды қолдан қашырыў ушын керекли тукымлық материалларды сақлайтуғын азотлы ыдыслар әкелинди. Қулласы, маллардың нәсилин жылдан-жылға жақсылаўға бет бурылды. Ҳасыл, сүтти көп беретуғын маллардың тукымларын бурынғы СССР аймақларынан алып келиў қатты искерликтиң арқасында болды. Солай етип, фермалардағы саўын сыйырлардың 60 проценттен көби ҳасыл, көп сүт беретуғын сыйырларға айналды. Ҳәр бир жүз бас сыйырдан төл алыў көбейди. Бир бас сыйырдан жыл бойынша саўылған сүт 1963-жылғы 547 килограммнан 1984-жылы 1765 килограммға көбейди. Республикамызда саўылған сүттиң 1984-жылғы муғдары 44 мың тоннаға жетти. Бул 1963-жылғыдан 30 мың тонна көп.

Әўелги жыллары бизиң республикамызда айырым колхозларда 5—6 бас мегежин шошқа болып, оларды бағыўға халқымыз жеркенишли көз бенен қарап, шошқаларды автомашиналарға жүклеғенде де, түсиргенде де қолларын тийгизбей, сырық ағаш пенен еки жақтан бир-бир адам услап, ысырып жүретуғын еди. Ҳәр бир колхоз шошқа бағатуғын орыс, кәрис излеп, бийзар болған еди. Областьлық партия комитетиниң тапсырмалары орынланбай қала берди, бизиң гөш комбинатларымызға колбаса ислеў ушын 1,5—2 мың тонна шошқа гөши ҳәм майы керек болса, оны бурынғы СССРдың баска областьларынан алдыратуғын едик. Бул жол менен шошқа гөшине болған талапты қанаатландырыў жүдә қыйын болыўына көзимиз жеткеннен кейин, колхоз, совхозлардағы шошқаларды Нөкиске жақын жерден дүзилген Тельман атындағы қәнигелестирилген шошқа өсириўши бир совхозға жыйнадық. Дәслепки жыллары Мойсей Шульманды директор етип тайынладық. Шошқа бағыўшыларды Нөкистен жай берип жыйнадық. Нәтийжеси онша бизди қанаатлан-

дырмағаннан кейин, бурынлары райком секретары, совхоз директоры болып ислеген, республиканың совхозлар трестиниң директоры П. Винниковты сол Тельман атындағы совхозға директор етип тайынладық. Павел аға сондай жақсы иследи, үлкен шөлкемлестириўшилик уқыбын көрсетти, шошқа өсириўши жақсы қәнигелер ҳәм бағыўшылар менен тәмийинледи. Шошқаның басын 20 мыңға шекем жеткерди, ҳәр жылы шошқаны 110 килограммлық кондициялық салмақта 1600—1800 тонна шошқа гөшин сатыўға ериспи. Ҳәр бир мегежиннен алынатуғын торайлардың саны көбейди. Совхоз тез арада пайдалы хожалыққа, Өзбекистандағы ең алдынғы совхозлардың бирине айланды. Ислеген мийнетине қарай Павел ағаны ҳүкимет наградалары менен сыйлықладық, республика Жоқарғы Советине депутатлыққа сайладық. Солай етип, республикамыздың шошқа гөшине болған талабын қанаатландырыўға еристик ҳәм Өзбекистан ҳүкиметиниң келисими менен республикада 50 мың бас шошқа өсириўге арналған үлкен шошқа өсириў комплексин қурыўды баслап жибердик. Тилекке қарсы, СССРдың ыдыраўы менен 50 процент жумысы питкен, миллион-миллион ири қаржы жумсалған комплекс тамамланбай қалды. Соншама жайлардың шала ҳалында қалыўы ашынарлы аўҳал болды. Бизиң нийетимиз республиканың мәмлекетке сататуғын 22 мың тонна гөшиниң 10 мың тоннасын шошқа өсириўшиликтен алыў еди. Бәлким, Өзбекистанымыз раўажланып, байлығымыз асса, таза комплекс питкерилип, сол нийетимиз орынланар...

Мал шарўашылығының пайдалы тараўы таўықшылық. Сонлықтан, Тақыятас қаласының қасынан 500 мың мәкийен таўыққа мөлшерленген таўық фабрикасы салынды. Искер, тәжирийбели басшы Қыйлыбай Атаниязовты фабрикаға директор етип тайынлағаннан кейин, күнине 100—120 мың дана, жылына 350—400 млн дана мәйек жетистирилетуғын болды. Соның менен бирге, Нөкис қаласына жақын жерден бройлер қус фабрикасын салдық. Ол жылына 700—800 тонна гөш жетистирип берди. Усындай қусшылық комплекси Беруний, Қоңырат, Нөкис районларынан да салынды. Халқымызды қус гөши, мәйеги менен тәмийинлеў мәселеси шешиле баслаған дәўирде, бурынғы экономикалық қатнас үзилиўи менен бул қурылған қус фабрикалары да көп қыйыншылықларға ушырап, өзиниң ўазыйпасын атқара алмай, өли капитал болып қалыў қәўпи астында тур.

1984-жылы жетистирилген таўық гөши 131 тонна, алынған мәйек республика бойынша 55,8 миллион дана болып, 1963-жылға қарағанда гөш 14 есе, мәйек 7,1 есеге өсти. Бул алынған гөш ҳәм мәйек халқымыздың қайнаған қазаны, күш-қуўаты болды, дастурханын толтырды.

Халқымыздың ийгилиги ушын пайдалы тағы бир жаңа тараў — пал ҳәррешилиги совхозы пайда болды. Бул совхозды Нөкис районы аймағында, бурынғы электр тармағының қаладан сырттағы дем алыс орайының базасында шөлкемлестирдик. Ол совхоз жылына 100 тоннадан зыят пал берди. Усындай хожалықлар қубла районлардан да дүзилип, 1984-жылы улыўма 139 тонна пал алынды. Бул көзге аз көринген менен бурын бизлерде ири хожалық есабынан пал алынбаған еди. Усы палларды тутыныўшылар аўқамына жыйнатып, кишкене бинкаларға салдырып, халыққа саттырдық.

* * *

Адам баласына ең керекли витаминли азық-аўқат — бул ҳәр қыйлы жемислер, мийўелер. Баяғы жыллары Ташкентке командировкаға ямаса қыдырып барған бизиң жерлеслеримиз үйине қайтарда базарлыққа алма, ерик, жүзим, алмурат ҳәм т.б. алып келип жүрди. Қарақалпақстанда ол жыллары помидор, қыяр, капуста, баклажан усаған жемислер аз егилетуғын болған соң хожалықларымыздың ишип-жейтуғын аўқат нормаларына ендирилмеген еди. Бағшылықты раўажландырыўдағы ислеримиз жоқтың қасында болды. Артта қалған бул хожалық тараўын ҳәр тәреплеме өсириўди үлкен мақсет етип қойдық. 1963-жылы Нөкис қаласына жақын Шағал көпирдеги Тақыркөл, Қуўлыкөл елатын пахташылықтан азат етип, бағшылық совхозын дүздик. Бул жерлер бурын «Халқабад» совхозының пахташылық бөлими болған.

Шараф Рашидовтың тапсырыўы бойынша 1963-жылы ерте бәҳәрде Ташкенттен атақлы бағман Ризамат аканы алдырып, бағшылықтың академиги есапланған бул ақсақалға қазығын қақтырып, Нөкистеги жоқары ҳәм орта оқыў орынларының оқыўшыларының күши менен еки мың гектарға жақын жерге ҳәр түрли мийўе ағашларының нәллери егилди. Бағ мийўе бергенге шекем бул совхоз 3—4 жыл ишинде мәмлекетлик ири қаржы есабынан сақланды.

Алпысыншы жыллардың ақыры, жетписинши жыллардың басында пахташылық, салыгершилик, шаруашылық колхозлары менен

совхозларының ҳәр бирине 30—50 гектарлық бағ егиў ўазыйпасын жүклеп, усы жумысларды шөлкемлестириўди Республика Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы, областълық партия комитетиниң бюро ағзасы Дәўлет аға Ешимбетовке тапсырған едик. Ақсақалымыз ҳәр жылы мийўе нәллерин Өзбекистанның областъларынан ҳәм басқа да республикалардан алып келтирди. Бағшылық ушын жер ашыў, нәллерди отырғызыў, оларды изей суўдан аман сақлаў илажларын ислеп, 5—7 жылдың ишинде мийўе беретуғын бағ, жүзим гектарларын көбейтти. Сексенинши жылларда басқа республикаларға вағонлап жемислер жиберетуғын, ишки базарларымызға, халқымыздың дастурханына алма, жүзим қойылатуғын дәрежеге жеттик. Халқымыздың көк жемислерге, помидор, капуста, қыяр, баклажан, гешир, пыяз ҳәм қаўын-ғарбызларға болған талабын қанаатландырыў менен бирге, оларды Россияның областъларына да жиберетуғын болдық. Жоқарыдан қатты қойылып турған ҳүкимет талапларын орынлаў ҳәм Нөкис халқын мийўе, овощь, палыз өнимлери менен тәмийинлеў мақсетинде пахташылық алып тасланып, өз алдына бир район, Нөкис аўыллық районы дүзилди. Бул жаңа районға сегиз совхоз қарайтуғын болды. Халқымызды помидор, қыяр менен қыс айларында да тәмийинлеў ушын Нөкис районынан 12 гектарлық, Қоңырат районынан 5 гектарлық, Хожели районынан 3 гектарлық, Беруний, Төрткүл, Елликқала районларының ҳәр қайсысынан 5 гектарлық теплица (ыссыхана) салынды. Көп ири қаржы жумсалатуғын бул теплицалар Ташкенттеги аўыл хожалық ҳәм басқа да министрликлердиң жәрдеминде салынды. Бул теплицалардан алынған помидор менен қыяр Нөкис қаласының халқының дастурханын толтырыўда бүгинги күнге шекем хызмет етип, қыс айларында өткерилип атырған той-мерекелерде халықтың көзине тийип тур. Бул теплицалардағы өнимлерди жетистириўде республикамызға мийнети сиңген агроном Ғалым Рахимович Мажитовтың басшылық роли оғада үлкен екенлигин айрықша айтып кетким келеди. Бул теплица соң Ғ. Мажитовтың тәжирийбе үйретиў мектебине айланды. Республикамыздың басқа орынларынан қурылған теплицалардың қәнигелери усы жерге келип тәжирийбе алғаннан соң, жумыслары жөнлесип кетти.

Халқымыздың картофель өнимине болған талабын көбинше сырттан алып келинген өнимлер есабынан қанаатландырдық. Ҳәр жылы тутыныўшылар кооперациясы менен мәмлекетлик саўда мәкемелери арқалы 20 мың тоннаға шекем картофель алдырып,

халыққа сатқызатуғын едик. Себеби, жаздың кеш кирип, қатты ыссы күнлердиң болыўы бизиң республикамызда картофель жетистириўди раўажландырыўға мүмкиншилик бермеди. Егилген картофельдиң гүллеўи ыссы күнлерге туўра келип, түйнек байламай, өнимдарлығы аз бола берди. Болмаса, жылма-жыл басқа жақтан сатып алып келинетуғын картофельди өзимизде жетистириў ушын Нөкис районынан арнаўлы картофель совхозын аштық. Көп жумыслар иследик. Жәрдемлер бердик, сонда да улыўма өним 6 мың тоннадан артпады. Ол ўақтында ҳәзиргидей Голландияның технологиясы жоқ еди.

Аўыл хожалығындағы бир қатар исленген жумысларды жуўмақлап айта келип, Қарақалпақстан халқының мийнети менен колхоз ҳәм совхозларда жетистирилип, мәмлекет қазнасына жоба есабында тапсырылған өнимлерди кесте менен көрсетип, онда 1965-жыл менен 1983-жыллар арасындағы өсиўшиликти цифрлар арқалы көрсетпекшимен.

Мәмлекетке сатылған өним муғдары

Өнимлер	1965-ж	1983-ж	Өсими
Пахта (мың тонна)	260	435,4	167,5 процент
Салы (мың тонна)	25,7	332,3	13 есе
Картофель (мың тонна)	1,1	5,3	4,9 есе
Овощь (мың тонна)	2,9	48,6	16,7 есе
Қаўын-ғарбыз (мың тонна)	5,3	56,8	10,7 есе
Мийўе өними	2,6	9,4 56,8	3,6 есе
Жүзим (мың тонна)	0,5	0,54	108 процент
Пилле (мың тонна)	712	1113	156,3 —«—
Гөш (тирилей салмағы, мың тонна)	8,2	20,2	2,46 есе
Сүт (мың тонна)	16	46,1	2,8 есе
Мәйек (млн дана)	9,8	55,1	5,6 есе
Жүн (мың тонна)	615	1695	2,8 есе
Қаракөл териси (мың дана)	79	165	2,1 есе

Бул цифрлар 1984-жылы жарық көрген «Қарақалпақстан АССР халық хожалығы 60 жылда», — деген статистикалық китапшадан алынған.

Бул жерде 1965-жылды алыўымның себеби, ол партияның май (1965) пленумы колхоз, совхозлардың сататуғын өнимлериниң баҳасын қайта қараған бес жыллықтың соңғы жылы еди. Соның менен бирге, бул жылы мениң жумысларды жанландырып, үлкен бағдар алған жылым еди. Мәлим болғанындай-ақ, колхозлар менен

совхозлардың ақшалай табысы тек мәмлекетке сатылған товарлардың өнимнен ғана түседи. Сонлықтан, қанша аўыл хожалық өними мәмлекетке көп сатылса, олардың ақшалай табысы сонша көбейеди.

Үлкен экономикалық анализ жасамай-ақ, кестеде көрсетилген бизиң республикамыздың 1983-жылдағы сатқан улыўма өнимлери 1965-жылғы 300 мың тоннаға салыстырғанда 700 мың тонна өнимниң зыят сатылғанын, яғный 2,3 есеге өскенин көремиз. Мине, усы жол менен ақшалай табыстың, мийнет ҳақының қай дәрежеге өскенин билиўге болады. Әлбетте, бул экономикалық дурыс анализ емес, ҳеш ўақытта пахта, салы, овощ, палыз өнимлери менен мал шаруашылық өнимлерин қосып анализлемейди, деген менен жоқарыдағы мен көрсеткен пикирлердиң дурыслыққа келетуғынын, улыўма бағытты болжаўға болады.

Экономикалық раўажланыўға кеўил аўдарсақ, совхозлардың экономикасын, оның финанс аўҳалын өз алдына, колхозлардикин өз алдына қараў дурыслыққа жатады. Сол жыллары майда, экономикасы төмен, мийнет ҳақысына ҳеш нәрсе алмайтуғын колхозлар таза совхозларға өтсе де, олардың экономикалық аўҳалы 1963-жыллары төмен дәрежеде еди.

1963-жылы республикада жетистирилген 213518 тонна пахтаның 112102 тоннасын совхозлар жетистирди, бул улыўма өнимниң 52,5 процентин қурайды. Усы пахтаны жетистириў ушын ҳәр бир центнерине 6,2 адам күнин, яғный 43 саатлық мийнет жумсалды. Бул қол мийнетиниң көп жумсалып, ҳәр бир гектардан алынған өнимниң азлығын көрсетеди. Усы жылдағы совхозлардың улыўма дәраматы 51 млн манат болып, усының пахтада ислеўшилерге 17,7 млн манаты мийнет ҳақыға төленди, орташа бир айлық мийнет ҳақы 48 манат болды.

Сол 1963-жылы совхозлар хожалық жылын 5 млн 514 мың манат зыян менен жуўмақлаған еди. Усыдан жигирма бир жыл өткеннен кейин 1984-жылы совхозлардың жетистирген пахтасы 208 мың тоннаға жетти, республика совхозларының үлеси 59,7 процент болды. Бир центнер пахта жетистириўге 5,1 адам күни ямаса 36,5 саатлық мийнет жумсалды. Пахтаның зүрәәтлилиги 17,2 центнерге жетти. Пахтакешлердиң орташа айлығы 146 манат, ямаса 3,1 есеге көбейди. Аўыл мийнеткешлериниң алатуғын айлығының көбейиўи себепли олардың мәдений турмыс дәрежеси анағурлым жақсыланды. Халқымыздың турмыс дәрежеси жоқарғы басшы органлардың қарары, ямаса жақсы нусқаўлар менен жақсыланбайды.

Сонлықтан биз жәмийетлик хожалықлардағы байлықты арттырыў менен бир қатарда, колхозшылардың, совхоз жумысшыларының ҳәм аўылларда туратуғын басқа хызметкерлердиң сол замандағы қарары, нормативлерине қарамай, көзди жумып, көрмеген, билмеген болып, меншиғинде қанша бас қарамал, қой-ешки, куслар сақласа да руқсат етип, керегинше, күши келгенинше үй қапталы жерлерине егин егип алыўына имканият бердик. Айырым күши келген хожалықлар 20—30 басқа шекем қарамал услады. Үй қапталы жерлерине қаўын-ғарбыз, көк жемислер егип, базарларымызда арзан помидор, қыяр, гешир, маллар сатып, қала халқының да күнделикли руўзыгершилигине керегин алыўына мүмкиншилик туўды. Бизиң базарымызда ҳәмме ўақытта басқа жақларга қарағанда нырық арзан болды. Мине, усындай етип, ҳүкиметимизге зыянсыз, жеке меншикти раўажландырыў есабынан да халқымыздың турмысын жақсылаўға еристик. Айырым белсендилердиң жеке меншигинде мал көбейип кетти, гейпара адамлар байып баратыр, деген сөзлерине тәмби берилди. Халық байымай мәмлекет, ел байымайтуғыны тәбийий нәрсе.

* * *

Жоқарыда баян етилген, аўыл хожалығын раўажландырыўдағы қолға киргизген үлкен табысларды бир өзим иследим деў мениң ҳеш қандай ойымда да жоқ, бундай деўге ҳақылы да емеспен. Бундай пикирден пүткиллей аўлақпан. Бул үлкен хызметлерди биринши гезекте бизиң мийнеткеш халқымыз иследи. Елди абырай-атағын көтериўде, аўыл хожалығын кескин раўажландырыў жолында бизиң ҳадал, мийнет сүйгиш халқымыз өзиниң интасы менен жапырылып, күн-түн демей қатты жумыс иследи. Пахташылық, салыгершилик жылдан-жылға алға илгерилеген сайын, дәрамат артқан сайын, наны қалыңланып, дастурханға берекет дарыған сайын, олардың мийнетке қызығыўшылығы күшейип, талўасы артты, маманлығы аса берди. Туўған елимиздиң ийгилиги ушын гүресте гезлескен барлық қыйыншылықларды шыдамлылық пенен, ақыл-парасаты менен жеңди. Ерискен табыслар оларға қанат берип, тасқын йош бағышлады. Сонлықтан, мен Қарақалпақстанның аўыл хожалығының 1960—70 ҳәм 80-жыллардың басында кескин раўажланыўындағы баслы күш аўызбиршиликли жасап атырған бизиң көп миллетли мийнеткеш халқымыз болды деп, қайта-қайта тәкирарлап айтқым келеди.

Усы халықты уйымластырып, аўыз бириктирип, қатықтай уйытып, уллы ислерге баслаған жан күйер, елдиң қәдирин билетуғын, истиң көзин таныйтуғын ел басшылары, аўыл хожалығының ҳақыйқый командирлери, бригада, бөлим, колхоз, совхоз басшылары, қәнигелери, ел ағалары, район ақсақаллары ғой. Бизлер олар менен бирликте қапты қолласып, жумыс иследик. Соның ушын мен усы аўыл хожалығында минсиз ислеген гүллән халқыма және бир мәртебе терең миннетдаршылығымды, рахметимди айтпақшыман. Бул китапта олардың ҳәммесин атпа-ат айтып өтиў қыйын ҳәм мүмкин емес. Сонлықтан, олар маған өкпе-гийне қылмас деген ойдаман. Солай да болса, Қарақалпақстан Республикасының атағын пүткил елге танытыўда айрықша хызмет еткен, өзлери басқарған колхоз ҳәм совхозды тәжирийбе хожалығына айландырған, көп пахта, салы жетистирип, халқын байытқан, ҳәзирги заман талабына жуўап бererликтей поселкаласқан жайлар қурып, елин абаданластырған, ел-халқының ҳүрмет-иззетине ийе болған, үлкен шөлкемлестириўшилер сыпатында Өзбекистан Республикасына да белгили болған ақсақал басшылардан Н. Ешмуратов, К. Назаров, О. Матнепесов, Б. Сатматов, А. Алимов, К. Байназаров, Ш. Оразбаев, С. Қозыбаев, Р. Бекетов, А.Тажиев, Б. Ибадуллаев, А. Камалова, Т. Сержанов, А. Худайбергенов, М. Пирманов, Н. Қудыяров, Р. Хасанов, А. Қалбаев, С. Нурмедов, Ю. Дәўлетов, Ж.Ражапов, Е. Матсапаева, Б. Қурбанов, О. Матниязов, Ө. Матов, О. Көккөзов, Ю. Айжанов, О. Қурбаниязов, М. Өтепбергенов, Ж.Хамидуллаев, У. Бекимбетов, И. Қурбанов, И. Арзуов, И. Усақов, Е. Панаев, Қ. Атаниязов, Ө. Шарипов, Р. Ерланов ҳәм басқалардың атын айтып кетиўди мақул көрип отырман. Бул азаматлардың гейпаралары дүньядан өткен. Өлардың мәңги уйқысы тыныш, жаны жәннетте болсын. Ал, бир қатарлары ҳәзир дем алыста болса, көплери ҳәзир де ел ийгилиги ушын хызмет ислеп атыр. Оларға терең денсаўлық, шаңарағына аманлық, елине берекет, тасқын табыслар ҳәм зор абырай тилеймен.

Мениң пүткил халқыма деген сүйиспеншилигим, иззет-ҳүрметим қаншелли терең болса, бул азаматларға да сыйласығым, сиз-бизлигим күшли болды, себеби олар халқымыздың тәрбиялап жетистирген перзентлери, ел ишинен өсип шыққан басшылар. Ҳәзир де олар мениң ең жақсы, сағынып көрисетуғын яр-досларым.

Мен обкомның биринши секретары лаўазымында ислеген дәўиримде он сегиз жыл пахта жобасы, 1982-жылдан басқа жыллардың

ҳәммесинде, салы таярлаў жобалары бәркулла артығы менен орынланды.

Сол дәўирде әдетке айланған пүткил аўқамлық социалистлик жарыста Қарақалпақстан бир неше мәртебе жеңип шығып, КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Министрлер Советиниң, ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң көшпели Қызыл байрақларын жеңип алды. Соның менен бирге, 70—80-жылларда мыңнан аслам адам ҳәр жылы СССРдың орденлери ҳәм медальлары менен сыйлықланды. Олардың арасында 1963—84-жыллар ишинде 25 адам Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы деген уллы атақты алыўға миясар болды. Олардан: Н. Розымбетов, Е. Ешмуратов, Т. Якубова, А. Алимов, Т. Розумова, А. Худайбергенов, Ю. Маткаримов, Б. Қурбанов, С. Қурбанбаев, Х. Ембергенов, О. Қурбаниязов, У. Бекниязов, А. Назарханов, Алексей Кан, Т. Султанова, Ж. Айданиязов, Е. Бекбаўлиев, О. Турымбетов, С. Хошмуратов, Т. Сариев, У. Балтаниязов, О. Дилимбетов, К. Дурымбетов (үш «Даңқ» ордениниң кавалери), И. Алламбергенов (мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты)ларды атап өтиўге болады. Булардың қатарында мениң өзиме де 1973-жылы Социалистлик Мийнет Қаҳарманы атағы берилди.

Устазымыз Ш. Р. Рашидов: «Қарақалпақстанда пахта, салы өсириў жүдә қыйын. Шараят, жағдай оғада аўыр, сонлықтан Қарақалпақстанда аўыл хожалығында табыслы ислеген азаматтың ҳәр бириниң көкирегине «алтын жулдыз» қадасаң турарлық, көплик етпейди», — деп ҳәр сапары айтар еди. Бирақ ҳәммени «қаҳарман» етиў мүмкин емес, 25 адамның қаҳарман болыўы бизиң республикамыз ушын аз емес шығар деймен.

Шараф Рашидов кеўили дәрьядай әжайып инсан еди. Қарақалпақстан халқының хызметине берген бул жоқары баҳасын да үлкен награда деп есаплаўға болады.

ҚОЛЛАСҚАН ЖҮК ЖОЛДА ҚАЛМАС

Мениң менен бирге узақ жыллар даўамында ел ағалары болып, республиканың барлық табысларына айрықша үлес қосқан айырым басшылардың хызметине бирме-бир тоқтап өтсем, бул көп болмас. Жақсыны үлги етип айтсақ, келешек әўладқа тәрбиялық тәсири күшли болар деген үмиттемен.

Ҳәр бир басшының өзине жақын, тил алғыш, тапсырылған жумысларды өз ўақтында ҳәм кеўилдегидей етип питкерип жүретуғын, бирдейине «аты ертлеўли», хызметке таяр туратуғын жасы киши шәкиртлери болыўы тәбийий нәрсе. Мен Қарақалпақстанға басшылық еткен дәўиримде көп уллы ислерди бир өзим ислегеним жоқ. Жоқарыда баян еткенимдей, бириншиден, халқым иследи, елге басшы жанкүйер азаматлар иследи. Ал, мен оларға басшылық етип, жол-жоба берип, ири қаржылар алыў ҳәм материаллық тәмийнат мәселелерин шешиў, алынған ресурсларды республикаға әкелиў ҳәм пайымызға тийислисинен де көбирек қаржы ҳәм материаллық ресурслар алыў менен бәнт болдым. Ҳәр бир кадрдың уқыбына қарай жумыслар тапсырдым, олардан: Хайратдийн, Мүсирен, Саўқым, Жақсылық туўралы аз да болса оқыўшыларыма баян етпекшимен.

Обкомның аўыл хожалығы бойынша секретары Хайратдийн Маткаримов «салы секретарь» деген атақ алды. Мүсирен Кинбаев шарўа, Саўқым Жаманқараев елимиздиң бас мурабы болды, ал Жақсылық Палўанов салыгершилик совхозларында қурылыс ҳәм жерлерди инженерлик өзлестириў жумысларына басшылық етти. Олар хызметти берилип ислейтуғын искер азаматлар болды. Сонлықтан буларға тапсырылған исти питти деп есаплар едим.

Елимизде салыгершиликтиң раўажланыўы көп тәшўишлер туўдырды. Ҳәр бир таза ис (таза тараў) жаңа туўылған баланы әлпешлегендей, айрықша дыққатты талап етеди. Салының палаўы

мазалы болғаны менен оны кең көлемде егиў, жаз бойы тәрбиялаў ҳәм гүзде зүрәәтин жыйнап алыў пахтадан да машақатлырақ ис болды. Пахтаны еле толық меңгерип кете алмай атырған ўақытта бул еки үлкен аўыр тараўды сүйреў аңсат болмады.

Усындай қыйын-қыстаўлы күнлерде тактиканы өзгертиўимизге туўра келди. Айырым адамларға ерси көриниўи мүмкин, бирақ ўақыт соны талап қылды. Хайратдийнди тек ғана салыгершиликке бекитип, усы жаңа тараўдың жүгин мойнына таңдық. Хайратдийн жанын пидә қылып, өзиниң денсаўлығының төмен екенине қарамай, күнди-күн, түнди-түн демей, салы далаларын аралап, көп хызмет етти. Хайратдийн салы атызларын бирме-бир көзден өткермей, не болажағын билмей уйқыға жатпайтуғын, аўқат ишпейтуғын жанкүйер басшы болды. Оның бул хызметин халық та баҳалады. Хайратдийн ҳүрмет-иззетке ийе болды.

Усындай жанкүйер, искер азамат болғаны ушын Хайратдийн аўыр науқасқа ушыраған ўақытта, мен оннан безбей, үш-төрт айлап емлениўине, ал операция болғанда алты айлап емлеўханада жатып, ем алыўына мүмкиншилик туўдырдым. Москвадағы ең зор емлеўханаларға орналасыўына жәрдем еттим. Кремль емлеўханасынан Хайратдийнге барлық ўақыт дәри-дәрмақ әкелип берип турдым. Мийнеттиң де рәҳәти бар деген сол шығар, мен Хайратдийнге ақсақаллық жәрдемимди аямадым. Операциядан келген соң да Хайратдийнге дем ал, емлен дегенимди тыңламастан, ол салы атызларына кетип, себил болып жүргенлерине тәсийин қалғанман. Усындай мийнетлер босқа кеткен жоқ, биринши жылы жақсы зүрәәт болды, Хайратдийнниң себил болып жүргенин көрген совхоз директорлары оннан өрнек алып, жеделирек мийнет етти. Хайратдийн ҳаққында көп жазыў мүмкин, бирақ оның өзиниң аз, қысқа сөйлейтуғыны сыяқлы усы қысқа минезлеме бериў менен шекленбекшимен.

Мүсирен болса мийнет жолын табельщиктен баслап, жас ўақтынан мийнетке қайнап пискен адам. Оның жаслайынан мийнетте шынығыўы өмир бойына өзине жәрдем берип келмекте. Орта мектепти, жоқары оқыў орнын питкерип, сырттан оқып илим алып, мийнет мектебинен өткен Мүсирен жүдә саўатлы, есапқа күшли, терең ақыл-ойлы азамат болып жетисти. Өз үстинде тынбай ислеп, көп оқып, экономика илимлериниң кандидаты болды.

Мүсиренди мен ертеден таныйман. 1951-жылы Министрлер Совети Баслығының орынбасары ўақтымда Хожели районында

ўәкил болып жүргенимде, ол Ахунбабаев колхозында ревизия өткерип атырған екен. Сол жерде танысып, оның ақыллы, саўатлы, парасатлы жигит екенин билдим. Сол ўақыттан баслап мен Мүсиренге сер салып жүрер едим. Мен обкомға секретарь болғаннан соң Мүсиренди обкомға аўыл хожалық бөлимине инструктор етип алып, тәрбиялап, Республика Министлер Советиниң Баслығының биринши орынбасары, Обкомның бюро ағзасы дәрежесине шекем көтерилиўине қол-көмегимди бердим. Бул жерде мени дурыс түсиниў керек. Биз оны бир истен екинши иске қуры көтерип қойған жоқпыз. Керисинше, Мүсирен өзиниң уқыбының, шебер хызметиниң, ақыл-парасатының айрықшалығы менен өзин-өзи жоқары лаўазымға алып шықты. Мен тек оның искерлигин көрип, әсиресе обкомның бюро мәжилисине жүдә терең анализлер менен жазған мазмунлы справкаларын оқып көрип, оның искерлигин баҳаладық демекшимен.

Қарақалпақстанның жер аймағы қаншама кең болса, ондағы машқалалар да соншама көп. Олар бир адамның қушағына сыймайды. Сол сыяқлы хожалықтың барлық тараўын бир адамның билиўи ҳәм басқарыўы қыйын. Сонлықтан, бир адамның улыўма басшылығы астында ҳәр бир қәниге ҳәр тараўды басқарғаны мақсетке муўапық. Сол мақсетти көзде тутып, Мүсиренди мал шаруашылығына басшы етип қойғанбыз. Мал шаруашылығы жүдә қыйын тараў, ийне менен қудық қазғандай. Дийқаншылықты билип басқарған адам оны екиүш жылда көтерип алса болады, ал мал шаруашылығын көтериў ушын бул мүддет жүдә азлық етеди. Мүсирен басқарған ўақытта мал шаруашылығы бойынша көп унамлы ислер әмелге асырылды. Оларды тәкирарлап отырыўдың кереги жоқ шығар деймен. Мал шаруашылығы бойынша Мүсиренниң пикири өтетуғын еди. Қыйын, аўыр жерлерге өзи барды, оның басында еринбей турып, қыйын ўазыйпаларды иске асырды. Малы көп шығын болған хожалықларға барып, халық пенен сөйлести, төрелик етип, маллардың бас санын тикледи, шопанлардың тилин тапты, районлық ҳәм республикалық тутыныўшылар кооперациялары менен жәнжеллесип, тәмийнат мәселелерин шешти, солай етип көп ибратлы хызметлер иследи. Ҳәр бир ферманы механизацияластырыў, малларға от-шөпти майдалап, пуўға жибитип бериў үскенелерин қурыўда, әсиресе беккем от-жем базасы ушын гүресте Мүсирен көп хызмет етти.

Усы ислер менен бир қатарда Мүсирен неше мәртебе Рубцовск қаласына барып, сүрим тракторларын, Биробиджаннан комбайнлар

әкелсе, ал Куйбышевке (Тольяттиге) барып, жобадан зыят селитра жүклетти. Сондай-ақ, Россияға, Украинаға барып туқым сыйырларды алып келиў менен де шуғылланды. Қустың бир шөптен жыйнап уя соққанындай, ол жылларда ҳәмме басшылар тәмийинлеўши болып, елдиң ийғилиги ушын хызмет қылғаны ҳақыйқатлық. Сөйтпегенде, есап-сансыз мүтәжликлерди шешиў қыйын еди. Бизиң жигитлер мәселелерди шынжырма-шынжыр шешип барып, жоқары жақларда бир жерде иркилип қыйналған гезде өзим араласып, қолдағы бар ҳәкимликти, жора-жолдаслықты, сыйласықты иске қосып, сол түйинди шешип беретуғын едим. Мине, усылайынша уллы бирлик пенен ҳәрекет етип, республиканың экономикасын көтердик. Мен бул пикирди бурын да айтқанман, ҳәзир де жазып отырман.

Суў хожалығы бизиң турмысымыздағы ең шешиўши тараў. «Суў жоқ жерде, тиришилик жоқ» деп, дурыс айтқан дана халқымыз. Суў машқаласы шешилмей аўыл хожалығында өсиўшилик болмайтуғыны мәлим. Ал, бул истиң ҳәммесинде Саўқымның қолы бар. Елимиздиң берекетли дастурханына, ырысқы-несийбесине Саўқым азаматлық үлес қосты. Саўқымда таўсылмайтуғын зор ой-пикир бар. Соларды бизлерге айтып, көп баҳалы кеңеслер берип турар еди. А.Юриц екеўи әжайып ислерди әмелге асырды. Соның ушын Саўқым министлердиң ишинде бир өзи Ленин орденин алыўға миясар болды. Саўқым менен Москваға талай рет қатнап, көп мәселелерди шешип, республиканың мүтәжин жеңиллеткенбиз. Саўқым бас мураплық ўазыйпаны инабат пенен атқарды, жақсы шәкирт болды. Қарақалпақстанда техникалық илимлер бойынша биринши доктор болып көзге көринди. Саўқым үндемес, сорамасаң ҳеш аўзынан сөз шықпас, әлпайым минезли жигит. Бирақ сөйлетсең оның ишки дүньясы кең, саўатлы, өз исиниң маманы, бир ағып атқан дәрьядай азамат.

Ҳәр бир адам өз алдына бир дүнья, сол сыяқлы ҳәр бир адамда тек өзине тән минез, искерлик болады. Жақсылық Палўанов 20 жылға шамалас дәўир ишинде Қарақалпақстанда экономиканың таза ҳәм перспективалы тараўы болған салыгершиликти басқарды. Егер Хайратдийн Маткаримович обкомның «салы секретары» деп аталып, салы егиси, оның агротехникасы, салыны орып жыйнаў сыяқлы агротехникалық жумыслар менен бирге, салы совхозларында шөлкемлестириў жумыслары менен шуғылланған болса, ал Жақсылық Палўанов 25 салы совхозды комплексли курыў — турақ жайлап, мектеплер, емлеўханалар, монша, заманагөй устаханалар,

асфальт жоллар, электр линиялары, басқа да өндирислик ҳәм социаллық объектлерди курыў, ең баслысы—жерлердиң инженерлик усылда тегислениўи, изейкешлер қазыў, суў менен тәмийин етиў усаған көп мәселелер менен шуғылланды.

Жақсылық жүдә искер, өткир, бир айтқан сөзинен қайтпас, өтирик сөйлемес, дәлиден дуўры хабар дегендей, ҳеш кимниң ығына жығылмас, туўры сөзли басшы болды. Жақсылықтың минезине таныс болғанлар бир нәрсе аламан десе (бир нәрсе дегеним—техника) оны алды менен мақтайды, көпшиғин қояды, сонда Жақсылық жибиседи, ал ол жибискеннен кейин улықпанындағы барын аямай берип жибереди. Егер биреў оның менен қарсыласса, өлтир ҳеш нәрсе ала алмай қайта береди.

Жақсылық қатты қоллы, талапшаң басшы. Өзи менен бирге ислескен жигитлерин қатаң қадағалаў астына алатуғын, ис тапсырып, оның орынланыўын тексерип баратуғын, кеўилдегидей етип орынлап келмегенлерге тәмбисин жеткеретуғын әдети бар еди. Нөкисте қалалық атқарыў комитетиниң баслығы болып ислеген Жумамурат Әбдимуратов бурын Жақсылықтың қараўында ислеген, оның қысқысына түсип, сыналып шыққан жигит. Ол Жақсылықтың искерлигин, қаттылығын тәрийиплеп: «Жақсылық аға менен үш жыл ислесип, соған шыдам берген адамды, қандай үлкен лаўазымға қойсаң да ислеп, меңгерип кете береди», деп айтып жүрди. Жақсылықтың өзине тән тағы бир минези—ол услаған жерин жаздырмайтуғын, кеўлине алған исин ақырына апармай, шала етип, жолда таслап кетпейтуғын еди. Сонлықтан, Жақсылықтың қарамағында ислескен жигитлер пуқта, ислеген исин тап-туйнақтай етип орынлаўға әдетленди.

Усы минези Жақсылықтың 20 жыл даўамында «Қарақалпақирсовхозстрой» басқармасының начальниги болып, минсиз ислеўине жәрдем етти.

Жақсылық Ташкенттеги ҳәм Москвадағы жасы үлкенлер менен жақсы ислести, сорағанын алып турды, фондтан зыят көп техника, курылыс материалларын әкелди. Жақсылықта жобадан зыят жыл басында бөлинбей сақланатуғын автомобиль, трактор, скрепер, бульдозер усаған техника фонды болып, оны жыл даўамында керек жерине жумсады.

«Қарақалпақирсовхозстрой» Қарақалпакстандағы ең үлкен курылыс басқармасы болды. Ол курылысларды өзи қәрежет пенен

тәмийинлеп, өзи қурып, өзи пайдаланатуғын еди. Бул истиң жақсы шөлкемлестирилиўине жәрдемин тийгизип келди.

Жақсылық ислеген жыллары 25 салы совхозы қурылып, аўыллардағы шөлистан жерлер гүлистанға айналды. Бул инабатлы исте Жақсылықтың ири қурылысшы, үлкен шөлкемлестириў уқыбы бар екени әмелде дәлилленди. Салы совхозларын қала типинде қурыў менен бир қатарда Жақсылық өз мәкемесиниң фондынан республикада (Нөкисте) 600 орынлық туберкулез емлеўханасын қурып берди.

Нөкис қаласында «Белый дом» деп аты кешкен имаратты жобада болмаса да қорықпастан, ақ мрамор менен қаплатып питкерди. Ҳәзир бул имарат Нөкис орайлық майданын безеп турыпты. Қарақалпақстан Республикасының экономикасын раўажландырыўда, әсиресе, салыгершиликти жетилистириўде, қурылыс индустриясын бинә етиўде ислеген азаматлық мийнети ушын Жақсылық халқымыздың ҳүрмет-иззетине ийе болды. Ол Ленин ордени менен наградланды, мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды, Өзбекистан Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Жақсылықтың ел ушын, халық ушын ислеген хызмети ҳәр қандай мақтаўға турарлық.

Биз Ж. Палўанов пенен жүдә жақсы ислестик. Ҳәмме ўақыт мәсләҳәтлесип турар едик. Ол бизиң тапсырмаларымызды булжытпай ўақтында орынлап, баянлама берип турды.

Жақсылық Қарақалпақстанда ең қыйын тараўды басқарып, өзиниң күш-ғайраты менен ҳәмме машқалаларды шешип, Ташкент, Москваға өзи қатнап, барлық тәмийнат мәселелерин өз ўақтында ҳал қылып барды. Ол ҳәр қандай аўыр жағдайда да саспай, үлкен парасат, ақыл, инженерлик ой-пикир менен мәселе шеше билетуғын басшы болып танылды.

Мен ислеген дәўирде усындай шәкиртлер көп болды. Басқа шәкиртлердиң кеўлине келмесин, бул китапта ҳәммени атпа-ат тилге алыў қыйын, бизиң ҳәр бир азаматымыз өз алдына бир дүнья, ҳәр бириниң хызмети бир китапқа мүнәсип. Мен Хайратдийн, Мүсирен, Саўқым, Жақсылыққа усаған шәкиртлеримди көрсем, олар менен сөйлессем рәҳәтленип қаламан, сол дәўирде ислеген хызметимизге ырза боламан.

Шәкирт өсире алмаған басшы, мийўе бермеген дарақка мегзейди. Жақсы басшыдан шәкирт көбейсе, ол елге берекет дарыйды. Өсип өниўимиз, бирдиң мыңға айланыўы, әлбетте, ақыллы, әдепли

әўладтың, жақсы қосшылардың, көргенли шәкиртлердиң азаматлық хызметлериниң арқасында болады.

«Қатарда нарың болса, жерде жүгиң қалмас» деген халқымызда нақыл бар. Сол айтқандай, республикамыздың аўыр жүгин қолласып көтерген азаматларымыздың бири Қасым Нурымбетов болды. Қасым 22—23 жасларында Төрткүлдеги Сарыбий МТСына директор болып, жас ўақтынан-ақ бәйгиден озып шыққан аргымақ аттай, қатарынан айрылып шығып, искерлигин билдирип, мийнетке қайнап пискен, ел басқарыў тәжирийбесин топлаган инсан. Ол үш райкомға: Шоманай, Төрткүл, Беруний ҳәм тағы Төрткүл райкомына биринши секретарь болып ҳәммесин қосқанда 25—26 жыл даўамында усындай үлкен лаўазымда ислеп, Қарақалпақстанның жүги аўыр районларын басқарды. Қасым өзи ислеген районлардың экономикасын көтериўде, пахташылықты раўажландырыўда, районларды, әсиресе Беруний, Төрткүл районларын комплексли өсириў жолында дыққатқа сазаўар ири жумысларды әмелге асырып, халықтың рахметнамасын алыўға, үлкен ҳүрмет-иззетке бөлениўге миясар болды.

Қасым Нурымбетов жүдә искер, дийқаншылықты терең билетуғын, хызмет десе күн-түн ислеўге таяр, халық ийгилиги ушын жанын аямайтуғын, жүдә ақыллы, парасатлы, терең ойлы, төрелиги басым жигит еди. Қасым сөйлесе сөзи өткир, жүдә итибарлы, сөйлескен адамын өзине тартатуғын, миллети қазақ болса да өзбек ҳәм қарақалпақ тилинде жүдә жақсы сөйлей билетуғын, кишипейил, зейини күшли азамат еди.

Оның усы жақсы қәсийетлери басшылық жумысында нәтийжели ислеўине, халықты өзине тартыўына, ҳақыйқый ел ағасы болыўына жәрдем етти. Қасымның жақсы адамгершилик қәсийетлерин, искерлигин билип, мен көп жыллардан берли, Министрлер Советиниң Баслығы болган дәўирден баслап-ақ оның менен кеўил жақын болдым. Мен ҳәмме ўақыт Қасымды қоллап-қуўатладым, оның басламаларын мақулладым, халық алдында абырой-атағын өсириўге тырыстым.

Биринширден, Қасым бийик абыройға өзиниң халық ушын ислеген хызмети арқалы еристи. Екиншиден, бизлер оның ислеген ислерин баҳалап, көп жыллар даўамында Өзбекистан Жоқарғы Советине депутат, Өзбекистан КП Орайлық Комитетиниң ағзасы болып сайланыўына себепкер болдық.

Қасым еки Ленин орденин ҳәм басқа да көп ҳүкиметлик сыйлықлар алды. Ол Елликқала ҳәм Жамбасқала массивлерин өзлестириўди баслаўшылардың бири болды.

Елликқала массивин өзлестириўде ол ҳәр күн сайын жойбарластырыўшылар, жер өзлестириўшилер ҳәм қурылысшылар менен ислесип, өзиниң ис уқыбының бай, үлкен шөлкемлестириўши басшы екенин исте көрсетти. Елликқала массивин өзлестириў жүдә тез, жәмлесип, қызғын жумыс ислеў арқалы иске асты.

Әдетте, ҳәр бир исти басларда алды менен жойбарлары таяр болыўы керек. Оннан соң қурылысшы ислейди, ол питкерген исин дийқанға тапсырыўы керек. Мине, усындай технологияда ислеў әдетке айланған. Бирақ, Елликқаланы өзлестириўде бул әдет бузылды. Қасымнық қәлеўи бойынша жойбарластырыўшы қазығын қағып берди, жер өзлестириўшилер де, қурылысшылар да ислей берди, дийқанлар да иске кирисип кете берди. Соның ушын ис пәтли қызып, Елликқала массивине 1973-жылдың өзинде асфальт жол, ЛЭП барды, канал қазылып, суў апарылды, жер өзлестирилип, тегисленип, сол жылдың өзинде ең атақлы дийқанлар пахта екти. Биринши жылдың өзинде-ақ Елликқалада 4 совхоз ашылып, 4 заманагөй посёлка, турақ жай, монша, емлеўхана, мектеп ҳәм тағы басқа объектлер қурылды. Қасым Нурымбетов Елликқалаға Соңиалистлик Мийнет Қаҳарманы Нарбай аға Розымбетов, Искендер аға Алламбергенов уқсаған атақлы пахтакеш ақсақалларды апарып, өзи де шаңға батып, олар менен бирге ислести, биринши жылдың өзинде-ақ көзге ысық көринетуғын зор пахта жетистирди. Буны көрген халық Елликқалаға өз ықтыяры менен көшип барып қоныс баса берди.

Ҳәр жылы усындай ғажжа-ғаж мийнеттиң арқасында Елликқала ерте писер қаўындай тез мийўе берип, ҳәммемизди қуўантты, барлық халықтың кеўли толды, ислеген мийнети көзге көринип, тез арада абат елге айланды. Қасым бул исти шөлкемлестириўде басы-қасында болды. Шоманайдың шаңын молдан жутқан азамат Елликқаланың шаңын жутып, қус ушса қанаты күйген саҳраны екиүш жылда гүлзарға айландырды. Қасымның нәтийжели ислеўине себепкер және үлкен күшлер бар еди. Ол — Шараф Рашидов болды. Ол ҳәр жылы бир мәртебе келип, мүтәжлерин еситип, мәселелерди шешиўди Мамарасуловқа тапсырып кетер еди. Ал, Мамарасулов тез шешимин табар еди. Мен де дәслепки жыллары ҳәр айда еки мәртебе Елликқалаға барып, ҳәмме мәселелерин шешип бериўге ҳәрекет еттим.

Елликқалаға СССР Суў хожалығы министри Е. Е. Алексеевский де келип, исленип атырған жумысларды көрип кеўли толды.

Елликқаланың тез пәтлер менен өзлестирилгенининң және бир дәлили — жумыс басланғаннан соң үшинши жылы-ақ, яғный 1976-жылы өз алдына район болыўға таяр турды. Елликқала менен бир қатарда Жамбасқала массивин өзлестириўге киристик. Ол массивти маған Қасым Нурымбетов талай рет апарып көрсеткен еди. Оны Ш. Рашидовке де көрсеттик. Рашидов Ташкенттен Хамраевты жиберди. Н. Р. Хамраев, мен, Қасым үшеўимиз массивти аралап көрдик, өзлестириўди тез баслаўға қарар етип, далада дастурхан жайып, нан усласып, бир-биреўге ўәде бердик.

Елликқаланы өзлестириў ушын Өзбекистан Суў хожалығы министрлиги қаржы, техника бөлип шығарған болса, ал Жамбасқала СССР Суў хожалығы министрлиги есабынан, оның Орта Азиядағы қурылыс Главкасы (главирсавхозстрой)ның қаржысы ҳәм техникасы есабынан өзлестириўге уйғарылды. Солай етип, Төрткүл районында бир ўақытта еки массивти өзлестириўге киристик. Ш. Рашидовтың қоллап-қуўатлаўы менен үлкен еки қурылыс трести («Югкводстрой») трести Беруний қаласында ҳәм «Целинхлопокоирсовхозстрой» (Төрткүл қаласында) шөлкемлестирилип, көп техникалар әкелинип, еки массивке атланыс басланып кетти. Жоқарыда айтқанымыздай Ш. Рашидовтың тапсырыўы бойынша 1975-жылы январь айында Н. Р. Хамраев келип, Төрткүлде қонақ болды, әмелге асырылыўы тийис болған ислердиң тек Қарақалпақстан шеңберинде емес, ал пүткил Өзбекистан көлеминде үлкен әҳмийетке ийе екенин түсинип, сол жылдың фондынан 65 процент техникасын Төрткүлге берди. Ол ҳаққында буйрыққа Төрткүлде қол қойды. Кейин мениң көзимше ҳәмме мәселелердиң шешилетуғыны ҳаққында Ташкентке, Ш. Рашидовке телефоннан хабарлады.

Солай етип, кубла районларды Қарақалпақстанда пахта базасына айландырыўдың биринши басқышының ислери қызғын басланып кетти.

Жамбасқала массивинде жер жүдә көп. Биринши гезекте, алты совхоздың орны белгиленип, жумыс басланды. Саҳра қумның ишинен канал қазылды, ол бетонланып, Қарақалпақстанда биринши канал бетон плиталары менен қапланды. Массивке электр линиясы, газ апарылды, асфальт жоллар салына баслады.

Солай етип, Қасым Нурымбетовичтиң басламасы менен бир ўақытта еки массивти өзлестириўге кирисилди. Қасымның басшылығы, искерлиги ҳәм мол тәжирийбеси алған қойылған ўазыйпаларды тезирек әмелге асырыўға жол ашып берди. Әлбетте,

аўылдағы ески пахта атызларындағы машақатлар да аз емес еди. Буның үстине бирден еки массивти ашыўға қол урыў, жүрек етиў, шөл қуўарларды керекли техника, азық-аўқат ҳәм т.б. менен тәмийинлеў мәрт адамның иси. Биз Қасым менен бирге усы ислерге киристик. Жамбасқалаға шекемги массивлерди Орынбай Мәтнепесов, Оразмуҳаммед Дәўлетқылышов, Непес Беглиев басшылық еткен үш колхоз («Ленинизм», М. Горький, Энгельс атындағы) бөлип алып, өз күшлери менен 1,5—2 мың гектар жер өзлестирип, пахта еге баслады. Жамбасқаланың өзинде еки совхоз биринши жылы-ақ пахта егиўге киристи.

Солай етип, сол жылларда жаслықтың күши ме, ҳәммемизде таўсылмас күш-ғайрат пайда болып, арқада салы ушын жүдә көп таза массивлерди, қублада пахта ушын бул еки массивти ашып, көп қурылысларды басландырып жибердик. Сол жылларда мен Қасым менен ҳәр күни телефон арқалы сөйлесип турдым, ол мениң алдыма көп мәселелерди қоятуғын еди. Мен «әжеп, Қасым аға, бажарамиз», деп ҳәзиллесип, қойған мәселелерин мүмкиншилиги болғанынша шешип, телефон арқалы хабарын берер едим. Ўақытты үнемлеў ушын Жамбасқалада, Елликқалада самолёт қонатуғын майданша ислеттирип, ҳәр айда еки-үш мәртебе самолёт пенен барып хабар алып, бир күнде еки массивти айланып қайтар едим.

Елликқаланы, Жамбасқаланы өзлестириў қубла районлар ушын ғана емес, ал пүткил Қарақалпақстан ушын үлкен бахыт болды. Елди жер тойдырады, жерсиз ел нансыз дастурхандай болып, кеўилди де, қарынды да тойдырмайды. Усы массивлерди өзлестириў ҳаққында елеге шекем кишкене мақалалар болмаса, бизиң жазыўшыларымыз тәрепинен белгили бир китаплар жазылмады. Халықтың қаҳарманлық ислери қәлем усталарын еле де қызықтырар деген үмиттемиз.

Көп жыллар өтип, бираз суўлар ағып кеткеннен соң мен 1992-жылы гүзде Төрткүл районының ҳәкими Ғанийбай Нурутдинович Хажиевтың мирәти менен Қ. Әбдиров, Қ. Сейтмуратов үшеўимиз Жамбасқала массивиндеги Ю. Қурбанов, Қ. Нурымбетов атындағы совхозлардың «қызыл кәруанына» барып қайттық. Мениң Жамбасқаланы көрмегениме сегиз жыл болыпты, Жамбасқала жақсы қалың ел болып кетипти. Жасыл бағлар, асфальт жоллар, имаратлар, жанып турған газ, кеңейтилген карталар, әсиресе кеўли күлип турған адамларды көрип куўандым. Демек, мен ислеген, Қасым ислеген ислер

халық хызметинде екен, халық оннан пайдаланып атыр екен, бизлер буны көрип, қуўанышқа бөлендик.

Бизиң мақсетимиз — бизлер менен бирге ислеген Қ. Нурымбетов, Ю. Қурбановлардың атларын улығлаў еди. Олардың атына қойылған совхозларды көрип, «қызыл кәрўанына» қатнасыўымыз естен шықпас ўақыя ғой. Көп адамлар жыйналды. Лента кесиў алдынан маған сөз берди. Мен Қасым Нурымбетович ҳәм Юлдаш Рахимович ҳаққында жыллы сөзлер айттым. Халық ырза болды. Және мен: «Бағман баг ексе, ол көгерип шығып жетисип мийўе берсе, ол мийўени халқы жесе, бағманнан бахтияр адам болмайды. Сол бағман сыяқлы мен де Қасым менен бирге усы жерлерди ашыўға, қурылған жайлардың биринши гербишин қалаўға қатнасып едим. Енди шөлистан гүлистанға айналғанын көрип, өзимизди бахтияр сезип турман. Усы шөлистанды гүлистанға айналдырған Сизлер, қолы гүл халқым. Сизлерге рахмет, елиңиз абат болсын, балашагаларыңыз саў болсын», — деп тилек еттим. Бул гәплерди еситип, көп адамлар көзлерине жас алды. «Енди араңызда Қасым менен Юлдаш жоқ, ол периште инсанлардың исин сизлер даўам етерсиз, қолларыңыз дәрт көрмесин», — деп пәтия менен сөзимди тамам еттим. Қәдирдан адамлар менен дийдарласыў жүдә тәсирли болды.

Усы жерде Ю. Қурбанов ҳаққында еки аўыз сөз айтайын. Юлдаш ҳәм Қасым тири гезинде бирдей екеўи бирге жүрер еди, ажыралмас жора еди, курортқа да бирге барар еди. Тап сондай екеўиниң атына қойылған хожалықлардың да иргелес қоңсы болыўы, мисли олар және екеўи бирге жүргендей сезимди пайда етеди...

Юлдаш Рахимович бизиң халқымыздың сүйикли перзентлериниң бири, ол жүдә искер, саўатлы алым, кишипейил, дастурханлы, сегиз қырлы азамат еди. Өл сөйлеп те, ислеп те билер еди. Адамға мәмилеси, мийрим-шәпәәти күшли бир инсан болды. Ол 1965—70-жыллары Төрткүлде райкомның биринши секретары болып иследи. Оның искерлигин көрип, Ш. Рашидов бизге Юлдашты бересең деп, оны Орайлық Комитетке секретарь етип сайлады. Ол жерде Юлдаш тез абырой тапты, тез синисти, тез исти бийлеп алды. Соған биз жүдә қуўандық. Мени Юлдаш туўысқан ағасындай жақсы көрер еди. Мен де оны жүдә сүйер едим, арамызда сиз-бизлик күшли болды. Өзбекистандағы областлық партия комитетлериниң биринши секретарьларының ҳәммеси Ю. Р. Қурбановқа ҳүрмет-иззет пенен қарайтуғын еди. Ол Ш. Рашидовтың ең исенимли шәкиртлериниң бири болды. Ол жүдә үлкен талант ийеси еди.

Арамыздан ертерек кетти, өлимге хеш илаж жоқ екен. Қасым да, Юлдаш та бизиң асқар таўдай, ардақлы азаматларымыз еди. Олардың жарқын бейнеси бизиң жүрегимиздиң төринде сақланады. Үлкен еки хөжалық олардың атына қойылған. Жамбасқала массивинде еки дос және бирге жасап атырғандай көринеди. Екеўиниң де топырағы торқа, жаны жәннетте болсын.

Ел басшысы узақты гозлеп, келешекте кадрлар қорын дүзиў мақсетинде жасларды сынап көрип, жақсыларын есапқа алып жүреди. Бул жүдә әдиўли ис. Ел басқарыўға уқыбы бар кадрларды тәрбиялаў бир күнлик ис емес, оған көп жыллар кетеди. Олар әмелий ис жүзинде сынап көриледи. Итибарға ылайық жаслар менен ислесиў, әлбетте, ең әдиўли, ең әҳмийетли ўазыйпалардың бири. Елдиң келешек тәғдирин шешетуғын солар. Сонлықтан, бул әҳмийетли иске өз гезегинде мен үлкен итибар бергенмен.

«Болар бала бес жасынан белгили» дегендей, мен Әмин Ҳамраевич Тажиевке көп жыллардан берли нәзер таслап, усы жигиттен келе-шекте жақсы кадр шығады деген үмитте болдым. Оның Ленин (Сарыбийдеги) колхозында бас инженер, колхоз партия шөлкеминиң секретары болып ислеген ўақытларында танып, билип, ҳәрдайым нәзер таслап, сынап жүрдим. Оның қорғасындай сөйлеген сөзлери, тап-туйнақтай етип ислеген ислери, адамлар менен мәмилеси, өзин услап жүриўи мени қызықтырар еди. Усы жигиттен бир нәтийже шығады деп 1976-жылы шөлкемлескен Елликқала райкомының екинши секретары ўазыйпасына сайладық. Ол исте өзин көрсете баслады. Мен Әмин Ҳамраевич бир аўыр, өз бетинше ислейтуғын жерге жиберип, тезирек жетилистириў мақсетин ойлап жүрсем, обкомның сол ўақыттағы екинши секретары В. В. Кислов Ташкент пенен сөйлесип, оны Москваға жоқары партия мектебине оқыўға жибериўди уйғарыпты. Ол ўақытта мен республикада болмасам керек. Қайтып келгеннен кейин обкомда Тажиевти көрип қалдым. —«Не қылып жүрипсиз?»,—десем, «Мен Москваға академияға оқыўға баратырман», деп жуўап берди. Тез Ташкент пенен сөйлесип, Әмин Хамраевичти Елликқала районындағы еки хожалық базасында дүзилген «Октябрьдиң 60 жыллығы» совхозына директор етип жибердим. Бул совхоз бурынғы «XXV партсъезд» колхозынан ҳәм тың жерден ашылған совхоздан ибарат жүдә арттағы хожалық еди. Мен Елликқала районына тез-тез барып турар едим. Бир сапары көрсем Әминбай үсти-басы шаң-шаң болып, жер ашып атырған трактордың басында тур екен. Мен оны көрип, ислеген

ислерине кеўлим толды ҳәм «Мине, сиз ҳақыйқый академияны өтип атырған екенсиз» деп, сол жерде бираз күлиспе де болды. Сол сапары ол маған «Еки Т-100 бульдозер таўып бериң», деп мәселе қойды. «Менде бульдозер жоқ, керек болса Министрлер Советинен сораң», — деп жуўап қайтардым. Ол өз сөзин қайталап, «Сизиң қолыңыздан келеди, қалай болмасын еки бульдозр таўып бересиз. Яшуллы, таўып бермесеңиз болмайды», — деп турып алды. Оның өтиниши кем-кем талапқа айланып кетти. Мен сондай туўры сөзли, принципиал адамларды жақсы көремен, оның ўәжине турдым. Мен: «Егер еки бульдозер берсем, жобадан зыят еки мың тонна пахта бериўге ўәде етемен», — деп, тил хат жазып бересиз бе?», деп шәрт қойдым. Ол бул шәртке көнди, жоқарыдағы мазмунда хат жазып берди. Мен де 2—3 күн ишинде трайлерге жүклеп, еки Т-100 бульдозерин алдырып бердим. Және усыған усаған бир ўақыя.

Сол ўақыттағы «Югкводстрой» трестиниң баслығы Толы Маткаримов Челябинск трактор заводының бир жуўапкерли хызметкери менен ис бабында усы совхозға барады. Әминбай оларға дастурхан жаяды. Дастурхан үстинде олар Толы екеўи бәсеки ойнайды. Мениң усы шәртимди орынласаң еки бульдозер беремен, деп Толы шәрт қояды. Әминбай да қайтпастан Толының шәртлериниң бәрин орынлап таслайды. Толы да өз сөзинен таймай, берген ўәдесин орынлайды. Солай етип, Әминбай тагы еки Т-100 бульдозерге ийе болады. Әминбай зор азамат. Оның қандай инсан екенин республиканың барлық халқы биледи. Мен оның халық иси ушын, халықтың ғамы ушын қыйын шәртке де көнетуғын мәрт жигит екенин айтпақшыман. Қысқасы, ояқ-буяқтан механизм жыйнап, Әмин Хамраевич жер тегислеў отрядын дүзип, көп рашларды жығып, жүзлеген, мыңлаған гектар жерлерди ашып, пахта екти, жобаларын биринширлер қатарында орынлаўға еристи. Хожалықтың экономикасы көтерилди, совхозда кең көлемли, көзди қуўантарлықтай үлкен-үлкен карталар пайда болды. «Есабын тапқан еки асар» дегендей, Әминбай бир-еки жыл ишинде 20—25 жер тегислеў механизмлерин таўып, үлкен бир ПМКның техникасын жыйнады. Ол пахсадан болса да, көпке өрнек боларлықтай ферма комплексин курды, малларды сақлаўдың илимге негизленген ҳәмме технологиясына жуўап бererликтей жағдай туўғызды. Биз бул фермада республикалық көргизбели семинар өткерип, совхоз басшысының жоқтан бар қылып атырғанын, зор хызметлерин ҳәммеге көрсеттик ҳәм усындай исти барлық хожалық басшыларынан

талап еттик. Бир бул емес, Әминбай совхозда еки этажлы, 150 орынлық санаторий-профилакторий, 6 гектарлық теплица, еки гербиш заводын ҳәм т.б. объектлерди қурды. Совхоз коп узамай-ақ ең алдынғы қатардағы хожалыққа айланды. Солай етип, Елликқала шөлинде поселка қурып, көп халық жыйнап, елди абаданластырып, халқының турмысын көтерип, исбилерменлигин, халық хызмети ушын жанкүйер азамат екенин көрсетти, үлкен атақ-абырайға ийе болды.

Мен Румынияға кеткеннен кейин Әмин Хамраевич Нөкисте үлкен лаўазымға, республикалық аўыл хожалығы министри лаўазымына көтерилген. Соң Ташкентте аўыл хожалығы министриниң биринши орынбасары, Әмиўдәрья райкомының биринши секретары, ҚҚАССР Министрлер Советиниң Баслығы болып ислеген. Мине, усындай азаматларды көрип, олардың халық ийгилиги ушын ислеген ислерине кеўилим толып, ўақтында оны кадрлар арасынан таңлап, өмирге жоллама бергениме ырза боламан. Мен сол жыллары «Бул азамат районға биринши басшы болады-аў», деп үмит еткен жигитлерди совхоз директоры етип таярлап, бир жағынан иске үйретип, екинши жағынан исте сынап көретуғын едим. Бул усылды Ш. Рашидов та мақуллаған еди. Усындай сынақтан Н. Қурбанбаев, С. Қаниязов, А. Атамуратов, А. Пиримов усаған басшылар өтти. Солардың бири Әмин Хамраевич болды. Әминбай биз ойлаганнан да артығырақ белсенди кадр болып шықты.

Алымбай Ражапов Беруний райкомының биринши секретары болып ислеген жыллары район басшыларының ишинде өзиниң кишипейиллиги, адамгершилиги менен айырылып туратуғын, жасы үлкен ҳәм жасы кишиниң кеўилин таба билетуғын, толып-тасқан басламаларға ийе, халықтың ҳүрмет-иззетине бөленген азаматлардан болды.

Алымбай Ражаповты универсал басшы деп айтысады. Бул пикирге толығы менен қосылса болады. Ол Берунийде «прораб» атанып, район орайын, колхоз, совхоз орайларын үлкен қурылыс майданшасына айландырып жиберди. Жол, көпир қурылысына үлкен итибар берип, барлық хожалықларға, ҳәтте бригадаларға шекем баратуғын асфальт жоллар қурды. Алымбай көп ўақтын қурылысқа берип, районда бройлер фабрикасын, мал шаруашылық комплексин, алты гектарлық теплицаны, тоқымашылық фабрикасын қурып, иске түсирди. Елликқала массивин өзлестириў бойынша районға берилген аймақта еки пахташылық, бир бағшылық совхоздың

қурылысын тезлик пенен жүргизди, районның раўажланыўын комплекс рәўиште алып барды. Ол жоқары мағлыўматлы юрист, юридика илимлериниң кандидаты. Алымбай алым сыпатында мәдениятқа, эстетикаға кеўил бөлетуғын басшы.

Алымбайдың басып өткен жолы бай. Ол социаллық тәмийнат министриниң орынбасары, республика Министрлер Советиниң ис басқарыўшысы, Төрткүл райаткомының баслығы, обкомда бөлим баслығы, Хожели, Беруний райкомларында биринши секретарь лаўазымларында ислеп, өзи ислеген жеринде из қалдырған азамат.

Елге зор хызмет еткен, халқымыз мақтаныш ететуғын азаматлардың бири Пиржан Халмуратов. Ол 1962—72-жылларда Кегейли райкомында, 1973—85-жыллар арасында Хожели райкомында биринши секретарь болып иследи. Екеўин қосқанда шерек әсирге шамаласады.

Пиржан Кегейли районында жүдә жемисли иследи, пахташылықтың мәдениятын көтерди, пахта майданын хожалыққа бөлип бериўди биринширлерден болып енгизген Пиржан болды. Бул ис өзиниң жақсы тәсирин тийгизди. Пиржан ҳәр күни қолына папкасын алып, еринбей пахта аралап, халық пенен ушырасып, жақсы пахта көрсе, сол жерде дәрҳал «Өзселхозтехникаға» — «Пәленшеге үш тонна селитра бер», деп хат жазып беретуғын, жақсы ислерди көрсе қуўанатуғын басшы болды. Ол коллектор қазыўға үлкен итибар берди. Экскаваторшыларды атпа-ат билер еди. Ол өзи ушын таярлаған аўқатты машинаға салып, экскаваторшыларға апарып, бирге отырып жеп,— кейин оларға байраққа гилем ҳәм ақшалай сыйлық бергизип, кеўлин алар еди. Сол себепли Кегейли сол жыллары изейден әдеўир қутылды ҳәм зүрәәтлик көтерилди.

Пиржанның өз алдына бир минези бар. Ол пахта араласа атыз қоймай көреди, емин басында буйырады, кейин қадағалаўға алады. Солай етип, Кегейлини пахта бойынша республикада алдынғы қатардағы районға шығарды.

1973-жылы оны Хожели районына басшы етип жибердик. Ол жерде де жақсы ислерди әмелге асырды, пахташылықтың мәдениятын көтерди, коллекторлар қазды, таза жерлер ашты. Әсиресе, «Қумжыққын» массивинде, «Ташкент» совхозында көп жумыслар иследи, егислик жерлерди кеңейтти. Мине, усындай унамлы хызметлери Пирекениң оғада уқыплы шөлкемлестириўши екенин көрсетти. Соның менен қатар, оның бирли-ярым кемшиликлери де бар. Марҳум М. Нурмуҳаммедов айтар еди: «Пиржанға жазда селитра,

қыста «ашшы суў» жетиспейди» деп. Бул ҳақыйқатлық. Пахта жобасы орынланғаннан кейин үш-төрт күнлеп излеп Пиржанды таба алмайтуғын едим. Хожелиге барған соң «Пиржан сызық» деген гәплер де шықты. Оның мәнисин оқыўшылар түсинсе керек.

Пиржан Орайлық Комитеттен, обкомнан келген қарарларды ҳеш оқымайды. Өмиринше әдети—жыйналысқа 20—30 минут кешигип келеди. Ол хожалықтың басқа тараўларынан гөре пахта менен көбирек шуғылланады. Мен көп мәртебе оны қатты сын астына алып, «Пиреке түсин, пахта керек, экономиканың арқаўы, пахта жақсы болыўы керек, бул ырысқы-несийбе. Бирақ, халық бир пахта менен жасамайды. Сен қурылыс пенен де шуғылланыўың керек», деп ашшы гәплерди айттым. Пиреке бул сыннан тийисли жуўмақ шығарды, жақсы қурылысшы болып, Хожели қаласында көп этажлы жақсы имаратлар қурды. Әсиресе, емлеўхана қурыў исине жүдә белсенди кирисип, ҳеш кимге тынышлық бермей, маған, Худайбердиевке көп мәртебе телефоннан қоңыраў еткизип, сол объектти жақсылап питкерди. Пирекени бир жолға салыў қыйын, бирақ ол сол жолға түссе, оны кейин қайтарыў да аңсат емес. Деген менен, ол халыққа көп хызметлер иследи. «Жақсысын асырып, жаманын жасырып», қоллап-қуўатлап, үлкен атақ-абырайға ийе болыўына, халық ушын ислеген ҳәмме хызметлери ушын жоқары ҳүкиметлик наградалар алыўына, Жоқарғы Советлерге депутат болыўына себепши болдық. Ел ишинде Пиржан Халмуратовтай басшылар көбейе берсе республикамыз буннан да бетер гүлленип, абырай даңқы аса береди...

Қарақалпақстан халқына кең танылған басшылардың бири Шербеков Толыбай жүдә салдаманлы, аўыр минезли, искер, кәткуда басшылардан болды. Ол 1970-жылдан Тахтакөпир райкомында биринши секретарь болып ислеп, көп хызметлер көрсетти. Әсиресе, район толық салы егисине айланған жыллары ол үлкен шөлкемлестириўшилик жумыслар ислеп, гә дийқан, гә қурылысшы, гә шаруа болып көзге көринди.

Толыбай ағаның үлкен ақсақаллық, кәткудалық қәсийетлерин еске алып, оны Нөкисте облсовпрофтың баслығы, обкомның бюро ағзасы етип сайлап, ҳүрмет-иззети орнына қойылды, үйли-жайлы болды. Усындай кәткуда ақсақаллардың республикаға керек екенин, халыққа уйытқы болыўының зәрүрлигин айтып отырыўдың кереги жоқ шығар деймен.

Хожалық басшыларынан да бир қанша жақсы ислеген азаматларды еске алып өтпекшимен. Олардың бири болған Орынбай Матнепесов Төрткүлдеги М. Горький атындағы колхозға колхоз дүзиминиң шөлкемлестириўшилериниң бири Абажан аға Дурдиевтан кейин баслық болып сайланды. Абажан аға бул колхозды заманында гектарынан ең көп зүрәәт жетистирип, биринши орынларға шығарған, бир сыйырдан сүт саўып алыўды республикадағы ең жоқарғы көрсеткишке жеткерген ақсақал. Ол Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы. Абажан аға жүдә сыпайы, әлпайым, мәдениятлы, сөзге шебер, өзи аз оқыса да терең ойпикирге ийе адам болды. Соның нәтийжесинде ол басқарған колхоз республикада пахташылықтың мәдениятын көтериўде жүдә көрнекли хожалық болып, оны Ш. Рашидов ҳәр келгенде көрип, бул колхоз «аўыл хожалығының академиясы» деп жоқары баҳа берер еди. Абажан аға еки мәртебе СССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланды, өзиниң табысларына муўапық колхоз «Қызыл Байрақ» орденин алыўға миясар болды. Мен де ҳәр сапары Төрткүлге барғанда бул колхозға барып, атызларын көрип, халық пенен, ел басшылары менен сөйлесип, көп жақсы ислеринен ибрат алар едим. Келтеминар елиниң халқына өзимниң рахметимди айтып кетер едим. Абажан аға науқасланғаннан кейин бул колхоздың аўыр жүгин ким көтереди, қалай еткенде колхозды ерискен табысларынан төменлетпей, сол қәлпинде услап турыўға болар екен?», деп басшыға ылайықлы адамды излеп, Қасым Нурымбетов, Юлдаш Қурбановлар менен ойласып, райкомның секретары болған, сол күнлери Төрткүл райаткомының баслығы болып ислеп атырған Орынбай Матнепесовты таярлаў туўралы келисип, оның өзин де көндирип, колхозға басқарма баслығы етип сайлап жибердик. Ол күнлери М. Горький атындағы колхоз, ҳәзирги үш колхоздан қуралған райондағы ең көп пахта беретуғын, жүги аўыр, алдағы колхоз еди. Биз Орынбайды жибергенде колхозды сол аўҳалдан төменлетпеўди тапсырған едик. Ал, Орынбай ақыллы, саўатлы басшылық уқыбы жоқары, халық пенен ислесиўди билетуғын басшы екен, бизиң ойымызды түсинди. Түн уйқысын төрт бөлип, ҳәмме халқын изине ертип, Жамбасқаланың таўына шекемги жерлерди ашты, таза егислик майданларды көбейтти, бурынғы жерлердиң өнимдарлығын арттырып, пахта жетистириўди бурынғысынан да әдеўир асырып жиберди. Мезгилсиз жумыс ислеў кейин ала Орынбайдың денсаўлығын бузды. Орынбай барлық

ўақытта Қарақалпақстан Жоқарғы Советине депутат, Жоқарғы Совет Президиумының ағзасы болып келди. Ол республикамыздағы беккем аўызбиршиликке өзиниң үлкен үлесин қосты. Орынбайдың айырым шурт минезине түсинбеўшилер де болды. Негизинде, ҳәр бир адамның өзине қәлиплескен минези болады. Ал, Орынбай улыўма алғанда ири басшы, аўыр жүкти нардай көтереди. Ол өзин үлкен бир миллеттиң бас көтерген ақсақалы ретинде танытты. Жақсының жақсылығын айтыў қай заманда да орынлы болған ғой. Жаңа жерди көп етип ашыў мақсетинде М. Горький атындағы колхозды үшке бөлип: Энгельс атындағы колхозды, «Ленинизм» ҳәм М. Горький атындағы совхозларды дүздик. Ондағы мақсетимиз жерлерди колхоз есабынан емес, мәмлекет есабынан ашыў еди. Колхоз есабынан жер ашылғанда колхозшылардың айлығы кемейип кетеди. Сол сыяқлы Сарыбийдеғи Ахунбабаев, Қылшынақтағы Орджоникидзе атындағы колхозлар совхозға айланды...

Өзиниң барлық өмирин республиканың аўыл хожалығын раўажландырыўға жумсаған, бурынғы майда колхозларда табельщик болып, ал совхозласқаннан кейин совхоздың жобаластырыў бөлими, бас бухғалтери болып ислеген тәжирийбели шоманайлы Орынбасар Көккөзовти республикамыз халқы жақсы таныйды. Шоманай районында жоңышқа туқымын жетистиретуғын Гагарин атындағы совхозды ашып, алды менен басқа бир директорды қойып едик, ол совхозды басқара алмады, адамлары тарқап, совхоз ҳәр жылы көп зыянға ушырады. Соннан кейин Орынбасарды директорлыққа тайынладық. Ол барлық ис тәжирийбесин жумсап, елсиз, халқы аз совхозға адамлар жыйнап, совхоздың хожалық тараўын пахташылыққа өзгертип, совхоздың материаллық-техникалық базасын беккемледи, пахтаны өз ўақтында егип, агротехниканың барлық пайдалы усылларын қолланды, пахтаның улыўма тоннасын жылма-жыл көбейтип, бирнеше жыл Қарақалпақстанда пахта таярлаў жобасын бириншилер қатарында орынлады, совхозда экономикасы раўажланған, табысы мол, асфальт жол салынған, орта мектеп, балалар бақшасы, емлеўханасы бар, көп турақ жайлы, қалаға усаған совхоз етти. Айтар аўызға аңсат, жазыўға аңсат көринген менен, бул жумысларды шөлкемлестириў жигиттиң жигитиниң қолынан келеди. Ал, Орынбасарда алдына қойған мақсетти питкермей қоймайтуғын қәсийет бар. Ол ким менен сөйлессе де оны өзине дос етип алатуғын ашық минези бар. Мине, усы көп досы, ағайини совхоздың да, Орынбасардың да абырай-

даңқын көтериўге тәсир жасады. Көккөзовты пенсияға жасы толды, деп жиберип көргенде совхоз еки жылда отырып қалды. Қайтадан директор етип қойғаннан соң, совхоз тағы да көтерилди. Жасына қарап күш-қуўаты бар адамларды пенсияға жибере бериўдиң зыянлы екенин Көккөзовтиң тәжирийбеси көрсетти. Мениң ойымша, жуўапкерли жумысты адамның алпыс жасы емес, оның күш-қуўаты, ел басқарыў уқыбы, тағы басқа да адам сүйер қәсийетлери шешеди. Ал, хожалық басшылары қанша көп ислесе, оның ис тәжирийбеси сонша артады, ақыл-парасаты толысады, бундай бай тәжирийбеге ийе адамлардан еле де пайдалана бериў керек шығар деп ойлайман.

Орынбасар Көккөзов ел ақсақалы. Шоманай елиниң үлкен бир кәткудасы, сол елдиң аўызбиршилигиниң уйытқысы. Сол себепли, ол директорлық пенен бир қатарда республика Жоқарғы Советине депутат болды ҳәм Жоқарғы Совет Баслығының орынбасары болып иследи.

Аспайтуғын, саспайтуғын, табанлы, сыналған, ел басқарыў исинде ең көп ислеп, елдиң үлкен әдиўли ағасы болған «Ташкент» совхозының директоры Бердибай Курбанов. Ол да өз мийнет жолын табельщик, есапшылықтан баслап, Шоманайдағы «Ленинабад», Хожелидеги «Коммунизм» колхозларына басқарма баслығы, оннан кейин усы райондағы «Ташкент» совхозын басқарғанына 40 жылдан аслам ўақыт болды. Қаншама өзгерислер, алып-салыўлар болғанда да Бердибай өз халқын ҳешкимге талатпай, изине ертип, пахта жетистириўди жылдан-жылға арттырды, оның экономикасын көтерип, абырайды қолдан бермеди. Оны хожалық басқарыўының академиги десең болады.

Бердибай сырттан аңқаў адамдай болып көринеди, совхозға келген жасы үлкенлердиң ҳәмме мәсләҳәтин дыққат пенен тыңлайды, оларға бир аўыз я жақсы, я жаман деген сөз айтпайды, бирақ соңынан өзиниң ойындағысын ислей береди. Бир көрген адам оны аңқаў деп те ойлаўы мүмкин. Биреўлерге ол жумыс билмейтуғындай көринеди. Соннан кейин совхоздың зор көрсеткишлерин, алға илгерилеўшилигин билгеннен кейин Бердибайдың жаўырынан қағып, ырза болып тарқасады. Бердибай өзиниң пидәкерлик мийнетиниң арқасында Социалистлик Мийнет Қаҳарманы ҳәм көплеген СССРдың орден, медальлары менен наградланды, Өзбекистанның ҳәм Қарақалпақстанның Жоқарғы Советлерине депутат болып сайланды. Бердибайда үлкен адамгершилик, айрықша уқыплылық бар. Ал, оның минезин билмей қатты келгенлерге түсинер-түсинбес

етип, тымсаллы сөзлер айтатуғын қәсийетлери де бар. Бердибайды өз халқы әкесиндей сыйлайды. Ол ҳәмменің той-мереке, лазымларының басында болады, жумысын питкереди. Бул ислери менен Бердибай өзиниң де, халқының да атын бизиң республикамыз жәмийетшилигине танытты.

Усы жерде ели-халқы ушын жоқарыдағы ақсақаллар менен тең хызмет еткен азамат басшылардың қатарында Ернияз Панаевты да көрсетпесек, ҳақыйқатлық болмайды. Ернияз көп жыллар даўамында совхоз директоры ўазыйпасын унамлы атқарып келди. Ең алды менен ол Энгельс, кейин Матеке Жуманазаров атындағы пахташылық совхозларында директор болып иследи. Бул хожалықларда Ернияз жүдә жақсы хызметлер ислеп, елге, халыққа танылды, атақ-абырайға ийе болды, уқыплы шөлкемлестириўшилер қатарынан орын алды. Оның бай тәжирийбесине, көрсеткен хызметлерине қарай, оны 1971-жылы артта қалған «Мәденият» совхозына директор етип жибердик. Өйткени, салыгершиликти көтериў ушын сол жылы артта қалған совхозларға ес-ақылы дүзиў, уқыплы, өзлерин исте көрсеткен басшыларды пахта совхозларынан салы совхозларына директор етип жиберип отырдық. Ол өзиниң жақсы шөлкемлестириўши екенин және бир мәртебе дәлиллеп, қалақ совхозды алдынғы қатар хожалыққа айландырды. Еки мәртебе Өзбекистан ССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Елге сиңисип, ағайин-қарындас болып, халықты, ел ағаларын өзиниң дөгерегине жәмледи, елди қатықтай уйытып, совхозды қурғын хожалыққа айландырды, өзиниң бурынғы абырайына абырой қосты.

Ернияз жүдә әпиўайы, кишипейил, жақсы сөз айтсаң да, кейисең де, күле шырай берип тура беретуғын, ҳеш кимди жатырқамайтуғын унамлы минези бар адам. Сонлықтан, оны «Мәденият» совхозының ҳәмме халқы ҳүрмет етеди, оның әдиллигине тән береди. Басшы сыйлағанының көриниси сыпатында қосшысының кеўилин қошлаў ушын жыллы сөзлер айтып, арқасынан қағып, оған қанат байлап, күшине-күш қосыўы керек. Усы мақсетте мен Ернияз бенен дәлкек қылып ойнап, ертеректе бир нақолай жағдайда оның бир қулағын жоғалтқанын нәзерде тутып, «бир басқа бир қулақ жетеди, қапа болма, шад болып ислей бер», деп кетер едим. Ернияз күле шырай менен жуўап берип: «Қаллибек Камалович ислеймиз ғой», деп қалар еди. Қәнекей, ҳәмме басшылар Панаевқа усап келе берсе, онда бизиң аўыр жүгимиз жеңилленип, исимиз алға илгерилей берер еди, халықтың турмысы қурғын, абадан болар еди. Бир елден

екинши елге барып, халықтың кеўлинен шығып, аўызбиршиликли ис жүргизген Ерниязлай азаматлар бәркулла керек.

Жаслайынан аўылда туўылып өсип, жоқары оқыў орнын питкергеннен соң жай экономист болып жумыс баслап, районлық партия комитетиниң нускаўшысы ўақтынан көзге түскен жигитлердиң бири Ниязымбет Сабиров. Сөйлеген созине, тапсырған жумысларды орынлаўына қарай, Ниязымбетти жаңадан шөлкемлестирилген бағшылық совхозына директорлыққа тайынладық. Ол жерде жоқтан бар етип, посёлкалар дүзди, ел жыйнап, тезлик пенен совхозды дүзетти. Соннан кейин оны «Ленинград» пахташылық совхозын басқарыўға жибердик. Ниязымбет өзиниң ҳәмме уқыбын, билимин, тәжирийбесин совхоз экономикасын беккемлеўге жумсады. Бурын басшының насазлығынан төменлеп қалған совхозды көп пахта жетистиретугын, халқының тамағы тойған, бирликли елге айландырды. Бирнеше жыл қатарынан совхоз Аўқамның, Өзбекистанның, Қарақалпақстанның көшпели Қызыл байрақларын жеңип алып турды. «Ленинград» совхозы арқа зонадағы жоқары зүрәәтли хожалық болды. Солай етип, совхоз ушын керегин жулып алатуғын, ислеген исин шебер билетуғын, адамлардың тилин таўып сөйлесип, өз жумысын питкеретуғын, «ништер» деген лақабына ылайық үлкен бир басшы қәлиплести. Соң ол райаткомның баслығы болды, кейинги жыллары Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығы министрлигин басқарды. Ол көп тәжирийбеге ийе, аўыл хожалығының барлық тараўлары бойынша үлкен маман болды.

Усындай азаматлар қатарында, Турсынбай Сержанов, Бегимбай Ибадуллаев, Абдулла Алымов, Қалендер Байназаровлардың зор хызметлери ҳаққында да айтып өтиўге болар еди. Бундай сыналған колхоз, совхоз дүзиминиң шөлкемлестириўшилери көп. Сонлықтан, келеси ўақытлары да усындай жақсы адамлар өсип шыға берсин деп тилек пенен ҳәр районнан, ҳәр миллет ўәкиллери ҳаққында есте қалғанларымды жаздым. Мени неге жазбады, деп өкпелеўшилер болса, олардан кеширим сорайман.

Әбдировлар династиясы деген түсиник бар. Бул өзинен өзи келип шықпаған. Буған үлкен тийкар бар. Әбдировлар династиясы ҳаққында Қарақалпақстанның 50 жыллық юбилейине бағышланып шыққан китабымда баян еткен едим. Ҳәзирги китапта да қысқаша тоқтап өтпекшимен. Әбдир аға деген Қараөзек, Тахтакөпир районларында туўылып өскен, үлкен ақсақал болған адам. Ол аз оқығанына карамастан, саўатлы адамдай сезими күшли, өз елине, халқына шын

кеўилден үлкен хызметлер ислеген, 1930—40-жылларда елимиздиң мәдений ҳәм жәмийетлик раўажланыўына белсендилик пенен қатнасқан ақсақал. Қудай берип, ол оннан артық ул-қызлы болды. Әбдир аға ҳәмме балаларын оқытып, жоқары мағлыўматлы еткен, жақсы тәрбиялаған.

Әбдир ағаның есиги ҳәмме ўақыт ашық, дастурханы толы, жүдә мийман күткиш адам болған. Сол Әбдир ағаның туңғыш перзенти Қурбанбай. Оны мен 1937-жылдан берли таныйман. Оның менен Тахтакөпир районындағы Ленин атындағы мектепте бирге оқыдым.

Қурбанбай менен 1942-жылы Шымбайға муғаллимлер таярлаў институты көшип барған жылы бирге оқыдық. Шымбайда оқып жүрип, сентябрь, октябрь айларында бизлер пахта теримде ҳәзирги «Кеңес» совхозының аймағына жайласқан М. Горький атындағы колхоздың моншасында бирге жатқанымызды жоқарыда айтқан едим.

Қурбанбай Әбдирович өмир баяны жүдә бай, көп басшы жумысларда ислеген, ал соңғы жыллары Тахтакөпир, Қоңырат районларында биринши секретарь болып 22 жылдай ислеген. Қурбанбай биринши секретарь болып барғанда Қоңыратта таза қала жоқ еди. Салы комплекси жаңа ғана басланып атыр еди. Қурбанбайдың ис усылы, оның таланты, сол Қоңырат районының халық хожалығын раўажландырыўда жүзеге шықты. Үлкен қурылыслар менен шуғылланып, оның үстине Қоңырат—Бейнеў темир жолының питиўи, компрессор станцияларының, «ККгазонефторазведка» трестлериниң ашылыўы сол Әбдиров ислеген дәўирде болды. Жаңадан бир үлкен қала, Қарақалпақстанның тазадан арқа дәрўазасы бинят болды. Қоңырат бурын бес қаланың бири болғаны менен, ҳәзирги гөне қала тек қамыс қақыралардан, шөпкер жайлардан ибарат болып, ҳәзиргидей саўлатлы, пискен гербиштен өрилген имаратлар жоқтың қасында еди. Ал, 1964—65-жыллары заманагөй, абаданласқан, тастан салынған бир орай жүзеге келди. Бул қаланы пайда етиўде Қурбанбайдың үлеси уллы.

Соның менен бир қатарда, Қоңырат Қарақалпақстанда салыгершиликти раўажландырыўда жүги басым районға айланды. Зүрәәтлилиги, дийқаншылық мәденияты, салмағы жағынан Қоңырат районының салыгершилик совхозлары республикадағы маңлайға тутқан хожалықлардан есапланады. 1983-жылы Чапаев атындағы совхоздың салы атызларын аралап көрген Краснодардағы пүткил Аўқамға танылған «Красноармейск» совхозының директоры,

Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Алексей Исаевич Майстренко: «Бундай салы бизде жоқ» деп, атыз басында ҳәм сол жылы август айында болған Нөкистеги үлкен жыйналыста мойынлады.

Чапаев атындағы совхозда еки Мийнет Қаҳарманы өсип шықты. Олар бриғадир Үббинияз Бекниязов ҳәм совхоз директоры Оңғарбай Қурбаниязов. Бул совхоздың мийнеткешлери, әсиресе шебер дийқан Жумамурат ағаға усаған салыкешлери зор мийнет ислеп, өз хожалығын Өзбекистанда ат көтерген совхозға айландырды.

Ең қалақ «Раўшан» совхозы Кенесбай Сәрсеновтың директорлық еткен ўақтында зүрәәтлиликти тураклы түрде 40 центнерден асырып, 20—25 мың тонна салы өнимин жетистирип турды. Бурын пахта жобасын ҳеш орынламаған «Хорезм» совхозы Әбдировтың усынысы ҳәм қатты талабы бойынша салыгершиликке айландырылды. Мине, ҳәзир усы хожалықтың бүгинги жағдайы өз ўақтында исленген ислердиң туўры екенлигинен дәрек берип турыпты. Ол қалақ пахта хожалығынан ҳәзир алдынғы қатар салы совхозына айланды. Сол сыяқлы Әжинияз атындағы совхоз да көп салы беретуғын хожалық болды.

Мине, усы жоқарыда көрсетилген ислерди шөлкемлестириўде райкомның биринши секретары Қурбанбай Әбдировтың үлкен үлеси, ислеген ҳадал мийнетлери бар.

Қурбанбай Әбдиров район экономикасын көтериўде жүдә үлкен илажларды әмелге асырып, терең ҳүрметке ийе болды. Ол еки мәртебе Ленин ордени менен наградланды.

Қоңырат районы салы менен бир қатарда азы-кем пахта да егетуғын еди. Арқада жайласыўына қарамастан, Қурбанбайдың тынбай мийнет етиўиниң нәтийжесинде Қоңырат районы алдынғылар қатарында, октябрь айының ишинде пахта жобасын орынлаўға ерисип жүрди.

Қурбанбай ислеген жыллары Қоңырат жақта бәҳәрде жаўын көбирек жаўар еди. Май айының басында нөсер жаўын, буршақ пахтаны набыт етип кеткен жыллар да болып турды. Жаўыннан көзи қорыққан Қурбанбай кейинги жылларда аспанда булт көриниўден жаўын қуйып кетти деп шаўқым салып, мени излеп, қайсы районда жүрсем де таўып алып, өзи жуқарып жүрген жүйкени оннан бетер жуқартар еди. Мен шыдамлылық қылып, бәрҳама Қурбанбайдың өксиғин басып болғаннан кейин тәселле берер едим. Әлбетте, оның менен жаўын тынып қалмайды. Кейинги жыллары Қурбанбайдан

сорамай, хаўаны телефонисткалардан сорайтуғын едим. Олар «азмаз силпилеп өтип кетти» деп ырасын айтар еди. Қурбанбай соң буны билип қалып, телефонисткалардың тәмбисин берген екен. Сол себепли, олар қорқып, мен сорағанда не айтарын билмейтуғын еди. Сонлықтан, енди телефонисткалардан емес, иниси Чаржаўға: «Қоңыраттың хаўа райын билип бер, Қурбанбайдан сора» деп, оған қоңыраў еттирип жүрдим. Кейинирек Қурбанбай буны да сезип қалыпты. Қурбанбай менен көп ойнайтуғын, көп дәлкеклесетуғын, ески таныс жора-жолдас болып кеттик. Бизлер үлкен лаўазымда ислеместен бурын-ақ қатнасар едик. Үлкен лаўазымға барған соң да бул қатнас үзилген жоқ. Қурбанбай өтирик сөйлемейтуғын, бир сөзли, бирақ азмаз тик минезли, айтқан пикиринен қайтпайтуғын өжет еди. Соның ушын оны қатар дослары Қарақалпақстандағы «тирсеклер жәмийетиниң президенти» деп дәлкеклеседи. Қурбанбайдың өзи де буны мойынлайды, гейпара ўақытта «биз президентпиз» деп те қояды.

Елимизге жемисли хызмет еткен азаматлар қатарында Даўымжар Ожыраевты еске алмаслық орынсыз болады. Даўымжар ағаның әкеси Кегейли районында райкомның секретары болып ислеген, ел ағасы болған инсан. Даўымжар Ожыраевич жас жигит ўақтында республика прокуроры болып ислеп жүрген көп жыллар даўамында районларға ўәкил сыпатында барып, аўыл хожалық жумысларын өзлестирип алғанлықтан, ол Хожели районына райкомның биринши секретары етип тайынланды. Даўеке бармастан бурын Абдурахманов, Абдукаюмов деген аўыл хожалығынан хабары жоқ адамлар биринши секретарь болып ислеп, районды отырғызып кетти. Даўеке жүдә мийнет сүйгиш, жаны себил адам. Ол ақыллылық пенен басшылық етип, район экономикасын тез раўажландырыў жолында берекетли хызмет етти. 1964-жылы Қарақалпақстанның 40 жыллық юбилейи болғаны ҳәммеге мәлим. Сол жылы Қарақалпақстан тарийхында биринши мәртебе Төрткүл, Беруний, Әмиўдәрья районлары пахта таярлаў жобасын орынлай алмаса да, Хожелиниң зыят берген пахтасы жоқарыдағы үлкен районлар бермеген пахтаның орнын қаплап, республика өзиниң юбилейин ақ жүзли абырайлы болып, пахта жобасын орынлаў менен күтип алды. Буған Хожели районы себепши болды.

Даўеке тынымсыз жумыс ислейтуғын басшы болды, ол азангы саат бестен кешки саат тоғыз-онға шекем пахта аралап, халықтың ишинде болды, кемшилик бар жерден шықпай, район халқын

алға қойған ўазыйпаны шешиўге жумылдыра билетуғын басшы сыпатында өзин көрсетти.

Ақсақалымыз Шараф Рашидов Даўекени дәлкек ретинде «Фидель Кастро» деп айтар еди. Буның себеби Фидель: «Ўатан ямаса өлим», деп уран таслаған болса, Даўеке «Пахта ямаса өлим» деп уран таслаған екен, деп дәлкек етер еди. Ҳақыйқатында да, Даўеке сол уранға сай хызмет етип, Хожели районын ең алдынғы қатар пахташылық районына айландырды.

Даўекениң искерлигин көрип, бизлер сол ўақытта басшылардың насазлығынан төменлеп қалған, республикадағы ең үлкен, жүги аўыр Әмиўдәрья районына биринши секретарь етип жибериўге уйғардық. Бул пикирди Ш. Рашидов қоллап-қуўатлады. Даўеке бул районға барыўдан, биринши гезекте, жумысты коллектор қазыўдан, изей суўды жоқ қылыўдан, колхоз-совхоз басшыларын беккемлеўден, асфальт жол қурыўдан, колхоз аралық қурылыс мәкемесиниң исин жеделлестириўден, районда тәртип орнатыўдан баслады. Колхозларда заманагөй орай қурыўға кириспи. Пахташылықты раўажландырыў менен бир қатарда жоқарыдағы ислерди теңбе-тең алып барды.

Даўекениң қатты талап етиўи нәтийжесинде Түркменстан бурын руқсат етпей жүрген проблема шешилип, Әмиўдәрья районының изей суўлары Дәрьялық коллекторына қосылып, районның тез раўажланыўына үлкен жол ашылды. Усы илажларды ислегеннен кейин Әмиўдәрья районы Хорезм области сыяқлы көп пахта беретуғын, жоқары зүрәәтли, 60 мың тонна пахта беретуғын районға айланды. Сонлықтан, ҳәзир де Әмиўдәрья районының халқы Даўекени қатты сыйлайды, ҳүрмет етеди.

Ҳадал мийнетиниң арқасында халқымыздың ҳүрметине ийе болған басшылардың қатарына Н. Қурбанбаев, Ҳ. Жумамуратов, А. Казбеков, Н. Қойлыбаев, З. Нурлыбаев, С. Матчановларды киргизсек болады. Олардың ислеген хызметлери мақтаўға турарлық. Олардың ҳәр қайсысы 20—25 жыл елге минсиз хызмет етти.

Ақсақал басшылар менен бир қатарда талантлы, келешеги күшли, ҳәр күни бир таза баслама ойлап табатуғын, иске зәбердес, мийнетте қайнап пискен Султамурат Қурбаниязович Қаниязов халқымыз ушын ядта қаларлықтай хызметлер иследи.

Қаниязовлар да Қарақалпақстанда аты шыққан династия. Еки Қаниязов—Қурбанияз аға, Тилеўмурат аға—бул екеўи де обкомға секретарь болған, атағы шыққан инсанлар. «Уяда нени көрсең,

ушқанда соны қыласаң» дегендей, шарапатлы шаңарақтан шыққан Султан ел ушын, халық ушын жанын пидә етип, хызметлер ислеген азаматымыз. 1976-жылы Қараөзек, кейинирек Тахтакөпир районында райкомның биринши секретары болып ислеп, үлкен из қалдырды, шөлкемлестириўшилик уқыбы нәтийжесинде район экономикасын, әсиресе салыгершиликти раўажландырыўда теңи-тайы жоқ хызметлер ислеген азаматлар қатарына киреди.

Султанның жан жорасы Алымбай Пиримов. Ол ҳаққында жоқарыда айтқан едим. Қарақалпақстанның аўыл хожалығын раўажландырыўда, елимизге көп техникалар алып келиўде, жоғын бар етиўде Алымбайдың қосқан үлеси үлкен. 1976-жылы Алымбайды жаңадан дүзилген Елликқала районына биринши секретарь етип жибердик. Бул жерде Алымбай жүдә қатты жумыс иследи. Таза районды шөлкемлестириў аңсат ис емес. Көп дослар таўып, зор ғайрат пенен ислеп, ҳәпзаматта район орайын ең сулыў қалалардың бирине айландырды. Жер ашыў, коллектор қазыў ислерин жоқары дәрежеге шығарды. Алымбай сегиз қырлы, кемпир сойыспаға турарлық жигит. Алымбай ҳаққында көп жаза бериўге болар еди. Бирақ оған жоқарыда берилген баҳа жетерли, деп ойлайман.

Мен өзим менен бирге ислеген елимиздиң азамат басшыларының ҳәр бириниң хызметине ҳәм өзлерине баҳа бердим. Аты шықпағанлар өкпелемесин. Бул айтылған сөзлер қуры мақтаў емес, мен шынлықты айтып атырман. Ҳүрметли Ш. Рашидов: «Қаллибек, сен кадрларды дурыс таңлағансаң, олар менен жақсы мәмиле қыласаң. Районлық партия комитетиниң биринши секретарьлары жүдә күшли жигитлер, ҳәр қайсысын басқа областқа басшы етип қойсаң, олар соған турарлық азаматлар. Соның ушын сен бахытлысаң»,—деп айтар еди. Бул берилген баҳаны бизиң бир қатар басшыларымыздың өзлери еситти. Мениңше, Шараф аға бул пикирин Қ. Нурымбетов, А. Ражапов, А. Пиримов, П. Халмуратов, Қ. Әбдиров, С. Қаниязовлар бар жерде де айтқан болыўы керек.

Ҳүрметли Шараф Рашидов ҳәр жылы еки мәртебе, ҳәр сапарында 3—4 күн болып, Қарақалпақстанның барлық районларын аралап, көзден өткерип шығар еди. Сонлықтан, ол бизиң ислеримизге қанық еди.

Жоқарыда бизиң ел басқарып жүрген райкомлардың 1-секретарларына берген әдил баҳасына, мен көтериңки ҳүрмет-иззет пенен атамыз — Ш. Рашидовқа рахметлер айттым.

Қ. Нурымбетов, П. Халмуратов, С. Қаниязов мениң сөзимди қоллап-қуўатлап, олар да ақсақалымызға ҳәр келгенде бизлерге қанат байлап, күшимизге күш қосып, шаршағанымызды шығарып, үлкен жигер менен ислеўге руўхландырарсыз, бурын артта қалған Қарақалпақстанға бәрҳама аталық ғамқорлық көрсеткениңиз ушын бизиң халқымыз сизден жүдә ырза, бахтымызға узақ жасағайсыз, деп миннетдаршылық билдирер еди.

Мен сөзимди даўам етип, Ш. Рашидов алдында бир қатар пикирлерди айттым:

Елимиздиң бәрҳама гүлленип, ҳәр тәреплеме раўажланыўына қаҳарман халқымызға дурыс, әдил басшылық етиў қәбилетине ийе басшыларды таярлап, олар бизлер қартайған уақытта эстафетаны даўам етип, Қарақалпақстанды жаңа табыслар жолында басқарып баратуғын саўатлы, өткир, күшли, истиң көзин билетуғын кадрларды таярлап барыў бизлердиң баслы ўазыйпаларымыздың бири болып есапланады.

Сонлықтан, бизлер жаслардың ишинен илимге жетик, саўатлы, ақыл-парасатлы, ой-пикири жоқары, келешекте елине ҳадал хызмет ислеў уқыбына ийе, келешекте елди басқарыўға уқыбы жетерли деген жасларды таңлап алып, оларды жумыс барысында сынақтан өткерип, ылайық деген жасларды көзден өткерип жүриўимиз шәрт еди.

«Болар бала бес жасынан белгили» деген дана халқымыз.

Усы жоқарыдағы талапқа муўапық, кеўилге қонған жасларды алды менен жоқары органларда аз-кем ислетип, мақул болғанларын райкомға 2-секретарь ямаса райисполкомға орынбасар етип жиберип, 2—3 жыл ислеп, тәжирийбе топлағаннан кейин, жүги аўыр совхозларға директор етип жиберип, ол жерде халық пенен жақсы ислесип, хожалықты 3—4 жылдың ишинде экономикалық жақтан раўажланған алдынғы хожалықлар қатарына алып шыққанларды қәлеген жоқары лаўазымына жумысқа көтерсе мақсетке муўапық болады.

Бизде 5 райкомның 1-секретарлары усы метод пенен жумысқа көтерилди.

Кадр таярлаўда усындай «технология» өзиниң жақсы тәсирин көрсетти. Себеби, «Бирликли ел азбас, жағалы тон тозбас» деген дана халқымыз.

Екинши мәселе кадрлардың минезин—адамларға болған меҳир-муҳаббатын тәрбиялаў. Басшылық иске көтерилген басшы халқы,

елине әдил, өтирик сөзден аўлақ, берген ўәдесин орынлайтуғын, ҳәмме исти сиз-бизлик пенен, жақсыға да, жаманға да айтар сөзин билип сөйлеп, елди қатықтай уйытатуғын басшыны таярлаў. Усындай минезли кадрларды тәрбиялаў бизлерде бас ўазыйпа болды.

Ш. Рашидов мениң айтқан пикирлеримди дыққат пенен тыңлап болып, сизлердиң кадр таярлаў «технологияңыз» жүдә дурыс. Буны ҳәмме областьларда иске асырыўымыз керек, — деди.

Усы жерде төрткүлли ақсақаллардан Яқып аға Абдалов, Қәлендер аға Тайыров, Әўезмат Шәрипов, Нарбай аға Мәтмуратов, Розымбай Аллабергенов, Ражапбай Балташев, Артық Адакаев ҳәм т.б. атларын атап өтсек арзыйды. Бул кадрлар 60—70-жыллары арқа районларға барып, ҳәр қыйлы жумысларда ислеп, сол районларды раўажландырыўда жигерли мийнет етти.

«Елдиң атын ер шығарар»,—деген гәп бар. Сонлықтан, усындай жигитлер менен ислескенимнен мен өзимди бахтияр деп сеземен.

ҚАРАҚАЛПАҚ ҲАЯЛ ҚЫЗЛАРЫ

Енди, мен әңгимени бизиң қәдирли ҳаял-қызларымыз, олардың халық алдындағы үлкен хызметлери ҳаққындағы еске түсириўлер менен жалгастырмақшыман.

Ҳаял-қызлар ҳаққында сөз етер екенбиз, ең алды менен бизиң көз алдымызда ардақлы аналарымыздың теберик тулғалары сәўлеленеди. Пайғамбарымыздың «Жәннет аналар аяғының астында», деп уқтырыўының өзи аналардың қаншелли дәрежеде уллылығын көрсетеди. Ҳақыйқатында да, Ана — өмирдиң сағасы, тиришиликтиң арқаўы. Инсанға өмир бағыш еткен усы меҳрибан ананың ақ сүти бизиң ҳәр биримиздиң қанымызға сиңип, жүрегимиз бенен қосыла соғып тур. Ананың жыллы қушағы, меҳир толы көзлери, гөззаллық уялаған сүйкимли жүзи ҳеш бир перзенттиң көз алдынан өмир бойы кетпесе керек. Өз бахтынан ғөре перзентиниң ығбалдәўлетин көбирек тилейтуғын ананың алтынға берғисиз нәсиятлары бәримизге мәңги қанат байлап, үмит шыңларына қарай жетелейди.

Ҳаял-қызлар — бизиң қәдирли апа-қарындасларымыз, қызларымыз, шадлықты да, турмыс аўырманлықларын да тең бөлисетуғын өмирлик жолдасларымыз. Шайырлар ҳаял-қызларды дүньяның көрки, өмирдиң сәни деп тәрийиплеп, оларды күнге, айға, гүллерге теңгереди. Олардың күлкисин булақ сыңғырлысына, сөйлеген сөзлерин бүлбил ҳаўазына мегзетип, тасқын йош пенен әжайып теңеўлер таўып, талай қосықлар, дәстанлар дөреткен. Булардың ҳәммеси де дурыс. Ҳаял-қызларды қаншама тәрийиплесең де көп болмайды. Ақыры, бизиң ата-бабаларымыз ҳаял-қызлардың турмыстағы тутқан орнын айрықша баҳалаған. «Шаңарақтың уйтқысы», «ошақ басының берекети», «еки арыстың бири» усаған сөзлер, сол терең ҳүрметтен келип шыққанлығы түсиникли. Қала берди, ел ишинде «Бир үйди жети еркек толтырмайды, бир ҳаял толтырады», «Ерди

ер қылатуғын да, қара жер қылатуғын да ҳаяллар», «Еркек гүби, ҳаял түби» сыяқлы нақыл-мақаллар да ҳаял-қызлардың турмыстағы ролиниң жоқары екенлигин көрсетеди.

Ел ишинде мынандай бир аңыз бар: Баяғы заманда бир ҳаял сыртта ханның киятырғанын биле тура оны сынаў ушын: «Хан да болсаң келсапты ала кир», деп даўыслайды. Хан ишке келсапты ала киреди. Ҳаял сол гезде: «Өйппей, сорым-ай, сиздей уллы дәрежели ханымызды жумсағаным уят болыпты ғой, келсапты сыртқа апарып орнына қоя қойыңыз, хан ҳәзиретим», — деп келсапты орнына апаргызып, ханды тапқырлық пенен еки мәртебе жумсаған екен. Сол себепли адамлардың аўзында «ханды да жумсаған хатын бул» деген сөз қалған. Бул сөз де ҳаял-қызлардың ақыллылығын тәрийиплеў менен бирге, оларға ҳүрмет көрсетиўден келип шыққанлығы даўсыз.

Халқымыздың өтмишине нәзер салсақ, бизиң ҳаял-қызларымыз ел тәғдири ушын жанын аямайтуғын гүресшеңлер болғанын көремиз. Ел ишинде тарқалған рәўиятларда, сондай-ақ Бердақ шайырдың «Шежиреси»нде ертеде Ақшолпан, Арыўхан деген сулыў ҳәм дана ҳаял-қызлар қарақалпақтың қоңырат, қыят деген руўларының (қәўимлериниң) ураны болған, оларға сыйынған. Шежиреде шайыр:

Қоңырат ураны Жайылған,
Мүйтен ураны Ақшолпан,
Қыят ураны Арыўхан,
Ҳаял уран болған екен,

— деп келтиреди.

Шайыр Ибрайым Юсупов тәрийиплеген Тумаристи айтпағанның өзинде бизиң жеримиздиң қәдирин ардақлап, ел-халқының бахыт-саадаты ушын гүрескен Гүлайым, Баршын, Қарашаш, Ақбилек, Саршаханым, Қаншайым сыяқлы дәстанларда аты қалған ер жүрек, ақыл-парасатлы ҳаял-қызлар ел ишинде көп болған. Сондай-ақ, шешенликте Жийреншеден қалыспайтуғын жүйрик тилли ҳәм оң бармағы ойнаған шебер қоллы ҳаял-қызларымыз бенен де халқымыз орынлы мақтана алғанлығы белгили.

Бизиң дәўиримизде де туўған мәканының атақ-абырайы ушын ерлер менен тең турып, алдынғы сапта азаматларша хызмет етип атырған ҳаял-қызлар аз емес. Олар бүгинги күни елдиң аўыр жүгин қолласып көтерип, кими атызларда, кими қурылыста, кими мал фермаларында жәўлан урып, республикамыздың экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўына өзлериниң ҳадал мийнети

менен салмақлы үлес қосып атыр. Әсиресе, пахташылық ҳәм мал шарўашылығындағы ең аўыр, машақатлы мийнет бизиң апа-сиңлилеримиздиң мойнына жүкленген. Мәселен, таң азаннан қараңғы түскенге шекем белди бүгип, пахтаның отағын алыў, бирлеў, түбин жумсартыў, қол менен азықландырыў, ал гүзде зүрәәтти териў усаған жүдә машақатлы ислерди бизиң азамат ҳаял-қызларымыз атқарады. Бурынлары пахтаны суўғарыў еркеклердиң мойнына жүкленген еди. Соңғы ўақытта колхоз басшылары ҳаяллардың, жас келиншеклердиң жүдә уқыплы ҳәм сапалы ислеўин есапқа алып, пахтаны суўғарыўға да ҳаял-қызларды тартатуғын болды. Өйткени, ҳаял-қызлар суўғарған атызлардың мол зүрәәтке негиз дүзгениниң гүўасы боласыз. Истен қайтқаннан кейин ҳаял-қызларға үйде де тынышлық жоқ. Егер ерлер жумыстан соң үйинде дем алып жатса, тәңирге жазған келиншеклер сыйыр саўыў, кир жуўыў, ал қонақ келе ғойса оны күтиў усаған толып атырған жумысларды ислейди. Үйде ең кеш жататуғын ҳәм ерте туратуғын ҳаяллар. Олар күн шықпай түргелип, ғаррыларға дәрет суўын да жылытып береди, азанда ерте шай таярлап, шаңарақтағыларды аўқатландырады, оннан кейин жумысқа кетеди.

Булардың ҳәммесин еске түсирип, ҳаял-қызлардың аўыр мийнетине тән бермесек, ҳақыйқатлықты бурмалаған боламыз. Аўыл хожалығының ҳәм өз шаңарағының ҳәмме мүшкилин, аўыр жүгин көтерип, елимиздиң абырай-атағын арттырыўда, пахташылықты, салыгершиликти, мал шарўашылығын ҳәм халық хожалығының басқа да тараўларын раўажландырыўда ислеген қаҳарманлық хызметлери ушын биз ҳәммеге ҳаял-қызлар алдында бас ийип келгенбиз.

Аўыл хожалығы жумысларын айтпағанда, шаңарақтағы руўызгершиликтиң өзи бизиң мийнет сүйгиш ҳаял-қызларымызға жетип атыр.

Мениң балалық ҳәм жаслық дәўирим аўылда өткенликтен, ҳаял-қызлардың турмыстағы қыйыншылықларын жақсы билемен. Урыс жыллары ҳәм урыстан соңғы жылларда улыўма халықтың турмыс аўҳалы төмен еди. Шынын айтқанда, ер адамлардан гөре ҳаял-қызлардың мойнында аўырманшылықлар көбирек болды. Күни бойы колхоздың атызында жумыс ислеген ҳаял кеште үйине келиўден, баласын емизе сала, дигирман тартыўға ямаса кели түйиўге, тандырға нан жабыўға мәжбүр еди. Буннан тысқары, хожалықта кир жуўыў, кийимлерди жамаў, аўқат писириў, гүби писип, айран атлаў ҳәм тағы басқа толып атырған жумыслар елдиң дәстүри бойынша

тек ҳаял-қызлардың мойнына жүкленгени белгили. Көпшилик колхозларда ҳаял-қызлар айдың жақтысы менен жоңышқа орыўға да шығарылады. Ал, азанда мәжбүрий рәўиште күн шықпай бийдай, арпа сыяқлы егинлердиң орағына барыўы тийис.

Қыс айларында да тынышлық жоқ. Қазыў деген машақатлы жумыста да ҳаял-қызлар ерлер менен бир қатарда бел услап, тоң көтерип, аўыр мийнет еткенин ҳәмме биледи. Мине, усындай қыйыншылықларға қарамастан, бизиң ҳаял-қызларымыз қаншадан қанша балаларды тәрбиялап өсирип, кәмалға келтирип, қатарға қосты.

Алпысыншы жыллардың басында мен республика басшылығына келгенимнен кейин халқымның аўыр турмысын жақсылаўға, ҳаял-қызларымызды усындай машақатлардан қутқарыўға бел байлап, қолымнан келген илажларды әмелге асыра басладым. Биринши нәўбетте, Қарақалпақстанды электрлестириў, газлестириў усаған проблемалық мәселелерди шештим. Онлаған жылдың ишинде республиканың барлық жерлерине электр жақтылығы апарылды. Москваға барған сайын бурынғы СССР газ санааты министрлигине кирип, бизиң халқымыздың аўыр турмыста жасап атырғанын, егер тез арада газлестирилмесе, ҳаял-қызларымыздың аўыр машақатлардан қутыла алмайтуғынын, пахташылықты раўажландырыўға белсенди қатнаса алмайтуғынын түсиндирип жәрдем сорадым. Бизиң өтинишлеримиз қанаатландырылды. Қарақалпақстан қысқа ўақыт ишинде газлестирилди. Ҳаял-қызларымыз шөпшек, тезек териўден қутылды. Ҳәзир тек гейпара үйлерде ғана дигирманның ҳәм келикелсаптың сести еситилиўи мүмкин. Олар да тек әўесекке жүўери гөже ямаса сөк жегиси келгенлер болыўы мүмкин, ал негизинде ҳәмме ун ҳәм гүриш пенен тәмийин етилген еди. Деген менен, ҳаял-қызларымыздың мойнындағы аўырманшылықлар пүткиллей сапластырылды деп айта алмайман. Еле де шешилмей атырған машқалалар көп. Олар ўақты келип шешиледи, деп ойлайман.

Бизиң Биринши Президентимиз И. А. Каримов жүдә туўры мәселе көтерип, «Соғлом авлод учун» орденин дүзип, даналық пенен уллы ислерди әмелге асырды. Соған қарамастан, биз ашығын айтыўымыз керек, бурын жаман ба, жақсы ма ҳәмме жерде бала бақшалар ислеп, ҳаял-қызларға қол көмегин берип келди. Бул ис ҳәзир экономикалық себеплерге байланыслы пәсеңлеп кеткен. Ҳаял-қызлардың аўыр мийнетин жеңиллетиў машқаласы қашып қутылмайтуғын, шешилиўи керек машқала болып есапланады. Бул гәплерге тереңирек тоқтағандағы мақсетим, егер биз саламат

әўлад ушын гүрес апармасақ, хүрметли Президентимиздиң дана ўәсиятларын иске асырыў қыйын болады. Әўлад саў болыўы ушын ананың мойнына жүкленген жүкти бираз жеңиллетиўимиз керек. Бул машқалаларды бир күнде шешиў қыйын, солай болса да ҳәмме басшы хызметкерлердиң бет бағдары усы ўазыйпаларды шешиўге қаратылыўы тийис. Биз елге басшылық еткен жылларда ҳаял-қызларға бир қанша жақсы шараятлар туўдырып бериў бойынша көп жумыслар исленди. Ҳаяллар қазыўдан азат болды. Ҳәр бир колхоз, совхоз, кәрханаларда балалар бақшасы, яслилер ислеп турды. Пахташылықтағы ең аўыр ис — пахта терими машинаның мойнына жүкленди. Көп хожалықлар 65—75 процент зүрәятин көк кораблълер менен терип алыўға еристи. Пахтаны отақтан азат етиўде кең түрде гербицид қолланылды.

Көплеген уқыплы ҳаял-қызлар бригада, бөлим басқарыў жумысына тартылды. Олар ҳадал мийнети менен көзге көринип, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы болды, хүрметли атақлар алды, Жоқарғы Советлерге депутат болып сайланып, хызметине ылайық абырай-атаққа ийе болды. Әдетте, ҳаял-қызлар басқарған жумыс орынлары басқаларға қарағанда анағурлым жақсы көрсеткишке ийе болатуғын еди. Мәселен, олардан Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Айым Камалованы атап өтиўге болады. Ол 1963-жылдан баслап Өмиўдәрья районындағы Крупская атындағы колхоз басқармасының баслығы. Ол көп мәртебе СССР Жоқарғы Советине депутат болды, КПССтиң XXII—XXIV съездлерине делегат болып қатнасты.

Амангүл Сапарбаева Шымбай районының Қасым Әўезов атындағы совхозында көп жыллар мийнет ислеп, үлкен абырай-атаққа ийе болды. Дәслеп звено баслығы болып, арқа районлар жағдайында белгили академигимиз Шамурат ата Муўсаев сыяқлы пахтадан мол зүрәят жетистирди. Сонлықтан, ол Қарақалпақстанда биринширлерден Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы атағын алыўға миясар болды. Амангүл СССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Кейин ала тәжирийбе топлап, пахташылыққа шеберлиги артканнан кейин жүги бир колхоздан кем емес үлкен бөлимге баслық болып көп жыллар нәтийжели хызмет иследи. Аманғүл басқарған бөлимниң пахта атызларын аралағанда қубла районлардағы яңлы бойы бийик, сымбатлы пахтаны көрер едик. Амангүлдиң және бир артықмашлығы — ол өз бөлиминде шәкирт таярлап, оны да Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы дәрежесине

алып шықты. Қаҳарман жигит Ерполат Бекбаулиев он-он бес жыл Амангүлдиң басшылығында бригадир болып иследи. Жақсы басшының шарапаты ҳәм тәрбиясы босқа кетпеди.

Енежан апа Мәтсапаева Хожели районындағы Энгельс атындағы колхоз басқармасының баслығы болып иследи. Ол да Қарақалпақстан Жоқарғы Советине депутат болды. Райгүл Жумамуратова — Пиржан Сейтов атындағы салыгершилик совхозының директоры, Қарақалпақстан Жоқарғы Советине депутат, КПССтиң XXIV съездине делегат болды. Усылар сыяқлы алдынғы бөлимлерди, бригадаларды басқарған ҳаял-қызларымыз көп болды. Олардан Мийнет Қаҳарманлары Тохта Якупова, Турдыгүл Султанова, искер, ҳәзил жуўаплы сөз усталары Раўшан Султанова, Дәўлет Кирқабақова, Пердегүл Розумова, атақлы салыкешлеримиз Гүлай Қошшанова, Айзада Түндикбаева ҳәм тағы басқалар бар. Бул ҳаял-қызларымыз өндиристе бирдейине алдынғы қатарда болып келди. Олардың исинен ибрат алса болады. Олар ер жигитлерден де жеделли хызмет етти, халық алғысына, хүрмет-иззетине ийе болды. Олар өз ислерине берилген, жумыста шыныққан қызлар еди. Олар жумысы менен де, шешенлиги менен де танылған, көзге түскен инсанлар болды. Олардың гейпаралары ҳәзир дүньядан көз жумды. Жақсының жақсылығын айтып, келешек жасларға таныстырыўымыз мақсетке муўапық ғой.

Усы жерде мен Дәўлет Кирқабақованың ушырма сөзге усталығына, тапқырлығына байланыслы бир-еки ўақыяны еске алып кетпекшимен.

Дәўлет Кирқабақова Мәтеке Жуманазаров атындағы совхоздың бурынғы Энгельс бөлиминиң баслығы болып ислейтуғын еди. Қай жылы екени ядымнан шықты, октябрь айының ақыры болса керек. Ол ўақытта ҳәр бөлимге күнлик пахта таярлаў тапсырмасы берилер еди. Басқалар қатары Дәўлет те тапсырманы орынлаў ушын қырмандағы ғөреклерди тазалаў машинасынан шығарып бериўи керек еди. Күн кеш болып кеткен. Трактористы Дәўлеттиң күйеўиниң досты екен. Дәўлет көп өтиниш қылып: «Еки саат ислеп, ғөректи шығарып, таярлаў пунктине тапсырайық», деп соранады. Олай жалынады, былай жалынады, трактористы жигит айтқанды тыңламайды. Ашыўы келген Дәўлет жигитти көтерип, пахта шаңғалағының үстине ылақтырып жиберип, «Қәне, ислейсең бе, жоқ па?» деп отырып алады. Илаж қанша, трактористы ғөрек

тазалайтуғын машынды жүргизиў менен болады. Солай етип, Дәўлет сол күни графикти орынлап, бес күнлик жуўмағында районның Қызыл байрағын жеңип алады.

Бир сапары бизлер П. Халмуратов, Ж. Жийемуратов үшеўимиз апрель айының басында усы Энгельс бөлимине бардық. Дәўлеттиң дәлкек сөзли екенин билип, бир күлки болсын деп, мен: «Мына Жумекени саған ўәкил етип таслап кетейин бе?—дедим. Дәўлет: «Сонша қарақалпақтағы хоширей жиғитлердиң ишинен әкелгениң усы ма? Бундай қыйсық аяқ өзимде де бар, берсең тәўиреғин бер, буныңды әкете бер»,—деди. Болды бир күлки. Жумеке көзинен жас аққанша күлди. «Мынаўыңды өкирместен бурын алып кетиң» деп, Дәўлет және дәлкек етти.

Дәўлет Киркабақова Қарақалпақстанның белгили лаққыларының бири Палўанияз «ағаш қуйрықты» Москвада ВДНХға барғанда бир аўыз сөз бенен жеңген. «Абайламай сөйлеген аўырмай өледи», дегендей, хәмме Дәўлет бар жерде сөзин өлшеп сөйлейтуғын болған. Оның басқысы жүдә мәдениятлы еди. Мине, Дәўлет исте де, сөзде де ҳеш кимнен қалмайтуғын, еки-үш азаматтың жумысын ислейтуғын инсан еди. Жаны жәннетте болсын.

Усындай ҳаял-қызларымыздың бири Пердегүл Розымова. Ол Беруний районындағы бурынғы Буденный атындағы совхозда бригадир-механизатор болып иследи. Ол ҳәр жылы жобаны 130—140 процент орынлар еди. Соның менен бирге, өзи 160—170 тонна пахтаны машина менен тереди. Сонлықтан, ол Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы атағына ийе болды. КПСС XXVI съездине делегат болып сайланды.

Пердегүл де сөзди ушырып айтатуғын келиншеклерден. Өзиниң ери де сол бригадада суўшы болып иследи. Жазда пахта тәрбиясы ўақтында райкомның биринши секретары Алымбай Ражапов пенен азанғы саат беслерде турып, пахта аралап кеттик. Саат сегизлерде Пердегүлдиң мәдений шертегине келдик. Өзи қаўын писик ўағы. Шай ишиң, деп бизлерге мирәт етти, биз келисим бердик. Бизиң менен А. Ражапов, райкомның бюро ағзасы, бурынғы «Правда», «Елликкала» хожалықларының баслығы Шәрипбай Оразбаев, совхоз директоры Омар Ешматов төртеўимиз едик. Пахта жақсы, адам бойлы, сығасқан ғөрек, кеўилиң қуўанатуғын жағдай. Бир күлки болсын деп, Пердегүлден: «Райкомның жәрдеми қалай?»—деп сорадым. Сонда ол: «Мен бул райкомға түсинбедим, бизге пенсияға шыққан, списанный ўәкиллерди жибереди, соннан жәрдем бола ма?»

деп жуўап берди. Болды уллы ўаҳаҳа. Шәрипбай Оразбаев та жасы алпыстан өткен ақсақал, өзи сары киси. Жаңағы гәпти еситип, қып-қызыл болып кетти. Пердегүлдиң өткир сөзли жуўаплары жүдә көп. Оның бәрин айтып таўыса алмайсаң. Пахта жақсы болған жыллары оны сөйлетип, күлисип, шаршағанымызды шығарып турар едик.

1963—64-жыллары бизиң республикамызға пахта териў мапазында ўәкил болып сол жыллары Өзбекистан ССР Министрлер Советиниң Баслығы Қурбанов Рахманқул көп келди. 1964-жылдың ноябрь айларында ол киси менен бирге Қараөзек районы «Москва» совхозының Ленин атындағы бөлимине ақ ғөрек терип жүрген жумысшыларға барып ҳармасын айттық. Рахманқул Қурбанов хошерей келиншеклерди шеп көрмейтуғын жасы үлкенлерден. Ғөрек терип атырған қыз-келиншеклердиң қасына барып сөйлесип, бир сулыўлаў келиншекке бир қысым ғөрек терип, фартугине салды. «Уныңды шашайын ба?» дегендей, Р. Қурбанов: «Мен сизге бир килограмм ғөрек терип бердим», — деп гәп баслады. Сол ўақытта ол келиншек мийманға бир нәзер таслап, «Сизиң еки ғөрегиңиз бир кило шыға ма?» — деп жуўап қайтарды. Келиншектиң астарлы сөзине түсинген Р. Қурбанов не дерин билмей қалды. Оннан соң және екинши бир келиншектиң қасына барып ол: «Қанша айлық аласыз?», деп сораў берди. Келиншек ойланып турмай, «алсаң билесең-дә, алмасаң қаяқтан билесең» деп жуўап берди. Бул гәплерди еситип, Р. Қурбанов қарақалпақ қызларының кеўили ашық, сөзге шебер, тартынбай сөйлесиў уқыбына ийе екенине тәсийин қалды. «Басқа областьларға барсаң ҳаяллар өзин алып қашады, сөзиңе жуўап бермейди, ал қарақалпақтың қызлары тайын жуўап, ашық пейилли инсанлар екен», — деп ҳайран қалды сонда Р. Қурбанов. «Әттең, мен үйленгенмен, егер жас жигит болсам, әлбетте қарақалпақ қызына үйленген болар едим», деди ол.

Шымбай районындағы Қасым Әўезов атындағы колхоздың белгили пахтакеши, Қарақалпақстандағы ел басқарған ҳаял-қызлардың бири Раўшан Султанова да усындай шаққан, искер, сөзге шебер еди. Ол көп жыллар колхозға басшылық етти, соң бөлимди басқарды. Өзиниң ҳадал мийнети менен көзге түсти. Раўшанның өткир сөз бенен көп жигитлерди жеңгенин биз билемиз.

Қарақалпақстанда көп жыллар даўамында министр болып ислеген Улбосын Алламуратованың ушырма гәп, тайын жуўаплылығы себепли көп жигитлер оның менен ҳәзиллесиўден, ҳәтте сөйлеўден тартынатуғын еди.

Мине, бизиң ҳаял-қызларымыздың қолынан ис те келеди, сөйлетсең шешенлиги де бар. Бул тек қарақалпақ ҳаял-қызларына тән қәсийет екенин айтыўымыз керек. Қыз бенен жигиттиң дәлкеклесиўи, гештеклерде шай берип, кеса алысып, бир-бирине жуўап айтысыўы бизиң ата-бабамыздан қалған дәстүр. Бурынлары жуўаптан жеңилген жигит гөзлеген мақсетине жете алмайды екен.

Қарақалпақстанның көзге түскен, зәбердес, ақыл-парасатлы, шебер шөлкемлестириўши ҳаял-қызлары ел ишинде оғада көп. Мен Әлийма Ғайыпова, Рахийма Қалбаева, Улбосын Алламуратова, Нәсийба Жалалова, Клара Өтамбетова, Зинайида Митина, Раиса Жаббарова, Бағдагүл Әбибуллаева, Сәлийма Юсупова, Фарида Жуманиязова, Бийбайша Кетебаева, Сания Алямова, К.А.Андрияновоның атларын ҳүрмет пенен тилге аламан.

Аўыл хожалығындағы зор хызметлери арқалы даңқын жайған ҳаял-қызларымыз бенен бир қатарда халық билимлендириў исинде, илимде өзин көрсетип, елимиздиң руўхый байлығын арттырыўға үлкен үлес қосқан ҳаял-қызларымыз да аз емес. Олардың ишинде алым ҳаял-қызлардан Зайтуна Насруллаева — биринши илим докторы, Раўия Есемуратова дәслепки илим кандидаты, Пердегүл Ержанова, Сарыгүл Баҳадырова, Светлана Алламбергенова, Тажигүл Адамбаева, Л. Г. Константинова ҳәм басқалар терең ҳүрметке миясар.

Пүткил өмирин жас әўладларды тәрбиялаў исине бағышлаған ҳәм бул тараўда табыслы хызмет ислеп атырған ҳаял-қызларымыз көп. Олардан 100 ден асламы Өзбекистанға ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген муғаллим ҳүрметли атағына ийе. Халқымыз А. Әширбекова, Ш. Өтепова, Т. Г. Горбунова, Қ. Дәўлетова, Г. Шамуратова, Р. Уснатдинова, А. Қайыпназарова сыяқлы көплеген устаз ҳаял-қызларымыздың атларын ҳүрмет пенен тилге алады.

Халықтың денсаўлығын сақлаў исинде де бизиң ҳаял-қызларымыздың хызметлери айрықша екенин айтыўымыз керек. Денсаўлық сақшыларының 70 процентten асламы ҳаял-қызлар. Олардың жүзге шамаласы Өзбекистанға ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген шыпакерлер. Булардан Н. М. Покровская, С. Өтемуратова, Т. Бекниязова, Е. Қуденова, Э. Қошқарова, Л. А. Андреева, К. А. Енгалычева, Т. Өбджамалова, К. Оразалиева, К. Әметова, Д. Айдарбекова ҳәм басқаларды атап өтиўге болады.

Бизиң елимизге танылған ҳаял-қызларымыздың дизимин даўам ете бериўим мүмкин еди. Олар жан-тәнин аямай, елимизге зор хызметлер етти. Олардың биразы республиканың ҳүкимет ағзасы

болды. Биразлары республикалық көлемде басшы жумысларда азаматларша мийнет етти. Ҳаял-қызларымыздың ҳәммесин атпа-ат айтып отырыўдың илажы жоқ. Сонлықтан, аты аталмағанлар өкпелемес деп ойлайман. Олардың ҳәммесине беккем денсаўлық, шаңарақларында бахыт тилеймен.

Ҳаял-қызлар ҳаққындағы сөзимди пайғамбарымыз Муҳаммед алайҳиссаламның ҳаял-қызлардың турмыста айрықша орны барлығы ҳәм оларды терең ҳүрметлеў зәрүрлиги ҳаққындағы нәсиятлары менен жуўмақламақшыман. Ол өзи дөреткен теберик «Ҳәдислеринде», «Алла таала ҳаял-қызларға жақсылық ислеўди буйырады. Себеби, олар аналарымыз, қызларымыз ҳәм апа-қарындасларымыздур» — дейди.

Халқымызда ана ҳаққында мынадай рәўият бар: Пайғамбарымыздан бала: — «Азанда уйқыдан турғанда биринши кимге сәлем берейин», — деп сорапты. — Анаңызға, — депти.

— Екинши кимге сәлем берейин?—депти.

— Анаңызға, — деген.

— Үшинши кимге сәлем берейин?—деп сораған.

— Анаңызға,— деп мәсләҳәт еткен. Ал, төртиншисинде болса, «Атаңызға» деп жуўап берген екен.

«Егер ата-анаңыз тең шақырса анаңызға биринши ләббай дегил», деп нәсиятлайды пайғамбарымыз. Демек, перзент ушын анадан уллы ҳеш ким жоқ екен. Түн уйқысын төрт бөлип, бесик таянып емизген ананың ақ сүтин перзент өмир бойы хызмет етсе де өтей алмайтуғынын, ол анасының алдында өмиринше қарыздар екенин бенделерине уқтырады.

Ҳаял-қызлар тәбияттың ең гөззал жаратылысы, өмирдиң гүли. Сонлықтан, анаға кеўил бөлиў, оның денсаўлығын сақлаў, оған ҳүрмет-иззет көрсетиў зәрүр. Саламат ана шаңарағымыздың тиреги, уйытқысы, ул-қызларымызды дүньяға келтириўши құдиретли күш, өмиримиздиң даўамшысы.

Ҳәмийше аман-саў болғайсыз, қәдирдан Аналар!

ҚУРЫЛЫС РАЎАЖЛАНБАЙ ЕЛ РАЎАЖЛАНБАЙДЫ

Инсаният тарийхына нәзер салсақ, әййемги заманларда-ақ адамлар тиришиликке зәрүрли азық-түлик, кийим-кеншек таярлаў менен бир қатарда баспана ушын имаратлар қурыўға да айрықша күш салғанын көремиз. Дәўирлердиң өтиўи менен қурылыслар барған сайын кең ен жайып, зәўлим имаратлар, беккем қорғанлар, халқы тығыз қалалар пайда болған. Қай жерде қурылысқа итибар артып, оған күшли пәт ендирилсе, сол жерде адамлардың турмысы абаданласып, мәдениятлары жоқары болған, илим, өнерментшилик, саўда-сатлық анағурлым тез раўажланған. Неше әсирлер өтиўине қарамастан, өзиниң сулыў сәнин, саўлатын жойтпаған тарийхый естеликлерге бай шәҳәрлер бүгинги күни жәҳән қәдириятларының қатарынан ылайықлы орын алып, гөззаллық шайдаларының, саяхатшылардың зыярат мәсканларына айланған. Бул бийбаҳа мийраслар қолы ғүл бабаларымыздың ой-өрисиниң кеңлигинен, таң қаларлық маманлығынан, өз елиниң көркине көрик қосып, даңқын жайыў ушын исленген зор хызметлеринен дерек бериў менен бирге, ҳәзирги заман архитекторлары ҳәм қурылыс усталары ушын теңи-тайы жоқ мектеп болып есапланады.

Әлбетте, бизиң заманымызда да қурылыс ислери кең қулаш жайып, жаңа қалалар, жаңа жоллар, жаңа каналлар, электростанциялар, материаллық ҳәм мәдений турмыс объектлери салынып атыр. Буны биз өзимиздиң Өзбекистанымыздың мысалында-ақ айқын көриўимизге болады. Соңғы отыз-қырық жылдың ишинде Өзбекистанның келбети танымаслық дәрежеде өзгерди. Республикамыздың картасында бир неше онлаған жаңа шәҳәрлер пайда болды. Мырзашөл, Қаршы, Жиззақ, Сурхан — Шерабад, Елликқала, Жамбасқала ҳәм бизиң арқа районларымызда салыгершиликти раўажландырыў ушын үлкен көлемдеги жерлер, басқа да соларға усаған үлкен массивлер өзлестирилип, ол жерлерде

абаданласқан жаңа елатлар, посёлкалар жүзеге келди, қаншадан-қанша заводлар ҳәм фабрикалар, мыңлаған километр жоллар, суўғарыў тармақлары иске қосылды. Буншелли уллы қурылыслар Өзбекистан аймағында уллы Әмир Темир заманынан берли болмаған еди.

Өзбекистанның ажыралмас бир бөлеги болған Қарақалпақстанда да қурылыс жумысларына соңғы 25—30 жыл ишинде айрықша пәт ендирилди. Себеби, қурылыс болса ғана ел жаңарады, абаданласады, жаңа турақ жайлар менен, социаллық ҳәм мәдений турмыс объектлери менен толысады, электрлеседи, газлеседи, қалалар ҳәм аўыллар асфальт жоллар менен тутасып, темир жоллар салынып, алысымыз жақын болады, халқымыздың мүшкили жеңиллеседи. Қурылыс ҳәўиж алса көплеп жаңа жерлер өзлестириледи, каналлар апарылады, жаңа поселкалар салынады. Қулласы, қурылыс елдиң көркин шығарады, гүллендиреди, даңқын әлемге жаяды, халықты тоқ турмысқа жеткереди.

Сонлықтан, мен елге басшы болған жыллары республика халық хожалығының ҳәмме тараўларын, әсиресе, оның жетекши тараўы болған ири қурылысты биринши нәўбетте шешилиўи тийис ең тийкарғы, бас мәселе деп есаплап, қурылыс пенен өзим шуғылландым. Егер аўыл хожалығын ең әҳмийетли, халықтың ырысқы-несийбеси, ел дастурханы деп қарасақ, оны да жоқары басқышқа көтериў ушын ири қурылыс керек. Қурылыссыз раўажланыў жоқ. Демек, халық хожалығының барлық тараўларын алға илгерилетиўге жол ашып беретуғын — бул қурылыс. Сол себепли оны бас проблема деп есапладым, бул инабатлы ис бирдейине мениң дыққат орайымда болды. Қурылыс раўажланбай турып, елдиң раўажланбайтуғынын нәзерде тутып, халықтың әдиўли перзентимен, елдиң садық азаматыман, деген басшылардың ҳәммеси қурылыс пенен қатты шуғылланыўы керек деген мәселе қойдым ҳәм буны күнделикли исимде қатаң рәўиште талап етип бардым. Қурылыс пенен оңлы шуғылланбаған басшыларды бир күнлик басшы, келешекти, халықтың жақсы турмысын ойламайтуғын басшы деп, қатты сын астына алдым ҳәм оларға тиккелей нусқаўлар берип, қурылыс ислериниң орынланыўын қадағалап барыўды әдетке айландырдым.

Бизиң ата-бабаларымыз өтмиште көп қысыўметлерге ушырап, көшип-қонып жүргенликтен, ҳәзиргидей жайларды, қолайлы шараятларды көрмеген. Мен ел басқарыў ислерине тәўир-ақ ерте араластым ҳәм ел ишинде жүрип халықтың мүтәжине қаныҚ, аўҳалын бирге

басымнан кешириp, турмыс аўырманшылығын жақсы түсинип өстим. Елимиздиң халқы көшпели турмыс кеширгенликтен, жеримизде қурылысқа жарамлы заттың жоқлығынан, жетпесин жағдайларына байланыслы атадан-балаға руўхый байлықтан басқа қалған мийрас мүлик, муқыят салынған имаратлар, саррас салынған жоллар, иркилмей өтетуғын көпирлер, ҳәзирги турмысындағыдай турақ жайлар, мешит-медреселер, шарбақ сарайлар қалмаған. Сонлықтан, ҳәр бир әўлад, күн көрис ушын не керек болса өзи қурыўы, өзи ислеўи керек болған. Сол жыллары ең муқыятлы деген турақ жайларымыз ылайдан салынған. «Қыйсайып қырқ жыл турады» деп, шөпкер усылында төбеси жергиликли ақ терек пенен арқалықланып, ийтарқа түринде қара тал, ақ тал шыбықлары менен бастырылып, оның үсти қамыс, сабан, жыңғыл, тағы басқа жемтиклер менен жабылып, оның үстине топырақ жүргизип, қолынан келген адамлар оны топанлы ылай менен сыбайтуғын болған. Едени қәдимги топырақ, тек гейпара пуқта адамлар жайының еденин сыбаған. Еденге бойра ямаса жекеннен тоқылған шыпта төселип, турмыс солайынша өткерилген. Далада мал бағып ямаса елден шетиректе дийқаншылық етип жүрген хожалықлар көбинесе жер төледе, қамыс қоралы бастырмаларда, қара үйлерде жасаған. Мениң өзим де жас гезимде ата-анам менен пәскелтек, ортасы печь пенен бөлинген кишкене бир бөлмеден ибарат жайда жасадық. Сол жайда он бир-он еки жан туратуғын еди.

Бизиң халқымыз турмыс апатшылығын басынан көп өткерип, азайып кеткенликтен бе, жүдә балажанлы, баўырман, перзент қанша көп болған сайын «Қудай берди» деп қуўанып, туўысқан-туўғанын жыйнап той беретуғын, турмыстың қыйыншылығына қарамай өсип-өниўши халық. Жайларының тар болыўына қарамастан, ҳәмме үйлер күнниң қақаман суўығында бузаўларын, қозы-ылақларын өзлери жасайтуғын жыллы жайларына алған, болмаса хожалық жағдайлары келиспейтуғын болған. Туўысқан-туўғанлар ара-тура ушырасып, ҳал сорасқанда «Бар ҳалымыз, жоқ жағдайымыз» — деп отырған.

Сондай қыйыншылық, жетпесин жағдайға қарамастан жайдың астын ызғар алыўы, суўдың аспек болып қалыўы, елдиң бир орыннан екинши орынға көшиў жағдайларына байланыслы бир ата дәўиринде жайлар еки-үш мәртебе, ҳәтте оннан да көп мәртебе салынған. Ол заманларда жайларды салғанда оның қыйыншылығы бир өлип тирилген менен барабар болған соң адамлар: «Усы

қарабахананы салғанда бир өлип тирилдим», — дейди екен. Атадан неше бала туўылса да бәри бир үйде жасаған. Олардың баслы-басына жай салып бериўге, хожалық қылыўға шамасы болмаған. Сол қыйын жағдайларды айтып, бир қатар азаматлар: «Атадан туўылып қара жерге ақ отаў тикпей-ақ дүньядан өтип баратырмыз-аў», — деп уўайым шеккен. Пахсадан жайы барлар баспанасының барлығына қуўанған. Әпиўайы пуқаралар түўе айырым ҳәмелдарлар да ўақытша болса да жер төледе жасаған. Буны мен өз көзим менен талай мәртебе көрдим. Бир мысал айтайын: 1954 — 55-жыллардағы «30 мыңшылар»дың ишинде Асқар аға Мәмбетназаров Шымбай районындағы Ильич атындағы колхозға баслық етип жиберилди. Биз М. Е. Лунев (сол ўақыттағы Шымбай райкомының екинши секретары) пенен Асқар ағаның үйинде қонақ болдық. Асқар аға басқа қолайлы жай болмағанлықтан жер төледе жасайды екен. Жер төлени еки бөлме етип ислеген. Бизлер бир ақшам усы жер төледе қонып шықтық. Сол жыллары колхозларда өз пуқараларынан аўысық жай болмаған.

1950-жыллары да Ўатандарлық урыс себепли қыйралыўға ушыраған районларды қайта тиклеўге, соң тың жерлерди өзлестириўге көп қаржы жумсалып, ал бизиң республикаға қурылыс ушын қаржы жүдә аз муғдарда бөлип шығарылған.

1960-жыллардың басында биз ири қурылыс бойынша Өзбекистанның басқа областьларынан 30 — 40-жылға артта едик, оны жасырыўға болмайды. Бизде Хийўа, Бухара, Самарқанд, Қоканд, Шахрисабзге усаған қалалар болмаған. Ал, урыстан бурын салынған таза Нөкистеги бир қанша имаратларды Москвадан, Ленинградтан келген қурылысшылар ғамхорлыққа алып қурып берген. Ески Төрткүлдеги тас гербиштен өрилген жайларды да патша Россиясы қурған.

1950-жылларда бизде жергиликли халық ўәкиллеринен қурылысшылар жоқтың қасында болған. Мен обкомға секретарь болып жумыс баслаған жыллары Қарақалпақстанда 2 ғана қурылыс трести (Нөкистеги 166-трест, «Тақыятасгидроэнергострой») ҳәм Нөкисте бир экскаватор станциясы бар еди. Жергиликли халық ўәкиллеринен қурылыс бойынша инженер-техник кадрлар, әсиресе кәнигелиги, маманлығы күшли қурылысшылар жүдә аз санда еди. Олар тек гербиш қалаў, сыбаўды ғана билетуғын еди. Сантехника бойынша 60-жыллардың ақырына шекем бизде кәниге болған жоқ. Бундай хызметти Ташкенттен адам шақырып ислететуғын

едик. Соның ушын, жергиликли миллет ўәкиллеринен инженер-техниклерди, түрли маманлықтағы қурылысшыларды таярлаўға үлкен дыққат аўдардық, үлкен қалалардағы оқыў орынларына көп сандағы жасларды оқыўға жибердик. Нөкисте қурылыс техникумын аштық. Олар оқып жетисемен дегенше Ташкенттен В. Т. Стефанюк (166-қурылыс трестиниң бурынғы басқарыўшысы), М. Д. Мухортов (12-қурылыс трестиниң бурынғы басқарыўшысы) қусаған қәнигелерди шақырдық. Олардың көпшилиги табыслы жумыс иследи.

Бул ҳәрекетлеримиз босқа кетпей, өз нәтийжелерин берди. 70-жыллардың басында өзимиздиң жергиликли халқымыздың ўәкиллеринен уқыплы, искер, патриотлық сезими күшли, елим, халқым деп жан күйдирип ислейтуғын көп қәнигелер, қурылыс командирлери өсип жетилисти ҳәм қурылысты жоқары дәрежеге көтерди. Олар бизиң елимиздиң мақтанышы, алтын қорымыз болды.

Мине, усындай жағдайда биз республикамызда қурылысты кескин раўажландырып, Қарақалпақстанның қалақлығын сапластырыўды, қурылысқа жан енгизип, қурылыс арқалы халық хожалығының басқа тараўларының раўажланыўы, соның ишинде бизиң шараятымызда аўыр санаат қатарына киретуғын қурылыстың 1960-жыллардың басында қандай жағдайда болғанлығы, оны қандай мийнетлер менен раўажландырғанымыз, 1975—1980—85-жыллардағы ең жоқары дәрежеге қандай ҳәрекетлер менен жеткизгенимиз, олардың қандай күшлерге ийе болғаны, ол ислерди кимлердиң ҳәм қалай алып барғанлығы, ҳәммеси мениң жүрегимде ҳәм көз алдымда анық турыпты.

Барлық мүмкиншиликлерди ислетип, қурылыс санаатын жоқары дәрежеде раўажландырыў сиясатымыз бирден-бир дурыс сиясат болды. Озиниң жүдә аўыр шараятта жасаўына ҳәм географиялық жақтан қолайсыз жайласыўына қарамастан, Қарақалпақстан қоңсы областлар арасында алға илгерилеп шығып, ири қурылыс бойынша Өзбекистанда биринширлер қатарында болыўға еристи.

Мәмлекетлик есап-санақ ҳүжжетлерине тийкарланып айтсақ, қурылыс мәкемелеримиздиң қуўаты мен елге басшылық еткен шерек әсир ишинде 25 мәртебеден артығырақ өсип, мәмлекет тәрепинен орайластырып берилген қәрежетти жылына 20—25 млн. сомнан 500—550 млн. сомға дейин көбейтип, өзлестириўге еристик, ал колхозлардағы кооперативлик жәмийетлер тәрепинен жүргизилген қурылысларды оған қосып есапласақ, улыўма қурылысқа жумсалған ири қаржы республика бойынша ҳәр жылы 600—650 млн. сомды

қурайды. Егер алтыншы бес жыллықта (1956 — 1960-жыллары) халық хожалығын раўажландырыўға Қарақалпақстан бойынша жумсалған ири қаржы 127 млн сомды қураған болса, ал 1970-жыллардың ақырына келип, сол муғдардағы қаржы бир кварталдың өзинде-ақ өзлестирилди. Басқаша айтсақ, алпысыншы жыллардың басындағы бес жылда өзлестирилген қаржыны жетписинши жыллардың ақырына, сексенинши жыллардың басына келип, бир кварталда өзлестириўге еристик.

Бул бизиң қолға киргизген уллы жеңисимиз еди.

1980-жылдың басына келип, республикамыз бойынша қурылыс санаатында ислеў ушын ҳәрекетке келтирилген улыўма бирлеспелерди есапқа алар болсақ, сол заман пулы есабы менен олардың (стройиндустрия) қуўаты бир жыл ишинде 1 миллиард сом ири қаржыны өзлестириў мүмкиншилигине ийе еди. Бул тараўға жүзден аслам өндирислик мәкемелер, яғный бетон, темир-бетон, гербиш, асфальт, гранит, мрамор, ҳәк, ағаштан, темирден ҳәм басқа затлардан жасалма буйымлар ислейтуғын заводлар, тағы басқалар киреди.

Алтыншы бес жыллықта (1956 — 60) 127 миллион сом муғдарында мәмлекет қәрежетин өзлестирген болсақ, мен басшылыққа өткен жетинши бес жыллықта (1961 — 65) 526 миллион сом, сегизинши бес жыллықта (1966 — 70) 1025 миллион сом, тоғызыншы бес жыллықта (1971 — 75) 1432 миллион сом, онынши бес жыллықта (1976 — 80) 2112 миллион сом, он биринши бес жыллықта (1981 — 85) 2917 миллион сом орайластырылған мәмлекет қәрежети өзлестирилди.

Бизиң өз алдына ел болған 1924-жылдан баслап 1985-жылға дейинги аралықта мәмлекетимизден алып, халық хожалығына жумсалған барлық қәрежет 9018 миллион сомды қураған болса, соның 8012 миллион сомы соңғы 25 жыл ишинде, бизлер елге басшылық еткен дәўиримизде өзлестирилди. Бул барлық қаржының 88,88 процентин қурайды. 1924 — 85-жыллардағы өзлестирилген барлық қәрежетти жан басына бөлистирғенде Өзбекистанның улыўма көрсеткишинен 1,37 мәртебеге артық болды.

Алтыншы бес жыллықта қурылыс мәкемелериниң күши менен мәмлекетимиздиң берген қәрежетин ҳәр жан басына өзлестириў Өзбекистанның орташа көрсеткишинен еки мәртебе аз болып, ол 238 сомды қурады. Сол гезде Өзбекистан бойынша бул көрсеткиш 515 сом этирапында өзлестирилген еди.

Усы көрсеткишимиздиң муғдары он биринши бес жыллық дәўирине келип (1980-жылларға), сол ўақытлардағы ең жоқары саналатуғын аўқамдағы (бурынғы СССРдағы) көрсеткишке теңлесип, Өзбекистанның көрсеткишинен 1,24 мәртебеге зыят, қоңсы областьлар көрсеткишинен 2 мәртебе дерлик зыят өзлестирилип, кейинги бес жыллық есабында бизиң республикамызда мәмлекет қәрежетин өзлестириў адам басына 2643 сомға жеткизилди. Усы ўақытларда он биринши бес жыллықтағы бул көрсеткиш Өзбекистанда 1955 сом, Бухарада 1890 сом, Хорезмде 1710 сом, Андижанда 1360 сом этирапында өзлестирилген еди. Нәтийжеде, 1965—85-жыллары бизиң республикамыз халық хожалық тараўларының раўажланыўы бойынша алдынғы қатарға шығып, тәўир-ақ алға илгерилеп кетти.

Усы жыллар ишинде халқымыз заман турмысына муўапықластырылған турақ жайлар менен мәдений орайлар, емлеўханалар, өндирис кәрханалары, саўда-сатлық орайлары және де турмыста керек болатуғын барлық үскенелер және буйымлар менен тәмийинленди. Көпшилик қалалар, ҳәтте шеттеги көплеген аўыллар электр қуўаты, ишимлик суў, газ бенен тәмийинленди.

Елимиздиң негизги кәсиби дийқаншылық болып, қолымыздағы жер ҳәм суў байлығымыздан өнимли пайдаланыў ҳәм жаңа жер өзлестириў бойынша үлкен табыслар қолға киргизилди. 1960-жылы сүрим жеримиздиң муғдары 162 мың гектар болса, биз оған 20 жыл ишинде 249 мың га өзлестирилген жаңа жер қосып, оның көлемин 411 мың гектарға жеткердик. Адам басына келетуғын еғислик жер көлемин 20 сотыхтан 40 сотыхқа көтердик. Сол жыллар ишинде улыўма Өзбекистан бойынша бул көрсеткиш 60 сотыхтан 24 сотыхқа түсип кеткен еди. Сондай-ақ, қоңсы областьларымызда да бул көрсеткиш 20—24 сотых этирапында қалды. Бул ислер бизиң республикамызда көплеген таза колхоз, совхозларды шөлкемлестирип, улыўма дийқаншылығымызды кеңейтиў менен бирге, жаңа районлар, ири салыгершилик совхозларын дүзиўге алып келди ҳәм бул жаңа өзлестирилген жер бизиң халқымызға үлкен өмир азығы болып, узағына хызмет етеди.

Барлық хожалықларға кеңейттирилген таза суў жолы апарылды. Изей ҳәм артық суўларды алып кетиўши есапсыз узынлықта изейкешлер, олардың арасында ислеў ушын жоллар, көпирлер, басқа да суўды мөлшерлеп беретуғын қурылмалар менен тәмийинленди. Нәтийжеде, пахташылықта, салыгершиликте ҳәм аўыл хожалығының басқа тараўларында зүрәәтлилик кескин көтерилди.

Мал шаруашылығын раўажландырыў бойынша да жүдә үлкен жумыслар исленди. 1961 — 1985-жыллары 3707 мың гектар жерде шаруалар ушын жайлаў өзлестирилди. Олардың ишинде 796 мың гектар қайта исленип, оларда шаруашылық совхозлар дүзилди, өз ара қатнас жоллары салынды, суўғарыў, малға от-шөп таярлаў илажлары исленди. Шаруалардың сол өзлестирилген кең майданда емин-еркин малын өршитиўи ушын еки мыңнан аслап артезиан қудықлар қазылып берилди.

Қәлеген республикалар менен иркилмей қатнаса беретуғын асфальт, темир жоллар ҳәм ҳаўа жоллары менен тәмийинленди. Анығырақ айтқанда 406 км темир жол, 3029 км асфальтланған жоллар ел арасын байланыстырыўда, 450 темир-бетон көпирлери, ең ири Әмиўдәрья көпири иске түсирилип, Қарақалпақстанда жол қатнас мәселеси биротала шешилди десек қәте болмайды. Республикамызда барлық санаат тараўларын тез раўажландырыў мақсетинде бәринен бурын ири энергетика санаатын көтерип, оның қуўаты 1961 — 1974-жыллары 340 мың киловаттқа жеткизилди. Усы иске түсирилген қуўаттың ярымы ҳәзирги күнлерде де қоңсы Хорезм, Ташаўыз еллерине хызмет етпекте.

Жоқарыда айтылған үлкен ислердиң сағасында қәдирли халқымыздың атадан балаға шекем аянбай табан тиреп ислеген пидәкерлик мийнети, мәмлекетлик тапсырмаларды орынлаў бойынша ислеген уллы хызметлери, ел абыройы ушын ат салысып, ғейде қар астынан пахта жыйнап, ал салы атызларында дәнниң соңғы граммларын да қалдырмай, елдиң телегине тапсырыў ушын ислеген қаҳарманлық мийнетлери турар еди.

Қарақалпақстанның халық хожалығының әҳмийетли тараўы болған қурылысты раўажландырыў бойынша табыслы жумысларымыздың басында шөлкемлестириўши ҳәм руўхландырыўшы күш болған елимиздиң уллы атасы Шараф Рашидов турды ҳәм бизиң елимизге айрықша меҳрибанлық билдирип, қәўендерлик көрсетти, ислеген ислеримизди бақлап, баҳалап отырды. Жасы үлкенниң берген баҳасы бизиң ендиги ислейтуғын ислеримиздиң негизи болып хызмет ететуғын еди. Шараф аға мениң көтерип барған мәселелеримди бирдейине қоллап-қуўатлап, бизиң республикамыздың пайдасына шешилиўине жәрдем етип барды. Қарақалпақстанның атын биринши қатарда атап, абырайын жоқары көтерди. Усындай жәрдемлердиң арқасында Өзбекистандағы ҳәм аўқамдағы ири басшылар ҳәм мәмлекетимиздиң жоқары

лаўазымдағы искерлери менен танысып, досласып, елимиз ушын әҳмийетли мәселелерди тезирек шешетуғын едик. Бул бизиң тез пәтлер менен раўажланыўымызға тиккелей тәсирин тийгизди.

Қарақалпақстанның алға раўажланыўы ушын белгили дәрежеде жәрдемлескен, қалыс хызмет еткен, бизиң ел жағдайларына қанық, барғанда ислеримиздиң шешилиўине себепши болатуғын дос азаматлар Аўқам көлеминде де көп болды.

Мен басшылық еткен 25 жыл бизиң республикамыздың тарийхында оғада әҳмийетли дәўир болыўына қарамастан, гейпара тарийхшылар тәрепинен әдил көрсетилмей, исленген ислер тарийх жүзинде ҳақыйқатлық пенен жазылмай, кимлергедур жараныў, кимлердиңдур кеўлин алыў, болмаса басқа да мақсетлер менен көлеңкеде қалдырылып, оларға толық баҳа берилмей атыр. Сонлықтан, сол дәўирлерде бизиң мийнеткеш халқымыз иске асырған уллы ислерди бәршеге шынтлап, бирме-бир баян етиўге қарар еттим.

Биринши гезекте Тақыятас ГРЭСин, Тақыятас плотинасын, асфальт ҳәм темир жолларды, мектеп, емлеўхана ҳәм т.б. объектлерди курыўды, жер ашыўды, канал қазыўды, коллекторлар тартыўды қолға алдық.

Дәслепки сөзди бизиң халық хожалығымызды жоқары басқышларға көтериўде шешиўши роль ойнаған Тақыятас ГРЭСи ҳаққында, оны курыўшылар, дәслепки қәнигелер ҳәм олардың зор хызметлери ҳаққындағы еске түсириўлер менен басламақшыман.

Бизиң халқымызда «Ырысқыңды сатып раўшан ал, қалғанына сабын ал», — деген нақыл сөз бар. Буннан биз ата-бабамыздың ошақ басының нур жайнап турыўына, үсти-басының азада болыўына итибар бергенин аңлаймыз. «Қәдемиңе нур жаўғай», «Жолың раўшан болғай» деп, тилек ететуғын жақсы қәсийети де бар, ҳақ нийетли халқымыздың. Шынында да, инсанның тиришилигин нурсыз, жақтылықсыз көз алдымызға келтириўимиз қыйын.

Дәўирлердиң өтиўи менен адамзат илим тараўында оғада үлкен жаңалықлар ашты. Солардың бири электр қуўаты болып табылады. Бүгинги күни өмир ушын ҳаўа қандай зәрүр болса, халқымыздың күнделикли хожалық турмысы ушын, барлық өндирис тараўлары ушын электр қуўаты да сондай зәрүр екенлиги даўсыз.

1960-жылларғы аўҳалды нәзерде тутып, терең таллап қарасақ, Қарақалпақстан электр қуўатынан халық хожалығында пайдаланыў жағынан Өзбекистанның областлары арасында ең кейинги орында болып, 20 — 25-жылға артта қалған еди. Бирдей шараятта дерлик

жасап атырған қоңсылас Хорезм областынан да әдеўир артта едик. Электрлестириў жумыслары мандымағанлықтан республикада халық хожалығының гүллән тараўларында өсиўшилик жоқтың қасында еди. Адамлардың күн көриси, хожалықтың жағдайлары төмен болды.

Халқымызды усы аўҳалдан тезирек шығарып алыў мақсетинде елимизди электрлестириўге, сондай-ақ Әмиўдәрьяның суўын көтериў ҳәм керегинше мөлшерлеп пайдаланыў ушын ири суў қурылысын әмелге асырыўға үлкен әҳмийет бердик.

Бас Түркмен каналы қурылысының басланыўына байланыслы Тақыятас қаласында 1952-жылы дүзилген жойбар бойынша Қарақалпақстан, Хорезм ҳәм Ташаўыз областьларын электр қуўаты менен тәмийинлеп, үлкен пайда келтириў мүмкин болған, қуўаты 24 мың киловатт электроэнергия беретуғын жыллылық электр станциясының қурылысы да басланып, ол электростанция Әмиўдәрьяның суўын усы еллерге көтерип беретуғын жерге салынатуғын суў электростанциясы менен бирге ислеўи керек еди. Бул жумыслар иске асқанда усы қатардағы еллердиң суўдан тең пайдаланыўын тәмийинлейтуғын еди. Бирақ, бул жумыслар Бас Түркмен каналы сағасының жоқарыдан алыныўына байланыслы иркилип, 1954-жылы Өзбекистан Республикасы Министрлер Советиниң араласыўы менен СССР Министрлер Совети тек жыллылық электростанциясының қурылысын даўам еттириўге қарар шығарып, руқсат еткен еди. Бул жыллылық электростанциясының қурылысын баслаўды Өзбекистан ССР Министрлер Совети 1956-жылы 9-февральда қайтадан жойбар тайынлаўына байланыслы, оның биринши гезеги үстинде ислеў ҳаққында қарар қабыллады ҳәм қурылысты әмелге асырыўды сол ўақытлары Орта Азиядағы энергетика қурылысы бойынша қәнигелескен, аўқамда үлкен орын тутатуғын «Ўзбекгидроэнергострой» трестине тапсырды.

Бул трест сол жылы март айында Тақыятас қаласынан «Тахиаташгрэсстрой» басқармасын ашты. Солай етип, бизде энергетика жумыслары басланып кетти. Басқармаға басшылық етиў Өзбекистандағы ең ири энергетика қурылысы болған «Чирчикстрой»да мийнети менен танылған, үлкен қәниге Александр Евгеньевич Череминге тапсырылды.

1960—1967-жылларда «Ўзбекгидроэнергострой» трестиниң баслығы болып ислеген Павел Петрович Фалалеев, 1967—1975-жылларда усы трестти басқарған Акрам Қурбанович Иргашев ҳәм

тресттиң бас инженери, сол тресте отыз жыл ислеп мийнети сиңген ойшыл инженер Лев Борисович Брискин, басқа да көплеген қәнигелер ГРЭСтиң қурылысына басшылық етип, үлкен жәрдемлер көрсетти.

Энергетика қурылысына улыўма мәмлекетимиз Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан басшылары тәрепинен үлкен кеўил бөлинип, тийисли жәрдем берилиўиниң арқасында қурылысшылар жумысты үлкен шөлкемлескенлик пенен алып барды, алдына қойылған ўазыйпаларын мүддетинен бурын орынлап, ири табысларды қолға киргизе баслады.

1961-жылы 12 мың киловатт электр қуўатын беретуғын биринши турбогенератор иске түсирилди. 1962-жылы екинши 12 мыңлық турбогенератор иске түсирилди ҳәм жойбарға муўапық биринши гезектеги жобаластырылған секундына 24 мың киловатт электр қуўаты өндирис орынларына бериле баслады.

Елде электрлестириў жумысларының тез пәт пенен жүргизилиўи ушын ҳәм электр қуўатынан үзликсиз ҳәм үнемли пайдаланыўды шөлкемлестириў мақсетинде 1962-жылы барлық майда электр кәрханаларын бириктирип, «Қарақалпақ электр тармақлары» мәкемесин дүзди. Бул мәкемеге уқыплы қәнигелер Карвасарный Владимир Иосифович және Тәжибаев Жуманияз жақсы басшылық етти. Шынында да, бул тараўға бир жерден басшылықтың болыўы жумыслардың әдеўир сапалы ҳәм жеделли жүргизилиўин тәмийинледи. 1962—65-жыллары және номери үш ҳәм номери төрт 12 мыңлық еки турбогенератор иске қосылды ҳәм 1963-жылы ГРЭС тәбийий газге өткерилип, электростанция жүдә исенимли ислей баслады. Қосымша жойбар бойынша қурылыслар иске түсирилип, екинши гезекте жобаластырылған, секундына 48 мың киловаттлық электростанция барлық арқа районларға ҳәм Түркменстанның талап етиўши өндирис орайларына ток бере баслады.

1965 ҳәм 1969-жыллары үшинши гезектеги жобаластырылған еки 100 мың киловаттлық агрегатлар иске түсирилди. 1974-жылы төртинши гезектеги 110 мың киловаттлық агрегат иске түсирилип, мәмлекетлик электростанцияның қуўаты 358 мың киловаттқа жеткерилди.

Айырым өндирис орайларындағы ҳәм Тақыятас қаласындағы 4 мың киловаттлық энергопоездың қуўатын қосып есаплағанда 1960-жылы жан басына 12—13 ваттан келетуғын болса, 1974-жылы Тақыятас электростанциясының бир өзиниң қуўаты бурынғы

станциялардың тоқтап қалыўына қарамастан жан басына 437 ваттан келди ҳәм электр қуўатын ислеп шығарыў 1975-жылы 1910,7 млн киловатт-саатқа жеткерилди. Сол жылы Андижанда 115 миллион, Хорезмде 19 миллион, Самарқандта 204 миллион киловатт-саат гана, басқа көпшилик областьларда да сол муғдарда электр қуўаты ислеп шығарылатуғын еди.

Солай етип, Қарақалпақстанның аймағын электрлестириў жумыслары ҳәўиж алды. Бизиң нийетимиз — электр линиясын елимиздиң ең алыстағы түпкирлерине шекем жеткерип, электр қуўатынан пайдаланбаған бир де кәрхана, колхоз, совхоз, бөлим, бригада, ҳәтте бир де үй қалмаўы керек еди. Әлбетте, бул әдиўли, соның менен бир ўақытта әмелге асырылыўы оғада қыйын ўазыйпа еди. Нешше мыңлаған километр аралықларға электр линиясын тартыў, ЛЭПлер қурыў ҳәм соған байланыслы толып атырған шөлкемлестириўшилик жумысларын алып барыў ушын көп муғдарда қәрежетлер ҳәм материаллық ресурслар талап етилер еди. Ең үлкен ўазыйпалардың бири — бурынлары ГРЭС болмаған, электрлестириў жумыслары исленбеген елде энергетиклерди, электромонтерларды, басқа да көплеген кадрларды таярлаўдан ибарат болды. Қулласы, халық ийгилиги ушын хызмет ислеген адамның алдында биринен соң бири үлкен-үлкен ўазыйпалар пайда бола береди екен. Оларды сабырлылық пенен, мәсләҳәтлесип, үлкенге аға, кишиге ини деп, керек жеринде жоқарыдағыларға өтиниш етип жалынып, керек жеринде орны менен талап етип, шешип бара бересең. Айтыўымыз керек, ўақтында Москвадан да, Ташкенттен де үлкен-үлкен жәрдемлер алдық.

Ол жыллары Аўқамда энергетика ҳәм электрлестириў министрлигине Петр Степанович Непорожный басшылық ететуғын еди. Бул лаўазымда ол көп жыллар даўамында иследи. Петр Степановичтиң қабыллаўында мениң өзим де, Ережеп Айтмуратович пенен де бирге барып, талай мәртебе сөйлескенбиз, оған Қарақалпақстанның жайжағдайларын айтып, түсиндирип, жәрдемлер сораған биз. Ол зор адам еди. Арамыздағы хызмет бабындағы қатнасықлар соң шын дослыққа айланды. Бизлер барсақ өзиниң аўылласлары келгендей қуўанып, күтип алар еди. Ережеп Айтмуратович екеўимиз оның дачасында да мийман болғанбыз. Шынында, оны жерлесимиз деп айтыўға да болады, себеби П. С. Непорожный ертеде Өзбекистанда жумыс ислеген, Шыршықтағы қурылыслар гезинде оның жойбар дүзиў бирлеспесине басшылық еткен. П. С. Непорожный Тақыятас

электростанңиясының қуўатын көбейтиў ҳәм Қарақалпақстанды толық электрлестириў бойынша барлық тилеклеримизди толығы менен қанаатландырды.

Сондай-ақ, Өзбекистан Энергетика ҳәм электрлестириў министри Азиз Ҳәкимович Ҳәмидов та бизиң елимизди электрлестириўдиң раўажланыўының жанкүйери болып, тынымсыз жәрдем етип турды.

Нәтийжеде, 1970-жылға келип, бизде электр қуўатынан пайдаланбаған бир де кәрхана, бир де колхоз-совхоз, бир де үй қалмады ҳәм Қарақалпақстанның аймағы толық электрлести деп айтсақ қәтелеспеймиз.

Улыўма алғанда, 1960—1985-жылларда елди электрлестириў тараўында бизде көп жумыслар исленди. Егер сол жыллар ишинде исленген жумысларды еслер болсақ, Тақыятастағы энергопоезд ҳәм бир қанша майда станциялардың қуўаты менен тек ғана 19,8 шақырым узынлықтағы электр линиясы, Нөкистеги жалғыз подстанция көз алдымызға келеди. Ал, 1985-жылға келип 16186 шақырым узынлықта электр линиялары өткерилди. 65 подстанция иске түсти. 1970-жылы Хорезмге дейин кернеўи 220 киловольт болған ток өткизгиш иске қосылыўы менен бизиң электростанциямыз Ўзбекэнергосистемасына ҳәм бирлескен Орта Азия ҳәм Қазақстан энергосистемасына қосылды. Соның нәтийжесинде бизиң электростанциямыз бурынғыдан да бетер исенимли ислей баслады.

* * *

Алпысыншы жыллардың басында Әмиўдәрьяның суўы тартыла баслады, сонлықтан республикамыздың арқа районларына суў жеткерип бериў қыйынласты. Жоқарыда сөз еткенимиздей, ҳәр жылы бәҳәрде дәрьяға бөгет басыўымызға туўра келген еди. Бул барысында бара берсе Қарақалпақстанның көп мың гектарлық ҳәр қыйлы аўыл хожалық егинлерин ўақтында егип, дақылларға өз ўақтында суў берип, тәрбиялап, кеўилдегидей зүрәәт алыў мүмкин болмай, елимиздиң басына үлкен қыйыншылықлар түскен болар еди, ел посыў дәрежесине шекем барар еди.

Биз сол жыллары-ақ жоқары ҳүкимет органларына Әмиўдәрьяның суўын белгили дәрежеде жоқары көтерип, ретлестирип пайдаланыў мүмкиншилигин беретуғын плотина қурыў зәрүрлиги ҳаққында мәселе қойған едик. Бизиң бул өтинишимиз олардың дыққатынан шетте қалмады. Әлбетте, көп қыйыншылықлар менен аўқамның

келисими алынды. Соннан кейин ӨзКП Орайлық Комитети менен Министрлер Совети бизиң қыйын жағдайларымызды еске алып, туўысқан қарақалпақ халқына қәўендерлик сыпатында бизиң өтинишимизди орынлап, 1964-жылы 24-март күни Тақыятас плотинасын қурыў ҳаққында қарар қабыл етти. Қарарда бул үлкен қурылысты Өзбекистан Суў хожалығы министрлигиниң есабынан «Узбекгидроэнергострой» трестиниң басшылығында аўқам көлеминдеги ири трестлердиң көмеги менен иске асырыўға уйғарылды.

Узынлығы 487 метр болған бул плотина дәрья пароходлары өте алатуғын ҳәм өрлеп барып өнип-өсетуғын балықларды, суў асты жәнликлерин өткизетуғын бөлек-бөлек темир-бетон бөлимшелери менен тәмийинленген, секундына 11 мың кубометр суўды өткере алатуғын, механизацияласқан, электр қуўаты менен ашылып-жабылатуғын темир қалқан қақпақларға ийе Орта Азиядағы ең ири қурылыс еди. Оның қурамында жүдә үлкен көлемдеги суўды ретлестирип, егислик майданларына бере алатуғын сағалар, суў ағысын қәўипсиз дәрежеде бағдарлап жибериўши темир-бетон жақлаўлар, ҳәр жағында кеңлиги 500 метрден ибарат суў сақлағышлар, темир-бетон араласпасынан соғылған көпир, жүкти дәрья үстинен қәўипсиз өткизетуғын автомобиль жолы, тағы басқа өзине тән инженерлик үскенелер болып, бул қурылыстың қаншелли зәрүр екенин көрсетип туратуғын дәрежеде жойбарластырылған еди.

Аңғардың суў өткизиў мүмкиншилиги ҳәр қандай тәбийий жағдайларға ҳәм сырттан қанша болса да суў алып келинсе оны да қабыллаўға есапланған. Қурылыстың баҳасы сол заман пулы менен 110 — 130 миллион сом әтирапында жобаластырылған еди.

1964-жылы бул қурылыстың таярлық жумысларын тез баслап жибердик. Жумыстың түриниң өзгериўине ҳәм көлеминиң көбейиўине байланыслы Тақыятас грэсстрой, енди Тақыятасгидроэнергострой қурылыс басқармасы болып шөлкемлестирилди ҳәм басқа қәнигелестирилген суў қурылыс бөлимлери қосылды.

Қурылысқа аўқамның ири қәнигелескен трестлери, энергетик ҳәм электрлестириў министрлигиниң, сондай-ақ Минтранстройдың трестлери жәрдемге шақырылды.

1965-жылы 17-августта ӨзКП Орайлық Комитети ҳәм Министрлер Советиниң «Өмиўдәрьядағы плотинаның қурылысын тезлестириў ҳаққындағы» бирликтеги қарары шықты. Солай етип, қурылыс үлкен тезлик пенен жүргизилип, 1968-жылы 7-июль күни аўыл-елимиз

бенен сол жерге жыйналысып, дәрьяның ултанына салынатуғын ең дәслепки кубометр бетонға «Өзбекистанда ҳәм Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди буннан былай да раўажландырыў ушын бетон саламыз», деп ойып жазылды. Сол биринши бетонды қуйыў маған несип етти, ал оны қабыллаўда қурылысшылардың ишиндеги үлгили мийнети менен көзге түсип жүрген қәнигелерге ҳүрмет белгиси ретинде жыйналған халқымыз атынан исеним билдирилди. Олар шоферлар Ҳайтбай Султанов, Александр Кирюхин, опалубщиклер бригадасының баслығы Александр Серпухов, крановщик Петр Спивак, бетон жайғастырыўшы Генжебай Елмуратовлар еди.

Биринши кубометр бетон салыў мүнәсибети менен жыйналыс өткердик. Халық хожалығын раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе бул ири қурылысты тезлетиў бойынша берип атырған жәрдеми ушын елимиз атынан ҳүкимет басшыларына көп рахметлер айтылды. Жыйналысқа Өзбекистан Республикасы Министрлер Совети Баслығының биринши орынбасары Мырза Махмудович Муўсаханов қатнасып, мийнеткеш халқымызға көп жыллы сөзлер айтты, елди гүллентиўде табыслар тиледи. Жыйналыс қатнасыўшылары ҳәм пүткил Қарақалпақстан халқы атынан Тақыятас плотинасының қурылысын республикамыздың 50 жыллық мерекесине шекем питкериўди ҳүкимет басшыларынан өтиниш еттик.

Қурылыс қызғын пәт алды. Оны республикамыздағы ылғаллы қурылыс деп жәрияладық. Плотинаның қурылысына Қарақалпақстанның барлық районлары белсенди қатнасты. Қурылысшыларымыз өз ара жарысқа түсип, ҳәпте санап, күн санап, ең кейнинде саат санап, қызғын жумыс иследи. ӨзКП Орайлық Комитетиниң, Министрлер Советиниң басшылары, қурылысқа жуўапкерли министрликлерден Өзбекистанның Суў хожалығы министрлиги, «Узбекэнергострой» ҳәм аўқамлық жәрдемши трестлердиң басшылары қурылыстың барысын қатты қадағалап, үлкен жәрдемлерин көрсетип турды. Қурылысқа керекли буйымлар, жасалма үскенелер, керекли технология машиналары, басқа да жетпесин затлар, маман қәнигелер Аўқамда бар жеринен алдырылып турылды. Қарақалпақстанның басшылары, район басшылары бул жумыстың барысына шыдамсызлық пенен араласып, қадағалап ҳәм бирге ислесип туратуғын еди. Усындай тығыз байланыста, өз ара жуўапкерли интизам менен ислесиў нәтийжесинде, Аўқам ҳәм Өзбекистан тәрепинен жәрдем көрсетилиўи арқасында бизиң өтинишимизде көрсетилген ўақыттан көп бурын 1973-жылы

29-апрель күни қурылыста белгиленген ең кейинги жумыслар исленип, Тақыятас плотинасы қурылысының биринши гезеги иске қосылыўға таяр болды. Бул бизиң елимиз ушын үлкен бахыт, үлкен қуўаныш еди.

Адамзатқа қуяш нуры ҳәм ҳаўа қандай керек болса, Тақыятас плотинасы бизиң республикамыз ушын сондай оғада зәрүр объект еди. Буның әҳмийетин сөз бенен дәлиллеў қыйын, оның қәдирин бизиң халқымыздың өзи биледи. Сонлықтан, оның қурылысы обкомның ҳәм Министлер Советиниң дыққат орайында болды.

Мен, Е. Айтмуратов, әсиресе А. А. Юриц ҳәмме ўақыт қурылыстың басында болып, оны тезлетиў ушын барлық илажларды әмелге асырып бардық. Мен өзим ҳәр 10—15 күнде ол жерге барып турдым, қурылысшылар менен таллаў өткерип, керек деген ҳәмме мүтәж материалларды алдырып бердим, Ташкент, Москва арқалы барлық тәмийнат мәселелерин шешип берип, республикада бар ресурсларды да аямай жумсап, бул объектти тийкарынан 5 жылда питкериўге еристик. Директивалық мүддети бойынша бундай гидиман қурылысты 10—12 жылда қурып питкериў белгиленген. Плотинаның зәрүрлиги ҳәммемизди қыстап, қурылысты тез пәтлер менен апардық. Оның қурыў мүддети 2 мәртебе кемейтилди. Бул қурылысты мүддетинен бурын сапалы етип питкергенимиз ушын 14 адам СССР Министрлер Советиниң сыйлығын ҳәм алтын медалын алыўға миясар болды. Олардан бизиң республикамыздан А.А.Юриц, А. Х. Асанов, С. Жаманқараев, Б. С. Лычагин, У. Кенебаев ҳәм т.б. атап өтсе болады. Булардан басқаралары жойбарластырыў институтының басшылары еди.

Бизиң халқымыздың тарийхында биринши мәртебе Әмиўдәрьяға плотина қурылып, дийқаншылық ушын дәрьяның суўынан өзимиздиң қәлеўимизше пайдаланыў имканияты дөрегени былай турсын, нешше әсирлерден берли аржақ-бержақ болып, тек жазда қайық, ал қыста муз үстинен қатнас жасап турған еки жағадағы елимиз плотинаның үстине салынған асфальт жол менен мәңгиге тутасты. Сол себепли Тақыятас плотинасы иске түсирилетугын күн үлкен қуўанышлы мерекеге айланды. Қарақалпақстанның пүткил районларынан жыйналған аламан сол күни Әмиўдәрьяның еки жағасына сыймай кетти. Барлығының кеўиллери көтериңки, жүзлеринде күлки көринер еди. Ҳәмме бирин-бири плотинаның қурылысының питиўи менен қутлықлап, демниң арасында таң қаларлық өзгерислер жүз берген дәрьяның алабына көз жиберип

қарайды. Өмиринде бундай гидиман қурылысты биринши мәртебе көрген мийнеткеш адамлар плотинаға ҳәм сүйсинип, ҳәм таңланып қарап, мийри қанар емес.

Тақыятас плотинасының иске түсирилиўине арналған салтанатлы митинг өткердик. Митингте Өзбекистан ССР Суў хожалығы министриниң орынбасары Исмайыл Ҳәкимович Жорабеков қыйын ҳәм машақатлы жумысларды азаматларша атқарып, плотинаның қурылысын мүддетинен бурын питкерген қурылысшыларға рахмет айтты, Қарақалпақстанның халқын үлкен тарийхый ўақыя менен қызғын қутлықлады ҳәм елдиң абаданлығын арттырыўда тасқын табыслар тиледи. Сол митингте қурылысқа белсенди қатнасқан номери 7-Мосстрой трестиниң басқарыўшысы П. В. Семенов, Гидромонтаж трестинен Л. С. Гаркуша, Тақыятас суў қурылысы басқармасының баслығы Борис Серафимович Лычағин қуўанышлы сөзлерин айтып, халқымызды қутлықлады, қурылысшылардың мийнетлерин жоқары баҳалады. Солай етип, сол күннен баслап Әмиўдәрьяның суўы бизиң силтеген жағымызға қарай ҳәм қәлеген мөлшеримизде ағатуғын болды. Дәрьяның суўы өзиниң ағып турған қәддинен 3 метр бийикке көтерилип, «Қызкеткен», Ленин атындағы ҳәм басқа да арналарға жеткиликли дәрежеде суў бере баслады.

Усының нәтийжесинде қаншадан-қанша жаңадан ашылған жерлеримизге, сол жыллары күшли пәт пенен раўажланып атырған салыгершилик хожалықларына суў ғарқаллазий барып, дийқанлардың төбеси көкке жетип қалды.

Қарақалпақстанның 50 жыллық мерекесине (1974) келген мийманлар ең дәслеп усы Тақыятас плотинасын барып көрди. Олар Әмиўдәрьяның еки жағасын тутастырып, елге саўлат бағышлап турған ғидиман плотинаға ҳәўес пенен көз таслап турғанлары еле есимде. Олар тазадан қазылып бетонланған аңғарларды, қарасаң көз қамастыратуғын, күн сәўлеси менен шағылысып жылтыраған суў бетиниң айнасын, күшли темир-бетон бағаналары арасында ашылып-жабылып турған темир қақпақларды, оларды бир кнопка арқалы электр күши менен ҳәрекетке келтирип турған қуўатлы машиналарды, қақпақлар астынан тасланып ағып турған суўлардың теңиз толқынындай бетонға урылып, соң таза аңғар менен раўана болыўын, көпирдиң үстинде изли-изинен шубырып, тезлик пенен жумаланып баратырған ҳәр қыйлы автомашиналарды, басқа да қызық-қызық көринислерди өз көзлери менен көрип, мийманларымыз бизиң қуўанышымызды бирге бөлискен болды.

Елиў жыллық мерекеге бизиң уллы жолбасшымыз, хүрметли Шараф Рашидов та келген еди.

Ш. Рашидов белгиленген ўақыт аралығында плотинаның алдына келип машинадан түсип, күтип турған ҳәмме адамлар менен қол алысты. «Уллы плотинаңыз қутлы болсын, елимиздиң экономикасын раўажландырыўда мәңгиликке көп-көп хызметлер ислесин», деп қутлықлады. Соң мыңлаған қурылысшылардың неше жыллап күни-түни ислеген ҳадал мийнетиниң нәтийжеси болған плотинаның қаптал арқалығына жақынлап, мусылман халқының нанды қәстерлеп хүрметлегениндей етип төмен ийилип, қолы менен оны маңла-йына тийгизди ҳәм көпшилик халықтың алдында қурылысшыларға алғыслар айтты. Шараф Рашидовтың қолы гүл қурылысшылардың қаҳарманлық мийнетине жүреги елжиреп, қатты қуўанып турғанын ҳәммемиз сезер едик. Оның кең көкиреклигин, асқан адамгершилигин көрип, жүрек толғанысларымызды зорға басып турдық.

Ш. Рашидов көпирдиң басынан ақырына дейин бир шақырымнан артығырақ жолды пияда жүрип, бизлердиң бәримизге көп тәсирли нәсият сөзлер айтты, кеўлимизди көтерип, улыўма Қарақалпақстан халқына абаданшылық, бахытлы келешек тиледи. «Көп жыллар әрман еткен қурылысыңыз питипти, муқият плотина салынып, оның үстинен асфальт жол өткизилипти. Ендиги гезекти темир жолға берип, оны Нөкиске әкелип алыңлар, мынадай үлкен исти питкердиңлер, ол да қолыңыздан келеди ғой», деп ҳәммемизди қуўандырды, жүреклерде үмит ушқынларын, бойымызда күш-қуўат пайда етти.

Ш. Рашидов сол қуўанышлы толып-тасыўы менен бизиң кабинетке келип, КПСС Орайлық Комитетиниң секретарьлары М. А. Сусловқа, А. П. Кириленкоға телефоннан қоңыраў етти, Тақыятас плотинасының қурылысы питкерилгенлигин ҳәм темир-бетон көпириниң салынғанын толып-тасып айтты. Соң Госпланның баслығы Н. К. Байбаков пенен сөйлесип, питкерилген жумысларды оған да айтты. Тақыятас плотинасының питкерилиўине байланыслы усы плотина арқалы темир жолды да өткерип, поездды Нөкиске әкелиўге жәрдемлесиўин өтиниш етти. Оған сөзин мақуллатып болған соң: «Усы жумысларды шешиў мақсетинде сизиң атыңызға хат жазып, Қарақалпақстан обкомының биринши секретары Қ. К. Камаловты жиберемен, оны қабыллап, сол жумысты мәмлекетлик жобаға киргизип, шешип бериң, ол Қарақалпақстан Автономиялы Респуб-

ликасының ертеңги 50 жыллық мерекесине сизлерден саўға болады», деп және бир мәрте өтиниш етти. Н. К. Байбаков толық мақуллаған екен. Оннан кейин Рашидов ӨзКП Өрайлық Комитетиниң секретары Анисимкин менен телефон арқалы байланысып, еки-үш айдың ишинде Тақыятас — Нөкис темир жолының жойбарын таярлаўды «Ташгипротранс» институтының директоры В. Р. Рузиев пенен сөйлесип, питкерип бериўди тапсырды.

Не деген қуўаныш! Бизиң ҳәр көрискен сайын жәрдем сорап, қалайынша, кимлер менен сөйлесип шешемиз, деп жүрген аўыр мәселемизди бир-еки сааттың ишинде Ш. Рашидов өзине тән искерлик пенен шешти де таслады. «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» дегендей, утырын таўып сөйлеп, мәмлекет басында отырған басшылардың кеўлин алып, мақуллатып, бизиң ушын үлкен исти өзи баслап, бизге аталарша жоллама берди. Шынын айтқанда, бизиң ушын қыйын болып турған үлкен мәселе Өзбекистанның өзиниң руқсаты еди. Бул мәселе ҳүрметли Ш. Рашидовтың бир силтеўи менен шешилди де қалды.

* * *

Солай етип, ҳүрметли Шараф Рашидовтың қоллап-қуўатлаўының арқасында биз елимизде темир жол қурылысын қызғын даўам етиў имканиятына ийе болдық. Бул ҳаққындағы ғурриңимизди соңынан даўам етермиз. Ал, ҳәзир халық хожалығының экономикасын көтериўде үлкен әҳмийетке ийе автомобиль жолларының қурылысы ҳаққында сөз етпекшимен.

Жол ҳаққында сөз қозғар болсақ, бизиң дана халқымыздың:

«Жолсыз жүрип зорықсаң»,
Жол қәдирин билерсең»,

— деген нақылы ерксиз еске түседи. Усы нақылдың өзи-ақ ата-бабамыздың турмысында жолдың тутқан орнының қаншелли үлкен болғанын аңлатып турыпты. Халқымыз жол ҳәм көпир қурыўды саўап ис деп жоқары баҳалаған.

Елди әдил, ақыллы инсанлар басқарған жыллары бир ел менен екинши елдиң, қала менен қаланың, аўыл менен аўылдың арасындағы жоллардың саррас ҳәм бийқәтер болыўына, узақ мәнзиллерге апаратуғын жоллардың бойларына жолаўшылардың дем алыўына қолайлы бөлмелери, шайханасы, ат қоралары бар

бәндиргилер салдырыўға үлкен итибар берген. Бундай әдиўли ислер әсиресе уллы Әмир Темур заманында жақсы жолға қойылған екен.

Бүгинги күни Өзбекистанның, соның ишинде Қарақалпақстанның картасына нәзер салсақ, бизиң көз алдымызда ушы-қыйыры жоқ айқуш-уйқыш жоллар пайда болады. Ал, егер де картаңызды былай қойып, автомашинаға минип, Қарақалпақстан бойлап, сапар шегер болсаңыз, асфальтланған гүзар жоллар сизди ең узақ түпкирдеги аўылларға шекем апарады. Ал гейпара аўылларға барып тирелген бул асфальт жоллар сизди бригадаларға, ҳәтте пахта, салы атызларының арасына алып шығады.

Бул — бизиң үлкемиздеги гүзар жоллардың бүгинги көриниси. Ал, ертеректе аўҳал қандай еди?

Биз қатарлы азаматлар алпысыншы жылларға шекем Қарақалпақстанның жол жағдайлары қандай болғанын жақсы биледи. Алпысыншы жылға шекем республикамызда тек 164 километр асфальт жол бар еди. Олар пайтахтқа жақын жайласқан районлар менен байланыстыратуғын жоллар еди. Ал, республикамыздың басқа жерлериндеги жоллардың бәрине де асфальт түўе тас та төселмеген еди. Жоллардың жағдайы усындай болса, ал усы жоллар кесип өтетуғын көп сандағы суў тармақларының, каналлар менен жаплардың көпирлери де қарық емес еди. Ҳәзиргидей инженерлик ақыл-ой менен муқыятлап темир-бетоннан салыў ол дәўирде бизиң жағдайымызда мүмкин емес еди. Көпирлердиң көпшилиги бөрене ағашлар тасланып, үстине шат-шеңгеллер басып, ылай, топырақ шашып, әпиўайы усыл менен соғылатуғын еди. Арадан бир ай өтер-өтпестен бул көпирлердиң ана жери ойылып, мына жериниң ағашы сынып, баяғы көпир соғыўшылар тағы балта-шоты менен келип оңлап, бүлинип ататуғын еди.

Автомобиль жолларының насазлығы халық хожалығының басқа да тараўларының раўажланыўына бираз кедерги беретуғын еди. Мәселен, қурылыс тараўын алайық. Имараттың тырнағын қалаў ушын тасларды, цементлерди, басқа да темир-терсеклерди, дийўалларын өриў ушын гербишлерди, топырақ, ҳәк сыяқлы материалларды жән-жақтан машиналар менен тез тасып жеткерип турыў керек. Бул қурылыс буйымлары өз ўақтында тасып әкелинбесе қурылыс көп созылып кетеди, жумыс оңлы жүрмейди, сол себепли турақ жайларда, завод ҳәм фабрикалар да тез қурылып питпейди, ал қурылыс мандымаған соң улыўма исимиз алға баспайды. Буның аўыл хожалығына да тәсири күшли еди. Ақыры, дийқаншылық

ушын керекли техникалар, минерал төгинлер, басқа да зәрүрли қурал-сайманлар өз ўақтында келип жетпесе, шигит егиси де кешигеди, ғаўаша тәрбиясы да кеўилдегидей алып барылмайды, нәтийжеде дийдилегенимизше зүрәәт топланбайды.

Усы жерде, мен ертедеги бизиң жол қатнасларымыздың көринислерин китап оқыўшылардың көз алдына келтирип өтким келеди. Тақыятас плотинасы қурылғанға шекем Әмиўдәрьядан жолаўшылар да, машиналар да, басқа күш-көликлер де дарғалар арқалы паромлардың, баржалардың жәрдеми менен өтетуғын еди. Ҳәзирги еки-үш саатлық жоллар ол ўақытлары еки-үш күнлеп жүрилетуғын еди. Тахтакөпир, Қараөзек, Шымбай, Төрткүл тәреплердеги мәкемелер, колхозлар Хожелиден жүк алып қайтыў ушын бир-еки күн бурын келип жатып, жүкти бир неше күнлеп жол жүрип елине жеткеретуғын еди. Әмиўдәрьядан өткеннен кейин де жүк тасыўшылардың машақаты әнейи болмайтуғын еди. Жоллардың гейпара жерлери қазғанақ болса, ал гейпара жерлериниң орпаң топырағына машинаның дигиршиги ярым белине шекем көмилип, ыңыранып зорға жүретуғын еди. Буның үстине жолда мың сан еки көпир бар. Жаңа жоқарыда айтқанымыздай олар да оңып турған жоқ. Бир-еки бузық көпир жолықса, машиналар, трактолар, арбалар, басқа да көликлер дизилисип, күн бойы нәўбет күтип жатады...

Мине, усындай қыйыншылықларды басынан көп өткерген ата-бабаларымыз «Жол азабы — гөр азабы» деп, жолдың машақатлары өз алдына екенин айтып кеткен. Бул шынында да дәл айтылған сөз.

Усындай себеплерге байланыслы Қарақалпақстанда халық хожалығының жүклерин тасыў жобасы үлкен қыйыншылықлар менен орынланар еди. Ол жылларда тасылатуғын жүктиң муғдарын ҳәзирги ўақыттағы көлемлер менен салыстырыў мүмкин емес. Мәселен, 1940-жылы барлығы болып 300 мың тонна ғана жүк тасылған екен. Бул 1985-жылы автомобиль менен тасылған жүгимиздиң ярым процентин ғана қурайды. Сол себепли, жоқарыда айтқанымыздай, қурылыста да, басқа өндирис кәрханаларында да, аўыл хожалығында да мәмлекетлик жобалардың орынланыўы оғада қыйын болған. 1950 — 1963-жылларда мәмлекетке пахта тапсырыў жобасы тек еки мәртебе ғана орынланғанлығы бул сөзимизге дәлил бола алады.

Чаржаў — Қоңырат темир жолының 1951-жылы Тақыятасқа келиўине байланыслы автомобиль жолларының сапасын жақсылаў имканияты пайда болды. Өзбекистандағы Жарқорған деген жерде жердиң астынан шығып атырған жоқарғы сападағы смола

қосымтасы бар қара май темир жол арқалы Әмиўдәрьяның бойындағы Шарлаўыққа алып келине баслады. Шарлаўық жағысына келген бул қара майды қайықтың ишине қуйып, керек деген жерге суў жолы менен жеткерип, оннан машиналарға салып, жол қурылысы жумыслары исленип атырған жерге апарып төгетуғын, майда қыйыршық таслар топыраққа араластырылып, грейдерленип, асфальт жол таярланатуғын еди. Қара май болмаса асфальт жол болмайды. 1953—1960-жылларда усындай машқалалар менен 164 километр узынлықта асфальт жол салдық. Ең дәслеп Нөкис—Пристань жолы салынды. Соң ол жол Хожелиге, кейнинен Халқабадқа ҳәм Шымбайға апарылды. Солай етип, Хожели—Пристань—Нөкис—Халқабад—Шымбай бағдарында автомашиналар жоқары технологиялық тезликте жүре баслады. Усы жыллар ишинде Шоманай, Кегейли, Төрткүл, Беруний районларында, Тахтакөпир ҳәм Ленин атындағы совхоз арасы, сондай-ақ Нөкис ҳәм Жданов атындағы совхозға шекемги аралық усындай жоллар менен тәмийинленди. Олар жол нормасы бойынша төртинши категориялы жоллар еди. Усы жолларды салыўда Нөкистеги, Хожелидеги, Шымбайдағы ҳәм Берунийдеги жол қурылысы мәкемелери жақсы жумыс иследи.

Мен 1957—1958-жылларда Қарақалпақстан Республикасының Автомобиль ҳәм тас жоллар министрлигине басшылық еттим. Жоқарыда айтылып өткен қыйыншылықлар менен бетпе-бет гезлесип, республикада жол қатнасын жақсы жолға қойыў бойынша қолымнан келгенше жаслық жигер менен аянбай хызмет иследим. Жоқарыда айтып өтилген жоллардың қурылысының әдеўир бөлеги мениң усы министрликте ислеген дәўиримде туўра келди. Ал, 1960-жылларға келип, Қарақалпақстанда жаңа тараў—салыгершиликтиң раўажландырыла баслаўына байланыслы бурыннан киятырған жолларды асфальтлаў менен бир қатарда жаңа жоллар салыў да қызғын қолға алына баслады. 1965-жылға келип, асфальт жолдың узынлығы 665 километрге жетти. 1964-жылы номери 27-көпир қурыўшы мәкеме дүзилип, оның күши менен сол бир жылдың өзинде 168 метр темир-бетон көпири салынды. Бул 20 дан асламырақ көпир деген сөз.

Сол жылларда қысқа мүддетлер ишинде салыгершилик совхозларымыз «Майжап», «XXII Партсъезд», «Қараөзек», Чапаев атындағы, «ВЛКСМның 45 жыллығы», Свердлов атындағы,

«Шоманай» ҳәм басқа да көп совхозлар, колхозлар жол менен тәмийинленди.

Жол қурылысы мәкемелеримиз және де толығырақ қәнигелесип, қурылыс техникалары менен тәмийинленди, жумыс ислеў қуўаты әдеўир раўажланды.

Районларымыздың санаат орайларын тез саррас жоллар менен тәмийин етпесек бес жыллықтың мәмлекетлик тапсырмасын орынлаў қәўип астында қалатуғын болды. Ири жол қурылысларын пүткил халық қурылысы деп жәриялап, тезлетип питкериўге киристик. Солай етип, пүткил халықлық қурылыс усылы менен Нөкис — Беруний — Төрткүл жолының дәслепки «Нөкис — 81» деген бөлегинде жумысты баслап жибердик. Қурылысы қолга алынған бул жолдың узынлығы 110 шақырым болып, оның 55 шақырымы Қызылқумлар арасынан өтип, ал 46 шақырымы Султан Ўәйис таўы таслағында салыныўы керек болды. Ол жерлерде жолды нормаға келтириў партлаў жолы менен апарылса, ал ой жерлерде жолды таўдың жарылған қатты тасларынан өрип салыў керек болды. Топырақ, қыйыршық тас араласпаларын жеткерип турыў ушын көп жүк тасыйтуғын машиналар, жол техникалары керек еди.

1965-жылы егин-тегинди жыйнап бола келген ўақытлары республикамыздағы колхоз, совхоз атызларынан босаған ҳәм техникасы бар мәкемелерден бес-алты күн ишинде 125 бульдозер, 56 скрепер, 31 экскаватор ҳәм 240 автомашина жол қурылысына жыйнап әкелинди. Жумыс ислеўши адамларға қыстың сол қыйын күнлеринде үш мезгил аўқат, дем алыў үйлери, медицина жәрдеми, кешки жаслар саз-сәўбетлер менен тәмийинленди. Ҳәр күни жумыс жуўмағы жәрияланып, ол эфирде халыққа жеткерилип, радио, телевидение ҳәм газеталар арқалы жәрияланып турылды.

1966-жылы март айына келип, жолдың топырақ үйилген сүлдери толығы менен питкерилип, имлага келтирилди. Апрель айында жолдың басқа да ең аўыр жумыслары питкерилди ҳәм тас төселип нықланған жолдың үстине бирли-ярым автомашиналар Нөкис — Беруний аралығында жүре баслады.

Қыстың қақаман суўық күнлеринде бундай тезлик пенен үлкен көлемдеги жол қурылысын питкериў үлкен шөлкемлестириўшиликтиң нәтийжесинде, жумысқа истиң көзин билип басшылық етиўдиң арқасында мүмкин болды. Жол қурылысына басшылық еткен қәнигелер, механизаторлар, жол хызметкерлери, район, колхоз, совхоз басшылары бирге араласып, уллы пидәкерлик мийнет

ислеп, берилген исти мүддетинде питкерип, ел арасына қатнасын беккемлеўде үлкен хызмет иследи. Нөкис — Беруний — Төрткүл жолы салынып атырған ўақытта Бердақ атындағы совхозға, Қыпшақ жағысына дейин асфальт жол апарылды. Нөкис-81 км — Беруний жолы көмек усылында қурылып, оған обкомның бюро ағзаларының ҳәммеси қатнасты, участкаларды бөлип алып, басшылық етти. Трассаның начальниги етип Марат Көптилеўович Нурмухамедов тайынланды. Ол үлкен хызмет атқарды. Булай етпегенде қысқа ўақыт ишинде 110 км узынлықтағы жолдың топырағын үйип болыў қыйын болар еди.

Нөкис ДСУ-15, Беруний ДСУ-18 жәмәәтлери жол қурылысы жумысларын үлкен пәт пенен алып барып, 1967-жылдың ортасында питкерди. Солай етип, Төрткүлден Тахтакөпирге дейин 285 шақырым жолда автомашиналар толы жүги менен қәлеген тезликте иркилмей жүретуғын мүмкиншиликлер алып, бул районлар арасында толық қарым-қатнас жүргизилип кетти.

1966-жылы жоллардың қурылысын бурынғыдан да тез пәтлер менен жүргизиў ҳәм қәнигелестириў мақсетинде автомобиль жол министрлигиниң қараўындағы барлық жол қурыўшы ҳәм оңлаўшы, жол ислерине дерекли болған басқа да мәкемелерди жыйнап, Қарақалпақстан жол қурылысы трести етип шөлкемлестирдик. Нәтийжеде, бул трест жол қурылысының раўажланыўында үлкен роль ойнады. Ол жылына 40 — 50 миллион сом, оннан да көбирек қәрежет өзлестириў мүмкиншилигине ийе еди. Усы тресттиң ҳәм оның қурылыс мәкемелериниң күши менен жоқарыда көрсетилген Нөкис — Беруний — Төрткүл жолын толық питкериў, соң басқа да районларымызға жол салыў ҳәм жол қурылысы индустриясын дүзиў бойынша үлкен-үлкен жумыслар исленди.

1966 — 1970-жыллар ишинде үсти қарамайлы қатты қабатлар менен қатырылған автомобиль жоллар 448 километр болды, ал 1975-жылдың ақырына шекем үсти қатырылған жол 1549 километрди қурады ҳәм 4184 метр узынлықтағы 291 темир-бетон көпир салынды.

Сегизинши ҳәм тоғызыншы бес жыллықта республикамыз жол менен жетерли дәрежеде тәмийинленди десек болады. 1970 — 1972-жылы 80 километр узынлықтағы Қоңырат — Мойнақ жолы иске тапсырылды. Солай етип, ең кейинги он екинши районымыз Орайлық үлкен жолларға қосылды. Бул Қоңырат — Мойнақ жолының қурылысында 16-ДСУ жоқары технологияда жумыс ислеп,

жолды сапалы етип питкерди. Бул Қарақалпақстан жол қурылысы трестиниң жетерли дәрежеде кәнигелерге ҳәм үлкен күшлерге ийе болғанлығын тастыйықлайды. Бул қурылыста биринши мәртебе ең алдынғы технологиядағы қурылыс техникалары, грейдер-элеваторлар, өзи жүретуғын, топырақты тығызлайтуғын механизмлер жумыс ислеп, жол тез арада питкерилди.

Сол жыллар ишинде Нөкисте, Хожелиде, Берунийде ҳәм Қоңыратта қаланы айланып өтетуғын ҳәм темир жоллардың, үлкен арналардың үстинен өтетуғын бийик көпирлер ҳәм атлама жоллар салынды.

Соның менен қатар усы жылларда елимиз автомобиль жол қатнасын Тақыятас қаласы арқалы Ташауыз ели менен байланыстырды, қублада Төрткүл — Дүлдил поселкасы автомобиль жолы питкерилип, Бухара, Самарқанд, Ташкент үлкен гүзар жолларына қосылды. Солай етип, бизиң елимиз жолсызлықты сапластырып, барлық қоңсы елатлар менен ҳәм олар арқалы пүткил дүнья жолларына шығыў мүмкиншилигине ийе болды.

1985-жылға келип, елимиздеги асфальтланған жоллардың узынлығы 3029 километр болды, темир-бетон көпирлердиң саны 450 ге жетти, олардың бир бағдардағы узынлығы 11156 метрди қурады. Соның ишинде Әмиўдәрьяның үлкен автомобиль ҳәм темир жол көпири де бар.

Усы жыллар ишинде жигирмадан аслам жол қурылысы мәкемелери Қарақалпақстан жол қурылысы трести қатарында ислеп, олардың қуўаты 1965-жыллары 6 миллион сомлық болса, 1984-жылы жигирма миллион сом этирапында жол қурылысы кәрежетин өзлестирди.

Жол қурылысын раўажландырыў мақсетинде жолдың тийкарын қатты таслардан салыў ушын Қаратаў ҳәм Жумыртаўдың тасларын майдалайтуғын заводлар ҳәм асфальт-бетон заводлары қурылды.

Бурынғы тас майдалаўшы заводларға қосымша Қаратаў аўылында жылына електен өткерилген 750 мың кубометр майда тас беретуғын завод иске түсирилди ҳәм 1970 — 84-жыллары 12 районда 17 асфальт-бетон заводлары қурылды ҳәм толық ислеп турды. Булардың ишинде Нөкис, Хожели, Қоңырат ҳәм Шымбай қалаларындағы заводлар жылына 100 мың тонна, қалғанлары да саатына 25 — 30 тоннадан асфальт беретуғын заводлар еди. Солай етип, жол салыў жумыслары өзиниң қурылыс индустриясына ийе болды.

Бул — жоллардың төзимлилигин, сапасын негизинен жақсылаўда ҳәм ис онимлилигин арттырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

Жол қурылысларындағы бундай үлкен табысларды қолға киргизиўде Өзбекистан басшылығының көрсеткен жәрдемлери үлкен еди. Ҳәр сапары жол қурылысы мәселесин көтерип барғанымда Ш. Р. Рашидов: «Халық хожалығының раўажланыўы жол менен болады», деп бизди қоллап-қуўатлайтуғын еди.

Жол қурылысындағы қыйын мәселелерди шешиўде сол ўақытларда Өзбекистанның Автомобиль ҳәм тас жоллар министри болып ислеген Абдухамид Каюмовтың жәрдеми үлкен болды. Ол бизге ағалық қол көмегин тийгизип, көп хызметлер иследи. Бизиң халқымыз оны қатты ҳүрметлейтуғын еди. Ҳүрметли Ш. Рашидов мениң өтинишим бойынша А. Каюмовты бизден Өзбекистанға қатарына үш мәртебе депутатлыққа сайлаўға руқсат етип еди. Солай етип, биз оның менен сыйласықлы, туўысқанларша қатнасатуғын едик. Абдухамид Каюмович бизиң елимиздиң экономикасының раўажланыўына үлкен үлес қосып, халқымыздың тапсырмасын қалыс орынлады, исенимин толық ақлап, ақырына дейин жәрдем етти.

Жуўмақластырып айтқанда, асфальтланған автомобиль жолын Нөкистен районларға, колхоз, совхоз, бригада, фермаларға апарыў — бул обком менен Министрлер Советиниң үлкен стратегиялық бағдары еди. Бул ис пенен мен өзим де, Е. Айтмуратович те күнделикли шуғылланып, дыққат орайымызда турды. Себеби, жолсызлықтың азабын бастан өткерген едик.

Мине, енди Қарақалпақстанның ең түпкириндеги аўылына сапар шексең де, сени асфальт жол мәнзилге апарады. Бул қандай жетискенлик! Бундай жағдай Россияға усаған мәмлекетлерде елеге шекем әмелге асқан жоқ!

* * *

Енди темир жол қурылысы ҳаққындағы әңгимемизге қайта оралайық.

Темир жол ҳаққында сөз еткенимизде ең әўеле өзбек халқының уллы перзентлериниң бири Усман Юсуповты ҳәм оның өз елихалқына еткен теңи-тайы жоқ уллы хызметлерин еске алмай кете алмаймыз. Себеби, Чаржаў — Қоңырат темир жолы Усман Юсуповтың басламасында ҳәм омыраўлаўы арқасында аўқамлық

жобаға кирмей-ақ тиккелей өзи әмелге асырған уллы қурылыслардың бири болды.

Өзбекистанның көплеген қалаларына әлле қашан темир жол барып, санаат кәрханалары, қурылыслар ҳәм халық хожалығының басқа да тараўлары тез пәтлер менен раўажланып атырған бир ўақытта Қарақалпақстан темир жолдан 700 — 800 километр қашықлықта еди. Сонлықтан, көп жыллар даўамында елдиң санаат орайлары менен байланыссыз қалған еди. Нәтийжеде, темир жол бойында жайласқан басқа районларға қарағанда Қарақалпақстан экономикалық, социаллық, мәдений раўажланыўдан көп жылларға артта қалды. Сонлықтан, бизиң халқымыз Чаржаў — Қоңырат темир жолы қурылатуғыны ҳаққындағы хабарды үлкен қуўаныш пенен күтип алды ҳәм бул улыўма халықлық қурылысқа белсенди қатнасты. Өзбекистан бойынша темир жол қурылысында ислегенлердиң 20 мыңға шамаласы қарақалпақстанлы азаматлар еди.

Сол жыллары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Советиниң Баслығы болып ислеген Наўрыз аға Жапақов қарақалпақстанлы темир жол қурылысшыларын жатақ жай, ыссы аўқат пенен, олардың дем алыўын тәмийинледи, қурылыстың басында өзи жүрип басшылық етти. Темир жол 1952-жылы Тақыятасқа, ал кейин ала Хожели қаласына келди. Хожелиге биринши поезддың келиўине байланыслы өткерилген салтанатлы митингте Өзбекистан ССР Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы Шараф Рашидов қатнасты ҳәм Қарақалпақстанның халқын бул уллы тарийхый ўақыя менен қызғын қутлықлады.

Поезддың Хожелиге, соң Қоңыратқа келиўи, әлбетте, үлкен тарийхый ўақыя екени сөзсиз. Бул темир жол бизиң елимиздиң социал-экономикалық раўажланыўы ушын жол ашып берди. Солай да болса, ол бизиң барлық проблемаларымызды толық шешип бере алмады. Әмиўдәрьяның Қарақалпақстанды екиге бөлип турғанлығы, темир жол дәрьяның шеп жағында, ал көпшилик районлар дәрьяның оң жағында, темир жолдан оғада узақта болғанлығы себепли жүклерди тасыўдың қыйыншылығы бурынғысынша қала берди. Мәселен, Төрткүл, Беруний, Елликқала районларына гийисли жүклер Шарлаўық деген станцияға келип түсетуғын еди. Шарлаўық Әмиўдәрьяның шеп жағында, Хорезм областының Хазарасп районының аймағында жайласқан. Шаруашылыққа келген жүклер дәслеп дәрьяның жағасына түсириледи, соң олар қайықларға жүкленип, оң жағаға алып шығылады ҳәм түсириледи.

Оң жақта жүк машинаға тийелип, тийисли жерине алып кетиледи. Солай етип, жүк 3—4 мәртебе түсирилип, жүкленеди, оған қанша қол күши жумсалады, ўақыт сарпланады. Қолдан қолға өте берген соң төгилип-шашылады, урланады. 60-жыллары ҳәмме төгинлер қалтасыз келер еди. Қаншасы ушып, қайықтың тесигинен дәрьяға төгилип, жоқ болар еди. Техникаларды, қурылыс материалларын, азық-аўқат өнимлерин тасыўда усындай қыйыншылықлар бар еди. Ең ашынарлы жери—Шарлаўық базасы Хазарасп районында болғанлықтан, келген ағаш, төгин, жанармайдың 30—40 проценти урланып, жоқ болар еди. Өзимизге тийисли базадан Хорезм области дийқаншылығын егип болмағанша жанармай ала алмайтуғын едик.

Нөкистен арқада жайласқан районларға жүклерди жеткерип бериў қубла районлардағыдан да қыйын ҳәм машақатлы болды. Төгин, жанармай, техника Тақыятастағы станцияға, азық-аўқат өнимлери Хожелидеги станцияға келип түсер еди. Бул жүклерди Тахтакөпир, Қараөзек, Кеңес, Шымбай, Кегейли, Халқабад, Бозатаў, Қазақдәрья елатлы пунктлерине апарыў жүдә мүшкил еди. Мәселен, Тахтакөпир районындағы Ленин атындағы совхоз Тақыятастан 170—180 километр қашықлықта жайласқан. Совхоз өзиниң еки бензовозы менен 150—200 трактор ҳәм насосларына күнине бир рейс ислеп, қалай жанармай тасып үлгереди?! Ал, селитра, суперфосфат усаған төгинлерди тасып алыўдың машақаты өз алдына. Төгинлер үсти ашық машинаға бел менен жүкленетуғын еди. Оны Тахтакөпирге шекем апараман дегенше мағызы (микроэлементлери) ҳаўаға ушып, тек шлагын (тасын) апарар еди. Ҳәр совхоз 2000—3000 тонна төгин алатуғын болса, қанша транспорт, қанша адам күши ҳәлек болады. Әсиресе, арқа районларға цемент тасығанда жартысы жолда ушып жоқ болады. Техниканы (трактор, аўыл хожалық машиналарын) Тахтакөпирге Тақыятастан апарыў ушын қанша моторесурс, жанармай сарп болады. Егер комбайнларды, сүрим тракторларын Тақыятастан Тахтакөпирге шекем айдап апарсақ, асфальт жолда оның жүретуғын бөлеклери толық желинип, иске аспай қалатуғын болғанлықтан, оны өзгертип, басқа таза бөлеклер, гусеница менен алмастырыў керек еди.

Азық-аўқат өнимлери де районларға мине усындай машақатлар менен жетип барар еди. Тақыятас плотинасы салынып питкенге шекем Нөкистен Хожелиге автотранспорт 2 күнде зорласа бир рейс ислер еди. Ал, Әмиўдәрья районы 70-жыллардың басына шекем өзине тийисли халық хожалығы жүклерин, техникаларын, жанармайын,

төгинин ҳәм басқа да затларын Ташаўыздағы станциядан тасып алатуғын еди. Халқымыз мине усындай қыйыншылықларды өзиниң басынан кеширди.

Қурылыс ушын темир-бетонды 70-жылларға шекем Ташкенттен алып келер едик. Өзимизде темир-бетон ислеп шығаратуғын заводлар қурыла басласа да, еле өз күшине минбегенликтен, олар үлкен бетон плиталарды ислеўге кириспеди. Оларды да Тақыятастан, Шарлаўықтан тасып алып келер едик.

Жолларды, жайларды қурыўға, ДСКны ислетиўге қыйыршық таслар Қаратаўдан автомашиналар менен тасылды. Мәселен, Қаратаў — Қараөзек аралығына 400 километр (еки жағы) жол жүрип, 1,5 — 2 кубометр тас алып келип жүрдик. Булардың ҳәммеси халық хожалығын раўажландырыўда өзиниң жаман тәсирин тийгизди. Қурылысты қымбатлатып, мүддетин созып жиберди.

Ал, аўыл хожалығына келсек, узақтан қасықлағандай етип тасыў, бир неше жерде қайта-қайта түсирип, жүклеў пахтаның, салының өзине түсер баҳасын қымбатлатып, халықтың турмыс аўҳалына, руўзыгершилигине жаман тәсирин тийгизеди.

Бул гәплерди жүдә майдалап айтып отырғанымның себеби, жолсызлық бизиң халқымыздың мойнына қаншадан-қанша қыйыншылықларды жүклегенин китап оқыўшылар билсин, бүгинги жол қатнас жағдайлары менен салыстырып көрип жуўмақ шығарсын, жас әўладлар аталары менен ағаларының мәртлик мийнетлерин баҳаласын, жақсы, абадан турмыстың қәдирине жетсин, демекшимен.

Жолсызлық қыйыншылықларын оны басынан өткерген ел басшылары жақсы биледи. Жүк тасыўға қатнасы болмаған адамлар билмейди. Олар жүкти өзинен өзи келип турғандай көреди...

Мине, усындай үлкен проблемалық мәселелерди шешиў бизиң алдымызда үлкен ўазыйпа болып турды. Буларды шешпей турып, Қарақалпақстанның экономикасын, социаллық, мәдений раўажланыўын кеўилдегидей етип жоқары басқышларға көтериў, заман дәрежесине жеткериў жүдә қыйын болды.

Буны мен ең басынан-ақ түсинип, оларды бирме-бир шешиў ушын жең түринип киристим. Әлбетте, барлық проблемаларды бирден, бир жылда шешип таслаў мүмкин емес.

Жол қатнасты жақсы жолға қойыўдағы ең баслы ис деп, мен Тақыятас плотинасын питкериўди нәзерде туттым. Себеби, ол бизге көп мәселелерди: суўды иркип, оның қәддин көтериў, асфальт ҳәм темир жолды, басқа да коммуникацияларды оң тәрепке өткериў

усаған ири мәселелерди шешип беретуғын объект еди. Мен исти усы объекттиң қурылысына кирисиўден басладым. Тақыятас плотинасының қурылысы өз алдына үлкен бир ўақыя. Ол хаққында биз жоқарыда сөз еткенбиз.

Енди, биз Қарақалпақстанның халық хожалығы ушын оғада зәрүрли болған объектти тез арада питкериўдиң жолын изледик. Ўазыйпалар анықланды. Биринши гезекте «Тақыятасгидроэнергострой» трести ушын қурылыс базасын дүзиўимиз, екиншиден, қурылыстың «наны» болған көп миллион кубометр қыйыршық тасты алып келип, тезирек плотинаны қурыў проблемасын шешиўимиз зәрүр болды. Биз тасты Қаратаўдан ямаса Жумыртаўдан алып келиўимиз мүмкин еди. Қаратаўдың тасының сапасы жүдә жоқары. Оның бир см тасы 2,8—3 тонна жүкти көтеретуғындай беккемликке ийе. Ал, Жумыртаўдың тасы оннан әззи. Деген менен, Жумыртаў дәрьяның шеп жағында, оны Чаржоў—Қоңырат темир жолына тутастырса Тақыятас плотинасының базасына тасты туўры әкелип түсириўге болады. Енди мақсет усы темир жолды қурыўға қаратылды.

Мен Ташкентте Шараф Рашидов пенен, Өзбекистан Суў хожалығы министри менен сөйлесип, титулге сол темир жолды киргизиў хаққында келисим алдым ҳәм Ш. Рашидовтың қолы қойылған хатты алып, Москваға уштым. СССР Энергетик ҳәм электрлестириў министри Непорожный Петр Степановичтиң ҳәм Транспорт қурылысы министри Кожевников Евгений Федоровичтиң қабыллаўында болдым. Олар екеўи де бизиң республикамыздың жағдайын түсинди ҳәм өтинишимизди орынлады. Сол сапары темир жол қурылысын 1965-жылдың қурылыс жобасына киргизиўге руқсат алып қайттым. Көп узамай темир жолдың трассасын белгилеўге Москвадан, Ташкенттен көп адамлар келди. Москвадан жиберилген делегацияны СССР Транспорт қурылысы министриниң орынбасары Архипцев Владимир Ануфриевич басқарып келди. Ташкенттен Министрлер Совети Баслығының орынбасары Марценюк келди. Бул делегацияның қурамында жойбарлаўшылар да бар еди. Олар Нөкисте қонды. Трассаны қай жеден жүргизиў керек деген мәселе тартыслы болды. Ташкенттеги ең үлкен басшылардың пикири бойынша темир жолды Жумыртаў—Гүрлен—Янгибазар—Үргенч жобасында қурыўға нусқаў алып келген екен. Нөкисте дачада көп адамлар қатнасып отырған жерде усы вариантты қоллап-қуўатлаўды меннен өтиниш етти. Бул трасса маған жақпады, соның ушын мен

ол жерде үндемедим. Ертеңине Архипцев, Марценюк ҳәммемиз кишкене самолётта Үргенишке уштық. Хорезм обкомына бардық. Көп додалаўлар болды. Мен бул жыйналыста да үндемей тура бердим. Сөйтип, мәселе шешилмей, Нөкиске қайтып келдик.

Егер жол Үргенч арқалы қурылса тасты биз Жумыртаўдан Үргенч арқалы Тақыятасқа алып келемиз. Бул жүдә айналыш. Жол қымбатқа түседи. Ал, негизинде жол Тақыятас плотинасының сметасы есабынан қурылыўы керек еди, сонлықтан ақырғы сөз бизлерге тийисли екени көринип турар еди. Мен Өзбекистанның басшыларының пикирине ашық түрде қарсы болмаў ушын көп адамлар жыйналған жерде үндемей турып, ал аўлағырақта Архипцепке түсиндирип, картаны да көрсетип, жолды туўрылап қурыўды өтиниш еттим. Ол мени тез түсинди ҳәм жуўмағында: «Бул жолды Минтранссторой өзи қурады, өзи қарап шыгады», — деди. Жолды туўрылап Қубатаўдың үсти менен Калининскке ҳәм Жумыртаўға шығарыўға келистик. Протокол дүзилди. Жойбарластырыў институты тапсырма алды.

Жолдың қурылысы 1966-жылы басланып, 70-жыллардың басында Қубатаў — Жумыртаў темир жолы питкерилди. Тақыятас гидроэнергостройға 33 платформадан ибарат бир состав тас тасыў ушын бекитилип қойылды. Ол плотинаға қуйылатуғын бетонның тасын тынбай тасып турды.

Соның менен бирге, Өмиўдәрья районының Ташаўыздағы барлық базаларын Жумыртаўға районның ортасына алып келдик. Солай етип, еки мақсет бирден шешилди. Әмиўдәрья районы сол дәўирден баслап ҳәмме жүгин — жанармай, төгин, техника, азық-аўқат өнимлерин өз аймағынан алатуғын болды. Ташаўызға қатнаў тоқтатылды. Өмиўдәрья районының хожалықлары транспорттың есабынан онлаған миллион сомды үнемледи. Бул ақшалар халықтың басқа мүтәжлерин питкериў ушын жумсалды.

Сол 1965-жылдан баслап мен Архипцев Владимир Ануфриевич пенен дос болдым. 1970-жылларда оның баласы Сергей Нөкисте қалалық комсомол комитетиниң екинши секретары болып ислеп те кетти. Мениң жәрдемим менен Сергей Москадағы сыртқы сауда академиясына кирип оқыды.

Усы жерде ҳүрметли устазым Шараф Рашидовтың «Адамның дослары көп болыўы керек. Мың достың болса да аз» деген даналық нәсияты тағы ерксиз еске түседи. Шараф аға және де: «Москваға барған сайын КПСС Орайлық Комитетиниң бир-еки секретарына, төрт-бес аўқамлық министрге кирип, Қарақалпақстанның халық

хожалығының жағдайларын, халқының қандай шараятларда жасап ҳәм мийнет етип атырғанын түсиндирип айтып, өтинишлериңди билдир, жәрдем сора. Қарақалпақстан сыяқлы кишкене бир үлкениң проблемаларын шешиў оларға қыйын емес. Жақсы дәлиллер келтирип, сөзиңди орнына қойып айтсаң, өтинишиңди орынламай қайтармайды. Олардың келисимин алсаң қалған жағын өзлеримиз шеше беремиз...» дер еди. Мен Москваға көбинесе Шараф ағаның қолы қойылған хат пенен баратуғын, сол кисиниң атын айтып жәрдем сорайтуғын едим. Айырым жағдайларда Шараф аға телефоннан қоңыраў етип, мени қабыллаўды, жәрдемлесиўди өтиниш етер еди.

Жоқарыда айтқанымыздай, Қарақалпақстанның 50 жыллық мерекесине келгенинде Шараф Рашидович СССР Госпланының баслығы Н. К. Байбаков пенен телефон арқалы сөйлесип, Тақыятас — Нөкис аралығында 19 километрлик темир жол қурылысын жобаға кирғизиўди өтиниш етти ҳәм «Сизге хат жазып, Қ.Камаловты жиберемен. Оны қабыллап, жәрдем етиңиз», — деген еди. Арадан көп ўақыт өтпестен, 1974-жылдың ноябриниң ақырында Шараф аға қол қойған хатты ҳәм «Ташгипротранс» жойбарлаў институты таярлаған есап-китапты алып, Москваға уштым. Н. К. Байбаков мени жыллы жүз бенен жақсы қабыл етти. Оған мен Шараф Рашидовтың сәлемин жеткердим. Қарақалпақстанның 50 жыллық мерекеси ҳаққында, мәмлекетке тапсырып атырған пахта, салы ҳаққында айтып бердим, республикамыздың экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўы туўралы қысқа гүррең еттим. Николай Константович бирдейине басы қалтаңлап отыратуғын сабырлы адам екен. Мениң қағазларымды алып, темир жолдың қурылысын 1975-жылдың жобасына киргиземиз деп қалды. Мен жүдә қуўанып, оған қайта-қайта рахмет айттым ҳәм сол күни Ташкентке Ш. Рашидовке телефоннан қоңыраў етип, жумысымның жуўмағын билдирдим...

...Бирақ, бул мәселе аңсат шешиле қоймады. Байбаков бизиң апарған қағазларымызды өзиниң мәмлекетлик экспертиза бөлимине тапсырыпты. Госпланның экспертлери: «Жол жүдә қымбатқа түседи, 19 километрге 13 ири өткеллер болады. Олардың ишинде каналлар, автомобиль жоллары, Бухара — Урал газ трубалары, жоқары кернеўли ЛЭПлер бар. Сол себепли бул жол экономикалық жақтан қарағанда қурылысқа кеткен қәрежетлерди қапламайды», — деп жуўмақ шығарып берди. Ис шийеленисти. Бирақ, бизлер изинен қалмадық. Байбаковке тағы кирип, «Автономиялы Республиканың орайына темир жол бармаса қалай болады? Келешекте исленетуғын

жумысларға бул жолдың тәсири оғада үлкен», деп ҳәр тәреплеме дәлиллеп, өтиниш етип, ақыр-соңы зорға көндирдик.

Солай етип, Тақыятас — Нөкис темир жолының қурылысы 1976-жылдың жобасына кирди. Бул үлкен сиясий экономикалық, социаллық әҳмийетке ийе ўақыя болды.

Тағы бир сәтли исимиз, бул жолдың қурылысын Минтранстройдың 99-қурылыс басқармасына тапсырғыздым. Бул қурылыс басқармасының баслығы болып Тенгиз Андреевич Гогичашвили ислеп атыр еди. Оның кәрханасы Қазақстанда Гурьев қаласында жайласып, булар пүткил Орта Азия ҳәм Қазақстан темир жол қурылысларын алып баратуғын еди.

Т. А. Гогичашвили менен биз ертеректе ушырасып, кеўил жақын, жақсы таныс болып қалып едик. 1967 — 1972-жыллары Қоңырат — Бейнеў темир жолы қурылысында айрықша ислеген хызметлери ушын ҳәм басқа да мийнетлерин еске алып, Гогичашвилиге Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы атағы берилди. Ол темир жол қурылысында бизиң елимизге естен қалмайтуғын көп жақсы ислер иследи.

Узынлығы 408 шақырым Қоңырат — Бейнеў жолы қурылысы 1967-жылы басланып, 1970-жылы март айының 9-сәнесинде Бейнеўден Қоңыратқа биринши поезд келип (мәмлекетлик акт пенен жолдың тапсырылыўы 1972-жылы болса да), Москва тәрепинен жолымыз 1700 шақырымға қысқарыў мүнәсибети менен улыўма халықлық мереке болды. Т. Г. Гогичашвили бизиң халқымызды қуўанышқа бөлендирип, көп-көп рахметлер, алғыслар алды. Бизлер ол адам менен көкирек ашып, қушақласып, узағына дослық қатнасымызды сақлаўға ўәделесип, дос болған едик. Сол ўәделескен дослық қарымқатнасымыз үзилмеди ҳәм ол достымыз бизге екинши мәртебе — Нөкиске темир жол әкелиўде ҳәм ишки районларымыз арасындағы жолларды салыўда, Нөкисте үлкен темир жол вокзалын қурыўда да көп-көп қалыс хызметлер иследи, бизиң дослығымызды ақлап, кеўлимизден шықты.

Тақыятас пенен Нөкистиң аралығы 19 шақырым ғана болыўына қарамастан баяғы аўқамлық Госпланның экспертиза бөлими айтқанындай, 13 ири қыйын өткел жолдың қурылысын жүдә аўырластырды.

Бирақ, бәримиздиң тынымсыз бирге ҳәрекет етиўимиздиң нәтийжесинде, жолбасшымыз Ш. Р. Рашидовтың, «Ташгипротранс» баслығы Рузиевтың, Минтрансстройдан Архипцевтың, Гогичашвили,

Абаджиев ҳәм тағы басқа да қатнасқан досларымыздың жәрдеми менен сонша қыйыншылықты жеңип шықтық, 13 өткелдиң үстинен муқыят исленген темир ҳәм темир-бетон көпирлер салынып, темир жол курылысы толығы менен питкерилди ҳәм биринши поезд 1977-жылы Нөкис қаласына келди ҳәм темир жол сол жылы биротала пайдаланыўға тапсырылды. Биринши поезддың келиўине ҳәр күни 500 жолаўшыны жибере алатуғын үлкен, жүдә сулыў етип салынған темир жол вокзалы таяр болып турды.

Бул үлкен ўақыяны белгилеў ушын курылысқа мийнети сиңген азаматларды, темир жол курылысшыларымыздың басшыларын қалдырмай мирәт етип, Нөкисте үлкен мереке өткиздик. Мерекеге елимиздиң белгили ўәкиллери, қала халқы жыйналды. Темир жол курылысшыларының атынан Орта Азия ҳәм Қазақстан бас басқармасының баслығы Т.А. Гогичашвили бизиң халқымызды бул үлкен куўаныш пенен қутлықлап, тағы да мол табыслар тиледи. Бул үлкен ўақыяны улыўма халқымыз бенен, қәдирли мийманларымыз бенен бирге жоқары дәрежеде тойладық.

Мен және бир аўырманшылықты еңсемнен түсиргендей өзимди жеңил сезип, кеўлим ықрар тапты, сол күни бир аркайын уйқылаған болсам керек, деп ойлайман.

Нөкиске темир жолдың келиўи Орайлық телевидениениң «Время» информациялық программасынан көрсетилди. Ол жүдә суўық күнлер еди. Митингке қатнасқанлар қалың қыс кийимлерин кийип келген еди. Бул көрсетиўди КПСС Орайлық Комитетиниң сол ўақыттағы кадр мәселелери менен шуғылланатуғын секретары Иван Василевич Капитонов та көрипти. Ол жүдә жақсы инсан еди. Ол Москва, Иваново обкомларында биринши секретарь, соң 15 — 20 жыл даўамында КПСС Орайлық Комитетинде кадрлар бойынша секретарь болып иследи. Ол Шараф Рашидовтың досты еди. Мен сол жылы декабрь айының басында И. В. Капитоновтың қабыллаўында болып, бир қанша хожалық мәселелерин шешиўде жәрдем сораған едим. Ол ўақыттағы тәртип бойынша шешилиўи тийисли ҳәмме үлкен ислер бойынша гезекте КПСС Орайлық Комитетинде қаралып, сол жерде қуўатланғаннан кейин, тийисли министрге телефоннан қоңыраў етилгеннен соң қойылған мәселени үзил-кесил шешиўге кирисетуғын едим.

И. В. Капитонов: «Мен Нөкиске темир жол барғанына арналған митингти көрдим, сизлер Сибирьдегидей жүдә қалың кийинип

алыпсызлар, Сизиң жақта сондай суўық па? Сизиң елиңиз кублада жайласқан ғой», — деп сораў берди.

Мениң айтайын дегеним, Москвада КПСС Орайлық Комитетинде ислеген ақсақаллардың биреўи де биздеги климатты жақсы билмейди. Мен Иван Васильевичке Қарақалпақстанда қыста 35 — 40 градус суўық, жазда 40 — 45 градус ыссы болады. Биз дүньядағы пахта егетуғын районлардың ең арқасында жасаймыз. Пахта бизиң зонамызда тәўекелшилик пенен егиледи. Ҳаўа райы жақсы болған жылы зүрәәт мол болады. Қыс ерте түседи, Ташкентке қарағанда бәҳәр бир ай кеш келеди, қыс бир ай бурын түседи. Соған қарамастан биз Ташкент области менен пахтаны тең бериўимиз керек, деп түсиндирип, бурын айта алмай жүрген жүректеги ҳәмме дәртлеримди айттым. Рети келгенде үлкен ақсақалларга да буны айтып қойың деп өтиниш еттим. (Үлкен ақсақал дегеним Л. И. Брежнев еди). Сонда Иван Васильевич: «Ондай болса, сизге Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы атағын дурыс берген екенбиз ғой», деп күлип қойды. Иван Васильевичтиң кабинетинде шай ишип, бираз гүрриңлестик. Соң жақсы хошласып, шығып кеттим. Оннан соң да бул әжайып инсанның қабыллаўында тез-тез болып, көп мәселелерди шешиўге жәрдем алғанман. Соның ишинде Нөкис, Ленинабад, Бозатаў, Елликқала районларын ашыў мәселесин шешкенмен. Әлбетте, бул мәселени ең алды менен Ш. Р. Рашидовтың келисими болмаса шешиў қыйын. Бирақ, ол ўақытта тазадан район ашыў ушын КПСС Орайлық Комитетиниң қарары керек еди. Бул қарарсыз бир де район ашылмас еди. Сонлықтан, ақырғы шешиўши сөз КПСС Орайлық Комитетиники еди.

Енди темир жолдың курылысын даўам етиў мәселесине қайтамыз...

70-жыллардың ортасына барғанда Қарақалпақстанда экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўда көп областьлар дәрежесине жетти. Аўыл хожалығы толығы менен жақсы өсимге еристи, салыгершилик кең түрде қанат жайды, курылыс халық хожалығының ең үлкен тараўына айланды. Сол сыяқлы басқа тараўлар да бурын көрилмеген дәрежеде өсимге еристи.

Күн тәртибиндеги ендиги ўазыйпа Қарақалпақстандағы халық хожалығының комплексли раўажландырыўдан ибарат еди. Бул үлкен ўазыйпаны шешиў ушын жол қатнасты жақсы раўажландырыўымыз, әсиресе, темир жол курылысын даўам еттирип, халық хожалығының тез өсип, раўажланыўына жол ашып бериўимиз керек еди.

Жолсызлықтың ақыбетинен ушырасып атырған қыйыншылықлар ҳаққында жоқарыда айтып өттим. Темир жол тармағын курып, халық хожалығы жүклерин район, совхоз, колхоз, кәрхана, курылыс басына жақынлатпасақ, елдиң мүшкилин аңсатластырмасақ, алға қарай адым атыў қыйын болады. Көп қаржы, транспорт жанармай ресурсларын жумсаўға туўра келди. Булар ўақытты уттырыўға, көп ысырапкершиликке гирипдар етип, өнимниң өзине түсер баҳасының қымбатлаўына алып келе береди. Бул қыйыншылықлы жағдайлар айрықша халықтың турмыс аўҳалын көтериўге тосқынлық ете баслады. Аўыл хожалық өнимлери көбейсе де ғәрежеттиң көплеп сарпланыўына байланыслы хызмет ҳақы төменлеп кетти. Сонлықтан, мен бурыннан халқымыз арзыў-әрман еткен темир жол курылысын даўам еттириўди өзиме ўазыйпа етип қойдым. Биринши гезекте, Нөкис — Қумшүңгил (Халқабад) — Шымбай темир жолын салыўды нәзерге алдым.

Бул мәселе бойынша мен Ш. Рашидов пенен кең түрде ойластым. Шараф Рашидов мениң басламамды, ой пикиримди қызғын қоллапқуўатлады, 56 километр узынлықтағы Нөкис — Шымбай темир жолын курыўға руқсат алыў ушын СССР Госпланының баслығы Н. К. Байбаковтың атына хат жазылып, оған Ш. Рашидовтың өзи қол қойды.

Ақсақалдың қағазын алып Н. К. Байбаковке кирдим. Ол киси Шараф Рашидовтың хатын оқып болып, техника-экономикалық тийкарлаў (ТЭО) талап етти. Оқыўшылардың толық түсиниўи ушын айтайын, ТЭО деген — бул темир жолдан қанша жүк кетеди ҳәм келеди, жол курылысына кеткен шығын (қаржы) қашан өзин қаплайды, жол пайда түсерликтей ме, мәмлекет қазнасына түсетуғын табыс бар ма, жоқ па — мине усыларды анықлаў деген сөз. Байбаков: «Бул жолды курамыз ба, жоқ па — усы көрсеткишлерди анықлағаннан соң ғана шешимге келемиз», — деди.

Аўылға қайтыўдан басқа илаж қалмады. Нөкиске келип, «Ташгипротранс» институтының директоры Рузиев Баси ака менен телефон арқалы сөйлесип, ТЭО дүзип бериң, деп өтиниш еттим. Бул мәселени тез питкерип қайтыў ушын Ташкентке сол ўақыттағы обкомның секретары, темир жол курылысы инженери Федоров Анатолий Петровичти жибердим. А. П. Федоров бир ҳәптениң ояқбуяғында маған ТЭОны әкелип берди. Бул ҳүжжетлерди алып, мен Москваға уштым. Барып, Байбаковқа кирдим, алып келген қағазларымды көрсеттим. Қағазлар менен танысып көрип, Байбаков:

«Бул темир жол өзин жүз жылда да қаплай алмайды, қурыўға рухсат жоқ, қаржы, ресурс бөлип шығара алмаймыз», — деп жуўап берди. Москвада турып бул аўҳалды мен Ш. Рашидовке телефон арқалы жеткердим.

Мәселе шешилмейтуғын дәрежеге барып қалды. Енди не ислеймиз, қалай етип темир жол қурылысын баслаймыз? Мине, усы мәселе бизге үлкен уўайым-қайғы болып қалды. Көп ойласықтан кейин, жобасыз түрде жол қурыўға кирисиўди мақул көрдик. Бул да аңсатқа түспеди. Бул ушын мына мәселелерди шешиў керек болды:

1. Сол ўақыттағы тәртип бойынша сметалық баҳасы 3 миллион сомнан асқан объект болса, оны СССР Госпланы бекитер еди. Сол ушын баҳасы 3 миллион сомға жетпейтуғын көлемде жойбар дүзип, оны Ташкенттиң өзинде бекитиў.

2. Қурылыс материалларын: рельс, шпал, гайкалар, болтлар, темир-бетон затлары, көпир өткеллер ҳәм тағы басқа материалларды табыў. Булардың ҳәммеси фондтағы материаллар, тек Москва бериўи мүмкин. Бул ресурслар Ташкентте жоқ.

3. Қурылысты жүргизиў ушын қаржы табыў.

4. Ең қыйыны — жолды қуратуғын қурылысшыларды табыў. Буны Москвадан басқа ҳеш ким шеше алмайтуғын еди. Темир жолды СССРда тек бир мәкеме — Минтранстрой ғана қурар еди.

5. Минтрансстрой қурыў ушын СССР Госпланынан кесип алып ислеў жумысларына лимит таўып, оны Минтрансстройдың жобасына қосыў.

Усы жоқарыда айтылған қыйыншылықларды қалай болмасын жеңип, темир жолды дәслеп Шымбайға, соң Тахтакөпирге апарыў ўазыйпасын иске асырыўға қатты қарар еттим ҳәм бул мақсет ушын барлық мүмкиншиликлерден пайдаландым. Сметалық баҳасы 3 миллион сомнан аспаған жойбар ушын, жол Шымбайға емес, бир колхозға ямаса совхозға баратуғын (подъездной) жол деп, мақсетимизди әмелге асырыўға киристик. Бул мәселелерди мен Ш. Р. Рашидовке ҳәм сол ўақыттағы Өзбекистан ССР Министрлер Советиниң Баслығы Н. Ж. Худайбердиевке айтып түсиндирдим ҳәм олардың келисимин алдым. Бурын ҳеш бир тәжирийбеде болмаған, шешилиўи қыйын мәселеге неде болса мәртлик етип қол урдым. Қыйын болғаны ушын бул исти баслаўды ҳәм ақырына дейин апарыўды өз мойныма алдым. Бул мәселелерди шешиўде биринши гезекте мениң достым Архипцев Владимир Ануфриевич бизге көп жәрдем етти. Ол СССР Минтрансстройда қурылыс ҳәм тәмийнат

бойынша министрдиң орынбасары болып ислейтуғын еди. Оның менен бурыннан таныслығымыз темир жол қурылысын баслаўға негизги себеп болды.

Мен Архипцевке көп қатнадым. Ең ақырында 99-қурылыс басқармасы арқалы Қарақалпақстан ушын 15 км узынлықтағы темир жол рельслерин, шпалларды ҳәм тағы басқа керекли материаллық ресурсларды жобаға киргизиўге еристим. Архипцевтиң жәрдеми менен, сондай-ақ СССР Госпланы арқалы 500 мың сом Минтрансстройға кесип алып исленетуғын жумысларға лимитти жобаға киргиздик. Е.Айтмуратов ҳәм Юриц екеўи Ташкентке барып, Қарақалпақстанда совхозларға баратуғын темир жол тармақларын қурыў ушын Өзбекистан есабынан 500 мың сомға лимит Минтрансстройға берилсин деген қағазға Өзбекистан ССР Министрлер Совети Баслығының орынбасары Марҷенюктиң қолын қойдырып, СССР Госпланына алып барды.

Солай етип, жобада жоқ объекттиң қурылысын баслаў ушын кесип алып ислеўши (подрядчик) (Минтрансстройдың Гурьевтеги 99-трести) табылды, 15 километр рельс шпаллар бөлинип шығарылды, 500 мың сомлық лимитке СССР Госпланы тәрепинен руқсат етилди.

Енди жойбарлаў мәселесине келсек, Ташгипротранс институты, оның директоры, кейин аға-ини болған Рузиев Басик Рузиевич Рашидовтың тапсырыўы бойынша Шымбайға шекем 56 километр жолды 16 ға бөлип, ҳәр бөлегин бир совхозға баратуғын (подъездной) жол деп, жойбар дүзип берди. Бунда ҳәр бир жойбар 2,5 — 3 километр узынлыққа ийе болып, оның сметалық баҳасы 3 миллион сомнан артпайтуғын етип исленди. Бул жойбарларды Өзбекистанның өзи-ақ тастыйықлай беретуғын еди.

Солай етип, темир жолдың қурылысын баслап жибердик. Дәслепки объект Нөкис — «Коммунизм» совхозы еди. Қурылыс тийкарынан өзимиздиң көп министрликлер есабынан басланды. Жылдың басында бул қурылысқа 100 — 150 мың сом ажыратылып шығарылатуғын еди. Материаллық ресурслар өзимизде болғанлықтан жылдың ақырында биз 7 — 8 миллион сом ири қаржы өзлестирер едик. Бул ақшаларды Өзбекистан бойынша өзлестирилмей қалған ақшалардың есабынан алатуғын едик. Китап оқыўшыларға түсиникли болыўы ушын анығырақ етип айтсақ, биз жылдың ақырында тек қағаз ақша алар едик, бирақ материаллық ресурслар бөлинип шығарылмас еди. Норматив бойынша (қурылыстың сондай нызамы бар) ҳәр бир

миллион ири қаржының өзине тийисли металл, цемент, айна, ағаш, техника ҳәм т.б. ресурслары болады. Оны Өзбекистан өз жобасының көлемине қарай жыл басында алады. Ал, биз болсақ, жобадан зыят орынланған 9,8 миллион сомға материаллық ресурслар алмаймыз, бизге оны бермейди. Бирақ, биз жыл басында СССР Минтрансстрой министри Соснов Иван Дмитриевичке, СССР жол қатнас министри Павловский Иван Григорьевичке, Архипцев Владимир Ануфриевичке 1976 — 1980-жыллары барып 500 километрден аслам узынлықтағы жобада жоқ рельслерди, шпалларды, көпирлерге керекли барлық материалларды, трубаларды «Атаң жақсы, енең кәйўаны» дегендей жалынып-жалбарынып, фондқа бөлип шығарыўға еристик. Бул еле фонд ғой, ал фондты өз ўақтында алып кетиў аңсат ис емес екенин хожалық жумысы менен шуғылланған ҳәр бир азамат жақсы биледи. 500 километрлик рельс, шпалға фонд берилиўден ҳәр бир поставщикке (жеткерип бериўшиге) адам жиберип, обкомлары менен сөйлесип, өз ўақтында алып келиўди тәмийинледик. Бул исти өзим күнделикли қадағалаўға алып отырдым. Бул хызметти атқарыўда көп адамлар зор ғайрат көрсетти. А. А. Юриң, А. П. Федоров, В. М. Желтоуховлар рельслерди алып келиўде көп азаматлық мийнет иследи. Ал, шпалларды наряд бойынша алып келиўди Нөкис музлатқышының бурынғы баслығы Зәрипбай Ныязымбетов өзиниң мойнына алды ҳәм өз ўақтында жеткерип турды. Бир факт келтирейин: Қуўанышжарма ҳәм Райкомарна деген еки канал бир-бирине жақын өтеди, сонлықтан екеўине бир көпир қурыўға уйғарылды. Көпирдиң узынлығы 250 метрди қурайды. Бул көпирдиң үстине тасланатуғын материалларды БАМға жиберейин деп турған жеринен Архипңевтиң жәрдеми менен усы көпирдиң қурылысына алдырдық. Бул жағдайдың БАМ қурылысында қандай дәрежеде қаралғанын биз билмеймиз, бирақ алып келинген көпир атламасы ҳәзир Қуўанышжарма менен Райкомарнаның үстинен поездларды пәраўан өткизип, хызмет ислеп тур.

Нөкис — Шымбай темир жолының қурылысына пүткил республика қатнасты. Өзимиздеги барлық бульдозерлерди, скрепер, самосвал, трактор ҳәм басқа да техникаларды жумылдыра қатнастырдық. Бул улыўма халықлық қурылысқа айланды.

Темир жол қурылысының барысын, оны қурылыс буйымлары менен тәмийинлеў, исленген жумыстың пулын төлеттириў, аз да болса жыл басында мәмлекет жобасына киргизиў, шын кеўли менен бизге жәрдем еткен азаматларды марапатлап, олардың атын халық

алдында жәриялап, кеўлин көтериў, қурылысшыларды азық-аўқат, турмыс қәрежетлери менен тәмийинлеў, басқа да шөлкемлестириў жумыслары ҳеш ўақытта мениң дыққатымнан шетте қалған емес. Бәрин өзим бақлап, қадағалап, жәрдем етип, жумыс басына барып араласып жүрер едим. Мен өзим ҳәр 15 күнде бир мәртебе трасса бойынша жаяў жүрип, исленген жумыслардың сапасын көрип, қурылысшылардың ҳал-аўҳалын билип, кемис-қутығын шешип берип, қурылыстың жедел рәўиште жүргизилиўи ушын хызметимди аямадым, буны әдиўли ўазыйпам деп түсинип, жол Шымбайға жақынлаған сайын қуўанышқа бөлене бердим.

Набада, дем алыўға, хызмет жағдайы менен узақ жерлерге кетсем, бул жумысты бақлап, қадағалап турыўды өзимиздиң исенимли Ережеп Айтмуратов, Қайыпберген Юсупов қусаған жуўапкерли басшыларға тапсырып, олар менен жүрген жеримде хабарласып туратуғын едим. Елиниң үстинен темир жол қурылысы өтип атырғанда, Хожели, Нөкис, Кегейли, Шымбай районларының райком секретарьлары, совхоз директорлары, районның жуўапкерли хызметкерлери, қурылыс қай жерге барса, сол елдиң басшылары ели-халқы менен қурылыстың басына келип, оларға ҳармасын айтып, қурылысшылардың жай-жағдайынан хабар алып, жәрдем етип туратуғын еди.

Солай етип, 1976 — 1980-жыллар ишинде 56 шақырым узақлықтағы Нөкис — Шымбай темир жолы жобада болмаса да сол ўақытлары сәтли ислер қатарында исленип қалды. Ҳеш ким-ҳеш кимге қарыздар болып қалмады, интизам бузылды деп ҳеш кимди-ҳеш ким айыпламады.

Солай етип, 1980-жылдың февраль айының 22-сәнесинде Шымбай қаласына биринши поезд барды. Усы биринши поездға обкомның барлық бюро ағзалары, ҳүкимет ағзалары, қәдирли мийманлар минип барды. Бул күн биз ушын уллы байрам болды. Жол бойына адамлар бизлерге қолларын былғап қутлықлап, қуўанышларын билдирер еди. Шымбайда поезд барған жерде мың-мыңлап адамлар жыйналысқан, ал ол жерге еле де лек-лек ағылып келип атырған аламанның изи таўсылар емес. Ҳәммесиниң жүзлери шадлықтан жайнап, туңғыш поездға көзлерин қадап, жүрек толқыўларын баса алмай турды. Бул тарийхый ўақыяға арналған салтанатлы митинг болды. Қурылысшыларға ҳүрметли атақлар, сыйлықлар берилди. Шымбайға темир жол ҳәм поезддың барыўына арналған бул

салтанатлар Орайлық телевидениеиниң «Время» программасынан көрсетилди.

Бул қурылыс ең әўеле хүрметли Ш. Рашидовтың, Н. Худайбергеновтиң жәрдемлери арқасында, Өзбекистан суў хожалығы ҳәм басқа да ретлестириўши, қәрежет ажыратыўшы министрликлердиң, мәмлекетимиздеги темир жол қурылысына байланыслы ислейтуғын досларымыздың, елимиз азаматларының аўызбиршилиги, мәртлик мийнети арқасында, улыўма халықлық қурылыс сыпатында питкерилди.

Темир жолдың қурылысына СССР Минтранссройының Орта Азияда темир жоллар қурыў бойынша бас басқармасы (Гогичашвили Тенгиз Андреевич, Зимтинг Виталий Николаевич), 99-қурылыс басқармасы (Абаджиев Альберт Араратович, Бархинхоев Маули Ахмедович, Губайдуллин Мухтар Габиденович, Мартыненко Борис Иванович, Казанский Александр Павлович), Орта Азия трансстрой (Азимов Тимур Сайдович) ҳәм Орта Азия строймеханизация (Омельницкий Михаил Александрович) трестлери, 13-мосстрой (Семенов Павел Васильевич, Адейшвили Нодарий Акакиевич), Орта Азия темир жолын жобаластырыў институтының директоры Рузиев Басик Рузиевич ҳәм оның жергиликли қурылыс бөлим-лери СМП-624 (Бабажанов Вячеслав Шарипович, Ибадуллаев Мәдирейим Матназарович), СМП-260 (Салиев Шаўдырбай), 13-межколонна (Сайдов Бекбаўлы), 14-Мостоотряд (Цхе Виссарион Сергеевич), Орта Азия темир жолының Қарақалпақстандағы бөлими (Желтоухов Виктор Михаилович) белсенди қатнасты. Жолдың қурылысына обкомның бюро агзалары Е. Айтмуратов, А.А. Юриц, А. П. Федоров, Қ. Е. Юсупов жолдаслар жүдә белсенди қатнасып, қурылыстың тез питиўине өзлериниң үлесин қосты.

Соннан баслап ҳәмме жүклер Халқабадқа, Шымбайға барып түсетуғын болды. Азық-аўқат өнимлерин, кийим-кеншеклерди, жанармай, ағаш, цемент, минераль төгин, қыйыршық тас ҳәм т.б. ҳәр қыйлы жүклерди тасыў ушын транспортлар Тақыятасқа қатнаўдан азат болды. Халқабадта, Шымбайда РесПОның базасы, нефтбаза ҳәм т.б. тәмийнат мәкемелериниң филиаллары ашылды. Бул оғада үлкен жеңис болды. Бул Қарақалпақстанның халқын жол азабынан толық қутқарыўдың биринши басқышы болды.

Енди нәўбет 26 километр узынлықтағы Газошақ — Ленинжолы темир жолын қурыўға келди. Қубладағы үш районымыз да темир жолдың әжайып мүмкиншиликлеринен пайдаланыўы тийис еди.

Ақыры, бул райондар, жоқарыда айтқанымыздай, барлық жүклерин Шарлаўықтан тасып, көп шығынларға ушырап қыйналып атырған еди.

Газошақ — Ленинжолы темир жолы жобада жоқ еди. Ҳәтте, Түйемойын плотинасының жойбарында да темир жол өткели қаралмаған екен. Соңынан Исмайыл Ҳакимович Жорабековтың жәрдеми менен атлама көпир Түйемойын плотинасының жойбарына киргизилди.

Қулласы, жоқарыда тәрийип етилген барлық имканиятларымызды иске қосып, 1980 — 1982-жыллары бул жолды да курып питкердик. Төрткүл районының Ленин жолы колхозы аймағында жүклерди қабыллайтуғын станция салынды. Солай етип, қубладағы районларымыздың хожалықлары көп машақатлардан қутылды.

Усы пәт пенен 1981-жылы Нөкис — Султан Ўәйис таўы темир жолының курылысын да баслаған едик. Бул жол 1989-жылы питкерилген.

Бизиң мақсетимиз усы жолды Беруний, Елликқала районларының үстинен өткерип, қубла районлардың аймағынан Нөкис—Ташкент пассажир поездын жүргизиў еди. Бул жолдың трассасы белгиленип, 3 километрге бөлинип, Ташгипротранс институты жойбарын ислеп шықты. Тәғдир және маған еки жыл ислеўди бергенде, әлбетте, бул жолды питкериў мүмкиншилиги бар еди.

Мениң мақсетим қубла менен арқаны тығыз байланыстырып, Қаратаўдағы жатқан байлықларды тез өзлестирип, қубла районлардағы палыз, мийўе, овощ молшылығын Нөкис базарына алып келип, халықтың турмыс аўҳалын жақсылаў еди. Бул мақсетти ақырына шекем жеткере алмадым. Бирақ жобалаў ҳүжжетлери толығы менен таярланды.

Соның менен бирге, Қоңырат — Бейнеў темир жолының курылысына да биз белсенди қатнастық. Узынлығы 408 км болған бул линия Чаржаў — Үргенч — Қоңырат магистралын Махат пенен байланыстырыўшы соңғы звено ҳәм Орта Азия республикаларынан Европаға алып шығатуғын екинши қысқа жол. Бизиң республикамыз ушын бул жолдың әҳмийети оғада үлкен. Туўысқан Қазақстан Республикасы менен қарым-қатнаслар бурынғыдан әдеўир аңсатласыўы менен бирге, Москваға бир ярым суткада жетип барыў имканиятын берди.

Қоңырат — Бейнеў темир жолы Қарақалпақстанның экономикасын раўажландырыўда айрықша әҳмийетке ийе болды. Россиядан

келетуғын жүклер он бес-жигирма күн бурынырақ қолымызға қуўысатуғын болды. Сонлықтан, биз бул жолдың қурылысының тез арада питкерилиўиниң тәрепдары едик. Трассаға төрт-бес мәртебе шығып, әсиресе Қарақалпақстанның аймағында, Үстирт кеңислиғинде қурылысшылардың басында болып, оларға азық-түлик, овощ, мийўе, техника ҳәм т.б. жеткерип берип турдық.

Қазақстан менен Қарақалпақстанның шегарасында дослық ушырасыўлар болды. Ол жерге бир неше отаўларды тиктирип, Гурьев обкомының бурынғы биринши секретары Мухамбет Айтуевич Исенов пенен туўысқандай қушақ ашып көрисип, митинг өткердик, еллеримиздиң қысқа, төте жол менен қатнасыўы ушын мүмкиншилик ашылғанын айтысып, есте қаларлықтай ушырасыў болды.

Жуўмақлап айтқанда, 1976—1984-жыллар ишинде Қарақалпақстанның өз аймағында 262,7 километр узынлықтағы темир жол қурылысы питкерилип, пайдаланыўға тапсырылды. Булардан: узынлығы 19 км Тақыятас — Нөкис арасындағы темир жол, Нөкис — Қумшуңғил — Шымбай арасындағы узынлығы 56 км темир жол, Қубатаў менен Жумыртаў карьери ҳәм Тақыятас арасындағы узынлығы 22,4 км темир жол, Газошақ пенен Ленин жолы арасындағы узынлығы 26 км темир жол, 1981—1989-жыллары қурылып питкерилген Нөкис — Султан Үәйис таўы арасындағы узынлығы 79 км темир жол ҳәм басқа да хожалықлар арасындағы (подъездной) бир қатар жолларды атап өтиўге болады. Қысқа ўақыттың ишинде буншама темир жолларды қурыў аңсатлық пенен болған жоқ. Ақыры, олардың ҳеш қайсысы да жобада көрсетилмеген. Олар ушын қәрежет те, рельслер менен шпаллар да, басқа да қурылыс материаллары ушын фонд та, лимит те ажыратылмаған. Соған қарамастан, Қарақалпақстан халқының ийгилиги ушын, оның ертеңги бахытлы турмысы ушын, мийнеткешлерди жолсызлық машақатларынан қутылдырыў ушын жан-тәнимизди аямастан, күнди күн, түнди түн демей, барлық басшылар ҳәм қосшылар үлкен аўызбиршиликти сақлап, бир жеңнен қол, бир жағадан бас шығарып, тарийхта қаларлықтай, журт айта жүрерликтей зор ислерди әмелге асырдық. Усы темир жоллардың ҳәр бир километриниң қурылысын өзим көзден өткерип, басында болдым, қурылысқа жуўапкер азаматлар менен тез-тез ушырасып, талқылаўлар өткердим, қыйын проблемалары болса бар абырай-қәтеремди араға салып шешип берип жүрдим. Мен ҳәр бир истиң сапалы, көзди қуўандырарлықтай

болыўын қәлер едим. Сол ушын истиң барысында өз усынысымды жасап, өзгертип, кеўилдегидей питкериўге ҳәрекет еттим. Мәселен, Нөкистеги темир жол вокзалы жойбар бойынша 150—200 жолаўшыға мөлшерленген. Биз буған қанаатланбадық. Ақыры, Нөкис Қарақалпақстанның орайы болса, бул вокзал республиканың дәрўазасы есабында салыныўы, оғада саўлатлы ҳәм үлкен болыўы керек ғой. Сол ушын мен баслама көтерип, вокзалды 500 жолаўшыға есапланған, ҳәзирги заман талабына сай, барлық коммуникациялары, жолаўшылар ушын қолайлылықлар жаратып берилген үлкен вокзал етип салыў ҳаққында усыныс киргиздим ҳәм буны ис жүзинде талап еттим.

Әлбетте, вокзал үлкен болған сайын оның қурылысы ушын қәрежетлер де көп болады. Бирақ биз буннан тайсалмадық. Қандай қурылыс материаллары табылмаса өзим араға түсип, таўып бердим. Бул жерде де мениң достым Архипцев көп жәрдемлер берди. Ол алюмин витражларды Воронежден әкелдирип берди, басқа да материаллардан жәрдем етти. Вокзалға мрамор менен гранитти аямай жумсадық. Вокзал негизинен үш объекттиң есабынан салынды. Сонлықтан, кең, сулыў, барлық талапларға жуўап беретуғын әжайып вокзал болып шықты. Вокзал питкеннен кейин мен ол жерге Шараф Рашидовты апарып көрсеттим. Ол вокзалдың барлық жағын аралап көргеннен кейин: «Бул Орта Азиядағы ең сулыў вокзаллар қатарына киреди», деп жоқары баҳа берди.

Ендиги жағында Қарақалпақстанда темир жол қурылысы даўам еткендей болса, бул жумыстың тийкары салынды десе болады. Әўладларымызға буннан былайғы темир жол қурылысы жумысларында мол табыслар тилеп, олардың ислериниң сәтли болыўына тилеклеслигимди билдиремен.

* * *

Үлкемиздиң климатынан бийхабар европалылар Қарақалпақстан қублада жайласқан, жазы ыссы, қысы жыллы болатуғын район ғой деп ойлайды. Ал, шынында бизиң үлкемизде ҳәсеттиң мыс қайнаған күнлеринде температура саяда 40—45 градусқа шекем көтериледи.

Ыссы болыўының себеби, бизди Қызылқум, Қарақум ҳәм Үстирт қоршап тур. Қумлар жазда күндиз ҳәдден тыс қызады ҳәм самал бизиң алабымызға жазийрама ыссылықты алып келеди. Ал, қыста қатты суўық болады. Гейбир жыллары ҳаўаның температурасы — 30 градусқа шекем төменлеп, Сибирьдиң суўықларын еслетеди.

Сонлықтан, бизиң үлкемизде қыс айларында халықтың турақ жайлары жыллы болмаса тиришилик етиў қыйын. Миймандос халқымыздың миллий өзгешелигине сай көпшилик үйлерде куман ошақтан шықпай, қайнап турады. Барлық адамлар илажы болғанша аўқатты, шайды өзиниң шаңарағында ишеди. Хожалықлардың басым көпшилиги нанды тандырға жаўып жейди. Қулласы, бизиң халқымыз қысы-жазы от жағып күн кешireди. Буның үстине мектеплерди, емлеўханаларды, балалар бақшаларын, мәкемелердеги жумыс орынларын, моншаларды ҳәм басқа да толып атырған объектлерди отын менен толық тәмийинлеў барлық ўақытта проблема болып келди. Бизиң үлкемизде Россиядағыдай сыңсыған қалың тоғайлар болмағанлықтан, отын таярлаў қыйынға түседи. Нөкис қаласының турғынлары жетер жерде гия шөп қоймай жағып таўысып, 1960-жыллары отынды Тахтакөпирдиң аржағындағы «Томар астаў» деген жерден тасыйтуғын болды. Нөкиске 270 км жерден машинаға сексеўил тийеп, жолсыз далаңлықта 3—4 күн жол жүрип, қарақаншылық пенен қалаға оралатуғын еди. Көпшилик мектеплерде, емлеўханаларда ақбас, боян, жантақ, ғаўашаның пақалы жағылады. Булар отын ба! Жоқтан тәўир демесең жайды қыздырмайды. Орайлық жақлардан әкелинген барлы-жоқлы азғантай көмир талампай болып, адамлардың хожалығы түўе мәкемелердиң көбисине жетиспей қалады. Қулласы, республиканың халық хожалығын, жеке үйлерди отын менен тәмийинлеў оғада мүшкил ис, үлкен проблема болды.

Сонлықтан, 1959—1960-жыллардан баслап елимизди газлестириўге киристик. Суйық пропан-бутан гази менен жанатуғын баллонлы ошақларды қурып, асхана ҳәм т.б. мүтәжликлерди питкере басладық. Бирақ, бул халықтың мүтәжин толық қанаатландыра алмады. Тәбийий газге өтпегенше аўыр жағдайлардан қутылыўдың илажы жоқ еди.

Бизиң халқымыздың бахтына 1963-жылы 4-ноябрь күни «Бухара—Урал» магистраль газ тармағы қурылып, бизиң республикамыздың аймағынан Қызылқум ҳәм Қарақум арқалы тартылып, Әмиўдәрьядан атлап өтип, Арал теңизиниң батыс тәрепи менен Урал индустриялы орайына өзбек газы барып жетти. 1965-жылдан баслап Орта Азия—Орай газ тармағы қурыла баслады ҳәм Бухара—Урал газ тармағының екинши гезеги иске түсти. Мине, усы магистраль газ тармақларының бизиң республикамыздың аймағы

Өзбекистан Президенти Шавкат Мирзиёевтиң
Қ. Камаловқа "Эл-юрт хурмати" орденин тапсырып
атырған пайыты.

Ш. Рашидов ҳәм Қ. Камалов.

Бурынғы Аўқам Жоқарғы Совети Президиумының
баслығы Н.В. Подгорный Қ. Камаловқа "Алтын жулдыз" медалын
тапсырып атыр.

Қарақалпақстан Республикасының 1940-50-жыллардағы басшысы Пиржан Сейитов (оңда) ҳәм Қ. Камалов.



Он жети жыл Қарақалпақстан Республикасы Парламентин басқарған ел ағасы Мәтеке Жуманазаров.

Көп жыл Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесин басқарған ғайраткер ҳәм алым Наўрыз Жапаков (алдыңғы қатарда), тарийх илимлериниң докторы Рзамбет Қосбергенов (оңда) ҳәм Қ. Камалов.

Қ. Камалов, Б. Рахимов ҳәм М. Худайбергенов.

Бурынғы Аўқамның газлестириў министри С. Оруджев
Төртқулге газ апарыў салтанатына қатнасты.

Космонавт П. Попович ҳәм Қ. Камалов балалары менен.

Солдан оңға қарай: Қ. Камалов, Ш. Рашидов, Қ. Нурымбетов ҳәм белгили пахтакеш И. Аллабергенов Елликқаланы өзлестириў дәўиринде.

Бурынғы Қарақалпақстан обкомының бюро ағзалары.

Сол дәуирдегі Қ. Камаловтың жәрдемшиси Ю.А. Журбин

Қарақалпақстанда Дағыстан мәденияты күнлери: алдынғы қатарда Қ. Камалов ҳәм Р. Гамзатов.

Солдан оңға қарай: Ибрайым Юсупов, Қәллибек Камалов ҳәм Шыңғыс Айтматовлар Бердақтың 150 жыллық тойында.

Дипломатиялық хызметте.

Солдан оңға қарай: Қ. Камалов, Мусаханов, Б. Рахимов,
М. Камалов ҳәм басқалар.

Республикамызда ийгиликли дөретиўшилик ислер даўам етпекте. Усындай мәресимлердиң биринде Өзбекистан Республикасы Бас ўәзириниң биринши орынбасары О. Ж. Раматов (оңда), Жоқарғы Кеңес баслығы М. Ерниязов, Министрлер Кеңесиниң баслығы Қ. Сариев.

Жазыўшы Ш. Уснатдинов, Қ. Камалов ҳәм ақлығы Азат Камалов.

Йемен Республикасы премьер министри ҳәм бурынғы Аўқам көлеминде делеғация басшысы Қ. Камалов.

Бангладеш мәмлекетиниң премьер министри Муджибур Рахман ҳәм бурынғы Аўқам делеғациясының басшысы Қ. Камалов.

Мадагаскардағы үлкен сиясий анжуманға Қ. Камалов бурынғы Аўқам делегациясын басқарып барды.

Гвинея-Бисаў мәмлекетиниң ғәрезсизлик алған салтанатына Қ. Камалов бурынғы Аўқамның делегациясын басқарып барды.

Кремльде.

Токиода.

Парижде.

Кисловодскте зайыбы
Любовь Семеновна менен.

Қазақстанлы досты Қәдирбек пенен.

Талантлы қарақалпақ композиторы Нажматдийин Мухаммеддинов пенен сәўбетте.

Ережеп Айтмуратов, Қаллибек Камалов, Чаржаў Абдиров
ҳәм ақлық қызы Гүлжанай.

Жазыўшы М. Нызанов пенен сәўбет.

Ағайин-туўғанлары: (солдан оңға қарай) Тимур Камалов, Пазылбек Камалов, Бердимурат Орымбетов, Қ. Камалов ҳәм баласы Полатбек.

Шанарақлас дослары Шәлекеновлар.

Солдан оңға қарай: Қ. Камалов, Т. Орынбетов, зайыбы Л. Семеновна хәм баласы Полатбек.

Баласы Полатбек хәм иниси Тимур Камалов.

Қ. Камалов.

Л. Семеновна ҳәм Қ. Камалов.

Қ. Камалов ҳәм Л. Семеновна.

Қ. Камалов, балалары Полатбек, Муратбек, қызы Тамара ҳәм келини Рано.

Баласы Мурат, зайыбы Любовь Семеновна, ҳәм Қ. Камалов.

Солдан оңға қарай: қарындасы Зернегүл Камалова, зайыбы Любовь Семеновна, Қ. Камалов ҳәм Лола Сейтова.

Қарындасы Зернегүл Камалова.

Қ. Камалов баласы Мураттың шаңарақ ағзалары менен.

Зайыбы Любовь Семеновна ҳәм ул-қызлары менен.

Баласы Полаттың ҳәм ақлық қызы
Светлананың шаңарағы.

Баласы Мураттың шаңарағы, ақлық баласы Адилбектиң,
ақлық қызы Юлдуздың ул-қызлары.

Баласы Мурат, Қ. Камалов, Л. Семеновна, қызы Тамара ҳәм баласы Полатбек.

Қ. Камаловтың ағайын-туўғанлары

Баласы Муратбектің шаңарақ ағзалары.

Ақлық баласы Әдилбектің шаңарағы.

Күйеў баласы Искендердиң қызлары.

Ақлықлары Юлдуз ҳәм Әдилбектиң балалары.

арқалы жүргизилиўи халық хожалығын тәбийий газге өткериўге мүмкиншилик берди.

Бирақ, бизиң қапталымыздан газопровод өткен менен де оны Орайдың рухсатысыз пайдаланыў мүмкин емес. Отынды, әсиресе оғада қыт жанылғы материал болған тәбийий газди пайдаланыў ушын шөмиштиң тутқасын услап отырған СССР Госпланының руқсаты керек еди. 1960-жыллардың басында еле Урал толығы менен газге өтип болмаған еди. Сонлықтан, газди басқа тутыныўшыларға бериў СССР Госпланы тәрепинен қадаған етилди. Қарақалпақстан аймағында үш компрессор (Хожели, Қоңырат, Үстиртеги Комсомольск) станциясы болды. Олардың басшылары да газден пайдаланыў мәселесин өз бетинше шеше алмады.

Сонлықтан, мен 1965-жылы Москваға барғанда СССР газ санааты министри Алексей Кириллович Кортуновтың қабыллаўында болдым. Алексей Кириллович адамгершилиги күшли, әпиўайы, жүдә саўатлы адам еди. Ол Ўатандарлық урыстың қатнасыўшысы, Советлер Союзының Қаҳарманы, Өзбекистанның Бухара областынан СССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланған. Сессияларда оның менен бирге отырып, жүдә жақсы таныс болып қалып едик. Ол киси өзин «мен өзбекпен» деп айтар еди. Себеби, ол Өзбекистаннан СССРға депутат, ал өзбек ғази бул министрликтиң жумысының негизин қурайды. Ол бул тараўда 1948-жылдан баслап ислеген, қатардағы нефтшиден министр лаўазымына шекем көтерилген адам.

Мен А. К. Кортунов пенен сессияда отырғанда келисип, умытпасам, 1965-жылдың ноябрь-декабрь айларында қабыллаўына бардым. Ол ўақытта СССР газ санааты министрлиги Киров көшесинде КПСС Орайлық Комитетинен узақ емес жерде жайласқан еди. Алексей Кирилловичтиң кабинети жүдә әжайып екен. Кабинетинен жоқарғы этажға айналып жүрип көтерилип шығатуғын басқыш бар екен. Алексей Кириллович мени жақсы қабыллады. Ҳалаўҳал сорастық, шай иштик. Мен оған қандай өтинишлер менен келгенимди баян еттим ҳәм таярлап барған қағазымды бердим. Бул хатта Қарақалпақстанның халық хожалығын ғазлестириўге жәрдем соралған еди. Ол бирден: «Бул мәселени мен шеше алмайман. Бул СССР Госпланының позициясы. Қарақалпақстанды газлестириў ушын жойбар, көп қаржы, көп материаллық ресурслар керек. Бул мәселени шешиў Госпланның ыхтыярында», деп жуўап берди. Бирақ мен Қарақалпақстан шексиз саҳра қумлардың ортасында жайласқан, Россиядағы сыяқлы отынға жарамлы тоғайлардың жоқлығын,

халықтың жағдайларының аўыр екенлигин түсиндирип айтып, қайта-қайта өтиниш етип, жәрдем сорап кабинетинен шықпадым. Көп сөйлесиўлерден кейин ол жибисейин деди ҳәм биринши гезекте Нөкис, Хожели, Тақыятас қалаларына газ тартыў мәселесине келисим берди. Бизди сыйлап, үлкен адамгершилик етип, ақыбетин өзиниң жуўапкершилигине алды, қағазыма қол қойып, мениң өзиме берди. Мен Нөкиске қайтып келгеннен кейин усы қағаз бенен А. А. Юрицти Москваға жибердим. Александр Александрович газ санааты министрлигине барып, мәселелерди шешип, сол жақтан аржағына Ленинградқа жойбарлаў институтына барып, жойбар заказ етип қайтты.

Сол ўақыттан баслап А. А. Юриц газ тармағын кеңейтиў, халық хожалығын газ бенен тәмийинлеў исине басшылық етти. Хожелидеги компрессор станциясы хызметкерлериниң жәрдеми менен 1966-жылы 17-майда Хожели қаласында, ал 21-майда Тақыятас қаласында тәбийий газ жанды.

Нөкиске газ алып келиў жүдә қыйын болды. Бул мәселени шешиў ушын Юриц көп инженерлик мәсләҳәтлесиўлер өткерди.

Биз жоқарыда айтып өткенимиздей, 1966-жылдан баслап, ҳәр жылы бәҳәрде Әмиўдәрьяны Қызкеткен каналының сағасына 150—200 метр төмен жерден шорта байлағанбыз. Мине, усындай ўақытта бөгеттен пайдаланып Юриң Шатлыдағы гипропосттың үстинен Әмиўдәрьядан март-апрель айларында газопроводты өткерди (малое сечение трубы) ҳәм сол труба арқалы газ өткерилди. Солай етип, 1967-жылдың апрель айында Нөкиске тәбийий газ келди.

Бул Нөкис қаласының экономикалық турмысында жүдә үлкен ўақыя болды. Халқымыздың социаллық турмысында да әдеўир жеңилликлер жүз берди. Нөкистеги хожалықларға, санаат кәрханаларына, коммуналлық хызмет мәкемелерине бурынғы түтегиш от орнына тәбийий газ берилди. Ендиги ўазыйпа пүткил Қарақалпақстанды тәбийий газ бенен толық тәмийинлеў мәселесин шешиўден ибарат болды. Бул жүдә аўыр мәселе екенин бир мысал менен айтып берейин.

1970-жылы 14-июнь күни 561-Қоңырат сайлаў округинен СССР Жоқаргы Советине депутат болып СССР Қорғаныў министриниң қурылыс бойынша орынбасары генерал-полковник, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, Ленинлик ҳәм мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты Александр Николаевич Комаровский сайланды. Ол бизиң мәмлекетимизде жүдә абырайлы адам еди. Сталинниң заманында

МГУдың жайын қурған, Сталин менен күнде телефоннан сөйлесип турған белгили басшы болған екен.

А. Н. Комаровскийдиң сайлаўшылар менен ушырасыў жыйналысында Чапаев атындағы, «Раўшан» совхозларына тәбийий газ апарыў ҳаққында оған сайлаўшылардың наказы берилди. Ол бул наказды орынлаўға ўәде берди.

Буннан кейин Александр Николаевич усы мәселе боынша СССР Госпланына, газ санааты министрлигине үш-төрт мәртебе хат жазғаны маған мәлим, себеби ол хатлардың екинши нусқаларын маған жиберип турды. Москвада оның кирмеген тесиги қалмаған. Солай да болса, совхозларға газ апарыў мәселеси үш-төрт жылға шекем шешилмеди. Мени ҳәр көрген сайын Комаровский қапа болып, өзи ушырасқан қыйыншылықларды, такаббыр басшыларға өкпесин айтып беретуғын еди.

Деген менен, Александр Николаевичтиң бизге жәрдеми тиймей қалмады. 1973-жылы 16-декабрь күни Қоңырат қаласына тәбийий газ барды, ал «Раўшан» ҳәм Чапаев атындағы совхозларға газ сәл кейинирек апарылды.

Демек, А.Н. Комаровскийге усаған абырайлы адамлардың қойған мәселеси тез шешилмегеннен кейин Қарақалпақстанды толық газлестириўдиң қаншелли қыйын мәселе екени, буны шешиў ушын оннан да пәтлирек күш ҳәм абырай керек екенлиги түсиникли шығар.

Бирақ, биз бул проблеманы шешпей тынбаўға бел байладық. Мен енди Шараф Рашидовке барып, барлық ислеген ҳәрекетлеримизди, үстимизден газ өтип турса да халқымыздың отынсыз қалып атырғанын айтып, жәрдем сорадым. Сол 1970-жылы бизиң республикамыз мәмлекетке жүдә көп пахта, ғәлле тапсырып, Өзбекистанда үлкен абырайға ҳәм исенимге ийе болған едик. Шараф аға мениң пикиримди толық қуўатлады. Ол «Хаттың текстин өзиң таярлап алып кел, мен қол қояман», деп ўәде берди.

Қысқасы, мен Шараф Рашидович қол қойған қағазды алып, СССР Госпланының баслығы Н. К. Байбаковқа кирдим. Хатты оқып көп ойланып отырды да, Байбаков маған маңлайын жыйырып қарап: «Қаллибек Камалович, сизлер қублада, тропикалық ыссы зонада жасайсызлар ғой. Газ еле Россияға да, Сибирьге де жетпей атыр», — деп өтинишлеримди қабыл етпеди.

Байбаков жумысты питкермеген соң енди қаяққа барасаң? Оннан жоқары инстанция, басқа барар тесик жоқ. Енди газлестириў проблемасын басқаша жол менен шешиўге туўра келди.

Бизиң бахтымызға 1972-жылы сентябрь айының басларында Қоңырат районына «Орта Азия—Орай» газ өткизгишиниң (газопровод) курылысын көриў ушын СССР Газ санааты министри Оруджев Сабит Атаевич 10—15 адам болып келди. Оларды Қурбанбай Әбдирович пенен екеўимиз күтип алдық. Жақсы дастурхан жайдық. Сабит Атаевич — техника илимлериниң докторы, профессор, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, Ленинлик ҳәм мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты, жумыс ислей баслағаннан-ақ газ, нефть пенен шуғылланған, Байбаковы пенен бирге оқып, Азербайжан индустриаллық институтын питкерген, жүдә саўатлы, абырайлы адам. Сабит Атаевичти үлкен иззет-ҳүрмет пенен күттик. Олар кешки саат 9 ларда келди, түнги саат 3 — 4 ке шекем дастурхан дөгерегинде отырдық. Азанда еки самолёт пенен көп қаўын, мийўе, суў, басқа азық-аўқатларды самолётқа толтырып жүклеп, Сабит Атаевич пенен мен, Қурбанбай Әбдиров ҳәм ол кисиниң жәрдемшилери менен бирге Үстирттеги компрессордың курылысына шекем узатып салып, биз бир самолётта қайттық. Екинши самолётты Сабит Атаевичтиң қараўында қалдырдық. Самолётлардың ҳәммеси Нөкис авиаотрядынан еди. Самолёттың пулын төлеўди де өзлеримиз мойынға алғанбыз. Бизиң жайған дастурханымызды, ашық кеўлимизди, терең иззет-ҳүрметимизди көрип, Сабит Атаевич жүдә шад болды.

Мине, сол 1972-жылдың ақырынан баслап, Сабит Атаевич пенен дослық қарым-қатнаслар басланды.

1973-жылы А. А. Юриң, Ж. Алламуратов үшеўимиз Москваға бизиң елимизди толық газлестириўге жәрдем сорап Оруджевке де бардық. С. А. Оруджев бизлерди жүдә жақсы қабыллады, барлық жуўапкерли хызметкерлерин жыйнап, Қарақалпақстанды толық газлестириў жойбарын сызыўға ҳәм ислеўге тапсырма берди. Оның буйырыўы бойынша биринши гезекте Хожели, Тақыятас, Қоңырат, Шоманай, Ақмаңғыт, Нөкис қаласын, ҳәмме санаат орайларын газлестириў тапсырылды. Арқа районларды газлестириў ушын Әмиўдәрьядан үлкен диаметрли труба менен жоқары басымда ислейтуғын атлама газ өткизгиш курылысы тапсырылды. Екинши гезек есабында Сазакино арқалы Төрткүл, Беруний, Елликқала районларын газлестириў көрсетилди, үшинши гезек есабында Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир, Бозатаў ҳәм Мойнақ районларын газлестириў тапсырылды.

Солай етип, бизиң сол барғанымызда С. А. Оруджевтың жәрдеми менен улыўма Қарақалпақстанды тәбийий газ бенен тәмийинлеў

бойынша қурылыс ислери газ санааты министрлигиниң келешек жобасына киргизилди. Бул жумыслардың жойбарын дүзиў Ленинград жойбарлаў институтына тапсырылды. Ол институтқа Жаңабай Алламуратов талай мәртебе қатнап, жойбарластырыўды тезлетиўге еристи.

Соңырақ, 1979-жылы СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар өткерилгенде Шараф Рашидовтың жәрдеми менен Сабит Атаевич Оруджиевти КПСС Орайлық Комитети жазып қойған округинен бизлердиң өтинишимиз бойынша 566-Хожели сайлаў округине өзгертип, ол СССРға бизден депутат болып сайланды. Бул бизиң бурынғы дослығымызды және де тереңлестирип жиберди.

Пайыты келгенде айтайын, 1984-жылы мартта болған СССР Жоқарғы Советине сайлаўларда Усманхожаевтың жәрдеми менен Андижаннан депутатлыққа өтейин деп атырған СССР Суў хожалығы министри Васильев Николай Федорович мениң өтинишим бойынша бизден 568-Шымбай сайлаў округинен СССР Жоқарғы Советине депутат етип сайланды. Бундағы бизиң мақсетимиз Шымбай районының мелиорация жағдайын үзил-кесил дүзетип, пахта жерлерин инженерлик типте планировка етип, районның экономикасын көтериў еди. Тилекке қарсы, мен кетип қалдым, нийетимиз орынланбай қалды.

Ал, Оруджев Сабит Атаевичке келсек, бул инсан дослық себепли болсын, депутатлығынан болсын, бизге қалыс жәрдемин берди. Газ санааты министрлиги СССРдағы ең күшли министрлик еди. Оның өзи жойбарлайды, ресурс бөлип шығарады, өзи қурады хәм өзи пайдаланады. Бул айрықша имканиятларға ийе министрлик.

Қарақалпақстанды газлестириў бойынша екинши гезектеги жумыс Сазакино — Төрткүл газопроводы 2 жыл даўамында қурылып, 1980-жылы август айында пайдаланыўға берилди. Усы куўанышлы ўақыяға байланыслы мерекемизге Оруджев Сабит Атаевичтиң өзи келип қатнасты. Төрткүлдеги көк жалынның өтын Сабит Атаевичтиң өзи жақты. Көп адам қатнасқан митингте Оруджев халқымызға жалынлы сөзлер айтып, елимизге бахыт, абаданшылық тиледи. Қубла районларымыздан шақырылған мийманлар, қала халқы үлкен куўаныш пенен мерекеге қатнасты. Сол күни Қасым Нурымбетов мийманларға үлкен иззет-хүрмет көрсетип, халқымыздың бундай куўанышлы күнлердеги зыяпат дастурханын жайды, мийманларымызды сарпайлап, кеўиллерин хошлап, орынлы хызметлер иследи. Сол үлкен ел дастурханы этирапында

Сабит Атаевич бизиң көрсеткен ҳүрметимизге қанаатланып, оғада кеўилли отырды. Ол сөз арасында мениң Москваға барған сайын оған жолықпай кетпейтуғынымды, қайта-қайта кабинетине кирип, Қарақалпақстанды толық газлестириў мәселесинде жәрдем сорайтуғынымды, бизлердиң арамыздағы қалың дослық қатнасығымызды тәрийиплеп: «Қәлли бизиң кабинетти аяғы менен ашып кире береди», деп досларымыз арасында бизиң абырайымызды жоқары көтерип, өзиниң бизге болған дослық кеўил сезимлерин билдирди ҳәм бизиң елимизге еле де көп жәрдемлер бережағын айтып, ҳәммемиздиң кеўилимизди шадлықларға бөледи.

Сабит Атаевич бул сөзлерди көпшиликтиң ортасында бизди жақсы көргенлигин билдирип, бир жағын ҳәзилге сүйендирип айтса да, екинши жағынан, мениң тынбай халқымыздың мүшкилин аңсатластырыў ушын үлкен адамлардың этирапында пәйик болып шаўып жүрген хызметлериме берген баҳасы ғой деп, мениң де Сабит Атаевичтиң жыллы дослық сөзлерине кеўилим толды. Себеби, бул дослық ҳәм сыйласықлардың нәтийжеси — елимизге келип көк жалын болып турған газ еди, ҳәр бир пуқара хожалығының азада турмыста, қуўанышта жасап атырғаны еди. Ал, бул өз гезегинде мениң көп жыллар даўамында ел басшысы деген исенимди ақлаў ушын ислеп атырған пидәкерлик мийнетимниң баҳасы, биреўлерди аға деп, биреўлерди ини деп, мәмлекетимиздиң қазнасынан үлесимди алып атырғанымның көриниси. Буны халқым дурыс түсине қойса мениң хызметлеримниң жоқары баҳаланғаны болады.

Төрткүлден кейин 1981-жылы август айында Берунийге тәбийий газ келиўине байланыслы қуўанышлы мереке болды. Оған СССР Газ санааты министри Динков Василий Александрович қатнасты. Сабит Атаевич дүньядан өткеннен соң В. А. Динков Хожели округинен СССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Ол киси де бизге көп техникалар, қәрежетлер бөлип шығарып, Қарақалпақстанды толық газлестириў исинде көп жәрдемлер берди. Василий Александрович Динков 1200 миллиметрлик газ трубадан 50 километр узынлықтағы трубаны өзиниң фондынан бизиң сораўымыз бойынша Госпланнан руқсатсыз Түйемойын — Нөкис водоводын салыўға жәрдем ретинде бөлип берди. Тәбийий газди гүллән районларға апарғанша суйытылған газден пайдаланыўға да көп мүмкиншиликлер туўдырылды, бизге керегимизше Оренбургтан суйытылған ғаз жеткерип турды, сондай-ақ оны районларға тасып апаратуғын транспортларды да бөлип шығарды. Бул мәселеде

кемшилик болған жоқ. Усы жерде Қарақалпақресгаздың баслығы Ж. Алламуратовтың гайрат көрсетип ислегенин айрықша атап өтиў орынлы.

Бизлер ислеген жылларда Қарақалпақстанның 90 процент халқы газ бенен (тәбийий ҳәм суйытылған) тәмийинленди. (Соңғы жылларда Оренбуртен суйытылған газ келмей қалыўына байланыслы баллонларға толтырылған суйытылған газден пайдаланып отырған хожалықлар газсыз қалып қойды. Солай болса да, ҳәзирги ўақытта халықтың 80 проценти тәбийий газден пайдаланып атыр. Бул Өзбекистан областьлары арасындағы жақсы көрсеткиш есапланады).

Районларымыздың хожалықлары биринен соң бири газ тармақларына жалғана баслады. Тәбийий газ линиясы Маңғыт қаласына 1982-жылы барған болса, ал 1983-жылы июнь айында шөл қуўарлар қаласы Бостанда көк жалын факели жағылды.

Бул үлкен социаллық өзгеристе Өзбекистан басшыларының аталарша жәрдеми болды. Биринши гезекте Шараф Рашидов қоллап-қуўатласа, екиншиден, Өзбекистан Газ санааты министри Алихан Рахметович Атажанов жақсы жәрдем етти.

Сөзимниң жуўмағында айтайын дегеним, «Есабын тапқан еки асар» дегендей, биз Москвадан ҳәм Ташкенттен өз ўақтында жәрдем алып, Қарақалпақстанның халық хожалығын газлестириўди Россия, Қазақстан, Башқуртстан уқсаған республикалардан бурын баслап, олардан ҳәм Өзбекистанның көплеген областьларынан алда жүрдик.

Солай етип, Қарақалпақстанның ҳаял-қызларын шөпшек, тезек терип, от жағыў машақатларынан қутқарыў сыяқлы үлкен социаллық ҳәм экономикалық әҳмийеттеги мәселе өз ўақтында шешилди.

Ҳәзир республикамыз аймағының ең шетки түпкирде қалған аўылларын газлестириў жумыслары жүргизилип атыр.

Биринши Президентимиз И. А. Каримов елимизди ишимлик суў, газ бенен тәмийинлеў мәселесин үлкен мәмлекетлик дәрежеге көтерип, тезирек Өзбекистанды, қала берди Қарақалпақстанның ҳәмме халқын, халық хожалығын тәбийий газ бенен тәмийинлеў мәселесинде үлкен күш жумсады.

* * *

Мен 1952-жылдың июль айында Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң баслығы болып тайынландым. Ол ўақытта қалалық атқарыў комитетиниң кеңсеси ҳәзирги өрт өшириў командасының

үш бөлмесине жайласқан еди. Баслықтың кабинетинде қәдимги парктегидей скамейкалар қойылып, үстине матрац таслап, ақ таўар менен жаўып қойған екен. Олар көп ўақыттан берли жуўылмай, сарғайып кетипти. Меннен бурынғы баслық Плеханов өзи жақсы инженер болса да мәдениятқа кеўил бөлиңкиремейтуғын адам еди. Плехановты мен жақсы билемен. Екеўимиз бир ўақытта Министрлер Советинде баслықтың орынбасары болып бирге иследик. Ол жүдә тәжирийбели, орта жастан өткен ақсақал адам.

Мен Плехановтан қалған гөне матрацларды, сарғайған ақ таўарларды алдырып үлгермей атырған ўақтымда ертеде ӨзЛКСМ Орайлық Комитетинде ислеген достым Борис Пармузин кабинетке кирип келди. Бурыннан таныс болғаннан кейин апақ-шапақ болып көристик. Комсомолда бирге ислеген ўақытларды еске түсирдик. Ол шайыр еди. Ташкентте Жазыўшылар аўқамында ислейтуғын еди. Бизиң кабинетке келемен дегенше ол Нөкис қаласының бирли-ярым көшелерин аралап үлгерипти.

Борис Пармузин бизиң қаламыздың ҳәм кабинеттиң жағдайын көрген соң маған қарап: «Курица не птица, Нукус не столица» (таўықтың пәрўазы жоқ, Нөкистиң пайтахт көрки жоқ) деп, ҳәзил етти. Ҳәзил болса да бул қатарларда шынлық бар. Бизиң қаламыздың кемшилигин айтып, шайырлық пенен берип турған баҳасы еди.

Шынында да, ол жыллары Нөкисте қурылыс жоқтың қасында болды. Қалада асфальтланған көшелер, тротуарлар жоқ. Қаладағы электростанция тек кеште 3—4 саат ислейди. Ол бир-еки айлап бузылып та жата беретуғын еди. Лев Николаевич Шварц Ташкенттен усы электростанцияға директор болып келди. Мениң өтинишим бойынша Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Баслығы Наўрыз Жапақов Өзбекистан ССР Коммунал хожалық министрлигинен онлаған маман электрикти бир-еки айға Нөкиске алдырып, электростанцияны қайтадан ремонтлап дүзеттирди. Бул иске Шварц басшылық етти. Шварц жүдә мийнеткеш адам. Ол келгеннен кейин электростанция жақсы ислейтуғын болды. Бурын Рябиков директор болған ўақтында электростанция жылына алты ай ислесе, алты ай қарап туратуғын еди. Ал, көшелердиң аўҳалы дым төмен. Жазда орпаң топырақтан, қыста ылайдан автомашиналар зорға жүрер еди. Қалада сол ўақытта орайлық көше деп аталған Карл Маркс көшесинде ҳәзирги банктиң жайы, полиграфкомбинат, аўыл хожалығы министриниң жайы ғана болды. Ҳәзирги Министрлер Советиниң жайының арқа ҳәм күн шығыс жағында

Пединститутттың ҳәм тюрьманың жайы көринип турар еди. Оннан басқа көзге түсетуғын жайлар жоқ десек қәте болмайды. Бурынғы Куйбышев көшесинде еки этажлы ҳәзирги төрт жай, бурынғы Энгельс көшесинде усындай 4—5 жай бар еди. Олардың ҳәммесин Москва қаласының Дзержинский районының қурылысшылары салып берген. 1935—1939-жыллар арасында пайтахттың Төрткүлден Нөкиске көшиўи ҳаққындағы мәселе шешилгеннен кейин Қарақалпақстанның өзиниң қурылысшылары болмағанлықтан, Москва қаласының Дзержинский районы қәўендерликке алып, 2 этажлы көп жайлар қурып берген, Орайда басқа қурылыс болмаған.

Усы жағдайларды көрген Борис Пармузинниң «Нукус не столица...» деп жүргени аз да болса ҳақыйқатлыққа туўра келер еди.

Пайтахт Нөкиске Төрткүлден 1940-жылы көшип келди. 1941-жылы урыс басланды. Урыс ҳәм урыстан соңғы жылларда қалада қурылыс болған жоқ десек қәте болмайды. Ол дәўирде мәмлекеттиң бундай қурылысларға қаржы бөлип шығарыўға құдирети келмейтуғын еди. Себеби, ҳәмме күш ҳәм қаржылар урыстан қыйраған қалаларды қайта тиклеўге жумсалды.

Бирақ, бир жақсы жери, ол жыллары Нөкисте тереклер көп, Министрлер Совети жайының алдындағы Орайлық майданда ерик бағы көзди қуўантып турар еди. Көшелердиң еки бойы қалың тереклик болып, саясы тротуарға түсип, сән берип турар еди.

Мен Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң баслығы болғаннан соң, ең дәслеп, көшелерди асфальтлаў исине киристим. Авғуст-сентябрь айында бурынғы К. Маркс көшесине тас төгип, гудрон усылында (бақаншақ тасларға қара май төгип) асфальт ислеттик. Бул Нөкис қаласындағы асфальтланған биринши көше еди. Бул жумысты сол ўақыттағы Жол қурылысы министрлигиниң қурылыс-монтажлаў басқармасының бас инженери В. С. Калашников иследи. Тротуарларға төселген гөне жарым-жарты пискен гербишлерди алдырып, орнына қайнатылған нефть қуйып, асфальтланған тротуарлар ислей басладық.

Ол жыллары Нөкисте канализация жоқ. Шама менен, қаланың тек 30 процент аймағы водопровод пенен тәмийинленген. Ишетуғын суўды ҳәр бир хожалық көшедеги водоколонкадан алар еди.

Қулласы, 50-жыллардың ақырына шекем Нөкис қаласында көзге көринетуғын қурылыс болған жоқ десек қәтелеспеймиз.

Соң қурылыс объектлери салына баслады. Деген менен, көп жыллар даўамында Нөкистиң көриниси жақсы өзгермеди. Көзге

түсетуғын, қаланы безейтуғын имаратлар жоқтың қасында. Ташкент, Москва, Россияның қалаларына барып Нөкиске келсең, мисли аўылдай сезилип, ызамыз келетуғын еди. Не ушын биз Нөкисти жақсы безелген, архитектураға бай объектлерди қура алмаймыз? Неге жақсы көшелер, кең проспектлер дүзете алмаймыз? Усы пикир бизиң ойымыздан кетпеди. Орайлық қалалар дәрежесине жетпеген менен ҳәзирги заман талабына сәйкес көп этажлы жайлар қурып, Нөкисти сулыў қалаларға айландырыў проблемасы бизиң алдымызда турды.

1950-жыллардың ақырында, 1960-жыллардың басында Нөкис қаласында орайлық көше деп аталған бурынғы К. Маркс көшесинде айырым объектлер, соның ишинде обкомның бурынғы еки этажлы жайы, қалалық партия комитетиниң еки этажлы жайы, почта, үш этажлы мийманхана, ресторан, үш этажлы универмаг ҳәм еки этажлы турақ жайлар салына баслады. Бирақ, бул жайлардың қурылысы көп жыллар даўамында питкен жоқ. Себеби, оларды қурып атырған 166-қурылыс трести жүдә ҳәлсиз, механизмлери де, қурылысшылары да аз, жыллық жобасын 55 — 60 процент әтирапында ғана орынлай алатуғын трест еди. Бул трест объектлердиң тек тырнағын салып, гербишлерин өрип, екинши этажын бастыра алмай-ақ сметадағы ақшасының бәрин пайдаланып, көп зыянда қалып жүретуғыны мәлим. Мен булардың ҳәммесин жақсы билер едим. Себеби, 1953 — 1956-жыллары Коммунал хожалығы министри болып ислеген едим. Сонлықтан, турақ жайлардың қурылысынан хабардар едим.

Нөкисте қурылыс аўҳалы қалалық партия комитетиниң биринши секретары Қутлымурат Сейтмуратов, ал 166-қурылыс трестиниң басқарыўшысы Хожахмет Әбдамбетов болған соң бираз жөнлести. Қутлымурат Сейтмуратов буған шекем еки районда (Қоңыратта ҳәм Шоманайда) райкомның биринши секретары болып ислеген тәжирийбели, саўатлы, алдына қойған мақсетинен қайтпайтуғын хызметкер. Ол қай жерде болмасын ҳәмме ўақыт жемисли ислеп киятырған азамат. Шоманайда биринши секретарь болғанда арқадағы районлар арасында биринши болып пахта жобасын орынламаған «Әмиўдәрья» совхозына директор болып тайынланды, өзиниң искерлиги нәтийжесинде октябрьдиң ақырларында пахта таярлаў жобасын орынлады. Сол ўақытларда бизиң республикамызға келген Шараф Рашидов Қутлымуратқа «Волга» автомашинасын сыйлыққа берди. Ол гезде «Волга» жүдә аз санда ҳәм абырайлы адамлар минетуғын машина еди. Қ. Сейтмуратов «Әмиўдәрья» совхозынан

Қоңыратқа райкомға биринши секретарь болып барып, ол жерде де жобаларын орынлап, республикада көзге көринген, Шараф Рашидовтың нәзерине түскен басшы хызметкер болып жетисти. Ол Қоңыраттан Нөкиске қалалық партия комитетиниң биринши секретары болып келип, 8—9 жыл даўамында жемисли иследи. Қаланың проблемаларын шешиў бойынша ол Ташкентке көп қатнап, дослар арттырды, олардан көп жәрдемлер алып, қурылыс ислерине жеделли пәт ендирип, көплеген объектлерди питкерди. Ол, әсиресе Нөкисте изей суўды жоқ етиў исине басшылық етип, 1968-жылы биринши рет вертикаль скважина қаздырды. Қаланы абаданластырыў бойынша да ол бираз жумыслар иследи. Бирақ соңғы жыллары көбирек аўырып, жылына үш-төрт ай, ал алпысыншы жыллардың ақырына оннан да көбирек емленип жатыўына туўра келди. Ақырсоңы денсаўлығының төменлеўине байланыслы өз арзасы менен аңсатлаў жумысқа өтти.

Қ. Сейтмуратовтың дәўиринде Нөкис қаласында көп жаңа имаратлар қурыўға белсенди қатнасқан Хожахмет Әбдамбетовтың мийнетлери үлкен болды. Ол жүдә саўатлы инженер, ақыл парасатлы, бир исти қолға алса ақырына дейин апаратуғын, жумысқа ҳасла еринбейтуғын, бәринен де бетер қурылысшылардың тилин билетуғын шебер басшы болып жетилисти. 166-қурылыс трестине басшы болып тайынланғаннан кейин Хожахмет бул ақсап қалған трестти аяғына турғызды, көп шала объектлердиң қурылысын сапалы етип питкерди. Қутлымурат пенен биреўи басшы, биреўи қосшы болды, үлкен аўызбиршилик ҳәм сыйласық күш бириктирип, қаладағы қурылыс ислерине көп унамлы өзгерислер киргизди.

Дурыс, бизиң көплеген азаматларымыз Нөкис қаласында қурылысты ҳәўиж алдырыўға салмақлы үлеслерин қосып, тилге аларлықтай хызметлер иследи. Деген менен, Нөкисти пайтахт деген атқа миясар қала дәрежесине жеткериў ушын еле көп машақатлы жумыслар ислениўи, есап-сансыз проблемалар шешилиўи тийис еди. Шынын айтыўымыз керек, мен обкомның биринши секретары болып ислей баслағаннан кейин өзим қаладағы проблемаларды шешиўге көп араласып, бул ўазыйпаларды әмелге асырыўға кириспим. Қалада қурылыс ислерин ен жайдырыў бойынша көп мәселелерди Ережеп Айтмуратов пенен ойласып алатуғын едик. Бизлер биринши гезекте Нөкистеги ДСКның (Жай қурыў комбинаты) куўатлылығын арттырыў керек деген шешимге келдик. Бул ДСК тек еки этажлы жайлар қурыўға ғана шамасы келетуғын үскенелерге ийе еди. Ережеп

Айтмуратов екеўимиз Ташкентке Министрлер Советине, қурылыс бойынша министрликлерге бир неше мәртебе барып, Нөкис жай қурыў комбинаты ушын төрт этажлы жайлар қурыў имканиятын беретуғын үскенелер сорап алдық. Соннан кейин, бул комбинаттың қуўатлылығы артып, қалада төрт этажлы жайлар сала баслады.

Қаламызда көп этажлы, бийик, зәўлим имаратлар қуратуғын ўақыт та келди. Сырттан келген мийманларды қысынбай қабыл етерликтей мийманхана да жоқ. Сонлықтан, 11 этажлы мийманхана қурыўға қарар етип, оның жойбарын ислетиў бойынша сөйлесиўлер жүргизе басладық. Бирақ, бундай көп этажлы мийманхананы қурыўға ӨзССР Госпланының баслығы С. К. Зиядуллаев қарсы болды. Ол Нөкистей кишкене қала ушын төрт этажлы мийманхананың өзиақ жеткиликли ғой деген пикир билдирди. Биз оның бул пикири менен келиспедик. 11 этажлы, төрт ресторан залы бар, комплексли мийманхана салыў ҳаққында Өзбекистан Коммунал хожалығы министрлиги тәрепинен буйыртпа бергиздик. Бул мәселени Өзбекистан ССР Министрлер Советиниң Баслығы Р. К. Қурбанов пенен алдын ала келискенбиз. Е. Айтмуратов екеўимиз еки-үш мәртебе Ташкентке барып, «Ташгипрокоммунпроект» институтының басшылары менен, әсиресе институттың бас инженери (сол ҳаялдың атын умытқаным ушын кеширим сорайман) менен сөйлесип, ҳәзирги «Ташкент» мийманханасының жойбарын ислеў туўралы келистик. Бас инженердиң өзи жойбардың авторы болып, өзи тиккелей басшылық етипти ҳәм тез арада ислеп берди. Бизлер Е. Айтмуратов екеўимиз усы мәселениң изине түспеғенде бундай мийманхана қурыў мүмкин емес еди.

Сол сыяқлы Нөкисте таза театрдың жайын, яғный ҳәзирги көркем өнерлер сарайын қурыў мәселесин де көп қыйыншылық пенен шешиўге еристик. Бул театрдың қурылысының тез ҳәм сапалы питкерилиўинде Шараф Рашидовтың көрсеткен жәрдеми үлкен болды. Бул туўралы сәл изиректе сөз етемен.

Москваға Қарақалпақстанның бурынғы байланыс басқармасының начальниги Турсынбай Оразбаев пенен бир неше мәртебе барып, СССР Байланыс министри Николай Дементьевич Псурцевке, соң усы министрликке басшылық еткен Николай Владимирович Талызинге талай рет кирип сөйлесип, Нөкисте алты этажлы таза Почта-телеграф жайын салыўға келисимин алдық ҳәм жойбарластырыўға жол ашып бердик. Қаламызда қурылатуғын объектлердиң саны кем-

кемнен көбейе берди. Бул ири объектлердиң ҳәр бириниң қурылысын баслаў ушын мен ямаса Е. Айтмуратов араласпаса болмайтуғын еди.

Таза объектлерди жобаға киргизиў, олардың жойбарларын жақсылап дүзиў бир мәселе болса, ал оған қаржы алыў, қыт қурылыс материалларын таўып әкелиў, заман талабына сай, жоқары сапада пардозын бериў — бул да аўыр ҳәм машақатлы жумыс екени қурылысшыларға мәлим.

1965 — 1966-жылларға келип қуратуғын объектлер әдеўир көбейди ҳәм қурылыс мәкемелериниң де мүмкиншиликлери артты. Гезектеги мәселе архитектурасы, сапасы жағынан заман талабына жуўап беретуғын, қаланың көркин шығаратуғын таза типтеги сулыў сәнли имаратлар қурыўдан ибарат еди. Бул мәселени шешиў ушын биз биринши гезекте сол жыллары Өзбекстанда қурылыс министри болып ислеген Суннат Ибрагимовқа барып өтинишлеримизди айттық. Қурылыс трестлерин кадрлар менен беккемлеўди, тәжирийбели, қурылысты жақсы билетуғын, трестке төрели басшылық ете алғандай кадр таўып бериўин сорандық. Ол бизге бурын Бухарада қурылыс трестине басшы болған, бирақ ел ағалары менен келисе алмай кетип қалған Василий Тимофеевич Стефанюк деген адамды усынды. Биз бул усынысты қабыл еттик.

Ҳақыйқатында да, Стефанюк Нөкистеги қурылысларға үлкен өзгерилер киргизди. Шебер шөлкемлестириўши, истиң көзин билетуғын басшы екенин ис жүзинде көрсетти, қурылыс ислерине сулыўлық ҳәм эстетика енгизди, төрт этажлы жайлар қурыўға баслама салды.

1968-жылы Қарақалпақстан жобадан зыят 60 мың тонна пахта берип, Өзбекистанда биринши болып пахта жобасын орынлады. Бизлер сол жылы ферғаналылардың бермеген пахтасын берип, Өзбекистанның пахта таярлаў жобасының орынланыўына үлкен үлес қостық. Шараф Рашидович сонда: «Қаллибек, сизиң пахта жобаны артық орынлағаныңыз ушын бизден саўға — төрт этажлы обкомның жайын қурыўға руқсат беремиз», — деди.

Бул жайды қурыў аңсат болмады. Сол жыллары жер асты суўы жоқары көтерилип кеткенликтен, жай шөкпесин деп оның (тех. этажы менен 5 этаж еди) астынга бир тутас жайылған фундамент қуйдық. Жайдың дийўалы тикленди, бастырылды, әйнек-қапылары қурылды. Енди оны пардозлаўға кирисиўимиз керек болды. Бул жумысты кимге исенип тапсырыў кереклиги жөнинде көп бас қатырдық. Бир шешимге келе алмай көп жүрдик. Нөкистеги өзимиздиң отде-

лочниклер (безеўшилер) еле мол тәжирийбеге ийе емес еди. Олар үлкен қалалардағыдай, ҳәзирги заман талабына сай етип пардоз бере алмас, неде болса Ташкенттен, Москвадан жәрдем сорайық деген ойласық болды. Ақыры, бул халықтың жийи келетуғын дәргайы ғой. Буның үстине қурылысты республикамыз коммунистлериниң үлкен форумы — областлық партия конференциясы болатуғын ўақытқа шекем питкериўимиз керек еди. Конференцияның делегатлары, мийманлар обкомның таза жайын көрип заўыққа бөленсин, Нөкисте сулыў имаратлар салыў усы обкомның таза жайынан баслансын, сол ушын таза қурылыс материалларын пайдаланып, жоқары сапада безеўимиз керек деген тоқтамға келдик.

Сол күнлердиң биринде ӨзССР Жоқарғы Советине Қарақалпақстаннан депутат, ӨзССР Тас жоллар министри, бурынғы Главташкентстройдың бас инженери, соң баслығы лаўазымында ислеген жүдә тәжирийбели қурылысшы Абдухамид Каюмов Нөкиске келе кетти. Кеште Совминниң дачасында сөйлесип отырып, сөзден сөз шығып кетип, бул мәселени қозғадық. Сол ўақытта Абдухамид ака «Безеў жумысларын биз ислеп беремиз» деп ўәде етти. Сол сапары Абдухамид аканың шәртин қабыл алып (ол обкомның бурынғы еки этажлы жайын Жол қурылысы министрлигиниң қараўына бересиз деп шәрт қойды), қол урыстық. Өзбекистан ССР Жол қурылысы министрлигиниң қасында қурылыс ремонтлаў трести бар екен. Сол трестке Абдухамид ака пүткил Главташкентстройдың ең шебер қурылысшыларын жыйнап қойған екен. Көп узамайақ сол қурылысшылар Нөкиске келди, оларды орналастырдық, жақсы жағдай дүзип бердик. Қурылысшылардың ишинде Федя деген грек жигити бар еди. Федяның бригадасында сыбаўшылар, мрамор кесиўшилер ҳәм т. б. маманлар бар екен. Олардың қасында тағы ағашқа жан ендиретуғын қолы гүл, жүдә шебер Анатолий Афанасьевич Кабановтың басшылығында он алты ағаш устағы келди. Булардан басқа да көп тәжирийбели безеўшилер келди.

Обкомның жайының қурылысы менен сол ўақыттағы обкомның қурылыс бөлиминиң баслығы Абдулла Бекманов шуғылланды. Мен ҳәр ҳәптеде бир талқылаў өткерип, қурылысшыларға керек материалларын таўып бериўге жәрдем еттим. Ең кейинги күнлерде 2,5—3 ай бул қурылыс жумыслары менен өзим шуғылландым. Ҳәр бир мастер менен сөйлестим, барлық қурылысшыларға жағдай туўдырып бердим. Сметада жоқ болса да, өзимниң жуўап-

кершилигиме алып, безеўшилерге 1-категория бойынша хызмет ҳақы төлеттирдим.

Ташкенттен көп мрамор, алюмин витраж, хлоро-винилл плиталарын, жақсы паркет ҳәм т.б. қурылыс материалларын алдырттық. ӨзКП Орайлық Комитетиниң Ислер басқармасы баслығының орынбасары Г. А. Аваков бизге не сорасақ таўып берип турды. Жасырыўдың кереги жоқ, ол ўақытта ең қыт қурылыс материалларын бизлер билмейтуғын де едик. Қурылысшылардың өзлериниң сораганын таўып берип турдық. Обкомның жайын ҳәммеге үлги (этолон) етип шыгарасыз дедик.

Мен азанда қурылысқа барғаннан қурылысшылар кеткенше олар менен бирге болдым. Қурылыстың барысын көрип, көп нәрсе үйрендим, топладым. Бул үйренгенлерим маған келешекте жүдә керек болды. Бул тәжирийбе енди қурылатуғын объектлерди безегенде өзиниң пайдасын тийгизди. Мен Кабанов ҳәм Федя менен дос болдым. Олар ҳәмме шеберлиги менен обкомның жайын жүдә жақсылап пардозлады. Сол дослығымыз себепли Кабанов ҳәм Федя мениң сөзимди қыймай Қарақалпақстанда 15 жыл иследи. Ташкентке жибермедим. Олардың ҳәр қайсысына «Волга» автомашинасын бергиздим. Олар мениң сөзимди жықпайтуғын еди. Олар мен Румынияға кеткенше, мени паналап Қарақалпақстаннан кеткен жоқ. Мен басқа иске өткен соң, олар Қарақалпақстаннан кетиўге мәжбүр болган. Оларға мен Нөкистен квартира да бергиздим. Кабанов ҳәм Федя Қарақалпақстанда 15 жыл болған ўақтында көп объектлерди театрды, мийманхананы, университетти, пионерлер сарайын, Министрлер Советиниң дачасын қурды ҳәм т. б. көп объектлерди пардозлап шыгарды.

Обкомның жайы 1971-жылы 15-февральда питти. Ертеңине областлық партия конференциясы усы обкомның конференция залында ашылды. Сол ўақытлары оннан басқа заманагөй салынган басқа зал Нөкисте жоқ еди. Делегатлар обкомның жайы жақсы болып питкенине кеўли толып, үлкен көтериңкилик пенен қуўаныш қушағында отырды.

Обкомның жайының сапалы болып ислегенин соннан билиң, елеге шекем ол ремонт болған жоқ. Қурылғанына шерек әсир болса да, мисли бүгин қурылғандай болып турыпты.

Солай етип, обкомның жайы ҳәммеге үлги болды. Ҳәмме усындай етип имарат қурыўға кириспи. Нөкисте «Белый дом» деп

аты кешкен «Ирсовхозстрой»дың жайы да Жақсылық Палўановтың талапшаңлығы менен жақсы болып питти.

Бизиң қурылысшыларымыз да Кабановтың, Федяның шеберлигин үйренип алыўға ҳәрекет етти. Пўткил «Қарақалпақстан бойлап жақсы безеў менен жайлар қурыў басланды. Ташкенттен, басқа қалалардан көп қурылысшылар Нөкиске топар-топары менен ағылып келе баслады. Федя 4—5 жыл даўамында Ташкенттен греклерди әкелип, олар ҳәмме районлардағы қурылысларда иследи. Егер, олар Ташкентте 1 сом алса, биз 1,5 сом төлеп, оларды жибермей, қурылыстың сапасын жүдә жоқары дәрежеге көтердик.

Обкомның жайын көрген райкомлар ҳәм Нөкис қалалық партия комитети административлик жай сала баслады. Олардың жойбарын өзимиздиң С. Кожурова ислеп шықты. Ҳәмме районларда обкомнан қалыспайтуғын райкомның, райаткомның жайлары салынды.

1964-жылы Қарақалпақстанның 40 жыллық юбилейи Нөкистеги спорт залда өтти. Енди ярым әсирлик юбилейге үш саўға таярлаўға бел байладық: 1) пахта, салы таярлаў жобасын артық орынлаў; 2) Тақыятас плотинасын питкериў; 3) Нөкисте таза́ театр — көркем өнерлер сарайын қурыў. Бул үш ўазыйпа да орынланды. Халықтың интасы, жоқары дәрежедеги шөлкемлестириў уқыбы ҳәм улыўма елимиздеги руўхый көтериңкилик мине усындай қаҳарманлық ислерди әмелге асырды.

Мен енди таза театрдың қурылысына азы-кем тоқтап өтпекшимен.

Театрдың астына фундамент есабында 9 метрлик бетон өрелер қағылды. Бул өрелер фундамент пенен байланыстырылды. Бул бурын бизде көрилмеген ис болған соң қолымызды әдеўир байлады. Театрды обкомның жайынан да сулыў етип шығарыўды қарар етип, Стефанюк пенен бирге ис алып бардық. Жойбардағы полат витраж орнына алюмин витраж қойылды. Фойе 100 процент мрамор менен төселди. Мрамор төсеўшилер Ташкенттен алдырылды. 2-этажға көтерилетуғын басқышқа, залға киретугын дийўалға толығы менен Қарақалпақстанның мраморларын пайдаланып безедик. Усы жерде биз Қуўанышбай Тәжиевтиң үлкен шөлкемлестириўшилик уқыбын, искер басшы екенин айтып өтиўимиз керек. Тәжиевтиң басламасы, мениң куўатлаўым ҳәм жәрдемим менен жоқ жерден Нөкисте мрамор заводы пайда болды. Тәжиев Ташкенттеги мрамор заводынан шыққан гөне үскенелерди алып келип қурастырып, жоқ жеринен завод дүзди. Соның ушын бул мрамор заводына Ш. Рашидовтың жәрдеми менен үш-төрт итальян станогын алып бердик. Усы мрамор

заводы бизиң курылысларымыздың ҳәммесин мрамор, гранит пенен толық тәмийинлеп турды. Соның ушын Қуўанышбайды биз жақсы жағынан тилге алыўымыз, хызметлерине жоқары баҳа бериўимиз орынлы болды.

Главснабтың Қарақалпақстандағы бөлиминиң баслығы Атабай Палўанов театрға керекли оғада қыт курылыс материалларын таўып берип турды. Көркем өнер сарайына сән беретуғын қымбат затларды Стефанюк бизге айтады, биз Атабай Палўановқа тапсырамыз, ал Атабай оларды жердиң астынан болса да таўып әкелетуғын еди.

Театрдың фойесиндеги мрамор жүдә тегис, ортасы еки қара жолақ пенен бөлинип, мисли арнаўлы тоқылған ғилемди төсеп қойғандай етип исленди. Залға кирер жердеги дийўал Қарақалпақстан мраморларының көргизбеси сыпатында әжайып композиция етип безелди. Залдағы тамашагөйлер отыратуғын креслолар Ш. Рашидовтың жәрдеми менен Венгриядан алдырылды.

Жойбар бойынша театрдың пәтиги алюмин листлерден ислениўи керек еди. Ал, бизиң қолымызда алюмин листлер жоқ. Олар тек Челябинскте таярланады екен. Сентябрь айы келип қалды. Ал юбилей ноябрьде өтеди. Ўақыт жүдә тақалды. Не ислеў керек? Албырайын дегенимиз ырас. Мен Челябинск обкомының биринши секретары ҳәм заводтың директоры менен сөйлестим. Қудай берип, олар алюмин листлерди сентябрьдиң басында беретуғын болды. Бирақ, оны поездға жүклеп алып келиў ушын 50—60 күн керек екен. Бизде ондай ўақыт бар ма? Сол ушын мен ТурКВОның командующийси С. Белоножко менен сөйлесип, еки әскерий самолёт сорадым. Ол зор ғенерал еди. Жумысты питкерди. Ол самолётларға Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң баслығы Марат Юсуповты мингизип, Челябинскке командировкаға жибердим. Марат Жуманиязович ҳәр күни маған телефоннан хабар берип турды. Уралдан алюмин листлерди көп қыйыншылықлар менен сентябрь айының ақырында Ташкентке алып келип ҳәм авиазаводқа апарып тапсырдық. Бирақ заводтың директоры Сивец Виктор Николаевич: «Бул алюмин листлерди пәтикке қолайлап таярлап бериў ушын ярым жыл керек, себеби 300 ге шамалас металлдан қәлип қуйып, листлерди штамповкалаў талап етиледи, ал бизде басқа жумыслар да толып атыр,—деп жуўап берди. Енди не қыламыз? Мен илажсыздан Шараф Рашидовқа телефоннан қоңыраў етип, аўҳалды түсиндирип жәрдем сорадым. Ш. Рашидов: «Ертең Сивецке қоңыраў етиң», деп қуўандырды. Ертеңине Сивец пенен сөйлесип едим,

кешеги кейпи жоқ. Биринши ноябрьге шекем буйыртпамызды орынлап беретугын болды. Бирақ, сонда да биз пәтикти питкерип үлгере алмайды екенбиз. Сол ушын завод пенен былай келистик: завод шлиповкалаўды баслай береди, ал биз шыққанын шыққандай Нөкиске әкелип, театрдың пәтигине илдире беремиз.

Усындай қыйыншылықлар көп болды. Мен ҳәр күни азанда Т. Стефанюк, А. Палўанов ҳәм басқа да басшылардың қатнасыўында таллаў өткерип, жыйналған мәселелердиң бәрин шешип беремен, ал ертеңине сол қурақым мәселе өзиниң шешимин күтип турар еди. Қурылыс усындай машақатлы ис. Юбилейге еки күн қалғанда оркестр отыратуғын шуқырдың айналасындағы таянба қоршаўларды қаплайтуғын жасалма тери табылмай қалды. Дәрҳал Г.А. Аваковке телефоннан қоңыраў етип, самолёт пенен алдырып, түнги саат екиде сазлап болдық. Ең кейинги күн түнги саат екиде үйге келдим. Азанда саат сегизде Ш. Рашидов турған поездға (поезд Тақыятастың 14-мостоотряд майданшасында турар еди) бардым. Мине, усындай қыйыншылықлар, уйқысыз түнлер, қысыныспалар бастан өтти. Театр юбилейге таяр болды. Қыйыншылықлар да умыт болды. Жойбар бойынша үлкен залдың дийўалы пленкалар менен желимленген еди. Буны юбилей өткеннен кейин шпонға өзгертип, еки айда қолы гүл Кабанов питкерди.

Қурылыс усындай қыйын ҳәм әдиўли ис. Ол — театр, ол турақ жай, ол — университет. Олар халық ушын хызмет етеди, турмысымызды жаңалайды, қаламызға сән береди. Бирақ машақаты көп. Ш. Рашидов «Қурылысшының үстинен прокурор болманъ, қолыныздан келсе жәрдем етиң» — деп нәсият етер еди. Ҳақыйқатында да, үлкен ақсақалымыз бул сөзлерди даналық пенен айтқан. Бул ўәсиятты мен басшылыққа алдым, ўақтымның тең жарысын қурылысқа бөлдим, қурылыс пенен шуғылландым.

... Нөкис қаласы кем-кемнен қанатын жайып өсе берди. Қалада көзди куўандыратуғын жақсы жайлар пайда бола баслады. Қаланың абаданшылығы да жақсыланды. Қаланың тазалығын сақлаў исинде қалалық партия комитетиниң биринши секретары Рейпназар Әметович Бабаназаров көп хызмет етти. Ол тыным таппайтуғын, жан күйер, ақ көкирек, дастурханлы, ақыллы, елдиң патриоты ҳәм ақсақалларының бири еди. Оннан ҳеш ўақытта жаманлық шықпас, қолынан келсе жақсылық ислейтуғын азамат болды. Ол өз исине жүдә берилип иследи. Сонлықтан, халқымыздың сүйикли перзенти сыпатында оның руўхы бизиң жүрегимиздиң төринде сақланады.

Р. Бабаназаров ҳәр күни азанда саат 6 да турып, 9 ға шекем қаланы бир айланып шығады. Қалаға аўыл хожалық фондынан 15 трактор, 15 тележка бөлип бердик. Олар көшелерге бөлинип, ҳәмме сыпырындыларды жыйнап, қаланың сыртына апарып таслар еди. Бабаназаровтың ўақтында қала жүдә азада еди. Азанда 6 дан 8 ге шекем ҳәмме жерге суў себилер еди. Ол Башқуртстанға барып, нефтебитум алып келип көшелерди жылда асфальтлатты. Бабаназаров усындай унамлы ислерди көп иследи.

Қалада проблемалық мәселелер жүдә көп. Солардың бири — жай қурыў комбинаты (ДСК) болып, ол 50 мың кв. метр жай салыўға масластырылған. Және бир жаман жери — блоктан салынған жайлардың дийўалының қалыңлығы 30,0 см еди. Бул қубла зонаға қолайластырылған. Ал, биз арқа зонаға киремиз. Бизде қыста суўық, жазда ыссы болады. Сонлықтан, биз биринширен, ДСКның қуўатын 100 мың квадрат метрге, ал блоктың қалыңлығын 40 сантиметрге көбейтиўимиз керек еди. Оны Ташкентте шешиў қыйын болды. Биз көп мәртебе Узгосстрой, Узминстрой менен сөйлесип, бул мәселени шеше алмадық. Ең кейнинде Москваға барыўға туўра келди. Мен Р. Бабаназаровты алып, Москваға кеттим. Екеўимиз СССР қурылыс министри Караваев Георгий Аркадьевичке кирдик. Оған ҳәмме аўҳалды түсиндирдик ҳәм үш өтинишимизди айттық. 1. ДСКның қуўатын 100 мың квадрат метрге көтериў. 2. Жайлардың дийўалының қалыңлығын узақ арқадағыға теңеў ямаса 40 см қалыңлықта шығарыў. 3. Оны үскенелеўде Россиядағы бир ДСКдан жәрдем алыў.

Биз өзимиз бенен Нөкис ҳаўа райын бақлаў бюросынан справка алып кетип едик, оны Караваевқа көрсеттик.

Караваев көп жәрдем етти, өзи Нөкиске еки мәртебе келди. ДСКның қуўатын 65 мың квадрат метрге жеткерип берди. Бизди қәўендерликке алыўды Калининск қаласындағы ДСКға бекитти. Калининск қаласына Бабаназаров барып қайтты. Калининсктеги ДСКның директоры бизге келди, мен оларды қабыл еттим. Олар Бабаназаров пенен аңға шығып, доңыз атып алып, елине қуўана-қуўана кетти. Биз Москвада Рейип Әметович пенен СССР Госстройына кирип, 40 см қалыңлықтағы дийўалға руқсат алдық. Ҳәзир дийўалдың қалыңлығы 40 см болыўы керек.

Нөкистеги исленген және бир үлкен жумыслардың бирин айтайын. Бул Ш. Рашидовтың басламасы менен болды. Нөкисте Өзбекистанның коммуналь хожалық хызметкерлериниң көргизбели

семинары өткерилетуғын болды. Буған таярлық 1975-жылдан басланды. ӨзКП Орайлық Комитетиниң секретары И. Г. Анисимкинниң басшылығында коммуналь хожалық министрлигиниң, финанс, қурылыс ҳәм аўыл хожалығы министрликлериниң орынлардағы басшылары келди. Семинар өткериўге келисилди. Оған таярланыў ушын Ташкент 3,0 миллион сом қосымша қаржы бөлип шығарды. Оны Минфин бизге тез өткерип берди. Семинарға таярлық деп Атабай Палўанов фондтан зыят көп мың тонна ақ цемент алып келди. Мрамор усағының қоспасы ҳәм ақ цемент пенен Нөкисте ҳәмме жайларды сыбап, миллий нағыс пенен безеп шықтық. Бул имаратларға әжайып сән берди. Блоктан қурылған жайлар тағы бес сантиметрге қалыңлады, сонлықтан қыста жыллы, жазда салқын болды. Мрамор усағы, ақ цемент пенен сыбалған жайлар изей өткермейди, өмири узаяды, шыдамлы болады. Шараф Рашидовичтен өтиниш етип, семинарды үш мәртебе изге көширип, ҳәр сапары үш млн сомнан 9 миллион сом қосымша ақша алып, Нөкистеги ҳәмме жайлар ақ цемент ҳәм мрамор усағы менен сыбалды. Көргизбели семинар болған жоқ, бирақ болады деп көп ис исленип қалды. Сол жыллары қаланың шырайы шығып, жасарып, көркейип қалды. Бул да Өзбекистан ҳүкиметиниң, Ш. Рашидовтың аталық гамхорлығы еди. Сол ушын үш жыл ишинде қала көшелерине үш мәртебе ыссы асфальт төселип, жоллар тәртипке түсти, қаланың санитариялық жағдайы жақсыланды. Еплеп турган жайлардың өмири узайды, мийтиндей мрамор усағы менен сыбалғаннан кейин жайлар изей суўды өзине тартпайтуғын қәсийетке ийе болды. Қаладағы объектлер усы усылда сыбалғанда Ташкенттен мыңға жақын греклер Нөкисте иследи. Тәртип бойынша Нөкис сырт ел адамларына жабық қала. Өзбекистанның Ишки ислер министри генерал Яҳьяев төрт жыл қатарына греклерди Ташкентке қайтар деп дәбдебе урды. Бизиң министримиз Ү. Өтемуратовты буйрығымды орынламасаң лаўазымыңнан босатаман деп қорқытты ҳәм греклерди тез қайтарыўды талап етти. Биз оған көнбедик. Греклер ислеўди даўам ете берди. Өтемуратовтың өксигин бастырып, «обком бизиң айтқанға көнбей атыр» — деп телеграмма бергизип қоя бердик.

Нөкисте ҳәм районларда ислеген ташкентли орыс ҳәм ғрек ағайинлер қурылыс мәдениятын жоқары дәрежеге көтериўге жәрдем етти ҳәм жергиликли қурылысшыларды сапалы ислеўге үйретти. Ис усылын өз көзи менен көрген жергиликли қурылысшылар, әлбетте,

өзлериниң усталығын асырды. Бул үлкен утыс болды, қурылысқа революциялық өзгерис киргизди.

Университет жайының қурылысы Нөкистеги ең тез салынған ҳәм гөззал объектлерден болды.

Москвада болғанымда мен СССРдың Жоқары ҳәм орта билим бериў министри В. П. Елютинге университет жайының қурылысын бир жылда питкериўге ўәде еткен едим. Ол киси мениң ўәдеме исенбей, сөзимди күлкиге алған еди.

Республика ушын университеттиң әҳмийетин айтып отырыўдың кереги жоқ шығар деймен. Университет тек жаслар ушын ғана емес, ал елимиздиң келешеги ушын ҳаўадай зәрүр оқыў орны болып, билимли әўладлар таярлап бериўде роли оғада үлкен. Университетти ашыўға руқсат алыў, КПСС Орайлық Комитетиниң қарарын шығартыў жүдә қыйын ис болды. Ол ҳаққында да кейинирек баян етемен. Ал, ҳәзир сөз қурылыс ҳаққында.

Университеттиң жайы азы-кем өзгерислер киргизилип, бурынғы пединститутқа таярланған жойбар бойынша қурылды. Оның жойбарын Москвадағы ВУЗлардың жайын жойбарлайтуғын институт дүзди. Бул институтқа мен еки мәртебе бардым. Биринши рет Омар Бөлешов пенен, 2-рет Тәжен Изимбетов пенен. Барғандағы мақсет университетке сәйкес жобаны таллаў ҳәм жойбарды тезирек питкериў еди. Еки мәртебе де жойбарлаў институтының директоры Градов қабыллады. Олар ўәдесиниң үстинен шығып, 1975-жылға жойбар таярлап берди. 1975-жылдың ақырында таярлық жумысын ислеп, 1976-жылдың басынан қурылыс қызғын басланып кетти.

Университеттиң қурылысын тез ҳәм сапалы питкериў ушын мен республикадағы бар күшлердиң ҳәммесин топладым. Ташкенттен де керегинше жәрдем алдық. Университеттиң жүдә сапалы болып қурылыўы ушын биз барлық уқыбымызды жумсадық. Сондай мақсет қойдық, университет Қарақалпақстандағы ең сулыў, миллий калоритке бай, заманағөй имарат болсын, бизиң әдиўли перзентлеримиз университет қапысынан кириўден-ақ оның мраморлар төселген айнадай жылтылдаған еденин, миллий нағыслар менен әжайып етип безелген дийўалын, сийрек гезлесетуғын материаллардан исленген әйнек-қапыларын, тағы-тағыларын көрип, дүньяға көзқарасы өзгерсин, руўхый ләззет алсын деген мақсетти гөзледик. Университетте жасларды алымларымыз ғана емес, оған қосымша университеттиң имаратының өзи де тәрбияласын деген мақсетти алдымызға қойдық. Усы мақсетти орынлаў ушын

университет қурылысына ең уста, қолы гүл, тасты, ағашты сөйлете билетуғын қурылысшыларды таңлап алдық. Жетпегенин Ташкенттен әкелдик.

Жойбар бойынша университеттиң қурылысында мрамор, гранит қолланыў қаралған жоқ еди. Ол ўақытта А. Н. Косыгинниң қолы қойылған буйрық пенен бундай объектлерге қымбат баҳалы қурылыс материалларын қолланыў қадаған етилген еди. Ол қарарлар ҳәмме Банклерге мәлим. Соған қарамастан, қорықпай университет қурылысына 10 мың квадрат метрге жақын мрамор, қызыл гранит пайдаландық.

Университеттиң вестибюлинде мраморға нағыс ойдық. Бул аңсат ис емес. Оған көп ўақыт, көп қаржы керек. Бирақ биз кәрежетти емес, ал истиң питиўин ойладық. Стефанюк жақсы адам еди. Бул мәселеде ол мениң тәрепимди алып, пикиримди қоллап-қуўатлады. Университеттиң қурылысына Абдулла Бекманов ҳәм Нурутдийн Азановлардың қосқан үлеслери үлкен болды.

Қурылыс күни-түни тынбастан алып барылды. Қурылысшылар еки-үш сменада иследи. Университетти жаңа оқыў жылына таяр етиў ушын мен өзим июнь, июль, август айларында үш ай даўамында басқа жумысларымды қойып, кабинетти қурылыстың басына көширип, азанғы саат 7 ден түнги 11 — 12 ге шекем қурылысқа басшылық еттим. Республиканың ҳәмме қурылысшылары белсенди қатнасқан бул қурылыстың ең соңғы жумыслары 20-август күни исленип болынды ҳәм университет жаңа оқыў жылына таяр етилди.

Булардың ҳәммесин сүўретлеп, оқыўшылардың ўақтын алмайақ қояйын. Университеттиң қурылысын сегиз айда питкердик. Сапасы жағынан оған тең келетуғын имарат Қарақалпақстанда жоқ. Университеттиң ашылыўына мийман болып келген Киев университетиниң ректоры, академик Белый маған «Бул университет емес, ал жоқары мәденияттың, илим ҳәм көркем өнердиң сарайы ғой», — деди.

Авғуст айында Ш. Рашидов Чехословакияда Карловый Варда дем алып атыр еди. «ВЧ» арқалы телефоннан қоңыраў етип, оны университеттиң ашылыўына мирәт еттим. Ш. Рашидов бараман деп ўәде берди ҳәм ӨзКП Орайлық Комитетиниң бюро ағзалары менен бирге Нөкиске 20-август күни Ташкенттен ушып келип, бурынғы СССРдағы 65-университетиниң ашылыўына байланыслы салтанатлы митингке қатнасты ҳәм Қарақалпақстанның халқын жаңа билим орайы менен қутлықлап, сөз сөйледи. Сол салтанатлы

митингке Хорезм обкомының биринши секретары Мадьяр Худайбергенов, Ташаўыз обкомының биринши секретары Байры Атаев қатнасты, екеўи де қутлықлаў сөз сөйледи.

Университет салтанатлы түрде ашылды. Шараф Рашидов ҳәм Орайлық Комитеттиң бюро ағзалары университеттиң қурылысын көрип таң қалысты. «Қысқа ўақыттың ишинде усындай әжайып имаратты питкерген азаматлар мәңгиге аман болсын» — деп мақтаў сөзлер айтып, шын кеўиллеринен қуўанысты. Шараф Рашидовичте сондай бир жақсы қәсийет бар еди, ол усындай жақсы қурылған объектти көрсе баладай қуўанып қалатуғын еди. Бул сапары да кеўили хош болып, қурылысшыларға рахмет айтты.

Университеттиң улыўма көринисин, вестибюлин, аудиторияларын, миллий нағысларды, мрамор, қызыл гранитлерди реңли сүўретке алдырып, жақсылап альбом дүзеттирип, бир данасын Тәжен Изимбетов арқалы Москваға В.П.Елютинге жибердим. Өз сөзимиздиң хожасы екенимиздиң дәлили ретинде альбомды қабыл етиң, деп кишкене хат жазып жибердим.

Соннан кейин Вячеслав Петрович пенен дос болып кеттик. Ол мениң барлық өтинишлеримди орынлайтуғын болды. Сол дослықтан пайдаланып, көп жасларды Москвадағы институтларға лимит арқалы киргизиўге жәрдем еттим.

Университеттиң қурылысы сметада көрсетилгендегиден 3,5 миллион манатқа қымбатқа түсти. Оны Өзбекистан ССР Министрлер Совети төледи. Сол сыяқлы «Ташкент» мийманханасын, пионерлер сарайын, темир жол вокзалын қурғанда да жоба ҳәм смета бойынша мрамор, гранитлерди қолланыў қаралмағанлықтан, олардың да баҳасы қымбатқа түсти. Биз жергиликли материал деген сылтаў менен оларды керегимизше пайдалана бердик.

Нөкис қаласында көп этажлы сулыў проспектлер қурыў нийети бирдейине мениң ойымда бар еди. Өны әмелге асырыў тек 1979-жылы ғана бизге несип етти. Бурынғы архитекторлардың сәтсиз жойбар дүзиўи себепли Төрткүл жол гүзары бир этажлы меншик жайлардан ибарат болып, олардың қыйтақ жерлери жол тәрепке қараған еди. Егер Төрткүл жол гүзары менен жүре қойсаңыз тәртипсиз қурылған малханалар менен ҳәжетханалардан басқаға көзиңиз түспейтуғын еди. Елимизге үлкен қонақлар келгенде сол көшени ағаш тахтайлар менен қоршап шығатуғын едик. Бизиң бул қоршаған ағашларымыз бир-еки ай турмастан-ақ жоқ болып кете берер еди. Қонақлар ҳәр келген сайын көшениң бул тәрепин ағаш қоршай бериў ушын үлкен

бир Тайга керек. Бул аўҳал жүдә жанымызға тийип кетти. Соның ушын биринши гезекте Төрткүл жол гүзарын сазлаў бойынша жойбар дүздирдим.

Ал, енди отырықлы адамларды көшириў, олардың жайларын бузыў аңсат ис болмады. Көп сөйлесиклер өткерип, көшетуғын адамларға жайының қунын еки-үш есе қымбатына төледик, коммунальлық квартира бердик, жай салғысы келгенлерге жер ажыратып, кредит пенен пул бериў мәселесин шештик. Соннан кейин обкомның ҳәм Министрлер Советиниң қарары менен «Қарақалпақстанның 60 жыллық мерекесине 60 жай» деген уран көтердик ҳәм оны әмелге асырыў ҳаққында қарар қабыл еттик. Бул жайларды қурыў ушын қәрежет те, материаллық ресурслар да, Ташкенттиң руқсаты да жоқ еди. Соған қарамастан бес этажлы, ылғый тас ғербиштен өрилген, бир-бирине уқсамайтуғын етип пардозланған сулыў жайлар, үлкен қалалардағыдай кең бир-еки проспект салыўға киристик.

Ең алды менен өзимиздиң жойбарлаў институтымыз көп этажлы, биринши қабаты дүкән ҳәм т.б. хызмет көрсетиў ушын арналып, ҳәр бири 55—100 квартиралы жайлардың жойбарын ислеп шықты. Бул турақ жайлардың пәнжирелериниң сүўретин Карим Молутов ҳәм басқа архитекторлар иследи. Олардың ҳәр бирин өзим көрип, мақуллар едим.

Бул жайларды қурыўға кириспестен алдын мен Атабай Палўанов пенен бирге 1979-жылдың декабринен баслап ҳәр жылы СССР Министрлер Совети Баслығының орынбасары, Госснабтың баслығы Николай Васильевич Мартыновқа кирип, Нөкисте жер асты изей суўлардың ақыбетинен жайлар қулап атырыпты деп өтинишимизди айтып, жалынып-жалбарынып, қурылыс материалларын сорайтуғын едик. Ҳәр жылы 7—8 мың тонна металл, көп муғдарда цемент, ағаш, шийше, алюмин прокат алып турдық. Қулласы, Мартыновтың 1979—1983-жыллары ишинде қурылыс ушын зәрүр болған көп қурылыс материалларын алдық. Атабай Палўанов шаққанлық етип, Мартыновтың бөлип шығарған материаллық ресурсларын нарядлар бойынша тез алып келип жүрди.

Биз 60 жайды Қарақалпақстандағы гүллән трестлердиң ҳәр қайсысына төрт-бес жайдан бөлип бердик. Жайлардың тырнағына қойылатуғын блокларды, плита проекциясын, пәнжирелерин Нөкис темир-бетон буйымлары заводының директоры П. В. Ткаченков қурылысшылардың буйыртпасына қарай ислеп берип турды. Госснабтың баслығы А. Палўанов ҳәр бир 5 этажлы жай салып

питкерген трестке жумыс көлемине қарай ресурс берди. Алпыс жайдың ҳәр қайсысына жумсалған қаржы 750 мыңнан бир-бир ярым миллион сомға шекем баратуғын еди. Жылдың басында қурылатуғын ҳәр бир жайға 50 мың сом ақша қаралатуғын еди, бирақ материаллық ресурсларды өзимиздиң Госснаб берип турды. Темир-бетоннан қуйылатуғын барлық деталлар өзимиздиң заводлар тәрепинен таяр етилди. Нөкистеги ғербиш заводы ҳәр күни өзи ислеп шығарған гербишлердиң барлығын, Хожели гербиш заводы 35—40 мың, Қоңырат гербиш заводы 20 мың гербиш берип турды.

Мен ҳәр он күнде бир мәртебе қурылыстың басында барлық қурылысшылардың ҳәм тәмийинлеўшилердиң қатнасыўында талқылаў өткердим, келисим протоколын дүздик. Протоколды сол ўақыттағы обкомның бөлим баслығы А.Х. Асанов жүргизип, соң қадағалаўға алар еди. Мен жоқ ўақытта қурылысқа А. Бекманов басшылық етип турды.

Қурылысшылар жүдә жақсы ислеп, ҳәр жылы бир-еки жайды пайдаланыўға тапсырды. Стройбанк, Госбанк қарсылық көрсетип, Ташкентке жазып, жобасыз жайлар қурып атыр, деп шағым етип, мазамызды алып жүрди. Бирақ, биз бундай ғәплерге қулақ түрип отырмастан, қурылысымызды даўам ете бердик.

Қурылысшылар бизиң ибратлы ислеримизди, қатаң қадағалаўымызды ҳәм жақсы тәмийнатымызды көрип, зор ғайрат пенен иследи, ўәделерин орынлап, алғыс алыўға миясар болды.

Жылдың ақырында Өзбекистанда өзлестирилмей қалған қаржылар есабынан трестлерге тийисли ақша төленетуғын еди. Ташкент тек ақша берип, норматив бойынша тийисли ҳәр миллион сомға ири қаржыға материаллық ресурсларды өзинде қалдырар еди. Сонлықтан, бул жайлар жобасыз, бизлердиң, яғный Обкомның, Министрлер Советиниң басламасы бойынша қурылған жайлар болып есапланады.

Бул жайлар бираз проблемаларды шешти:

1. Пискен гербиштен өрилген, төрт-бес бөлмеден ибарат, жыллы турақ жайлар.

2. Дүкәнлар, көргизбе, аптека, оптика ҳәм халыққа мәдений ҳәм турмыс хызметин көрсететуғын басқа да объектлер көбейди.

Мен Румынияға кетемен дегенше 55 жай қолға алынып, солардың ишинен 50 жай питкерилип еди. Еки проспекте Төрткүл гүзарының бойында, бурынғы Калинин проеспектинен темир жол вокзалға жақын тәрепте усындай жайлар салына баслаған еди.

Октябрь көшесинде, Шымбай гүзарында, Максим Горький, Ленин, Гоголь проспектлеринде усындай тас гербиштен өрилген бес этажлы жайлар қурыўды тәмийин етермиз деген үмитте едик. Бул туўралы ӨзССР Министрлер Советиниң Баслығы Н. Худайбердыевтиң ҳәм ӨзГосстройдың келисимин де алып едим. ӨзГосстрой қағаз жүзинде руқсат та берди. Бирақ, бул жобалар иске аспай, мен Румынияға басқа жумысқа кетип қалдым.

Мине, усы қурылыста В. Т. Стефанюк, Х. Р. Режепов, Е. У. Тәтибаев, Ж. С. Суюнов, Д. Якубов, Т. К. Камалов, Х. Абдамбетов, Л. И. Бурд, А. Палўанов, П. В. Ткаченков, А. Бекманов, А. Х. Асанов, К. Молутов, Цхай ҳәм т. б. жолдаслар үлкен азаматлық хызмет етти. Обкомның шақырығын дурыс түсинип, жанын аямай, қатты ислеп, жақсы, сулыў, заманагөй жайлар салып, қаламыздың сәнине сән қосты.

Мен қурылысшыларды айрықша ҳүрметлеп, оларды өзиме тартатуғын едим. Елимиздиң абаданшылығы, экономикасының өсиўи соларға көп жағынан байланыслы деп, оларға үлкен исеним көрсететугын едим. Ҳақыйқатында да, жаңа дүньяны, таза турмысты дөретиўшилер қурылысшылар ғой.

Нөкис қаласының 60 жыллық мерекесине байланыслы сөйлеген сөзинде Биринши Президентимиз И.А. Каримов мынадай деген еди «Нөкис — саҳрада адамлардың қолы менен салынған естелик ҳәм ол ҳәзир алмаздың барлық қырлары менен жарқырап тур.

Бүгин танымаслық дәрежеде қайта өзгерди. Өз исин сүйетуғын көплеген адамлар оған үлес қосты, булардың арасында ақсақал Қаллибек Камалов бар, ол Қарақалпақстан пайтахтының гүллениўи ушын көп илажлар иследи»[1].

Ҳүрметли Президенттиң берген баҳасы мениң ушын үлкен мәртебе ҳәм менде үлкен қуўаныш сезимин пайда етеди.

Мениң қуўатлаўым бойынша соңғы шақырықларда қурылыс трестлериниң басқарыўшылары ҚҚАССР Жоқарғы Советине депутат етип сайланды. Бурын министрлер депутат болса, енди қурылысшылар, жаңа дүньяны, таза турмысты дөретиўшилер, елимиздиң сулыў келешегин бинә етиўши адамлар Жоқарғы Совет депутаты, обкомның ағзасы болып сайланып жүрди. Және бир нәрсе — обкомнан жылына 2—3 «Волга» машинасы халық хожалығына берилер еди. Мен ол машиналардың ҳәммесин қурылыс трестлериниң басшыларына бергиздим. Елимиздиң гүллениўи,

[1] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 1992-жыл, 24-декабрь №214 (16133).

бахыт-ығбалы ушын аянбай, ҳадал хызметлер ислеген жигитлерди қоллап, оларға қанат байлар едим, исте өзин көрсеткен азаматлардың қәдир-қымбатына жетер едим.

70-жыллардың орта гезинде МО (Қорғаныў министрлиги) әскерлериниң үлкен бир бөлимин бизде дислокация етиўге уйғарды. Министрликтиң басқарма начальниги бизге келип, көп сөйлесиўлерден соң Нөкисте әскерий гарнизон салына баслады. Оған Степанов начальник болып таярланды. Оның айтыўы бойынша олар Нөкисте өз алдына әскерий аэродром, ушыў майданын курамыз деп жобаластырды. Биз ол пикирге қосылғанымыз жоқ. Биз сол Қорғаныў министрлигиниң жәрдеми менен пуқаралар ушын ушыў майданын қурыўды талап етип турып алдық.

Усы мақсетти иске асырыў ушын мен Москваға Қорғаныў министриниң қурылыс бойынша орынбасарына Ш. Рашидовтың хатын апарып, Нөкисте ушыў майданын қурыўға руқсат алдық. Тез жойбарын ислетип, 18 млн сом туратуғын, мәңги хызмет ететуғын ушыў майданын қурыўға киристик. Бул объекттиң басында Е. Айтмуратов басшылық етип турды. Объектти бизиң жол қурылысы министрлигимиз қурыўға кириети.

Ушыў майданына төселетуғын бетон плиталарды Байқонур өз ўақтына бермей көп ирикти. Бирақ, Е. Айтмуратов төрт-бес мәртебе Байқонурға барып, генераллар менен тартысып, плиталарды өз ўақтында алып келип турды. Бул бетон плиталар 500 маркалы цементтен исленген, космослық техникалардың салмағына шыдам беретуғын, мәңги туратуғын, қәлеген түрдеги самолётты қабыл ете алатуғын еди.

Булардан басқа да Нөкисте емлеўханалар, мектеплер, балалар бақшалары, техникумлар, оқыў базалары, көп сандағы өндирис объектлери қурылды. РесПОның, Сельхозтехниканың, автотресттиң, ғәлле өнимлери басқармасының, ҚҚводстрой, ҳәзирги ҳәкимияттың заманагөй административлик жайлары салынды.

Нөкисте 100 мың квадрат метр турақ жай салыў мүмкиншилигине ийе екинши жай қурыў комбинаты салынды. Мрамор заводы кеңейди, ҳәк заводы қурылды. Сол сыяқлы үшинши ДСК — турақ жай қурыў комбинаты Тақыятаста қурылды. Солай етип, басқа областьларда ДСК биреўден ғана болса, ал бизде үшеўи салынып, олар жылына 270 млн квадрат метр турақ жай салыў куўатына ийе еди.

Нөкис қаласы толық газлестирилди. Водопровод тараўлары кеңейди. Қала қанатын жайып, Орақ Балға, Гербиш завод, Шегиртке қарсы гүресиўши экспедиция (Саранча) деген таза поселкалар пайда болды. Ҳәзир Нөкис 270 мың халық жасайтуғын, 12 мың гектар жерди ийелеген, пайтахт деген атқа ылайық үлкен қалаға айналды[1].

Бул унамлы өзгерислер соңғы 25—30 жылдың ишинде жүз берди.

Мен енди Нөкис қаласының кешеги ҳәм бүгинги аўҳалына байланыслы тағы бир әҳмийетли проблемалар ҳаққында сөз етпекшимен.

Елиўинши жыллардың басында бизиң пайтахтымыз кишкене ҳәм жас болса да, Өзбекистандағы ең терекли, саяманлы қала есапланар еди. Көшелердиң бойы, қаладағы парклар, ҳәр бир хожалықтың үй қапталы жериндеги мийўе ағашлары, ғүллер зейниңди ашып, көрер көзге жарасықлы болып турар еди. Сол жылларда Ташкенттен ҳәм басқа жақлардан келген адамлар ҳайран қалып, Нөкис багы-бостан қала екен, бундай көркем, дарақлы, мийўе ағашлары көп қала Өзбекистанда аз деп, жүдә жоқары баҳа берер еди. Соңын ала жер суўғарыў жумысларында тәртиптиң болмаўы, қаладағы жап-салмалардың бетон менен қапланбағанлығы, әсиресе қаланың ишинен өтип турған Қызкеткен каналы қаланың мелиоративлик жағдайының жылдан-жылға төменлеўине алып келди. Буның үстине жеке хожалық жайларындағы шығынды суўлар қалада мелиоративлик аўҳалдың жүдә жаман болыўына тәсир жасады. Солай етип, алпысыншы жыллардың басында қалада тереклердиң қуўраў, фундаментлердиң бузылып, үгитилип кетиў фактлери жүз берди. Нөкистиң орайындағы үлкен парк алпысыншы жыллардың аяғында қуўрап, жоқ болды. Ботаника багы адамды өзине тартатуғын, ҳәр түрли дарақларға толы бағ еди, ол да жоқ болды. Ҳәзирги Аллаяр Досназаров көшесиндеги министрликлер жайласқан имараттың астында пионерлер багы бар еди. Ол да қуўрап қалды. Үй қапталы участкаларындағы мийўели бағлар, Нөкис совхозының Ленин бөлиминиң бағлары, Қарақалпақводстрой дем алыс үйи қурылған жердеги үлкен бағ жоқ болды.

Қалада көп этажлы жайлардың подваллары сасық изей суўға толып, қаланың санитариялық-гигиеналық жағдайы да жылдан

[1] Бул көрсеткишлер 1995-жылға тийкарланған.

жылға пәсейе баслады. Бурынғы Энгельс көшесиндеги еки этажлы тас гербиштен салынған, бурын барлық хүкимет ағзалары жасаған жай қулаў жағдайына келди. Ылайдан салынған көп жайларды изей алып, топырағы қап-қара болып, ерип кетти. Мине, усындай аўҳал 60-жыллардың орталарында жүз берди. Бул апаттан қаланы қутқарыў бойынша көп ойласықлар болды. Ташкенттен көп қәнигелер шақырылды. Олардың пикири бойынша Нөкисте вертикаль дренаж қурыў, солай етип, қаланың мелиоратив аўҳалын дүзетиў керек еди. Қызкеткен каналының қаланың ишинен өткен жерлерин бетонлаў керек деген пикирлер айтылды. Бирақ ҳәр сапары бул пикирди сол ўақыттағы Өзбекистан Суў хожалығы министрлигиниң басшылары қоллап-қуўатламады. Солай етип, Нөкис қаласында вертикаль дренаж қурып, оннан шыққан суўларды канализацияға қосыў ямаса Қызкеткен каналына қуйдырыў керек деген шешимге келди. Бул Ташкенттен келген ҳәм өзимиздеги қәнигелердиң пикири еди. Жойбар техникалық ҳүжжетлерди ислетип, керекли материаллық ресурсларға буйыртпа берип, вертикаль дренаж қазыўға кирисиўге бел байланды. Бул жумысты алып барыў ушын Қарақалпақстан Коммуналь хожалық министрлиги жанынан республикалық Коммундренаж басқармасы дүзилди. Ол бас буйыртпашы, ал жайлаўларды суўландырыў трести бас орынлаўшы болыўға келисилди.

Солай етип, қалада 1968-жылдан баслап «Қырққыз» ресторанының қапталынан номери биринши ЭЦВ-6 деген 36 мың 400 сом туратуғын скважина қазылды. Сол жылдың өзинде Нөкис қаласында 12 вертикаль скважина қазылды, соң олардың саны 55 ке жетти. Қарақалпақстанның барлық қалаларында усындай 170 скважина қазылды. Ҳәзир олардың тең жартысы ислемейди.

Биринши жыллары Нөкисте қазылған скважиналардың аз да болса пайдасы тийди. Бирақ олар қаланы изейден толық азат ете алмады. Ҳәр бир скважина жойбар бойынша 150 метр радиустағы жер асты суўларын тартып алыўы керек деген сыпатламасын орынлай алмады. Буның ең баслы себеби Нөкисте жердиң астында қатты саз ылай бар. Ол көп қатламлардан ибарат. Бул қатламлар бир-бирине суў өткермейди. Геологиялық жердиң дүзилиси бойынша қәнигелер вертикаль дренаж Нөкисте болмайды, горизонталь дренажға өтиўимиз керек, деген пикирди айта баслады. Себеби, вертикаль скважина өзи турған жериниң үстинги қатламындағы суўды тартып ала алмайды, бир қатламнан екинши қатламға суў өтпейди. Сонлықтан, жоқары қатламдағы, подвалдағы толып

турған суўлар қала береди. Ҳеш унамлы өзгерис болмады. Оннан соң вертикаль скважинадан гүдер үзиўге туўра келди. Сонлықтан, Қарақалпақстан обкомы, Министрлер Совети бир неше жыллар қатарына ӨзКП Орайлық Комитетине, ӨзССР Министрлер Советине хатлар жазып, ең кейнинде Шараф Рашидовтың қоллап-қуўатлаўы бойынша ӨзКП Орайлық Комитети ҳәм Министрлер Советиниң 1981-жыл, 30-апрельдеги номери 373-қарары бойынша ӨзССР суў хожалығы системасында «Спецдренажстрой» трести ашылды. Жоқарғы органлардың тапсырыўы бойынша бул трест жойбарлаўды, қаржы төлеўди, курылысты министрликтиң бюджетинен алып ислеўи тийис еди.

Нөкис қаласының мелиоративлик аўҳалын төменлетип атырған тийкарынан «Қызкеткен» каналы, сонлықтан, Суў хожалығы министрлиги қаладағы изей суўды толығы менен өзи жоқ етиўи керек деген пикир қарарға киргизилген еди. Бул мәселе Шараф Рашидов тәрепинен Исмайыл Ҳакимович Жорабековқа тапсырылды.

«Спецдренажстрой» трестин ашқандағы мақсетимиз — Нөкис қаласында Төрткүл, Октябрь, Шымбай гүзарлары арқалы үлкен диаметрли труба өткерип, жабық дренаж курып, ҳәр 300 метрден қадағалаў люк қойыў, перпендикуляр көшелер бойлап суўды алып кететуғын жабық дренаж қазыў, оны Қоскөлге түсирип, ал, Қоскөлге жыйналған суўды темир жолдан дюкер менен өткизип, Қызылқумға айдаў, солай етип, 3—4 жылда Нөкисти изей суўдан азат етиўди иске асырыў еди. Буның картасы, жойбары дүзилди. Оларды Шараф Рашидовқа, И. Жорабековқа мен өзим көрсеттим. Олар толық мақуллады. Бул исти баслап та жиберген едик. 1983-жылға келип, тек 10 мың 468 метр жабық дренаж курып үлгерип қалдық. Ол Максим Горький, Комсомол, Киров, Чкалов көшелерин өз ишине алатуғын еди.

Мен Максим Горький көшесинде жасаўшылар менен сөйлесип көрдим. Жабық дренаж өз ўақтында жақсы ислеп турған. Бирақ айырым адамлар тәртипсизлик етип, жабық дренажға канализацияны да қосып жиберген. Нәтийжеде, дренаж истен шыққан.

ӨзКП Орайлық Комитетиниң қарары бойынша КС-3 коллекторын дюкер арқалы «Коммунизм» совхозының үстинен өткерип, Нөкис қаласының барлық изей суўларын Арал теңизине алып кетиў жобаластырылған еди. Буның жойбары да тайын болды. Бул ис елеге шекем питкен жоқ.

Мен Румынияға кеткеннен кейин Қ. Салықов «Спецдренажстрой» трестиниң не кереги бар, деп тарқатып жиберипти. Изей суў барлық нәрсени кемирип жеп, истен шығарып атырғанын билетуғын адамлар да Салықовтың бул ҳәрекетине қарсы шыға алмаған.

Солай етип, жобаластырылған жумыслар орынланбай қалған. Нөкис қаласы елеге шекем изей суўдан қыйналып атыр. Тәжирийбе соны көрсетти, Нөкисти изей суўдан азат етиўдиң бирден-бир жолы — бул жабық дренаж өткизиў.

Мениң пикирим бойынша, 3—4 жыл қатарына Шараф Рашидовқа қатнап, жалынып, зорға аштырып алған усы трестти қайтадан тиклеў керек. Суў хожалығы министрлигиниң ақшасына жабық дренаж қурыўды тезден баслаў керек, болмаса жети-сегиз жылдан кейин ылайдан исленген пахса жайлар қулап, халқымыз үлкен зыянда қалады. Ҳәзирги базар қатнасығы жағдайында ғәрип-қәсер адамларға жай салыў оғада қыйын.

Егер жабық дренаж қурылса жайлар қуламайды, қаламыз қайтадан бағы-бостанға айналады, фундаментлер желинбейди, коммуникациялар ширимейди, қала дүзелип қалады. Қаладағы изей суўды жоқ қылмасақ, бул да Арал проблемасына усаған үлкен проблема екенин бүгин түсинип, алдын ала шарасын көриўимиз тийис. Дренаж қазыў ушын экскаватор бар, гравий бар. Тек азбест-цементтен исленген трубалар керек болады. Ол да Өзбекистанда бар, алыў қыйын емес.

Екинши проблема. Нөкис қаласында тасландылар көшелердиң бойына төгилип атыр. Биз экология мәселесинде даўысымыз қарлыққанша жар салып атырмыз. Ал, қаламыздағы аўҳал мынадай. Бунымыз орынсыз. Ақыры, санитариялық аўҳалды дүзетиўге болады ғой. Бул ушын сыпырынды шығарған ҳәр бир хожалық қәрежетти өзи төлесин, қала ҳәкимияты тазалықты қатаң қадағалаў астына алсын. Солай еткенде сыпырындыларды сыртқа шығарып таслаў қыйын болмайды. Еки бастан, арнаўлы бөлип шығарылған транспорт бар. Ақыры, қаланың ишиндеги бундай аўҳалға шыдап турыў мүмкин емес. Бул жаман аўҳалды жөнлемек керек.

Бул гәплерди мен билгишликтен ямаса ақыл үйретейин деп айтып отырғаным жоқ. Мен елдиң ақсақалыман. Елимиздиң таза болыўы, экологиялық жағдайын жақсылаўы, көшемиздиң есигимиздиң алдының азада сақланыўы ҳәммемизге де керек демекшимен.

1965-жылы бизде тырыспай (холера) кеселлиги пайда болды. Инфекционистлердиң айтыўы бойынша сол кеселликти таратыў-

шылар қара шыбынлар екен. Қаланың ишиндеги тасландыларда қара шыбынлар жазда миллионлап ғаўлап жүреди. «Тазалық — денсаўлықтың гиреўи» дейди — ғой, ақыры.

КС-3 коллекторы Нөкиске қазып әкелинсе, ол гербиш заводқа шекем барса, дюкер арқалы Қызкеткеннен өткерилип, Рисовый хәм Қызкеткен каналының ортасы менен жоқарыраққа апарылса, гөне қаланың да мелиоративлик аўҳалы дүзелген болар еди.

Жасы үлкен бул мәселелерди көтерип не қылады екен, деген өкпе-гийне болмайтуғын шығар, себеби бул ийгиликли ислер мениң бир өзиме емес, ал пүткил халыққа керек. Халыққа керек исти жасырыўдың кереги жоқ.

Ата-бабамыз «Аўырыўдың алдын ал» деген ғой. Соның ушын, бул пикирлеримизди айтыўымыз керек шығар деп ойлайман.

Мен жоқарыда аўыл хожалығын раўажландырыў бойынша исленген жумыслар қатарында бизиң районларымызда, аўылларымызда қурылыслар хәўиж алғанын, таза қалалар, поселкалар жүзеге келип, хәзирги заман типиндеги имаратлар көплеп салынғанын айтып өткен едим. Шынында да, бундай қурылыслар хәр бир район орайында, хәр бир колхоз бенен совхозда кең қулаш жайып, пүткил Қарақалпақстан қурылыс майданшасына айланған еди. Мың жыллардан берли адам баласы аяқ баспаған Жамбасқала хәм Елликқала сыяқлы қула дүзлер бес-алты жылдың ишинде қулпы дөнген бағлары, зәўлим жайлары, инсан турмысы ушын хәмме шараятлары бар әжайып бостанға айналды.

Басқа районлардың да халқы толысып, жаңа жерлерди өзлестирип, қоныс басып, турақ жайлар, мектеплер, балалар бақшалары, халыққа турмыс хызметин көрсетиў объектлери салынып, асфальт жоллар, каналлар, газ, свет апарылып, кең раўажланыў жолына түсти. Баяғы жер төлелер, қақыралар, шүтик шыралар умыт болды. Елимиз ғалаба қурғынласты. Тақыятас ГРЭСи, Тақыятас плотинасы, темир жоллар, мал шаруашылық комплекслери, қус фабрикалары, заводлар, жай соғыў комбинатлары, емлеўхана комплекслери, мектеплер, жоқары хәм орта арнаўлы оқыў орынларының корпуслары хәм тағы басқа ири қурылыслар бул сөзимиздиң дәлили болады.

Усы жерде мен еске түскен бир ўақыяны айтайын, 1982-жылы Шараф Рашидов, Хошўақыт Қойбағаров (ӨзССР Ғәлле өнимлери министри) үшеўимиз Шымбай районынан қайтып киятырып, Нөкис районындағы теплицаны көрип өтпекши болдық. Теплицадағы өсип турған әлўан реңдеги хош ийисли гүллерди, қызарып писип

турған помидорларды, қыярларды, лимонларды көрип, олардың жүдә кеўиллери толып қалды. Сол ўақытлары Қарақалпақстанда бундай 40—45 гектарлық теплица ислеп тур еди. Сол күни жолда киятырғанда Шараф Рашидов «Қарақалпақстан қурылыс ислери бойынша Өзбекистанның барлық областьларынан озып кетти», — деди.

Қурылыслар ҳаққындағы әңгимемиздиң бас жағында мен қарақалпақ халқының жақын өтмиште, ҳәтте 50-жыллардың аяғында қандай турмыс шараятларында күн кеширгенлиги туўралы сөз еткен едим. Аўылда жасаўшылардың ҳәммеси дерлик газ ҳәм электр жақтысынан пайдаланыўды қыялына да келтирмеген еди. Тапқанлар онланшы пәнжирели шыра, таппағанлар шүтик шыра жағар еди. Ошақлар менен шыралардан шыққан дүт себепли пәтикте қурымлар пайда болып, салбырап турар еди. Аўыллар түўе қалалардың арасында жол қатнасы оғада қыйын жағдайда еди. Қулласы, бизиң халқымыздың турмыс дәрежеси орайлық областьлардағыдан анағурлым артта қалған еди.

Ал, ҳәзир ше? Бизиң халқымыздың бүгинги менен кешеги күн көриси арасында аспан менен жер шелли парық бар екенлиги ҳәммеге белгили.

1960-жыллардың ақыры — 1970-жыллардың басларынан баслап республикамыз халық хожалығының барлық тараўлары сыяқлы аўыл хожалығының, әсиресе салығершиликтиң кең қулаш жайып раўажланыўы аўылларымызда қурылыслардың пәт алыўына унамлы тәсир жасады. Мәмлекет тәрепинен қурылып атырған турақ жайларды күтип отырмастан, көпшилик адамлар өз хожалығына ыңғайлы етип, 50 — 100 жылларға шекем тозбайтуғын зор имаратлар сала баслады. Себеби, бул дәўирге келип адамлардың мийнет ҳақысына алатуғын айлығы әдеўир көбейди, турмыс аўҳалы жақсыланды, дастурханы толып, көрпе-төсеклери жаңарып, бурын үрдис болмаған ғилемлер, мотоциклллер, автомобильлер пайда бола баслады, мал-ҳалы көбейди. Қулласы, ел қурғынласып, халқымыз әдеўир қәддиң тиклеп, отырыс-турысын дүзетиўге құдирети жетип қалды.

Қарақалпақстанның аўыллары менен қалаларында биз жоқарыда айтып өткен уллы қурылыслардың иске асырылыўы, ел тарийхында болмаған өзгерислердиң жүз бериўи Өзбекистан басшыларының, бәринен де бурын ҳүрметли ағамыз Шараф Рашидовтың аталық

ғамхорлығының арқасында, Қарақалпақстан басшыларының аўыз-биршилик пенен ел басқарыўының арқасында болды.

Бул бизиң қурылысты жүргизиўши мәкемелеримиздиң қатары көбейип, күш-қуўаты толысқанының, ел иси ушын жанын аямай-туғын азамат қурылысшыларымыздың жылдан-жылға мол тәжирийбе топлап, зор ғайратлар көрсетип, мийнет етиўиниң арқасында, басшы менен қосшының өз ара терең сыйласық ҳәм беккем бирлик пенен ислеўиниң нәтийжесинде қолға киргизилди.

Қурылысты пүткил республикамыз бойлап тез пәтлер менен ен жайдырыў мақсетинде биз бул ийгиликли жумыслар менен шуғылланатуғын мәкемелердиң санын жылдан-жылға көбейте бердик. Алпысыншы жыллардың бас гезинде Қарақалпақстанда тек еки қурылыс трести ғана болған болса, 70-жыллардың орталарына келип 18 трест, 60 мың қурылысшы қызғын жумыс алып барды. Қурылысшылар отрядының қатарын көбейтиў мақсетинде ашқан қурылыс техникумымыздың хызмети де уллы болды. Жергиликли жаслар техникумды питкергеннен кейин республикамыздың қурылыс фронтында өзлерин көрсетип, жаслық жигер менен мийнет етти.

Соның менен бирге, Қарақалпақстанда үш ДСК (жай қурыў комбинатын) шөлкемлестириўге еристик. Олардың биреўи қалаларда, екиншиси салыгершилик совхозларында, үшиншиси басқа аўыллық жерлерде халыққа имаратлар салып бериў менен бәнт болды. Қубла районларда да усындай бир ДСК қурыў нийетимиз бар еди, бирақ мениң дипломатиялық хызметке кетиўим себепли ол иске аспай қалды.

Қурылысларды кем-кемнен ҳәўиж алдырыў ушын республикамызда жигирмаға жақын гербиш заводлары қурылды. Олардың көпшилиги газға көширилди. Нәтийжеде, биз ең зәрүрли ҳәм негизги қурылыс материалы болған гербишлерди басқа жақлардан тасыў машқаласынан қутылдық.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, қәнигелескен 12-қурылыс трести республикамыздың аўыллық жерлеринде имаратлар қурыў менен шуғылланса, ал «Қарақалпақирсовхозстрой» салыгершилик совхозларында, «Юғқарақалпақводстрой» Елликқалада, «Целинирсовхозстрой» Жамбасқалада, ал «Приаралводстрой» трести тазадан ашылған Бозатаў районында қурылыс жумысларын алып барды. Сондай-ақ, барлық районларда колхозлар аралық қурылыс шөлкемининиң шақапшаларын ашыўымыздың нәтийжесинде колхоз-

ларда қурылыслар әдеўир ҳәўиж алып кетти. Жоқарыда аты аталған қурылыс мәкемелериниң ҳәммеси де ҳәзирги заман техникалары ҳәм әсбап-үскенелери менен тәмийинленди. Сол жыллардан баслап колхозлар менен совхозлардың өзлери де өз халқын турақ жай менен тәмийинлеў ушын өзлеринде қурылыс бригадаларын дүзип, тек мәмлекет есабынан ғана емес, өзлериниң қаржылары есабынан да, сондай-ақ халықтың ақшалай табысы есабынан ҳәм банктен кредит алыў жолы менен жеке хожалықлар ушын таза турақ жайлар салыўға ғалаба кирискен еди.

Қурылыс ушын зәрүрли ҳәр қыйлы материалларды алып келип халыққа сатыўда лесторг (ағаш сатыў мәкемеси) үлкен хызмет етти. Сол сыяқлы республика ҳәм район тутыныўшылар жәмийети Сибирьден ағаш алып келиў исине жегилди. Олар обкомның, Министрлер Советиниң тапсырыўы бойынша шифер, цемент, металл, айна, шеге, краска ҳәм тағы басқа қурылыс материаллары менен ағыл-тегил етип тәмийинледи. Темир жоллар Қаратаўдан, Жумыртаўдан майдаланған қыйыршық тасларды Шымбайға, Нөкиске, Қоңыратқа, Хожелиге, Ленинабадқа тасып, қурылысты жанландырып жибериўге өз көмегин тийгизди.

Солай етип, жоқарыда айтып өтилген илажлардың нәтийжесинде ҳәмме қалаларда, район орайларында, колхоз, совхозларда мәмлекет есабынан да, адамлардың өз қаржылары есабынан да көп турақ жайлар қурылды, аўылларда көзди қуўандыратуғын таза посёлкалар пайда болды, ҳәзирги заман типиндеги жайлар көбейип, электр жақтысы, газ, асфальт жоллар апарылып, кишкене қалашаға айналды.

Әўладтан әўладқа мийрас болып қалаларлықтай жақсы турақ жай қурыўға, тазадан қоныс басыўға ҳәмме халқымыз жумыла киристи.

Нәтийжеде, бизиң республикамызда 1985-жылға келип турақ жай жан басына 12,5 квадрат метрден келип, олардың барлығы 13,966 мың квадрат метрди қурады. Усы жайлардың тек 3.499 мың квадрат метри мәмлекетлик қаржы есабынан қурылған болса, ал қалғанлары ишки қаржылар есабынан ямаса халқымыздың өз пулының есабынан қурылды деген сөз. 1960—1970—1980-жылларда, сол бизлер ислеген шерек әсир ишинде ҳәмме халқымыз таза жай менен тәмийин етилди десек қәте болмайды. Турақ жайларды салыў ушын ең кеминде шама менен есаплағанда 20—25 млрд сом, ҳәр жылда орташа 0,8—1 млрд сомға жақын қаржы жумсалды.

Солай етип, аўылларда, қалаларда, барлық елатлы пунктлерде хәр бир хожалық ҳәзирги заман талабына сай тырнағы бетоннан қуйылған, шиферленген, тахта полланған, үш-төрт әўладқа мийрас боларлықтай жай болып, қоныс жаңалады. Аўыллық жерлерде де отын жағатуғын қәдимги печьлердиң орнына орайластырылған ямаса хәр хожалықтың өзиниң пуў менен жылытыў үскенелери ислеп турыпты.

Қубла районлардағы абаданласқан, баў-шарбақлы аўыллар былай турсын, арқадағы аўылларды аралап шыққанның өзинде халықтың турмысының қаншелли курғынласқанын көрип, кеўилиң көтериледи, шексиз қуўанышқа бөленесең. Қарақалпақстанның ең арқа шетиндеги аўыллардың бири болған мениң туўылған елим, «Қараөзек» совхозындағы Жақсымурат болыс деген аўылды мысалға алайық. (Усы жерде мен китап оқыўшыларды ескертип кетейин — бул аўылдың абаданласыўына мениң ҳеш қандай жәрдемим тийген емес). Бул аўылда 56 хожалық бар. Адамлар үйлерин ғаз қатара, көше дүзеп салғанлықтан, сулыў посёлка пайда болған. Мен бул аўылдағы үйлердиң көпшилигине кирип көрдим. Ҳәр бир хожалық өз пулына тазадан муқыятлы етип имарат салып алған. Ҳәр бир жайдың тырнағы бийик етип бетоннан қуйылған. Барлық бөлмелериниң еденине тахтай төселип, боялған. Жайларының пәтиклери панерленген, төбеси шиферленген. Үйлердиң бәринде электр жақтысы, газ бар. Ҳәмме үйлерде орайластырылған жай жылытыў үскенеси ислеп турыпты. Ҳәр бир үйде телевизор, радиоточка, телефон, мебель, музлатқыш, басқа да ҳәзирги заман буйымлары бар. Қаладағыдан ҳеш қандай кем емес. Қораларында меншик маллары, саўыны бар, топар-топар түйетаўықлары жайылып жүрипти. Буннан 30 жыл бурынғы отырыс-турысы менен ҳәзирги аўҳалын салыстырып қарасаң аспан менен жердей парқы бар.

Жақсымурат болыс аўылын өзимниң туўылған аўылым болғанлықтан мысалға келтирип мақтап отырғаным жоқ. Бундай абаданласқан, алыстан көзди тартатуғын, саўлатлы аўыллар оғада көп. Олардың бәрине де асфальт жоллар барып турыпты. Меншигинде автомашинасы бар адамлар ҳәпзаматта қалаға барып, базар-ошарын питкерип қайтады.

Жуўмақластырып айтқанда, 25 жыл ишинде халқымыздың материаллық-социаллық аўҳалы пүткиллей өзгерип, өзлериниң пидәкерлик мийнетиниң, ҳадал маңлай териниң арқасында әсирлер бойы артта қалыўшылықтан қутылып, жаңа, жоқары мәдениятлы

өмирге исенимли қәдем қоймақта. Илайым, халқымыздың ығбалбахты буннан да жоқары өрлей бергей, елимизде парахатшылық, уллы бирлик, дослық бирдейине болғай деп тилеймен.

1941 — 1945-жыллардағы Ўатандарлық урысқа қатнасып, елимиздиң ар-намысы, азатлығы, ғәрезсизлиги ушын жанын қурбан еткен, өз елине қайтып келиў несип етпеген халқымыздың ҳадал перзентлериниң естелигин ҳүрмет пенен ядта сақлаў мақсетинде оларға арнап ҳәр қалада, район орайларында, колхозларда, совхозларда, кәрханаларда, оқыў орынларында естелик комплекслери қурылды.

Бул инабатлы исти республика биринши болып Хожели районының Ленин атындағы колхозында (колхоз басқарма баслығы марҳум Жаңабай Бекмуратов) 1965-жылы Ўатандарлық урыстың 20 жыллығына арнап естелик комплексин қурды. Сол ўақытта бул иске үлкен әҳмийет берилип, усы естелик комплексиниң ашылыўына Түркстан әскерий округиниң командующийси армия генералы Н. И. Ляшенко, ӨзКП Орайлық Комитетиниң секретары Р. Н. Сышанов, Өзбекистан ССР Министрлер Совети Баслығының орынбасары С. А. Азимовлер қатнасты. Бул салтанатлы ўақыяға қоңсылас Хорезм, Ташаўыз областының ўәкиллери, республиканың ҳәмме басшы хызметкерлери, районлардың, колхозлар менен совхозлардың басшылары да қатнасты. ТурКВО бул жерге өзиниң духовой оркестрин жиберди. Солай етип, бул әнжуман үлкен салтанатлы рәўиште өткерилди. Естелик комплексиниң архитектуралық композициясы жүдә күшли, урыста қаза тапқан баласын жоқлап жылаған ананың мүсини жасалған. Оны көрген адам ерксиз жүрек толқыўына түсип, көзине жас алады. Бул комплекске усы колхоздан саўашқа кетип, аўылына қайтып келмеген ҳәмме халық перзентлериниң исми атма-ат жазылған. Бурын өз перзентлериниң қәбирин көриўге зар болып жүрген ата-аналар бул естеликке келип, баласының аты жазылған қәбир алдында турып, оның менен қайта дийдарласқандай сезимлерге бөленип турады.

Усы комплекстен кейин областьлық партия комитетиниң, Министрлер Советиниң тапсырыўы, қоллап-қуўатлаўы бойынша ҳәмме районлар өз елинен саўашқа кетип, қайтып келмеген перзентлерди еслеў мақсетинде өз жағдайына ылайық жойбар эскиз ислетип, 3 — 4 жылдың ишинде барлық жерде ғалаба рәўиште естеликлер салды. Усындай жүдә сулыў, саўлатлы, өзиниң мазмуны, қурылысы жағынан күшли композицияға ийе комплекслер

Төрткүл, Беруний, Хожели, Шоманай, Кегейли ҳәм т.б. районларда қурылды. Нөкис қаласында ҳәзирги заман архитектурасына сай, қара мрамор, қызыл гранит жумсалып, ақ мрамордан обелиск исленди. Буның қурылысына да өзим тиккелей басшылық еттим. Естеликтиң қурылысына Нөкистеги ҳәмме қурылыс мәкемелери белсенди қатнасты. Бул естеликтиң ашылыўына Түркстан әскерий округиниң командующийи генерал-полковник С. Белоножко қатнасты. Бул естеликке Қарақалпақстаннан фронтқа кетип қайтып келе алмағанлардың саны жазылған. Усы естеликтиң қапталында ветеранлардың усынысы бойынша 4,5 — 5 га жер ашылып, ҳәр бир қурбан болған азаматтың атына бир-бирден дарақ отырғызыў, оны жаслар тәрбиялап, жақсы бағ етип, дем алыў орнына айналдырыў бойынша ис басланып, бағ егилип еди. Саўашта қаза тапқан жерлеслеримиздиң руўхы қарақалпақ топырағында көгерген жасыл жапырақлы дарақларды гезип сейиллеп, шад болсын деген пикир менен усы ис қолға алынып еди. Бирақ ҳәзир қараўсыз қалған. Еле де қала жасларының, студент оқыўшылардың күши менен усы басланған ис қайтадан исленсе, мақсетке муўапық болар еди.

Жуўмақластырып айтқанда, ел ушын, азатлық, ғәрезсизлик ушын саўашта қан төгип, қурбан болған азаматларымыздың естелиги бизиң ядымызда сақланады, оларға арнап естеликлер қурылды, бул исти пүткил халқымыз саўап ис деп мақуллады. Өйткени, бундай естеликлердиң тәрбиялық роли үлкен. Олар күни-түни урыстың, қан төгиспениң қорқынышлы ақыбетлерин адамлардың есине салып, бул дүньяда халықлардың ығбал-бахты парахатшылықтың арқасында екенин «айтып» турады.

Мен халық хожалығының жетекши тараўы болған қурылысты тез пәтлер менен раўажландырыўға, жаңа қалалар, посёлкалар дөретип, әжайып имаратлар, завод-фабрикалар, жаңа кәрханалар қурыўға, туўған елимиздиң саўлатына саўлат қосып, оның экономикасы менен мәдениятын көтериўге, гүллендириўге, солай етип, даңқын кеңнен ен жайдырыўға айрықша үлес қосқан азаматларды атпа-ат айтып кетким келеди. Олар Абдулла Бекманов, Атағулла Асанов, Атабай Палўанов, Шаўдырбай Салиев, Хожахмет Өбдамбетов, Хожанияз Режепов, Жақсылық Палўанов, Василий Тимофеевич Стефанюк, Виктор Михайлович Желтоухов, Михайл Димитриевич Мухортов, Жолдасбай Сүйинов, Еркин Тәтибаев, Толы Маткаримов, Данил Якубов, Тимур Камалов, Гүлман Қурбанов, Нурутдийин Аханов, Үббинияз Әширбеков, Сапарбай Нурхожаев, Пердебай

Сапаров, Сейитқасым Бараков, Худайберген Ақназаров, Жаңабай Алламуратов, Дамир Қалимбетов, Әбдибек Әметов, Режепбай Турсынбаев, Керей Үмбетов, Орынбай Мадияров, Қыдырбай Дәўлетияров, Атабай Султанов, Әдилбай Керимбаев, Иниамин Халмуратов, Равиль Дәўлетияров, Есен Рейимов, Бекберген Бектурдыев, Қаллибек Худайбергенов, Иван Иванович Черноштан, Петр Васильевич Ткаченков, Орынбай Изеев, Сапарбай Әўезматов, Салий Ғаниев, Жеткиншек Қайыпназаров, Лев Николаевич Шварц, Қуўатбай Ембергенов, Жарылқап Турсынбеков, Гельдияр Каршиев, А. А. Ким, Сәрсенбай Медетов, Узақбай Мадирейимов, Олег Цхай, Николай Донгунович Цхай, Марат Қадиралиев, Бердақ Панаев, Жумамурат Әбдимуратов, Кенжебай Балаханов, Панабай Садықов, Борис Демидов, Борис Серафимович Лычагин, Леонид Бурд, Дәлихан Байтүгелов ҳәм басқалар.

Мен усындай жигерли жигитлер менен, өз исиниң маманы болған ҳәм үлгили хызметлери менен халықтың иззет-ҳүрметине бөленген азаматлар менен заманлас болып, бирге ислескеним ушын өзимди бахытлы сезем ҳәм қудайға шүкиршилик етемен. Мен олардың ҳәммесине узақ өмир, беккем денсаўлық, бәлент бахыт, шаңарақларына татыўлық, аманлық тилеймен.

САНААТТАҒЫ БУРЫЛЫСЛАР

Қарақалпақстан Республикасы туўысқан Өзбекистанның курамына қосылған ўақытта халық хожалығының барлық тараўларының раўажланыў дәрежеси Өзбекистанның басқа регионлары менен салыстырғанда оғада төмен дәрежеде еди.

Сол дәўирде халқымыздың 90 проценттен асламы аўылларда жасап, аўыл хожалығы менен, тийкарынан мал шаруашылығы ҳәм азық-аўқатқа байланыслы дийқаншылық пенен шуғылланды. Оларды мен жоқарыда айтып өткендей суўдың кем болыўы, техниканың азлығы, және халқымыздың аўыл хожалық жумысларына қызығыўының себебинен деп ойлайман.

Усындай жағдайда, әлбетте хожалықтың басқа тараўларына тийисли дыққат бөлиў, ҳәммесин бир тегис раўажландырыўға мүмкиншилик болмады. Халықтың басым көпшилиги дийқаншылықтан басқа тараўлар менен шуғылланыўға таяр емес еди.

Соның ушын да, сол ўақытлары ел басшылары биринши гезекте аўыл хожалығын көтериўге, оның нәтийжелилигин арттырыўға бағдарлады. Соның менен бирге, халықты жумыс орынлары менен тәмийинлеў, азық-аўқатты көбейтиў, халықтың турмыс жағдайын жақсылаў, олардың табысын асырыўға мүмкиншилик туўдырыўға итибар қаратылды.

Аўыл хожалық тараўында көп өним алыў ушын сол жыллары биринши нәўбетте ирригация объектлерин курыў, район ҳәм хожалықлар аралық каналлар ҳәм ишки хожалық суўғарыў тармақларды қазыў, суўғарылатуғын жерлердиң көлемин кеңейтиў бойынша көп жумыслар исленди.

Республикамызда пахташылық раўажлана баслады. Басқа регионларға қарағанда пахта жетистириў азырақ болса да жылдан жылға өсимге ийе болды.

Сол жыллары әмелге асырылған аўыл хожалық тараўындағы ислер өзиниң азы-кем болса да нәтийжесин бере баслады. Бизиң ең биринши гезектеги ўазыйпамыз — халықты ашаршылықтан шығарып, олардың турмыс дәрежесин көтериўге бағышланған еди.

Совет ҳәкимияты жыллары ишинде Қарақалпақстан негизинен аўыл хожалығы менен шуғылланатуғын үлкелер қатарында болып, аўқамның улыўма фондына пахта, салы, овощ, мийўе ҳәм тағы басқа аўыл хожалық өнимлерин жеткерип берип келгени ҳаққында жоқарыда айтып өткен едим. Республикамызда санааттың тек аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеў менен байланыслы болған түрлери ғана, яғный пахтаны шиғитинен тазалаў, пахтаның шигитинен май шығарыў, балықты, сүтти, гөшти қайта ислеў ҳәм т.б. раўажлана баслаған еди. Алпысыншы жыллардан баслап дәрьяларда суў тартылып, Арал теңизи қәддиниң төменлеўи нәтийжесинде балықшылық санааты жетистиретуғын өнимлер кескин азайып кетти. Улыўма алғанда, алпысыншы жыллары Қарақалпақстанда санаат өнимлерин жетистириў Өзбекистанның қәлеген области менен салыстырғанда оғада төмен дәрежеде еди.

Халық хожалығының әҳмийетли тараўларынан есапланған санаатты раўажландырыў баслы ўазыйпалардың бири еди. Өйткени, санаат халықты азық-аўқат пенен, күнделикли тутыныў товарлары менен, сондай-ақ турмысқа керекли әсбап-үскенелер менен турақлы рәўиште тәмийинлеўде үлкен роль атқарады. Сонлықтан, мен республиканың басшылығына келген жыллардан баслап, санаатты раўажландырыў машқалаларын шешиў исине айрықша кеўил бөлдим.

Халық хожалығының ҳәмме тараўларын, биринши гезекте, санаатты алға илгерилетиў ушын ең әўеле республиканың аймағында электрлестириў мәселелерин шешиў керек болды. Ал, алпысыншы жыллардың басында бизде электрлестириў енди ғана басланып атыр еди. Қарақалпақстанның пайтахты Нөкис қаласын дизель электр станциясы жарым-жарты ғана электр қуўаты менен тәмийинлесе, ал алыс районлардың халқы шыра жағып күн кеширмекте еди. Республикамызды толық электрлестириўди тез арада әмелге асырыў жөнинде жәрдем сорап, мен бир неше мәртебе ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши секретары Ш. Рашидовқа бардым. Ол бизиң жағдайымызды оғада жақсы билетуғын еди. Себеби, елиўинши жыллары Қарақалпақстанда ҳәр жылы неше айлап ўәкил болып жатып, жергиликли халықтың қандай шараятларда

жасап атырғанын өз көзи менен көрген Шараф Рашидов мениң өтинишлеримди изсиз қалдырмас еди. Ҳәр сапары ол Өзбекистанның электрлестириў министри А. Х. Ҳамидовқа мениң өтинишлеримди орынлаў бойынша тапсырмалар берди. Соңын ала Ҳамидов пенен жүдә дос болдық. Ол бизиң мирәтимиз бойынша Қарақалпақстанға тез-тез келип турды ҳәм Тақыятас ГРЭСиниң қурылысын тез пәтлер менен жүргизиў, электр қуўатын көбейтиў, районларға электр қуўатын жеткериў ушын керекли болған техника-материаллық ресурсларды ўақтында бериў усаған мәселелерди өз ўақтында ҳәм толық рәўиште шешип берди. Сол сыяқлы энергетиканы кескин раўажландырыў, оның қуўатын асырыў бойынша аўқамлық министр П. С. Непорожный де бизге келип кетти. Оның менен яр-дос болғанымды, оның берген жәрдемин жоқарыда айтқан едим. Бизиң республикамызда электр тармағы бармаған, электр қуўатынан пайдаланбаған бир де қала, бир де аўыл ямаса хожалық қалған жоқ. Биз, ҳәтте, үлкен каналлардың бойына қурылған насослардың көпшилигин электр қуўаты менен ислеттик.

Қарақалпақстанды электрлестириў бойынша көп жыллар даўамында жемисли хызмет ислеген В. Карвасарный, Л. Бурд, Б. С. Лычагин, Е. Айтмуратов, А. Шапиев, К. Үмбетов, Ж. Тәжибаев усаған үлкен шөлкемлестириўшилик укыбына ийе инженер-электриклеримизди халқымыз ҳүрмет пенен тилге алады.

Қарақалпақстанда электрлестириўдиң тез пәтлер менен раўажланыўы қурылыс индустриясы менен санаат кәрханаларының өсиўине ҳәм табыслы ислеўине үлкен имканиятлар жаратып берди. Енди республикамызда бурыннан ислеп киятырған пахта ҳәм май заводларының ескирген техникалары алып тасланып, олардың орнына ҳәзирги заман талабына сай әсбап-үскенелер орнатылды. Нәтийжеде, олардың өнимлилиги бир неше есе артты ҳәм сапалылығы жоқарылады. Төрткүл, Елликқала, Кегейли, Шоманай районларында тазадан пахта заводлары қурылды. Барлық заводлардың инженер-техник кадрлары өз жумысын жақсы билетуғын, билимли, маман қәнигелер менен тәмийинленди, рабочийлардың өнимли жумыс ислеўи ушын шараятлар туўдырылды. Заводлардың қасында жәрдемши хожалықлар шөлкемлестириў, солай етип, жәмәәттиң мал шаруашылық ҳәм аўыл хожалық өнимлерине болған талабын қанаатландырыў дәстүрге айналды. Ҳәр бир завод жанынан балалар бақшасы, ал гейпараларында профилактикалық үйлер шөлкемлестирилди.

Республикамызда 1963-жыл 73 мың тонна пахта талшығы жетистирилген еди. Ал, 1983-жылы ол 122 мың тоннаға жетти. Сондай-ақ, 1963-жылы 13,5 мың тонна пахта майы алынған болса, 1983-жылы бул көрсеткиш 21,1 мың тоннаға жетип, бир ярым есеге көбейди.

Гөш комбинатларымыздың жумысы көп жыллар даўамында төмен дәрежеде болып келген еди. Комбинатлардағы антисанитариялық жағдайлар сапластырылмады. Техникалық әсбап-үскенелери ескиргенликтен өним жетистириў хәм оның сапасы талапқа жуўап бермейтуғын еди. Усындай ашынарлық жағдайлардан қутылыў, жумысларды жолға қойыў ушын көп машқалаларды шешиўге туўра келди. Сонлықтан, мен Өзбекистанның Гөш хәм сүт санааты министри Ю. Мамажановқа бардым. Оған республикамыздағы гөш хәм сүт, май заводларының жағдайын бирме-бир түсиндирдим хәм олардың гүлләп әсбап-үскенелерин тазалап, хәзирги заманға сай техникалар менен тәмийинлеў мәселесинде жәрдем бериўин өтиниш еттим. Мениң бул өтинишимди ӨзКП Орайлық Комитетиниң хәм республика хүкиметиниң басшылары да қоллап-қуўатлады. Ю. Мамажановтың Өзбекистан Республикасы Жоқарғы Советине Қарақалпақстаннан депутат болып сайланыўы бул аўыр машқаланың тезирек шешилиўине себепши болды. Ол депутатлық жумыслары бойынша Қарақалпақстанга тез-тез келип турды. Хәр келген сайын гөш, сүт, май заводларына барып, жағдайларды көрип, жумысларды жолга қойыў бойынша көрсетпелер берер еди. Нәтийжеде, көп өтпей-ақ Нөкистеги хәм Хожелидеги гөш комбинатлары хәм сүт, май заводлары қайта қурылды. Ю. Мамажановтың усынысы бойынша Хожели гөш комбинатына тәжирийбели, искер кәниге Раиса Яхияевна Жаббарова директор етип тайынланды. Ол шынында да шебер шөлкемлестириўши, истиң көзин билетуғын басшы еди. Гөш комбинатының жумысы демде-ақ жанланып кетти. Гөштен көп түрли азық-аўқатлық затлар, колбасалардың хәр қыйлы түрлери, қазы, сосиска хәм тағы басқа сапалы өнимлер исленип, олар жоқары баҳа алды. Комбинаттың финанс хәм хожалық аўҳалы жақсыланды. Хожели гөш комбинатының ис усылынан өрнек алып, Нөкис гөш комбинаты хәм сүт, май заводлары да жумысларын жөнледи.

Хожели гөш комбинатының цехларындағы тазалық, жетистирилген өнимлердиң жоқары сапалылығы хәм басқа да унамлы өзгерислер бул комбинаттың тек Өзбекистанда ғана емес, ал аўқамға да танылыўына алып келди. Бул комбинатта бир неше мәртебе

республикалық көлемде көргизбели семинар-кеңеслер өткерилди. Шебер шөлкемлестириўши Раиса Жаббарова Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Советине депутат болып сайланды.

Республикада мәмлекетке гөш ҳәм сүт сатыў жобалары жылдан-жылға зыяты менен орынланды. 1963-жылы 4329 тонна гөш исленип шығарылған болса, 1983-жылға келип бул көрсеткиш 18576 тоннаға жетти ямаса 3,3 есе көбейди, ал колбаса 260 тоннадан 1913 тоннаға көтерилди ямаса 7,3 мәртебе өсти. 1963-жылы 3439 тонна сүт қайта исленген болса, 1983-жылға келип 18198 тонна болды ямаса 5,2 есе көбейди. Нөкис, Төрткүл, Беруний, Маңғыт, Хожели, Қоңырат, Шымбай усаған ири қалалардың халқы толық болмаса да сүт, қатық пенен тәмийинленди.

Алпысыншы жыллары Нөкис ун комбинаты жылына 40 мың тонна ун тартатуғын куўатлылыққа ийе еди. Халқымызға ун негизинен аўқамның басқа областьларынан алып келинди. Бизде жетистирилген салы аўқамның ҳәмме жерлерине қайта исленбей жиберилип турылды. Салыны бизлер жетистирген менен оны таяр өнимге айналдырғанынан алынған ақшалай қаржылар басқа биреўлердиң пайдасына қалды. Санааттың бул тараўын кескин раўажландырыў ушын Өзбекистан ҳүкиметине орынлы мәселе қойып, Қарақалпақстаннан тайын өним жибериў, ол ушын ун тартыўды, салыдан гүриш ислейтуғын заводлар қурыўды талап еттик. Бул бойынша бизиң республикаға СССР Ғәлле өнимлери министри Г. С. Золотухин, Өзбекистан ССР Министрлер Советиниң Баслығы Н. Ж. Худайбердиев келип, бир-еки күн республика жағдайы менен танысты, жетистирилип атырған салы атызларын, халқымыздың көтериңки көңиллерин көрип, миймандослық арқасында Қарақалпақстанда жетистирилген ҳәмме салы өнимлерин қайта ислейтуғын гүриш заводларын, ун қаразларын қурып беретуғын болды. Нөкис, Шымбай, Қоңырат, Қанлыкөлден салыдан гүриш ислейтуғын заводлар қурыў, Нөкисте, Қоңырат, Төрткүлде ири ун қаразларын ҳәзирги заман талабындағы технология тийкарында қурыў мәселеси шешилди. Хожели, Тақыятас мелькомбинат комплекси, Алтынкөл таярлаў базаларынан ҳәм Шымбай таярлаў базасынан гүриш заводы қурылыслары питкерилди. Жоқарыда көрсетилген объектлерди қурыўды Григорий Сергеевич Золотухин жобаға киргизип, орайластырып қаржы бөлип шығарды. Золотухинди мен көп жыллардан берли, ол Тамбов обкомының, Краснодар крайкомының биринши секретары болып

ислеген ўақтынан берли таныйтуғын едим. Оннан кейин көп ушырасып, сиз-бизлигимиз беккемленип, яр-дослыққа айналған еди. Бизде қәнигелер жеткиликсиз болғаннан кейин Караматдийин Салиевти Краснодарға жиберип, ол жақтан Ковалев басшылығында гүриш заводын қурып беретуғын қәнигелер алдырдық. Олар күнитүни ўақыт пенен санаспай жумыс ислеп, айтылған заводлардың қурылысын мүддетинен бурын питкерди. Олардың жәрдеминде көплеген жергиликли қәнигелер өсип шықты. Ҳәзир олар үлкен мелькомбинатлардың жумысларын меңгерип, жақсы ислеп кетти. Бизде гүриш заводларын, қабыллаў пунктлерин қурыўда, оларды үскенелеўде, сол ўақыттағы Өзбекистан Республикасы Ғәлле өнимлери министри Қойбағаров Хошўақыт Ражаповичтиң жүдә үлкен азаматлық жәрдеми болды. Ол бизде салы зүрәәтин жыйнаў ўақтында еки-үш ай ўәкил болып, биз айтқан барлық мәселелерди шешип беретуғын еди.

Ҳәзир санаат өнимлериниң басым көпшилигин республикалық ғәлле өнимлери бирлеспеси жетистиреди. Мен республика басшысы сыпатында жумыс баслаған жылларға қарағанда 1983-жылы ун тартыў 10 есеге артты, ал жетистирилген салының барлығын өзимизде гүришке айналдырып қайта ислеўге күши жетерликтей базалар қурылды. 1983-жылы 61 мың тонна гүриш, 76,6 мың тонна ун, 88,9 мың тонна комбикорма ислеп шығарылды. Бундай жетискенликлер бурын болмаған еди. Бул республикамыздың өндириўши күшлериниң анағурлым дәрежеде өскенин, раўажланғанын дәлиллейди. Балық санаатының бермеген өнимлериниң орнын ғәлле санааты өнимлери қаплады.

Винозаводтың жумысындағы қайта қурыўлар оның қуўатын асырды. Бағшылықтың улыўма гектарының көбейиўи, алма, жүзим өнимлериниң ерте бастан жыйналып, винозаводқа тапсырылыўы завод шығаратуғын өнимлердиң көбейиўине алып келди. Егер 1963-жылы 170 мың декалитр вино ишимликлери ислеп шығарылса, ол 1983-жылы 456 мың декалитрге жеткерилди. Солай етип, республикамыздың ақшалай дараматының бөлегин көбейтиўге олар үлкен үлес қосты.

Ҳүкиметимиз 1970-жыллардың ақырлары, 1980-жыллардың басында халық тутыныў товарларын көплеп жетистириў бойынша қатты талаплар қойды. Бизиң азаматларымыз бул талапларды инабатлы орынлаўға киристи. Халық тутыныў товарларын жетистириў бойынша берилген жобалар, қосымша тапсырмалар ҳәр жылы

артығы менен орынланып турды. Көпшилик колхозлар менен совхозлар халық тутыныў товарларын ислеп шығаратуғын цехлар, шағын кәрханалар қурды. Сол ўақыттағы есаплаўлар бойынша санаат кәрханаларынан тысқары 96 процент совхозлар, 100 процент колхозлар халық тутыныў товарларын жетистириўге киристи. Онынши бес жыллықта халық тутыныў товарларын жетистириў 147,4 процентке, ал он биринши бес жыллықтың биринши үш жылында 128,3 процентке көбейди.

Сондай-ақ, Нөкистеги кийиз басыў комбинаты, ағаштан буйымлар соғыў фабрикасы, мотор ремонтлаў заводы, мрамор заводы республикамызың тилге тийек боларлықтай санаат кәрханаларынан есапланады.

Санаатты ҳәмме хожалық тараўлары менен бир қатарда раўажландырыўда республика ҳүкиметин басқарған Ережеп Айтмуратов, обкомның секретары болып ислеген А. Федоров ҳәм т. б. жолдаслардың шөлкемлестириўшилик пенен усы жумыслардың басында турып, азаматларша қосқан үлеслерин үлкен мақтаныш пенен тилге алып өтемен.

Биз жоқарыда пахта, май, ғөш, сүт, гүриш ҳәм ун заводларының қайта қурылыўы, ол тараўлар бойынша таза кәрханалардың пайда болыўы ҳаққында гүрриң еттик. Усы санаат тараўларын раўажландырыўдың нәтийжесинде санаат өнимлерин ислеп шығарыў әдеўир өсти. 1963-жылы 265 миллион сомлық өним ислеп шығарылған болса, ал 1983-жылы 697 миллион сомлық өним ислеп шығарылды ямаса 2,9 есе өсиўге алып келди.

Бизиң ендиги мақсетимиз Қарақалпақстанда ири санаатты пайда етиў еди. Әлбетте, ири санаатты раўажландырмай республиканың экономикасын кескин раўажландырыў мүмкин емес. Сонлықтан, биз Қарақалпақстанды аўыл хожалық республикасынан санааты раўажланған аграрлық республикаға айландырыў мәселесин шешиўди алға ўазыйпа етип қойған едик.

Бирден ири санаатты пайда етиў қыйын, ол ушын биринши гезекте инфраструктура таярлаў керек. Оны пайда етпей турып ири санаат ҳаққында гәп етиў мүмкин емес. Инфраструктура дегенимиз— асфальт жол, темир жол, электр қуўаты, қурылыс индустриясы, газ, водопровод, канализация, турақ жай және қәнигелиги күшли қурылысшылар, инженерлер, қулласы өндирис ушын зәрүрли барлық жағдайлар. 1960—1970-жыллары бизде бундай жағдайлар еле жүзеге келмеген еди. Биз ол жылларды босқа өткергенимиз жоқ.

Сол ири қурылысты жүзеге шығаратуғын, қурыў қәбилетине ийе боларлықтай база дүздик. Булар ҳаққында биз жоқарыда кеңнен гәп еткенбиз.

1963 — 1984-жыллар ишинде Қарақалпақстанда 57 санаат объектлерин қурып, пайдаланыўға бердик. Олардан Тақыятас ГРЭСин, бир жылда 270 — 280 мың квадрат метр турақ жай қурыў куўатына ийе үш үй қурыў комбинатын, қара үй ушын кийиз басыў комбинатын, Султан Үәйис таўында тас майдалайтуғын карьерди, Хожели сүт заводын, Нөкисте асфальт заводын, Тақыятаста, Шымбай, Нөкис, Қоңыратта гүриш заводларын, Хожелиде гилем тоқыў, Нөкис мрамор заводын, Қарақалпақ бройлер фабрикасын ҳәм т. б. тилге алсақ болады.

Ең әҳмийетли ислердиң бири — биз 1970—1980-жыллар ишинде 1980-жылдың баҳасы менен есаплағанда 1 млрд сомлық ири қаржына өзлестире аларлықтай өним ислеп шығаратугын қурылыс индустриясын дүздик. Егер алпысыншы жыллары ҳәм жетписинши жыллардың басында жай бастыратуғын әпиўайы темир-бетон плиталарды Ташкенттен алып келетуғын болсақ, жетписинши жыллардың ақырында-сексенинши жыллардың басында ең қыйын темир-бетон конструкцияларын өзимизде таярлаўға еристик. Ҳәзир ислеп турған «Катекс» ҳәм «Элтекс»лердиң тез пәт пенен қурылыўы, сол бизлер ислеген дәўирде жүзеге келген қурылыс индустриясының нәтийжесинде әмелге асты.

Жуўмақластырып айтқанда, 1965-жылғы санаатта тийкарғы өндирис фонды тек 57 млн. сом көлеминде болса, 1983-жылға барғанда ол 360,9 миллион сомға көтерилди ямаса 20 жыл ишинде 6,3 есеге өсти.

Мине, усы аўҳал бизди қуўатлы, ҳәр қандай ири санаат қурылысын әмелге асырғандай дәрежеге жеткерди. Сонлықтан, биз Қарақалпақстанда ири санаат объектлерин қурыў жолларын изледик. Шараф Рашидовтың қоллаўы менен 1981—1982-жыллардан баслап Нөкисте 68 миллион сомлық қурылыс-монтажлаў баҳасына ийе тоқымашылық фабрикасын қурыўға СССР Госпланынан руқсат алдық. Ол комбинат 120 миллион квадрат метр гезлеме беретуғын, 4,5—5 мың адам ислейтугын үлкен санаат орайы болыўы керек еди. Бул объект Нөкисте қурыла баслады. Оның 4—5 жәрдемши өндирис объектлери қурылып, тез пәт пенен иске түсирилди. 1970—1980-жылларда Төрткүл, Беруний, Маңғыт, Хожели қалаларында жобадағы Нөкис тоқымашылық фабрикасының филиаллары

қурылды ҳәм тез ўақыт ишинде иске қосылды. Бул ири кәрханаларда мың-мыңлаған ҳаял-қызлар жаңа кәсиплерди ийелеп, жумыс пенен бәнт болды. Қурылып, пайдаланыўға берилген филиаллар сол Нөкис тоқымашылық комбинатының жәрдемши кәрханалары еди.

Мен истен кеткеннен кейин Нөкистеги тоқымашылық фабрикасының қурылысы ҳәр қыйлы себеплер менен тоқтап қалған. Меннен соңғы басшылар бул объекттиң қурылысын даўам етиў үстинде бас аўыртпаған болыўы керек. Көп күш пенен бурынғы СССРдың Госланы Н. К. Байбаковқа, СССРдың жеңил санаат министри Н. Н. Тарасовқа бир неше мәртебе кирип, жалынып-жалбарынып, аўқамлық жобаға кирген объекттиң қурылысы жедел басланып, тоқтап қалғаны маған жүдә өкинишли. Егер Нөкис тоқымашылық комбинаты қурылып питкерилгенде қаншадан-қанша адамлар жумысқа орналасар еди, кийим-кеншек болатуғын товарлар өзимизден шығар еди. Илаж жоқ, оны қайта тиклеў мүмкин емес. Мен өзимниң баслаған исимниң аяғына жетпегенине налып айтып отырман.

Усы жерде айтып кететуғын және бир жағдай — бизде, Қаратаўда Тебинбулақ деген жерде жүдә әҳмийетли титан-магнит рудасы бар. Ол ҳаққында газета-журналларда көп материаллар басылып шықты. Мен санаатты раўажландырыў мәселеси бойынша усы руданың үлгилерин (зилдей таслар, ҳәммеси металлдан қуйғандай), бөлеклерин Москваға СССР геология министри, Ленинлик сыйлықтың лауреаты, профессор Е. А. Козловскийге апардым. Оның қабыллаўында болдым. Жалынып-жалбарынып Қарақалпақстанда металлургия заводын ямаса қайта ислеп, пайдалылығын арттырыў фабрикасын қурыўды сорадым. Темир жол Қаратаўға баратыр, ЛЭП бар, асфальт жол бар, суў бар, халқы көп районларға жақын жайласқан, инфраструктура таяр, деп көп дәлиллер келтирип исендирдим. Биринши барғанда «маған ўақыт бер, бул мәселени үйренейин, экспертлер жиберейин», — деп ўәде етти. Оннан кейин барғанымда айнып, «металлдың муғдары 18—23 процент ғана екен. Бизде 35—40 процент рудасы бар кән байлықлар елеге шекем өзлестирилген жоқ. Сизлерге де нәўбет келеди, ҳәзир асықпаң» — деп жуўап берди.

Солай етип, бул мақсетимиз де иске аспай қалды…

Мениң ийманым кәмил. Қарақалпақстандағы алтын, нефть, газ, металл, гранит, мрамор, тальк, слюда, ҳәк, дуз, фосфоридлер ҳәм т.б. ада болмас жер асты байлықлары жақсы излестирилип пайда-

ланылса, елимиз ең бай, санааты раўажланған республика болыўы турған гәп. Бул ўазыйпаны ҳәзирги және келешек әўлад иске асырады деген үмиттемен. Қарақалпақстанның келешеги жарқын, қудайтаала суўын жеткерсе, жер байлығы мол, жер асты байлығы да көп, булар қашан болса да жүзеге шығады, елимиз абадан елге айналады...

Қарақалпақстанның халық хожалығының ең баслы тараўлары болған аўыл хожалығының жанланыўы, пахташылықтың тик аяғына турыўы, жаңа тараў салыгершиликтиң пайда болыўы, қурылыстың бурын көрилмеген дәрежеде көтерилиўи, санаат өнимлерин ислеп шығарыўдың көбейиўи елимиздиң экономикасының өсип-раўажланыўын тәмийинледи.

Усы 20 жыл ишинде (1963—1983) халық хожалығын раўажландырыўға жумсалған ири қаржы 4,6 есе өсти, сонлықтан, санааттың ҳәм аўыл хожалығының тийкарғы өндириўши фонды 1,6 млрд сомға көбейди ямаса 6 мәртебеден көбирек өсти. Санаат өнимлерин ислеп шығарыў 2,9 мәртебеге көбейсе, ал аўыл хожалық өнимлерин жетистириў 1963-жылғы 265 млн сомнан 1983-жылы 697 млн сомға (1984-жылдың баҳасы менен) жетти ямаса 2,6 есе көбейди.

Усы қолға киргизилген табыслар нәтийжесинде 1963—1983-жыллар ишинде республикамыздың миллий дараматы 2,7 есеге көбейди. Бул жоқарыдағы өсиў-раўажланыў көрсеткишлери бурынғы СССРдың орташа көрсеткишлерине қарағанда анағурлым артық екени көринип тур.

Жоқарыдағы халық хожалығының ҳәмме тараўларындағы унамлы көрсеткишлер халқымыздың материаллық абаданлығын тәмийинледи, халқымыз қурғын жасай баслады. Ишерге асы, кийерге кийими толығы менен тәмийинленди. Мүтәжлик, жетиспеўшилик умыт болып кетти. Ҳадал мийнет етсе, турмысының жақсыланатуғынына халықтың көзи жетти, сонлықтан, олар жеделли мийнетке кирисе баслады. Қалтасына ақша түсип, дастурханындағы наны қалыңланып, халқымыздың руўхы көтериле баслады. Усы жигирма жыл ишинде товар айналысының муғдары 1963-жылғы 144 млн сомнан, 1983-жылы 650 млн сомға ямаса 4,5 есеге өсти (1984-жылғы баҳа менен). Жан басына есаплағанда бул көрсеткиш 2,6 мәртебеге өсти. Бул цифрлар халқымыздың турмысының абаданласқанының айқын дәлили бола алады.

Халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиў усы 20 жыл ишинде үлкен пәт пенен раўажланды. 1965-жылы 2,2 млн сом орнына 1983-

жылы 19,0 млн сомға халыққа хызмет исленген ямаса 8 мәртебе өскен[1]. Бурын умыт болып баратырған халқымыздың ески қол өнери қайта тикленип, қызларға ғайры нағыслы көйлеклер, камзол, жеңсиз шапан ҳәм т.б. тигилип, миллий кийимлер кийиў турмысқа енгизилди.

Усы 20 жыл ишинде Қарақалпақстанның өсиўин орташа бурынғы СССРдың өсиўи менен салыстырғанда санаат еки есе, аўыл хожалығы үш есе, миллий дарамат еки есе артты.

Солай етип, аграрлы ел болып келген Қарақалпақстан жигирмалаған жылдың ишинде санааты раўажланған, аграрлық-индустриялы елге айналып, жаңадан-жаңа жетискенликлерге қарай исенимли қәдем таслады.

[1] Китаптың аўыл хожалығына, қурылысқа ҳәм санаатқа арналған бөлимлериндеги цифрлар «Қарақалпақстан АССР халық хожалығы 60 жылда» деген статистикалық китаптан алынды.

ДИПЛОМАТИЯЛЫҚ ЖУМЫСТА

Мен Қарақалпақстанға басшылық еткен шерек әсир адамзат тарийхы көзқарасынан кишкене бир мәўриттей көринсе де, бул жыллар туўылған үлкемиздиң тарийхында өшпес из қалдырған, жеңисли жыллар еди. «Талаплыға нур жаўар» дегендей бул жыллары мийнеткеш халқымыз өз маңлай териниң нәтийжелерин көрип, бурынғыдан да бетер талўасланып, жаңа табысларға талпынды, хожалықтың барлық тараўларында бурын алынбаған шеклерди ийеледи, турмысы қурғынласты, ой-өриси кеңейди, илимли инженерлер, шебер қурылысшылар, атақлы алымлар көбейди, маманлығы асқан дийқанлардың қырманлары жылдан-жылға бәлентледи. Бурынлары аты оның аўызға алына бермейтуғын қарақалпақ халқының абыройы артып, қатардан орын алатуғын болды. «Бирлик бар жерде тирилик бар», «Дослық түби ғәзийне» дегендей, Қарақалпақстанның жерин мәкан еткен өзбек, қарақалпақ, қазақ, түркмен, орыс ҳәм т. б. халықлардың аўызбиршилиги нығайып, дослығы беккемленди. Нәтийжеде елге берекет дарыды.

Деген менен усы дәўир ишинде исимиз мудамы оңынан келе берди, сәтсизликлер, қәте-кемшиликлер болмады деп айта алмайман. «Жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ болмас» дегендей, басшы сыпатында мениң өзимниң де кемшиликлерим аз болмаған шығар. Қалай деген менен Қарақалпақстандай етекли елге шерек әсир даўамында басшы болған соң бирде болмаса бирде қәтелик кетиўи тәбийий ғой. Қай басшы да менменсип, «мениң хызметимде кемшилик болмады» десе, бул инсаптан емес. Адам өзиниң қәтелигин өзи сезбеўи мүмкин, бирақ өзи сезбегени менен оны халық сезеди, себеби халық — айна, халық — тәрези. Сениң ҳәр басқан адымыңа халық әдил баҳа берип отырады. Өзиниң қәте-кемшилигин мойынлап, өз ўақтында дүзетип, ҳадал ислеўге умтылған басшыны халық иззет-ҳүрмет етеди, изине ереди.

Басшы ҳәмменің кеўлинен шығыўы мүмкин емес. Өйткени ҳәр бир инсан өзинше бир жатқан дүнья. Ҳәр адамның кеўилханасы, турмыс тәрезиси, ой-пикири ҳәр қыйлы. Солай да болса басшы өз қарамағындағы ҳәр бир пуқараның ғамын ойлап, оның қуўанышына да, қайғы-муңына да шерик болыўға, қолынан келгенинше мүшкилин жеңиллетиўге тырысыўы керек деп есаплайман. Биреўге билқастан жаманлық ислеў, орынсыз қуўдалап изине түсиў, жөнсиз азап берип, кеўлине тийиў басшыға миясар ис емес. Бундай әдетлер әзелден маган жат еди. Биреўлерге жақсылық етсем, аўырын жеңиллетип мүтәжин питкерсем өзимди әлле қандай бахтияр сезетуғын едим.

Ҳәр бир инсан өз дәўириниң перзенти. Ол басшы ма, қосшы ма, ким болыўына қарамастан, өзи жасаған дәўирдиң қазанында қайнап, сол дәўирдиң ашшысын да, душшысын да бирге татысады, сол дәўирдиң талабына сай хызмет етеди. Мен де, мениң абырай шерик заманласларым да өз дәўиримиз артқан жүкти мәнзилге жеткериў ҳәм туўылған жеримиздиң даңқын көклерге көтериў жолында аянбай тер төктик. Бүгинги күни мен өз заманласларымның усы тарийхый қысқа дәўир ишинде қаншадан-қанша машақатларды жеңип, питпес ислерди питкерген, меңиреў далаларда әжайып шәҳәрлер пайда етип, узақ түпкирлерге асфальт ҳәм темир жоллар апарған, ҳәр бир шаңарақтың ошағында көк жалынды лаўлатып, үлкемиздиң келбетин танымаслық дәрежеде өзгерткен қаҳарманларша ислеген мийнетине тәсийин қаламан ҳәм усындай азаматлық ислерге уқыплы, мийнет сүйгиш инсанлар менен заманлас болғаным ушын шүкирлик етемен. 1980-жыллардың орталарында Өзбекистанның халықлары ҳаққында, соның ишинде, бизиң мийнеткеш қарақалпақ халқы ҳаққында ҳәр қыйлы насақ сөзлер тарады. Пүткил халқымыз көз боямашылықта, қосып жазыўшылықта жөнсиз айыпланды. Жасырарлығы жоқ. «Сулыў да минсиз болмас» дегендей, бирли-ярым хожалықларда бундай унамсыз жағдайлар болыўы мүмкин. Аўырдың үсти менен, жеңилдиң асты менен жүрип, жанын қыйнап жумыс ислемей-ақ «оны иследим, буны иследим» деп, есап бериўге әдетленген гейпара басшылар да арамызда болған шығар. Бирақ, областлық партия комитети ҳәм Министрлер Совети усындай намақул ислерди ислеўге адамларды мәжбүрледи деген гәплерге ҳасла қосылмайман. Бундай биймәни, насақ гәплер ҳақыйқатлықтан узақ. Пүткил үлкен бир халықты жырып жеўши, жалқаў, көз боямашы деп айыплап, абырайын төгиў, оны руўхый жақтан сындырыў ҳәм өз жетегине алыў — Орайдың өзимшил сиясатының көриниси

еди. Горбачев ҳәм Лигачев өзлериниң абырайын көтериў ушын өткен дәўирди «тубалаў дәўири» деп атап, елде қайта қурыўды дағазалады. Олар тек сөз жүзине «қайта қурыўшылар» еди, өйткени белгили бир жобаға ямаса бағдарламаға ийе болмады. Олар елдеги ўақыяларды бир мақсетке бағдарлаў орнына, ескексиз қайықтың ықлап кете беретугыны сыяқлы, өзлери сол ўақыялардың соңынан ерип жүрди. «Тил менен орақ орғанның бели аўырмайды» дегендей, узыннан-узақ ўаз айтыўдан ары бармады, ел ийгилиги ушын ис жүзинде ҳеш нәрсе ислемеди. Олардың бийпарўалығының ҳәм ырқының бослығынан елдеги гейпара қара нийетли элементлер утымлы пайдаланды. Орайдың Өзбекистанды көз боямашылардан, парахорлардан тазалаў ҳаққындағы ураны шын мәнисинде империялық мақсетлерди гөзлегенлиги аян болды. Сол себепли, ол Гдлян ҳәм Иванов басшылығындағы жәлладларды жиберип, «Өзбекистанды темир тор менен қоршаў керек, бул республикада жасаўшылардың ҳәммеси жынаятшылар» деп, биринши гезекте басшыларға асылды. Нызамға сыйыспайтуғын усыллар Гдляншы тергеўшилердиң негизги қуралы болды. Олар өзлери қамаққа алған бийгүна басшыларды гүнакар етиў мақсетинде адамларды қорқытып-үркитип жалған көрсетпелер, қәўпеки мағлыўматлар топлады. Озлериниң ойындағыдай етип жазып бермеген пуқараларды зинданларға таслап, мийримсизлик пенен азап берди. Ел ишине естен кетпестей былағай салды. Ҳақыйқатында, Орайдың бул ҳәрекетлериниң отызыншы жыллардағы қуўдалаўлардан парқы болмады.

Бул — қайғы-ҳәсиретлерге толы жыллар еди. Бир жағынан өзбек халқы өзиниң сүйикли басшысы Шараф Рашидовтан айырылып, қайғыға көмилип атырса, бир жағынан Орай жиберген жаўыз жәлладларға таланып азап шекти. Ақыл-парасатлы, арысландай айбатлы Шараф аға тири болғанда Орайда отырған ойсызлар ҳәм олардың ўәкиллери Өзбекистанға есик қағып кирер еди. Айтары жоқ, Шараф Рашидов дүньядан өткеннен кейин елимиз басшысыз қалғандай болды. Орайлық Комитет сол күнлери мисли бир босап қалған үйге мегзер еди. Шараф Рашидовтың орнына ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши хаткери болып сайланған Османхожаев ел күткен басшы болып шықпады. Оның республикаға өз бетинше басшылық етиўге уқыпсыз екенлиги әўелги күнлерден баслап-ақ айқын бола баслады. Османхожаев ийелеп турған үлкен лаўазымға байланыслы жуўапкерли жумысларды меңгере алмағанлықтан, көп мәселелердиң шешилиўи узаққа созылып, ҳәтте шешилмей қалып

қоя берди. Сол ўақытлардағы тәртип бойынша негизги әҳмийетли мәселелердиң ҳәммеси Орайлық Комитетте шешилетуғын еди. Сол себепли үлкен мәселелерди мудамы Орайлық Комитеттиң биринши хаткери менен ойласып, сол кисиниң келисими менен шешиў ўәлаятлардың басшылары болған бизлер ушын бурыннан киятырған жазылмаған нызам болып қалған еди. Мен телефон арқалы Османхожаев пенен жийи-жийи байланыс жасап, усындай маңызлы, елге керек мәселелерди шешиўде оның келисимин алыўға ҳәрекет етип жүрдим. Бирақ, Османхожаев оғада босаң, принципсиз, өз сөзиниң үстинен шыға алмайтуғын, нәзерге алған исин ақырына шекем жеткере алмайтуғын адам екен. Ол өтинишиңизди айтқан ўақытта «жоқ, болмайды» деп ҳасла қайтармайды, барлық ўақытта «яқшы, болады, шешип беремиз», деп ўәде береди, бирақ ўәдесиниң кейини жоқ еди. Бул жағдайды тез арада-ақ сезген бизлер — областьлық партия комитетлериниң биринши хаткерлери бир-биримизге «Бул қандай аўҳал болды, бул кисиден оңлы басшы шығатуғын түри жоқ-ғой. Бул барыстан ел бүлинбесе болар еди» деп, халықтың тәғдирин ойлап, тәшўишленип жүрдик.

Османхожаевтың ырқының бослығынан пайдаланған Т. Н. Осетров (сол ўақыттағы ӨзКП Орайлық Комитетиниң екинши хаткери) ис жүзинде өзи ҳәким, өзи бий болып, барлық жумысларды өз қолына алды. Республикадағы кадрлар сиясаты тек соның көрсетписи менен иске асырылады. Ҳәтте, Орайлық Комитетке барған барлық қағазлар, телеграммалар Осетров көрип шыққаннан кейин ғана өз шешимин табар еди. Илаж қанша, енди бизлер ҳәр қандай мәселени де алды бурын Осетров пенен сөйлесип шешип болып, соңынан мәзи сыйласық ретинде ғана Османхожаевқа да қоңыраў етип, айтып қоятуғын болдық. Ол тек биринши хаткердиң кабинетинде отырғаны болмаса, мисли тири куўыршақтай, онда күш те, салмақ та жоқ еди. Бул, әлбетте, ким-кимди де ойландырарлықтай жағдай болды. Ақыры, Өзбекистан — бул үлкен республика, шешилиўи тийис, бирақ қыйын социаллық ҳәм экономикалық мәселелер көп. Басшылық бир жерден болмаса, ҳәмме бир аўызға қарамаса, ҳәр ким ҳәр жерден хожайыншылық ете берсе, елде тәртип бузылады, ал тәртип бузылса аўызбиршилик кетеди, елдиң берекети қашады. Бул ҳәммеге мәлим.

Буның үстине Шараф Рашидов тири гезинде ҳеш ким менен иси болмай, аўзына суў уртлағандай үндемей жүретуғын КПСС Орайлық Комитетиндеги бир қатар хызметкерлер басын көтерип,

Өзбекистанның басшыларын писент етпей, тиккелей Москвада турып, ҳәкимликти барған сайын күшейтти. Халқымыздың «Иштен шыққан жаў жаман» дегининдей, ӨзКП Орайлық Комитетинде ислеп атырған гейпара жарамас басшылар өзимизде шешилиўи мүмкин болған айырым мәселелерди Москваға алып шығып, жарамсақланып жүрди. Олар Орайға жағынып, бир басшы ҳәмелден дәмели болып, Өзбекистандағы бирли-ярым кишкене кемшиликлерди бөрттирип баянлап турды. Олардың сондағы ойы сатқынлық жолы менен болса да Москвадан үлкенирек ҳәмел алып, абырай арттырыў еди. Солай етип, ӨзКП Орайлық Комитетинде берекет қаша баслады. Буның үстине КПСС Орайлық Комитетине Н. К. Могильниченко, В. И. Смирнов, Бессарабов усаған истиң көзин билмейтуғын, жүдә жағдайсыз, Өзбекистан ҳаққында ҳеш қандай түсиникке ийе болмаған адамлар басшы жумысларға келип қалды. Бул адамларды әкелип, устазлық еткен Лигачев еди. Ол КПСС Орайлық Комитетиниң екинши хаткери болып ислеген дәўирде усындай турмыс тәжирийбесине ийе болмаған, кисиге алып-топылыўдан басқаны билмейтуғын, ҳөкки минез, билими сайыз жасаўыллар көбейип кетти. «Ел ағасы насаз болса, елин жолаўшы талайды» дегендей, әлле биреўлер Өзбекистанның жылаўын өз қолларына алмақшы болып, барлық ислерге араласа беретуғын болды. Шараф Рашидов ислеп турған ўақытта Ташкенттиң өзинде қаралып, усы жерде шешилетуғын мәселелер енди Москваға кетти. 1983-жылдың ақыры менен 1984-жылдың бас ғезинде КПСС Орайлық Комитети Өзбекистандағы ўәлаятлардың басшыларының барлығын Москваға үш-төрт мәртебе шақырып алып, ҳәр қыйлы тартыслы мәселелерди қарағанлығы буған мысал болады. Орайдың озбырлығы күшейди. Османхожаев Москвадан қандай буйрық болса, «ләббай» деп қабыл ете берди. Ол Өзбекистан ушын пайдалы ма, жоқ па, буның парқына барып, ойланып ис қылмады. Мине, бул жағдай республика басшыларының абырайын түсирди. Журт басқарып, ел бийлеген адам, терең билимли, ақыл-парасатлы, халықтың ғамын өз ғамынан жоқары қоятуғын, анық пикирге, белгили принципке ийе болмаса, жоқарыдан берилген көрсетпелерди ғана орынлап, солардың сөзин тәкирарлап жүре берсе — ондай адамды халық басшы сыпатында танымайды, ҳүрметлемейди.

Биз сөз етип отырған дәўирде ӨзКП Орайлық Комитети, оның биринши хаткери Османхожаев пүткиллей басшылық ролин жоғалтты, ел ишинде абырайы қалмады. Ескиден киятырған тәжи-

рийбе соны көрсетеди, егер бир жақсы басшы кетип, орнына насаз адам келсе, елде аўызбиршилик жоғалады. Бирлик болмаған жерде берекет қашады. Биреўге биз, биреўге пышақ берип, ала аўызлық тарататуғын өсекшилер көбейеди. Ақыбетинде адамзат турмысындағы ең иплас ҳәм ең қәўипли иллет жүзеге келеди. Көпиртпе қызыл сөзге уста, бирақ қолынан ис келмейтуғын жағымпаз ҳәмелпаразлар сынаптай жылысып, жоқарыдағылардың жарылқаўына ерисип, ҳәкимиятқа араласады, елдиң тәғдири жалатайлардың қолына өтеди. Османхожаевлар республикаға басшылық еткен дәўирде усы тақылеттеги аянышлы аўҳал жүз берди. Усындай жағдайлар сол дәўирде бизиң Қарақалпақстанда да жүз берген екен.

1984-жыл 22-октябрьде Москвада КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы болды. Оған мен де қатнастым. Пленумда Н.Б. Османхожаев сөзге шығып, өзбек халқының намысына тийип, елди, мийнеткеш халықты қаралап, көп кадрларды «қырып» атырғанын мақтаныш ретинде айтты. Өзбекистанға Орай кадрдан жәрдем бермесе болмайды, ҳәзир заман талабына жуўап бererликтей кадрлар бизде жоқ, — деди.

Мениң билиўимше, Османхожаевтың бул сөзи сиясий буйыртпа бойынша сөйленген еди. Орай ушын сол ўақытта Өзбекистанның басшысы усындай текст пенен сөзге шығыўы керек еди. Нәтийжеде орай өзиниң қара нийетин иске асырыў ушын көп жарамсыз кадрларды Өзбекистанға, Қарақалпақстанға жиберди. Бизге келген басшысымақлар Малолетов, Измаилов, Максимов, Доицов, Маштаков, Рыбаков, Машуков, Каминский Қарақалпақстан ушын ҳеш нәрсе ислеген жоқ. Ал, олар мәскүнемлик етип, мәслик қуўып, масқара болғанын халық биледи. Қарақалпақстанның жергиликли тәжирийбели, искер басшыларын шетинен жумыстан алып, Орайдан жасаўыл жибериў зыяннан басқа ҳеш қандай пайда келтирмегени мәлим. Бул жасаўылларды алып келгенлер де, жибергенлер де ел ишинде абырайға ийе бола алмады.

Османхожаевтың әззилигин билген орайдагылар өзбек халқының үстинен ҳәр қыйлы дөҳмет сөзлерди таратып, ел арасына иритки салды. Ҳадал маңлай териниң арқасында күрғын турмысқа жетисип, қатықтай уйып отырған мийнет сүйгиш өзбек халқының ар-намысын аяқ асты ете баслады. Бул жағдай жаман ақыбетлерге алып келди, елде бирликтиң қашыўына, бир-биреўге исенимниң жоғалыўына себепши болды. Адамлар бурынғыдай иске жапырылып, инта менен ислеўге урынбай, қолы суўып қалды. Ел бүлине баслады.

Өзбекистан аспанын қара бултлар қаплады. Османхожаев өз ата мәканының ар-намысын қорғаў орнына Орайдан келген жәлладлар тәрепине өтти.

«Жаманнан ҳәким қойсаң елди бузар» дегендей, Османхожаевтан кейин азғана күн ел бийлиги қолына тийген Нышанов сырғыялықты оннан да өткерди. Ел-халқының тәғдирин, оның қәдир-қымбатын қыялына да келтирмеди. Ол келе сала өзбек халқының уллы перзенти, мақтанышы болған Шараф Рашидовтың жағасына асылды. Оның атақ-абырайына дақ түсириўге умтылып, нырыққа сыймайтугын ерси ислерди иследи. Бизлер Шараф Рашидов өз ўақтында Нышановқа қаншелли жақсылықлар ислегенииң гүўасымыз. Оның қатарда жүриўинде, абырайының артыўында Шараф ағаның хызмети айрықша болған еди. Ол бир сапары Нышановты аўыр жазадан қутқарып қалды. Егер Рашидов болмағанда ол туңғыйыққа кетип еди. «Ел азаматы хор болмасын, жас кадр еди»,— деп ақсақаллық етти. Нышановтың кеширилместей қәтеликлери гөнерсин деп, оны шет елге елши етип жиберди. Дана халқымыздың «Тойдырғанның сақалына» деген сөзи рас екен. Нышанов қолына ҳәмел тийиўден-ақ Шараф Рашидовтың жақсылықларын умытты, жақсылыққа жаманлық етти. Өзбекистанның атын шығарып, пүткил дүньяға белгили еткен Рашидовтың ел перзентиниң қәбирине кесек атыў өз халқының арнамысын аяқ асты етиў менен тең екенлигин түсиниўге оның пәми жетпеди. Үлкен елде басшы болдым деп, көзи жер көрмей, өзинен кетти. Бирақ дана халқымыз Нышановтың ким екенлигин билгеннен кейин оннан түңиле баслады, оған ҳеш жерде ҳүрмет көрсетилмеди. Елде наразылық жүзеге келди. Буның ҳәммеси ҳақыйқатлық. Бул туўралы узақ гәп етип отырыўдың қәжети жоқ шығар, деп ойлайман. Османхожаев пенен Нышановтың «хызметлери» ҳаққында газеталарда да, китапларда да жетерли дәрежеде жазылды. Бийик лаўазымды ийелеў ушын ҳәр қандай унамсыз ислерге қол урыўдан қайтпайтугын бул еки ҳәмелпараз басшыға халқымыз өз ўақтында тийисли баҳасын берди.

Елдиң мәпин ойлайтугын, туўған жериниң ар-намысын жоқары көтеретугын басшыға мүтәжлик сезилген сол күнлерде Шараф Рашидовтың қәдири өтти. Ел ерим деп етегинен услағандай азаматтың басшылыққа келиўин күседи. Аллатаала халықтың бул тилегин қабыл етти. Өзбекистан мәмлекетине адамгершилиги күшли, ел-халқын сүйетугын, елдиң бирлигин көздиң қарашығындай сақлайтугын, халықтың хызмети ушын жанын пидә қылатугын

азамат — Ислам Абдуғаний улы Каримов басшы болып сайланды. Бул — халқымыздың жарқын тәғдири болды.

Өзбекистан ушын, өзбек халқы ушын өмир бойы жан аямай хызмет етип, ел алғысына миясар болып киятырған әжайып инсан Исмайыл Ҳәкимович Жорабековтың исмин ҳүрмет пенен тилге алып өтпекшимен. Мен Исмайыл Ҳәкимович пенен көп жыллар даўамында бирге ислестим. Мен обкомда ислеген жыллары ол Өзбекистан республикасының Суў хожалығы министри болып иследи. Ол жыллары Өмиўдәрьяда суў там-тарыслығы көп болып туратуғын еди. Исмайыл Ҳәкимович Қарақалпақстан ушын қолынан келген жәрдемин аямады. Оның туўысқанлық жәрдеминиң арқасында бизлер суўдан өз пайымызды алыў менен бирге, Қарақалпақстанда белғили-белгили ири қурылыслар иске асырылды. Ол үлкемизге жийи-жийи келип, әҳмийетли мәселелерди тиккелей өндирис басында турып шешип берип кетер еди. Қарақалпақстанлылар Исмайыл Ҳәкимовичтиң жақсылықларын ҳасла умытпайды. Өзбекистанға Ислам Каримов басшы болғаннан кейин «пахта иси», «өзбек иси» деген көпирме гәплердиң анығына жетиў ушын арнаўлы комиссия дүзилди. Бул комиссияға Исмайыл Ҳәкимович Жорабеков басшылық етти. Бир ярым-еки жыл даўамында жумыс алып барған бул комиссияның жумысының жуўмағы газета бетлеринде, телевидение ҳәм радио арқалы халыққа жәрия етилди. Комиссия өзбек халқы ҳаққындағы унамсыз гәплердиң ҳәммеси ойлап табылған қып-қызыл дөҳмет екенлигин дәлиллеп берди ҳәм Орайдың, сондай-ақ ол жиберген жәлладлар менен бирге, өз ишимизден шыққан сатқын жағымпазлардың қара нийетлерин пасыққа шығарды. «Пахта иси», «өзбек иси» деген гәплер Өзбекистанға ҳәм ҳадал нийетли, мийнеткеш өзбек хал-қына наҳақтан тағылған жала екенлигин көрсетти. Нәтийжеде әдалатлық жеңип, елде әдиллик орнады. Мың-мыңлаған адамлар ақланып шықты. Бийгүнә түрмеге қамалып, ар-намысы аяқ асты болып, руўхый азап шеккен пуқаралардың Биринши Президентимиз Ислам Каримовқа миннетдаршылығы шексиз. Шынын айтыўымыз керек, бул әдалатлық иси тек Ислам Каримовтың ер-жүреклигиниң, ақыллылық пенен сиясат жүргизиўиниң арқасында ғана әмелге асты. Бүгинги күни бизиң халқымыз сол аласапыранлы жылларда республикаға басшылық еткен Османхожаев пенен Нышановтың өз туўған елиниң ҳәм халқының тәғдирине жаны ашымай, қайтама Өрайдан келген жәлладларға жәрдем берип, ел ишинде қәлегенинше бийбастақлық етиўине жол қойғанын терең жеккөриўшилик пенен еслейди.

Мен усы жерде тағы изге оралып, әңгимемди Османхожаев ҳәкимлик сүрген дәўирде жүз берген ўақыялар менен жалғастырмақшыман. Көпшилик китап оқыўшылардың хабары болғанындайақ Османхожаев 1983-жылы ноябрь айында ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши хаткери болып сайланды. Оның бул бийик лаўазымға ылайық емеслиги, әҳмийетли мәселелерди шеше алмай, жалтақлай беретуғын ырқы бос, басламашылығы жоқ басшы болғаны, елдиң бийлиги негизинен Осетровтың қолына өткенлиги туўралы жоқарыда сөз еткен едим. Орайлық Комитеттеги усындай жағдайды көрген ўәлаятлардың басшылары түңилип, истен қолы суўый баслады. Баяғыдай талпыныўшылықтың орнына әлле қандай арқайынлық ийелеп баратырған сыяқлы еди. Төменнен болған жақсы басламаларды қоллап-қуўатлаўшы, кисиге қанат байлатып, иске руўхландырыўшы күшлердиң сөне баслағаны күн өткен сайын сезилер еди. Бул да тура берсин, көп жыллардан берли басшы жумысларда ислеп киятырған тәжирийбели, өз пикирин тартынбай айта алатугын обкомның биринши хаткерлери ҳаққында Османхожаевтың пикири өзгерип, оларды жақтырмайтуғыны байқалар еди.

Ноябрь айының ақырында (1983-ж.) ӨзКП Орайлық комитетиниң бюро мәжилиси болды. Оған областлық партия комитетиниң биринши хаткерлери де қатнасты. Бул ўақытта Қарақалпақстан жыл бойылық пахта таярлаў жобасын орынлаған еди. Бюро мәжилисинде Өзбекистанның алты миллион тонналық пахта қырманын тиклеў ушын ҳәр бир ўәлаят мәмлекетлик жобадан тысқары пахта тапсырыўы керек, деген мәселе ортаға қойылды. Ең дәслеп мениң есабымды тыңлады ҳәм жобадан тысқары мәмлекетке тағы 50 мың тонна пахта тапсырасыз, деп қосымша ўазыйпа жүкледи. Мен «Қарақалпақстанның атызларында пахта толық терип алынды. Егер күш салсақ және 10—15 мың тонна ғана пахта жыйналыўы мүмкин. Бизде 50 мың тонна пахта таярлаў мүмкиншилиги жоқ»—дедим. Османхожаев, Осетров ҳәм Худайбердиев маған ашшы сөзлер айтып, кеўлиме тийди, капа етти. Бирақ, мен олардың қысқысына шыдадым, сабырлылық көрсеттим, ҳәм сол пикиримде турып алдым. Сонда бюрода, «Сиз Шараф Рашидовке ўәде бергенсиз, ол киси болмаса сизден пахта алыў қыйын екен ғой», деген намақул гәплер айтылып, маған гина тақпақшы болды. Бизлер курақым пахта берип атырған, мәмлекетлик жобасын әлле қашан орынлап кеткен Хорезм ўәлаятлық партия комитетиниң биринши хаткериниң, пахта жобасын орынламаған ўәлаятлардың биринши хаткерлериниң

есабы тыңланбады. Гәп тек мениң үстимде болғандай болып көринди. «Жоқ жеринен пахта таўып бересең» деген талап қойылды. Бул гәплердиң ҳәммесин, сол ўақыттағы Орайлық Комитеттиң аўыл хожалығы бойынша хаткери Ережеп Айтмуратов еситип отырды. Бюродан кейин ҳәр күни азанда Османхожаев, Осетров телефоннан қоңыраў етип, меннен пахта талап етип турды.

Сол сапарғы бюро мәжилиси менде көп пикирлерди пайда етти. Деген менен олардың орынсыз гийнелерин мен жүрегиме жақын алмадым, жумысымды қызғын даўам ете бердим. Зүрәәти толық жыйнап алынған атызларды гүзги суў менен суўғарыў ғалаба баслап жиберилди. Малларды жуғымлы от-жемлер менен жеткиликли мугдарда тәмийинлеп, жыллы ҳәм тоқ қыслатыўды қатаң қадағаладық. Жумысты қуныгып ислеген адам ўақыттың өткенин билмей қалады-ғой. Ҳә демей-ақ 1984-жыл Есик қақты. Январь айының он төртинши сәнесинде областлық партия конференциясында мен бир аўыздан обкомның биринши хаткери болып қайта сайландым, ал, март айында алтыншы рет СССР Жоқарғы Советине депутат болып сайландым.

Февраль айының ақырында Москвада (Кремль емлеўханасында) аўыр операцияны бастан кеширдим, өт қалтам алып тасланды. Март айының ақырында аўырыўдан жазылып, Нөкиске қайтып келдим.

Сол жылы бәҳәр кеш ҳәм салқын келди. Биринши май күни бир сутка даўамында тынбай жаўын жаўды. Жерлер биротала көшип кетти. Шигит егилген атызлардың көлатлықтан айырмашылығы болмай қалды. Дақыл егетуғын атызлар онлаған күнге шекем тапқа келмеди. Жаўынның ақыбетинде жерлер тепсең болып, өнип шыққан жас ғаўашаларды қатқалақ тамағынан қылғындырды. Тоғызыншы майдан баслап барлық атызларда дерлик шигитти қайтадан егиўге киристик. Гүллән күш ҳәм резервлер иске салынды. Нәтийжеде 20 жумыс күнинде шигит егисин тамамладық. Ҳәмме жерде толық нәл алыўға еристик. Бирақ, пахта жүдә кеш еди. Солай да болса кеш ғаўашаның тәрбиясын күшейтиў, оны тезирек жетилистириў ушын пүткил халық атыз басына көшип шығып, күнди-күн, түнди-түн демей жәўлан урып мийнет етти. Тәшўишлер көп еди. Сонлықтан, обкомның бюро ағзалары, барлық белсендилер аяқларына етик кийип, пахта атызларының басында, халықтың арасында болып, аўырманшылықты бирге көтеристи. Усындай беккем бирликтиң, пидәкерлик мийнеттиң арқасында ғаўашаның биринши комплексли тәрбиясын июнь айының жигирмаларына шекем берип үлгердик.

Мине, усылайынша ҳәмме жеңүринип атланысқа шығып, ғажжа-ғаж жумыс қызып атырған күнлердиң биринде Османхожаев телефоннан қоңыраў етип «Июль айының он биринде Орайлық Комитеттиң бюро мәжилиси болады. Сиз Ташкенттке келиўиңиз керек» — деди. Шынын айтсам, кеш егилген ғаўашаны қарақаншылық пенен келеге келтирип, енди оны жолдан қалдырмай өсириў ушын ҳәр бир күн, ҳәтте бир саат ғәниймет болып турған пайытта Ташкентке барып, бюро мәжилисинде отырыўды мен жақтырмадым. Османхожаевқа «Жумыслар жүдә көбейип атыр, бул сапары бюроға бармай-ақ қойсам қәйтер екен» — дедим. Ол «Жоқ, келиўиңиз шәрт», — деди. «Бюрода қандай мәселелер қаралмақшы» деп те сорадым. Ол «Ағымдағы мәселелер қаралады. Таярланып ҳәлекке қалмай-ақ келе бериңиз» — деди.

Июль айының он биринши сәнесинде Ташкентке ерте азан менен ушып барып, Орайлық Комитеттиң бюро мәжилисине қатнастым. Мен 1971-жылдан ӨзКП Орайлық Комитетиниң бюро ағзалығына кандидат едим. Бюрода қаралатуғын мәселелердиң дизими ҳәм сол мәселелер бойынша қабылланатуғын қарарлардың жойбарлары арнаўлы папкаға салынып, маған да берилетуғын еди. Мен Ташкентке бармай қалған жағдайда да, сол папка жиберилип, маған қуўыстырылатуғын еди. Сол себепли, мен Орайлық Комитеттиң бюросында қаралған мәселелердиң бәринен хабардар болып жүриўши едим. Бул сапарғы бюро мәжилисинде Қарақалпақстанға тийисли бир де мәселе жоқ екен. Бәлким, ең ақырында бир қупыя мәселе бар шығар деген ойға кетип, бул туўралы Ережеп Айтмуратовтан сорадым. Ол да маған ҳеш нәрсе айта алмады. Неде болса бюроның питиўин күтип арқайын отыра бердим. Күн тәртибиндеги барлық мәселелер қаралып, бюро тамам болар алдында Османхожаев маған «Қаллибек Камалович, бизиң кабинетке кириңиз» — деди. Маған айтажақ не гәпи бар екен деген ой менен кабинетине кирип барсам, Осетров екеўи ғана отыр екен. Османхожаев мени мақтап сөз баслады. Мениң жуўапкерли үлкен лаўазымда көп жыллар даўамында минсиз ислеп атырғанлығымды, Қарақалпақстанның экономикасы менен мәдениятын раўажландырыўға салмақлы үлес қосқанлығымды айта келип, сөзиниң кейнинде:

— Қаллибек Камалович, сизди КПСС Орайлық Комитети дипломатиялық жумысқа жибериўди уйғарды. Он бесинши июль күни Лигачевтың қабыллаўына барыўыңыз тийис, — деди.

Мен олар менен хошласып, сол күни Нөкиске қайтып келдим, Ташкенттеги ғәплерди ҳеш кимге айтпастан, июль айының он төртинши сәнесинде Любовь Семеновна екеўимиз Москваға уштық. Ертеңине азанда КПСС Орайлық Комитетине бардым. Дәслеп партиялық жумысларды шөлкемлестириў бөлиминиң Орта Азия бойынша секторының баслығы В. И. Смирновқа кирдим. Ол маған көп үгит-нәсиятлар айтып болып, Могильниченкоға жиберди. Ол киси менен ушырасыў да жыллы кейипте өткен жоқ. Могильниченко минези шеп, тили ашшы, адам сүйсинип сөйлесетуғын инсан емеслигин бурыннан билетуғын едим. Бул сапары баяғыдай «сеники дурыс» деп ығына жығыла бермей, рети келген жерде мәдениятлы сөзлер менен түйреп, жуўап қайтарып отырдым. Ушырасыўымыздың орталарына таман мен оған «Мени енди сырт елге жиберип атырсыз. Ең болмаса ҳәзир еки аўыз жыллы сөз айтқаныңызда киширейип қаласыз ба? Мен жигирма еки жыл обкомға биринши хаткер болып иследим. Үш мәртебе КПСС Орайлық Комитетиниң курамына сайландым. Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы деген атаққа миясар болдым. Халыққа азы-кем хызмет те ислеген шығарман. Бул сизиң айтқан рахметиңиз бе? Орайлық Комитет қаралаўшы орган емес, ал, тәрбиялаўшы орган ғой. Сизиң тәрбияңыз бақырыў, сөгиўден ибарат па?» дедим. Бул сөзлерден кейин Могильниченко бурыштай қызарды. Маған не жуўап айтарын билмей, шай таярлатыў менен болды. Мен оның менен ашшыласып тарқасыўды өзиме мүнәсип көрмей, шайын ишип, жыллы хошласып кеттим.

Енди нәўбет пенен Орайлық Комитеттиң сырт еллердеги кадрлар бөлимине бардым. Ол жерде бөлим баслығы болып көп жыллар Қытайда, Чехословакияда, Франңияда елши болып ислеген, көпти көрген, терең билимли, жоқары мәдениятлы инсан С. В. Червоненко ислеп атыр еди. Мен кирип барған гезде Степан Васильевич КПСС Орайлық Комитети ағзаларының сүўретлери ҳәм өмир баянлары жазылған китапшаны ашып, мениң өмир баянымды оқып отырған екен. Ол мени жүдә жыллы жүз бенен қабыл етти. Мениң қайсы сырт еллерде болғанымды сорады, халықаралық мәселелерди қай дәрежеде билетуғынымды байқастырып көрди. Мен он-он бес сырт елде болғанымды оған гүррең етип бердим. Ол маған сырт елде жумыс ислеўдиң жөн-жосағын түсиндирди, өзиниң дипломатиялық жумысты баслағандағы ис тәжирийбелери менен ортақласты. Степан Васильевич қабыллаўдың кейнинде «Биз сизге үш мәмлекетте Бас консуллық жумыста ислеўди усыныс етемиз. ГДР да Росток

қаласы, Румынияда Констанца ҳәм Вьетнамда Хо Ши Мин қаласы, усы еллердиң қайсысына барғыңыз келеди. Егер зайыбыңыз бенен келген болсаңыз ойласып, шешимиңизди маған ертеңнен қалдырмай айтыңыз» — деди. Сол гезде бул мәмлекетлер ҳәм қалалар мениң көз алдымда бирме-бир елеследи. ГДР — жақсы раўажланған, мәдениятлы ел, бирақ Росток қаласы Балтик теңизиниң бойында, жылына сегиз ай думан ҳәм жаўыннан бери кетпейди. Ал, Хо Ши Мин қаласы — оғада алыс, климаты жүдә ыссы, үйренбеген адамның ол жерде жасаўы аңсат емес. Мен 1980-жылы ноябрь айында Румынияға он күнге КПСС Орайлық Комитетиниң лекторы сыпатында барып, Карпат таўларындағы Плоештэ, Брашов уездлеринде лекция оқып, жерлери менен танысып қайтқан едим. Констанца порты Қара теңиздиң бойында, климаты бизиң Қарақалпақстандикине жақын келеди. Сол ушын мен ертеңге қалдырмай-ақ Констанцаға жибериўин өтиниш еттим.

— Ықтыяр өзиңизде, — деди Червоненко. — Сизди қәлеген жериңизге жиберий ҳаққында тәртип алдым. Бирақ, Констанцада Бас консул болып дипломлы қәниге дипломат ислеп атыр еди. Оған орын излеўимиз керек. Зыяны жоқ, оған, әлбетте, орын табамыз. Сизиң қәлегениңиз болсын» — деп жуўап қайтарды.

Он алтыншы июль күни азанғы саат он бирде мени КПСС Орайлық Комитетиниң хаткери Е. Лигачев қабыл етти. Оны бурыннан жақсы таныйтуғын едим. Ол 1965 — 1983-жыллары үзликсиз он сегиз жыл Томск обкомының биринши хаткери болып иследи. Бизлер соңғы сегиз — он жыл ишинде ҳәр жылы қыс айларында Москва ўәлаятындағы «Борвиха» санаторийинде бирге дем алар едик. Егор Кузьмичтиң минези айрықша еди. Демалыста жатырған күнлери оның зайыбы менен бирге аўқатқа келгенин, терренкурда бирге қыдырғанын ямаса киноға бирге барғанын көрмегенбиз. Үстине кийген кийимлери де жупынырақ, аяғына бир үлкен шүўекти кийип алып, салпылдатып жүргенде сести узақтан еситилип, Егор Кузьмичтиң киятырғанын хабарлағандай болар еди. Сол Егор Кузьмич бир күнлери КПСС Орайлық Комитетиниң хаткери болып шыға келди. «Жүрис-турысын дүзей алмаған адам, үлкен бир елге қалай басшылық ете алар екен» — деп таңланғанлар да болды. «Сум сумды намазшамда табар» дегендей, оны Кремльге алып келген Андропов пенен Михайл Горбачев еди. Енди, мине мәмлекет сондай адамлардың қолына түсти. Олардың хызметиниң изи не менен питкени ҳәммеге мәлим...

Сол күни мени Лигачев жүдә жыллы жүз бенен қабыллады. Кабинетинде бирге шай ишип, әдеўир ўақыт гүрриңлесип отырдық. Мениң қай жаққа баратуғыным туўралы ол гәп қозғаған жоқ, мен де үндемедим. Бир мәҳәли ол «Сизиң орныңызға ким обкомның биринши хаткери болыўы мүмкин?» — деп сорады. Маған бундай сораўды көзабаға болса да Османхожаев бериўи тийис еди, бирақ ол бул ҳаққында гәп қозғамады. Бәлким, пәми алыспаған шығар. Лигачев оннан пышақ арқасы тәўир екен. Мен Лигачевқа төрт адамның атын айттым. Тәжирийбели, ысылған кадрлардан Е. А. Айтмуратов, К. Р. Рзаев ҳәм жас жигитлерден С. Қ. Қаниязов, Қ. Е. Юсупов. Усы адамлардың қайсысы да Қарақалпақстанға басшылық етерликтей уқыпқа ҳәм тәжирийбеге ийе дедим. Сол ўақытта Лигачев «Айтмуратов сизлер жақтан ба» — деп сорады. Мен «Аўа, ол бизиң Қарақалпақстанның жигити. Мениң менен бирге он сегиз жыл республика Министрлер Советиниң баслығы болып иследи, барлық жағдайды жақсы биледи, Қарақалпақстан менен, кадрлар менен танысып жүриўиниң кәжети жоқ, саўатлы жигит» — деп минезлеме бердим. Бирақ Лигачев «болады я болмайды», деп аўыз ашпады. Ол хошласар алдынан «Қандай тилегиңиз бар» — деп сорады. Мен быйыл аўыр операцияны бастан өткергенимди айттым, егер мүмкин болса, августта бир ай дем алыўға руқсат етиўин өтиндим. Лигачев мениң көзимше КПСС Орайлық Комитетиниң ислер басқарыўшысы Кручинаға қоңыраў етип, маған бир ай дем алыўға жағдай дүзип бериўди тапсырды. Қабыллаўдың соңында Лигачев «Мен сиз ҳаққында жақсы гәплер еситкенмен. Еки жыл Бас консул болып ислеп турың, оннан кейин сизди басқа жумысқа аламыз» — деп жүдә жыллы хошласты. Оның бул сөзлери кешеги Смирнов ҳәм Могилниченколардың қопал сөзлер айтып, жағадан алыўларын умыттырып жиберди. Орайлық Комитеттен кейпим көтерилип қайттым ҳәм мийманханамызға келип, Любовь Семеновнаны да қуўанттым.

Ендиги жумыслар МИД те (сыртқы ислер министрлиги) еди. Июль айының он жетиси күни МИД ке бардым. СССР Сыртқы ислер министриниң кадрлар бойынша орынбасары В. Ф. Мальцев мени қабыл етти, кадрлар басқармасының хызметкерлери менен таныстырды. Ертеңине А. А. Громыконың биринши орынбасары Г. М. Корниенко қабыллады. Ол 1960-жылдан берли СССРдың АҚШ тағы елшиханасында мәсләҳәтши ўәкил болып ислеген, соң 1965-жылдан баслап Сыртқы ислер министрлигинде АҚШ бөлими-

ниң баслығы лаўазымын атқарған. Ол Америка бойынша белгили кәниге екен. Корниенко маған көп баҳалы кеңеслер берди.

Солай етип, Москвадағы барлық жумыслар питип, жигирмаланшы июль күни Нөкиске қайтып келдик. Биз консул болып жумысқа өтиў ушын КПСС Орайлық Комитетиниң Сиясий бюросының қарары шығыўы керек еди. Мен усы қарарды күтип жүрдим. Июль айының жигирма беси күни Османхожаев үйге «ВЧ» телефоннан қоңыраў етти. Ол «Қаллибек Камалович, партия Орайлық Комитетиниң Бас хаткери Черненконың қолы қойылған Сиясий бюроның қарары менен сизге «Айрықша ҳәм толық ҳуқықлы биринши класс елши» деген атақ берилди» — деп мени қутлықлады. (Бул атақ сол жылы он биринши августа СССР Жоқарғы Совети Президиумының баслығы А. А. Громыконың қол қойған пәрманы менен берилген еди). Османхожаев «Москваға Ташкент арқалы кетерсиз» деп өтиниш етти. Бирақ мен Ташкентке барып, Османхожаев пенен ушырасыўды қәлемедим. Июль айының жигирма тоғызы күни Любовь Семеновна менен бирге Москваға ушып кеттим. Нөкис аэропортында бизлерди областлық партия комитетиниң бюро ағзалары, республика ҳүкиметиниң гүллән басшылары, районлық партия комитетлериниң биринши хаткерлери, Қарақалпақстанның барлық белсендилери узатып салды. Москваға кетерден алдын мен обкомның киши мәжилислер залында көп жыллар бирге ислескен жолдасларым менен, обкомның аппараты менен хошластым. М. Е. Лунев, Қ. И. Школин, Б. И. Исмайлов ҳәм басқа жигитлер мен туўралы жүрек толқытарлық жыллы сөзлер, жақсы тилеклер айтты. Мен де хошласарда бир сапта турып ислескен яр-досларымның алдында жүректен шыққан сөзлеримди айтқанман. Сондағы сөйлеген сөзлерим ҳәммеге үлкен тәсир еткен усайды, аэропортта хошласарда бираз жигитлер көзине жас алды. Бул туўралы мен барлық бәле-қадалардан қутылып, елге қайтып келгенде жигитлер мениң ядыма салды «Мен бул лаўазымда узақ жыллар иследим. Өз туўылған халқыма басшы сыпатында қолымнан келгенше хызмет ислегеним ушын өзимди әрмансызбан деп есаплайман. Әлбетте, мениң басқа жумысқа өзгериўим тәбийий. Мәңги бир хызметте ислей бериў мүмкин емес. Бирақ мени ойландырып турған нәрсе — усындай ғаўғалы заманда мениң орныма ким келеди, халқымның, елдеги бас көтерген жигитлердиң тәғдири не болады» — деген екенмен. «Өзиңиз кеткеннен кейинги ала сапыран заманды алдын болжағандай айтқан екенсиз» — деп жигитлер таңланыўшылық билдирген еди...

Бир ай дем алыс та питип, биринши сентябрьден баслап Сыртқы ислер министрлигинде орайлық аппаратта стажировкада болдым. Стажировканың мүддети еки ай екен. Лекин бул жерде мениң он бес сырт елде болғаным, соның ишинде Мадагаскарға, Бангладешке, Гвинея-Конакри, Гвинея-Бисау, Йемен халық демократиялық республикасы усаған еллерге совет делегациясына басшылық етип барып қайтқаным. Мадагаскарда АКҒМ (марксистлик) партияның съездинде шығып сөйлегеним, Японияға, Францияға, Италияға, Каирға, Софияға, Будапештке, Стамбулға ҳәм басқа да жерлерге барғаным, соның менен бирге, узақ жыллар даўамында басшы жумысларда ислегеним есапқа алынып, стажировканың мүддети бир айға қысқартылды. Бир айлық стажировкадан тысқары мен КПСС Орайлық Комитетиниң бөлимлеринде де онлаған күн жүрип, тәжирийбели дипломатлар менен сәўбетлесип, дипломатияның сырларына қаныҡ болдым. Октябрь айының он беслеринде Румынияға жөнеп кетиўимиз керек еди. Румыниядан маған экзекватура да (Румын ҳәкимиятының мени иске қабыл етиўге руқсаты) келип еди. Бирақ октябрь айының жигирма екисинде партия Орайлық Комитетиниң пленумы болатуғыны себепли иркилип қалдым: Мен КПСС Орайлық Комитетиниң ағзалығына кандидат болған соң кетиўге руқсат берилмеди.

Сол пленумда мен Қақымбек Салықовты ушыраттым. Елхалқымның жай-жағдайларын сорастырдым. Сол сапары негедур Салықов маған «Қалеке, мен саған ийттик қылмаймын» — деди. Мен қолын қысып қойдым да, бирақ, я жақсы, я жаман деғеним жоқ. Мен оның айтқанына бир сөз алып-қоспай, өз күйинде келтирдим. Сонда мен оннан ҳеш нәрсе сорамаған да, өтиниш етпеген де едим. Усы сөзлерди ол өзи айтты. Бирақ соңында оның гәпиниң дәйеги болмай шықты...

Ол мениң орныма отырғаннан баслап, өз сөзин жутып, ийттен ҳәм зорырақ жаманлық етти. Мен Салықов ким екенине баҳа бере алмайман, оның әдил баҳасын халқымыз бере берер.

Қ. Салықов мениң үстимнен КПСС Орайлық Комитетине шағым арза жазып, мени жаманлап, өтирик фактлерди келтирген, оны оқысаң төбе шашың тикке турады. Арзада көрсетилген фактлердиң надурыс екенин тергеўшилердиң өзлери анықлап, истен шығарып таслады.

Қ. Салықов дөҳмет материалды обкомның машинкасына бастырмай, Финанс министриниң (орыс қызы) машинкасына бастырады.

Бул текстлерди копировальный қағазы менен министр Салықовқа апарып тапсырады. Бул фактти маған машинистка қыздың жақын танысы Айназар Қунназаров айтып берди.

1984-жылы 13-августта обкомның пленумы болатуғын күни (мени жумыстан босатып, Салықовты бекитиўге байланыслы мәжилис) пленум алдынан Салықов ҳәм Стрижнев (Өзбекистан Компартиясының Қарақалпақстан бойынша жуўаплы шөлкемлестириўшиси) үш адамды ушырасыўға шақырады.

Биринши шақырылганы: Сейтназаров Нийетулла (миллети қарақалпақ) «Қанлыкөл» (бурынғы Ленинабад) райкомының биринши хаткери.

Оған тиккелей буйыртпа берип, пленумда Камаловты қаралап сөйлейсең, деп тапсырма береди. Н. Сейтназаров: «Мени жумыстан алсаңыз да Камалов ҳаққында критикалық сөз айтпайман»—деп шығып кетеди.

Екинши шақырылғаны:

Мәтнепесов Орынбай (миллети түркмен) Төрткүл районы А. Дурдиев атындағы колхоздың баслығы. Республикада ең абыройлы азаматлардың бири.

Оған да Сейтназаровқа қойылған талап тәкирар етиледи.

Ол: «Мен сөйлеймен, өз жумысларымды баян етемен ҳәм сизлердиң берген усы көрсетпеңизди айтаман, бирақ, Камаловты критикалай алмайман» деп жуўап береди.

Үшинши шақыртылған адам: Жумамуратова Райгүл (миллети қазақ) Шымбай районы П. Сейтов атындағы совхоздың директоры.

Оның жуўабы: «Мен қатынман, сизлер қатыннан да пәс екенсиз»—деп жуўап береди.

Солай етип, булар үшеўи де орынсыз көрсетпени орынлаўдан бас тартады ҳәм қабыллаўдан шығып кетеди.

Булардың сөзлерин еситип, Салықов ҳайран қалады. Бул хабарды маған, кеўил билдириўге келгенде, өзлери айтып берген еди.

Мен оларға рахметимди айтып, ҳешкимге бул хабарды айтпаўды олардан өтиниш еттим. Олар: «Айтпаймыз»—деп ўәде етти.

Маған Алматадан досларым бир брошюра жиберип еди. Онда Салықовтың Қазақстан баспасөзине берген интервьюи бар еди. Сол китапта Салықов «мени үш мәртебе Горбачев ҳәм Льчачев Қазақстандағы үш ўәлаятқа обкомның хаткери етип усынды, бирақ Кунаев бул усынысты қабыл етпеди»—деп жазылған еди.

Ол брошюраны мен биреўге берип едим, кимге екени ядымнан шығып кетипти. Көп ўақытлар өткеннен кейин изледим, бирақ таба алмадым. Бул факт толығы менен ҳақыйқатлық, оған мен жуўап бере аламан.

1992-жылы Өзбекистанда биринши Президент сайлаўы өткерилди. 1-декабрь күни кешки саат 7—8 лерде А. Х. Тажиевтың шофёры келип, «сизди И. А. Каримов дачаға шақырып атыр» деди. Тез кийинип, дачаға жетип бардым. Олар кешки аўқатты жемей, мени күтип отыр екен.

И. А. Каримов пенен жыллы көристик. Ол жерде И. Х. Журабеков, Биринши Президенттиң кадрлар бойынша кураторы, Өзбекистан Денсаўлықты Сақлаў Министри Ш. Каримов және Дәўлетбай Шамшетов ҳәм А. Тажиевлар бар екен. Барыўдан столға отырып, кешки аўқатты жеўге киристик. Биринши сөзди И. А. Каримов айтты. Қарақалпақстан халқына аманлық тилеп, жақсы тилеклер билдирди.

Екинши сөз бизге берилди. Мен И. А. Каримовтың оң қапталында отырған едим. Меннен соң И. Х. Журабеков отыр еди. Мен И. А. Каримовтың адресине, өзбек халқының атына жыллы сөзлер айттым. Президент сайлаўында қарақалпақстанлылар сизге жүз пайыз даўыс береди, деп исендирдим.

Мен, «бизлер — өзбек ҳәм қарақалпақ халқы бир жан-бир тәнбиз, бизди ҳеш ким ажырата алмайды» — деп сөзимди жуўмақладым.

Усы сөзлерди айтып болғаннан кейин И. А. Каримов мени қушақлап, минетдаршылық билдирди.

Солай етип кешки аўқат жүдә тәсирли, ҳүрмет-иззет жағдайында өтти.

И. А. Каримов маған сораў берди: Османхожаевты тюрьмадан азат етиў бойынша еки пикир бар, бул ҳаққында сиз қандай пикирдесиз?

Мен: «Жақында ӨзКП Орайлық Комитетиниң пленумы болды, сиз, өз баянатыңызда «ийи бос басшылар өзбек халқын тергеўшилерге жығып берди» деп айттыңыз. Оны еситкен халық сизге рахметлер айтты.

— Енди ақылы бар, қәдирин билген адам ушын, тюрьмада бир күн отырыўдың өзи жетеди. Сиз оны босаттырың, солай етип, халқымыздың және үлкен алғысын алыўға миясар боларсыз, халқымыз сизге дуўа етер» — деп жуўап бердим.

— Дурыс айттыңыз, деп ол мениң сөзимди мақуллады. Ертеңине, 2-декабрь күни сайлаўшылар менен ушырасыўда мениң айтқан пикиримди «ақсақал Камалов пенен ойластым» — деди.

Дачада отырғанда Салықов ҳаққында гәп болды. И. А. Каримов: —Салықов меннен Назарбаевқа қәтере етиң, мени Қазақстан Жазыўшылар аўқамына баслық етип тайынласын, — деп өтиниш етти деди.

—Мен Н. Назарбаевқа қоңыраў етип, Салықовтың өтинишин айттым, «Салықов жақсы жигит ғой» деп ҳәм қосып қойдым.

Сонда Н. Назарбаев: «жақсы болса, сиз өзиңиз алағойың, ол бизге керек емес» деп жуўап берди, деп Биринши Президент күлимсиреп маған қарады. Мен ҳеш белги бермедим. Мениңше бизиң Биринши Президентимиз Қ. Салықовтың кеўли ушын айтқан болса керек. Назарбаевтың жуўабынан кейин оның ким екенлигине және де тереңирек түсингенлигин аңладым.

Мениң китабым баспадан шыққан ўақытта, жасым 93 ке қарап кетер. Президентимиз Шавкат Мирзиёев Қарақалпақстанға келип, сайлаў алды өткерген ушырасыўында маған 100 жас тилеп, юбилеймме қатнасатуғынын айтқан еди. Илайым, халық сүйген Президентимиздиң тилегин Аллатала қабыл еткей.

Мен жоқарыдағы пикирлерди 30 жыл ишимде сақлап келдим, сыртқа шығармадым, шонтықлық етпедим.

Ойлап, ойлап сондай шешимге келдим — бул ўақыяларды «о дүньяға» алып кетпейин, усы жақты дүньяда қалдырайын, халқым, елим билсин деген мақсетти көзде туттым. Буның дурыслығын я надурыслығын бир Аллатала шешер деген үмиттемен.

Октябрь айының жигирма тоғызыншы сәнесинде поезд бенен Бухарестке келдик. Бизлерди вокзалда көп адам күтип алды. Бухаресте еки күн болдық. СССРдың Румыниядағы елшиси Евгений Михайлович Тяжельников мени Румыния сыртқы ислер министрлигине, Румыния КП Орайлық Комитетиниң халықаралық бөлимине апарып таныстырды. Буннан кейин елшихананың аппараты менен, СССР дың Бухаресттеги барлық мәкемелери менен таныстым. Сол ўақытта Бухарестте бир ярым мыңға жақын бурынғы аўқам пуқаралары жумыс ислеп атыр екен. Олардың балалары орта мектепте рус тилинде оқытылып, бақшада да рус тилинде тәрбияланады екен.

Мине, усылайынша узаққа созылған жол бизлерди отыз биринши октябрь күни Констанца қаласына алып барды. Қаладағы Бас кон-

суллық үш этажлы бас корпустан ҳәм еки этажлы бир турақ жай корпусынан ибарат болып, СССРдың өз меншиги есапланады екен. Бул комплекс Жер жүзилик урыстан бурын бир немец шыпакерге тийисли болған, ал, урыстан кейин репатриация тийкарында бизиң мәмлекеттиң мүлкине айланыпты. Бас корпустың төменги еки этажы хызмет бабындағы бөлмелерден ибарат болып, ал, үшинши этажда Бас консулдың төрт бөлмеден туратуғын турақ жайы ҳәм басқа да бөлим орналасқан еди. Биринши этажда кинозал, екинши этажда 130 — 150 адам сыярлықтай қабыллаў залы бар. Турақ жай корпусында сыртқы ислер министрлигиниң хызметкерлери ушын мийманхана, сауна ислеп турар еди. Консуллықта барлығы болып он-онбес адам жумыс ислейди екен. Олардың ҳәммеси де СССРдың пуқаралары. Консуллықтың аймағына Румыния пуқараларының кириўге ҳақысы жоқ. Бул оғада қадағаланған етилген. Консуллыққа кирген ҳәм шыққан адамның аты, сол күнги сәне, ҳәтте, саатына шекем жазылып қойылар еди.

Консуллықта ислейтуғын хызметкерлердиң хызмет ҳақысы оғада көп. Айлық сырт ел валютасы менен төленеди. Сырт елде үш-төрт жыл жумыс ислеген адам жеңил автомашина, мебель, ҳәр қыйлы керекли техника, кийим-кеншек алып қурғынласып қайтады. Сонлықтан болса керек, сырт еллерге барып жумыс ислеп қайтыўды қәлеўшилер оғада көп. Бул мәселелерди КПСС Орайлық Комитетиниң бөлими шешеди екен. Адамлар жеке өзгешелигине қарай таңлап алынады. Сол себепли Бас консуллықта хызмет атқарыўшыларға талап күшли ҳәм қатаң тәртип орнатылған.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ консуллықтың жумысын өзлестирип, арқайын меңгерип кете алдым. Мениң менен ислейтуғын алты жуўапкерли хызметкердиң төртеўи румын тилин билетуғын, үшеўи Москвадағы халықаралық қатнасықлар институтын питкерген жигитлер болып, аппарат күшли, саўатлы хызметкерлер менен тәмийинленген еди.

Бизиң округке, яғный, Бас консуллықтың қарамағына Констанца, Галац, Брэйла, Тулча уездлери киретуғын еди. Олар Дунай дәрьясының ҳәм Қара теңиздиң бойында жайласқан болып, Румынияның санаат ҳәм дем алыў орайын қурайтуғын бөлеги. Бизиң округ СССР ҳәм Болгария менен шегараласқан ҳәм 260 километрге созылып, Қара теңиз бойын ийелеген. Усы 260 километр узынлықтағы теңиз жағасының 150 километри көп этажлы, заманагөй жайлар, пансионатларға ийе санаторийлерден ибарат. Бул жағалықларға ҳәр

жылы 2,5 — 3 млн. адам, соның ишинде, СССР дан 250 — 350 мың адам келип дем алар еди. Буннан тысқары Констанца қаласының қасында Румыния хүкиметиниң биринши класс санаторийи бар. Бул санаторийға КПСС Орайлық Комитетиниң жолламасы бойынша үлкен лаўазымда ислейтуғын адамлардан ҳәр сапары 25 — 30 адам жылына төрт-бес мәртебе келип, дем алып кетеди. Оларға мәдений жақтан хызмет көрсетиў бизлердиң ўазыйпамызға киреди. Сонлықтан, Бас консуллықта жумыс баршылық еди. Буның үстине бизиң округте жүз мыңға жақын рус, украинлар жасайды. Олар ерте заманларда Дунай дәрьясынан балық аўлаўға келип, соң усы әтирапларда қоныс басып қалған адамлар екен. Бизлер усы адамлар менен де ислесиўимиз тийис. Соның менен бирге, ҳәр бир үлкен қалада 1945 — 1950-жыллары Москвада оқыған румын жигитлерине турмысқа шыққан сексен-жүзге жақын рус қыз-келиншеклер бар. Олардың арасында еле бурынғы аўқам пуқарасы болып жүргенлер де көп екен. Олар консуллыққа келип, ҳәптесине еки мәртебе рус тилинде кино көрип кететуғын еди.

Әлбетте, Бас консуллықтың ең баслы ўазыйпасы бурынғы Аўқам ҳәм Румын дослығын беккемлеўден, олар арасында саўда-сатлық ҳәм мәдений қарым-қатнасларды раўажландырыўдан ибарат. Буған қосымша, Европадағы ең ири портлардан есапланған Констанца портына ҳәр күни келип жүк тийеп алып кететуғын Аўқам судноларын, жолаўшыларды тасыйтуғын пароходларды есапқа алыў, руқсат бериў ўазыйпасы да бизлерге жүкленген. Сондай-ақ, ҳәр кварталда бир рет уездлердиң басшылары менен ушырасып, пикир алысып, дослық байланыслар жасап турыў бизге дәстүр болып қалған.

Ол жыллар СССР Румынияны, соның ишинде бизиң округти жылына үш млн. тонна темир, көп муғдарда газ ҳәм электр қуўаты менен тәмийинлеп турды. Округтеги ири санаат кәрханаларындағы жетекши қәнигелерге мәсләҳәт бериўши жәрдемшилер бурынғы аўқам пуқаралары болды. Сол адамлар менен де тығыз байланыс жасап, румынлардың ишки сырларын билип, Москваға хабарлап туратуғын едик.

Бас консуллықта жылына үш-төрт мәртебе 23-февраль, 9-май, 7-ноябрь байрамлары ҳәм СССР менен Румыния арасында дослық ҳәм бирге ислесиў ҳаққында шәртнама дүзген күнинде қабыл етиў шөлкемлестирилип, оған румынлар, бурынғы аўқам пуқараларының ўәкиллеринен ҳәр сапары 120 — 150 адам шақыратуғын едик.

Буған қаралған арнаўлы қаржылар бар. Бизиң консуллығымыз бийғәрез рәўиште ислегенликтен, өзиниң сметасына, ақшалай қаржыларына ҳәм материаллық ресурсларына ийе болды. Оларды жумсаў Бас консулдың ықтыярында. Шақырылған қонақларға стол шөлкемлестириў ушын Москвадан арнаўлы рәўиште өзимизге тиккелей Орайдан азық-аўқат, ишимликлер келер еди. Соны да айтып өтиўим керек, румынлар рус арағын ишиўге жүдә қуштар еди.

Бизиң қабыллаўымызға барған сайын көп румынлар келе баслады. Москвадан орайластырылған тәризде жиберилетуғын азық-аўқатлар менен ишимликлерге өз ресурсларымыздан да көбирек қосып жумсап, қабыллаўға келген румынлардың кейпиятын көтерип жиберетуғын едик. Аўқамның пуқаралары да тез-тез келип туратуғын болды. Консуллықта жумыслар жеделлесип кетти.

Бизиң округымызда румын, рус, украинлардан тысқары көп сандағы қырым татарлары, ноғайлар, түрклер жасайды екен. Олар менен сөйлесип, тил табысыў маған қыйынға түспеди. Олар мениң түркий тилде сөйлегенимди көрип, мени өзлерине бир нәўия жақын көрип исенип, кеўиллерин ашып, маған көп жаңалықлар айтып берер еди.

Констанцада СССР дың Бас консуллығынан басқа Чехословакия, Түркия, Қытай республикаларының консуллықлары да бар. Чехословакияның Бас консулы Ольдрирх Шигут Москвада сегиз жыл ислеген, рус тилин жақсы билетуғын дипломат. Қытайдың Бас консулы да рус тилине жетик екен. Ал Түркияның Бас консулы менен екеўимиз түрк тилинде арқайын сөйлесип, түсинетуғын едик.

Мен Бас консул болып саррас еки жыл иследим. Усы еки жылдың ишинде көп адамлар менен танысып, досластым, көп әдебиятлар оқып, дипломатия исин жақсы өзлестирип алдым десем, асыра айтқан болмаспан. Бизиң жәмәәтимиз Бас консуллықтың жумысы бойынша ҳәр жыл сайын хат арқалы Орайдың қанаатланыўшылық алғысын алып турды. Жаңа исти өзлестирип, жумысқа ықлас қойып, зор инта менен кирисип ислеп атырған ўақытта Қақымбек Садықовтың КПСС Орайлық Комитетине жазған хаты бойынша усы лаўазымнан шақырып алындым.

Қ. Салықов мениң үстимнен үш мәртебе КПСС Орайлық Комитетине шағым хат жазғанлығы ҳәммеге белгили. Орайлық Комитет оның дәслепки еки хатына итибар бермеген. Бирақ, Салықов билек сыбанып, мениң изиме шуқшыйып түсип алыпты. Ол үшинши мәр-

тебе көп жалған фактлерди тоқып жазып, өзи Лигачевқа кирип, мени Қарақалпақстанның экономикасын «қулатқан» адам сыпатында тәрийиплеп, оны исендирген.

Гдлян маған айып тағыў мақсетинде көп ҳүжжетлер излестирип, Қ. Салықов жазған қағазды да қолға түсирипти. Бул хатты маған Гдлян көрсетти. Оны оқып шықтым. Ол қағазда жазылған фактлерди оқысаң төбе шашың тик турады. Қ. Салықов жалған, өтирик ўақыяларды тоқып, мени жүдә жаман тәрийиплеген. Хаттағы жаладан тоқылған нәрселердиң ҳәммесин Гдлян мениң мойнына қойыўға ҳәрекет етти. Бирақ, тергеў гезинде сол хатта жазылғанлардың ҳеш қайсысы да тастыйықланбай, қуры сөз болып қалды. Оларды дәлиллейтугын бирдебир ҳүжжетти көрсете алмады. Қара нийетлер иске аспады, нешше мың адамларға жазықсыз азап берген жәлладлардың басшылары Гдлян ҳәм Иванов жумыстан босатылды. СССР прокуратурасының басланғыш партия шөлкеминде мәселеси қаралып, екеўи де партия қатарынан өширилди. Пүткил елимиз алдында әшкара болды. Бул ҳаққында СССР прокуратурасының коллегия ағзасы, СССР прокуратурасының мәмлекетлик қәўипсизлик ҳаққындағы нызамлардың орынланыўын қадағалаў бойынша басқармасының начальниги, юстицияның екинши класс мәмлекетлик мәсләҳәтшиси Виктор Илюхинниң «Сырғыялар» деген китабында жазылған фактлер дәлил бола алады.

Солай етип, Өзбекистанның Биринши Президенти Ислам Каримовтың әдил сиясатының нәтийжесинде бурынғы тоталитарлық замандағы жалғаннан тоқылған қәўпеки ислердиң ҳәммеси қайта тергеў ўақтында анықланды. Өзбекистанның Жоқарғы Суды көплеген ислерди, соның ишинде, мениң де исимди қайта қарады. Өзбекистан Жоқарғы Судының Пленумының шешими менен мен толық ақландым. Ўатанға ҳәм халқыма ислеген хызметлерим ушын алған барлық ҳүрметли атақларым ҳәм ҳүкиметлик наградаларым қайта тикленди.

ПОСТАНОВЛЕНИЕ
ПРЕЗИДИУМА ВЕРХОВНОГО СОВЕТА
РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН

О ВОССТАНОВЛЕНИИ В ГОСУДАРСТВЕННЫХ НАГРАДАХ И ПОЧЕТНЫХ ЗВАНИЯХ К. КАМАЛОВА

Учитывая что постановлением Пленума Верховного Суда Республики Узбекистан от 16 апреля 1992 года отменен приговор Верховного Суда СССР от 25 декабря 1989 года в отношении Камалова Каллибека и дело прекращено производством за отсутствием в его действиях события преступления, Президиум Верховного Совета Республики Узбекистан п о с т а н о в л я е т:

1. Признать утратившими силу Постановления Президиума Верховного Совета Узбекской ССР от 20 марта 1990 года №3996—XI «О лишении звания Героя Социалистического Труда и наград Камалова К» и №3997—XI « О лишении Камалова К. почетного звания «Заслуженный экономист Узбекской ССР» (Ведомости Верховного Совета Узбекской ССР, №7, пп. 164—165).

2. Восстановить Камалову Қаллибеку почетное звание «Заслуженный экономист Республики Узбекистан»

Председатель Верховного Совета
Республики Узбекистан Ш. ЮЛДАШЕВ.
Гор. Ташкент, 26 июля 1993 г.
№901—XII.

Биреўлер меннен «Не ушын Салықов сизди бирдейине жаманлап, Москваға жазып, қоймады, бурынлары араңызда өкпе-гийне болған ба еди» — деп сорайды. Мен бул сораўға «Мен Салықов пенен таныс емеспен, бирақ оның қай жерден екенин, қаяқта қандай жумыста ислегенин сырттан билемен. Бизлердиң арамызда өйпе-гийне боларлықтай ҳеш қандай қарым-қатнас болған емес» — деп

жуўап беремен. Салықовтың Қарақалпақстанға келип ислеген хызметлерине мен баҳа бермеймен. Оның хызметлерине халық баҳа береди. Салықов бул жақта республикаға басшылық етип турған дәўирде өзимиздиң жергиликли адамлардың гейпаралары мени сыртымнан сайып, душпаншылық еткен қусайды. Кимниң не ислегенине шекем жигитлер маған айтып берди. Бирақ мен бундай гәплерге қулақ асқан жоқпан. «Ханның да сыртынан саяды» деген гәп бар. Бәлким, гейпаралар жаманласа жаманлаған шығар. Мен оларды жипке дизип, жаманлығын алдына келтириўге урынбайман, бундай ҳәрекетти өзиме мүнәсип көрмеймен. Адам жаманлаў, биреўдиң сыртынан сайыў, кек сақлап өш алыў маған жат қәсийет. «Ким жаман болса, қудайдан тапсын» дегендей, ондайлардың тәғдирин тәңириниң өзи шеше береди. Бирақ тек бир налыйтуғын жерим — меннен ҳеш жаманлық көрмей, тек жақсылық көрип, мениң қоллап-қуўатлаўымның арқасында атқа минип, 22—25 жыл даўамында ҳәр қыйлы басшы жумысларда ислеген, абырай-атаққа миясар болған, ал мен истен кеткеннен кейин Салықов тәрепине өтип алған «азаматлар», айырым интеллигенция ўәкиллери болған. Бурынлары ийилип сәлем берип жүрген, ал соң басшы өзгерди деп, өзи де өзгерип, «кимниң тарысы писсе соның шымшығы» болып кете беретуғын, турағы жоқ адамлардың баҳасын бизиң халқымыз жақсы биледи. Жанын сақлаў ушын керек болса әкесин де сатып кететуғын тыянақсыз адамлардың еле де арамызда бар екенине өкинемен.

Усы жерде мен Кремльдеги отағасылардың ислеген ерси ислерин де айтып кетпекшимен. Михаил Горбачев Орайлық Комитетке Бас секретарь болып сайланғаннан кейин өзиниң ҳәм өз шаңарағының рәҳәтин гөзлеп, ҳәрекет ете баслады. Ол Москва жанындағы Брежневтиң тап-тайын дачасына киргиси келмей, бир неше миллион сом қәрежет жумсап, тазадан дача салдырды. Ялтада өз заманында Сталин, Рузвельт, Черчилл дем алған Левада дачасында Горбачевқа шекемги яшуллылардың ҳәммеси барып дем алатуғын еди. Бул дача да Горбачевты қанаатландырмады. Өзи, шаңарағының ағзалары ҳәм өзине бекитилген хызметкерлер дем алатуғын дача комплексин тазадан салдырды. Жазғы ҳәм қысқы бағы, саунасы, бассейни, физкультура залы ҳәм тағы басқа толып атырған имканиятлары бар бундай ақылға уғрас келмейтуғын дачаны қурыў ушын мәмлекеттиң неше жүз миллион сомлық қаржысын жумсады. Бул оның мәмлекет басында бес-алты жыл турғанының өзинде-ақ журтқа көрсеткен

«өрнеклери» еди. Бас секретарь ҳәм оның қасындағы ҳәмме ҳәмелдарлардың шаңарақлары әжайып жайларда жасады. Азық-аўқат, кийим-кеншек ҳәм басқа да керек-жарақлар менен турақлы рәўиште мәмлекетлик тәмийинлеўде болып, бейиштегидей шараятта дәўран сүрди. Кремльдеги жасы үлкенлерди мысалға алмай-ақ қояйық. Москва қаласы турғынларының ҳәр биринің үйинде ыссы суўы, газы, электр жақтысы, телефоны ҳәм тағы басқа қолайлылықлары бар. Олардың ҳәммесиниң дерлик өз меншигинде автомобили, шәҳәрдиң сыртында дачалары бар. Ал Орайдан неше мың километр узақта экологиялық қыйын шараятларда жасап, шаң-тозаңның астында тирсеги шыйқылдап мийнет етип атырған қарақалпақстанлылар қандай қуўдалаўларға ушырамады дейсиз? Өмир бойы жер төлелерде жасап, қара үйлерди ықлап күн кеширип келген қарақалпақлар адам қусап жасаў ушын енди ғана көзге түсерликтей турақ жайлар сала баслаған еди, астан-кестенин шығарып, тексертип бүлдирди. Қурылысшылардың усынысы бойынша Нөкис қаласындағы 23—24 микрорайонларда тәжирийбе ретинде пискен гербиштен бир қабатлы жайлар салған едик. Олардың 75 процентн әпиўайы пуқараларға, қалған бөлеги алымлар, партия ҳәм урыс ветеранлары, художниклер ҳәм басқа да интеллигенция ўәкиллерине берилди. Соның менен бирге республиканың экономикасын көтериў ушын ат салысып, колхозлар менен совхозларда шаң жутып, атыз аралап, жап жағалап, гүзде қырманлардың басында түнеп, қыста фермаларда шарўалардың арасында жүрген басшы белсендилерге аз да болса жақсырақ шараят дүзип бериў мақсетинде усы бир қабатлы жайларға кириўге руқсат бергеним рас, оннан тайынбайман. Бундай жайлар оларға көплик етпейтуғын еди. Бирақ өз жерлеслериниң питегене қурғынласып, үй шараятларын жақсылай баслағанын көре алмай, жоқары жақларға домалақ арза жазғанлар да болды. Ол арзалар менен мени таныстырған. Бирақ олардың атларын айтып, дуйым журтқа жәрия етким келмейди.

Мине усындай домалақ арзалар себепли 1984-жылдың бәҳәринде Смирнов, Стрижнев, Осетров қусағанлар сол жайларды өлшеп, сүўретке алып, справка таярлады. Усы тийкарда мени КПСС Орайлық Комитетине шақырып, қатты қысқыға алды. Оны Ережеп Айтмуратович анық биледи, себеби сол додалаўларға оның өзи де қатнасты. Жақсы жайларды ийелеп алған ҳәмелдарларды жумыстан босатып, партиядан шығарыўды талап етти. Орайдың усындай озбырлығы себепли Абдулла Дәўлетов. Данил Якубов, Орынбай

Мәдияров, Жарқынбаев ҳәм тағы басқа жигитлер бираз жәбир шегип қалды. Бирақ оларды мениң қолым менен жазалаған Лиғачев, Смирнов, Осетров, Стрижнев ҳәм КПСС Орайлық Комитетиниң үлкен басшылары еди. Орайдың қатаң тапсырыўы менен көплеген басшыларды отырған жайларынан шығарып, бес этажлы жайларға көширдик.

Мениң өзим де, балам Полатбек те сол күнлери жайымызды таслап, өз ықтыярымыз бенен коммуналлық көп этажлы жайларға көшип шықтық. Бирақ мениң жайдан көшиўимди мақулламағанлар да көп болды. Бир топар партия, мийнет ветеранлары маған келип, бундай пикирден қайтыўға, жайдан көшпеўге үгитледи. Әсиресе, бул аўҳалға қабырғасы қайысып, ел ағасы болған Пиржан аға Сейитов жүдә қатты қыйналды. Маған келип өтиниш етип, «Балам, бул исти қылмаўың керек», — деп талап етти. Илаж қанша, мен басқаларды жайларынан шығарып, өзим көшпей қалыўды мүнәсип көрмедим. Соннан кейин, олар Османхожаевқа хат жазып, мени бурынғы жайымнан көшиў ҳаққындағы нийетимнен қайтарыўды өтиниш еткен еди. Ол хат Орайлық Комитеттен мениң атыма Осетровтың қолы менен қайтып жиберилипти. Сол хатты мен еле сақлап жүриппен, себеби жасы үлкен ақсақалларымның маған көрсеткен ғамхорлығы ҳәм жақсылығы мен ушын алтыннан да қымбат. Бул хатты китап оқыўшылардың нәзерине усынғанды мақул деп таптым.

Первому секретарю ЦК Компартии Узбекистана
Товарищу Усманходжаеву И. Б.
От ветеранов КПСС и труда Каракалпакской АССР

ЗАЯВЛЕНИЕ

Областной комитет партии осуществляет значительные мероприятия по ликвидации имеющихся нарушений Устава партии со стороны отдельных коммунистов, которые используя свое служебное положение, занимала коттеджи с жилой площадью во много раз превышающей установленные законом нормы, а некоторые из них производили за счет государства строительство коттеджей с излишествами.

Проведение этого мероприятия встречено нами старыми и всеми коммунистами, трудящимися автономной республики с одобрением и поддержкой.

Вместе с тем считаем совершенное неправильным решение первого секретаря Каракалпакского обкома партии товарища Камалова К.К. – переселиться из занимаемого коттеджа в трехкомнатную секцию многоквартирного 5-ти этажного дома, расположенного на очень оживленной улице с большим транспортным потоком.

Коттедж в котором в течение 22 лет проживает тов. Камалов, один из построенных в тридцатых годах коттеджей для руководящих работников автономной республики, в нем раньше проживали первые секретари обкома партии. В восьмидесятых годах, в связи с увеличением членов семьи, к коттеджу были произведены пристройки жилых комнат.

Для плодотворной, напряженной творческой деятельности первого секретаря обкома партии требуются соответствующие условия для работы и отдыха, особенно это носится к товарищу Камалову по состоянию его здоровья (в начале года он перенес сложную операцию). Если учесть, что в Каракалпакии отсутствуют дачи даже для первого секретаря обкома партии, то секция в многоквартирном доме на шумной улице не соответствует этим требованиям.

Мы, старые коммунисты считаем, что за 22 года работы в должности первого секретаря обкома партии тов. Камалов сделал много для экономического и культурного расцвета автономной республики, устойчивого достойного вклада и в укреплении экономики и культуры Узбекистана.

Его деятельность высоко оценена партией и правительством, ему присвоено звание Героя Социалистического Труда. Он завоевал искреннее уважение со стороны коммунистов и трудящихся автономной республики. И это переселение для них будет непонятным и не послужит укреплению его авторитета.

Обо всем этом мы говорили с тов. Камаловым и просили отказаться от принятого решения о переселении, однако он остается при своем.

Заботясь о сохранении и укреплении его здоровья и высокий работоспособности в интересах выполнения стоящих перед парпорганизацией задач, мы старые коммунисты просим Вас, глубокоуважаемый Инамжон Бузрукович пользуясь своим авторитетом, посоветовать тов. Камалову отказаться от намеченного им переселения.

Мениахмедов З. М. член КПСС с 1919 г.
Гурушкина А. А. член КПСС с 1928 г.
Сагитов И. член КПСС с 1928 г.
Бекназаров С. Член КПСС с 1929 г.
Сентов П. член КПСС с 1932 г.
Арзиева Ш. член КПСС с 1937 г.
Бердымбетов М. член КПСС с 1937 г.
Ешимбетов Д. член КПСС с 1939 г.
Бараков С. Член КПСС с 1940 г.
Школин К. И. член КПСС с 1941г.
Искандеров Дж. Член КПСС с 1941 г.
Джумамуратов Ш. член КПСС с 1941 г.
Булешев У. член КПСС с 1942 г.
Джалалова У. член КПСС с 1943 г.
Арзымбетов У. член КПСС с 1943 г.

6 апреля 1984 года г. Нукус

Усы жерде айтып өтетуғын бир жағдай бар. Османхожаевтың Ташкентте үлкен квартирасы, үлкен дачасы, Москвада еки квартирадан ибарат турақ жайы бар еди, ал Осетровтың Ташкентте жайы, дачасы, Москвада квартирасы бар еди. Оларға усындай жағдайлар туўдырыў мүмкин, ал күнде атызларды, малханаларды аралап, қурылысларды көрип, шаң жутып жүрген обкомның биринши

секретарына бир коттеджде турыў мүмкин емес. Бул барып турған әдилсизлик емес пе? Жоқарыдағы хатқа Османхожаев та, Осетров та бир гәп айтпады. Буны мен өкпе ретинде айтып отырғаным жоқ. Халқымыз билсин, Горбачев, Лигачев, Османхожаев ҳәм Осетров үш-үштен квартира, дача ийелесе — ол көп емес, ал бизиң жигитлер бир коттеджге ийе болса — ол көп-емиш... Бул теңлик пе?

Ҳәзирги ўақытта Өзбекистанның пуқаралары өзлери жасайтуғын имаратларды қандай етип саламан десе де ҳақы бар. Ҳеш ким оларға қәрежетти, қурылыс материалларын қаяқтан алдың демейди. Ақыры, инсанға омир бир мәртебе бериледи. Егер ол құдирети жетип, әтирапы бағлар менен қоршалған әжайып имаратта жасағысы келсе, оның менен кимниң иси бар. Ҳәр ким қолынан келгенинше өз турмысын жақсылаўы, өмирин шалқытып өткериўи мүмкин. Биз жоқарыда ата-бабадан бизге турақ жайлар мийрас болып қалмаған, ҳәр әўлад өзиниң өмирине боларлық ғана жай қурып жасай алған деп айтып өттик. Қам гербиштен өрилген, пақсадан тикленген, тырнағына тас қаламай салынған жай 15—20 жыл турып, тозып ширип кулаған. Келешек әўладқа буйырмаған. Ал, ҳәзирги ўақытта жай салғанда биз жүдә мықлы, тас төсеп ямаса бетоннан қуйып тырнақ салып, пискен гербиштен мың жыллар туратуғын, жети-он әўладқа мийрас болып қалатуғын жайлар қурыўымыз керек. Өзимиз де шадықуррам болып жасайық, ал әўладларымыз жайды салған адамның исмин жақсылық пенен тилге алып, олар да шадлықта жасасын, мийрас қалдырған ата-бабасына өзиниң алғысларын айтып, пәтиясын берсин. Мен Румынияда еки жыл ислеп қайттым. Ол жерде көп адамлар өз меншигине тастан, пискен гербиштен 3 этажлы жайлар салған. Бәлким, оларды бурын ата-бабалары қурып қалдырған шығар. Олардың 1-этажында гараж, винобар, овощ складлары жайласқан, 2-этажында аўқат писиретуғын, аўқат жейтуғын, телевизор көретуғын, қонақ қабыл ететуғын, ал 3-этажында түнде уйқылап, дем алатуғын бөлмелери бар. Ҳәр ким өзиниң бюджетине, семья ағзасының санына қарап үлкен, орта, киши қылып салған. Және бир айрықша жери — бир жай екиншисине архитектура жағынан уқсамайды. Ҳәр жай өз алдына турған бир ансамбль. Цивилизацияға жеткен Европа еллериниң ҳәммесинде усындай жағдай көп ушырасады. Ал, бизде биреў еки этажлы жай сала қойса соны көпсинип, ҳәр қыйлы шуғыл әңгимелер айтып жүреди. Ал, Кавказ республикаларында да еки этажлы коттеджлер көп. Мен ойлайман, бизиң халқымызға усы цивилизацияға көшиў

заманы келди. Сонлықтан, Президентимизге рахмет, ол ҳәммесине руқсат берди, үлкен жол ашты. Ал, Хорезмде үш этажлы жай салыўға әлле қашан өтти. Соның өзи бизге сабақ болмас па екен? Ҳәзирги базар қатнасығы дәўиринде қыйыншылықлар болып атыр, бул ўақытша кубылыс. Сонлықтан, Қарақалпақстанның экономикасы келешекте раўажланып, халықтың турмыс дәрежесиниң артыўына исенимим мол.

Гейде ушырасыўларда маған көп заманласларым «Сизиң орынланбаған қандай әрманларыңыз бар» деген сораў береди. Мениңше, бундай сораў ҳәр бир адамға берилиўи мүмкин. Себеби, әрмансыз инсан болмайды ҳәм әрманлардың бәри де орынлана бермейди. Сол сыяқлы басшы да шөкелеген шегине жете алмайды. Мениң де орынланбай қалған әрманларым аз емес. Олардың ҳәммесин айта берсем, китап оқыўшыларды зериктирип аларман. Солай да болса бир қатар әҳмийетлилерине сизлердиң дыққатыңызды аўдарғым келеди.

Биринши. Қарақалпақстанның жери газге, нефтьке оғада бай. Усы байлықларды жүзеге шығара алмағаныма өкинемен. Онлаған жыл даўамында жумыс ислеген «Қарақалпақнефтегазразведка» трести бираз технологиялық кемшиликлер себепли усы байлықлардан дурыс пайдалана алмады. 3,5—4 километрден терең қаза алмады. Оннан терең қазатуғын үскене жоқ. Жылдан-жылға балалап атырған көп жумыслардың арасында бул иске өз ўақтында мен де жетерли итибар бермеген екенмен.

Екинши. Темир жол елге мол ырысқы алып келеди. Буны Қарақалпақстандағылар да жақсы биледи. Республикамызда бул әҳмийетли ис қызғын даўам етти. Нөкис—Төрткүл темир жолының жойбары дүзилди. Усы темир жолды еки-үш жыл ишинде қурып питкерип, Ташкент—Нөкис пассажир поездин Төрткүл арқалы жүргизип, қубла районлардағы мол палыз, мийўе өнимлерин Нөкистиң базарына алып келиў, кең аймақлы елди тутастырыў мақсетин алға қойған едим. Сондай-ақ, Шымбай—Тахтакөпир темир жолын қурыў-ды, солай етип жүклерди ҳәр бир хожалықтың есигиниң алдына түсириўди көзде тутқан едим. Бул ойларымды да иске асырып үлгермедим.

Үшинши. Пахташылықты тийкарынан қубла районларға көшириўди, Елликқала, Жамбасқала массивлерин абаданластырыўды, ҳәр қайсысынан 25—35 мың гектар жер өзлестириўди, солай

етип, кубладан және бир үлкен пахташылық районын дүзиўди жобаластырып жүр едим. Бул ис қызғын басланды, бирақ ақырына жете алмай қалды. Солай еткенде арқадағы Тахтакөпир, Қараөзек Кеңес (таза район ашып), Шымбай, Нөкис, Қанлыкөл, Қоңырат (жети район) районларын салыгершилик базасына айналдырыў көзде тутылған еди. Бул мақсетлер де иске аспай шала қалып кетти.

Төртинши. Төрткүл қаласында 75 мың м^2 қуўатлылыққа ийе ДСК (жай қурыў комбинаты) салыў мәселеси Рашидов, Худайбердиев, Ҳамраевлар менен келисилип қойылған еди. Оны да питкере алмай кеттим.

Бесинши. Арал ҳаққында орынланбаған әрманлар көп, Нөкисте еки-үш мәртебе пүткил аўқамлық илимлер академиясы сессиясын өткердик, шаўқым салдық, Обь-Иртыш дәрьяларының суўлары Аралға келип Хожа көлден қуяды. Арал толады деп, жойбар исленди, оның додалаўына мен өзим Москвада қатнастым, шығып сөйледим. Буған исенип едик. Ақсақаллардың дүньядан өтиўи менен бул мақсетлер орынланбай қалды.

Алтыншы. Бозатаў районында, республиканың гүллән қара мал өсириўши ҳәм басқа районларында, қой өсириўши совхозларында төрт-бес мың гектар жерди инженерлик усылда өзлестирип, жоңышқа, мәкке еғип, от-жем мәселесин үзил-кесил шешиўди жобаластырып жүрген едик. Бул ис те шала қалды.

Жетинши. Қурылып питкен ҳәм ислеп турған 40—45 гектар теплицаның майданын жүз гектарға жеткерип, халықты қысы-жазы таза овощ лимон менен тәмийинлеў иси де аяқланбай қалды. Ҳәзир де сол қурылып питкен 45 га теплица ислетилип, овощ өсирилсе, соның өзимизден аўысқан өними Россияға жиберилсе, көп мүтәжли нәрселерди алыўға жол ашылар еди.

Сегизинши. Нөкис, Шымбай, Хожели, Қоңырат, Маңғыт, Беруний қалаларында жер асты суўлары дарақларды қуўратып, имаратлардың тырнақларын жемирип, подваллар толып, гүллән коммуникацияларды ширитип атыр. Бул Қарақалпақстанның халық хожалығына үлкен зыян берип киятыр. Мине, усы жер асты суўларын қурытыў мақсетинде 1981-жылдың жазында жабық коллектор-дренаж тармағын қурыў ушын «Спецдренажстрой» трестин шөлкемлестирген едик. Нөкисте үш көшеге он километрлик жабық дренаж қурып үлгердик. Дренаж қурған көшелер әтирапында жер асты суўы қуртылып жақсы болып еди, бирақ соңынан батыл

болып қалыпты. Мениң мақсетим усы трестти үлкейтип, районларда ПМКларын ашып, көп механизмлер берип, қалалардың халқын изей суўдан, аўыр азаплардан қутқарыў еди. Бул үлкен әҳмийеттеги исте шала қалды. Көшелерде куўраған ағашларды, изей алып қулаған жайларды көрсем жаным ашыйды. Мен кетиўден таза басшы «Спецдренажстрой» трести керек емес деп, жаўып таслапты. Әлбетте, бул дурыс емес.

Тоғызыншы. Нөкис қаласындағы меншик жайы бар хожалықлардың 70—80 процентин қалалық канализацияға қосыўды гөзлеп, таярлық жумысларын ислеп атыр едик. Бул ибратлы исти үш-төрт жылда әмелге асырыў нийетинде едик. Бул исте питпей қалып қойды.

Оныншы. Нөкис қаласында Қызкеткен каналының үш километрге созылған еки жағасын бағ етип, халықтың дем алыў орайына айналдырыў нийетимиз бар еди. Усы мақсетте «Ташкент» мийманханасының, театрдың айналасына ҳәр қыйлы дарақлар егиўди баслаған едик. Бирақ, бул ис те питпей қалды.

Он биринши. 1984-жылғы СССР Жоқарғы Советине сайлаўларда СССР суў хожалығы министри Н. Ф. Васильевти Шымбай сайлаў округинен депутат етип сайладық. Оның кандидатурасын усыныў туўралы өзим барлық инстанциядағы жасы үлкенлер менен сөйлесип келисимин алдым. Бундағы бизиң мақсетимиз — аўқамдағы ең күшли кәрежетли министрликтиң басшысы менен биротала жақынласып, дослықты әбден беккемлеп, Қарақалпақстандағы бес қаланың бири болған Шымбайда қурылыс жумысларын ҳәўиж алдырыў, тәртипсиз салынған жаман-жәўтик жайларды қулатып, кең, сулыў көшелер пайда етиў, көп этажлы жайлар салыў, солай етип, Ибрайымжан Юсупов әрман еткендей, оны гөззал шәҳәрге айналдырыў еди. Бундай шәҳәрди гүллендириў Н. Ф. Васильев ушын суў ишкендей аңсат жумыс еди. Сол ушын биз оның материаллық-техникалық ресурсларынан, ири қаржыларынан пайдаланыўды гөзлеген едик. Бул ойымызды иске асырыўдың ҳеш қандай қыйыншылығы жоқ еди. Бирақ, мен истен кетип қалғаннан кейин нәзерге алған бул нийет солайынша орынланбай қала берди. Шымбай бизиң басқа қалаларымызға қарағанда ашынарлық аўҳалда. Қалаға ҳәр барған сайын ызам келеди. Шымбай ерте ме, кеш пе сулыў ҳәм абадан қала болыўы керек.

Мине, усы тақылеттеги тағы да көп әҳмийетли жумысларды питкериўди нәзерде тутқан едик. Бирақ, тәғдирдиң айдаўы менен

елден шығынып кеттик. Бизиң көплеген омыраўлы, искер шәкиртлеримиз де истен шетлетиледи. Нәтийжеде, халық ийгилиги ушын басланған зор ислеримиздиң көбиси аяқланбай қалды. Бул жүдә өкинишли.

Мен ҳәзир Өзбекистан Республикасының персоналлық пенсиясын аламан. Дем алыста болсам да халықтың арасындаман. Жасы үлкен де, жасы киши де маған еки қоллап сәлем берип, ҳүрмет-иззет көрсетеди, мерекелерде төрден орын береди. Демек, мениң туўған ел-халқым ушын ислеген хызметлерим умытылмапты. Ҳақ кеўилли халқымның шын жүректен сый көрсеткени ушын мен өзимди бахытлыман деп есаплайман. Ақыры, халықтың терең ҳүрмети теңи-тайы жоқ дәўлет ғой. Дүньяда оннан зият ҳеш бахыт болмаса керек. Бул ушын мен халқыма өле-өлгенше ырзаман.

КЕҢЕСЛИ ЕЛ АЗБАС

Жоқарыда айтып өткенимиздей, 1960—1970-жыллары ҳәм 80-жыллардың дәслепки дәўиринде Қарақалпақстанның халық хожалығының ҳәмме тараўларын кескин раўажландырыўға еристик. Буның бас себеплериниң бири бизиң халқымыздың қаҳарманлық мийнети екенин, соның аркасында уллы ислер әмелге асқанлығын көрсетип өткенбиз. Халқымызды жаңадан-жаңа табысларға баслаўшы негизги күш—бизиң алтын фондымыз болған кадрлар еди. Олардың бир бөлеги халық пенен тығыз байланыста ислеген райком секретарьлары, колхоз, совхоз басшылары ҳаққында мен өз пикиримди баян еткенмен.

Ал , енди сол кадрлар менен де, халық пенен де бир сапта турып, елимиздиң атақ-абырайы ушын жан-тәнин аямай, бир жан, бир тән болып ислеген, сол ўақыттағы атама менен айтқанда областьлық партия комитетиниң штабы—обкомның бюро ағзалары ҳаққында гүррең етпекшимен. Сол ўақыттағы обкомның бюро ағзалары, мениң ойлаўымша ең күшли, ақыл парасатлы, билимли, ис тәжирийбеси жетерли, искер жигитлерден қуралған еди. Бул минезлеме соның менен бирге райкомның биринши секретарьларына, республиканың басшы хызметкерлериниң басым көпшилигине тийисли. Бизиң табысларымыздың тырнағын қаласып, дийўалын көтерген усы азаматлар ғой. Халықты кейнине ертип, ҳадал тер төгип хызмет ислеген солар ғой. Олардың барлығының атын атап өтиў жүдә қыйын ҳәм оның кереги де жоқ шығар деймен.

Бирақ, өзим менен бир сапта тең турып, жанын-тәнин аямай, халық ийгилиги ушын маңлайдан тер төккен азаматларды айтпай кетиўиме болмайды.

Ең дәслеп, мениң менен 18 жыл Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Советиниң Баслығы болып, ашшы-душшыны бирге

татып, аўырманлықларды бирге көтерисип ислеген Ережеп Айтмуратов ҳаққында мениң пикир айтыўым нызамлы шығар деп ойлайман. Мен обкомға биринши секретарь болып таярланарда Ташкентте Шараф Рашидов пенен гүрриңлесиў болды. Сонда «Сизиң орныңызға ким болады» — деген саўал қойылды. Мен екиленбей, бирден-ақ Ережеп Айтмуратовичтиң атын айттым. Мениң пикиримди В. А. Карлов та қуўатлады (Карлов сол ўақытта ӨзКП Орайлық Комитетиниң екинши секретары еди). Ережеп Айтмуратовичти бирден айтыўыма себеп, мен оның менен бирге еки жыл даўамында Министрлер Советинде мен баслық, ол орынбасар болып бирге ислескен едик. Сол ўақытта-ақ Е. Айтмуратовичтиң жүдә искер, кишипейил, өзиниң хызмет ўазыйпасын пуқта атқаратуғын ҳадал, басшы екенин билген едим.

Ережеп Айтмуратовичке көп минезлеме берип отырыўдың кереги жоқ шығар деймен. Республикада болған ҳәмме табыслы ислерде оның ылайықлы үлеси бар. Бизлер аўыр жүкти қолласып көтергенбиз, қыйын машқалаларды ойласып, мәсләҳәтлесип шешимин тапқанбыз. Ең қыйын, аўыр истиң басына өзим ҳәм Е. Айтмуратов екеўимиз баратуғын едик. Бизлердиң ис усылымыз — жазда — июнь июль, август айларында аяққа етикти кийип алып, азанда саат 5 тен турып, кешки 9—10 ға шекем пахта, салы атызларын бирме-бир аралайтуғын едик, жақсыны мақтап, жаманды қатты сынға алып, ҳәр бир район, колхоз-совхоз басшыларының исине баҳа берип, көрген кемшиликлерди дүзетиўдиң жолын бирге изледик. Сол кемшиликлерди сапластырмай бизге тынышлық жоқ еди. Жақсы исти көрсек, оны жалпы халықтың арасына үлги етип таратыў, ен жайдырыў, оны көпшиликке нәсиятлаў бизиң ис усылымыз еди. Солай етип, жазғы үш айда пахта, салы атызларында қатты мийнет етип, мол зүрәәт топлаў үстинде жумыс ислер едик. Соңғы жыллары пахта терими ўақтында районға ўәкил бекитиўден биз ўаз кешкенбиз. Бас ўазыйпа атызда мол зүрәәт топлаўға қаратылды. Мол зүрәәт болса, оны жыйнап алыўды районлардың, колхозлардың ҳәм совхозлардың өзлери-ақ шөлкемлестиреди. Усы жерде айтып кететуғын бир әҳмийетли пикирлер бар. Қарақалпақстан шараятында пахтадан мол зүрәәт алыў ушын әлбетте, қолайлы, жаўынсыз жыллы ҳаўа болыўы керек. Бул қудайдан. Ал, бендеге байланыслы жағы мыналар:

Биринширден, шигитти 15—20 күнде егип болыўды тәмийинлеў. Егис ең кешиккенде 15-майға шекем тамамланыўы шәрт. Екиншиден,

ғаўашаны сийреклетиўди, биринши отағын алыўды 10—15 күнде, 5—10-июньнен қалдырмай тамам етиў, үшиншиден, биринши тәрбия ўақтында ҳәр гектарға 300—400 кг азот төгинин бериў, жас нәлди уўызында тойдырыў, жасында саламат етип өсириў, терең культивация бериў, ўақытты босқа өткермеў. Бул шәртли ислер орынланса, бизде, әлбетте, пахта болады. Мине, бизиң обкомның бюро ағзаларының барлық күш-ғайраты усы мәселелерди ерте, сапалы етип орынлаўға бағдарланды. Усы илажлар өз ўақтында, сапалы исленген жыллары биз мол зүрәәт топлағанбыз. Бул мәселелерди майдалап айтқандағы мақсет, биринши ден, бизлер ислеген исти жаслардың дыққатына жеткериў, екиншиден, келешекте усы ислер әмелге аспаса, ҳәмме халық усы усылда пахта тәрбиясына ғалаба қатнастырылмаса — мол зүрәәт жетистириў қуры сөз болып қала бериўи мүмкин. Усы усылды әмелге асырғанлықтан, Қарақалпақстан 60—80—90-жыллары тураклы түрде жоқарғы өнимди қолға киргизди. Көп жылларда пахта таярлаў жобасын октябрь айында, Өзбекистанда биринши лер қатарында орынлаўға ерисип келдик. Жазда 3 ай пахта үстинде ислесек, қалған ўақытларда — бәҳәр гүз айларында қурылыс, тәмийнат мәселелери менен шуғылландық. Район басшыларының сораған мүтәжин қанаатландырып отырдық. Қыс айларында ҳәмме обкомның бюро ағзалары шаруашылық пенен, маллардан өним алыўды көбейтиў, оларды қыстан аман шығарыў мәселелери менен шуғылландық. Мине, усы жумысларды биз Е. Айтмуратов ҳәм басқа бюро ағзаларының белсенди қатнасыўы менен иске асырдық.

Аўыл хожалық жумысларынан басқа ҳәмме бюро ағзаларына, соның ишинде Ережеп Айтмуратовичке ҳәр жылы бир қанша қурылыс объектлери бекитилип қойылар еди. Мысалы, Нөкис аэропортының самолётлар ушып қонатуғын бетон жолларын қурыўда Ережеп Айтмуратовичтиң өзи басшылық етти. Байқоңырға талай мәртебе өзи барып, өтиниш етти, ҳәтте керек жеринде жәнжеллесип, бетон плиталарды алып келди. Ол соның менен бирге кус өсириў фабрикаларының қурылысын қәўендерликке алып, олардың қурылысын тезлетти.

Өзине жүкленген миннетли ўаыйпаларды ҳәм обком тәрепинен тапсырылған жумысларды Ережеп Айтмуратович тап-туйнақтай етип атқарып, ел, халық алдында үлкен абырайға ийе болды.

Мен Е. Айтмуратов пенен жүдә жақсы ислестим. Ташкентке барғанда мийманханада бир номерде жатып (ҳәр қайсысымызға бир-

бирден номер тийисли болса да), ҳәмме ўақыт бирге аўқатландық. Биреў-биреўден жасырын сыр болмады. Сонлықтан, бизлердиң арамызда тек сыйласық, ҳүрмет-иззетлик, жақсы қарым-қатнас ғана болды. Мен ойлайман, айырым район басшылары бизлердиң дослығымызды көрип, үлги алған болса керек.

Еки үлкен басшының татыў, дос болыўы, аўызбиршиликли, бирге ислесиўи, биринши ден, жасларға өрнекли жол тәрбия болса, екиншиден, елде бирликти орнатыўға, халық хожалығында бурынсоңлы болмаған үлкен табысларды қолға киргизиўге хызмет етти. Бизлер екеўимиздиң яр-дос екенимизди ҳәмме халық, ел ағзалары, әсиресе Шараф Рашидович жақсы билер еди, жоқары баҳалар еди. Өзиниң искерлигиниң, кишипейиллигиниң үлкен адамгершилигиниң арқасында Ережеп елде абыройға ийе болды. Шараф Рашидовтың көзине түсип, ӨзКП Орайлық Комитетиниң аўыл хожалығы бойынша секретары лаўазымына көтерилди. Бул бийлик лаўазымға Ережеп Айтмуратович 1981-жылдың басында тайынланды. Орайлық Комитетке секретарь болыўдан-ақ Е. Айт-муратов өз жумысын тез меңгерип кетти. Бизлер буны сырттан бақлап, куўанып жүрдик. Бул лаўазымға 1970-жылы август айында мениң шәкиртим, елимиздиң әдиўли перзенти Юлдаш Рахимович Қурбанов сайланған еди.

Бизиң елдиң усы еки азаматының бириниң кейнинен бири Орайлық Комитетке секретарь болып, Өзбекистандай үлкен республикада аўыл хожалығын басқарыўы өзинен-өзи болған әпиўайы ўақыя деп қараўға болмайды. Олардың усындай үлкен лаўазымға көтерилиўине, әлбетте, сол жыллардағы Қарақалпақстанда аўыл хожалығының үлкен табысларға ерисип алға илгерилеўи себепши болды деп айта аламыз. Усыны бизиң тарийхшыларымыз жақсы түсинип, ҳадаллық пенен дурыс баҳалар деген үмиттемиз.

Ережеп Айтмуратович ҳаққында жазғанда көбирек аўыл хожалығына тоқтадым, оның себеби бар. «Ол өз қәнигелиги бойынша инженер-энергетик, қалай Орайлық Комитетиниң аўыл хожалығы бойынша секретары болады — деген саўал туўылыўы мүмкин. Усындай гүман туўмасын деп, бизиң Ережеп пенен бирге аўыл хожалығында көп жыллар ислеп, мийнет қазанында қайнағанымыз, аўыл хожалығының ҳәр қыйлы сырларын үйренгенимиз, ҳаўа райының қолайсызлықларынан пайда болған қыйыншылықларды жеңиў жолларын биргеликте ойласып таўып, тийисли илажларды әмелге асырғанымыз, көп тәжирийбе топлап, қыйыншылықлы жағдайларда да мол зүрәәт топланғанымыз, елимиздиң абырай-

атағын көтериўдеги әдиўли ислерди қәниге сыяқлы атқарғанымыз ҳаққында жоқарыда айтып өттим. «Көп жасаған билмейди, көпти көрген биледи» — дегендей, Ережеп көп нәрселерди көрип, аўыл хожалығы бойынша маман қәниге дәрежесине жетти.

Ережеп Айтмуратовты мен бир өзим ғана емес, ал бизиң шаңарағымызда ҳәмме бирдей сыйлап, ҳүрмет етер еди. Ол сыйласық басымызға ис түскен күнлерде де даўам етти. Сонлықтан шығар, Ережеп Алма-Атада болғанда да, Ташкентке келгенде де аспаннан түскендей болып биринши ушырасқан Камаловлар болды. Оның азат етилер ўақтында да арнаўлы барып, қушағын ашып күтип алып үйине әкелген де Камаловлар болды. Ҳақыйқый дослық, сыйласық усылай болатуғын шығар...

Камал Рзаев Нөкистеги Пединститутттың ректоры лаўазымынан обкомның идеология ислери бойынша секретары болып 60-жыллардың ортасында таярланды. Дәслепки ўақытлары үлкен көлемде басшылық етиўге тәжирийбеси кем болыўына қарамастан, Камал Рзаевич жүдә тез ўақыт ишинде тәжирийбе топлап, өз исин жақсы меңгерип кетти. Көп узамай-ақ ол қәддин тиклеп, көзге түсерликтей жақсы басшы болып жетилисти ҳәм район, республика басшыларының ҳүрмет-иззетине ийе болды. Камал Рзаев көп сөйлемейтуғын, сөйлесе гәптиң тоқетерин айтып, ойып сөйлейтуғын басшы болып жетилисти. Обкомда ислеген жыллары өзиниң басшылық өткен участкасының ҳәмме тараўларын кеңнен таллап, кемшиликлердиң бетин ашып таслады, бир қанша жаңалықларды енгизди. Кадр таңлаў мәселелерин де қайта көрип шығып, олар менен ислесиў, талапшаңлықты күшейтиў үстинде айтарлықтай өзгерис иследи.

Идеология тараўында ислеген жигитлер бурын сыбай-салтаң обкомға келип-кетип жүрген болса, Камал Рзаевичтиң ўақтында оның қабыллаўында болғаннан кейин терлеп шығатуғын, жуўапкерликти сезетуғын, өз исине сын көз бенен қарайтуғын болды.

Обкомның бюросының тапсырмасы бойынша районға шыққанда да Камал Рзаевич жүдә өткир хызметкер сыпатында барған жеринде унамлы өзгерислер ислейтуғын уқыплы басшы болды. Ол көркем өнерди, халық билимлендириўин, илимди раўажландырыўда, газета-журналларды, радио-телевидениени заманның талап дәрежесине көтериўде көп унамлы жумыслар иследи.

Обкомның бюро ағзасы сыпатында ол салыгершилик совхозларына да барып, ең дәслеп қатаң тәртип орнатыўға итибар берди, тапсырманы орынлап, ибратлы хызметлер иследи.

Обкомда аппараттың жумысын шөлкемлестириўге белсенди қатнасты. Обкомның аппаратына қолынан ис келетуғын, саўатлы, келешеги күшли кадрларды жыйнаўға жәрдем етти.

Камалдың усындай жақсы ислерин, талапшаңлығын, шөлкемлестириў уқыбының жоқары екенин көрип, биз оны Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совета Президиумының Баслығы ўазыйпасына көтердик. Бул үлкен лаўазымда да ол ылайықлы ислерди әмелге асырды. Президиум аппаратын жаңалап, қолынан ис келетуғын адамларды жыйнады, Жоқарғы Советтиң жумысын бурынғыға салыстырғанда анағурлым жоқары дәрежеге көтерди.

Жуўмақластырып айтқанда, Камал Рзаев жүдә саўатлы, ҳәр бир иске терең анализ беретуғын, халықтың ийгилиги ушын унамлы хызмет ислеген ел ақсақалы болып жетисти.

Марат Жуманиязович Юсупов төрт-бес жыл даўамында Министрлер Советиниң Баслығы болып иследи, соның ишинде усы лаўазымда мениң менен төрт жылға шамалас бирге иследи. Юсупов билим дәрежеси жоқары, ис тәжирийбеси мол, лаўазымның ҳәмме басқышларын төменнен жоқарыға шекем басып өткен, көзге көринген жигитлердиң бири. Оны мен жақсы нийет пенен үлкен лаўазымға усындым. Марат Жуманиязович қурылыста өзин көрсетти, Хожанияз Режепов пенен бирге үлкен бройлер комплексин 1,5—2 жылдың ишинде сапалы етип қурып питкерди. Бул объектти Шараф Рашидов барып көрип, жүдә жоқары баҳа берди. Марат келешеги күшли, терең ой-пикирге ийе хызметкер. Азы-кем тәрбия талап ететуғын таманлары да жоқ емес. Оның менен еле де көп ислескенимизде минезиндеги бирли-ярым кемис-кутықлар жөнленип, Марат республикадағы зор басшылардың бири болып жетилисетуғынына ҳеш гүман жоқ еди. Мараттың өзине жараса принципиаллық қәсийети бар. Мениң еситиўиме қарағанда Салықов келген заманда биринширлерден болып оның жөнсиз сөзлерине қарсы шығып, тәмби бергенлердиң ишинде Марат та болған. Бул да Мараттың елдиң абырайын, бурын бирге ислескен адамларының қәдир-қымбатын сақлай билиў қәсийетине ийе екенин билдиреди. Марат сол лаўазымда ислей бериўи мүмкин еди, бирақ оның денсаўлығы төменлегенликтен ҳәм Салықов тәрепинен ҳәр қыйлы

унамсыз мәселелер ойлап табылып, қаға берди етиўи нәтийжесинде бул лаўазымнан кетиўге мәжбүр болған.

Мениң менен бирге ислескен жыллары мен Маратқа толық еркинлик берип, өзиниң миннетли жумысын ислеўге имканият жараттым ҳәм қурылыс ислери менен шуғылланыўды тапсырып қойдым.

Сол жыллары қурылыс бизиң ең баслы ислеримиздиң бири еди. Сонлықтан, мен өзим Марат Жуманиязович, А. А. Юриц, А. П. Федоров, А. Б. Бекманов тек қурылыс пенен шуғылланар едик. Ҳәр жылы 550—600 млн. сом қаржы қурылысқа жумсалар еди. Булар биринің жумысын бири тәкирарлап ислемеўи ушын ҳәр қайсысын ҳәр қыйлы қурылыс тараўына бекитип қойдық.

Мәселен, Марат Юсупов — аўылдағы қурылысқа, А.А.Юриц — суў хожалығы қурылысына, А. П. Федоров — темир жол қурылысына, А. Бекманов — қалалардағы қурылысқа ҳәм турақ жай қурылысына жуўап беретуғын еди. Бул жақсы нәтийже берди. Себеби, 70—80-жыллары бизде 18 қурылыс трести болып, қурылыс кең тармаққа ийе болды. Оған бир-еки адам басшылық етип ушына шыға алмас еди. А. А. Юриц, А. П. Федоров, А. Бекманов ҳәммеси де жүдә жақсы хызмет иследи. Биз оларға үлкен ўәкиллик берип қойдық. Олардың дурыс пикирлерин қоллап-қуўатлап турдық. Обкомның қоллаўына сүйенген булар трест баслықлары менен бирге халқымызға зәрүрли көп объектлерди қурып, пайдаланыўға берип турды. А. А. Юриц те, А. П. Федоров та — обкомның бюро ағзалары сыпатында жүдә жемисли мийнет ислеп, қурылысшылар арасында абыройға ийе болды.

Қурылысқа басшылық еткенлер арасында Асанов Атағулла Худайбергеновичти тилге алмасақ болмайды. Ол көп жыл обкомда қурылыс бөлимин басқарып, бул тараўда мениң оң қолым болды. Ҳәмме объектлерге барғанда ҳәрдайым мениң менен бирге жүрди, берилген тапсырмаларды жазып алып, оларды қатты қадағалады, орынланыўын тәмийинлеп турды. Солай етип, қурылыстың нәтийжели жүргизилиўине өзиниң үлесин қосты. Көпшилик ўақытларда қурылыста исленип атырған жумыслардың жағдайын мен Атағулла арқалы билип турдым ҳәм тапсырма берип, оны ақырына дейин апарыўды талап еттим.

Атағулла тәжирийбели қурылысшы, истиң көзин таныйтуғын кәниге. Елимиздиң келбетиниң көркейиўинде оның үлеси бар.

Жаслайынан өзин көрсеткен, жигерли, шаққан азамат, бурынғы обкомның секретары Қайыпберген Ерполатович Юсупов ҳаққында аз да болса минезлеме берип кетиўим керек.

Қайыпберген тез өсип, тез кәмалға келген басшылардан есапланады. Ол Шоманайда, Мойнақта, кейин обкомда ислеген ўақтында көзге көринип, искер жигитлер қатарында тилге алынды. Ол республикада мәденият ты раўажландырыў бойынша бир қанша әмелий илажларды иске асырды. Басқа республикаларда болған ҳәптеликлерге басшылық етти. Ол обкомның бюросы тапсырған ислерди жан-тәни менен, шаршамай әмелге асырыўда аўыз толтырып айтарлықтай хызмет етти. Бирақ, жаңа өсип, жаңа қанат байлап, турмыстың ашшы-душшысын татып, ҳәр нәрсениң қәдир-қымбатына жаңа түсине баслаған ўақытта секретарьлық лаўазымынан кетти. Оны сынап көриў ушын «Халқабад» совхозына жиберипти. Қайыпберген ол жерде өзиниң искерлигин көрсеткен. Қайыпберген қайысса қайысқан шығар, бирақ сынған жоқ.

Көп адамлар қатарында обкомның бурынғы бюро ағзасы Михайл Ефимович Лунев ҳаққында айтпасам мақсетке муўапық болмас. Лунев пенен мен жигирма жылдан көбирек бирге ислестим. Оған тәбият жақсы қәсийетти, адамғершиликли минезди инәм еткен. Ол жақсы хызметкер ҳәм көпшиликтиң кеўлинен шыққан жақсы инсан еди. Ол Қарақалпақстанды өзиниң ўатаны деп есаплады ҳәм оның бир перзенти сыпатында ҳадал хызмет етти. Ол туўры сөзли, ашық кеўил, иске шебер, ҳеш кимге жаманлық етпейтуғын, ҳәрдайым күлкили сөз айтып, басқалардың кейпин көтеретуғын минези бар еди. Ол көп жыл обкомда бюро ағзасы болып, исимиздиң алға илгерилеўине өзиниң азаматлық үлесин қосты.

Өмириниң ақырғы күнлеринде де ветеранлар кеңесинде ислеп, өзине тән ақсақаллығын инабат пенен атқарып келди. Обкомның бюро ағзалары ҳаққында гәп еткенимизде, республика халық хожалығын раўажландырыў исинде ҳәмме менен тең қатарда тик аяқтан турып хымет ислеген Дәўлет Ешимбетов, Борис Анатольевич Новицкий, Владимир Васильевич Кислов, Жумамурат Жийемуратовлардың атын терең ҳүрмет пенен тилге аламыз. Олардың ҳәр бириниң халық ушын ислеген хызметлери узақ әңгиме етиўге турарлық. Бул ҳүрметли ел басшыларының биразы дүньядан өтти. Биразы ҳәзир де өзлериниң ақсақаллық жолын умытпай, елимиздиң бирлиги, абаданлығы ушын қолынан келгенше хызмет етип атыр.

Обкомның бюросы өз мәжилислеринде ҳәмме хожалық ҳәм сиясий мәселелерди додалап, сол дәўирдиң талабы дәрежесинде шешти, кадрлардың хызметине баҳа берип, жақсысын хошаметлеп, жаманын сынға алды, жол жоба көрсетип барды. Олардың бәрин дизип айта бериўдиң кереги жоқ шығар. Бирақ, ең әҳмийетли бир мәселе бар, оны айтпай кетиўге болмайды, ол да болса кадр мәселеси. Кадрды орны-орнына қойыў, олардың тәғдирин әдил рәўиште шешиў бас мәселе. Ҳәр бир истиң нәтийжели болыўы, ҳәр бир жәмәәттиң өзиниң алдына қойған ўазыйпасын инабат пенен әмелге асырыўы, сол жәмәәттеги аўызбиршиликке байланыслы екени ҳәммеге мәлим. Ал, сол аўызбиршиликти жәмәәттиң басында турған басшы уйымластырыўы турған гәп. Жаман жәмәәт жоқ, жаман басшы болыўы мүмкин. Жәмәәт дегенде биз районларды, министрликлерди, колхоз, совхозларды нәзерде тутып отырмыз.

Ең алды менен бир районды, колхоз, совхозды, министрликти ким басқара алады, кимниң қолынан келеди, кимниң уқыбы жетеди, ким халықты изине ертип тилин таўып, қатықтай уйытып, алға қойған ўазыйпаны шешиўге жумылдыра алады. Мине, усы мәселелерди тәрезиге салып өлшеп, кадрларды таңлаў усылын басшылыққа алғанбыз. Бизлердиң ислеген дәўиримизге буйрықпазлық-ҳәкимлик ўақыт деп ат таңыўшылықлар бар. Бәлким, ол ырас та шығар. Оны мен талқылап отырғаным жоқ. Солай да болса, ҳақыйқатын айтыўым керек. Кадр таңлаў, оның жумысқа қойыў мәселесин мен ҳеш ўақытта бир өзим шешкен емеспен. Бюро ағзалары менен ойласпай, кең түрде пикир алыспай, бир де кадрды мен өзимшиллик етип шешкен жоқпан. Кадр мәселесин ойласып шешкендеги мақсет, кадр ел ушын, халық ушын хызмет етиўи керек, биреўдиң мәпин ойлап хызмет ислесе, ол жолдан шығып кетеди, халық иси, ел иси далада қалады. Мақсетимиз — қойған кадрларымыз биринши гезекте усыны нәзерде тута билетуғын, мәмлекетлик исти булжытпай орынлайтуғын, халықтың кеўлинен шығатуғын болыўы керек. Соның ушын да, ҳәммемиздиң нийетимиз елдиң келешеги болғанлықтан, «тонды ойласып пишкенбиз». Анаў жақын, мынаў қашық, жақынын қоллаў, оны жақсы иске қойыўдың жолын излеўге усаған намақул истиң басына барғанымыз жоқ. Ийгиликли исти ойлаған адам тек усылай ислеўи лазым. Сонлықтан, кадр таңлаўда биринши гезекте елдиң, халықтың мәпин ойлағанбыз.

Кадр таңлаўдың және бир жағы бар, оны еслетип кетиўим керек. Бурыннан белгили болғанындай-ақ, халықтың «қабақ тәрезиси»

бар, соған салып өлшейди, егер нақолай басшыны иске қойсаң, ол халықтың кеўлинен шықпаса, мийнеткеш халайық басшыларға наразы болады. Ондай еткенде исиң алға баспайды. Кадр таярлаўда әдиллик болса, басшыларға исеним күшейеди. Халық қоллап-қуўатлайды. Сонлықтан, кадр мәселеси тек обкомның бюросында ойласылып, бир неше кандидатурадан ең жақсысы сайланып қойылған. Булардың ҳәммеси кеўилден шықты деўге болмайды, гейде азыкем қәтелер де кеткен шығар. Бирақ, басым көпшилик кадрлар—райком секретарьлары, колхоз, совхоз басшылары бизлердиң дәўиримизде 15—20 жыллап иследи. Ол заманда кадрлардың турақлы ислеўи (стабильный кадровый потенциал) деген гәплер бар еди. Лаўазымынан азат етиў зәрүрлиги болған кадрларды обкомға шақырып, кемшилигин мойнына қойдық, жаңадан ислейтуғын хызметин белгилеп, алдын ала иске орналастырдық.

Ал, сол босаған орынға кимниң болатуғынын күн бурын ойласып, Орайлық Комитеттиң келисими менен жумысқа алдық. Жуўапкерли хызмет орны бир күн де бос турған емес, оған жол қойғанымыз жоқ.

Бул усыл обкомның қәлиплескен әмелий исине айналып, өз ўақтында иске асырылып турды. «Бул лаўазымға ким келер екен», «анаў болады, мынаў болады» деп сыртынан тон пишип, гәп таўып жүриўшилерге шек қойғанбыз. Себепсиз бир де кадрды орнынан босатып, қапа етиўге жол қоймадық. Бул оларда келешеги ушын исеним пайда етти.

Және бир жағдайды айтып кетиўге туўра келеди. Кадр таңлаўда мен өзим тек райкомлардың биринши секретарьларын, колхоз, совхоз басшыларын, министрлерди таңлап қойыў менен шуғылландым, ал басқа номенклатураға киретуғын ҳәмме кадрларды таярлаў менен обкомның секретарьлары ҳәм бөлим баслықлары шуғылланды, мен олардың ҳуқықын шеклемедим, оларға еркинлик бердим.

Мен кадрлардан резерв таярлаўға үлкен итибар бердим. Соның менен бирге, өзиниң қапталына билими кем, «ләббай» деп турыўшы әззи адамларды жыйнайтуғын, елдиң келешегин ойламайтуғын, бүгинги күни айтқаны өтсе болды деп жүретуғын айырым басшылар өз ўақтында қатты сынға алынды. Булардың атын айтыўдың қәжети жоқ шығар. Келешекти ойлаған, елим өссин, раўажлансын деген ақыллы басшы қорықпай, ертең орнымды тартып алар деп алаң болмай, қасына күшли, ақыл-парасатлы, келешеги бар жасларды

жыйнайды. Биз сондай басшылардың исин мақуллап, хошаметимизди, мақтаў сөзимизди аямадық.

Бизлер обкомның бюросында ҳәр ким өзиниң орнын басқандай, иркилместен басшылық ете билгендей ҳүжданлы жигитлерди жыйнасын, сонда ғана елде өсиў, алға илгерилеў тәмийинленеди, деп ашық айттық.

Артта қалған дийқаншылықты еки-үш жыл дурыс басшылық етип көтериўге болады. Ал, елге басшылық ететуғын кадрды өсирип жетистириў ушын 10—15 жыл керек. Бизлер усы мақсетти нәзерде тутып, ис алып барғанбыз. Мен мақтанып емес, ал ҳақыйқатлық ушын айтыўым керек, өз қапталыма ең күшли, мениң орнымда ислеп кете беретуғын жигитлерди жыйнадым.

Бизиң және бир ислеген жақсы исимиз — обкомның бюро ағзаларының мийтиндей бирлиги болды. «Бирликли ел азбас» дегендей, бирликти көздиң қарашығындай сақладық, оған шаң тийгизбедик. Сыйласығымыз жүдә күшли болды. Биреўдиң кеўилин қалдырыў, «ҳәссений, сени көремен» дегендей сырттан мушқа түпирип жүриўшилик бизлердиң арамызда болмады. Керек ўақтында қатты иследик. Ал, шаршағанды шығарыў ушын Жумекеге (Жийемуратов) уқсаған ақсақалларды дәлкек етип, бир-биримиз бенен ҳәзиллесип те алар едик. Бирдейине қабақты үйип жүриў, мурынды көтериў, өзин жоқары тутыў уқсаған инсанға жат минез бюро ағзаларында болған емес.

Усындай сыйласықтың арқасында шығар, арада шуғыл ғәплер болмады, дийдилеген ислерди әмелге асырыўға ҳәмме жумыла кирисип, туўылған жеримиз Қарақалпақстанның атақ-абырайын көтериў ушын ат салыстық.

Бизлерден тәлим алған болыўы керек, бизиң райкомлардың биринши секретарьлары Ташкентке үлкен жыйналысларға барғанда бир адамның баласындай бирге жүреди, бирге аўқатланады, бул да бирликтиң белгиси ғой. Үстинен күлиў ушын айтажақ емеспен, гейпара областьлардың биринши секретарьлары гелленiң гөшиндей бир-бирине қосылмайды, бөлек жүреди. Москваға барғанда гейпара обкомның биринши секретары ҳәм облисполком баслықлары бирге жүрмейди, өз алдына қыдырып, өз алдына аўқатланатуғын еди. Ал, бизлер Е. Айтмуратов пенен егиз баладай ҳәмме ўақыт бирге болып, бирге аўқатланғанбыз. Бундай қарым-қатнас та бирликтиң сыйласықтың нәтийжеси ғой.

Бизлер ислеген ўақытта мынаў арқа, мынаў қубла район деп зонаға бөлиў, бөлек жүриў деген жоқ еди, ҳәммесиниң тойы да, ўақты-хошлығы да бирге болар еди.

Илайым, усылай бола бергей. Келешек әўладқа нәсиятымыз — бирге болың, бирге татыў жасаң, ара айырылмасын, бирлигиңиз беккем болсын деймен.

Усы жерде мен өзим менен жумыс бабында жүдә жақын болып, мениң тапсырмаларымды орынлаўшыларға жеткерип, олардың орынланыўын қадағалаған, мениң оң қолым болып хызмет еткен азаматларды еске алып өтемен. Олар обкомның бөлим баслықлары Б. Исмайылов, Я. В. Галихин, Л. Б. Фрейман, Ә. Тәжибаев, сондай-ақ мениң жәрдемшилерим болып ислеген К. И. Школин, Б. Ордабаев, А. И. Балакин, Ю. А. Журбин, Қ. И. Дошымбаевлар еди. Олардың ҳәммеси де жүдә саўатлы, тил алғыш, жумыс питкергиш, жазыўға да уста, терең ойлы, елимизде көзге көринген, атақ-абырайға ийе азаматлар. Олардың бәрин де мен терең ҳүрметлеймен.

БИЛИМ — АҚЫЛ ШЫРАҒЫ

Бизлер елге басшы болып ислей баслаўдан-ақ халық билимлендириў исине айрықша кеўил бөлдик. Республиканың экономикасының, мәдениятының өсип-раўажланыўы, жоқарғы басқышларға көтерилиўи ушын биринши гезекте саўатлы, ҳәр тәреплеме билим жаңалықларына қанық кадрларды, әсиресе жергиликли, өзимизде туўылып өскен, кәмалға келген елдиң қәдир-қымбатын билетуғын, бизиң жер, суў, климатлық жағдайымызға көнликкен, жасларды тәрбияламай, солардың қатарын көбейтпей турып, елимизди қалақлықтан шығарыў, раўажланған еллер қатарына жеткериў мүмкин емеслиги мәлим еди. Бул кадрларды таярлаў, әлбетте, мектептен басланыўы керек. «Баланы жастан» дегендей мектепте оқып, терең билимге тийкар салынбаса, оның келешекте жақсы қәниге болып жетилисиўи оғада қыйын екени мәлим. Мектепте қәўпеки билим алған бала, ол орта, жоқары оқыў орынларында жақсы оқып, жақсы билим ийеси болып шыға алмайды. Сонлықтан да, биз елимиздиң алдында турған жүдә қыйын, бирақ шешилиўи керек проблемаларды жергиликли халық ўәкиллеринен өсип шыққан кадрлар ғана шеше алатуғынына әўелден-ақ көзимиз жетип, усы әдиўли мәселени кешиктирмей шешиўди дыққат орайымызда усладық. Бул истиң бир жағы болса, екинши жағы, ҳәзирги заман шараятында билим әпиўайы дийқанға да, рабочийға да, механизаторларға да, қурылысшыға да, шарўаға да, ҳәмме-ҳәммеге де керек. Солай екен, мектептиң тәлим-тәрбия жумысларын жақсылаў, болажақ кадрларды жасынан өқытып, илимге қанықтырыў, ана журтына садықлығын, елге сүйиўшилигин ертеден тәрбиялаў, жетискенлик, токшылық, раўажланыў тек мийнет ҳәм билим арқалы шешилетуғынын балаларға жас басынан уқтырыўға кеўил бөлиў зәрүрлигин турмыстың өзи талап етип

отырды. Усы әдиўли ўазыйпаларды нәзерде тута отырып, биз мектеплердиң материаллық-техникалық базасын көзден өткердик. 1960-жыллардың басында республикамызда 606 мектеп болып, оларда 150 мыңнан аслам оқыўшылар оқыды. Мектеплерди көзден өткериў исине обкомның, Министрлер Советиниң, Билимлендириў министрлигиниң, республиканың интеллигенция ўәкиллериниң, қурылыс мәкемелериниң ҳәм районлық шөлкемлердиң хызметкерлери тартылды. Көзден өткериўдиң жуўмағы обкомда, Министрлер Советинде жүдә терең анализленип, көрип шығылды. Тексериўдиң жуўмағында республикада 1960-жыллардың басында ебин-жорық жаңа жойбар бойынша жүдә аз сандағы мектеплердиң салынғанлығы анықланды. Олар Нөкис қаласындағы А. С. Пушкин атындағы, Мойнақтағы Куйбышев ҳәм Ломоносов атындағы, Тахтакөпирдеги В. И. Ленин атындағы, Хожелидеги Шевченко атындағы, Шымбайдағы Ворошилов атындағы ҳәм т.б. мектеплер еди. Олардың көпшилиги қам гербиштен салынып, жер асты суўы көтерилгеннен кейин 1960-жыллардың ақырында қулап қалды. Мәселен, Тахтакөпир районындағы мен өзим оқыған Ленин атындағы мектеп 1930—1940-жыллары райондағы ең көрнекли мектеплерден саналатуғын еди. Ал, 60-жыллардың ақырына келип ол унырап қалды. Ҳәзир сол мектептиң орнына гербиштен, еки этажлы турақ жай салынды.

Көзден өткериўдиң жуўмағы бойынша республикада 80—90 процент мектеп жайларының тырнағы жоқ, ылайдан, қам гербиштен, әйнекке шекем дийўалын ызғар алып кеткен, жүдә ашынарлы жағдайда екени анықланды. Сол 1960-жыллардың басында бир мыңға жақын класслардың еденине тахта төселмеген, ызғар, қара жер, пеши жоқ, қыста суўық, жазда ызғардан сасық ийис шығып туратуғын жағдайда еди. Мектеплерде отын жоқ, пеши жағылмайтуғын, ал азы-кем от жағылған жерлерде ақбас, жыңғыл пахтаның пақалы жағылар еди, гөне пеш түтеп, балалардың көзин ашытар еди. Бул оқыўшылардың арасында көп аўырыўшылықты, сол себепли тез-тез сабақтан қалыўына алып келер еди. Балалар арасында өкпе кесели ол заманда баршылық еди. Әсиресе, қыс айларында аўыл балаларының узақ мектеплерге қатнап оқыўы қыйын еди.

Мектеплердиң 90 процентten асламына электр жақтысы апарылмаған, 606 мектептиң тек 150 инде ғана телефон бар, 207 мектеп радио точкасына ийе, 100 ден аслам мектеп қулаў ҳалында,

балалардың оқыуы мүмкин емес дәрежеде екенлиги анықланды. Көпшилик мектеплерде класслардың жетиспеуи себепли оқыў үш сменада жүргизилген. Сол жыллары республикада ҳәр қыйлы қәнигелик бойынша еки мыңға жақын муғаллим жетиспеген. Тағы бир айтып кететуғын жағдай мектеплерде буфет, асхана дегенлердиң аты-заты да жоқ екенлиги анықланды.

Мине, усындай жағдайлар, сондай-ақ муғаллимлердиң, әсиресе математика, физика, химия, орыс тилинен сабақ беретуғын еки мыңға жақын муғаллимниң жетиспеуи оқыўдың сапасының жүдә төмен дәрежеде болыўына алып келди, балалардың табыслы оқыўына, билимди терең ийелеўине тосқынлық жасады. Сол жыллары бизде 10-классты питкерген оқыўшылардың көбиси жақсы билимге ийе бола алмады.

Бул аўыр жағдайларға бизиң тақатымыз шыдамады, қалай болмасын бир илажын таўып, мектеплердиң материаллық базасын дүзиў, мектеплерди тазадан қурыўды қолға алыўға бизди мәжбүрледи.

1960-жыллардың басындағы халық хожалығының басқа тараўларында жүз берген қыйыншылықларды жоқарыда баян еткен едик. Шынында да, халық хожалығының басқа тараўлары да оңып турған жоқ еди. Қайсы тараўды алма, балалап атырған қыйыншылықлар ҳәм кемшиликлерге дуўшакер болар едик. Илажымыз қанша, барлық проблемаларды бир күнде, бир жылда шешип болмайды. Ол мүмкин де емес, күшимиз де келмейди, жағдай да көтермейди. Солай болса да, «көз қорқақ, қол батыр» дегендей, көзди жумып, тәўекел алла деп мектеп қурыўға, оны ғалаба халықлық қурылыс деп уран таслаўға, ҳәммени усы истиң басына жәмлеўге туўра келди. Балалар бизики, ел де бизики, жас әўладты усындай аўҳалда қалдырыў бизлерге, ел ақсақалларына мүнәсип ис емес деп, билек сыбанып иске киристик.

Ол жыллары мектептиң қурылысына мәмлекет тәрепинен қаржы жүдә аз дәрежеде берилер еди, ол бизге теңизге тамшы тамған сыяқлы ғана еди. Мәселен, 1969—1971-жыллары мәмлекет есабынан тек ғана 8 мектеп қурыў жобаға киргизилген еди, яғный ҳәр жылы 2—3 мектеп қурыў ғана жобаластырылған. Ал, бул жағдайда Қарақалпақстандағы қулаўға қолы тиймей турған 100 ден аслам мектепти қурыў ушын және 50 жыл керек деген сөз. Бул бизди пүткиллей қанаатландырмады. Енди не ислеўимиз керек? Мектеплер усы жағдайда қала бере ме? Бул тараўдағы проблемаларды үзил-кесил шешиў үстинде көп бас қатырыўдан кейин, 1968-жылы ӨзКП

Қарақалпақстан обкомның, Министрлер Советиниң арнаўлы қарарын шығарып, мектеплердиң материаллық-техникалың базасын дүзиўдиң 3 жыллық программасын қабыл еттик. Онда мәмлекет тәрепинен берилетуғын қаржыдан басқа ҳәр бир совхозға, колхозға, районға, министрлерге, курылыс мәкемелерине, пахта, май заводларына, ҳәмме-ҳәммеге қайсы фондтан болса да қаржы таўып, мектеп салыў ҳаққында тапсырма бердик. Сол қарар бойынша мектеп курылысын улыўма халықлық ис деп жәрияладық. Мектеп курылысын обкомның пленумының додалаўында да қойып, ҳәмме басшылардың жуўапкершилигин арттырдық, бул иске сиясий маған бердик.

Мектеплерди қорлықлы аўҳалдан шығарыўдың бирден-бир жолы усы еди. Бизиң сол ўақытлардағы ислеген ҳәрекетлеримиз босқа кетпеди, ол өзиниң жемисин берди. Ҳәмме басшы мектеп курыўды, ал бизлер курылыс материаллары менен тәмийинлеўди өз мойнымызға алдық.

Сол мақсетте мен 1968-жылдан баслап 3—4 жыл қатарына СССР Министрлер Советиниң орынбасары, СССР Госснабының баслығы Вениамин Эммануилович Дымшицтиң қабыллаўына бардым. Жоқарыдағы ҳәмме жағдайды түсиндирдим, ол ҳаққындағы жазып апарған хатымды тапсырдым. Қарақалпақстан Советлер Аўқамының ең түпкириндеги ел, билимлендириў тараўындағы аўҳал аўыр, мектеплер қулаў ҳалында, балаларды оқытыў қәўип астында, деп, обком ҳәм Министрлер Советиниң 3 жыллық программалық қарары менен таныстырдым. Көп мектеплердиң сүўретин де түсирип алып барған едим, оны да көрсеттим. Ол мени дурыс түсинди. Дымшиц Вениамин Эммануилович пенен көптен таныс едим. Ол киси менен 1960—1970-жыллары 3—4 мәртебе бирге Кисловодскте «Красный камень» санаторийинде, оннан соңғы жылларда көп мәртебе Москва областындағы «Барвиха» санаторийинде бирге дем алған едим. Сол жыллары оның менен жақсылап танысып, Қарақалпақстанның гүлабы қаўынларын, шийрин жүзимлерин жегизип, яр-дос болғанбыз. Ол киси жүдә саўатлы, Бауман атындағы жоқары техникалық училищесин питкерген, жасынан 1931-жылдан прораб болып ислеген. Өзиниң искерлигиниң арқасында СССР министри, А. Н. Косыгинниң орынбасары, 1965—1976-жыллары Госснабтың баслығы болып иследи. 1959-жылы Ҳиндстандағы Бхилай металлургия заводын курыўда бас инженер болып ислеген, жүдә тәжирийбели, дослықты қәдирлейтуғын, жүдә мәдениятлы адам еди.

Сол таныслықтан пайдаланып, 3—4 жыл қатарына ҳәр жылы 5 мың кубометр тахтай, көп санда ағаш, шифер, фанера, краска ҳәм т.б. материалларды фондтан тыс алдыртып, республикаға әкелип, Атабай Палўанов арқалы ҳәмме мектеп қурыўшыларға бөлип бердик. Қурылыс материаллары усылайынша фондтан зыят шеттен алып келинбесе, қурылып атырған есап-сансыз мектеплерге, басқа да көплеген объектлерге жеткериў қыйын еди. Мектеп қурылысына итибарды күшейтип, өзлеримиз барған жерде мектеп қурылыслары менен жақыннан танысып, бул иске салқын қарағанларды қатаң сын астына алдық, ал мектеп қурылысы менен шуғылланған басшыларды ҳәмменің алдында мақтап, абыройын көтердик, басқаларға өрнек етип қойдық. Усындай исленген ислер өзиниң нәтийжесин берди. Республикада көплеген заманагөй мектеплер пайда бола баслады. 3—4 жыл даўамында фондтан зыят алып келинген қурылыс материаллары мектеп қурылысының пәтин кескин көтериўге мүмкиншилик берди. Егер, жетинши бес жыллықтың соңғы жылы болған 1965-жылы республика бойынша мәмлекетлик ҳәм кооперативлик мәкемелер, колхоз ҳәм совхозлар тәрепинен барлығы болып, 1284 орынлық еки-үш мектеп ғана салып питкерилген болса, 1966—1980-жыллары 91300 орынлық 170 мектеп салынды.

1981—1984-жыллары мектеп қурылысының көлеминиң тағы да кескин көтерилиўине еристик. Усы 4 жыл ишинде 32500 орынлық 65 мектеп, яғный ҳәр жылы орта есап пенен 16—17 мектеп пайдаланыўға берилди. Мәмлекетлик ҳәм кооперативлик мәкемелер, колхоз ҳәм совхозлар тәрепинен ири қурылыс жобалары тийкарында буннан басқа хожалық усылы менен де көплеген мектеп ҳәм қасынан қосымша класслық жайлар салынып, пайдаланыўға берилди.

Ҳәммеси болып мен обкомда ислеген 21 жылдан аслам ўақыт ишинде 145 мың орынлық (1 смена есабынан) мектеплер салынды. Совхозларда, гейпара район, қала орайларында турақ жай есабынан қурылған мектеплер буның ишине кирмейди. Олар жобада көрсетилген, банк қәрежет бөлип шығарған түринде өзиниң көлеми бойынша есапқа турақ жай болып кирип кетти. Ол жылларда орайластырылған қаржы бөлингенде тек турақ жай қурылысына артық орынлаўға руқсат етилетуғын ҳәм қәрежет берилетуғын еди, ал басқа халық хожалығы тараўлары бойынша жобадан зыят ақша өзлестириў қадаған етилер еди. Илажымыз қанша, азы-кем сызықтан шығыўшылық болса да, мектеп қурылысына кең жол ашып қойдық.

Ақыры, тозыўы жеткен мектеплерди тез арада қурып болыў керек еди.

Тазадан қурылған мектеплердиң ҳәммеси тырнағы тастан қаланып, көпшилиги пискен гербиштен өрилди. Шиферленип, еденине тахтай төселди, үлкен, жақтылы терезелер салынып, заманагөй етип қурылды. Мектеплердиң ҳәммеси толығы менен электрлестирилди, радио точкасына, көпшилиги орайластырылған ысытыў үскенелерине ийе болды, телефон апарылды, бирқанша мектеплер ғазлестириўге де еристи. Бурын болмаған, бирақ балалар ушын жүдә зәрүр болған спорт заллары көпшилик мектеплерде қурылды.

Солай етип, обкомның, Министрлер Советиниң қарарына ҳәм алып барған сиясатына муўапық республикамызда мектеп қурылысы толығы менен питти десек кәте болмайды. Екинши жағынан, мектеп қурылысы тамам болды деўге де болмайды, себеби мектепке оқыўға киретуғын балалардың саны жылдан-жылға көбейип бармақта. 1960-жыллары биринши классқа 25 мың әтирапында бала қабыл етилген болса, олардың саны 1980-жылларға келип 40 мың балага жетти. Ал, оқыўшылардың жалпы саны 1960-жыллары 150 мың болса, 1983-жылға келип 284,4 мыңға жетти. Усы жерде анығын айтыўымыз керек, республика, район, қала, колхоз, совхоз басшылары обкомның ҳәм Министрлер Советиниң қарарын туўры түсинип, мектеп қурыўға, мектептиң материаллық-техникалық базасын беккемлеўге жедел кирисип, тез жыллардың ишинде бизлер ойлағаннан зыят, жаңа типтеги саўлатлы, оқыўшылар ҳәм муғаллимлер ушын барлық шараятлары бар мектеп жайларын қурып питкерди. Көпшилик аўылларда еки-үш этажлы, спорт залы бар, жақсы үскенеленген мектеплер салынды. Басқаша болыўы да мүмкин емес еди, себеби сол мектеплерде өзлериниң перзентлери оқыйды ҳәм тәлим алады. Сонлықтан, биз өз мәҳәлинде мектепти жақсылап қурған басшыларға рахмет айтқанбыз.

Сол, 1960—70-жыллардың басында республикада халық хожалығының ҳәмме тараўларындағы көп қыйыншылықлар ҳаққында мен жоқарыда сөз еткенмен. Елимизде халық хожалығының ҳәмме тараўларында қыйын проблемалар бар, әўеле соларды шешейик, кейин басқа ислерге кеўил бөлермиз деген көзқарастан аўлақ болдық. Сол толып атырған, балалап кеткен қыйыншылықлар менен бир қатарда халық билимлендириўи исиндеги жүз берген аўыр аўҳалларды дүзетиўдиң, үзил-кесил шешиўдиң илажлары көрилди, халық билимлендириў иси шетте қалған жоқ, ол бизлердиң

дыққат орайымызда болды. Себеби, жоқарыда айтқанымдай, ҳәтте жетилисиўдиң, раўажланыўдың, мәдениятты көтериўдиң тийкары— мектеп, ертеңги жарқын келешекти исшең жас әўладлар шеше-ди, олардың билими, ел исине берилиўшеңлиги, туўған елин сүйиўшилиги, мийнетке садық болыўы, шеберлиги сол мектепте қәлиплеседи, тәрбияланады. Биз усы мақсетлерди нәзерде тутып, мектеплер қурылысын жақсылаў, балаларға билим бериўди жети-листириў, муғаллимлердиң билим дәрежесин, қәнигелигин арт-тырыў, оқыў қураллары менен, таза парталар менен тәмийинлеў, мектепти жақсы үскенелеў, асхана, буфетлердиң жумысын жақсылаў, медициналық жәрдемди жанландырыў, балалардың жазғы дем алысын шөлкемлестириў усаған көп ҳәм инабатлы ислерди әмелге асырыўға итибар бердик.

Булардан тысқары, оқыў қуралларын, ана тилиндеги оқыў китап-ларды басып шығарыўға да жетерли кеўил бөлинди. Ҳәр жылы обкомның секретары К. Рзаев, бөлим баслығы К. Е. Өтамбетовалар кең түрде таллап, бюроға, секретариатқа материал таярлап, ҳәр жылы қанша атамада, неше китап шығыўы керек екенин анықлап, қарар алынатуғын еди. Сонлықтан, 1960-жыллардың ақырында 1970-жыллардың басында ҳәр жылы 50—55 атамада сабақлық, 40 атамада оқыў программалары шығарылып барылған. Булар ҳәр жылы жаңаланып, заманның, турмыстың талабына ылайық өзгерислер киргизилип барылды. Бул мағлыўматларды көрсетип отырғанымдағы мақсет халық билимлендириў иси ҳәмме ўақыт обкомның, Министрлер Советиниң дыққат орайында болғанын көрсетпекшимен.

Бизиң республикамызда үлкен аўызбиршиликтиң болыўы, халықлар дослығының сақланыўы, елимизде тынышлықтың орна-тылыўының бас себеплериниң бири балаларға өз ана тилинде ямаса өзлери қәлеген тилинде оқып тәлим алыўға мүмкиншилик туўдырылыўынан, ҳеш қандай мәжбүрлеўдиң болмаўынан келип шығып отыр. Ҳәр бир халыққа ҳәм оның ана тилине ҳүрмет пенен қараў сиясатын алып барыўымыз бирликтиң арқаўы болды. Мәселен, 1984-жылы мектеп оқыўшыларының миллетлик қурамы мынадай еди:

1. Қарақалпақ тилинде 116474 оқыўшы
2. Өзбек тилинде 112165 оқыўшы
3. Қазақ тилинде 55076 оқыўшы

4. Рус тилинде 19396 оқыўшы

5. Түркмен тилинде 12590 оқыўшы.

Усы балалардың өз ана тилинде жемисли оқыўы ушын өзимизде басылып шыққаннан басқа Ташкенттен, Алма-Атадан, Россиядан, Ашхабадтан оқыў қураллары жобалы рәўиште алынып турылды, оны обкомның тийисли бөлими қатты қадағалап барды. Муғаллимлердиң билим дәрежесин жетилистириўге байланыслы көп жумыслар әмелге асырылды. Сонлықтан, муғаллимлердиң 70 проценттен асламы жоқары мағлыўматқа ийе қәнигелер болыўына еристи.

Оқыў-тәрбия исинде жемисли ислеген муғаллимлердиң мийнети өз ўақтында баҳаланып барылды, муғаллимлеримиз уллы ҳүрметиззетке миясар болды. Пүткил өмирин жасларға билим бериўге, тәрбиялаўға арнаған тәжирийбели устазлардың бири Хожамберген аға Ембергенов Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы атағына ийе болды. Сол сыяқлы 648 муғаллим Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет жарлығы менен наградланды. 108 муғаллим СССР халық билимлендириўдиң ағласы, 1128 муғаллим Өзбекистан халық билимлендириўиниң ағласы болды. Елимиздиң орден ҳәм медальлары менен 400 ге шамалас муғаллим наградланды.

Республикада үш муғаллим: Жумек Асқарович Орынбаев, Рейимбай аға Сапаров, Жолымбет аға Сейтниязовлар Крупская атындағы медальды алыўға, сондай-ақ, бес муғаллим Қары-Ниязий атындағы медальды алыўға миясар болды.

Қарақалпақстанда халық билимлендириў исин жетилистириўде аянбай хызмет көрсеткен, өзиниң барлық өмирин жас әўладларды тәрбиялаўға бағышлаған, сол арқалы елимизде үлкен атақ-абырайға ийе болған, халық билимлендириў тараўындағы жан күйер ақсақаллардан есапланып, тарийхта үлкен из қалдырғанлар көп. Қарақалпақстанда халық билимлендириўин раўажландырыў ҳаққында сөз ететуғын болсақ, оларды да тилге алмай кетпеўге болмайды. Олар — халық билимлендириў исиниң биринши қарлығашларынан Қәлли аға Айымбетов, Мәжит аға Галикеев, Омар аға Бөлешев, Турдымурат аға Бекимбетов, Генжебай аға Убайдуллаев, Айтжан аға Есемуратов, Көшербай аға Бердимуратов, Сражатдин Ахмедов ҳәм тағы басқалар. Олар оқыў-тәрбия жумысларын терең билим, алдынғы методика тийкарында алып барып, халық билимлендириў тараўына көп кадрлар таярлап бериў менен бир қатарда,

мектеп оқыўшыларына көп сабақлықлар, методикалық қолланбалар жазып берип, бийбаҳа хызмет етти.

Халық хожалығындағы барлық қәнигеликлердиң орны гиреўли, ҳәммесин халқымыз қәстерлейди. Бирақ жаңа адамды, саламат әўладты, жарқын келешекти қурыўшыларды тәрбиялайтуғын кәсип ийеси — бул муғаллимлер. Жас әўладларды оқытыў, тәрбиялаў, терең билим бериў, әдеп-икрамлылықты, ўатанды сүйиўди үйретиў бул өмирдеги ең баслы ўазыйпалар.

Устаз деген уллы атақты ақлаған муғаллимлерден Рейимбай аға Сапаров, Әмин Матвеевич Ражапов Ўатандарлық урыстың қатнасыўшылары. Олар Қарақалпақстандағы көплеген муғаллимлердиң де устазлары. Олардың ҳәр қайсысы 35—40 жыл даўамында, биреўи Шымбайда, екиншиси Төрткүлде муғаллим, мектеп директоры, районлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы болып ислеп, үлгили хызметлериниң арқасында халық алғысына миясар болған ақсақаллар. Олар екеўи де «Өзбекистанға мийнети сиңген муғаллим» атағына ийе. Усындай ҳүрметли устазлардан шоманайлы «Өзбекистанға мийнети сиңген муғаллим» Жаңабергенов Сақыйдың атын да ҳүрмет пенен тилге аламыз. Көп муғаллимлердиң арасында асқан адамгершилигиниң, жетим-жесирлерге қайырқомлығының арқасында көп саўапқа қалып, ел алғысын алған азамат, Нөкис районында 32 жыл даўамында халық билимлендириў исинде минсиз мийнет еткен Алланияз Өтенияз улы. Алланияз қолы бос ўақытта, дем алыс күнлеринде 30 дан аслам ғәрип-қәсерге, урыс мүгедеклерине, жетим-жесирлерге өзиниң қара күши менен жай салып берди. Олардың ишинде еки балалар бақшасы, еки аўыллық медпунктлер бар. Жетим-жесирге пулсыз, өзиниң күши менен жай қурып бериў — бул ҳәр тәреплеме мақтаўға ылайық.

Бизиң жеткиншек әўладларымызға тәлим-тәрбия бериўде өзлериниң айрықша хызметлери менен көзге түскен муғаллимлерди ҳәмме ҳүрмет пенен тилге алады. Олардың қатарында Шымбай районындағы Р. Сапаров атындағы орта мектептиң муғаллими Қурбаназар Хожаназаров, Мойнақ районындағы Т. Жумамуратов атындағы орта мектептиң муғаллими Қуўанышбай Орынбаев, Шымбай районындағы Т. Бекимбетов атындағы орта мектептиң муғаллими Қонысбай Юсупов, Нөкис қаласындағы 34-мектептиң муғаллими Жүмагүл Уматова, Нөкистеги 37-лицейдиң оқытыўшысы Үмит Шәрипова, Кегейли районындағы Жамбыл атындағы мектептиң муғаллими Бахытлы Сарыбаева, Тақыятас қаласындағы 24-кәсип-

техникалық училищесиниң муғаллими Маңғытбай Наўрызбаев, Хожели қаласындағы Ибн Сина атындағы орта мектептиң муғаллими Дарман Ишшанова, Әмиўдәрья районындағы 13-кәсип техникалық училищесиниң муғаллими Жолмурза Хайтбаев, Нөкистеги 37-лицейдиң муғаллими Н. П. Пак, Нөкис қаласындағы Пушкин атындағы мектептиң муғаллими В. Б. Каменьев, Беруний районындағы Титов атындағы мектептиң рус тили муғаллими ҳәм директоры С. И. Благовешенская, Хожели районындағы «Правда» мектебиниң муғаллими Режеп Ғурбанов ҳәм басқа да көп сандағы халық билимлендириўиниң ағлаларын атап өтиў орынлы.

Усы жыллары Нөкисте сийрек гезлесетуғын жойбар бойынша оқыўшылар сарайы, Хожелиде балалар үйи бой тикледи. Оқыўшылар сарайының қурылысын өзим тиккелей бақлап бардым. Бирнеше рет қурылыстың басына барып, таллаў өткердим. Қурылыстағы шешилмей атырған мәселелерди шешиўге жәрдем еттим. Бул оқыўшылар сарайын қурыў исинде сол ўақыттағы Нөкис қалалық партия комитетиниң секретары Бийбайша Кетебаеваның хызметлери үлкен болды. Бул сарайдың сахнасының пердесин Бухарадағы алтын сабақлар менен тигилетуғын затлар фабрикасында таярлаттық. Дийўалларына ойып нағыс салыў жумысларын хийўалы шеберлер иследи. Ишин көркемлик жағынан безеў, дийўалларға, стендлерге сүўрет салыў жумысын өзимиздиң ҳәм Москвадан шақырылған сүўретшилер орынлады. Сарайдың ашылыў салтанатына Шараф Рашидов қатнасты ҳәм дәстүрлик лентаны кести. Сонда мынадай жағдай бир жағдай жүз бергени есимде. Нөкис қалалық партия комитетиниң секретары Б. Кетебаева лентаны кесетуғын қайшыны арнаўлы тарелкада Шараф Рашидовке усынды. Шараф Рашидов қайшыны қолына алып, лентаны кесиўге қолайласқан ўақтында қайшының топса шегеси шығып, қайшы екиге бөлинип қалды. Ҳәммемизде қолайсызлық, қысыныўшылық пайда болды. Бирақ Шараф Рашидович «булар балалар ғой, балалар ушын ҳәммеси кеширимли» деп күлди де, қайшыны өзи қайтадан қурастырып, лентаны кести. Бул уллы адам, усындай бир пайытта да өзиниң ҳәм уллылығын, ҳәм әпиўайылығын көрсетти. Қысыныўшылық кеўилли күлкиге, ҳәзилге айналды.

Бул салтанатқа Өзбекистанның билимлендириў министри, бизиң әзиз достымыз С. Ш. Шермухамедов та қатнасты.

Тазадан салынған бул үлкен имаратты дурыс пайдаланыў, онда жумысты ойдағыдай етип шөлкемлестириў ушын бурынғы Респуб-

ликалық пионерлер сарайының штаты жеткиликсиз еди. Оны көбейтиў ҳаққындағы Өзбекистан билимлендириў министрлигине өтинишимизди, таза штат кестесиниң жобасын таярлап, салтанат ўақтында оның қолына бердим. Усындай салтанатлы ўақытларда, адамның көкирегинде байрам руўхы көтерилип турған мәўритлерде бундай мәселелер тез шешиледи. Саид Шермухаммедович бизлердиң өтинишимиздиң барлығын толығы менен қанаатландырды. Кейин оның басламасы менен усы оқыўшылар сарайының базасында бир неше рет Өзбекистан бойынша мектептен тыс мәкемелер хызметкерлериниң республикалық семинар-кеңеслери өтти. Оқыўшылар сарайының жумысы менен танысыў ушын Өзбекистанның барлық областьларының, Ташкент қаласының халық билимлендириў басқармасының баслықлары келди.

Оқыўшылар сарайының жумысын басларда бурынғы СССР аймағындағы ең жақсы пионерлер сарайларының тәжирийбелерин үйрениўдиң зәрўрлигин өзимиздиң Халық билимлендириў министрлигинде де, оқыўшылар сарайының педагогикалық жәмәәтине де ўазыйпа етип жүкледик. Мениң ядымда, Грузияның пайтахты Тибилиси қаласындағы атақлы Мизурий ансамбли шөлкемлестирген пионерлер сарайының жумысын үйрениў, оның тәжирийбеси менен танысып қайтыў ушын бир топар қәнигелерди хызмет сапарларына да жиберип алдық.

Пайтахтымыздағы ең сулыў биналардың бири болған оқыўшылар сарайы ҳәзир жасларды физикалық ҳәм руўхый тәрбиялаўдың үлкен орайы сыпатында хызмет атқарып атыр. Жақында оның педагогикалық жәмәәти менен тәрбияланыўшыларының мирәти бойынша бул жерде болып, бийкарға хызмет қылмаған екенбиз деп, кеўлим толып қайтты.

Елдиң экономикасы, мәдениятын, халықтың турмыс дәрежесин көтериў ушын жәмийет ағзаларын, ҳәр бир адамды, әсиресе күш ғайратқа толы жасларды исшеңликке үйретиў керек. Бунда ҳәмме нәрсениң тийкары — мектеп. Ертеңги билимли, исшең, жоқары мәдениятлы адамның пүткил сыпатын белгилейтуғын сапалардың, қәсийетлердиң тырнағы усы мектепте қаланады. Оның үстине, айырым шаңарақларда балаларды тәрбиялаўға немқурайдылық пенен қаралатуғыны сыр емес. Бул жағдайда мектеп гейпара ата-аналар жиберген қәтелерди де жөнлеўине туўра келеди.

Қарақалпақстанда халық билимлендириўин раўажландырыўда К. Рзаев, А. Ғайыпова, К. Е. Өтамбетова, З. И. Митина, Ж. Сейт-

ниязов, И. Қосымбетов обкомның сол ўақыттағы жуўапты хызметкери Т. Атамуратовлардың ислеген хызметлери үлкен екенлигин айтыўымыз керек.

Халық билимлендириў мәселесине тоқтаған ўақытта биз мектеплер менен бир қатарда мектепке шекемги жастағы балаларды тәрбиялаў исине де жақыннан кеўил бөлгенимизди, ол мәкемелердиң санын көбейтиў, мектепке шекемги балаларды тәрбиялаўдың сапасын арттырыўға да дыққат аўдарғанымызды айтып өтиўим керек. Мектеп ҳәм мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў мәкемелери екеўи бир-биринен ажыралмайтугынлығын, бир мақсет жолында хызмет ететуғынлығын түсинип, оларды қоса раўажландырыўға тәндей кеўил бөлдик. Обкомның бюро мәжилислеринде ҳәм Министрлер Советиниң Президиумында мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў исине байланыслы көп мәселелер избе-излик пенен қаралып турды. Мәселен, Нөкис қаласында балалар бақшасының қурылысын раўажландырыў ҳаққында обкомның бюросында айырым министрликлер ҳәм мәкемелер басшыларының есабы тыңланып, қурылыс исине салқын қараған, өз системасында балалар бақшасын қурыўды шөлкемлестирмеген бираз басшыларға жаза қолланыўға шекем бардық, талапты күшейттик.

Усы исленген илажлардың нәтийжесинде мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў мәкемелериниң (балалар бақшалары ҳәм балалар яслилери) саны 1965-жылы 114 тен 1983-жылы 392 ге көбейди, ал оларда тәрбия алыўшы балалардың саны 1963-жылғы 5—6 мың баладан 1983-жылы 40,4 мың балаға көбейди. Мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў мәкемелериниң жумысын жақсылаў мақсетинде 1970-жыллардың басында Нөкис районының орайында қәнигелестирилген бала бақша, бала яслилери ушын тәрбияшылар таярлаў педучилищесин аштық. Бул жас әўладларды жасынан баслап тәрбиялаўды күшейтиўдиң әмелий илажларының бири болды.

* * *

Жәмийетимиздиң раўажланыў барысы республикада кәсип-техникалық училищелерин шөлкемлестириў ҳәм олардың қатарын ен жайдырыўды талап етти.

1960-жыллардың басында Қарақалпақстанда аўыл хожалығының, қурылыстың төмен дәрежеде болғанын, бул тараўларда ислеўшилердиң ишинде жергиликли халық ўәкиллериниң жүдә аз санда болғанын айтып өткенбиз.

Республиканың халық хожалығының ҳәмме тараўларын теңдей көтериў, оларды комплексли раўажландырыў ўазыйпасын шешиў мақсетинде ең биринши гезекте ол тараўларда ислеўши жан күйер кадрлар таярлаў ең баслы, кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпа болып, бизиң алдымызда көлденең турды, турмыс соны талап етти. Көп қәнигели маманларды жергиликли халықлар ўәкиллеринен таярламасақ, бизиң өсип-раўажланыўымыз жүдә қыйын ҳәм көпке созылып кететуғыны сол ўақыттың өзинде белгили болды. Биз қәнигелердиң жетиспеўинен қыйналған ўақытта көп маманларды шеттен алып келгенбиз. Сантехниклерди Ташкенттен, салы совхозларын шөлкемлестиргенде экскаваторшы, бульдозершилерди Кубань ҳәм Россия областьларынан алдырып ислеткенбиз. Басқаша ислеўдиң жолы жоқ еди. Ал, сырттан келгенлер бир-еки жыл көп пул ислеў мақсетинде таза экскаватор, бульдозерлерди айдап, оларды жақсы күтпей, еки жылдың ишинде истен шығарып, таслап, кетип қалатуғын еди. Ол техникалар кейин дәртке аспайтуғын болып, диңкеси қурып колхоз, совхозлардағы бузық техниканың санын көбейтип, ўайраны шығып жатар еди. Мине, усындай аўҳал басқа хожалық тараўларында да жүз берғенин көпшилик халық биледи.

Енди елим, халқым деп хызмет ислейтуғын, қолына берген техниканы күтип, сейислеп ислететуғын өз халқымыздың перзентлеринен кадр таярламасақ, басқа илажы қалмады. Сонлықтан, бул иске шынтлап киристик ҳәм буны ең керекли, кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпа деп қарадық.

Ҳәр қыйлы қәнигеликке ийе жумысшы кадрларды таярлайтуғын кәсип-техникалық училищелерин ашыў, жас жигитлерди оқыўға тартыў, кәсип үйретиў, әўели қолымызға тийген жайларда, кейинирек заманагөй жақсы үскенеленген училищелер базасын дүзиў, 3—4 этажлы оқыў орынларын қурыў исине тезден киристик. Ҳәр районда усындай оқыў орынларын биният еттик.

1965—1966-оқыў жылында 4 ПТУда 1600 бала оқыған болса, 1983—1984-оқыў жылына келип, ПТУ саны 45 ке, ал оларда оқыйтуғын балалардың саны 18 мыңға жетти. Бул ПТУлардың ҳәммеси заманагөй оқыў базалары менен керек әсбап, техникалар, станоклар менен тәмийинленди. ПТУға басшылық етиў ушын ең жақсы, уқыплы, искер, өзин хызметте көрсеткен жигитлер директор-оқытыўшы етип жиберилди. Жақсы кадрларды таңлаў мақсетинде ПТУ директорлары обкомның номенклатурасына кирди.

Солай етип, Қарақалпақстанның халық хожалығының ҳәмме тараўлары өз миллет кадрларымыз бенен тәмийинлене баслады. Бул ПТУлар жоқары қәнигели тракторшы, экскаваторшы, бульдозерши, скреперши, шофёр, курылысшы, сыбаўшы, безеўши, гербиш өриўши, ағаш устасы, сантехник, электрик, монтёр, кепсерлеўши токарь, слесарь ҳәм т.б. қәнигелерди халық хожалығына жеткерип берди. Бизиң республикамыздың халық хожалығының барлық тараўларындағы экономикалық, социаллық, мәдений табыслар усы қәнигели азаматлардың өсип жетисиўиниң, жергиликли халық ўәкиллериниң жан күйдириўлериниң арқасында қолға киргизилди. Усы кәсип-техникалық училищелер тек 1984-жылдың өзинде халық хожалығы ушын 17 түрли кәсип бойынша 3288 оқыўшыны қәниге ийеси етип шығарды. Олардан аўыл хожалығы курылыс устасы 133, слесарь-сантехник — 30, автокран айдаўшы — 30, электрогазосварщк — 30, электромонтер — 59, кең профильде трактор айдаўшы — 1261, ағаш устасы — 20, машинист-бульдозерши — 66, тигиўши мотористка — 82, үст кийим тигиўши — 53, машинист экскаторшы — 41, комбайншы — 125, салыгершилик устасы — 89, мал ферма механизаторы — 24, пахта териў машинасының механик айдаўшысы — 127, пал мастери — 30, пилле мастери — 25.

Жоқарыдағы қәнигеликлер бойынша маманларды бир жылдың өзинде тәрбиялап шығарыў, әлбетте, халық хожалығы ушын қаншелли әҳмийетке ийе болғаны ҳәммеге түсиникли шығар. Училищелер Госплан арқалы район, колхоз, совхоз, завод, курылыс мәкемелериниң бурыннан таярлап берген буйыртпа бойынша кадр таярлап берип турды, булар да республикамыздың раўажланыўына үлеслерин қосты ҳәм елимиздиң келешегиниң арқаўы болып хызмет атқарды.

* * *

Республикамыздың қанат жайып, өсип баратырған халық хожалығының ҳәмме тараўлары орта мағлыўматқа ийе кадрларды елимизде таярлап шығарыўды барған сайын талап етти. Бул шынында да оғада тийкарғы мәселелердиң бири болғанлықтан, күн тәртибине қойылып, өзиниң шешимин талап етти.

1960-жыллары Қарақалпақстан аймағында тек ғана 7 қәнигелескен орта оқыў орны бар еди. Олар Нөкис гидромелиоратив техникумы, Нөкис медучилищеси, жаңа ғана ашылған Нөкис курылыс техникумы, Нөкис аўыл хожалық техникумы, Нөкис

көркем өнер училищеси, Хожели ҳәм Шымбай педучилищелери еди. Бул орта оқыў орынлары бизиң халық хожалығыңыздың талабын толық қанаатландыра алмады. Елимиздеги тазадан пайда болып атырған хожалық тараўлары — газлестириў, электрлестириў, темир жолларын курыў, санаатты жеделлестириў, аўыл хожалығының раўажланыўы, жаңа салы совхозларының пайда болыўы, мәдениятты, көркем өнерди раўажландырыў, тағы басқа да тараўлар көплеп орта мағлыўматқа ийе кадрларды, әсиресе жергиликли халық ўәкиллеринен шыққан қәнигелерди талап етти. Усы мақсетлерди көзде тутып, Қарақалпақстан обкомы, Министрлер Совети, ӨзКП Орайлық Комитетинен ҳәм Өзбекистан ССР Министрлер Советинен өтиниш етип, 1970-жыллардың ишинде басқышпа-басқыш республикамызға жүдә зәрүрли орта оқыў орынларын ашыўға еристи. Қайсы жылы қандай орта оқыў орны ашылды, оны тәрийиплеп жазып отырыўдың кереги жоқ шығар деймен, себеби бул ўақыялар бизиң халқымызға мәлим. Бирақ соны айтыўымыз керек, орта оқыў орынларын ашыў Ташкенттиң өзин де шешилетуғын болғанлықтан, бул мәселеде иркиниш болмады. Ҳүрметли ағамыз Шараф Рашидов бизлер көтерген мәселелерди дыққаттан тысқары қалдырған жоқ. Соның нәтийжесинде 1970-жыллардың ақырына келип Қарақалпақстанда орта оқыў орынларының саны 25 ке жетти, яғный усы жыллары тазадан 18 техникум ашылды. Олардан Нөкис политехникумы, Нөкис энерготехникумы, Нөкис байланыс техникумы, Нөкис автожол техникумы, Тақыятас саўда-экономикалық техникумы, Нөкис кооперативлик техникумы, Нөкис мәдений-ағартыў техникумы, Нөкис қаласында, Беруний ҳәм Нөкис районларында педучилищелер, Нөкис салыгершилик техникумы, Хожели финанс техникумы, 4 жаңа аўыл хожалық техникумлары (Төрткүлде, Шоманайда, Елликқалада) усаған т.б. орта оқыў орынларын атап өтиўге болады. Таза оқыў орынларының ашылыўы нәтийжесинде 1965—1966-жыллары оларда барлығы болып 3000 ға жақын жаслар оқыса, 1981-жылға келип олардың саны 15 мыңнан асып кетти. Жоқарыда айтылған тазадан ашылған орта оқыў орынларының ҳәммесине оқыў ҳәм өндирис базалары тазадан курылып берилди, бул мәселе дыққаттан сырта қалған жоқ. Қәнигелестирилген тазадан ашылған, және де бурыннан ислеп киятырған техникумлар 1970-жыллардың ақырына келип, халық хожалығының ҳәмме тараўларына көплеп кадрларды өзимизде таярлап бериўге еристи. Нәтийжеде, бизиң денемизге таза қан

қуйылғандай болып, күшимизге күш қосылып елимиздиң өсип-раўажланыўына өзиниң жақсы тәсирин тийгизди.

Көркем өнеримизди раўажландырыў мақсетинде тазадан хореографиялық училище ашыўды соранған едик. Ташкент бизиң көркем өнерлер училищесиниң қапталында хореографиялық бөлим ашып бериўди усынды, биз бул пикирге қосылдық, мақулладық. Соның нәтийжесинде бизде хореографиялық көркем өнер әдеўир өсти, көп талант ийелери пайда болды. Нөкисте мәдений-ағартыў техникумының ашылыўы районлық, аўыллық мәденият үйлерине, китапханаларға жас қәнигелер таярлап бере баслады.

Усы исленген илажлардың барлығы халық хожалығының кадрларға болған талабын толық қанаатландырып, бул мәселедеги кемшилигимизди күн тәртибинен алып таслады.

УНИВЕРСИТЕТТИ АШЫЎҒА БАЙЛАНЫСЛЫ МАШҚАЛАЛАР

Ҳәр бир мәмлекеттиң, хәр бир республиканың экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўын тәмийинлеў ушын биринши гезекте сол мәмлекеттиң, республиканың интеллектуаллық күшлериниң өсиўин тәмийинлеў зәрүрлигин тәжирийбе көрсетип атыр. Демек, усындай адамлар, қәнигелер өз арамыздан өсип, жетилисип шықпағанша бизде раўажланған мәмлекетлер дәрежесине қарай адым атлаў қыйын екенлиги мәлим. Билим раўажланбай, билимли қәниге, талант ийелери көбеймей, алға жылжыў мүмкин емеслиги сезилип турды.

Елимиздеги барлық жер үсти, жер асты байлықларын изертлеў, табыў, оларды иске қосыў тек ғана сол илимий жақтан жетилискен адамларға байланыслы екенин көзде тутып, республикамызда жоқарғы билимди раўажландырыў исине бастан-ақ кеўил бөлген едик.

Ел тәғдирин үлкен талант ийелери шешетуғынын раўажланған мәмлекетлердиң мысалында көриўге болады. Мысалға, Японияны алайық. Бул мәмлекетте мен 1970-жылы 14 күн болған едим. Японияда өз жеринде жер асты байлықлары оғада аз, ҳәттеки жоқтың қасында десек те болады. Бул мәмлекетте руда, нефть жоқ. Соған қарамастан Япония дүньяда ең раўажланған мәмлекетлер қатарына киреди, экономикалық раўажланыўы бойынша дүньяда АҚШ тан соң екинши орынды ийелейди.

Өзинде ҳеш шийки заты, кәни, жер асты байлығы жоқ. Япония интеллектуаллық байлығының арқасында дүньядағы ең бай, ең қуўатлы мәмлекетке айналды. Материаллық турмыс аўҳалының жақсылығы себепли шығар, Япония адам өмириниң узақлығы бойынша да ең жоқарғы көрсеткишке ийе. Ол елде ҳаяллардың

орташа жасы 81, еркеклердиң орташа жасы 70. Бул мысалларды келтириў менен мен жер асты байлығы керек емес деген пикирди айтпақшы емеспен. Ал, интеллектуаллық раўажланыўдың арқасында жер асты байлығы болмаса да кескин раўажланыў мүмкин екенин, индустриаллық раўажланыў ең әўеле интеллектуаллық раўажланыў менен тығыз байланыслы екенин көрсетпекшимен.

Раўажланыўдың жоқары шыңларына қарай талпынған ҳәр бир ел, ең алдын көп қәнигеликлер бойынша саўатлы, терең билимли, халық хожалығын комплексли раўажландырыўға уқыбы жететуғын кадрларға ийе болыўы керек. Елди көтериўдиң ашық айдын жолы усы. Бул истиң және бир жағы — бизиң қыйын жағдайымызға көнликкен, усы жерде туўылып өскен, елдиң ар-намысын қәдирлейтуғын, елимхалқым деп жасайтуғын адамлардан кадр таярлаў керек болды. Ташкент, Самарқанд, Андижан қалаларында кадр таярлаўды даўам еттириў менен бир қатарда, өзимизде көп профильдеги жоқары билимли қәнигелер таярлаўды турмыс талап етти. Ол ушын ҳәзирше көплеген институтларды ашыў мүмкиншилиги жоқ еди. Алдын ала Университет ашып, халық хожалығына керекли кадрларды таярлаўға өтиўдиң бирден-бир туўры жол екени көринип турды. Биз усы жол менен барыўды мақул таўып, 1966—1967-жыллардан баслап Қарақалпақстанда педагогикалық институт базасында университет шөлкемлестириў исине киристик. Бул жүдә машақатлы ис болды. Бул мәселе бойынша Москваға талай мәртебе қатнаўға, ҳәр қыйлы кабинетлерге кирип, гә тартысып, гә жағдайды түсиндирип, жалынып-жалбарыныўға туўра келди.

Китап оқыўшылардың дыққатын аўдаратуғын тағы бир жағдай — биз университетти ашып, оның жумысын пәраўан иске түсирип алғаннан кейин арадан жыллар өткеннен соң пединститутты қайтадан тиклеў нийетинде едик. Бирақ, бул ойымызды ол гезде сыртқа шығармадық, жәмийетшиликке билдирмедик. Буның себеби айтпаса да түсиникли шығар. Соның менен бирге биз САГУ диң мысалында ҳәрекет етип, соңын ала университетимиздеги гейпара факультетлер тийкарында жаңадан өз алдына жоқары оқыў орынларын ашыўды да гөзлеген едик.

Енди мен усы университетти ашыў исине қатнасқанлардың бири сыпатында сол машақатларға толығырақ тоқтаўды мақул көрдим.

Мен, Тәжен Изимбетов (сол ўақыттағы педагогикалық институтының ректоры) екеўимиз бурынғы СССР дың жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериў министри Вячеслав Петрович Елютинниң

қабыллаўында жүдә көп мәртебе болдық. Министрге обкомның ҳәм Министрлер Советиниң Нөкисте университет ашыў туўралы өтиниш хатын тапсырып, узақ сөйлесиўлер өткердик. В. П. Елютин техника илимлериниң докторы, профессор, СССР Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы, мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, 1951-жылдан усы министрликте орынбасар, ал 1954-жылдан министр болып, 1980-жыллардың ақырына дейин усы лаўазымда өзгермей иследи. Ол жүдә билимли, жоқары мәдениятлы адам еди. Вячеслав Петрович биринши барған сапары: «Сизде университет ашыўға еле ерте, педагогикалық институт базасында профессор муғаллимлер курамы әззи, илим докторлары жетиспейди, бундай мүмкиншиликлер менен университет ашыўға болмайды» — деп жуўап берди. Екинши сапары барғанымызда да ол: «Өзбекистанда 2 университет бар, сол себепли, үшинши университет ашыўдың зәрүрлиги жоқ. Мәселен, Қазақстанда, Белоруссияда болса бир-бирден ғана университет бар» — деп сирә жақынластырмады. Үшинши, төртинши барғанымызда да Вячеслав Петрович оқыў өндирислик базасы, студентлерге жатақ жай жетиспейди деп, басқа да көп себеплер тоқығысы келди. Бирақ биз өз пикиримизден қайтпай, еринбей қатнап В. П. Елютинниң есигин тоздырдық, Москваға барған сайын Тәжен Изимбетовичти өзим менен бирге алып барып, ол кисиниң қабыллаўында болдық, ашшыласып қалған ретлеримиз де болды, бирақ гүрриңимизди даўам ете бердик.

Бизиң дәлилимиз «Қарақалпақлар сан жағынан аз болса да өз алдына халық, өзиниң тили, мәденияты бар. Географиялық жайласыўына қарай климаты Өзбекистанның басқа областьларынан айырмашылығы көп. Бизде жазда ыссы, қыста суўық болады. Бизди дүньядағы үлкен үш «қум океанлары» (Қызылқум, Қарақум және Үстирт) қоршап тур. Жер асты байлығы көп. Оларды өзлестирип, халқымыздың экономикасын, социаллық аўҳалын жақсылаўымыз керек, бул ушын кадрлар керек. Сырттан келген кадрлар бизиң жағдайымызға көнбейди, бир-еки жыл ислеп кетип қалады. Бизге өз жеримизде туўылып өскен жерғиликли халық ўәкиллеринен жоқарғы билимли кадрлар керек. Болмаса раўажланыў болмайды. Университет Қарақалпақстанның илимий интеллигенциясын пайда етиўге, оларды жетилистириўге хызмет етеди. В. И. Ленин Өзбекистанда еле саўатлы адамлар жетиспей атырған ўақытта-ақ САГУди ашқан еди. Ал, сиз болсаңыз бизиң илим докторларымызды санап

жүрсиз. Сол илим докторларын таярлаў ушын бизге университет керек» — деп турып алдық.

Бизлердиң кейин қайтпайтуғынымызды билип, дәлиллеримизге қарсы гәп таба алмай, ол бираз жумсайын деди хәм «Олай болса шыдай турың. Белоруссия менен Қазақстанда және бир-бирден университет ашып алайық, оннан кейин сизлерде университет ашыўға келисим беремен» — деп ўәде етти.

Ол ўақыттағы тәртип бойынша университетти ашыў мәселесин КПСС Орайлық Комитетинде ямаса СССР Министрлер Советинде қараў ушын биринши гезекте В. П. Елютинниң пикири хәм шешими керек еди. Вячеслав Петровичтиң қабыллаўында болғаным менен шекленип қалмастан мен өзим көп мәртебе КПСС Орайлық Комитетиниң илим хәм оқыў орынлары бөлиминиң баслығы С. П. Трапезниковке де кирдим. Сергей Павлович тарийх илимлериниң докторы, профессор, 1965-жылдан КПСС Орайлық Комитетинде усы бөлимге баслық болып ислеп келген еди. Бул киси Елютинге қарағанда ийи босырақ, биз көтерген мәселеге «аўа, болады» деп жуўап қайтармаса да келисим беретуғыны көринип турар еди.

Мениң тәжирийбем бойынша хәр қандай шешилиўи тийис мәселени ең алды менен төменде писирип бармасаң, бирден жоқарыда шешиў жүдә қыйын болады. Төменде дегеним — Министрликте, КПСС Орайлық Комитетиниң бөлиминде мәселе әбден писип жетпесе, Орайлық Комитет ямаса Министрлер Советиниң басшыларына шығыў қыйын екени бизге мәлим. Бизлер В. П. Елютин хәм С. П. Трапезниковлерге көп қатнағанымыздың себеби усы. Ендиги ўазыйпа университетти ашыў мәселесин булардан жоқарырақ инстанцияға алып шығыўдан ибарат болды, мен бул ҳаққында көп ойландым. «Қалай етиў керек, кимге барыў керек, кимнен баслаў керек». Усы мәселе жумбақ болып турды.

«Питер истиң басына, жақсы келер қасына» дегендей, 1968-жылы республика пахта жобасын Өзбекистанда биринши болып орынлап, жобадан зыят 60 мың тонна пахта берген жылы декабрь айына Кисловодсктеғи «Красный камень» санаторийине барып дем алдым. Мен барғаннан кейин көп узамай-ақ сол санаторийға Алексей Николаевич Косыгин дем алыўға келди. Алексей Николаевич жүдә кишипейил, әпиўайы адам еди. Ол көпшилик дем алыўшылар менен бирге асханада аўқат жеп, бирге киноға барар еди. Ол бас корпустың екинши этажында жайласып, дем алды. Ҳәр күни саат үштен кейин барлық дем алыўшылар жүретуғын (терренкур) арнаўлы соқпақ

пенен жоқарыға, таўдың басына «Красное солнышко»ға барар еди. Ол киси пияда жүриўди жүдә жақсы көретуғын еди. Маршруты белгиленген бе, жоқ па, буған итибар бермейди. Маршрутлардың бири өзине жүдә унап қалған болса керек, қала басшыларына айтып, сол соқпақты арнаўлы маршрут етиўге тәртип берген. Сол маршрут ҳәзир «Косыгинская тропа» деп аталады. Бул ең әжайып, қалың ағашлар өсип турған, озоны көп таўдың үстиндеги соқпақ. Мен ҳәзир де Кисловодске барсам, ҳәр күни сол Косығин соқпағы менен жүремен. Бул маршрут пенен Өзбекистан санаторийине барып қайтыў шама менен 11—12 км аралықты қурайды. Косыгин дем алған сол жылы Украина КП Орайлық Комитетиниң биринши секретары, КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюросының ағзасы Петр Ефимович Шелест сол санаторийда дем алды. Бирақ ол халық пенен бирге болмай, өз алдына дачада жатты, көпшиликтиң көзине көрине бермеди.

«Красный камень» санаторийиниң қасында үлкен лаўазымдағы адамлар дем алатуғын қупыяластырылған 3—4 дача бар, бирақ Алексей Николаевич ол жерде дем алыўды қәлемей, бас корпуста көпшиликтиң ишинде жүргенди жақсы көрер екен. Бас корпуста 120—150 адам дем алар еди. Буларды еслеп отырғандағы мақсетим, ол уллы инсанның жүдә сыпайы, кишипейил болғанын оқыўшыларға айтпақшы едим. Алексей Николаевич жүдә саўатлы, тәжирийбели, күшли экономист, ол көп жыллар СССР Финанс министрлгин де басқарып турды.

Бизлер бир сапары бурынғы СССР энергетика министри, техника илимлериниң докторы Петр Степанович пенен қаладан сыртқы дачасына баратырғанымызда ол Алексей Николаевичке минезлеме берип «Оның бир өзи еки академикке татыйды»—деп, Косыгиннның терең ойлы, билимли, ақыл-парасатлы, жоқары мәдениятлы, дана басшы екенлигин айтқаны еле мениң ядымда…

Сол сапары Алексей Николаевич пенен бирге дем алып атырған пайыттан пайдаланып, оған жолығайын, танысайын, ҳал-аўҳалымды айтайын, университет мәселесин көтерейин деген ой келди. Ҳәр күни үш мәртебе бирге аўқатланамыз, кино көремиз, буннан қолайлы жағдай табыла бермес деп, Алексей Николаевич пенен сөйлесиўдиң жолын изледим.

А. Н. Косығинниң жанында оның өз қорғаўшылары ҳәм жәрдемшилери бар еди. Алдын бурын солар менен танысайын, үлкен ақсақалға солар арқалы жолығайын деген ойға келдим. Бул ойым

дурыс шықты. Мен А. Н. Косыгинниң ең бас жәрдемшиси Борис Терентьевич Бацанов пенен таныстым. Борис Терентьевич 1940-жылы Москвада сыртқы саўда институтын, оннан соң СССР сыртқы ислер министрлигиниң дипломатиялық академиясын тамамлаған, көп жыллар сырт еллерде ҳәм МИД системасында өзимизде ислеген саўатлы, дипломатиялық жақтан жетискен адам екен. Оның менен жақыннан танысып, яр-дос болдым, Нөкистен қаўын, мийўе, балық алдырып, оларға ҳәм үлкен ақсақалға бизиң елимиздиң байлығын көриң, дәм татың деп инам еттим. Танислығымыз дослыққа айналмағанша жумысым туўралы оған бир аўыз сөз айтқаным жоқ. Кейин ала яр-дос болып алғаннан соң «Мени А. Н. Косыгин менен жолықтырың. 10—15 минут сөйлесетуғын мәселем бар» — дедим. Б. Т. Бацанов «ол қандай мәселе» деп сорай берди. Мен қайсы мәселе екенин оған айтпадым, айта қойсам жол бекленип қалама деп қәўиплендим де, тек республиканың жағдайлары бойынша сөйлеским келип тур, деп өтиниш еттим. Ол киси ушырастырыўға ўәде етти.

Жәрдемшилериниң көмегисиз-ақ мен ол ақсақалға жолығыўым мүмкин еди, бирақ мен әдепсизлик етпейин, руқсатсыз Алексей Николаевичтиң аўқат жейтуғын столына барып, мазасын алмайық, қоятуғын мәселем жүдә үлкен ҳәм әҳмийетли, соның ушын рәсмий жол менен сыпайылық етип, жәрдемшилери арқалы хабарласайын, руқсатын алып жолығайын деп, Б. Т. Бацанов арқалы ҳәрекет еткенимниң мәниси сол еди.

Көп узамай-ақ Борис Терентьевич «Енди жолықсаңыз болады» — деп, күнин белгилеп, өзи түски аўқатқа келгенде столына биринши аўқатын жеп болғаннан кейин барың, сизге де прибор қойылады, сол прибор қойылған орынға отырыңыз ҳәм барлық мәселеңизди айтыңыз, деп руқсат етти. Қуўанышым қойныма сыймай, сол ушырасатуғын күнди күтип ҳәм қалай етип сөйлесиў, қалай сөз баслаў керек, ҳәммесин өзим менен өзим ойласып, таярланып күтип жүрдим.

Қайсы күни екени ядымнан шықты, декабрь айының ақырларына шамаласқан күнлер еди. Ўәделескендей етип, түски аўқат ўақтында Алексей Николаевичтиң столына барып, қол алысып, көрисип, ол кисиниң руқсаты менен маған белгиленген орынға, Алексей Николаевичке бетпе-бет отырдым. Алексей Николаевич бир өзи үлкен бир столда асхананың ортасында отырар еди. Ол столда бурынлары бизлер алты адам болып аўқат жеп дем алып жүргенбиз.

Москвадағы тәртип бойынша үлкен ақсақаллардың қабыллауына барғанда сениң атың, фамилияң, ислейтуғын орның жазып қойылған кишкене қағаз болады. Мен барғаннан-ақ Алексей Николаевич мени бурыннан билетуғын адамдай ат-затымды айтып сөйлесе баслады. Бул да мәденияттың белгиси.

Мен Алексей Николаевичти киятырған таза жыл менен қутлықлап, халқымыздың ийгилиги ушын жумысларында табыс, узақ өмир, терең ден саўлық тиледим.

Гәпти Алексей Николаевичтиң өзи баслады. Өзбекистанда көп болғанын, 1951-жылы Қарақалпақстанға барыў нийетинде болғанын, бирақ Хорезмге келип, жумыслары шығып, бизге келиўге ўақты жетпегенин айтты. Оқыўшыларға түсиникли болыўы ушын айтайын, 1951-жылы Алексей Николаевич КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюросының ағзасы, СССР Министрлер Совети баслығының орынбасары, СССР жеңил санаат министри болып ислеген ўақытта октябрь, ноябрь айларында Өзбекистанда пахта таярлаў мапазында Орайдан ўәкил сыпатында болған еди. Мен оны жақсы билемен, себеби мен сол жылы Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети баслығының орынбасары болып ислеп, Хожели районында пахта таярлаў бойынша ўәкил едим. Ҳабибназар аға Абутов пенен бирге (сол ўақыттағы Хожели райкомының биринши секретары) күндиз пахта териўди уйымластырып, түни менен қолдан исленген кәрис печке усаған сушилкада пахта кептириўди шөлкемлестиретуғын едик. Сол ўақытлары А. Н. Косыгинниң Өзбекистанға келгенин еситкен едим...

Алексей Николаевичке Қарақалпақстанның жағдайын түсиндирип бердим. Қарақалпақстан 164,9 мың квадрат километр аймаққа ийе. Халық хожалығы енди ғана раўажлана баслаған ел. 300,6 мың тонна пахта, 50 мың тоннадан көбирек салы жетистирдик. Пахтаның ҳәр гектардан алынған зүрәәти 1968-жылы 25,4 центнерди қурады. Қарақалпақстанда жазда 40—45 ғрадус ыссы, қыста 30—35 градус суўық болады. Бизге Ташкенттен, басқа областьлардан келген қәнигелер көнликпей кетип қалады. Бизде бир ғана жоқары оқыў орны — Пединститут бар. Илимди раўажландырмай, жоқары билимли интеллигенцияның қатарын көбейтпей, елди көтериўдиң илажы жоқ. Бизге жоқары билимли ҳәр қыйлы қәнигеликтеги кадрлар керек. Сонлықтан, ҳүрметли Алексей Николаевич, Сизден өтиниш, бизиң Пединститут базасында университет ашыўға жәрдем бериңиз... Азайыңқырап қалған халықпыз, биз Москваның

жәрдемине мүтәжбиз. Бизиң өз әдебиятымыз, тилимиз тарийхымыз, мәдениятымыз бар. Республикамыздың тәбийий байлықлары да мол. Оларды жетистириў ушын билимли кадрлар керек, деп айта бериппен.

Алексей Николаевич мени дыққат пенен тыңлады. Быйыл мәмлекетке 300 мың тонна пахта саттық дегениме ҳайран қалып, және қайталап сорап, үлкен қанаатланыўшылық билдирди ҳәм «Дүньяда ең арқада пахта егетуғын кишкене республикада 300 мың тонна пахта жетистириў үлкен жетискенлик» — деди. Бул Тәжикстан, Түркменстанның сол жыллар да жетистиретуғын пахтасының тең жартысы. Усындай муғдарда пахта таярлаў, әлбетте, бизиң ушын жетискенлик. Ушырасыўымыз жыллы жүзлилик пенен өтти. Мениң семьям менен дем алып атырғанымды билип. «Өмирлик жолдасыңызға сәлем айтың» — деди ҳәм «Мен Москваға барғаннан соң Қарақалпақстанға адамлар жиберемен, олар сол жерде университет ашыў мәселесин үйренеди, материаллар таярлайды, кейин бул мәселени Министрлер Советинде көрип шығамыз, жәрдем етемиз» — деп сөз берди.

Ушырасыўдың соңында А. Косыгин мениң менен жыллы хошласты. Жаксы дем алып, таза жылды таза табыслар менен күтип алыўға тилеклеслигин билдирди. Мен Алексей Николаевичтиң әпиўайылығына, сөйлескен адамын өзине тартып, ғамхоршысындай болғанына, мениң сөзимди дыққат пенен тыңлағанына, шай ишиўге мирәт қылғанына, ҳәммесине итибар берип, көп ибрат алдым.

Аўқамның ең уллы ақсақалы менен ушырасыў маған үлкен бахыт еди, қала берди бул халқым, елим ушын да бахыт-ғой. Маған университет ашылғандай болып көринип, қуўанышымның шеги болмады. Сол ўақытта Кисловодскте көп Қарақалпақстан ўәкиллери дем алып атыр еди, оларға мирәт етип, «Храм воздух» тағы ресторанға барып, А. Н. Косыгин менен ушырасқанымды айтып бердим.

Дем алыс тамам болғаннан кейин Нөкиске қайтып келип, шешиўин күтип турған көп халық хожалық мәселелери менен бәнт болдым.

Сол жылы февраль айында Ташкент қаласында Қарақалпақстан мәденият ҳәм көркем өнери күнлери өтиўи керек еди, буған алты ай даўамында таярлық көрдик, елимиздиң мәдениятын, көркем өнериниң өсип атырғанын көрсетиў ушын ҳәрекет еттик. Усы ислердиң арасында «ВЧ» арқалы Москва менен арнаўлы коммутатордан

Б. Т. Бацанов пенен сөйлесип, А. Н. Косыгинниң алдына қойған мәселениң тәғдирин сорап турдым.

1969-жыл февраль айында Ташкентке мәденият ҳәм көркем өнер күнлерин өткериўге барғанымда Ш. Р. Рашитовтың кабинетине кирип, Кисловодскте А. Н. Косыгин менен ушырасқанымды ҳәм Қарақалпақстанда университет ашыўды сорағанымды айтып бердим. Шараф аға бул мениң көтерген мәселемди орынлы, деп қоллап-қуўатлады, рети келгенде мен де жәрдемимди аямайман, деп сөз берди. Шараф аға көкиреги кең адам еди, неге бизден руқсатсыз бундай үлкен мәселелерди Москваға айтып жүрсиз, деп айтқан жоқ, себеби ол Қарақалпақстанға университеттиң керек екенин терең түсинер еди

Көп узамай-ақ, март айларында болса керек (1969-ж) Москвадан үш адам келди. Олардың атларын умыттым. Олар Нөкисте бир айға шамалас болып, университет ашыўға байланыслы мәселелер менен шуғылланды. Олардың басшысы СССР Госпланының жоқары оқыў орынлары бойынша бөлим баслығы, екиншиси СССР финанс министрлигиниң жуўаплы хызметкери, үшиншиси СССР жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериў министрлигиниң жуўаплы хызметкери еди. Буларды өзим, Камал Рзаев, Тәжен Изимбетов пенен бирге күтип алдық. Үшеўин де Министрлер Советиниң дачасына орналастырып, мийман еттик.

Олар көп справкалар таярлады. Пединститутың оқыў корпуслары, студентлердиң жатақ жайы, профессор-муғаллимлер қурамы, Қарақалпақстанның халық хожалық тараўларына қанша қәниге таярлаў керек екенлигин ҳәм т.б. толып атырған мәселелер менен таныстық. Университет ушын оқыў өндирислик база жетиспейди деген сылтаўларды тереңлетпеў мақсетинде тазадан ашылатуғын университетке Нөкистеги аўыл хожалық техникумының ҳәм таза типте салынған гидротехникумның жайлары толығы менен бериледи деген ҳүжжет таярлап, комиссия ағзаларына тапсырдық. Ол техникумлар базасында тазадан ашылатуғын университетте аўыл хожалығы ушын агрономлар ҳәм гидротехниклер таярлайтуғын факультетлер ашылыўы нәзерде тутылған еди.

Солай етип, комиссия өз жумысын тамамлап, қаламасын Москваның өзинде толықтырамыз, университетти ашыў ҳаққында СССР Министрлер Советиниң қарарының жойбарын таярлап беремиз, деп ўәде берип кетти. Олардың пикиринше бул материалларды таярлаў ушын 3—4 ай ўақыт керек екен. Комиссия ағзаларының

Москвадағы телефонларын алып, оларға ўақты-ўақты қоңыраў етип, ал Москваға барғанда оларға жолығып, мәселемиздиң жағдайынан хабар алып турдым.

Комиссия ағзалары 1969-жылдың ноябрь-декабрь айларында СССР Министрлер Советине университетти ашыў туўралы таярланған ҳәмме қағазларды тапсырды.

Москвадағы үлкен кеңселерге барған ҳүжжетлердиң жүдә әстен ҳәрекетте болатуғынын бурыннан-ақ билер едим. Солай болса да, Б. Т. Бацанов арқалы ҳәмме жағдайды билип бардым. Университетти ашыў мүмкиншилиги барма, жоқпа, усы мәселени анықлаў ушын пединституттың өзине де Москвадағы министрликтен еки-үш мәртебе адамлар келип кетти. Олар ҳаққында Тәжен Изимбетович: «Нөкиске 1970-жыллардың басында СССР Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериў министрликтиң аға инспекторы М. К. Симуштың басшылығында Москва, Ташкент, Алма-Ата жоқары оқыў орынларынан 4—5 профессор, доцентлер қурамында комиссия келип, 10 күнге шамалас Қарақалпақстанда университетти ашыўдың материаллық-техникалық мүмкиншиликлерин ҳәм кадрлардың жағдайларын тексерип, үлкен справка таярлады. Бул комиссияның ағзалары Қ. Камалов тәрепинен қабылланып, гүрриңлесиў болды. Комиссияның жуўмағы ҳәм усыныслары унамлы мазмунда болды» — деп баянлайды.

Көп күттирген күн де келди. 1970-жылдың гүз айларында СССР Министрлер Советиниң Президиумы мәжилисиниң күн тәртибинде «Қарақалпақстанда пединститут базасында университет шөлкемлестириў» деген мәселе қойылды. СССР Госпланы, СССР финанс министрлиги, СССР Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериў министрлиги ҳәммеси қол қойып, қарардың жойбары қаралыўға усынылды. Бирақ усы мәселе қаралып атырған ўақытта СССР суў хожалығы ҳәм мелиорация министри Е. Е. Алексеевский «биз гидротехникумның жайын бермеймиз» — деп қарсы шықты. Тек усының себебинен бул мәселе шешилмей ашық қалып қойды. Усы мәселени ақырында жеткериў ушын мен Е. Е. Алексеевскийге кирип, узақ сөйлестим, мәселениң төркинин түсиндирдим. «Биринши-ден, Гидротехникумның оқыў комплекси Өзбекистанның бюджетинен қурылған, аўқамнан қәрежет шыққан жоқ. Екиншиден, ол жайды университетке бергендеги мақсет — ҳәзирги таярланып атырған орта мағлыўматлы гидротехниклердиң орнына, таза университеттиң гидротехника бойынша факультетин ашып, инженер-гидротехниклерди таярлаўды көзде тутқан едик, себеби

салы комплекси сизге қарайды, оларға көп қәниге керек. Салы жетистириўди 0,5 млн. тоннаға жеткериў нәзерге алынып отыр, оған кадрлар керек емес пе, оны ким бизге таярлап береди? Сиз бул мәселениң унамлы шешилиўине көмеклесиў орнына тосқынлық қылыпсыз» — деп айыпладым. Ол киси уялғандай болды. Пурсаттан пайдаланып, көп хожалық мәселелеримди шешип алдым.

Енди және А. Н. Косигинниң қабыллаўына барғанымда, Алексей Николаевич университет ашыў мәселеси менен КПСС Орайлық Комитети Сиясий Бюро ағзасы, СССР Министрлер Советиниң баслығының биринши орынбасары Кирилл Трофимович Мазуров шуғылланады, соған кирсин, деп тапсырыпты. К. Т. Мазуров бурын Белоруссия КП Орайлық Комитетиниң биринши секретары болып ислеп еди.

Мен Кирилл Трофимовичке кириўге ҳәрекет еттим. Ол кисиге 1971-жылдиң аяғында (айы есимде жоқ) кирдим. Мени жақсы қабыллап, университет ашыў КПСС Орайлық Комитетиниң ўазыйпасына киреди, ал СССР Министрлер Совети басқа институтларды шөлкемлестириў мүмкин. Биз сизиң мәселеңизди енди қарай алмаймыз деп, маған СССР Министрлер Советиниң көплеген қарарларын көрсетти. Мен ҳүжжетти толығы менен КПСС Орайлық Комитетине жибериўди ҳәм ҳәзир КПСС Орайлық Комитетиниң секретары Петр Нилович Демичевке қоңыраў етиўди сорандым. Ол мениң тилегимди қабыллап, мениң көзимше П. Н. Демичевке қоңыраў етти ҳәм өзиниң қабыллаўында мениң отырғанымды айтты.

Тәңирге жазған Камалов КПСС Орайлық Комитетине қарай жол алды. Бирақ ол сапары Петр Ниловичке кире алмай, тек С. П. Трапезниковке кирдим ҳәмме аўҳалларды түсиндирип, ҳүжжетлердиң бәрин КПСС Орайлық Комитетине келетуғынын айтып, аўылға қайттым.

Тек 1971-жылдың декабрь айында П. Н. Демичевтиң қабыллаўында болдым. Петр Нилович Москвадағы Менделеев атындағы химия-технологиялық институтын ҳәм КПСС Орайлық Комитети жанындағы жоқары партия мектебин питкерген, Москва обкомының, Москва горкомының биринши секретары, 1961-жылдан КПСС Орайлық Комитетиниң идеологиялық мәселелер бойынша секретары болып иследи. Демичевке де Косигинге айтқандай етип, ҳәмме жай-жағдайды түсиндирдим, университет ашып бериўге жәрдем сорадым. Ол киси мени тыңлап болып, «Сиз асықпаң, бизге бир жыл мәўлет бериң, биз Қазақстанда ҳәм Белоруссияда университетлер

ашып алайық оннан соң сизиң университетти ашамыз» — деди. Бәлким, В. П. Елютин менен мәсләҳәтлескен шығар. Иләж қанша, рахмет айтып, шығып кеттим. Қашан енди бул еки республикада университет ашылар екен деп, бақлап жүрдим, КПСС Орайлық Комитетиниң идеология бөлиминдеги яр-досларыма тез-тезден қоңыраў етип турдым. Ҳақыйқатында да 1971 — 72-жыллары Қазақстанда Қарағандыда 63-болып, Белоруссияда Витебскте 64-болып университет ашылды. Енди бизге нәўбет келгендей, бизиң университетке жол ашылғандай болып сезилип турды.

Усы мәселе бойынша 1972-жылдиң ортасында жазғы СССР Жоқары Советиниң гезектеги сессиясына барғанда С. П. Трапезниковқа, оннан соң П. Н. Демичевқа қайтадан кирдим. Олар университет мәселесин КПСС Орайлық Комитетиниң секретарының қараўына киргизип, усы жылы шешип беремиз, деп ўәде етти. Нөкисте университет ашылыў мәселеси КПСС Орайлық Комитетиниң секретарының қараўына 1972-жылдың ақырында күн тәртибине кирди, мәселе қаралды, бирақ университет ашылыў мәселеси шешилмей қалды. Бизге бул жумбақ болды. Не ушын мәселе өз шешимин таппады? Мен буның себебин излей басладым. Көп адамлардан сорадым, бирақ толық анықлай алмадым. Мен сорағанларымның ишинде Леонид Митрофанович Замятин де бар еди. Леонид Митрофанович бизден номери 566 (567)-Хожели сайлаў округинен СССР Жоқары Советине сегизинши, тоғызыншы шақырықларда, 8—10 жыл даўамында депутат болып сайланды. Ол киси сол жыллары СССР Министрлер Советиниң қасындағы ТАСС-тың бас директор ўазыйпасында иследи. Лаўазымы бойынша ҳәмме ҳүжжетлер оның қолынан өтер еди. Буның үстине Л. М. Замятин ҳәмме ўақытта КПСС Орайлық Комитетиниң Сиясий бюросына, секретариатына қатнасар еди. Аўқам басшылары алдында оның абыройы жүдә күшли еди. Ол саўатлы, Москва авиация институтын ҳәм МИД қапталындағы дипломатиялық академияны питкерген, көп жыллар сырт еллерде, ООН да, МИД системасында ислеген, билимли, тәжирийбеси жүдә жетилискен адам. Л. И. Брежнев сапарға шыққанда барлық ўақытта қапталында Л. М. Замятин болар еди. «Не ушын секретариатта қаралып, П. Н. Демичев ўәде еткен бизиң мәселе шешилмей қалды?» — деген мениң саўалыма Леонид Митрофанович жуўап бермеди (секретариатта қаралып, қандай гәплер болғанын, не ушын мәселениң шешилмей қалғанын ол

биледи, бирақ анығын айтыў мүмкин емес еди), солай болсада маған дурыс мәсләхат берип, ҳәмме секретариат ағзаларына қайтадан кирип шығыў керек екенин айтты.

Сол 1972-жылдың ақырында КПСС Орайлық Комитетиниң гезектеги пленумына барғанда адайыда 3—4 күн қалып, КПСС Орайлық Комитетиниң көпшилик секретарларының қабыллаўында болдым. Олар: Федор Давидович Кулаков, Петр Нилович Демичев, Иван Василиевич Капитонов, Дмитрий Феодровоч Устинов, Владимир Иванович Долгих, Борис Николаевич Пономаревлар еди. Ҳәммесинен Нөкисте университет ашыў мәселесин шешип бериўге жәрдем сорадым.

Бул мәселениң шийеленискенин билип, мен өтиниш етпесем де Шараф Рашидов даналық етип, 1973-жылдың басында (март айлары болса керек) маған «ВЧ» арқалы қоңыраў етип, «Жақында Ташкентке Л. И. Брежнев келеди, Ережеп Айтмуратович екеўиниз қол қойған, КПСС Орайлық Комитетиниң бас секретарының атына жазылған университет ашыў ҳаққындағы өтиниш қағазыңызды алып кел» — деди. Бизлер муқыятлап Л. И. Брежневтиң атына 3 беттен ибарат өтиниш хатты таярлап, мен, Ережеп Айтмуратович екеўимиз қол қойып, Ташкентке келдик. Ташкент аэродромында Л. И. Брежневти Москваға узатып салыў пайытында хатты мен Шараф Рашидовке тапсырдым. Шараф аға ол хатты бизиң көзимизше Бас секретардың өзине тапсырды. Хатты тапсырғанда Е. Айтмуратович те мениң менен бирге еди. Бизлер мийнет еткен мәселеге және жан кире баслағанға усады.

Солай етип, 1973-жылдың ақыры да келип қалды. Л. И. Замятин де бизиң университеттиң ашылыўына белсене қатнасты. Мениң бул ҳәдийселердиң ҳәммесин толық баян етип, дәл ўақытларын көрсетип отырғанымның себеби, өзимниң КПСС Орайлық Комитетиниң ағзалығына кандитат болыўыма байланыслы ҳәмме ўақыт қызыл папка — КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюросының мәжилисleриниң толық қарарлары киргизилген протоколын алып, танысып, қол қойып, қайтадан Москваға жиберип отырыўым шәртли рәўиште орынланатуғын қағыйда еди. Сол сыяқлы КПСС Орайлық Комитети секретариатының мәжилис протоколлары менен обкомның ҳәмме секретарлары таныстырылып, қайтарып жиберилетуғын еди. Усы ҳүжжетлер менен таныс болғанлықтан қашан, қандай мәселе қаралып, қандай шешим болғанынан бизлер ҳәммемиз хабардар едик.

1973-жылдың 10-декабринде КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы болды. Мен оған қатнастым. Шараф Рашидов қатты науқасланып, Ташкентте бир айдан берли емленип атыр еди. Кешқурын Пленумнан шығып, «Москва» мийманханасында болып атырған арнаўлы бөлмеме келдим. Москвада ҳәр қыйлы үлкен әнжуманлар болғанда сол жерде турыўым шәрт еди. 11-декабрь күни азанғы саат 5 лерде бирев есикти қақты. Таң ертеден есикти қағып жүрген ким екен десем, «Москва» мийманханасының этаж бойынша нәўбетшиси екен. Сол күнги шыққан «Правда» газетасын алып келипти. Мени қутлықлап атыр. Ол маған Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы атағын бериў ҳаққында СССР Жоқары Советиниң пәрманын көрсетти. Қуўанышымның шеги болмады. Елим, халқым деп, күнтүн демей көп қыйыншылықларды жеңип, ислеп жүрген мийнетиме берилген баҳаға кеўлим толып, шад болдым. Кейнинен Нөкистен, Ташкенттен, Москвадан дослар телефоннан қоңыраў етип, қутлықлаў басланып кетти, ҳәттеки азанда шай ишиўге үлгере алмай, Кремльдеги ашылатуғын гезектеги СССР Жоқарғы Советиниң сессиясына жол алдым.

13-декабрь күни Кремльде СССР Жоқары Совети Президиумында Николай Викторович Подгорный үлкен атақ берилгенлерге, соның ишинде, маған да «Орақ ҳәм Балға» алтын жулдызын тапсырды, мен қысқаша сөз сөйлеп, партияға, ҳүкиметке өзимниң миннетдаршылығымды билдирдим.

Л. М. Замиятин: «15-декабрь күни КПСС Орайлық Комитетиниң секретариаты болады, сол секретариаттың күн тәртибине сизиң университеттиң ашылыў мәселеси қойылған» — деп хабарлады ҳәм «Михаил Андреевич Сусловқа кир» — деп мәсләҳәт берди. 14-декабрь (1973-жыл) күни саат үшлердиң шамасында сессияға тәнепис дағазаланған пайытта мен Кремльден «Ески майдан» деп аталатуғын майданда жайласқан КПСС Орайлық Комитетиниң жайына қарай жол алдым. Әдетте, КПСС Орайлық Комитетине кириў ушын төменде ҳүжжетлерди тексериў пункти бар. Ал жоқарыда, 5-этажда өз алдына Л. И. Брежневке кирерде тексериў пункти ҳәм М. А. Суслов пенен А. П. Кириленкоға кирер жақта тексериў пункти бар. Басқа Сиясий бюро ағзаларында, секретарьларда бундай өз алдына тексериў пункти жоқ. Михаил Андреевичтиң кабинетине кирер жердеги ҳүжжет тапсырыў пунктинен де мениң КПСС Орайлық Комитет ағзалығына кандидат деген гүўалығым арқалы өтиўге болар еди. Мен М. А. Сусловтың қабыллаўханасына

тез жетип бардым, жәрдемшисине ҳүжжетлеримди көрсеттим. Ол мениң ким екенимди кишкентай бир жапырақ қағазға машинкаға бастырып, алып кетти, арадан 5 минут өтпей-ақ Михаил Андреевич сизди қабыллайды — деп, кабинетке мирәт етти. Суслов мени орнынан турып күтип алып, жүдә жыллы сәлемлести. Ол бираз жасқа барғанына қарамастан, жүдә жеңил қозғалатуғын, денеси сап адам еди. Мен кабинетке кириўден ҳәр қайсысымызға қантлап лимон салынған бир-бир стаканнан шай алып келип қойды. Үлкен адамлардың қабыллаўы болғанда бул әдетке айланған дәстүр. Шайдан бир уртлап болып, мен сөз басладым. Өўеле, маған үлкен атақ бергени ушын Л. И. Брежневке ҳәм жеке Михаил Андреевичтиң өзине үлкен рахметлер айтып, келген мақсетимди баян ете басладым. Биринши гезектеги, Қарақалпақстан елиниң жағдайын жақсылап түсиндирдим ҳәм басқа да жоқарыда айтылған дәлиллерди келтирдим ҳәм бул мәселени унамлы шешиўди өтиниш еттим.

Михаил Андреевич мени жүдә үлкен дыққат пенен тыңлады. Ол киси менен бизлерди Шараф Рашидович ертеректе таныстырған еди, кейинги жыллары да жумыс бабында бир неше мәртебе ушырасыўлар болды. Мен кабинетине киргенде оның алдында көп папкалар, ертеңги секретариаттың қәўли-қарарлары жатыр екен. Сол қағазлар менен танысып атырғанының үстине барыппан. Ертең секретариат болады, сонда Өзбекистан және бир область Жиззах областын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етемиз, деп сөз баслады. Бирақ, университет бойынша онша жағымлы жуўап бермеди. «Жолдас Камалов, университет ашыў сизге алтын жулдыз бериў емес, алтын жулдызды аванска да бериўге болады, ал университет аванска берилмейди, университет дүзиў ушын база керек, ал ол сизде жоқ» — деп жуўап берди. Исти шийеленистирип алмайын деп, азырақ ойланып, кабинетинен шықпадым, рус халқын, В. И. Ленинди мақтап, олардың ғамхорлығын айта келип, үлкен теманы баслап, жоқарыдағы тезисти қайталаўға мәжбүр болдым, «Өзбекистанда саўатлы адамлардың жүдә аз болыўына қарамастан В. И. Ленин өз ўақтында даналық етип, сыртта қалған еллерди алға кеткен Россияның дәрежесине жеткериў ушын 1920-жыллары Ташкентте САГУ ди ашып берген-ғой, ҳәзир бизге университет ашыў көплик етерме, ямаса база сол ўақыттағы дәрежеден пәспе екен» — деген гәплерди қозғаўға ҳәм ол кисиниң үлкен идеологияның ағасы екенин айтып, өтинишимди даўам ете бердим. Мениң кейинге қайтпайтуғынымды, араға В. И. Ленинди салғанымды сезип, азмаз

жибисейин деди. Үлкен адамның бир отырыста, бир қабыллаўда еки сөйлеўи мүмкин емеслигин түсинип, мен усы мәселе бизиң елимиз ушын бас линия, ертең шешилиўге қарар болмаса, маған және сизиң қабыллаўыңызға келиўге руқсат етиңиз, себеби усы мәселе шешилмесе бизге тынышлық жоқ, аз санлы миллет раўажланыўдың раўана жолын таўып алыўы керек»—деп, кетиўге қайымласып, «еледе, ақсақал, ойланып көриңиз, бизиң елге ғамхорлық етиңиз»—деп үмит байлап хошластым. Орайлық Комитеттен шығып, Л. М. Замятинди изледим, тезден ол киси менен ушырасыўды, оны бизиң халқымыздың ўәкили болып секретариатта бизиң мәселеге нәўбет келгенде шығып сөйлеўин өтиниш етким келди. Леонид Митрофановичти көп излеп, ақыры таўып алдым, өтинишимди айттым. Сусловта болғанымды баян еттим. Ол мениң пикиримди қуўатлап, секретариатта шығып сөйлеўди мойнына алды. Мен Нөкиске келдим. Декабрьдиң аяғында Кисловодскте «Красный камен» де дем алыў ушын путевка алып қайтып едим.

Қаҳарманлық атаққа ийе болғаннан кейин көп дослар келип, кеўилин билдирди, көп телеграммалар алдым, оларды соң тигип, 4—5 папка етип тақладым, телефоннан көп қоңыраўлар, көп ушырасыўлар болды. Бундай үлкен ҳүрметке қандай етип жуўап беремиз, қандай хызметлер ислеўимиз кереклиги ҳаққында обкомның бюро ағзаларын, райкомның биринши секретарларын шақырып, ойласық етип алдым. Бул тәбийий еди. Ҳүрмет-иззет Орайдан, Шараф ағадан болса, хызмет бизден еди, усының мәнисине терең түсинген ҳалда жақсы ойланып, өзиме кишкене жоба дүзип алдым. Обкомның бөлим баслықларына, Министрлер Советиниң баслығына ҳәм орынбасарына не ислеўди жаздырып, оларға ўазыйпаларды уқтырып халық хожалығына басшылық етиўде турақлылық талапшаңлық орнатыўды, министрликлердиң жергиликли басқарыў органларының исин қадағалаўды, басшылықты күшейтиўди тапсырдым. Сондай-ақ жумыс усылын жаңалаў ҳаққында ойласып, кеңесип алдық. Хожалық көрсеткишлерин беккемлеўдиң жолын изледик. Усы жумыслар менен бәнт болып жүрип, арадан бираз күнлер өткеннен кейин Л. М. Замятин менен «ВЧ» арқалы сөйлестим. Ол университетти ашыў мәселесиниң екинши рет КПСС Орайлық Комитети секретариатының қараўына кирип, шешилмей қалғанын, секретариатта өзи шығып сөйлегенин, Михаил Андреевичтиң де бизиң тәрепте болғанлығын айтты. Енди қандай илаж ислеў керек екенлиги туўралы мәсләҳәт берип, Андрей Павлович Кириленконың

қабыллаўына кириўимниң жүдә зәрүрлигин айтты. Жоқарғы органларда мәселе шешиў тәртиби сондай, егер 10 адам келисим берип қол көтерсе де, бир адам қарсы болса, мәселе шешилмей қала береди. Бул тәртипти бурыннан билер едим. Мениң ойлаўымша, Кириленконың бир өзи бизиң мәселеге қарсы шыққан болыўы керек.

Оқыўшылардың толық түсиниўи ушын айтайын, ол жыллары Сиясий бюроның мәжилислерин басқарып баратуғын үш адам — Л. И. Брежнев, М. А. Суслов ҳәм А. П. Кириленко еди. Егер Брежнев болмаса Сиясий бюроны Суслов басқарады, ал ол да болмаса Кириленко басқарар еди. Ал Секретариатты тек М. А. Суслов пенен А. П. Кириленко басқарып барар еди. Сонлықтан, сол дәўирде Кириленконың ел басқарыўдағы орны күшли еди. Ол СССР аўыр санаатына, қорғаныў санаатына басшылық етер еди.

А. П. Кириленконың қабыллаўында болыў, университетти ашыў мәселесине суўықлық киргизбеў мақсетинде 1973-жылы 29-декабрде Нөкистен Минводаға туўры ушпай, Москва арқалы уштым. Мениң менен Любов Семеновна, Мусирен Кинбаев, Хорезм обкомының аўыл хожалығы бойынша секретары Хасанбай Матрасуловлар бирге ушты.

Мен аэропортта бизлерди күтип алған машинаға гаражға кетиўге руқсат етпей, қыстаўлы түрде «Москва» мийманханасынан номер алып, зайыбымды қалдырып, өзим ески майданға жол алдым. Саат күндизги төрт еди. А. П. Кириленконың қабыллаўханасына кирип бардым. Ол жерде жәрдемшилерден басқа СССР аўыр ҳам транспорт, машина қурылысы министри Сергей Александрович Афанасев бар екен. Ол еки мәртебе Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, Ленинлик ҳәм мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты, елде белгили адам. Оның менен мен жүдә жақсы таныс едим. Жаңа жыл алды көрисиўден пайдаланып, бир-биримизди қутлықладық. Сергей Александровичти саат 4 ке Кириленконың өзи шақырып қойған екен. Афанасевтиң министрлигиниң аты жоқарыдағыдай болса да, мен оның қорғаныў техникаларын шығаратуғын министрлик екенин билер едим. Афанасев Кириленконың кабинетине көп күтип отырмай-ақ кирип кетти. Мен Кириленконың бас жәрдемшисине кирип, өзимди таныстырдым ҳәм Андрей Павловичтың қабыллаўында бес-он минут болыўым жүдә зәрүрли екенин айттым. «Ол бүгин бәнт, сизди қабыл ете алмайды, жаңа жылдан кейин келиң» — деп жуўап берди. Мен оның бул жуўабына көнбей, қабыллаўханада отыра бердим. Саат төртте кирип кеткен Афанасев кешки 9 ға

шекем кабинеттен шықпады. Сергей Александрович саат тоғыз ярымларда қара терге шомылып, кабинеттен шықты. Ол ири денели, семиз адам еди. Кириленко менен сөйлесиўден кейин оның мына аўҳалын көрип, тәмбиси жеткен шығар деп ойладым. Кабинетте тек екеўи ғана болған екен. Афанасев шыққаннан кейин жәрдемшиси Кириленконың кабинетине кирип кетти, көп узамай-ақ мени ишке шақырды. Кирип барсам Андрей Павлович палтосын кийип кетиўге таяр болып турған екен. Мениң менен ат үсти көрискендей болды. Кириленко: «Қандай мәселе менен келдиңиз?» — деп саўал берди. Мен: «Кисловодскке дем алыўға кетип баратырман, адайыда сиз бенен көрисиўге Москваға келдим, бир жумысым бар, ол да болса 15-декабрде секретариатта шешимин таба алмаган бизиң университеттиң ашылыўы ҳаққындағы мәселени унамлы шешип бериўди сизден сорап келдим» — деп жуўап бердим. «Онда Кисловодскке кете бериң, жақсы дем алың, университетти ашыў мәселесин тез шешип беремиз» — деп жуўап берди. «Зайыбыңыз бенен келген шығарсыз, меннен ол кисиге таза жыл қутлықлаўын тапсырың» — деп, мени қушақлады, ишиме жыллылық кирип, кеўлим көтерилип сала баслады. Мәселе енди шешилди, деп ойладым. Сөйлесиўимиз бес минуттан артық болған жоқ. Қуўанып-қуўанып машына шақырмай-ақ, мийманханаға жаяў, таза ҳаўа жутып, таза жыл алды Москваның кешки сулыў көринислерин тамашалап, саат он ярымларда «Москва» мийманханасына келдим. Кешки саат 11 ден түнги 3 лерге шекем «Москва» мийманханасының жетинши этажындағы ресторанда еле туўылмаған университетти «жуўдық». Буған ӨзКП Орайлық Комитетиниң секретары, Юлдаш Рахимович Қурбанов (сол ўақытта ол Москвада екен), мен, Любов Семеновна, Мусрен Кинбаев, Ҳасанбай ака Матрасуловлар қатнасты. Хорезмли мийман «Енди Нөкис университеттинде балаларымызды оқытатуғын болдық» — деп, көп қуўанып қадақ көтерген еди. Мениң 5 — 6 саат қабыллаўханада отырып, күн бойы аўқатланбай университет ушын жанды қыйнағанымды елеге шекем М. Кинбаев бул ўақыялардың гүўасы ретинде сөз етеди. Солай етип, мен Москвадан Минводаға ушып кетип, бир ай Кисловодскте дем алдым. Қайтып келип, және қызғын түрде жумысқа кирисип кеттим. Қыс айы, қыста мал шаруашылығына итибар бериў әдетке айланған. Көп районларға барып, ис бабында көп адамлар менен ушырасып, баяғы дүзген жобалар бойынша ис тутыўға кирисип кеттик. Жумыс пенен бәнт адам ўақыттың өткенин билмейди, февралдың да ақыры болып қалыпты.

Ҳәзир ядымда жоқ, я 28-февраль, я марттың бири болыўы итимал, бизиң кабинетке күле шырай менен сол жыллардағы обкомның улыўма ислер бойынша бөлим баслығы Галихин Яков Василевич кирип келди. Мени қутлықлап, КПСС Орайлық Комитетиниң секретариатына Андрей Павлович Кириленко қол қойған «Нөкис мәмлекетлик университетин шөлкемлестириў» ҳаққындағы 1974-жылы 26-февральда қабыл етилген қарарын тапсырды. Ол қарар «1976—77-оқыў жылынан баслап Нөкисте пединститут базасында университет ашылсын»—деген бир пункттен ибарат екен. Бул мәселениң усы сапар үшинши ҳәм ақырғы рет КПСС Орайлық Комитетиниң секретариатында қаралыўы еди. Бизиң Нөкис университети бурынғы СССР да 65-университет болып ашылды.

Нөкисте университетти ашыў мәселесине Алексей Николаевич Косигинниң қатнасқаны Қарақалпақстанға арнаўлы комиссия жиберип, мәселени өз орнында үйренгени, Нөкисте көп интеллигенция ўәкиллери менен олардың ушырасыўы, университет ашыўға мүмкиншиликтиң бар екенин өз көзлери менен көргенлиги, Москвадағы Минвуздан, Госпланнан, Минфиннен унамлы жуўмақтың алыныўы, ҳәммеси университетти ашыўда шешиўши роль ойнады. Егер бул мағлыўматлар болмағанда, биз қанша жалынып-жалбарынғанымыз бенен КПСС Орайлық Комитетин көндириў қыйын болар еди. Сонлықтан Алексей Николаевичтиң бизиң елимизге ғамхорлығын ҳеш ўақытта умытыўға болмайды.

Солай етип, билим индустриясы есапланған университтиң ашылыўына байланыслы марафон 5 жылдан көбирек созылды, бирақ узаққа созылса да унамлы шешилгенин айтпайсыз ба? Секретариаттың қарарын қайта-қайта оқый бериппен, себеби бул инабатлы ис ушын қаншелли ўақыт ҳәм мийнет сарп қылғанымды оқыўшылар түсинген шығар. Сол ғезде ийнимнен қандай да бир жүк түскендей сезилди, қуўанышым қойныма сыймай жүдә шад болдым.

Қуўанышымды халқым, оның интеллигенциясы менен ортақласайын деген мақсетте қарарды оқып болыўдан-ақ кабинетке сол ўақыттағы обкомның илим ҳан оқыў орынлары бөлиминиң баслығы К. Е. Өтамбетованы шақырып, еки сааттың ишинде обкомның конференция-залына обкомның, Министрлер Советиниң ҳәмме хызметкерлерин, министрлерди, пединституттың профессор муғаллимлерин, Өзбекистан илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы алымларын жыйнаўды тапсырдым. Залға 400 ге шамалас

адам жыйналды. Олардың алдында өзим шығып сөйледим. КПСС Орайлық Комитетиниң Сиясий бюросы ағзаларына киргенимде, В. П. Елютин менен талай мәртебе сөйлескенимди жыйналғанларға айтып бердим ҳәм университетти ашыў туўралы КПСС Орайлық Комитети секретариатының 1974-жылы 26-февральда қабыл еткен қарарын оқып еситтирдим. Ҳәмме бул хабарды қол шаппатлаўлар менен қарсы алды.

Китабымның қурылыс ҳаққындағы бөлиминде университеттиң бас корпусының қурылысы туўралы сөз еттим. Қурылысты қолға алыў менен бир қатарда, университетте қосымша қандай факультетлер ашылыўы керек, қандай кәнигелер таярлаўымыз керек, усы мәселелерди В. П. Елютин менен ойласыў ҳәм ол кисиниң шешимин алыў ушын Тәжен Изимбетович екеўимиз Москваға бардық. Бурынғы Пединститутта таярланып атырған кәнигелерге қосымша агроном, инженер-механик, қурылысшы-инженер, экономист, врачлар, юристлер таярлаўды Вячеслав Петровичтен өтиниш еттик. Бирақ бул ушырасыўда жаңа факультетлер ашылыў мәселеси шешилмеди. Елютин қарсы шықты. Пединститууттағы факультетлер менен университетти шеклеп қалыўдың тәрептары болды ҳәм усы пикирди өткергиси келди. Бизлер оған келисим бермедик. Бул истиң унамлы шешилиўи ушын Шараф Рашидовтың жәрдемлесиўине мүтәж болдық. Университетти ашыў ушын Тәжен Изимбетович жүдә пидәкерлик пенен хызмет етти, оны да оқыўшылар билиўлери керек. Усы жерде Тәжен Изимбетовичтиң еске түсириўин келтиремен. «1972-жылы университеттиң ашылыў мүмкиншиликлери Өзбекистан ССР Министрлер Советинде қаралатуғын болды. Көп узамастан институт ректорын ҳөм Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети баслығының орынбасары А. Бекмановты Өзбекистан ССР Министрлер Советиниң мәжилисине шақыртты. Мәжилисти Н. Қудайбердиев басқарып отырған екен. Бир ўақытта «Қарақалпақстанда университет ашыў мәселесине өтемиз» деп, сол ўақыттағы министримиз Ғ. А. Абдурахмоновты минберге шақырды. Министримиз бизлерди қуўатлайды деп отырсақ, ол киси «Қарақалпақстанда университет ашыў ушын материаллық база жоқ, илимий кадрлар да жетиспейди. Биз усынғанымыз бенен Москвадағи министр В. П. Елютин қабыл етпейди, мен ол адамның пикирин билемен. Буннан бурын Ферғана пединститууттының базасында университет ашыў ҳаққындағы бизиң усынысымызға Б. П. Елютин қарсы шығып, ойымыз иске аспай қалды. Ал, Ферғана

пединститутының жағдайы Нөкис пединститутындағыға қарағанда ана ғурлым жақсы» — деп қарап турыпты. Бизлер ушын бул пүткиллей күтилмеген жағдай еди. Себеби, министримиз Нөкиске бир неше мәртебе барғанында, аўҳалларды көрип, «ҳа ғайрат сала бериң, биз жәрдемлесемиз» — деп кететуғын еди.

Ғ. А. Абдурахмановтан кейин А. Бекмановқа пединститутның материаллық базасы ҳаққында, ал маған кадр мәселеси ҳаққында мағлыўмат бериў ушын үш минуттан сөз берди. Бизлер екеўимиз де исленип атырған жумыслар ҳаққында қысқаша айтып, университетти ашыўға мүмкиншиликтиң бар екенин дәлилледик. Бир ўақытта мәжилиске қатнасып отырған Өзбекистан Халық Билимлендириў министри С. Ш. Шермухамедов сөз сорап, минберге шықты. Өл адам он минуттай сөйледи, сөзин ҳеш ким бөлмеди де, С. Ш. Шермухамедов бизиң министримиздиң айтқан пикирлерине пүткиллей қарама-қарсы пикир айтты. «Ферғанаға университет бермеўи мүмкин, себеби ол Өзбекистанның бир области, ал Қарақалпақстанға шәрт. Себеби, соңғы ўақытта СССР дағы АССРлардың ҳәммесинде дерлик университетлер ашылып атыр. Жақында ҳәтте Қалмақ АССРында да ашылды. АССРлардағы пединститутлар тек муғаллимлерди таярлайды, басқа қәнигелер бойынша кадр таярлаў ушын АССРларда көп институтларды ашыў мүмкин емес, ал университет халық хожалығының барлық тармақлары бойынша қәниғелер таярлайды. Әлбетте, Москва бирден қурылған емес, Ташкент университети де ашылған ўақытта төрт түлиги сай болған емес, ТашГУ дүзилгенде Москвадан қандай жәрдемлердиң болғаны белгили ғой. Нөкис университетти де кем-кемнен қәддин тиклеп кетеди. Өзбекистан университетлери менен институтлары Қарақалпақстан университетине тийисли жәрдемин ҳеш ўақытта да аямайды. Сиз де, Ғаний Абдурахманович, өз министрлиғиңиз бойынша, биз де өз министрлигимизге қараслы жоқары оқыў орынларынан Қарақалпақстанға туўысқанлық көмегимизди береймиз» — деп усыныс киргизди.

1974-жылы декабрьдиң басында КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы болатуғын болды. Қ. Камалов маған-«таза, ашылыўы шешилген университеттиң дүзилиси ҳаққындағы барлық ҳүжжетлерди таярлап, В. П. Елютинге кириў ушын Москваға бирге ушамыз» — деди. Министр менен бул ушырасыўда бизиң алдымызда университет қурамында қандай қәнигеликлерди ашыў, оларда оқытатуғын материаллық-техникалық базалардың жағдайларын

дәлиллеп, оны исендириў ўазыйпасы турды. Москваға декабрь айының биринши сәнесинде бардық. КПСС Орайлық Комитетиниң пленумы 3-декабрьде болатуғын еди. 2-декабрьде ерте Қ. Камалович екеўимиз В. П. Елютинниң қабыллаўында болдық. Кабинетке кирген гезде Қаллибек Камалович: «Мен сизге он биринши рет кириўим, мүмкин бе, Вячеслав Петрович!» — дегенинде, министр: «Мен есаптан алжасып та қалдым» — деп күлисип, екеўи қушақласып көристи. В. П. Елютин: «Бүгинги гәпле-сиўимизге биринши орынбасар да қатнасыўы керек» — деп, оны да шақыртты.

Қаллибек Камалович аманлық-есенлик сорасып болғаннан кейин үлкен портфельге толтырып барған қағазларды бирме-бир ашып, университеттиң дүзилиси ҳаққындағы усынысларды түсиндире баслады. Университетиң қурамында бурынғы пединститутта бар факультетлер менен бир қатарда юридика, экономиканы жобалаштырыў, агрономия, инженер-механик, қурылыс-инженери, медицина қәнигеликлери бойынша факультетлер ашыўды да жобаластырған едик. Ал министр оны ақырына шекем тыңлап болып, қурылыс ҳәм медицина факультетлерин бираз АССРлардағы университетлерде дәслеп ет қызбалық пенен ашып, соңынан жабыўға мәжбүр болғанлығын айтты. Ол, сондай-ақ аўыл хожалығы ҳәм юридика факультетлерин ашыўға да қарсы болды. Ол: «Өзбекистанда бундай қәнигелерди таярлайтуғын институтлар бар, егер керек болса, мен Қарақалпақстаннан жасларды конкурссыз қабыллаў ушын қосымша жоба етип, оларға бөлистирип берейин» — деди. Онда Қаллибек Камалович: «Ол институтлар тек пахташылық бойынша қәнигелер таярлайды, ал бизде аўыл хожалығы, салыгершиликке бағдарланып раўажланбақта» — деп салыгершилик бойынша 1975-жылға белгиленген миннетлемелердиң реңли етип шығарылған плакатларын көрсетти. Бул факультетлер ашылғанда орналастырылатуғын материаллық, оқыў лабораториялық база ретинде қурылысы питиўге шамаласқан аўыл хожалық техникумының, гидротехникумның ҳәм басқа да бир-еки қурылыслардың сыртынан ҳәм ишинен үлкен ҳәм реңли етип түсирилген фото сүўретлерин және университет комплексиниң макетиниң суўретлерин көрсетти.

Ол сүўретлерди Елютин бирме-бир дыққат пенен көрип болып, былай деди: «Қаллибек Камалович, биринширден, мына техникумлардың жайларын соншама көп ақша сарп етип атырған министрликлер университетке бийпул бермейди, екиншиден, мынаў университет комплекси макетиниң еле сүўрети ғана, буны қурыўды

тезлеткенниң өзинде кеминде 4—5 жылға созылатуғыны турған нәрсе».

Буған Қаллибек Камалович: «Анаў техникумлардың жайларын сөзсиз университетке алып беремиз, бул бойынша Өзбекистандағы тийисли министрликлер менен келисимимиз бар, ал университет комплексиниң 1976-жылдың 1-сентябрине шекем сөзсиз питкерилетуғынына мен сизге ўәде беремен» — деди. Онда В. П. Елютин күлимсиреп: «Қымбатлы Қаллибек Камалович, мен бундай фантастикалық ўәделерге исене бергендей жаслардан өтисип, жүдә қартайып кеткен адамман»—деп жуўап қайтарды. Министр университеттиң қурамына бурынғы пединститууттағы қәнигеликлерге тек агрономия, инженер-механик таярлаў факультетлерин қосып, бизлерди жубатып жибермекши болды. Оннан қала берсе, филология факультетинен өзбек ҳәм қазақ филологияларының, сондай-ақ физкультура факультетиниң неге кереги бар, олар бойынша кадр таярлайтуғын Өзбекистан менен Қазақстанда институтлар көп ғой дегенинде, Қарақалпақстанның көп миллетли республика екенин, миллетлер аралық дослықты беккемлеў ушын ол қәнигелердиң зәрүрлигин, ал физкультура бойынша кадрларға талаптың жүдә көп екенин дәлиллеп, ол қәнигеликлерди университет қурамында қалдырыўға министрдиң зорға келисими алынды.

Улыўма В. П. Елютин менен сыпайылық жағдайында өткен сөйлесиў үш саатқа шамалас созылса да, бизлердиң ўмитленип барған мақсетлеримиз толық орынланбай, ийинлеримиз түсинкиреп, мийманханаларымызға қайттық. Мен Жаңабай Алламуратов пенен «Россия» мийманханасында жайласқан едим. Қаллибек Камалович «Москва» мийманханасында қалып: «Мен ертең Пленумда боламан, сиз жойбарлаў институтына барып, жумысларыңызды питкере бериңиз, иним» — деди.

Ертеңине, 3-декабрь күни мен жойбарлаўшылар менен сөйлесип, ҳүжжетлерди ақтарысып отырсақ, күндизги саат еки ярымларда Жаңабай Алламуратов асығып-үсигип жетип келди де: «Тәжен аға, ҳә Тәжен аға, қайдасаң, тезирек таксиге жуўырайық» — деди. Мен қорқып кетип, не болғанын сорасам, «саат үшке он минут қалғанға шекем Қаллибек Камалович сизди қайдан болсада таўып «Москва» мийманханасының алдына жеткер»—деп тапсырды деди. Сырттан дәрриў бир такси тутып, мийманхананың алдына тап айтқан ўақтына жетип барсақ, Қаллибек Камалович сыртқа шығып, өзине бекитилген машинаның қапысын ашып қарап турған

екен. Дәрриў мени де машинаға отырғызды. Шараф Рашидовичке айтып берип едим, ол тәнепис ўақтында В. П. Елютин менен сөйлесипти. Министр университеттиң дүзилиси бойынша қурылыс ҳәм медицина қәнигеликлеринен басқасына келисим берипти. Соны В. П. Елютинниң өз аўзынан еситиў ушын саат үште тағы кирип сөйлесемиз» — деди. Министрликке барсақ, В. П. Елютин де кабинетине жаңа келген екен. Ол: «Мениң ўәде бергенимди Шараф Рашидович Сизге айтқан шығар. Ҳәзир Пленумның саат төрттеги мәжилисине бирге кете берейик. Сиз енди ҳәлек бола бермей-ақ қойың, ертең азанда ректордың өзи маған келсин, барлық тийисли қағазларды толтырып, берип жиберемен» — деди.

Ертеңине Қаллибек Камалович Нөкиске ушатуғын болды. Азан менен мени шақыртып: «Сиз Елютиннен келисилген қәнигеликлер бойынша қағазын алыңыз. Егер анаў-мынаў себеплер таўылып кешиксеңиз, тап жаңа жылды Москвада өткерсеңиз де, қағазды алмай Нөкиске қайтпаңыз» — деп тапсырма берди.

Мен самолётқа алып қойған билетимди қайта тапсырып, 4-декабрьде азан менен В. П. Елютинниң қабыллаўханасында күтип отырдым. Ол киси дәл саат 10 да келди де, күтип отырғанлардың қатарында мениң менен сәлемлесип, маған «сиз кириң» деди ҳәм еки орынбасары менен 2—3 бөлим баслықларын шақыртты. «Меннен ҳүрметли Шараф Рашидович тазадан ашылатуғын Нөкис университетинде бир қанша факультетлер ашыўға руқсат етиў ҳаққында илтимас етти, ол адамның өтинишин орынламасақ болмайды» — деп, қурылыс пенен медицина қәнигеликлеринен басқаларына руқсат ететуғын ҳүжжетлерди таярлаўды тапсырды.

Ҳүжжетлер еки нусқадан, биреўи Ш. Рашидовтың, екиншиси министр Г. А. Абдурахмановтың атына таярланды.» Бул Тәжен Изимбетовичтиң еске түсириўи еди.

Саўал туўыўы мүмкин, Егер Тәжен Изимбетович университетти ашыўда белсене қатнасқан болса неге ол биринши ректор болып тайынланбады? Бул саўал тәбийий. Тәжен Изимбетович терең билимли алым болып, университеттиң ректорлығына жүдә қолайлы еди, бирақ ол илим кандидаты, ал университетке ректор тек илим докторы болыўы керек еди. Бул лаўазым КПСС Орайлық Комитетиниң номенклатурасына киретуғын еди. Екинши жағынан, университеттиң ректоры Өзбекстан Илимлер Академиясының академиги ямаса хабаршы агзасы болса, соған ылайық адам қойылса, ол жүзикке қас қойғандай болады. Биз келешекти де

ойлаўымыз керек еди. Сонлықтан көп ойланып, Қарақалпақтың биринши университетиниң биринши ректоры етип талантлы алым, медицина илимлериниң докторы, сол ўақыттағы денсаўлықты сақлаў министри Чаржаў Әбдировты тайынлаўға уйғардық. Бул кандидатураны Шараф Рашидович те мақул көрди. Ал, Тәжен Изимбетович университеттиң оқыў ислери бойынша проректоры етип тайынланды. Бул лаўазым университеттиң оқытыў ҳәм оқыў системаларына күнделикли басшылық ететуғын ең қыйын тараў еди. Бул исте ол ректордың оң қолы болып, аянбай хызмет иследи. Соңынан, 1982-жылы Тәжен Изимбетовичтиң өзи илим менен шуғыллланбақшы болып, өз өтиниши менен кафедра баслығына өтти. Бес жылда көлемли үш китап шығарып, профессор атағын алды.

Университеттиң ректоры лаўазымында Чаржаў Әбдиров жүдә табыслы иследи, талантлы алым ҳәм уқыплы шөлкемлестириўши екенин исте дәллиледи. Жаңадан ашылған университет болғаннан кейин обком ҳәм Министрлер Совети тәрепинен дыққат та күшейди, көп объектлерди қурыўға руқсат етилди.

1980—82-жыллары 3745 квадрат метр көлемге ийе заманагөй үлкен студентлер сарайы, 250 орынлық асхана, 1984-жылы 2243 квадрат метр көлемге ийе спорт сарайының қурылысы питкерилип, пайдаланыўға берилди. 1981—84-жыллары 4526 квадрат метр көлемге ийе аўыл хожалығы ҳәм экономика факультетлериниң жайы қурылып тамамланды, 1981—82-жыллары 12065 квадрат метрлик, 1020 орынға ийе студентлер жатақханасы, 100 орынлық асхана, 100 орынлық санаторий-профилакторий қурылып, пайдаланыўға берилди.

1983-жылы Нөкис районы аймағынан 511 гектар жер берилип, илимий эксперименталлық база ашылды.

1988-жылы 8817 квадрат метрлик филология факультетиниң оқыў корпусы қурылып питкерилди. Сол жылы 2730 квадрат метр көлемге ийе фундаменталлық китапхананың қурылысы басланып, олда қурылып питкерилди. Бул китапхананың китап фонды 0,5 млн. ға жетти. Китапханада 6 оқыў залы бар ҳәм таза заманагөй техника менен үскенеленген.

1992—93-жыллары 2500 квадрат метр көлемге ийе биология факультетиниң оқыў лабораториялық корпусының биринши гезеги қурылып, иске қосылды.

Университет ашылған 1976-жылы 5728 кв. метр көлемге ийе болған спорт ҳәм актовый заллар бар. Нөкистеги ең үлкен мектеп-

лердиң бири Күнхожа атындағы мектеп университетке оқыў базасын кеңейтиў мақсетинде қосып берилди.

Чаржаў Әбдиров ислеген жыллары тазалыққа, эстетикаға, санитариялық-гигиеналық жағдайға көп дыққат аўдарылып, университет өзиниң күши менен сыртта заманагөй санузел объектин қурып иске қосты. Мен сол жерге қала басшыларын шақырып мәдениятқа, эстетикаға жуўап бererликтей ҳәзирги заман типиндеги ҳәжетхана қандай болыўы кереклигин көрсеттим ҳәм қаладағы көшелердиң бойында, ири министрликлердиң, кәрханалардың, мектеплердиң ҳәм оқыў орынларының қасында усындай ҳәжетханалар қурыў кереклигин айттым. Айырым түсиниги кем жолдаслар сол объектке шақырғанымды ерси көрип, гәп еткени де мениң қулағыма жетти. Айтқанлар айта берсин, бизге тазалық керек. Тазалық денсаўлықтың гиреўи. Немислерде мынандай бир әдет бар екен: олар биреўлер менен қуда түсип, үйлерине мирәт еткенде, келген қудалар дәслеп сол үйдиң ҳәжетханасын, соңынан асханасын көрип, соннан кейин ғана мийманханасына кирер екен. Ал немис халқының жүдә мәдениятлы халық екенлиги жер жүзине белгили. Демек, дүньялық мәденият түсинигинде де үлкен мәденият, тазалық биринши гезекте усындай санузелден басланады. Бул да сыпайылықтың бир түри, мәдений турмысқа талпынған елдиң әҳмийетли ислериниң бири. Мәденият ҳаққында көп сөйлеп, ал бирақ «патша да жаяў баратугын» объектке итибар бермей, патас етип қойыў қалақлықтың, пәсликтиң, көргенсизликтиң белгиси-ғой.

Солай етип, университет бурынғы пединститут таярлайтуғын қәнигелерден басқа халық хожалығы ушын жоқары мағлыўматлы экономистлер, санаат ҳәм аўыл хожалығы ушын бухгалтерлер, экология бойынша қәнигелер, салыгершилик хожалықлары ушын жоқары мағлыўматлы агрономлар, инженер-механиклер, юристлер (ҳуқық таныў қәнигелери) ҳәм журналистлерди таярлап бере баслады. Усы жыллардың ишинде университет аўыл хожалығына 281 экономист—бухгалтер, санаатқа 96 экономист—бухгалтер, 686 агроном, 707 инженер-механик, 381 юрист-ҳуқықтаныў қәнигелерин, 67 журналист ҳәм филология, тарийх, шет тиллери, физика, математика, химия, география, биология бойынша барлығы болып 17 961 қәниге университет дипломын алыўға еристи. Бул үлкен армия, үлкен күш халық хожалығына қосылып, елимиздиң экономикасының, мәдениятының, илиминиң раўажланыўы ушын хызмет етип атыр.

Ҳәзир университеттен Нөкис пединституты, Ташкент агро-университетиниң филиалы, Ташкент педиатрия мединстутыныңың филиаллары бөлинип шығып, өз алдына отаў тигиўге мүмкиншилик алды. Бәлким, келешекте де университет қурамынан экономикалық, юридика институты ҳәм т.б. оқыў орынлары бөлинип шығыўы мүмкин. Бул турмыста, дүньяда бар тәжирийбе. Университет илим дәргайларының анасы болып, оннан перзентлер дөреле береди. Инсанға хаўа қандай керек болса Қарақалпақстан ушын илим орайы болған университет сондай керек. Көп машақатлар менен ашылған бул илим дәргайында жас әўладлар зор инта менен қызығып, илимниң бийик шыңларына қанат қомлап талпынып, билим сырларын қунт пенен үйренип атырған бир мәҳәлде меннен соңғы атын айтпай-ақ қояйын, оны ҳәмме биледи: «Қарақалпаққа университеттиң кереги жоқ еди, пединститутың өзи-ақ жеткиликли еди, Қарақалпақстан еле университет ашқандай дәрежеге жетиспеген, артта қалған ел ғой» — деп юридика, журналистика факультетлерин қысқарттырып таслаған. Бул қандай бийбастақлық?! Ҳәр тәреплеме алға раўажланып, жылдан-жылға жаңа шеклерге қарай умытылып баратырған бизиң халқымыздың интасына, илимге талўасына тусаў болыўы барып турған көзсизлик ҳәм көргенсизлик ғой. Әлбетте бул гәплер бизиң миллий интеллигенциямызда үлкен наразылық туўдырды. Бундай биймәни ҳәм сайыз гәплер Қарақалпақстан сыяқлы үлкен елдиң басшысына мүнәсип емес еди. Оның бийпәмлик еткени көринип тур. Солай да болса гейпара тарийхшылар оны Қарақалпақстанда нәтийжели иследи деп жарамсақланып, тарийх китабына жазып қойғанына мен өзим жуўап таба алмадым. Ақыр, шынлықты халықтан ким бүркей алар еди?!

Жуўмақлап айтқанда, университеттиң Нөкисте ашылыўы, заманагөй әжайып оқыў корпусының салыныўы, бизиң алымларымызды, студент жасларымызды үлкен қуўанышқа бөледи, оларды илимге талпындырды. Жаслар арасында университетке кирип билим алыўға, ал алымлар арасында илим сарайында лекция оқыўға талабанлар көбейди.

Солай етип, университеттиң ашылыўы Қарақалпақстанның сиясий, мәдений, экономикалық ҳәм социаллық турмысында теңи-тайы жоқ үлкен тарийхый ўақыя болды.

ИЛИМЛИ ЕЛГЕ НУР ЖАЎАР

«Илимли елге нур жаўар» — дейди халқымыз. Бул даналық сөздиң сағасы пайғамбарымыздың ҳәдислеринде бар екенлиги белгили. Онда: «Бесиктен та ләҳәтке шекем илим үйренгил» — деген нәсиятлы сөзлер жазылған. Ҳақыйқатында да илим инсан ушын өмир азығы болып табылады. Илим раўажланбай ел раўажланбайды. Халық хожалығына илимий-техникалық прогрессти енгизетуғын, экономиканы алга илгерилетуғын, тәбияттың сарқылмас байлықларын халық мәпине хызмет еттиретуғын, елге абаданшылық әкелетуғын, халқымызды жаңа қурғын турмысқа жеткеретуғын илим екенлигин дәлиллеўдиң кереги жоқ шығар. Илимди раўажландырыў иси итибарсыз қалдырылған жәмийеттиң келешеги болмайтуғыны кимге болса да түсиникли. Сонлықтан, раўажланыў жолына түскен ҳәр қандай мәмлекет биринши гезекте билимниң, илимниң өсиўине, илгерлеўине жетилисиўине үлкен итибар береди.

Айырым алымлар дүньяда наннан соңғы қәдирли нәрсе илим деп айтады. Буны мақуллаўға туўра келеди. Нанди бинят етиў ушын, оны мол ҳәм берекетли етиў ушын да, абадан жәмийет дүзиў ушын илим керек. Сонлықтан, бизлер елге басшы болған дәўиримизде илимниң жәмийет турмысындағы усындай үлкен әҳмийетке ийе екенин нәзерге алып, оның раўажланыўына, жаңа илим кадрларының өсиўине үлкен дыққат аўдардым. Мен алым емеспен, сол ушын илим машқалаларын ҳәр тәреплеме терең талқылаўды мақсет еткеним жоқ. Бирақ ўатандарлық илимлер ҳаққында, қарақалпақ тили әдебияты, тарийхы ҳаққында азы-кем пикер жүргиздим. Соны усы китабымда оқыўшыларға өз алдына усынып отырман.

Илимди раўажландырыў ушын ең дәслеп билимли кадрлар таярлаў керек екени мәлим. Сол илимий кадрларды, әсиресе илим докторларын таярлаў исине аз да болса қосқан үлесимиз ҳаққында гүрриң етпекшимен.

Қарақалпақ илиминиң көрнекли ўәкили Марат Көптилеў улы Нурмухамедов пенен 1963-жылдан бирге ислестик. Обкомда мен биринши, ол идеология бойынша секретар болды. Оның илимий тәғдиринде мениң аз-кем үлесим бар. Ол докторлық диссертациясын таярлаў ҳәм жақлаў ўақтында мүмкиншилик туўдырып бердим: биринши жылы үш ай, екинши жылы төрт ай, ал диссертация жақлайтуғын жылы алты ай дем алыс берип қойдым. Әдетте, совет дәўиринде үлкен лаўазымдағы партия хызметкерлериниң докторлық диссертация жақлаўы дәстүрге айланбаған, оны КПСС Орайлық Комитетти қоллап-қуўатламайды. Мәселен, Юлдаш Рахимович Қурбанов бизден Өз КП Орайлық комитетине аўыл хожалығы бойынша секретарлыққа усынылып, Москвада Михаил Андреевич Сусловтың қабыллаўында болғанда: «Сиз илим кандидаты екенсиз. Илим докторы болыў ушын урынбаң ол партия хызметкерине жараспайды, зәрүр де емес. Сизге илим дәрежеңиз бойынша баҳа берилмейди, ал ел ушын, халық ушын ислеген хызметиңизге ғана баҳа бериледи» — деп ескерткен. Усыған қарамастан, Өз КП Орайлық Комитетинен келисим алмай-ақ жуўапкершиликти өз мойныма алып, Марат Көптилеў улына узақ даўамлы дем алыс бердим. Ол докторлық диссертациясын жақлағаннан кейин, ВАК та бекитилиўине ҳәм гүўалық алыў-алмаўына қарамай-ақ, оның Өзбекистан Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы етип сайлаўына қол көмегимди тийгиздим. Ол мынандай жағдайда өтти. Марат Нурмухамедов мениң кабинетимде отырғанда көзинше «ВЧ» арқалы Өз КП Орайлық комитетиниң секретары Р. Нишановқа телефоннан қоңыраў етип, «Марат Көптилеў улын усы 1966-жылғы академиялық сайлаўда сол күнлери сайлаўға таярлық жүрип атыр еди. Өзбекистан Илимлер Академиясына хабаршы ағза етип сайлаўға усыныңыз ҳәм өткериўге жәрдем етиңиз, деп өтиниш еттим, себеби бизде еки хабаршы ағза бар: Я.М. Досумов — өзбек халқының ўәкили, И.Т. Сағийтов — қазақ халқының ўәкили, ал қарақалпақлардан академияның қурамында ҳеш ким жоқ еди. Әлбетте, бул аўҳал интеллигенция арасында саўал туўғызады» — деп тартынбай ашығын айттым. Сол ўақытта Р. Нишанов маған: «Ол илим кандидаты, ал академия қурамына сайланыў ушын илим докторы болыўы шәрт» — деп жуўап берди. Мен оған былай деп қарсы жуўап бердим: «Мен билемен, ҳәзирги Түркменстан ҳәм Қырғызстан Илимлер Академиясы президентлери екеўи де илим кандидатлары, олар ҳәттеки президент болып сайланған, не ушын

бизиң докторлық диссертациясын Москвада жақлаған алымымыз хабаршы ағзалыққа өтпес екен»—деген пикирди айттым. Сонда Р.Нишанов не дерин билмей қалды. Сол заматта «ВЧ» арқалы Шараф Рашидовқа телефон етип, жоқарыдағы өтинишимди билдирдим. Ақсақалдың кабинетине Р.Нишанов та келип үлгерген екен. Мениң дәлилимди тыңлап турып, Шараф Рашидович хабаршы ағзалыққа Мараттың кандидатурасын усыныўға ҳәм қоллап-қуўатлаўға ыразылық берди. Сол 1966-жылдың қысқы айларында Академияға сайлаў өтти. Мараттың хабаршы-ағзалыққа кандидатурасы усынылды, жасырын-жабық даўысқа қойылды. Мараттың өзиниң айтыўына қарағанда, бир неше академиклер оның қасына келип: «Саған даўыс бердик»—деп оны қутлықлаған. Ал даўыстың жуўмағын еситтиргенде, оған даўыс берилмегени анықланыпты. Әне академиклердиң сөзи. Бул аўҳалды еситип, мен және Шараф Рашидовичке телефоннан қоңыраў еттим. Шараф ағаның берген тәртиби бойынша Мараттың бир өзи қайтадан жабық даўыс пенен сайлаўға қойылып, хабаршы—ағза болып сайланды.

1966-жылдың жазында Нөкисте Өзбекистан Илимлер Академиясының президенти Абид Садықович Садықов, вице-президент Муминов Ибрагим Муминовичлер келди. Марат Нурмухамедов төртеўимиз Мойнаққа барып, академиклерге Аралды көрсеттик, теңизде шомылдық. Жақсылап қыдыртық. Командировканың жуўмағында олар маған: «Маратты бизге академияға гуманитар илимлериниң бөлим баслығы етип бериң»—деген мәселени қойды, Шараф Рашидовтың келисими бар екенлигинде айтты. Мен бизиң халқымыздың ўәкили Өзбекистан Илимлиер Академиясында гуманитар илимлерди басқарса бул бизиң ушын абырай ҳәм илимниң өсиўи ушын, жаңа илим докторларының шығыўы ушын пайдасы тийеди-ғой деп келисим бердим. Солай етип, Марат Көптилеў улына илимде үлкен гүзар жол ашылды. Бул жумыста жемисли ислеп, Марат Көптилеў улы өзиниң илим дәрежесин көтерди, кейинирек академик болып сайланды, Ташкентте жүрип, қарақалпақ илиминиң раўажланыўына үлкен үлес қосты.

Бизиң елимиздеги ең үлкен илимий тулғалардың бири Сабыр Камалов. Ол көп жыллардан берли Өзбекистан Илимлер Академиясының Қарақалпақстандағы филиалын басқарған, бизлер Сабыр Камаловты бәрҳама қоллап қуўатладық. Сабырдың илимий тәғдириндеги қыйын-қыстаў пайытларда да оған қолымыздан келгенше жәрдем бердик.

Соңғы жыллары оның жемисли жумыс ислеўи ушын жағдай туўғызып, дәслеп академияға хабаршы ағза, ал 1970-жыллардың аяғында академик болып сайланыўына жәрдем көрсеттик. Ол жыллары СССР тарийхынан академик болып сайланыў аңсат емес еди. Талабанлар ҳәдден тыс көп еди. Қарақалпақ илиминиң басшысының академик болып сайланыўы елимизге жүдә керек еди. Илим де, атақ та, абырай да керек. Егер басшы академик болса, ол көп шәкиртлерди, дурысырағы көбирек илим докторларын таярлайды, оларға илимий басшы болады деген мақсетти көзде тутқанбыз. Сабыр Камаловты академикликке тосқынлықсыз өткериў мақсетинде Шараф Рашидовқа, Абид Садықовичке (сол ўақыттағы Өзбекистан Илимлер Академиясының президенти) өтиниш етип, қарақалпақ тарийхы ушын арнаўлы бир орын бөлип шығарыўға еристик.

СССР тарийхы, скобка ишинде қарақалпақ тарийхы деген арнаўлы орынға Сабыр Камаловтың бир өзи өтти. Олай болмағанда көп академиклердиң жасырын сайлаўда даўыс бериўи нағүман еди. Маратты сайлаў бойынша жүз берген аўҳал бизге сабақ болды. Қәтеликти қайталамаў ушын бир арнаўлы орын сорағанымыздың себеби усыннан ибарат еди. Шараф Рашидовке мың мәртебе рахмет. Бизиң өтинишимизди жоқ демеди, аталық ғамхорлық иследи, соның нәтийжесинде 1979-жылы Сабыр Камалов академик болып сайланды. Мен келтирген себеплерден ол академик болыўға ылайық емес деген мәнис шықпайды, мен тек академик деген уллы атақты алыўдың қыйыншылығын айтпақшы едим.

Бизиң елимиздиң үлкен мақтанышы болған алымлардың бири Чаржаў Әбдиров. Өл акдемик фундаменталлық илимниң ўәкили, микробиология илимлериниң иммунология ҳәм иммуногетика тараўларынан алым. Оның илимий мийнети пүткил жер жүзилик әҳмийетке ийе, сонлықтан, оның академик болыўы тәбийий еди. Нөкисте ашылған биринши университетке биринши ректор етип таярлап, оның тезирек Өзбекистан Илимлер Академиясының хабаршы-ағзасы болыўына жәрдем еткенге усайман. Чаржаў инимиздиң илимий жетискенликлерине, илимий мийнетине тән берген алымлар оны 1979-жылы хабаршы-ағза, ал 1989-жылы академик етип сайлады. Чаржаў Әбдировтың илимий ҳәм практикалық хызмети бизиң Қарақалпақстан ушын теңи-тайы жоқ үлкен мәмлекетлик, социаллық әҳмийетке ийе. Бизде көп заманлардан берли «жаман аўырыў» — деп аталған кеселликти түп тамырынан сапластырыў,

оның емин табыў — бул жүдә үлкен сиясий ҳәм социаллық мәселе. Усы мәселе бойынша алымның мийнетине халқымыз миннетдар.

Қарақалпақстанда аты кеңнен белгили илим ғайраткерлериниң бири, Өзбекистан Илимлер Академиясының хабаршы-ағзасы, философия илимлериниң докторы, профессор, Әжинияз атындағы пединституттың ректоры Жуманазар Базарбаевтың илимий тәғдиринде де азы-кем үлесим бар шығар деп ойлайман. Профессор Қонысбай Камаловтың жазғанындай, айырым алымлар домалақ арза жазғанлықтан, оның докторлық диссертациясын ВАК бекитиўди тоқтатып қойды. Мен Ж. Базарбаевтың мийнетин тастыйықлаў мақсетинде КПСС Орайлық Комитетиниң илим ҳәм оқыў орынлары бөлиминиң баслығы С.П. Трапезниковке кирдим, ол мениң өтинишиме муўапық, мениң көзимше жоқарғы аттестациялық комиссияның (ВАКтың) баслығы В.Г. Кириллов-Угрюмовқа телефоннан қоңыраў етти. Мениң өтинишиме байланыслы ВАК унамлы шешимге келгенлиги ҳаққында жуўап хат жазды:

ӨЗКП ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ БИРИНШИ СЕКРЕТАРЫ Қ. К. КАМАЛОВҚА СИЗИҢ КК-186 — 188 ХАТЫҢЫЗҒА

Сизиң СССР ВАК баслығының атына ҳәм КПСС Орайлық Комитетиниң атына жазған өтинишиңизге муўапық мыналарды билдиремиз: 1976-жылы 17-сентябр күни СССР ВАК Президиумы Ж. Базарбаевтың докторлық диссертация жақлаған материалларын қайтадан қарап шығып, өзиниң 1976-жылы 26-апрельдеги Ж. Базарбаевқа философия илимлериниң докторы илимий дәрежесин бериў ҳаққындағы қарарын тастыйықлады.

СССР ВАК мәмлекетлик инспекциясының
началниги ҳәм коллегия ағзасы

Г. М. Несменова

Республикамыздың атақлы алымларының бири, қарақалпақ тили бойынша илим докторы, профессор Есемурат Бердимуратов 1970-жыллардың басында Баку қаласында докторлық диссертациясын нәтийжели жақлады. Оның диссертация қорғаўы жемисли түрде өтсин деген ой менен мен сол ўақыттағы КПСС Орайлық Комитети

Сиясий бюросы ағзалығына кандидат, Азербайжан КП Орайлық Комитетиниң биринши секретары Гейдар Алиевке өтиниш хат жаздым ҳәм «БЧ» арқалы өзи менен сөйлестим.

Мен ел басқарып жүрген дәўиримде алым боламан деген ел азаматларына қолымнан келген көмегимди аяганым жоқ, себеби, бизге илимди раўажландырыў оғада зәрүр еди, илимди илгерилететуғын, жетилистиретуғын алымлар жүдә керек еди. Бул гәплерди мақтаныў мақсетинде айтып отырғаным жоқ. Елге басшы болған адам сол елде илимди раўажландырыўы керек, бул оның миннетли ўазыйпасы. Мине усы ўазыйпамды орынлаўға ҳәрекет ислегенимди айтпақшыман.

Сол сыяқлы, илим докторларының илимди раўажландырыўда тутқан орнын есапқа алыў ҳәм докторлық диссертаңия жақлағанларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде мен сол жыллары илим докторы болғанлардың ҳәммесин обкомда бирме-бир қабыл етип гүрриңлестим, мүтәж ислерин бәржай етип, квартира бергиздим ҳәм биразына «Волга» машинасын бергизип, оларды хошаметледим. Илим докторларының ҳеш қайсысы да дыққаттан шетте қалған жоқ. Университеттиң доценти Айдар Бабажанов сиясий экономия бойынша биринши илим докторы болып келгеннен соң, ол кишкене гөнерген жайда қысылысып жасап атырғанын айтты. Оған қысқа ўақыттың ишинде ҳәзирги заман талабына сәйкес салынған үлкен коттедж бергиздим. Ол жаслай қайтыс болды, ийманын берсин. Илим докторы боламан деп талпынғанлардың мийнетин типографияда бастырып, жүзеге шығарыўға жәрдем етип турдым.

Университетте ислейтуғын жергиликли алымлар ушын ҳәм бизиң университетте ислеўди қәлеп сырттан келген илим докторлары ушын адайыда еки етажлы коттеджлер салыўды шешкен едик. Ол әмелге асырылып, қурылып питкерилди. Бул да алымларды хошаметлеўдиң бир түри.

1970-жыллардың екинши ярымынан баслап, әсиресе өзимизде университет ашылғаннан кейин илимий дәрежели алымлардың санын көбейтиў бойынша бир қанша илажлар әмелге асырылды. 1978-жылы Нөкис мәмлекетлик университети қапталынан қарақалпақ тили, әдебияты, тарийхы бойынша илимий кадрлар таярлаў мақсетинде аспирантура ашыўға еристик. Бул бизге еки жақлама пайдалы болды. Биринши, илимий басшылардың жуўапкершилигин арттырыў, оларды өз үстинде көбирек ислеп, илим сырларын тереңнен үйрениўге мәжбүрлеў менен бирге, екиншиден,

өзимизде илим кандидатларын таярлаў ҳәм алымлардың қатарын тезден көбейтиў ушын хызмет етеди.

1978-жылы 28-июль күни обкомның бюро мәжилисинде Нөкис мәмлекетлик университетинде илимий изертлеў жумысларын тереңлетиў ҳаққында мәселе қаралды. Бул мәселени бюроның додалаўына қоярда бир неше мақсетти көзде тутқан едик. Бириншиден, бурынғы СССР дың жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министри Вячеслав Петрович Елютин: «Сизлерде илим докторлары жүдә аз» деген еди, мен оған илим докторларының санын көбейтиўге сөз берген едим, усы ўәдени орынлаў керек еди. Екиншиден, өзимиздиң университетте илим изертлеў жумысларын тереңлетиў, оны Қарақалпақстанның халық хожалығының тараўларындағы илимий-техникалық проблемаларды шешиўге бағдарлаў керек болды. Илим изертлеў жумысларын жемисли шешиў ушын илим докторларын көбирек таярлаўға университет ректоратының ҳәм партия шөлкеминиң дыққатын аўдарып, қарар қабыл еткен едик.

Сол, 1978-жылдың 29-декабрьинде обкомның бюро мәжилисинде тағы, екинши мәртебе, «Нөкис мәмкекетлик университетинде, автономиялы республиканың басқа да илимий мәкемелеринде илим докторларын таярлаўдың аҳўалы ҳәм перспиктивалары» деген мәселе қаралып, бул мәжилисте Чаржаў Әбдировтың, Сабыр Камаловтың, Мухамеджан Тәжетдиновтың Шымбайдағы дийқаншылық илим ирзертлеў институты баянаты тыңланды. Бул баянатларды тыңлаўға таярлық көриў пайытында көбирек илимий дәрежеси бар оқытыўшылардың ҳәм илимий хызметкерлердиң қатары тексерилип және үйренилип шығылды. Сол тексериўдиң жуўмағында университетте ислейтуғын оқытыўшылардың 43 процентиниң илим дәрежесине ийе екени мәлим болды. Бирақ солардың ишинде илим докторлары жүдә аз, 8 адам ғана екен. Олардың төртеўи басқа илимий мәкемелерде ислеп, университетте тек сабақ берип, лексия оқыйды. Сол бес жыллықта жобадағы көрсетилген 6 илим докторын таярлаў орнына тек ғана бир адам докторлық диссертациясын жақлап шыққан. Университетте ислеп жүрген 126 илим кандидаты ҳәм доцентлердиң ишинен тек ғана 19 адам, ямаса 15 процент ғана докторлық диссертация үстинде жумыс алып барған. Университеттиң 33 кафедрасының тек 11 кафедрасында ғана докторлық диссертация жақлаў менен шуғылланыў әмелге асырылған. Булар да тек гуманитарлық илим тараўларының ўәкиллери еди, ал физика, математика, химия, экономика, яғный тәбийий илимлер

бойынша докторлық диссертасия үстинде ислеп атырғанлардың жоқ екенлиги анықланды. Университеттиң гуманитарлық илимлер кафедраларында 21 илим кандидаты сабақ берип жүрген болса, солардың тек ғана бесеўи докторлық диссертация үстинде ислеп атырғаны 70 адам илим кандидаты атағын алғалы арадан 5 жылдан 15 жылға шекем ўақыт өткенлигине қарамастан, олардан тек ғана 15 адам докторлық диссертация үстинде ислеп атырғаны анықланды.

Өзбекистан Илимлер Академиясының Қарақалпақстандағы филиалында аўҳал буннан да төмен болып шықты. Кейинги үш жылдың ишинде тек бир адам ғана докторлық диссертация жақлаған.

Қарақалпақстан дийқаншылық илим изертлеў институтында илимий хызметкерлердиң ишинде бир де илим докторы жоқ.

Университеттиң кафедра баслықлары, филиалдың бөлим баслықлары, дийқаншылық илим изертлеў институтының жетекши бөлимлерин илим докторлары басқарыўы керек. Ал булардағы 80 штаттың тек 8 ғана илим докторы менен тәмийинленген. Бул тек 10 процентти ғана қурайды. Жоқарыда көрсетилген ашынарлы аўҳаллар қатты сынға алынды. Солай етип, илим докторларының жетиспеўшилиги үлкен проблемаға айналған еди.

Сонлықтан, обкомның бюро мәжилиси илим докторларын таярлаўды үлкен мәмлекетлик әҳмийетке ийе мәселе деп белгиледи. Бул мәселеге усындай көз-қарастан қарап, обкомның бюросы университет ректоратына және парткомына, Өзбекистан Илимлер Академиясы филиалының баслығына, Қарақалпақ дийқаншылық илим изертлеў институтының директорына илим докторларын таярлаў бойынша ўазыйпалар жүкледи.

Сол қарарда Нөкис мәмлекетлик университети өзинде бар мүмкиншиликлерге сүйенип, үш жылдың ишинде (1979—81-жыллары) 15 илим докторын таярлаўға ериссин деген пункт киргизилди. Сол сыяқлы филиал ҳәм дийқаншылық илим изертлеў институты басшыларына өзлеринде илим докторларын көбирек таярлаў бойынша илажлар ислеп шығыў ҳәм оны Қарақалпақстан обкомына 2 ай мүддет ишинде тапсырыў белгиленди.

Усылар менен бир қатарда өзлеринде докторлық диссертация жақлаўшылардың қурамын және қайтадан көрип шығыў, оны уқыплы, илимге интасы бар жас талант ийелери менен толықтырыў, оларға илимий ислерин алып барыў ушын керекли ҳәмме мүмкиншиликлерди жаратып бериў усаған әмелий илажларды иске асырыў тапсырылды. Әмелий илажлар дегенимиз — оларға докторлық или-

мий жумысларын изертлеў мақсетинде илимий командировкалар бериў, ислеген хызмет орнында айлығын сақлаў менен бирге, бир-бир ярым жыл мийнет дем алысын бериў, тағы да олардан диссертация үстинде нәтийжели ислеўи ҳәм табыслы қорғаўы ушын, егер керекли деп табылса, Ташкентте, Москвада қосымша илимий басшылар, консултантлар таўып бериў университет ректоратына, филиал ҳәм дийқаншылық илим изертлеў институты басшыларына ўазыйпа етип жүкленди. Обкомның бюросы докторлық диссертация жақлаўшылардың илимий темаларин көзден өткерип шығып, мүмкин болганынша оны актуаллығы ҳәм жаңалығы жағынан заман талабына жуўап беретуғын, республиканың халық хожалығының проблемаларын шешиўге жақынластырыўды тапсырды. Ҳәр кварталда бир мәртебе докторлық диссертация үстинде ислеўшилердиң есабы илимий кеңеслерде қаралып қадағалаў жүргизип барыў тапсырылды. Сол сыяқлы партия шөлкемлери коммунист-алымлардың есабын тыңлап барыў зәрүрлиги көрсетилди. Новосибирск университетиниң, СССР — Илимлер Академиясы Новосибирск бөлиминиң жас илимий кадрлар таярлаў бойынша топлаған унамлы тәжирийбесин үйрениў университет ҳәм филиал басшыларына тапсырылды.

«Қарақалпақстан» баспасына 1979 — 1981-жыллар ишинде докторлық диссертацияларын жазып питкерген алымлардың монографиясы, илимий мийнетлерин жобаға киргизип, шәртли түрде басып шығарыў тапсырылды. Филиалдың «Вестник» журналына да усындай тапсырма берилди.

Обкомның сол қарасында Қарақалпақстан Министрлер советине 1979 — 1980-жыллар ишинде Нөкис мәмлекетлик университетиниң фундементаллық китапханасын курыўға қаржы бөлип шығарыў тапсырылған еди. Сол қарар бойынша университеттиң илимий–эксперименталлық базасын шөлкемлестириў, оған Нөкис районы аймағынан жаңадан 350 гектар жер ажыратып бериў көрсетилди. Докторлық диссертация үстинде ислеп атырған алымларға жақсы жағдай туўғызыў мақсетинде тазадан тас гербиштен салынып атырған бес етажлы жайлардан нәўбеттен тысқары квартира бөлип шығарыў Нөкис қалалық атқарыў комитетне тапсырылды. Усы қарардың орынланыўының 1979-жылдың декабрьинде қайтадан обкомның бюросында көрип шығылыў сол қарарда белгиленди себеби мәмлекетлик әҳийметке ийе қатты қадағалаў астына алыў заман талабы еди.

1979-жылы 3-декабрь күни обкомның бюро мәжилисинде «Өзбекистан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалында илимий жумыслардың жағдайы «ҳаққында мәселе қаралып, С. Камаловтың есабы тыңланды.

Бул Бюро мәжилисинде филиалға қараслы 33 илимий лабораториялардың бөлимлердиң тек жетеўин ғана илим докторлары басқарып атырғанлығы, бул жүдә аз екенлиги, заман талабына жуўап бермейтуғунлығы көрсетилди. Сол ўақыттағы комплексли институтта тек бир ғана илим докторының ислеп атырғанлығы, ал есаплаў орайында бир де илим докторының жоқ екенлиги усыған қарамастан, соңғы үш жыл, ишинде тек 1 илим докторының диссертация жақлағаны көрсетилди ҳәм қатты сын астына алынды. Сондай–ақ, басқа кемшиликлерди көрсетип, обкомның бюросы филиал басшына бул исте жиберилип атырған кемшиликлерди тез сапластырыў бойынша әмелий илажлар көриўди тапсырды. Гәпти көбейтпеў мақсетинде мен «Филиалдағы илимий жумыслардың жағдайы» деген мәселеден басқа кемшиликлерин қозғамай, тек илим докторларын таярлаў сыяқлы әҳмийетли исте өзи боладылыққа жол қойылғанын ғана еске алып отырман.

1979-жылы 12-мартта обкомның бюро мәжилисинде «Республикада илим изертлеў ислериниң нәтийжелилигин арттырыў ҳаққында» мәселе қаралды. Бул мәселеге терең берилиў менен бир қатарда, обкомниң бюросында Нөкис мәмлекетлик университетиниң, Өзбекистан Илимлер Академиясы филиалының ҳәм Шымбайдағы дийқаншылық илим изертлеў институтының 1979—1983-жыллар ишинде илим докторларын таярлаў бойынша ислеген илажлары тастыйықланды. Бул тастыйықланған илажлар бойынша Нөкис университети 1969-жылы 3 доктор: А. Пахратдинов — қарақалпақ әдебияти бойынша, А. Омаров — рус тили бойынша. С. Ережепов — ботаника бойынша, 1980-жылы 3 доктор: А. Бабажанов-экономика бойынша, П.Д. Сейтов — философия бойынша, Т. Бекжанов — қарақлапақ тили бойынша. Мине усы тақлетте атлары ҳәм илим тараўы анық жазылып ҳәр жылы 3 докторлан бес жыллықта 15 илим докторын таярлаў көзде тутылған еди.

Сол сыяқлы филиал бойынша бес жылда 18 илим докторын таярлаў илажда белгиленген еди. Филиал басшыларының дүзген илажы бойынша 1979-жылы еки илим докторының атлары жазылған, 1980-жылы еки илим докторын, 1981-жылы төрт

илим докторын, 1982-жылы бес илим докторын және 1983-жылы бес илим докторын таярлаў белгиленип, обкомның тастыйықлаўына усынылған еди. Мәселен, филиал бойынша 1983-жылы А. Бахиев — ботаника бойынша, Қ. Қурбаниязов — геология бойынша, Л. Константинова — микробиология бойынша, С. Қабулов өсимликлердиң физиологиясы бойынша, Қ. Қудайбергенов — философия бойынша — деп ҳәр жылы илим докторы болыўшылардың атлары ҳәм илим тараўлары көрсетилген илажлардың кейнинде С. Камаловтың қолы қойылып, обкомға тапсырылған еди.

Усындай илаж Шымбай дийқаншылық илим изертлеў институты бойынша дүзилип, 6 илим докторын таярлаў белгиленген еди. Олар: З.В. Ляпшина, В. Юсупов, А. Березняковская, М. Тәжетдинов, И. Сметов, С. Әлимбетовлар еди. Басқа республикалық мәкемелер, министрликлер бойынша бес илим докторы диссертация жақлаўы нәзерге алынған еди. Олар: Г. Шамуратов — аўыл хожалық ми-нистрлиғинен, Турсынбай Ещанов — медицина бойынша, А. Д. Дәўлетов — ҳуқық таныў бойынша, А.М. Худайбергенов — медицина бойынша, Н.Е. Ешниязов — медицина бойынша. Барлығы болып, 1979 — 83-жыллар ишинде Қарақалпақстанда 44 илим докторы диссертация жақлаўы есапқа алынып, обкомның бюро мәжилисинде тастыйықланды. Бул илажларды таярлаў ҳәр бир диссертация жақлаўшы илимпаз бенен сөйлесиў, олардың пикирин билиў көп машақатлы жумыс екени мәлим. Сол ўақыттағы обкомның жуўапкерли хызметкерлери Қ.Е. Юсупов, К.Е. Өтамбетова, Т. Атамуратовлар бул ис пенен ҳәр күни шуғылланып, истиң барысы ҳаққында маған баянат берип турды. Республика көлеминдеги мыңсан еки машақатлы жумыслардың, әсиресе аўыл хожалығындағы, қурылыстағы балалап атырған ислердиң арасында илим докторларын таярлаў мәселеси умыт болып қалған жоқ, ол биринши дәрежели ис сыпатында бизлердиң дыққат орайымызда болды. Енди илим докторларын таярлаў улыўма шақырықлар емес, ал орынлаўшысы анық белгили, темасы мәлим, жылы көрсетилген басшылық етиўшиге де, қадағалаўшыға да аттай анық ис болып қалды.

1980-жылы 30-апрельде обкомның бюро мәжилисинде 1979-жыл 29-декабрьде қабыл етилген қарарының орынланыўының, Нөкис мәмлекетлик университетинде ҳәм басқа илимий мәкемелерде илим докторларын таярлаўдың барысы ҳаққында үшинши мәртебе Ч. Әбдировтың, С. Камаловтың, М. Тәжетдинов-

лардың есабы тыңланды. Обкомның бюро мәжилиси 1979-жылы республика бойынша 17 кандидатлық диссертация жақлағанын қанаатланыўшылық пенен көрсетти. Соның ишинде, НГУ ден 4 адам, филиалдан 6 адам, мал шаруашылығы институты филиалынан 2, Салыгершилик институты филиалынан 1, Минздравтан 1 адам еди.

Бурын қабыл етилген қарар бойынша 1979-жылы республикада 7 докторлық диссертация жақланыўы керек еди. Нөкис университетинен 3 адам докторлық диссертацияны жақлаўға илимий материалларын тапсырып, олардың биреўи докторлық диссертация жақлаған. Ал филиалдан, Шымбай дийқаншылық илим изертлеў институтынан бир де адам докторлық диссертациясын жақламағаны анықланды. Обкомың бюро мәжилиси бул мәселе бойынша С. Камаловты, М. Тәжетдиновты қатты сынға алып, оларды бул иске салқын басшылық еткенин көрсетип, ендигиден былай илим докторларын таярлаўға усаған үлкен әҳмийетли иске көбирек дыққат бөлиў зәрүрлиги көрсетилди. Сол бюро мәжилисинде С. Камаловтың 1981-жылдың декабрьине еки доктор, Ч. Әбдировтың үш доктор, М. Тәжетдиновтың бир илим докторын таярлаўға ерисемиз деген арзасы қабыл алынды. Сол бюрода Нөкис университети қасында математика, физика, химия пәнлерин терең үйрететуғын мектеп-интернат ашыў мәселеси көзде тутылды. Ҳәр бюрода Ч. Әбдировтың усынысы бойынша бир неше жаңа мәселелер каралып барылғанлығына оқыўшылар дыққат аўдарған шыгар.

1981-жылдың ақырында 30-декабрь күни обкомның секретариат мәжилисинде төртинши мәртебе Ч. Әбдиров, С. Камаловтың есабы тыңланып, қанша илим докторын таярлағанлары ҳаққында таллаў жүргизилди. 1980-жылы 12 кандидатлық диссертация, бир докторлық диссертация (Ә. Омаров-университет алымы) жақлағаны көрсетилди. НГУ диң үш алымы Х. Бабажанов, П.Д. Сейтов, Г. Шамуратовтың, ал филиалдан О. Доспановтың докторлық илимий ислери тамам болғанлығы көрсетилди. Секретариаттың мәжилиси алымлар менен ислесиўдиң еледе төмен дәрежеде екенлигин көрсетти, келеси ўақытта бул истеги кемшиликлерди пүткиллей сапластырыў жолларын белгилеп берди. Китап оқыўшылар жоқарыдағы жазылғанларды оқып көрип, «төрт жылдың ишинде төрт мәртебе обкомның бюросында есап бериў көбирек емес пе?» деген ойға кетиўи мүмкин. Бәлким, бул мәселе бойынша төрт жылда қатарына төрт мәртебе есап бериў ҳақыйқатында да көбиректей сезилиўи

мүмкин, бирақ елимизде алымлар таярлаў, илимди жетилистириў кешиктириўге болмайтуғын, шешимин әлле қашан-ақ күтип турған проблема еди. Бизлер сол жыллары илим докторларының саны көбирек болса екен, басқа республикалардағыдай терең илимге ийе алымлар тезирек жетилисип шықса екен, деген нийетте болдық. «Алдыңғы арба қайдан жүрсе, соңғы арба да соннан жүреди» — дегендей, обком, ел басшылары усындай төрели ислердиң басламашысы болмаса, халықты уллы ислерге қарай баслап изине ертпесе, арқайын басшыларға түртки бермесе, онда елимиздиң артта қалыўы, ислеримиздиң сағал аяққа кетиўи сөзсиз-ғой. Сол ушын биз университет ҳәм филиал басшыларының тынышын алып, оларды да асықтырдық, төрт жыл қатарына бул мәселени обкомның мәжилисиниң қараўына киргизип, арнаўлы қарарлар қабыл еттик, пүткил республика жәмийетшилигиниң дыққатын усы әҳмийетли мәселеге аўдарып, Қарақалпақстанда тезирек илимди раўажландырыў исин орайлық ўазыйпа ретинде ортаға қойдық. Ақыры, бизлердиң хожалық мәселелери бойынша гөзлеген режелеримиз қанша қыйыншылықлар болса да, өз ўақтында шешилип барды, ал илим докторларын таярлаў мәселеси аўырлаў көшип атырғанға усады. Сонлықтан, бул иске жан ендириўдиң өзин турмыс ҳәм дәўир талап етти.

Илим докторларын таярлаўдың уяң алып барылыўы талант ийелериниң кемлигинен ямаса устаз алымлардың азлығынан емес, ал бизиң бақлаўымыз бойынша, илим докторы боламан деп ортаға шыққан алымлардың уяңлығынан, буның үстине сол алымлардың дөретиўшилик мийнет ислеўине басшылар тәрепинен жетерли дыққат бөлинбегенлигинен, талапты күшейтпегенлигинен болды.

Деген менен, сол жыллары көрилген илажлар босқа кетпеди, азмаз кешигип болса да өзиниң нәтийжесин берди. Өзбекистан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминде академиклер, илим докторлары ҳәм илим кандидатлары мақтаныш етип айтарлық дәрежеге жетти.

Биз ҳуқықый-демократиялық мәмлекет қурып атырмыз. Усы көз қарастан қарағанда бизде юридика илимине еледе итибар күшли емес. Бул тараў бойынша бизде санаўлы ғана илим докторлары бар. Өзбекистан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминде юридика илимлери секторы дүзилсе мақсетке муўапық болар еди, деп ойлайман.

Илим докторларын таярлаўды жолға қойыў бойынша және бир проблемаға тоқтамақшыман. Түрли тарийхый объективлик ҳәм субъективлик себеплерге байланыслы биз илимди раўажландырыўда изиректе қалғанбыз. Сол ушын илимди тезирек жетилистирсек екен деймиз. Бул ушын ҳәр бир алым өзине төрт-бес шәкирт таярлап шығарғаны мақсетке муўапық болар еди.

Тилекке қарсы айырым алымлар елеге шекем өзлерине шәкирт таярламады, бул мәселе бойынша обкомның бюросының тапсырмасын орынламады. Олардың атын айтыўдың қәжети жоқ шығар деймен. Ал бир қатар алымлар бул мәселеде жемисли иследи. Мәселен, Чаржаў Әбдиров еки илим докторын таярлады. Бул мақтаўға турарлық ис. Буннан өрнек алып, бизиң алымларымыз өзлерине шәкирт таярласа, бизиң илимимиз жаңа шоққыларға көтерилер еди.

Сол сыяқлы ҳәр бир атақлы композитор, художник ҳәм басқа да көркем өнер ийелери шәкирт таярласа теңи-тайы жоқ ис болар еди. Шәкирт таярламаған алым, композитор, художник, көркем өнер ийелери — бул мийўе бермеген дараққа усайды. Бизиң ҳәр тәреплеме раўажланып, жетилисиўимиз ушын үлкен талант ийелерин тәрбиялап шығарыў иси әлбетте, ең керекли бас ўазыйпа болып есапланады. Илим биринши ғезекте устазға мүтәж. Сонлықтан халқымыз жақсы кәсип, өнер ийесин көрсе оның устазын еске алып мақтайды. Егер жетик алым көрсе, оның мектебин устазын мақтайды, пәлендей алымның мектеби деп айтады.

Соның ушын алым устазлар илимниң раўажланыўының, тез жетилисиўиниң сағасы болып табылады.

ДЕНСАЎЛЫҚ — ТЕРЕҢ БАЙЛЫҚ

«Денсаўлық — терең байлық» дейди дана халқымыз. Дени саў, сап денели руўхый жақтан күшли ҳәм социаллық жетискенликлерге ийе болыў тек ҳәр бир жеке инсанның байлығы ғана емес, соның менен бирге сол инсан жасап атырған жәмийеттиң де үлкен байлығы болып есапланады. Себеби, ҳәр бир жәмийеттиң, мәмлекетлик дүзимниң социаллық ҳәм экономикалық раўажланыўы ушын, биринши гезекте, жәмийетти қураўшы жалпы халықтың денсаўлығы, руўхый байлығы шешиўши роль ойнайды. Адамның өмири ҳәм денсаўлығы ең қымбатлы ең керекли капитал болып есапланған ҳәм оны қорғаў улыўма мәмлекетлик ис деп қаралып, оған үлкен итибар берилип келген ҳәм келешекте де солай болып қалады.

Совет ҳәкимияты ҳүким сүрген заманда да денсаўлықты сақлаў ең бас ўазыйпа деп саналып, бул тараўда жүдә үлкен социаллық ўазыйпалар әмелге асырылады. Ҳәммемизге мәлим, бизиң халқымыз совет ҳәкимияты орнаған дәўирге шекем турмыстан тарығып, жоқшылықты, ашлықты көп көргенлиги себепли көп аўыр кеселликлерге гириптар болған. Ел ишинде қышытпа, қотыр, таз, трахома, безгек, туберкулёз, қызылша, иш аўырыў, соз, сүзек кеселликлери жүдә кең таралған. Сол сыяқлы тиф, қурөзек, тырыспай, шешек, оба, жаман аўырыў деп аталатуғын жуқпалы кеселликлердиң эпидемиялары жийи-жийи ушырасып турған. Экономикалық ҳәм соңиаллық жағдайларының төмен болыўына байланыслы усындай кеселликлер елде ен жайып, өлиўшилик әсиресе, жас балалардың арасында көп болған. Туўылған жүз баланың отыз-қырқы, ал айырым аўыр жыллары алпыс-жетписи бир жасқа жетпей-ақ өлип кеткен. Адамлардың өмири де қысқа болған. «Елли, еллиде ҳалың белли» деген сөзлер, бәлким соннан қалған шығар. Ҳәзир еллиге шыққан ер ҳәм ҳаяллардың көбиси жас көринеди.

Жоқарыда айтылған социаллық жоқшылықтан, аўыр турмыстан пайда болған аўырыўлар, биз жақсы дейик, жаман дейик совет ҳәкимияты жылларында сапластырылғаны рас. Көп алымлар өткен дәўирге бир тәреплеме сыпатлама береди. Тоталитарлық режим дейди де қоя салады. Тоталитарлық режимниң жаман жақлары көп болады, буны бийкарлап болмайды, оны мен жақламақшы емеспен. Соның менен бирге, ол система дәўиринде исленген унамлы ислерди де ядтан шығармаўымыз керек шығар. Болып өткен тарийх-тың ағын ақ, карасын қара деп түсиндириўимиз зәрүр. Ҳәзирги әўладтың ҳәммеси Совет дәўиринде қәлиплескен. Бул туўралы Биринши Президентимиз И. А. Каримов та бир неше рет ескертип айтқан еди. Совет ҳәкимияты жылларында халықтың денсаўлығын сақлаў исине көп итибар берилди. Мәселен, бурынғы СССР заманында денсаўлықты сақлаўға 1950-жылы 2,5 млрд. сом жумсалған болса, 1960-жылы 4,8 млрд сом жумсалды. Ал, 1970-жылға келип, усы мақсет ушын 9,9 млрд сом қаржы жумсалды. Буннан биз сол жыллары денсаўлықты сақлаў исине мәмлекет барған сайын көп қаржы жумсап, оны үлкен мәмлекетлик ўазыйпа дәрежесине көтергенин көремиз. Өзбекистанда да сол жыллары Шараф Рашидовтың басшылығында халқымыздың денсаўлығын сақлаў үстинде дүньяда бурын көрилмеген үлкен жетискенликлер қолға киргизилди. Ташкент, Самарқанд, Андижан медицина, Ташкент педиатрия, Ташкент фармацевтика институтларының ашылыўы ҳәм олардың ел ийгилиги ушын жемисли ислеўи, сол сыяқлы Ташкент қаласында көплеген медицина орайларының хызмет етиўи Өзбекистанда медицина илиминиң бабамыз Әбу Әлий Ибн Сина көрсеткен жоллар менен раўажланыўы бул сөзлеримиздиң дәлили болып табылады. Сол жыллары Өзбекистанда Азия, Африка, Латын Америкасы еллери ўәкиллериниң қатнасыўында Ташкент қаласында көп симпозиумлар өткерилип, Өзбекистан Шығыс еллериниң шамшырағы сыпатында тилге алынды.

Мениң пикиримше, медицина илиминиң раўажланыўы ҳәм халықтың денсаўлығын сақлаў исиндеги жетискенликлер бойынша Өзбекистан бүгин Шығыстың көп еллеринен әдеўир алға кетти, ҳәтте ең алдыңғы раўажланған еллер дәрежесине жетти, деп айтсақ асыра силтеўшилик болмайды. Өзбекистанда медицина илиминиң раўажланыўы Қарақалпақстанда халықтың денсаўлығын сақлаў исин жетилистириўге өзиниң унамлы тәсирин тийгизди. Өзбекистанлы врачлар Қаюм Заиров, Саид Каримов 1930-жыллардың ақырында

Қарақалпақстанға келип, халықтың денсаўлығын сақлаў, жергиликли халықлардың ўәкиллеринен медициналық кадрлар таярлаў исинде биринши қарлығышлардан болды.

Сол жыллары (1932-жылы) Ташкенттеги Орта Азия университетиниң медицина факультетин питкерип келген өзимиздиң халқымыздың туңғыш ўәкили Оразымбет аға Халмуратов болды. Ол қарақалпақ халқынан шыққан биринши врач сыпатында көп жыллар жемисли ислеп, Төрткүл қаласындағы емлеўханаңың бас шыпакери ўазыйпасын атқарды, соңынан Нөкис қаласындағы 1-республикалық емлеўханасында врач-хирург болды. Ол урыс жыллары, оннан кейинги ўақытлары да машинада, самолётта, ҳәтте пайыў-пияда ел аралап жүрип, районларға барды, операцияға қәнигелеспеген емлеўханаларда аўырыўларға операция ислеп, көп инсанлардың өмирин сақлап қалды. Оразымбет аға өзиниң халқына минсиз, қалыс хызмет етип, Қарақалпақстанға, Өзбекистанға мийнети сиңген врач атағына миясар болды. Ол үш рет СССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы деген үлкен атаққа ийе болды. Оразымбет аға жүдә кишипейил, әпиўайы, халық сүйетуғын минези бар, қолы шыпалы инсан еди. Оразымбет ағаның ҳақыйқый шыпакер екенин дәлиллейтуғын өз турмысымнан бир мысал келтирейин.

1950-жылдың басында, обком комсомолдың 1-секретары болып ислеп атырғанымда мен қатты аўырдым. Еки-үш айдың ишинде 10—15 кг аздым, даўысым шықпай қалды. Көп врачларға көриндим. Өзи фельдшер болса да врачқа усаған уқыплы Каширин деген киси ҳүкимет ағзаларын емлейтуғын Нөкистеги поликлиниканы басқаратуғын еди. Соған көриндим. Қалалық емлеўханаңың бас шыпакери Бронштейн деген врачқа да көриндим, ол ҳәр қыйлы таблеткалар берди, бирақ толық диагноз қоя алмады. Сол сыяқлы басқа врачлардың да қабыллаўында болдым. Кейин Оразымбет ағаны үйге шақырып көриндим. Ол мени шешиндирип, басқа әсбап қолланбай қулағы менен тыңлап көрип, «балам туберкулёз болыпсаң» деп, мениң шеп өкпемде еки тесик (еки каверна) бар екен деп, қағазға сызып, сүўретин салып берди. Бизлер Максим Горкий көшесиндеги еки этажлы жайда турағуғын едик. Түбимиздеги номери 3-магазиннен еки шийше «Кагор» деген виноны алдырып, маған бир шийшесин иштирип, «Енди аўқатты тойып же, қақырығыңды жутпа, шийшеге жыйнап жүр»—деп мәсләҳәт берди. «Тез Ташкентке профессор Гаспарянның клиникасына барып

емлениўиң керек» — деп қағаз да жазып берди. Оразымбет аға Халмуратов жазып берген диагнозды, өкпениң сүўретин салып берген қағазларды Нөкистеги қалалық емлеўхананың бас шыпакери Бронштейнге апарып, Ташкентке жоллама бер, мына справкаға қол қой деп көрсетсем, ол Оразымбет ағаны судқа бериў керек, рентгенге түспеген адамға усындай диагноз қойыўға болама?! — деп сөгинип кетти. Кейнинен қалалық туберкулёз диспансериниң бас врачы Ибрагимова деген апайға барсам, ол да жөнсиз гәплерди айтып, Оразымбет ағаны ақыретледи. Сол күнлери Нөкисте электростанция ислемей, және 15 күн рентгенге түсе алмай, бийкар жүрдим. Ташкентке жоллама алмай кетиўге болмады. 15 күн өткеннен кейин рентгенге түстим. Рентгендеги көринис бойынша Оразымбет ағаның сызып берген өкпениң тесиги де, палўан сүйектиң үсти деген сөзлери де дурыс шығып, аттай анық болды. Мине, сонда Оразымбет ағаның профессорлық дәрежеде илими бар врач екенин өзимниң турмысымнан көрип, билип, ҳәмме врачлардан да оның билимли екенине, усындай талант ийеси бизиң халқымыздың ўәкиллеринен шыққанына тәсийин қалғанман.

...1960-жылларға шекем Қарақалпақстанда денсаўлықты сақлаў мәкемелериниң материаллық базасы жүдә төмен дәрежеде болды. Нөкистеги 1-республикалық емлеўханадан басқа типовой емлеўханалар болмады. Гөне Төрткүлдеги тастан салынған емлеўхананы дәрьяның дегиши алып, суў астына кеткеннен кейин, жаңа Төрткүлде қам гербиштен салынған емлеўхана бар еди. Шымбай қаласындағы емлеўхана бурынғы Шымбай пристопының бес-алты бөлмеден ибарат тастан салынған кишкене жайында болды. Хожели қалалық емлеўхана да бурынғы районлық суў хожалығының кеңесинде орналасты. Қоңырат, Беруний, Қыпшақ, Кегейли, Тахтакөпир, Қуйбышев районларының орайларындағы емлеўханалардың да жағдайы усындай болды. Заман талабына жуўап бererликтей емлеўхана, поликлиникалар жоқтың қасында еди, ал аўыллық денсаўлықты сақлаў пунктлериниң аўҳалы районлық емлеўханалардан анағурлым төмен дәрежеде болды.

1960-жыллары Қарақалпақстан бойынша 366 врач болып олардың арасында жергиликли халық ўәкиллери жүдә аз санда болды. Урыстан соңғы жыллары Ташкент, Самарқанд медицина институтларын онлаған адам ғана питкерип келди. Олар Г. Н. Шегенбаев, Б. Н. Нуров, Ш. М. Рахмедов, К. А. Айжигитов, А. Н. Нуртазаев ҳәм тағы басқалар. 1954-жылы Ташкент медицина институтын биринши

мәртебе бир топар 145 жигит питкерип шыққан. Бул үлкен табыс екенин көзде тутып, сол ўақыттағы ӨзКП Орайлық Комитетиниң 1-секретары А. И. Ниязов врачларды өзи қабыл етип, мәсләҳәтлер берген. Олардан Р. А. Бабаназаров, С. С. Султанов, С. Б. Бегжанов, С. Ж. Жуманазаров, С. Н. Ақназаров ҳәм тағы басқаларды атап өтиўге болады.

Сол 1960-жыллары республикада емлеўханаларда 5250 орын (койка) болып, оларда 366 врач ҳәм 1663 орта мағлыўматқа ийе медицина хызметкерлери ислеген. Олардың ишинде көбирек руслар, украинлар, еврей ағайинлер менен бир қатарда басым көпшилиги Ташкент ҳәм басқа областьлардан келген өзбек халқының перзентлери бар еди. Олардың қатарында Ташкенттен келген Каримов Джавдат Саидович көп жыллар даўамында Нөкисте 1-республикалық емлеўханада бас хирург, кейин ала бас врач болып иследи, денсаўлықты сақлаў исинде өзиниң жанкүйерлигин көрсетип, жемисли хызмет етти.

1960-жыллардың екинши ярымынан баслап медицина хызметкерлери, әсиресе врачлар жүдә жеткиликсиз екенин есапқа алып, мен Ережеп Айтмуратович екеўимиз Шараф Рашидовтың ҳәм Өзбекистан ҳүкиметиниң атына хат жазып, үлкен ақсақалдың өзине кирип, ҳәр жылы Қарақалпақстаннан 300 жас жигит-қызларды оқыўға жиберип, медициналық оқыў орынларына жеңиллик пенен (лимитлик орынлар) оқытыўға еристик. Бул мәселе туўралы ӨзКП Орайлық Комитетиниң ҳәм ӨзССР Министрлер Советиниң қарары шықты, ол қарар бойынша ҳәр жылы Ташкент медицина институтына 100 орын, Самарқанд медицина институтына 100 орын, Андижан Мединститутына 50 орын, Ташкент фармацевтика институтына 50 орын Қарақалпақстан қыз-жигитлери ушын ажыратыў жобаластырылған еди. Бул мәселениң орынланыўын биз қатты қадағалап отырдық. Қайсы районнан қанша қыз-жигитлер барып оқыўы керек, оны да алды менен белгилеп қойдық. Бул иске К. Рзаев ҳәм А. Ғайиповлар тиккелей басшылық етти. Олар ҳәр жылы маган, Ережеп Айтмуратовичке жазба түрде баянат берип турды. Басқа оқыў орынларында инженер кадрларды таярлаў да тап усы тақылетте жүргизилди. Бул ислеген ислеримиз босқа кетпеди, өзиниң жақсы жемисин берди. Сол сыяқлы, Нөкистеги медициналық училище де оқыўшы-студентлер қабыл етиў мәселеси талап дәрежесине көтерилди. Усы исленген илажлардың нәтийжесинде 1980-жылдың орталарына келип, врачлардың саны 3000 ға, орта мағлыўматқа ийе

медицина хызметкерлериниң саны 14 — 15 мыңға, емлеўханалардағы орын (койка) саны 13 — 15 мыңға жетти. 1960-жылдың басы менен салыстырғанда врачлардың саны 9 — 10 мәртебеге шамалас, орта маглыўматқа ийе қәнигелер 7 — 8 есеге, орын (койка) саны 3 есеге көбейди.

Сол 1960-жыллардың басында-ақ Қарақалпақстан обкомы менен Министрлер Совети денсаўлықты сақлаў тараўындағы ушырасып атырған кемшиликлерди сапластырыў ҳәм пүткиллей жақсылаўдың стратегиялық бағдарын ислеп шығып, оны басқышпа-басқыш әмелге асыра баслады.

Халықтың денсаўлығын қорғаў иси бул жүдә кең көлемли жумыс болғанлықтан, ол турмыстың көп тараўларын өз ишине алады. Биринши гезекте, елимиздиң экономикалық раўажланыўын тәмийинлеў — пахташылықты, салыгершиликти, мал-шаруашылығын, қурылысты жеделлестириў, сол арқалы халқымыздың турмыс аўҳалын жақсылаў, сондай-ақ елимизди электрлестириў, заманагөй турақ жайлар қурыў, газлестириў, асфальт жоллар қурыў, ишимлик суўлар менен тәмийинлеў ҳәм т.б.

1960-жыллардың дәслепки жылларында талапқа жуўап бермейтуғын емлеўханаларды қайта қурыў, сол сыяқлы изей алып кеткен тахта полсыз, қулаўға келген мектеплерди пүткиллей жаңалаў — бул еки үлкен проблеманы бир мүддеттиң ишинде шешиў ўазыйпасын әмелге асырыў жүдә қыйын болды, себеби ол жыллары бундай ислерди әмелге асырыўға күшимиз де жетпейтуғын еди. Сонлықтан, биз биринши гезекте, мектеплерди қурыў исине кеўил бөлдик. Ал, қайтадан таза, заманагөй емлеўханалар қураман дегенше, оларды ремонтлап, соның менен қатар қалалардағы, аўылдағы жарамлы жайларды емлеўханаларға алып бериў, оларға қосымша жайлар қурыў иси менен шуғылландық. Буның менен биз халқымыздың денсаўлығын сақлаўды екинши дәрежели ис деп қарағанымыз жоқ, денсаўлықты сақлаў мәкемелерине де жетерли дыққат аўдарылды, бирақ еки үлкен проблеманы бир мүддетте әмелге асырыўдың қыйыншылығын оқыўшыларға усы жерде уқтырып кетпекшимен. Ол жыллары Қарақалпақстанның экономикасының қайсы тараўын алма, барлық тараўлардың өзине жетерли қыйыншылықлары, машқалалары болды.

1965-жыл Қарақалпақстанның тарийхында халқымыз ушын улыўма сынақ ҳәм қайгылы жыл болды. Елде тырыспай кесели

(холера) таралып, барлық районларда усы кесел менен науқасланғанлардың есабы жүргизилди. Бул адам өмирине жүдә қәўипли ҳәм қорқынышлы кесел. Мен бул кесел пайда болыўынан бийхабар едим. Август айының бас гезлери, мен Беруний районында пахта атызларын аралап, Қасым Нурымбетович пенен бирге пахтадан жоқары зүрәәт топлаў иси менен шуғылланып жүрген ғезимде Шараф Рашидов мени телефон арқалы излеп атырғанлығын маған хабарлады. Хабарды еситиўден-ақ тез арада район орайына келип, телефон арқалы Шараф Рашидович пенен байланыстым. Ол киси меннен жаңадан пайда болған кеселдиң жағдайын сорады. Мен буннан бийхабар екенимди айттым. Сонда ақсақал тез Нөкиске қайтып, ҳәмме аўҳаллар менен танысып, маған мәлимлеме бериң деди. Мен Нөкиске келип, сол ўақыттағы денсаўлықты сақлаў министри Рейипназар Әметович Бабаназаровтан сорасам, олда ҳеш нәрсени билмейди. Тереңирек сорастырып қарасам, ҳақыйқатында да иш аўырыў кесели менен аўырғанлар бар екен, олардың айырымларынан тырыспай (холера) кеселиниң бактериялары — вибрионлары табылыпты, оны өзимиздиң врачымыз эпидимиолог Н.А. Безменова анықлапты. Бирақ республика денсаўлықты сақлаў министрлигине хабар бермепти. Республикалық КГБ, оның сол жылларғы баслығы полковник Курканин өз каналлары арқалы билип, бизге хабар етпестен Ташкентке, Москваға шифровка — купыя телеграмма жиберипти. Мен Курканинди шақырып алып, тәмбисин бердим. Тәртип бойынша ол алды менен бизге хабар етиўи керек еди. Ал, Н. А. Безменова бул алынған вибрион тырыспай кесели ме, я басқа ма ол ҳаққында исенимли жуўмаққа келмегенликтен буны өз денсаўлықты сақлаў министрлигине хабарламаған. Солай болса да, мен Р. Ә. Бабаназаров ҳәм басқа да медицина хызметкерлерин обкомға жыйнап, кандай ислерди әмелге асырыўды келисип алдық. Рейипназар Әметовичке ҳәмме илажларды тезден ислеп, биринши гезекте ҳәмме иш аўырыў кеселине гириптар болғанларды жыйнаў ҳәм емлеў исин тапсырдық. Усыларды анықлап болып, Шараф Рашидовке мәлимлеме бердим. Ақсақал маған «Москвадан А.Н.Косыгин қол қойған қарар бойынша СССР Денсаўлықты Сақлаў Министриниң орынбасары А. И. Бурназян сизге ертең ушып барады, күтип алып, бирге ҳәмме илажларды ислең, аўырыўдың алдын алың» — деп ескертти. Ташкенттен Өзбекистан Денсаўлықты Сақлаў Министри Башир Икметуллаевич Магзумовтың басшылығында көп қәнигелер Нөкиске келип, иске кирисип кетти. Мен ертеңине

Аветик Игнатевич Бурназянды күтип алдым ҳәм Министрлер Советиниң дачасына орналастырып, ол киси менен обкомға келип көп ойласық өткердик. Ол маған А.Н. Косыгин қол қойып, Қарақалпақстанға жоллама берген қағазды көрсетти. Тырыспай кеселиниң пайда болыўы, әлбетте, айрықша аўҳал, сонлықтан, СССР Министрлер Советиниң баслығы өзи қол қойып қарар қабыл еткен. А.И. Бурназян менен жақыннан таныстым. Ол киси мәмлекетте жүдә белгили адам екен. Ўатандарлық урыс жылларында армия, фронт әскерий уйымларының медико-санитариялық бөлимлерин басқарып, урысқа қатнасқан, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, бир мәртебе Ленинлик (1963-ж), еки мәртебе мәмлекетлик (1953, 1959-жыллары) сыйлықтың лауреаты, радиациялық техника бойынша қәниге, СССР Денсаўлықты Сақлаў Министрлигинде космос ҳәм радиациялық техникалар бойынша орынбасары болып ислейди екен. Бурназянның әскерий атагы генерал-полковник екен. Өзи жүдә саўатлы адам болыўына қарамастан, жүдә қызба, шурт минез, тез қызып, тез суўыйтуғын, «қамайман, аттыраман» — деген сөзлерди көп ислететуғын, Кавказ халықларына тән минезге ийе. Сталин, Микоян заманындағы тәрбияны өзине сиңдирген адам екен. Бирақ оның республикага көп жәрдеми тийгенин айтып кетиўим керек. Оның минезине тез түсинип алған бизиң жигитлер, шеп жағына шықпай, қарсыласпай, мәселени өзиниң пайдасына шешип алатуғын болды. А. И. Бурназянның бригадасының қурамында Москвадан, Ленинградтан қәниге ийелери, алымлар, врачлар, көшпели әскерий емлеўханалар, көп техникалар келип жетти. Олардың ишинде Москвадан, СССР Медицина Илимлери Академиясының академиги Николай Николаевич Жуков-Бережников, медицина илимлериниң докторы, профессор Константин Михайлович Лобан, СССР Қорғаныў Министриниң медико-санитариялық басқармасының баслығы генерал Михайлов, Ленинградтан СССР Медицина Илимлери Академиясының хабаршы-ағзасы генерал-майор Исаак Иосифович Рагозин ҳәм тағы басқалар келди. Сол сыяқлы Ташкенттен академик Исак Қурбанович Муўсабаев, медицина илимлериниң докторы, профессор Шабат Хожаевич Хожаевлар келди. Булар көрнекли алымлар бизге үлкен жәрдемин тийгизди.

ӨзКП Орайлық Комитетиниң қарарына муўапық Ташкентте сол ўақыттағы Орайлық Комитеттиң секретары ҳәм Министрлер Советиниң орынбасары, Халық Қадагалаў Комитетиниң баслығы Мырза Махмудович Муўсахановтың басшылығында айрықша

комиссия дүзилди. Тырыспай кесели бизден басқа Хорезм, Бухара областьларында бирең-сараң пайда болған еди. Ташкентте дүзилген комиссия жумысын бизден баслады. М. М. Муўсаханов ТуркВО ҳәм КГБ генераллары менен Нөкиске келди, аўҳаллар менен танысып болғаннан кейин обкомның бюро мәжилисин шақырыўды талап етти. Н. А. Безменованың қойған диагнозын академик И. К. Муўсабаев, Н. Н. Жуков-Бережников тастыйықлады. Тырыспай кесели екени енди анық белгили болды. Обкомның бюро мәжилисинде «Тырыспай кеселиниң пайда болыўы ҳәм оны тезирек сапластырыўдың илажлары ҳаққында» мәселе қаралды. Бюро мәжилисине Ташкенттен, Москвадан, Ленинградтан келген алымлар, әскерий қәнигелер ҳәммеси қатнасты. Бул мәселе бойынша Қарақалпақстан Денсаўлықты Сақлаў Министри Р. А. Бабаназаров ҳәм Өзбекистан Денсаўлықты Сақлаў Министри Б. И. Магзумовлар мәлимлеме берди. Бюро жүдә аўыр, биреў биреўге гинә қойыў жағдайында өтти. А. И. Бурназян ҳәм М. М. Муўсаханов бизиң министрди орнынан алып, партия қатарынан өшириўди талап етти. Аты ядымда жоқ, ТуркВО ның бир генерал-полковниги мениң қапталымда отырып алып, Рейипназар Әметовичке бирдей алып-топыла берди, обкомның бюро мәжилисин басына көтерди. Ол кисини мен тәртипке шақырып қойдым. Р. Ө. Бабаназаровты бизлер лаўазымынан алыўға, партиядан өшириўге келисим бермедик. Оған қатты партиялық сөгис жәриялап, бирақ партияда қалдырып, жумысын даўам етиўге мүмкиншилик бердик. Бизлердиң дәлилимиз — ҳәзир адамды орнынан алып қурбан ететуғын ўақыт емес, кейинирек көре берермиз, ал ҳәзир Бабаназаровтың өз кемшиликлерин өзи дүзетиўине мүмкиншилик берейик, деген себеп пенен оны қорғап қалдық. Сол күни Рейипназар Әметович түни менен өз кеңсесинде отырып, бир түнде шашы аппақ болып ағарып кетипти. Бурын бир күнде шашы ағарыпты-мыш деген ертекке усаған сөзлерди еситер едим, енди өз көзим менен көрип, бул ертектиң ҳақыйқатлық екенине исендим. Бюроның ертеңине Бабаназаровты кабинетиме шақырып, кеўлин алып, руўхын көтерип, жемисли ислеўине қанат байлап жибердим.

Обкомның бюро мәжилисинде А. И. Бурназян ҳәм М. М. Муўсахановтың усыныслары бойынша пүткил Қарақалпақстан аймағына әскерлер киргизилип, карантин дағазаланды, базарлар жабылды, районлар, аўыллар, колхоз, совхозлар арасында қатнас қадаған етилди, аўқат писиретуғын жәмийетлик мәкемелердиң жумысы

тоқтатылды, бул ҳаққында ҳәмме жерге нусқаў жиберилди. Нөкис қаласында, районларда исти шөлкемлестирип, халықты емлеў, шаншыўлар өткериў мәселелерин уйымластырыў ушын ҳәр районға бир алымнан, обкомның бир бюро ағзасынан бекитилди. Олардан: Кегейли районына Ш. Х. Хожаев ҳәм ҚҚАССР Жоқарғы Совети Президиумының баслығы Дәўлет Ешимбетов, Шымбай районына генерал-майор И. И. Рагозин ҳәм обкомның секретары Марат Нурмухаммедов, Тахтакөпирге генерал Михайлов өзиниң көшпели әскерий емлеўханасы менен ҳәм т.б. районларға да жуўапкерли адамлар бекитилди. Москвадан, Ташкенттен көп дәри-дәрмақлар самолёт пенен алып келинди.

Наўқасларды емлеўханаға алып келип, емлеў менен бир қатарда, ҳәмме елатлы пунктлерде дезинфекция жүргизиў, қара шыбынларды қуртыў, қудық қазып, таза ишимлик суўы менен тәмийинлеў ямаса қам суў ишпеў, аўқат жеў алдынан сабын менен қол жуўыў, үйлердиң арасындағы тасландыларды өртеп, көмип таслаў усаған көп илажлар әмелге асырылды.

Мен А. И. Бурназян менен ҳәмме районларға барып шықтым, орынларда исленип атырған илажлар менен бирме-бир танысып шықтық. Республика белсендилериниң күш-ғайраты барлық жерде санитариялық-гигиеналық жумысларды жүргизиўге, оған улыўма халықты тартыўға бағдарланды. Пүткил халқымыз сол қыйын күнлерде бир адамдай болып, үлкен аўызбиршилик пенен медиклер тәрепинен көрсетилген нусқаўлар бойынша ис шөлкемлестирип, тырыспай кеселин ҳәм оның ақыбетлерин тезден сапластырыў исине белсене қатнасты. Республикамыздың ҳәмме денсаўлықты сақлаў хызметкерлери де үлкен жәмлескенлик пенен, күни-түни хызметте тақ турып, келген апаттан халқымызды аман сақлаў ушын азаматлық ис атқарды, буны айрықша атап өтиў орынлы болады.

Москваның, Ташкенттиң аталарша ғамхорлығының, бизге қаржы, дәри, дезинфекция материалларын кереғимизше жеткерип берип турғанының нәтийжесинде, улыўма халқымыздың жағдайды терең түсинип, апаттың алдын алыў бойынша ислеген хызметиниң нәтийжесинде 1—1,5 ай ишинде тырыспай кесели менен аўырғанлардың көпшилигин жазып, аяғына турғызып, аўырыўлардың жаңадан пайда болыўына жол қоймай, дүнья практикасында биринши мәртебе усындай қысқа мүддетте тырыспайды сапластырыўға еристик. Август айының басында пайда болған кесел сентябрь айының биринши он күнлигинде толық сапластырылды. Усы жүдә

аўыр жукпалы кеселди тез сапластырыўда хызмет көрсеткени ушын еки адам — Н. А. Безменова, И. К. Муўсабаев Ленин орденин алыўға миясар болды. Лаўазымынан алынып, партиядан өшириўге уйғарылған республика денсаўлықты сақлаў министри Рейипназар Әметович Бабаназаров өзиниң шөлкемлестириўшилик иси менен Бурназянға жағып, «Мийнет Қызыл Байрақ» орденин алыўға еристи. Оны М. М. Муўсаханов та қоллап-куўатлады. Соң бизлер Бурназян менен яр дос болып қалдық. Москваға барғанда көп мәртебе оның қабыллаўына кирип, үйинде қонақ болып, Қарақалпақстанда Денсаўлықты сақлаў хызметин жақсылаўға байланыслы медициналық техникалар, автотранспортлар алып турдық.

Қарақалпақстандағы үлкен апатты тез жоқ етиўде көрсеткен жәрдеми ушын Ташкент, Москва, Ленинградтан келген ҳәмме алымларға «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» деген атақ берилди.

Солай етип, тырыспай кесели тез сапластырылып, оның Қарақалпақстанда және қайталанбаўы ушын тийисли илажлар көрилди. Әдетте, тырыспай кесели бир шыққан жеринде бир неше жыл қатарына қайтадан пайда болыўы мүмкин екен, бирақ биз бул кеселдиң қайтып бас көтериўине жол қоймадық. Николай Николаевич Жуков-Бережников ҳәм Константин Михайлович Лобан Қарақалпақстан менен дослығын үзген жоқ, бизге көп илимий кадрлар таярлап берди.

Тырыспай кеселиниң пайда болыўы ҳәм оған қарсы гүрес бизиң медицина хызметкерлеримиз ушын үлкен сынақ болды, оларды иске үйретти, санитария-гигиенаға итибарын күшейтти, ҳәр бир апаттың алдын алыўдың, оны жеңиўдиң усылларын үйретти, аз ба — көп пе, қәнигелигин асырыўға жәрдем етти. Тырыспай кеселине қарсы гүресте өзин көрсеткен бир топар денсаўлықты сақлаў хызметкерлерине партия ҳәм совет басшыларына «СССР дың Денсаўлықты Сақлаў ағласы» деген атақ ҳәм белгиси берилди.

Усы кеселди сапластырыўға келген Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң басшылары Нөкисте ҳәзирги аптека басқармасының жайын салыўды шешип берди. Қарақалпақстан обкомы ҳәм Министрлер Совети елимизде денсаўлықты сақлаў исин және бир басқышқа көтериў мақсетинде врач кадрлардың өз үстинде ислеўи, тәжирийбесин арттырыўы, илимий жумыслар менен шуғылланыўы, медициналық жәрдемниң мәдениятын ҳәм сапасын және де жақсылаў мәселелерине айрықша итибар берди. Москвадан

академик В. В. Соловьев, Н. Н. Жуков-Бережников, профессорлар Т. М. Лобанов, И.К.Алимов, И. Х. Муўсабаев, профессор Ш. Х. Хожаев, С. М. Бахрамов, Н. К. Муратхожаев ҳәм тағы басқалар Нөкиске шақырылып, бир неше рет симпозиумлар, илимий-практикалық конференциялар өткерди. Қарақалпақстанлы врачлар Москвада, Ленинградта, Киевте, Ташкентте, Алматада, Казаньда ҳәм басқада орайлық қалалардағы врачлардың билимин жетилистириў институтларында оқыды ҳәм тәжирийбесин арттырып барды.

1960-жыллардың ақырларынан баслап медицина мәкемелериниң ҳәм емлеўханалардың материаллық–техникалық базасын беккемлеў, оларды медициналық аппаратлар, тағы басқа үскенелер менен тәмийинлеў үстинде айтарлықтай жумыслар исленди. Аўыллық емлеўханаларға совхозлар менен колхозлардың орайларындағы сол дәўирдиң ең жақсы административлик жайлары алып берилди. Салы совхозлары (Чапаев атындағы, «ХХ партсъезд», «ВЛКСМ ның 50 жыллығы», «Майжап», «Мәденият» ҳәм «Қараөзек») орайларында ҳәр қайсысы 50 койкалық заманагөй, тас гербиштен өрилген еки этажлы емлеўханалар бой тикледи.

Солай етип, 1970-жыллардан баслап медицина мәкемелериниң, емлеўханалардың қурылыслары әўеле аўылларда кең көлемде, атап айтқанда, «Қарақалпақирсовхозстрой»дың күши менен ҳәмме тазадан ашылған 25 салы совхозында, «ЮгККводстрой» трестиниң күши менен Елликқаладағы төрт пахташылық совхозларында «Целинхлопирсовхозстрой» трестиниң күши менен Жамбасқаладағы тазадан ашылған хожалықларда қызғын жүргизиле баслады. Биринши гезекте СССР суў хожалығы министрлигиниң, Өзбекистан суў хожалыгы министрлиғиниң бөлип шығарған қаржылары ҳәм материаллық ресурслары есабынан аўыллық жерлерде, арқа райондағы ҳәмме тазадан ашылған салы совхозларында, қубла районлардағы тазадан пахта ушын өзлестирилип атырған хожалықларда медицина объектлериниң қурылысы қызғын басланып кетти. Бул хожалықларда турақ жай қурылысы менен бир қатарда емлеўханалар да қурыла баслады. Еле емлеўхана қурылысы жөнге түспеген районларда орайлық емлеўхана қурыламан дегенше аўыллық емлеўханалар пүткил район халқы ушын хызметте болды.

1970-жыллардың ортасына келип қолымыз бираз узайды, қурылыс мәкемелериниң саны көбейди, қурылыс индустриясы дәслепки өнимлерин бере баслады. Мектеплердиң басым көпшилиги ашынарлы аўҳалдан қутылып, таза имаратларға ийе болды. Енди ҳәмме

күшти жәмлеп емлеўханалардың қурылысына кирисиў пайты да келди. Сонлықтан, Қарақалпақстан обкомы менен Министрлер Совети 1976—80-жылларды медицина объектлерин қурыў бес жыллығы деп дағазалады. Ҳәмме күш, қаржылар, материаллық ресурслар усы ўазыйпаны шешиўге бағдарланды. Бул иске районлардың басшылары да билек сыбанып киристи.

1970-жыллардың орталарынан баслап, дәслеп суў алыўдан апатшылыққа ушыраған Беруний районында сол ўақыттағы модаға кирген Б. В. Петровскийдиң (бурынғы СССР Денсаўлықты Сақлаў Министри) басламасы менен басланған көп профилли бирлескен районлық емлеўханалар қурыла баслады. Бул емлеўханалар 5 этаждан ибарат болып, бурынғы СССР дың аймағында ҳәмме жерде қурыўға масластырылған еди. Беруний районы орайында бул емлеўхананың қурылысы қызғын басланып кетти. Оның қурылысына сол ўақыттағы райкомның биринши секретары, қурылыста өзин көрсеткен басшы Алымбай Ражаповтың өзи басшылық етти. Кемис-кутықларының ҳәммесин өзи таўып берип, бизлердиң де көп тынышымызды алып, мәселе көтерди, анаў жетпейди, мынаў жетпейди деп, А. Ражапов қурылысқа жедел басшылық етти. Бул Қарақалпақстанда район орайларында қурылған биринши, туңғыш емлеўхана еди. Ол жүдә жақсы, шырайлы, сулыў имарат болып питти. Қурылысы питип, емлеўхана толық үскенеленип болғаннан кейин республика белсендилерин, барлық район басшыларын, қурылысшыларды, медицина хызметкерлерин сол емлеўханаға жыйнап, үлкен көргизбели семинар өткерилди, оны мен өзим басқардым, ўазыйпалар ҳаққында шығып сөйледим, Өзбекистан Денсаўлықты Сақлаў Министрлигиниң жуўаплы ўәкили де қатнасты. Бул емлеўхананы көрген район басшылары «Не ушын бизде бундай емлеўхана қурылмайды? Ямаса бизиң халқымызға бундай емлеўхана миясар емес пе?»—деген саўалларды қойдым, саўалдың кейни талапқа айналды. Район басшыларының бизлерден буны талап етиўи бизди қуўандырды, булай болыўы да тәбийий еди. Солай етип, емлеўханалардың қурылысы республикада кең қулаш жайып ҳәмме районларға таралды.

Төрткүл районы республикада орны гиреўли үлкен район болса, ал оның басшысы Қасым Нурымбетов жүдә абыройлы ел ақсақалы болды. Қасым Нурымбетов Берунийдегидей 5 этажлы 240 орынға ийе емлеўхана қурыўды бизлерден талап етти. Биз мақул дедик. Солай етип, Төрткүлде емлеўхана қурылысы басланып кетти.

Қасымның өзи ҳәр он күнде қурылыс басында таллаў өткерип, қурылысқа жақыннан басшылық етти. Мен ҳәр сапары Төрткүлге барғанымда, ол «Ақсақал, емлеўхананы көрип кетиң» — деп өтиниш етер еди. Мен бир неше мәртебе қурылыс басына барып, шешилмеген мәселелерин шешип бердим, қурылысқа жәрдемимди тийгиздим. Районның басшысы кеўил бөлгенликтен Төрткүлдеги емлеўхананың қурылысы жүдә тез ҳәм сапалы болып питти. Ондағы операция ететуғын бөлме ҳәтте мрамор менен безелди.

Усындай 5 этажлы емлеўхана Тахтакөпир, Шымбай районларының орайында да қурылды.

Хожели республикадағы ең үлкен өндирис орайы, транспорт түйиспеси, мәдений, экономикалық жақтан раўажланған, халқы көп қала. Енди Хожели қаласында бирлескен емлеўхана қурыўымыз керек болды. Пиржан Халмуратов бул емлеўхананың қурылысына көп күш салды. Биринши диен, оның қурылысын жобаға киргизиў қыйын болды, Өзбекистаннан берилген лимит таўсылып қалды. Усы жерде бир ҳақыйқатлықты айтыўымыз орынлы шығар деймен. Сол жыллары Өзбекистанда емлеўхана қурылысы бойынша жобадан зыят қаржы өзлестиретуғын тек бир ғана Қарақалпақстан еди. Басқа областьлар жобаны орынламай жүрсе, бизлер ҳәр жылы 10 — 15 процент артығы менен орынлап, ҳүкиметтен қосымша қаржы алып турдық. Сол ўақыттағы ӨзССР Министрлер Советиниң баслығының орынбасары Р. Х. Абдуллаева мени көргенде бирдей өзиниң миннетдаршылығын билдирер еди.

Хожелиде емлеўхана қурыўды жобаға киргизиў, оның қурылысына тез кирисиў ҳәм қурылыс басланғаннан кейин оған қосымша қаржы бөлиў бойынша Пиржан Халмуратов ӨзССР Министр Советиниң баслығы Н. Ж. Худайбердиевқа, маған ҳәр он күнде бир рет телефоннан қоңыраў етип турды. Сонлықтан, Хожелидеги көп профилли бирлескен емлеўхана П. Халмуратовтың иске билекти сыбанып кирискениниң нәтийжесинде қурылып питти. Мен оның тири гүўасыман.

Сол сыяқлы усындай емлеўхана Әмиўдәрья районының орайында суў хожалығының есабынан питкерилди. Райкомның административлик 2 этажлы жайы, мийманханасы, райкомның биринши секретары жасаған квартира — ҳәммеси район емлеўханасына берилди. Пахсадан салынған гөне жайлар қулатылып, 2 этажлы тас гербиштен заманагөй емлеўхана қурылды. Райкомның бурынғы биринши секретары Нарбай Қурбанбаев қурылыс исине

аз қызыққанлықтан, бул емлеўхананың қурылысына мен Еркин Онғалович Тәтибаев пенен бирге басшылық еттик.

Усындай жол менен турақ жай есабынан, жергиликли бюджет есабынан Қараөзек районы орайында, Қоңырат қаласында заманагөй емлеўханалар салынып питкерилди. Бул емлеўханаларды қурыўда Султан Қаниязов ҳәм Қурбанбай Әбдировлар тилге аларлықтай хызмет етип, қурылыс исин қызғын алып барды.

Солай етип, 1970—80-жыллары денсаўлықты сақлаў мәкемелерин қурыў бес жыллығы деп дағазаланған бес жыллық ишинде ҳәмме районларда көзге көринерликтей областьлардағыдан кем емес емлеўханалар салынды, олар толық электрлестирилди, газлестрилди, орайлық жылытыў үскенелери, таза аппаратуралар, таза үскенелер, төсеклер менен толық тәмийинленди ҳәм радиоластырылды.

Нөкис қаласында да әдеўир тилге аларлықтай жаңа объектлер қурылып, иске қосылды. Көп объектлер бюджет есабынан емес, ал басқа тараўлардан қаржы бөлип алыў арқалы қурылды. Олардан пахташылық санааты министрлиги есабынан Нөкисте 600 орынлық бирлескен қалалық емлеўхана, «Қарақалпақирсовхозстрой» есабынан Нөкисте туберкулёзди емлейтуғын 600 орынлық диспансер стационары менен қоса, сондай-ақ «Қарақалпақирсовхозстрой» өз қәрежетине өзиниң хызметкерлери емленетуғын, ҳәзир республикалық кардиологиялық орай болып аталатуғын үлкен заманагөй емлеўхана жайын қурып, пайдаланыўға тапсырды. Нөкисте партия-совет белсендилери, урыс майыплары да емленетуғын комплексли республикалық 2-емлеўхана иске қосылды. Бул емлеўханада 70-жыллардың ақырында жүзиў бассейни, спорт залы, грязолечение қурылып, кеңейттирилди. Сондай-ақ Нөкисте көз емлеўханасы, жуқпалы кеселлер емлеўханасы, балалар кеселлигин емлеў санаторийи ҳәм емлеўханасы толық питкерилип, иске қосылды. 1980-жыллардың басында ҳүрметли Шараф Рашидов пенен Тақыятас, Хожели тәрепке жол жүрип баратырып Нөкистиң Қызкеткен елатына барғанда (Гербиш завод) усы үш қаланың орталығы «Қызкеткен» (ҳәзирги «Дослық» каналы) каналының бойындағы үлкен емлеўхана қурыў ҳаққында гәп басладым. Келешекте бул үш қала қосылып «Будапешт» болыўы мүмкин деп те қосып қойдым, күлкиге алып.

Мына ашық жерге үш қалаға орталық үлкен емлеўхана курсақ жүдә жақсы болар еди, деп гәп басладым.

Шараф Рашидов усындай халыққа хызмет ететуғын қурылыс болса, оны жаны менен қоллап-куўатлайтуғын еди.

—Мен СССР Госпланының баслығы Байбаковқа хат жазып берейин, қалған жағын өзиң шешерсең,—деди Шараф Рашидов.

Мен Ш. Рашидовтың хатын алып, Байбаковқа еки-үш мәртебе қатнап, келисим алып, Нөкистен Хожелиге кетип баратырғанда оң қол тәрепте жайласқан жерде мың орынлық үлкен емлеўхана қурылысы басланған еди. Мен Румынияға кетип қалдым. Нөкис қалалық комитетиниң биринши хаткери Рейпназар Аметович Бабаназаров денсаўлығына байланыслы жумыстан шығып еди. Сонлықтан, 166-трестиң баслығы Стефанюк бул объектти қурыўға жедел кирисип кеткен еди. Бирақ, заманның өзгериўине байланыслы ол қурылысқа жетерли кеўил бөлинбей, бул объект қурылмай қалды.

Нөкис қаласында Өзбекистанда Ташкенттен соң екинши болып барокамера үскенеси номери биринши ҳәм екинши республикалық емлеўханалар да қурылды. Оны қурыўда бизиң достымыз академик Сергей Наумович Ефуни көп жәрдем етти. Бизиң өтинишимиз бойынша ол бул үскенелерди ислетиўди өз мойнына алып, қол көмегин аямады.

Республикада тазадан қурылған көп санлы емлеўханаларды заманагөй техникалар, аппаратлар менен үскенелеў мақсетинде мен, сол ўақытта Қарақалпақстан Денсаўлықты Сақлаў Министри болып ислеген талантлы хирург Абдулла Маткаримович Худайбергенов пенен екеўимиз бир неше мәртебе СССР Денсаўлықты Сақлаў Министри Борис Васильевич Петровскийге кирдик. Бизлерди академик Петровский жүдә жақсы қабыл етти. Мен, Қарақалпақстанда 1970—80-жыллары емлеўханалардың қурылысын жеделли пәт пенен жүргизип, денсаўлықты сақлаў объектлерин қурыў бес жыллығы етип дағазаланғанын, ҳәмме күш, материаллық ресурслар, қаржылар көп профилли, сизиң айтқаныңыздай, 240 орынлық емлеўханаларын қурыўға жумсалып атырғанын, соның менен бирге басқа тараўлардың да қаржылары денсаўлықты сақлаў объектлерин қурыўға бағдарланғанын айтып бердим. Мени Борис Васильевич дыққат пенен тыңлап, үлкен миннетдаршылық билдирди, Россияның ҳеш областьларында, ямаса басқа республикаларда денсаўлықты сақлаў объектлерин қурыўға бундай дыққат жоқ екенин айтып, бизлердиң ислеген ислеримизден қанаатланып қалды. Борис Васильевич Петровский бурынғы СССР да жүдә белгили адам. Ол үлкен академияның академиги ҳәм СССР медицина илимлер академиясының да академиги, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, Ленинлик ҳәм мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты,

Ўатандарлық урыс жылларында фронт госпиталларында хирург болып ислеген, 1965-жылдан берли СССР Денсаўлықты Сақлаў Министри, соң Москвадағы аўқамлық бүйреклерди емлейтуғын орайдың (бас шыпакери) директоры болып иследи.

Мен сол сапары Борис Васильевичтиң алдына еки мәселе қойдым. «Биринщиси, бизиң министр сиз сыяқлы, хирург, илим кандидаты дәрежеси бар, қолы гүл талант ийеси, бизиң елде үлкен ҳүрмет-иззетке ийе, ҳәзир докторлық диссертацияны қорғаўға таярланып жүр, соған илимий басшы болың. Үлкен министр кишкене министрге ғамхорлық етип, тәрбиялаң, өзиңиздиң дәрежеңизге көтериң. Екинши өтинишимиз, бизлер көп емлеўхана қурып атырмыз, халықты емлеўдиң дәрежесин заман талабына сай етип алып барыўымыз керек. Соңғы он жыл ишинде 2000 нан көбирек врач таярладық, медицина илими алға өсип кетти, енди бизге таза техникалар керек, медицина санааты министрлигине тәртип берип, бизиң елимизге адайыда, техника бөлип шығарың, 3—4 жыл бизге жәрдем етиң, бул бизиң таза емлеўханаларымызға сиз тәрептен берилген пайғазы болсын. Көп сандағы таза емлеўханалар қурған елди сиз қуўатламасаңыз, ким қуўатлайды? — дедим. Бизиң еки тилегимизди де академик Б. В. Петровский мақуллады, келисим берди. Енди Абдулла инимиз Петровскийдиң шәкирти болып, Нөкисте министр лаўазымын атқарып жүрип, докторлық диссертациясының үстинде нәтийжели жумыс иследи. Соң ол Өзбекистан СССР Денсаўлықты Сақлаў Министри лаўазымында ислеп жүрип, бул илимий жумысын даўам етти. Бирақ докторлық диссертациясы таяр болып, енди жақлайын деп жүргенде Салықовтың нускаўы бойынша ол да қамаққа алынды. Абдулла Маткаримовичти Гдляншылар наҳақтан еки жылдан көбирек қамақта услады, бирақ өзлери ойдан тоқыған қылмысларды оған жабыстыра алмады. Абдулла докторлық диссертациясын қамақтан ақланып шыққаннан кейин Москвада, өзиниң устазы Петровскийдиң басшылығында табыслы жақлады.

Бизиң өтинишимиз бойынша СССР Денсаўлықты Сақлаў Министри республикамыздың емлеўханалары ушын рентген, анестезиологиялық, реанимациялық, наркоз аппаратлары, томографлар, сканнерлер, эндоскоплар, компьютерлер, радио изотоп аппаратлары, энцефалографлар, УЗИ аппаратлары, мониторинглер, ЭКГ ҳәм стоматологиялық аппаратлар, лабораториялық аппаратлар, арнаўлы автомашиналар ҳәм т.б. көп сандағы таза техникалар менен үскенелер алынды. Булардың барлығы халқымыздың денсаўлығы ҳәм ел

ийгилиги ушын хызмет етти ҳәм ҳәзирги ўақытта да хызмет етип атыр.

Соның менен бирге, республика тәрепинен халықтың денсаўлығын сақлаў тараўы ушын бюджеттен бөлип берилген қаржылар бизиң кең көлемдеги жумысларымыз ушын жетпейтуғынлығын есапқа алып, мектеплер ушын берилген қаржылардың есабынан Нөкис қаласында төрт этажлы медицина училищесиниң оқыў базасын курып бердик. Денсаўлықты сақлаў объектлерин қурыўға ҳәмме министрликлердиң мүмкиншиликлерин, қаржысын, материаллық ресурсларын пайдаландық. Көп жумыслар исленди, бирақ бул денсаўлықты сақлаў мәкемелери толық қурылып питти деген мәнисти аңлатпайды, еле де бул тараўда шешилмеген машқалалар толып атыр.

Деген менен сол дәўирде исленген илажлар елимизде денсаўлықты сақлаў исиниң анағурлым жоқары дәрежеге көтерилгенин бизиң халқымыз биледи. Бул тараў бойынша исленген үлкен көлемли ислеримизди Ташкент те биледи. Бул жоқарыдағы илажларды иске асырыўда сол жыллары бизде министр болып ислеген Чаржаў Әбдировтың, Абдулла Худайбергеновтың үлкен хызметлерин айтпай кетиўге болмайды. Соның ушын шығар, 1981-жылы Шараф Рашидович маған «ВЧ» арқалы телефон етип, бизге Чаржаў Әбдировты Өзбекистанға Денсаўлықты Сақлаў Министри етип берин деп сорады. Мен келисим бермедим, себеби Чаржаў инимиз жаңа ғана биринши университеттиң ректоры болып, жүдә жемисли ислеп атыр еди, оны жибериўге кеўилим бармады. Университет Қарақалпақстан ушын ең керекли, әҳмийетли оқыў орны, оған және ректор излеў, Чаржаўдай ылайықлы адамды табыў қыйыншылыгы көз алдыма келди. Усыларды ойлап, Шараф Рашидовке, оның орнына медицина илиминиң кандидаты, хирург А. М. Худайбергеновты беремиз, ол жүдә азамат жигит, оны Е. Айтмуратовтан сорап көриңиз, ол биледи, мениңше усы кандидатура дурыс болады — деп усыныс киргиздим. Ақсақал екинши телефон арқалы Е. Айтмуратовтан сорады, мен еситип турдым, ол да Абдулла Маткаримовтың кандидатурасын қоллап-қуўатлады. Солай етип, бизиң Абдулла инимиз Өзбекистан Республикасы Денсаўлықты Сақлаў Министри болып кетти. Оны Петровский де мақул көргенге уксайды. Бул Қарақалпақстан Денсаўлықты Сақлаў хызметкерлерине көрсетилген үлкен исеним еди. Бул исенимге биз өз хызметимиз бенен, үлгили исимиз бенен миясар болдық.

Шыпакердиң кәсиби айрықша кәсип. Халқы, ели ушын жанын пидә етип, уйқысынан безип күн-түн демей шақырған науқастың үйине барып, ем буйырып, бузылған денсаўлықты дүзетиў ушын ел хызметинде болыў — бул әдиўли ис. Соның ушын врач ҳәр бир адамның ең жақын досты. Өзиниң денсаўлығын умытып, өзге инсанлардың денсаўлығын ойлаў, оны емлеп саўалтыў ушын қолынан келген ҳәмме илажларды ислеў — бул үлкен адамгершиликли ис, оны врач ислейди. Сонлықтан, ол бийбаҳа, ҳәмме қәстерлейтуғын кәсип ийеси. Мине, халқымыз денсаўлық сақшыларына усындай жоқары баҳа береди.

Бизиң пүткил халқымыз төбесине көтерип сыйлаған ардақлы ақсақал шыпакеримиз Оразымбет аға Халмуратов, сондай-ақ, оның тәрбиясын көрген шәкиртлери Рейипназар Әметович Бабаназаров, Джавдат Саидович Каримов, Сапар Султанов, Сералы Бегжановлар республикамызда медициналық хызметкерлерди жоқары дәрежеге көтериўге айрықша үлес қосты. Бизиң емлеўханаларымыз олардың атына қойылды. Олар бизиң халқымыздың жүрегинде мәңги жасайды.

Бизиң көп ғана врачларымыз сондай үлкен ҳүрмет-иззетке ийе. Олардан Андреева Лилия Александровна, Бегжанов Қосжетер, Сүлейманов Аяпберген, Кәрибаев Дүзелбай, Әметов Минажатдийн, Досназаров Аллаяр, Ешниязов Наўрызбай, Сапаров Абдулла, Оразалиев Базарбай, Цой Максим Алексеевич, Сапаров Оңғарбай, Мәмбетов Жүзмурат, Исмайлов Бекнияз, Узақбергенов Айтжан, Отаршаев Омарғалий, Әбдижамалова Тасқынбийке, Оразалиева Клара, Тилеўбергенов Әбдижәмил, Алымов Шүкирилла, Жуманазаров Сейтназар, Кәримов Әўезмат, Қалийев Муздыбайларды атап өтиўге болады.

Бүгинги күни бизиң ғәрезсиз Өзбекистанымызда халықтың денсаўлығын сақлаў исине мәмлекетлик көлемде айрықша кеўил бөлинип атыр. Ҳүрметли Президентимиз республикамызда халыққа медициналық хызмет көрсетиўди жоқары дәрежеге көтериў ҳәм шыпакерлердиң нәтийжели хызмет ислеўин тәмийинлеў бойынша үлкен әмелий илажларды избе-излик пенен иске асырылмақта. Қуяшлы Өзбекистанымыздың ажыралмас бир бөлеги болған Қарақалпақстанда Ташкент мәмлекетлик педиатрия институты филиалының ашылыўы, Өзбекистандағы гүллән шыпакерлерге көрсетилип атырған жеңилликлер бул сөзимиздиң дәлили болады.

Ҳақыйқатында да, биз жоқарыда айтқанымыздай, халықтың денсаўлығы — ҳәр бир елдиң алтын ғәзийнеси, оның абаданлығы. Ал усы ғәзийненің турақлы сақшылары — мың-мыңлаған адамларға қайтадан өмир бағышлап атырған бизиң шыпа қоллы медицина хызметкерлеримиз болып табылады. Соның менен бирге, мениңше, халықтың денсаўлығы ушын тек медицина хызметкерлери ғана емес, ал ҳәр бир адам жуўапкер екенин сезиўи керек ҳәм бул әдиўли иске өзиниң үлесин қосыўы тийис. Ҳәр бир адам өзиниң, өз шаңарағы ағзаларының дени саў, сап денели, руўхый жақтан жетилискен болыўы ушын, демек, ақыл-парасатлы, жәмийетимизге көбирек пайда келтире алатугын уқыпқа ийе болыўы ушын гүресиўи лазым. Усы жерде мен сөзимди бизиң көрнекли шайырымыз Ибрайым Юсуповтың «Ўа денсаўлық, денсаўлық» — деген қосығынан үзиндилер менен жуўмақламақшыман:

Ўа денсаўлық, денсаўлық,
Усайсаң ағар булаққа,
Сол булақтың басынан
Әкетер жыллар узаққа,
Врачлардың кеңесин,
Илмей кеттим қулаққа.
Айналдырғаным сен болдың,
Бара қойсам қонаққа...

Ўа денсаўлық, денсаўлық,
Қылық жоқ қудай сүйгендей,
Сен шеккен шылым дутинен,
Тандырдың оты сөнгендей,
Сен жуткан никотинлерден,
Бир үйир жылқы өлгендей...
Минип жүрген атың да.
Күтим талап етеди,
Денсаўлық та қатындай,
Қарамасаң кетеди.

КӨРКЕМ ӨНЕР — ЕЛДИҢ КЕЛБЕТИ

Көркем өнер ҳәр бир халықтың тарийхый өтмишин, оның мәдений турмыс дәрежесин, миллий өзгешелигин көрсететуғын, неше мың жыллардан берли әўладтан-әўладқа өтип киятырған инсанның бийбаҳа қәдириятларынан есапланады. Бул қәдириятлар бизиң ҳәр биримиздиң күнделикли үй-руўзыгершилигимизде адым сайын гезлеседи. Бизиң ҳәммемиз ишинде аўнап өскен әшекөйли ақ отаўдың ойма нағыс салып безелген есик қаслы ергенегинен баслап қызыл, ақ басқурлар аймалаған уўықлардың ушындағы пөпек баўлы, шаңарағына шекем кисиге заўық бағышласа, үйдеги арша, сандық, текиймет, ғилем, көрпеше, ҳәтте ыдыс-табақ сыяқлы дәскелердиң бәринде көркем өнердиң излерин көрип, ләззет аламыз. Әзелден гөззаллыққа шайда халқымыз услап-тутқан нәрсе-қараларының кеўилге қонымлы, тартымлы болыўына қызық-қанлығы себепли ел ишинде өнер десе он бармағы ойылған шеберлер, ағаштан түйме соққан атақлы усталар, дуўтарының дәстесине бүлбил қондырған хош ҳаўаз сазенделер көп болған. Той-мерекелерде, ҳайтларда, гештеклерде, ҳәр қыйлы байрамларда көркем өнер шеберлери айрықша көзге түскен. Көк койлек кийип, қызыл киймешектиң үстинен жипек жегде жамылып, өңир моншақ, ҳәйкел-түймелер тағынып шыққан қыз-келиншеклер мерекелерге сән берген, сазенде-гөйенделердиң йошына йош қосып, лапызын ҳәўижлеткен. Халқымыз сүйип тыңлайтуғын «Түрмениң сыртынан айдыллы шалып», «Көк көйлек ишинде илгекли түйме», «Мениң ярым кийер зербап дарайы», «Сылқылдайды геўишиниң өкшеси» сыяқлы қосық қатарлары мине усындай заўықланыўлардан дөреген болса керек. Халқымыздың мақтанышы болған Жийен Жыраў, Бердақ, Әжинияз, Өтеш сыяқлы сөз шеберлери өз заманында шайыр сыпатында да, алым, тарийхшы, сазенде, ҳәтте композитор

сыпатында да елге хызмет етип танылғаны, қарақалпақ көркем өнериниң раўажланыўына салмақлы үлес қосқаны, бүгинги күнге шекем халық аўзында сақланып келген теберик намалардың биразын усы талант ийелериниң дөреткени даўсыз деп ойлайман.

Халықтың алтын ғәзийнесине айналған усындай сазлар менен қосықларды ел аралап жүрип йошлы лапыз бенен жаңлатқан бақсы-жыраўлар, қыссаханлар көп болған. Солардың арқасында бул бийбаҳа дөретпелер әўладтан әўладқа өтип, бизиң әсиримизге шекем жетип келген. Бизиң заманласларымыз Қаражан бақсы, Айтжан Хожалепесов, Есжан Қосполатов, Жапақ Шамуратов, Қыяс Хайратдийнов, Аббаз Дабылов ҳәм басқалар бул халықлық дөретпелердиң өмирин мәңгилестириўге, жаңа заманға сай жаңа мазмун берип жаңартып, байытып, халық арасында кең таратып, көп шәкиртлерге устазлық етип, журтшылықтың терең иззет-ҳүрметине миясар болды.

Мен бул әжайып инсанлардың теберик лапызларын жас гезимде талай рет аўылымыздың клубында, той-мерекелерде тыңлағанман. Адамлар қулақтың шаңын кетирейик деп, кеште клубқа жыйналып, қосық, саз ҳәм дәстанларды ярым ақшамға шекем силтидей тынып тыңлайтуғын еди. Мен соң есейе келе олар менен хызмет бабында көп мәртебе дийдарластым, сәўбетлес болдым, ағалық мәсләҳәтлерин еситтим, ретинде олардың өтинишлерин бәржай етип, жәрдемимди берип, пәтияларын алдым.

Өтмишке нәзер салсақ, бурынлары да ел ағалары өз халқының миллий дәстүрлериниң, үрп-әдетлериниң сақланыўына, көркем өнердиң раўажланыўына үлкен кеўил бөлгенлигин тақыйық көремиз. Дуйым журтқа аты кеңнен жайылған жүйрик тилли шешенлердиң, шайырлардың айтысы, бақсы-жыраўлардың жарысы уйымластырылып турған. Жеңимпазлар сыйлықланған. Сондайақ, ел басқарған бабаларымыз ел ишинде қолы гүл шеберлердиң қатарын көбейтиў менен бирге, қол өнери кәсибиниң әўладтан-әўладқа өтиўине де үлкен итибар бергенлиги мәлим. Қолының өнери бар усталар, зергерлер, гилем тоқыўшылар, үйшилер, гүлалшылар, ҳәтте ер-туман соғып, жона тигиўшилер елдеги сыйлы адамлар болған. «Өнерлиниң қолы алтын» — деген нақыл сөзлер халықтың оларға иззет ҳүрметин көрсетеди.

Халықтың көркем өнери, оны раўажландырыў мәселелери бизиң дәўиримиздеги басшылардың да дыққат орайында болды. Қарақалпақстанның әўелги басшылары Аллаяр Досназаров та,

Қасым Әўезов та, олардан кейинги басшылар да қарақалпақлардың тили ҳәм әдебияты менен бир қатарда, көркем өнериниң де изертленип үйренилиўи ҳәм оны раўажландырыў жолында көп жумыслар ислеген еди. Жигирмаланшы жыллары Әбдираман Өтепов басшылығында шөлкемлескен ҳәм қалың ел ишинде зор хызметлери менен кеңнен танылған «Таң нуры» труппасы отызыншы жыллардың басында ҳәзирги Бердақ атындағы театрдың дүзилиўине тийкар болды. Урыстан соңғы жылларда көркем өнер менен шуғылланған ел ақсақаллары арасында Наўрыз Жапақовтың хызметлери айрықша болған еди. Оның бул тараўдағы үлкен хызметлерин халқымыз ҳеш ўақытта ядынан шығармайды.

Мен ел басшылығына келген алпысыншы жыллардың басында халық хожалығының басқа тараўлары сыяқлы көркем өнердиң де шешилмей атырған машқалалары жеткиликли болды. Нөкисте мәмлекетлик театр менен филармониядан басқа көзге көринерликтей көркем өнер жәмәәти жоқ еди. Олардың жемисли жумыс ислеўи ушын жақсы шараят болмады. Урыс жыллары салынған жалғыз театрдың сахнасы қайсы бирине жетсин. Кең көлемде жумыс алып барыў мүмкиншилиги болмады. Буның үстине көркем өнерге басшылық ететуғын жергиликли қәниғелер, ғайраткерлер оғада аз еди. Бухарадан композитор Әлимжан Халимов, Ташкенттен балетмейстер Лизаханум Петросова, Россиядан художник Б. Каменев ҳәм тағы басқалар келип, қарақалпақ көркем өнерин жоқары басқышқа көтериўге көп жәрдемин тийгизди. Көркем өнер тараўында ислеп атырғанлардың көпшилиги арнаўлы билимге ийе болмаған, тек 20—30 жыл даўамында ислеген тәжирийбесиниң арқасында өңменлеп киятырған кексе адамлар еди. Артистлердиң сахнага кийип шыққандай оңлы костюмлери болмағанлықтан, гейде бир костюмде еки-үш номер атқарылатуғын жағдайлар жийи гезлескени ҳеш кимге сыр емес. Сазенделердиң қолында ҳәзирги заман талабына сай келетуғын саз әсбаплары болмады. Сахнаға жарасатуғын костюмлерди тиктириўге ҳәм саз әсбапларын сатып алыўға қаржы бөлип шығарылмады. Қулласы, алпысыншы жылларға шекем Қарақалпақстанға сырттан басшы болып келгенлер арасында халқымыздың миллий көркем өнерин, оның әдебияты менен әжайып дәстүрлерин түсинетуғын адам болмағанлықтан, көркем өнерге жетерли дәрежеде кеўил бөлинбеген. Нәтийжеде, көркем өнер заман талабы дәрежесинде өсип раўажланбады. Бул ашынарлы жағдай.

Туўған халқымның тәғдири ушын жуўапкершилик мойныма жүкленген дәслепки күнлерден баслап-ақ Қарақалпақстанның экономикасы менен мәдениятын, соның ишинде, көркем өнерди жоқары дәрежеге көтериў бойынша оғада үлкен ҳәм қыйын ўазыйпаларды шешиўиме туўра келди. Әлбетте, бул оғада машақатлы, бирақ әдиўли ис еди, өйткени көркем өнер — елдиң келбети. Ҳәр бир халық ең әўеле өзиниң көркем өнери менен танылады. Қарақалпақ халқы да басқа халықлар сыяқлы өнерге, талантларға бай екенлигин жоқарыда айтып өткен едик. Мине, усындай әжайып өнерпазлар, зор талант ийелерине жақсы жағдайлар жаратып берип, көркем өнеримизди дүньядағы ең раўажланған халықлардың көркем өнери дәрежесине жеткериўди, ең болмағанда соған жақынластырыўды, солай етип, қарақалпақ халқын көркем өнери арқалы пүткил дүньяға танытыўды алдымызға мақсет етип қойдық ҳәм бул жатып қалған тараўды көтериўди қолға алдық. Сахна шеберлерин, художниклерди, сазенделерди, лапызлы хош ҳаўаз жигит-қызларды көплеп таярлаўды биринши ўазыйпа етип белгиледик. Олар арнаўлы оқыў орынларына жиберилди. Соның менен бирге, ел ишиндеги талантларды таўып, тәрбиялаўға да үлкен кеўил бөлинди. Сырттан бай тәжирийбеге ийе белгили қәниғелер шақырылып, олар усы жас талантларға сахна сырларын ийелеў жолларын үйретип, көп жемисли жумыслар алып барды.

«Быламықты май келтирер» дегендей, көркем өнерди раўажландырыў ушын көп муғдарда ақшалай ҳәм материаллық ресурслар талап етилер еди. Ал, биз бул ушын қәрежетти аямадық. Қарақалпақстан Республикасының бюджетинен де, Ташкенттен де миллион манатлап пул алып, көркем өнеримиздиң қәжетине керегинше жумсадық. «Таныған жерде бой сыйлы, танымаған жерде тон сыйлы» дегендей, сахна шеберлери былай турсын, кимде-ким басқа жақларға сапар шеге қойса, ең дәслеп оның үсти-басына қарайды. Сол ушын артистлеримиздиң ҳәммеси басынан аяғына шекем таза костюмлер менен тәмийинленди, сазенделер ушын саз әсбапларының неше түрлери сатып алынды. Театр ҳәм филармонияның артистлери районларға шығып, мийнеткешлерге концертлер, пьесалар қойып бериўи ушын транспортлар ажыратылды.

Көркем өнер тараўындағы жумыслар аңсатлық пенен кешпейтуғын еди. Бир жағынан, көркем өнер ғайраткерлери өз үстинде көп ислеўи, излениўи тийис болса, екинши жағынан, олардың шеберлигин, талантын раўажландырыўға жәрдем етип, хызметлерин

өз ўақтында баҳалап, абырайын ҳәм атағын көтерип, материаллық жақтан қоллап-қуўатлап турыў талап етилер еди. Сонлықтан, көп жыллар даўамында сахнада халыққа тамаша көрсетип, айрықша таланты менен көзге түскен ҳәм жәмийетшиликтиң терең ҳүрметине миясар болған көркем өнер шеберлерине мәмлекетлик сыйлықлар, ҳүрметли атақлар берилип, мийнетлери ылайықлы баҳаланып барылды. Олардан Айымхан Шамуратова СССР халық артисткасы, Юлдаш Мамутов, Гүлхан Шеразиева, Рейимбай Сейитов, Төреш Алланазаров, Атажан Худайшукуров, Гүлпаршын Сырымбетова, Байрам Матчанов, Тамара Дошумова ҳәм басқа да көплеген сахна шеберлерине Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти деген ҳүрметли атақлар, мәмлекетлик сыйлықлар, Ҳүрмет жарлықлары берилди. Усы жерде мен қарақалпақ көркем өнериниң дәслепки қарлығашларының бири, халқымыздың ядында сахна бүлбили сыпатында мәңги сақланып қалған марҳум Айымхан Шамуратоваға СССР Халық артисткасы деген уллы атақтың берилиў тарийхына қысқаша тоқтап өткенимди ҳүрметли китап оқыўшылар шеп көрмес деп ойлайман.

Көркем өнерге қумартқан Айымхан Шамуратова отызыншы жыллардың басында қаршадай қыз ўақтында-ақ «Таң нуры» труппасына қосылып, қырық жыл даўамында сахнадан түспей халыққа хызмет еткен талант ийелериниң бири екенлиги белгили. Халқымыз алдындағы үлкен хызметлерин ҳәм көп санлы көркем өнер шайдаларының тилеклерин есапқа алып, А. Шамуратоваға «СССР халық артисткасы» атағын бериўди өтиниш етип мен ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши секретары Шараф Рашидовқа бардым. Ол Айымхан Шамуратованы жақсы таныйтуғын ҳәм оның талантын терең ҳүрметлейтуғын еди. Сонлықтан, мениң усынысымды дәрҳал-ақ мақуллады. Шараф Рашидовтың келисимин алғаннан кейин КПСС Орайлық Комитетине жолланатуғын хаттың текстин таярладым ҳәм оны жасы үлкенниң өз қолына бердим. Шараф Рашидов хатқа қол қойып, Москваға жөнетиўди тийисли адамларға тапсырғаннан кейин де мен сол хаттың тәғдири не болар екен, деп сырттан бақлап жүрдим. КПСС Орайлық Комитети хатты алғаннан кейин Мәденият министрлиғиниң пикирин билиў ушын оны Е. А. Фурцеваға (сол ўақыттағы СССР мәденият министри) жиберди. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ министрдиң қолы қойылған жуўап хат КПСС Орайлық Комитетине қайтып келди. Бул хатта: «А. Шамуратованың репертуары СССР халық артисткасы деген

атақ бериў дәрежесине жеткиликсиз» — деп жазылған еди. Мен бул аўҳалдан хабардар болғаннан кейин усы мәселе бойынша Шараф Рашидовке тағы кирдим. Жасы үлкен мениң көзимше КПСС Орайлық Комитетиниң секретары М. А. Сусловқа телефоннан қоңыраў етти. Сол ўақытта-ақ мәселе унамлы шешилди. Көп узамайсақ СССР Жоқарғы Совети Президиумы Баслығының Пәрманы менен Айымхан Шамуратоваға СССР халық артисткасы деген ҳүрметли атақ берилди. Бул — Қарақалпақстан көркем өнериниң тарийхындағы уллы ўақыялардың бири еди. Үлкемиздиң мақтанышы есапланған сахна шеберине усындай жоқары атақтың берилиўи тек Айымхан Шамуратова ушын ғана емес, соның менен бирге пүткил қарақалпақ көркем өнери ушын үлкен абырай болды.

Көркем өнер ҳәр бир халықтың мәдений раўажланыўының айнасы. Бир елди бир ел көркем өнери арқалы таныйды ҳәм баҳа береди. Сонлықтан, ата мәканымыз Қарақалпақстанды дәслеп Өзбекистанға, соң пүткил Аўқамға ҳәм дүньяның басқа мәмлекетлерине танытыўды ғәзледик. Усы мақсетте қоңсылас республикаларда, Москвада, Россияның басқа да қалаларында қарақалпақ әдебияты ҳәм көркем өнериниң күнлерин өткериўге, гастрольлар шөлкемлестириўге қарар еттик.

Бирақ мәденият күнлерин өткериў өзинен-өзи болмайтуғын еди. Өйткени, еки жүз-үш жүз адамды бир республикадан екинши республикаға апарыў, бес-алты күн даўамындағы ушырасыўларды шөлкемлестириў көп қәрежетти талап етеди. Сонлықтан, областлар ҳәм автономиялы республикалардың өз ара келисиминен тысқары аўқамлық республикалардың, сондай-ақ КПСС Орайлық Комитети басшылығының келисими ҳәм арнаўлы қарарлары шығыўы зәрүр еди. Мен Қызыл Орда обкомының биринши секретары Ийсатай аға Әбдикаримов, Башқурстан обкомының биринши секретары Митхат Закирович Шакиров, Татарстан обкомының биринши секретары Рашид Мусинович Мусин Дағстан обкомының биринши секретары Магомед-Салам Ильясович Умахановлар менен ҳәр сапары өзим сөйлестим, олардың келисимин алып, негизги мәселелерди шешип бердим. Буннан кейин Шараф Рашидовтың ҳәм республиканың басқа да басшыларының келисими бойынша КПСС Орайлық Комитетине жазылатуғын хаттың нусқасын таярлап, Ташкентке жиберип турдым. Бул хатларды күшли журналист, обкомның бурынғы жуўапкерли хызметкери Лев Борисович Фрейман шеберлик пенен таярлап бериўши еди. Бир айта кетерлик нәрсе — биз қайсы бир қалада

ямаса республикада мәденият күнлерин өткермекшимиз деп баслама көтерип усыныс жасамайық—Шараф Рашидов та, республиканың басқа басшылары да бирдейине қоллап-қуўатлап, жағдайлар дүзип беретуғын еди. Демек, турмыстағы ири ўақыялардан есапланған мәденият күнлери толығы менен Қарақалпақстанның басламасы тийкарында өткерилди десек қәте болмайды.

Мәденият күнлерин жоқары дәрежеде өткериў мақсетинде оның таярлығына Москвадан, Ташкенттен аты дүньяға белгили көркем өнер ғайраткерлерин мирәт ететуғын едик. Олар Нөкисте төрт-бес айлап жатып, бизиң атқарыўшыларымыз бенен шуғылланар еди. Ташкенттен СССР халық артисткасы Тамара-ханум, «Бахор» ансамблиниң көркемлик жақтан басшысы, СССР халық артисткасы, атақлы балетмейстр М.Турғунбаева, Наўайы атындағы өзбек опера ҳәм балет театрының бас балетмейстри Г.Измайлова, усы театрдың бас дирижёры Ф.Шамсутдинов, бас балетмейстри И.Юсупов, көркем өнер институтының доценти, балетмейстр И.Проценко, режиссер М.Садуллаев, Москвадан Пятницкий атындағы хор жәмәәтиниң көркемлик жақтан басшысы Устинова, РСФСР халық художниги Мамонтовларды шақырар едик. Бул белгили қәнигелер бизиң атқарыўшыларымыз бенен жеке ислесип, олардың шеберлиғин арттырыўға үлкен жәрдем етти. Ҳәр он күнликти өткерерде өз алдына композиторларымызға таза музыкалық шығармалар дөретиўге буйыртпалар берилип, таза ойынлар қойылып, олар Г.Измайлова, Л.Петросова усаған көркем өнер ғайраткерлериниң басшылығында әмелге асырылды. Буның өзи кейинги ўақытта бизиң көркем өнер ғайраткерлеримиздиң сырттан қәниге шақырмай-ақ өзлериниң күши менен бундай үлкен әнжуманларды атқарыўына үлкен тәсирин тийгизди. Ҳәр бир номерге бир неше эскизлер таярланып, оны көзден өткерип, жақсыларын таңлап алдық, костюмлерди Москвада Үлкен театрдың устаханасында тиктирдик.

Усылайынша ҳәр сапары мәденият күнлерин өткериўге таярлық көркем өнер ғайраткерлериниң шеберлигиниң артыўына, қәнигелигиниң өсиўине өзиниң жақсы тәсирин тийгизди ҳәм атқарыўшылар ушын үлкен бир мектеп болды.

Ҳәр бир халықтың көркем өнери өз миллийлигин сақлай отырып, басқа халықлардың миллий дөретпелери менен суўғарылған болыўы, өз шеңберинде шекленип қалмаўы тийис. Ҳәр бир он күнлик алдынан таярлық ўақтында Ташкенттен, Москвадан шақырылған көркем өнер маманларының бизиң атқарыўшыларымыз бенен исле-

сиўи, олардың қойған номерлери, бизиң көркем өнеримизге басқа туўысқан халықлардың көркем өнериниң енгизилиўине жол ашып берди. Соның менен бирге, бизиң миллий көркем өнеримиздиң раўажланыўына да ҳәр тәреплеме тәсирин тийгизди.

1968-жылы бир дәрьядан суў ишип, бир шаңарақтың егиз баласындай татыў жасап киятырған қоңсылас Хорезм областында табыслы өткен ҳәптелик қарақалпақ әдебияты менен көркем өнериниң ғана емес, ал халықлар дослығының байрамы болды. Келеси жылы февраль айында бундай мәденият күнлери Ташкент қаласында өткерилетуғын болды. Оған бизлер бес ай таярлық көрдик. Нәтийже жаман болмады. Бизиң көплеген сахна шеберлеримиздиң репертуары, жазыўшыларымыз бенен шайырларымыздың ҳәм художниклеримиздиң дөретпелери жоқары баҳа алыўға миясар болды. Мәденият күнлериниң жуўмағы бойынша бир қатар ғайраткерлерге Өзбекистан халық артисти, Өзбекистан халық шайыры ҳәм тағы басқа ҳүрметли атақлар берилди.

Қарақалпақ көркем өнери менен таныстырыў мақсетинде ҳәр қыйлы юбилейлик сәнелерден ҳәм мерекелерден кең түрде пайдалана отырып, аўқамымыздың айырым қалаларында мәденият күнлерин өткердик. 1973-жылы Қарақалпақстанның Россияға қосылыўының жүз жыллығына байланыслы көркем өнер шеберлеримиз Москва театрларының сахналарында тамаша көрсетти. Москвалылар Қарақалпақстан жазыўшыларының художниклериниң ең жақсы шығармалары менен таныстырды. 1977—1982-жыллары да усындай етип, Москваға барыў мүмкиншилигине ийе болдық.

Бизиң көтерген басламамыз бойынша Башқурстанда (1977), Қызыл Ордада (1978), Татарстанда (1981), Ташкент қаласында (1982), Дағстанда (1984) Қарақалпақ әдебияты менен көркем өнериниң күнлери өткерилди. Бир айта кетерлик нәрсе — бул республикаларға Қарақалпақстан әдебияты менен көркем өнериниң ўәкиллерин жибериўден алдын, бизлер өз жеримизде жоқарыда аты айтылған үлкелердиң әдебияты менен көркем өнериниң ўәкиллерин мийман еткенбиз. Қызыл Ордалы мийманларды Ийсатай аға Әбдикаримов басқарып келди. Башқурстан мәдениятының күнлериниң қатнасыўшыларын Башқурстан Республикасы Жоқарғы Совети Президиумының Баслығы Файзулла Валиевич Султанов, татарстанлы ағайинлерди Республика Министрлер Совети Баслығының орынбасары Хасанов, дағыстанлыларды областлық партия комитетиниң секретары Ш. Исмайлов басқарып келди.

Қәдирли мийманларымыздың арасында пүткил дүньяға танылған шайырлар Расул Гамзатов ҳәм Мустай Кәрим бар еди. Бундай поэзия жулдызларының Қарақалпақстанға мийман болып келиўи бизиң әдебиятшыларымыздың ҳәм улыўма мәдениятымыздың турмысында үлкен ўақыя болды. Сондай-ақ, мениң шақырыўым бойынша аты әлемге белгили үлкен талант ийеси Шыңғыс Айтматов Қарақалпақстанның сыйлы қонағы болды, елимиз бенен, жеримиз бенен танысты, Ибрайым Юсупов басқарған жазыўшылар менен ушырасты. Усындай қарым-қатнаслар бизиң әдебиятымызға өзиниң жақсы тәсирин тийгизди десек қәтелеспеймиз. Өйткени, бизлер узақ жыллар дауамында бир аўқамда жасаған менен халықларымыз бир-бириниң турмысын, дәстүрлерин, көркем өнерин жақсы билер еди деп айтыў қыйын. Мәденият күнлерин өткериўдиң арқасында халықлар бурынғыдан да жақынласып, бир-бириниң жерин, тәбиятын халық хожалық тараўындағы жетискенликлерин өз көзлери менен көрди, көркем өнер тараўындағы табыслары менен ортақласты.

Мәдениятымыздың тарийхында ҳәптеликлерге тақаббил тағы бир ўақыяны еслеп өтким келеди. 1977-жылы қарақалпақтың көрнекли классик шайыры Бердақ Ғарғабай улының туўылғанына 150 жыл толды. Бул сәнени кеңнен белгилеўге қарар еттик ҳәм алдын ала үлкен таярлықлар көрдик. Бердақтың шығармалары қарақалпақ, өзбек, рус тиллеринде баспадан шығарылды. Уллы шайырдың мерекесине бағышланып арнаўлы концерт программасы таярланды. Пайтахтымыз ҳәм басқа да қалаларымыз мерекеге таярлық көрди, бир қатар көшелер қайтадан асфальтланып, имаратларға байрам түси енгизилди. Мерекеге қатнасыў ушын қоңсылас туўысқан республикалардан, Москвадан, Ленинградтан, елимиздиң басқа да қалаларынан белгили сөз шеберлери, атақлы алымлар келди. Олардың арасында Шыңғыс Айтматов, Зоя Кедрина, Гулчеҳра Сулайманова, Абдулла Арипов, Ғафур Қайырбеков, Асқар Тоқмағанбетов, Аббаз Абдулла ҳәм басқа да атлары дүньяға танылған жазыўшылар бар еди. Пайтахтымыздағы көркем өнер сарайының алдында уллы шайырға салынған әжайып ескеркиш салтанатлы түрде ашылды. Мәдениятымыздың тарийхындағы ири ўақыялардың бири болған бул мереке халықлар дослығының айқын көринисине айналды. Бердақтың 150 жыллығына арналған салтанатлы кешелер Ташкентте де, Москвада да жоқары дәрежеде өтти. Бердақтың атына университет, совхоз, мәмлекетлик филармония, кинотеатр, мектеплер, көшелер қойылды.

Усы жерде мен Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың шөлкемлестирилиўи тарийхынан есиме түскен кишкене бир ўақыяны айтып кетейин. Шайырдың 150 жыллық мерекесинен бурын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықты дүзиў ҳаққында қарар қабыл етилди ҳәм бул мәселе бойынша жоқарыдағы органлардың келисими алынды. Обкомның бюро мәжилисинде медальдың пишимин тастыйықлағаннан кейин оның өзин таярлаў ушын алтын табыў мәселеси үлкен проблема болды. Себеби, медаль алтын жалатылған болы-ўы тийис еди. Умытпасам, ҳәр бир медальға 3,5 грамм алтын сарп етилер екен. Алтын Өзбекистанда көп муғдарда шығарылып атырса да, сол ўақыттағы орайластырылған тәртип бойынша қымбат баҳалы металларды алыў ушын СССР Министрлер Советиниң Баслығы А. Н. Косыгинниң руқсаты керек еди. Сонлықтан, бизлер Е. Айтмуратов екеўимиз А. Н. Косыгинниң атына хат жазып жәрдем сорадық. Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң бөлим баслығы З. И. Митина усы хатты алып, Москваға кетти. Ол бираз күнлер нәўбет күтип жатқаннан кейин, А. Н. Косыгинге кирип, мәселениң унамлы шешилиўине ерисипти. З. И. Митина бизлерге алтын бөлип шығарылсын деп жазылған руқсат қағазды алып келди.

Солай етип, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық дүзилди. Оның медалы көриниси жағынан ҳеш бир медальдан қалыспайтуғын көркем ҳәм лауреат болған адам мақтаныш пенен көкирегине тағып жүретуғын нағыз мәмлекетлик сыйлық болды.

1982-жылы декабрьде Ташкентте Қарақалпақстанның мәденият күнлери жүдә үлкен көтериңкилик дәрежесинде өтти. Программалардың ҳәммеси тазадан исленип, таңлап алынған ең жақсы номерлер қойылды. Ҳәтте, «Наманганның алмасы» деген өзбек халық қосығына да ойын қойылды. Бул ойын Устинова тәрепинен заманагөй пишимге келтирилген еди. Сондай-ақ, ол тазадан хор ойынын сахналастырып, программамыздың көркине көрик қосты. Бул әнжуман Наўайы атындағы өзбек мәмлекетлик академиялық үлкен опера ҳәм балет театрында өткерилип, оған Ш. Рашидовтың басшылығында ӨзКП Орайлық Комитетиниң бюро ағзалары, ҳүкимет ағзалары толығы менен қатнасты. Концерт Рашидовта үлкен тәсир қалдырды. Ол бизиң көркем өнеримиздиң өскенлигине тән берди. Концерттен кейин ҳүкиметлик залға жыйналғанлар арасына мени шақырып алып, қушақлап, «атаңызға рахмет» — деди. Бул маған емес, ал көркем өнер ғайраткерлерине берилген жоқары баҳа болды. Шараф Рашидов: «Костюмлерди қай жерде тиктирдиңлер?»— деп

сорады. Ол саўалға меннен бурынырақ шаққанлық етип Зоя Рахимовна Рахимбаева (сол ўақыттағы мәденият министри) жуўап берип:

— Булар костюмди Камаловтың басламасы менен Москвада үлкен театрдың устаханасында тиктирген. Ал, бизге Өзбекистан финанс министри, — өзлериңиздиң кийим тигиў устаханаңыз бар, деп руқсат етпейди, — деп өзиниң өкпесин айтты.

Сол жерде Шараф Рашидов Рахимбаеваның тилегин мақуллап, ҳүкимет басшыларына тәртип берди.

ӨзКП Орайлық Комитетиниң бурынғы секретары Асатулла Ашрапович Хожаев бизиң менен яр-дос еди. Көп жыллардан берли бирге ислестик. Асатулла Ашрапович жақында (өлгеннен кейин) Наўайы атындағы сыйлық пенен сыйлықланды. Ол Самарқанд, Наманган обкомларының, Ташкент қалалық партия комитетиниң биринши секретары болып ислеген саўатлы азамат. Ол концерттиң оғада жоқары дәрежеде өткенлигин көрип, маған: «Қаллибек Камалович, Ташкенттен бәйгини алып кеттиңиз» — деп, бизиң концертимизге жоқары баҳа берди. Шынында да, концерт зор өтти. «Көринур» романсы ҳәм «Наманганның алмасы» усаған номерлерге ташкентлилер түргелип турып қол шаппатлады. Бул гәплер мақтаныў ушын айтылып атырған жоқ, ал нағыз ҳақыйқатлық. Бул гәплерди мен қарақалпақ халқының көркем өнериниң дәрежеге өскенлигин, бизиң сахна шеберлеримиздиң қәнигелигиниң асқанлығын, бул саладағы зор табысларды халқыма сыпатлап бериў мақсетинде баян етип атырман.

Көркем өнер сондай күшли қурал. Ол инсанға илҳам бағышлайды, қулақтың қурышын қандырады, жүректи тебирентеди, патриотлық сезимди оятады, кисиге қанат байлап, ел мәпи ушын уллы ислерге руўхландырады. Соның ушын да, ата-бабаларымыз әсирлер даўамында көркем өнерди инсанның жан дүньясын ашатуғын бир үлкен күш деп билген, оны тыңлап шаршамаған, нама менен қосылып шайқалып, айтыўшыны қыздырып отырған. Халқымыздың тойлары көркем өнерсиз өтпеген. Адамның жүрегин толқытыў былай турсын, ҳәтте нар ийдирген сазларымызды, хошҳаўаз бақсы-жыраўларымызды тыңлап, олардың өнерпазлығына шайда болған Шохан Ўәлийханов «Қарақалпақлар — саҳра бүлбиллери» деп айтқан болса, аты дүньяға белгили венгер илимпаз-саяхатшысы Вамбери, рус илимпаз-саяхатшысы Каразин ҳәм бир қатар сырт еллердиң саяхатшы илимпазлары бизиң халқымыздың көркем өнерине жоқары баҳа бергенлиги мәлим.

Бизиң үлкемизде ата жолын куўып, көркем өнерди барған сайын өркенлетиўге үлес қосып атырған жас талантлар аз емес. Кимниң болса да негизинде болмаса, кеўли көркем өнерди күсеп алып ушып турмаса, қанша күш салған менен журт унатқандай лапызға ийе болыўы ямаса саз шертиўи, қосық жазыўы ямаса мүсин, музыка жаратыўы қыйын. Соның менен бирге, ҳәр қандай талант та анадан тап сол турысында туўылмайды. Ол да қудайдың бендеси, устаздан тәлим-тәрбия алыўы, оқып-үйрениўи шәрт. Буны биз ис жүзинде көрдик. Ел ишиндеги көркем өнерге жаны қумар жаслардың басын қурап, ҳәр қыйлы көзден өткериўлер, жарыслар, телевизиялық конкурслар шөлкемлестириў арқалы олардың ең талантлыларын таңлап алдық. Олардың гейпараларын ансамбльге жумысқа орналастырдық, гейпараларын оқыўға жибердик. Олар тәжирийбели устазлардың қолына түскеннен кейин кем-кемнен ашылысып, таланты менен көзге түсе баслады. Буның үстине ҳәр жыл сайын дерлик мәденият күнлериниң өткерилиўи олардың әбден ысылып, сахна сырларын үйренип, ҳақыйқый көркем өнер шеберлери қатарына қосылыўына себепкер болды. Өйткени, мәденият күнлерине қатнасыўшылардың алдына үлкен талаплар қойылды. Сол талаплар дәрежесине жеткизиў ушын Ташкент, Москвадан шақырылған атақлы қәнигелер бес-алты ай даўамында олар менен жумыс алып барды.

Мәденият күнлерине таярланған концерт бағдарламасын обкомның бюро ағзалары, республика интеллигентлериниң ўәкиллери ҳәм үлкен қәнигелердиң қатнасыўында бир неше мәртебе сынақ сыпатында көзден өткердик, ҳәр бир номерге, ҳәр бир костюмге баҳа берип, атқарыў шеберлигин асырыў бойынша мәсләҳәтлеримизди айттық.

Усындай ғажжа-ғаж жумыслар жүрип атырған күнлердиң биринде бизиң қәнигелеримиз сырт еллерде ислеп шағарылатуғын саз әсбапларын алыўдың зәрүрлигин айтты. Бул мәселеге мен өзим тиккелей араласпасам питпейтуғын болды, себеби бундай жоқары сапада исленген саз әсбапларын сатып алыў ушын валюта керек екен. Ал, валютаны Өзбекистан ҳүкиметиниң баслығы Н. Худайбердиев бөлистиретуғын еди. Қарақалпақстанның көркем өнерине шайда ҳәм оның тез пәт пенен өсип баратырғанына кеўли толған Худайбердиев мениң валюта ҳаққындағы өтинишимди қанаатландырды. Буннан кейин мениң тапсырыўым бойынша бизиң жетекши қәнигелеримиздиң бири Байрам Матчанов Москваға бир

неше мәртебе барып қайтты, бирақ мәселени шеше алмады. Ендиги жағындағы жумысларға да өзим араласпасам питетуғын түри болмады. Сонлықтан, Б. Матчановты қасыма ертип Москваға кеттим. Биринши гезекте СССР сыртқы саўда министриниң орынбасары Смеляков Николай Ивановичтиң қабыллаўында болдық. Николай Иванович жүдә тәжирийбели, АҚШ елшиханасында ислеген дипломат адам екен. Бизди жақсы қабыл етти. Оған бизге керек әсбапларды айтып түсиндирдим. Ол әсбапларды алдырып бериўге жәрдем етемен деп, сөз берди. Бирақ валюта өткериў мәселесин өзиңиз шешиң деди.

Смеляковтан шығып СССР Внешторгбанктың баслығы Макеев Альберт Радионовичке кирдим. Оған да өзимниң жумыслап жүрген машқалаларымды баянлап бердим. Ол маған: «А. Н. Косыгинниң қолы қойылған қарар бар, саз әсбаплары ушын сырт еллерге валюта өткериў қадаған етилген» деди ҳәм бираз ойланып отырғаннан кейин ол: «Солай болса да мен сизлерге жәрдем етейин. Буның себеби, көп жыллардан берли банк системасында ислеп киятырған болсам да мениң қабыллаўыма обкомның биринши секретары өмиримде биринши мәртебе келип атырыпты, оның үстине СССР Жоқарғы Советиниң депутаты, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы екенсиз, мен қадаған болса да сизиң исиңизди питкерип жиберемен»—деп, сөз берди. Бул еки кисиге барғанда да Б. Матчанов мениң менен бирге болды. Солай етип, 30 мың АҚШ долларын өткерип, Япония, Франция, Англия, ГФР мәмлекетлеринен саз әсбапларын алыў мәселесин шешип қайттық. Истиң үлкени я кишиси болмайды. Қарақалпақстан ушын әҳмийетли мәселелерди шешип бериўде, оған араласыўды мен өзимниң шәртли рәўиштеги ўазыйпам деп түсинген едим. Сол таза әсбаплар ҳәзир өзиниң жағымлы сести менен бизиң қосықшыларымыз ҳаўазына ҳаўаз қосып, халқымыз ушын хызмет етип атыр.

Ойыншылар жәмәәти көркем өнердиң нәзик, тараўын қурайды. Оларға айрықша итибар берип, дөретиўшилик жумыслары ушын кең мүмкиншиликлер жаратылса ғана жақсы нәтийжелер күтиўге болады. Соның менен бирге, олардың қатарын сәрўи бойлы, сулыў ҳәм сап денели, кийиктей ҳәрекетшең қызлар менен толықтырып барыў керек еди, өйткени олар ҳәр қандай күтилмеген жағдайда биринің орнына екиншиси сахнаға шығып кете беретуғын дәрежеде болыўлары тийис. Сол себепли тағы бир аяқ ойыншылар жәмәәтин дүзиўди нәзерде туттық ҳәм бул мәселени шешиўде жоқарыдағы

яшуллылардан өтиниш еттик. Бирақ Өзбекистан Республикасы Министрлер Совети Баслығының орынбасары Р. Абдуллаева питип турған мәселени шийеленистирип жиберди. Бизиң өтинишимиз бойынша Н. Ж. Худайбердиевтиң жеке өзи араласқаннан кейин, бул мәселе унамлы шешилди, бурынғы 32 адамлық жәмәәттиң қасына тағы да тазадан 32 адамлық аяқ ойыншылар жәмәәти жаслардан дүзилди. Буның әҳмийетиниң қаншелли үлкен екенлигин кәниге маманлар жақсы биледи. Олардың репертуарын байытыў, ҳәр бир аяқ ойын ушын арнаўлы костюмлер тиктириў көп қәрежетлерди талап етти. Деген менен, Өзбекистан басшылары бизиң өтинишимизди ҳеш ўақытта жерде қалдырмады, сораған муғдарда ақша ҳәм материаллық ресурсларды бөлип берип отырды.

Бир айта кететуғын қуўанышлы нәрсе—өзлериниң сүйкимли сазлары, нәзик намалары менен жүреклерге жол таўып, халықтың терең ҳүрметине миясар болған композиторларымыз аз емес. Олардың әжайып дөретпелери мың-мың кеўиллерди шадлыққа толтырып, бойда күш-қуўат пайда етип, уллы ислерге руўхландырады, олардың қатарына биринши гезекте Жапақ Шамуратов, Әлимжан Халимовлар киреди. Зор талант ийелери болған Худайберген Турдықуловтың, Әбдирейим Султановтың, Нәжиматдин Муҳаммеддиновтың кеўилге қонымлы намаларын халқымыз сүйип тыңлайды. Әбдирейим Султановтың Әжинияз қосықларына жазған әжайып намалары кимкимди де толғандырып, татлы сезимлер оятады. Бул намалары ушын оған Бердақ атындағы республикалық сыйлық берилди. Композитор Худайберген Турдықуловтың көп ғана сазлары ойыншылар ушын сахналастырылып, ҳәптеликлер бағдарламасындағы ең ағла номерлердиң қатарынан орын алды.

Опера—дүньяның барлық еллеринде дерлик аз раўажланыўын тапқан көркем өнер жанрларының бири. Жетписинши жылларға шекем бизде оған қол урған ҳеш ким болған жоқ. Ал, опера керек, себеби пүткил дүньялық көзқарастан қарағанда ҳәр бир миллет өз операсына ийе болмағы дәркар, болмаса ол миллеттиң көркем өнери өзиниң раўажланыў шыңына шықты деп айта алмаймыз. Ақыры, операға көркем өнердиң барлық жанры киреди.

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери, Ҳамза атындағы Өзбекистан мәмлекетлик сыйлығының, Қарақалпақстан жаслар сыйлықларының лауреаты талантлы композитор Нәжиматдин Мухаммеддинов қарақалпақ саз өнерин бийик шоққыға көтериў жолында ҳармай талмай

жемисли мийнет етип атыр. Ол қосықтан баслап операға шекемги түрли жанрлардан намалар дөретти. Музыкалық шығармаларда қарақалпақ намаларының ырғақлары кеңнен орын ала баслады. Соның нәтийжесинде тыңлаўшылардың музыкаға деген ықласы артты. Енди олар композиторларымыздан ири-ири шығармалар күте баслады. Буны жақсы түсинген композитор Н. Мухаммединов опера жазыўға отырды ҳәм узақ жыллар мийнет етип, халқымызға биринши «Әжинияз» миллий операсын саўға етти. Халық өз перзентиниң бул саўғасын жақсы қабыллады. Бул операны тек қарақалпақ халқы емес, ал қоңсылас мәмлекетлердиң да саўатлы тамашагөйлери көрип, өзлериниң жоқары баҳаларын берди. Бул қарақалпақ көркем өнерине берилген баҳа еди.

Миллий операмыз «Әжинияз»дың дөрелиў дәўиринде де бир есте қаларлық ўақыя болды. Өзбекистан композиторлар аўқамының баслығы Ахмет Жаббаров пенен атақлы композитор Мутал Бурханов маған келип жолықты. Олар қарақалпақ миллий операсының пайда болайын деп атырғанына өз қуўанышларын билдирди. Кейин бул опера жөнинде өзлериниң айырым пикирлери бар екенлигин айтты. «Қарақалпақстан мәденият министрлиги операның авторы Н. Мухаммеддиновтың қасына авторлас етип Зейдман деген композиторды қосып атыр екен. Соны биз еситип Ташкенттен адайыда ушып келдик. Қарақалпақтың миллий операсын дөретиўде бизиң өзбек миллий операсын дөретиўдеги қәтеликлер қайталанбасын деген нийетлер менен келдик»—деди. Олардың мына гәплерин еситип мен: «Жазса Н. Мухаммеддиновтың жеке өзи жазсын, профессор Зейдманның қанатының астына жасырынбасын»—дедим.

Композитор Н. Мухаммеддинов алдына қойылған бул ўазыйпаны толығы менен орынлап шықты. Көп узамай биринши миллий қарақалпақ операсы «Әжинияз» дүньяға келди. Музыкасын Н. Мухаммеддинов жазса, оның либреттосын атақлы шайырмыз Ибрайым Юсупов жазды.

Тағы бир айта кететуғын нәрсе—Қарақалпақстан суверенли республика болып өз гербине, байрағына ҳәм гимнине ийе болыў мүмкиншилиги туўды. Қарақалпақстанның гимнине жәрияланған конкурстан композитор Н. Мухаммеддиновтың шайыр Ибрайым Юсуповтың қосығына жазған шығармасының қабыллаўы оның айрықша талантынан дәрек береди. Енди қуда қәлесе бул гимн

мәңги жаңлап, халқымызды мәртликке, келешекке баслаўда бәркулла мәдаткар бола береди.

Усы дәўир ишинде өз талантлары менен тек ғана Қарақалпақстанды емес, ал қоқсылас, ҳәтте мәденияты раўажланған еллердиң көркем өнер шайдаларын тәсийин қалдыратуғын талант ийелери өсип жетилискенине биз шексиз қуўанамыз ҳәм бәркулла оларды мақтаныш етемиз. Талантлы қосықшы Мақсет Хожаниязовтың Рио-де-Жанейрода өткерилген халық аралық фестивальда үлкен сыйлық алып қайтқаны бул сөзимизге дәлил болады. Базарбай Надыров, Гүлпаршын Сырымбетова, Атажан Худайшукуров, Гүлхатийша Айымбетова, Мырзагүл Сапаева, Бийбираба Өтепбергенова, Базаргүл Каримова, Генжебай Тилеўмуратов, Жақсылық Сырымбетов, Турғанбай Қурбанов усаған атақлы қосықшыларымыздың халық алдындағы хызметлери үлкен. Оларды кишкене баладан баслап, қартайған ғаррыға шекем таныйды ҳәм қосықларын ықлас пенен сүйип тыңлайды.

Бизлер ислеген дәўирде көркем өнер хызметкерлерин хошаметлеў, оларды турақ жай менен тәмийинлеў, автомашина бериў мәселелери мудамы дыққат орайымызда турды. Станиславскийдиң: «Театр кийим қыстырғыштан басланады» дегениндей, көркем өнер хызметкерлериниң дөретиўшилик жумыс ислеўи ушын жақсы жағдайлар дүзип бериў керек. Усы мақсетте көркем өнерлер сарайын салыўға қарар еттик. Оның жойбарын дүзгенде өзим көп пикирлер қосып, басқа театрлардан өзгеше болыўын гөзлеп ҳәрекет еттим. Қурылыстың басында өзим еки-үш айлап жүрип, жетиспей атырған қурылыс материалларын басқа республикалардан алдырып, имаратты қысқа мүддетлерде салып болдық. Меннен соң Қарақалпақстанға Орайдан басшы етип жиберилген адам: «Камалов көркем өнерге сметадағыдан зыят 400 мың сом жумсапты» — деп, мени сыртымнан сын астына алыпты. Мен тек сол 400 мың сомды ғана емес, ал ҳәр бир мәденият күнлери өткенде нешше миллион сомларды жергиликли бюджеттен, сондай-ақ Н. Ж. Худайбердиев арқалы еки миллион сомды Ташкенттен алып берип, көркем өнерди раўажландырыў ушын жумсаттырған едим. Сметадағыдан зыят 400 мың сом жумсады деп маған сын тағыў, мениңше, керисинше, жақсы минезлеме берген менен барабар. Себеби, сол басшы өзи ислеген дәўирде бул тараўға бир тийин да жумсаттырмаған, қарақалпақ көркем өнериниң өсиўи менен қызықпаған. Ал, қәрежетсиз, шығынсыз көркем өнерди жоқары басқышқа көтериў мүмкин емес,

сонлықтан, биз бул тараў ушын ҳеш нәрсе аямадық, қәрежетти керегинше жумсадық.

Телевидение де көркем өнерге жақын тараў. Қарақалпақстанда телевидение тез пәтлер менен раўажланды. Бизиң республикамыздың халқы Орайлық телевидениеның биринши ҳәм екинши программаларын көрип отырған бир ўақытта Ашхабад ҳәм Дуйшанбе турғынлары бундай мүмкиншиликке ийе болмады. Бул мәселеде сол жыллары Қарақалпақстан АССР байланыс басқармасының начальниги болып ислеген Турсынбай Оразбаевтың хызметлери үлкен болады. Бизлер Оразбаев екеўимиз Москваға бирге барып, Псурцев ҳәм Талызинниң (СССР байланыс министрлери) қабыллаўында болып, телевизиялық байланысларды раўажландырыў мәселелерин шешкен едик.

Соның менен бирге, Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радиосы ушын таза техникаларды да өз ўақтында, ҳәтте басқалардан бурын алып иске қостық. Бул жерде мен сол жыллары Қарақалпақстан телерадиокомитетиниң баслығы болып ислеген Әбдибай Қарлыбаевтың да көп хызмет еткенлигин айтып өтпекшимен. Ол Қарақалпақстан телевидениеси менен радиосының техникалық жақтан алдынғы қатарда болыўы ушын жан күйдирип иследи. Қандай таза техникалар, аппаратуралар шықса, ол дәрҳал тиккелей Москвадағы басшысы С. Г. Лапин менен сөйлесип, соң маған келип, сол таза техникаларды алыўға жәрдемлесиўимди өтинер еди. Мен Ә. Қарлыбаев пенен бирге С. Г. Лапинниң қабыллаўында талай рет болдым. Қарақалпақстанлы телевизор көриўшилердиң есинде болса, бизиң телеорайымыз аўқамдағы 20 автономиялы республикалардың арасында тек Татарстаннан кейин екинши болып реңли көрсетиўлерди баслады. Бизде реңли көрсетиўлер эфирге шыға баслаған 1977-жылы айырым аўқамлық республикаларда бундай техникалық мүмкиншиликлер болмаған еди. Бул да С. Г. Лапин менен досласқанымыздың, усы техникалар ушын өз ўақтында миллион-миллион манат пул алып берип турғанымыздың нәтийжеси. Областлық партия комитети, жеке мениң өзим телевидение ҳәм радионың техникалық жақтан раўажланыўын тәмийинлеў менен бирге, көрсетиўлердиң сапасының мазмунының жоқары дәрежеде болыўын қатаң талап етип, күнделикли қадағалап отыратуғын едик.

Бизиң көркем өнеримиздиң даңқын шығарыўға художниклеримиз де салмақлы үлес қосқанлығын айрықша айтып кетким келеди. Өзлериниң кеўил сарайындағы ойлары ҳәм сол ойларын қыл

қәлемлер менен қағазға түсириў шеберлиги бойынша басқалардан ажыралып туратуғын, тасларға ҳәм ағашларға жан енгизип, тамашағөйлердиң жүрек тарларын тербететуғын, олардың руўхый дүньясының байыўына үлкен тәсир жасайтуғын художниклеримиз бенен мүсиншилеримиздиң қатары соңғы жыллары айрықша көбейди. Қәўендер Бердимуратовтың, Қыдырбай Сайыповтың, Жолдасбек Қуттымуратовтың, Жоллыбай Изентаевтың ҳәм басқалардың әжайып дөретпелери көп еллерде кеңнен танылды.

Халқымыздың миллий бийбаҳа дүрданаларын жыйнаў ҳәм оларды нәсиятлаў исинде музейлердиң тутатуғын орны айрықша. Мен республикаға басшылық еткен дәўиримде музейлерге үлкен итибар берилди. Музей ушын бир имарат тарлық ететуғынын есапқа алып, бурынғы Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң жайын ажыратып бериўди мақул көрдик. Соның менен бирге, музейлеримиз ушын ақшалай қаржылар да бөлип шығардық.

Музей жөнинде гәп етер екенбиз, Қарақалпақстанда музейди раўажландырыўға үлкен үлес қосқан И. В. Савиңкийди, әлбетте, еске алып өтиўимиз керек. И. В. Савицкий қарақалпақ музейин ҳәр тәреплеме байытып көп мийнет ислеген адам. Ол елден миллий кийимлерди, үскенелерди ҳәм ҳәр қыйлы экспонатларды тынбай жыйнар еди. Ол пүткил өмирин мине усы ийгиликли иске арнады. И. В. Савиңкийдиң өтиниши бойынша усы мақсетлер ушын ҳәрдайым қаржы ажыратып турылды. Себеби, музей халықтың айнасы, оның өтмишин, келип шығысын, үрп-әдетин усы музей материалларына қарап та үйрениўге болады. Сонлықтан, бул мәселеге айрықша итибар берип, музейдиң күн санап сапалы экспонатлар менен байып барыўына кеўил аўдарып отырдық. Соның нәтийжесинде ҳәзирги күнде И. В. Савицкий атындағы көркем өнер музейи жер жүзилик майданға шығып, сырт еллерде көргизбелер шөлкемлестирилип атыр.

Қарақалпақстанның 40 жыллық, 50—60 жыллық юбилейине музейлерди таярлаў бизиң дыққат орайымызда болды. Сол дәўирдиң өзинде бизиң музейлеримиз бурынғы СССРдағы ҳеш бир музейден қалыспайтуғын ҳәм мийманларымыз оларға жоқары баҳалар беретуғын еди.

Қарақалпақстанда көркем өнер тараўы бойынша қәнигелер таярлаўда Ж. Шамуратов атындағы мәмлекетлик көркем өнерлер училищеси айрықша орын тутады. Бизлер усы училищениң базасында өзимизде мәденият институтын ашыў мәселесин көтерип

едик. Бул мәселеде Шараф Рашидовтың да келисимин алған едик. Бирақ бул мәселе өз ўақтында шешилмей қалды. Бул институтта көп қәнигеликлер бойынша маманларды, яғный артистлерди, художниклерди, сазенделерди, музей хызметкерлерин ҳәм басқа да көркем өнер қәнигелерин таярлаўға мүмкиншиликлер болар еди. Усы мәселени шешиў бүгин де мақсетке муўапық келеди деп ойлайман ҳәм ел басшылары бул иске итибар берер деген үмиттемен.

Көркем өнер халықтың бийбаҳа ғәзийнеси екенин жоқарыда айтқан едим. Оны қәстерлеп сақлап, ҳәр тәреплеме раўажландырып, ғамхорлық етиў ел басшысының перзентлик ўазыйпасы. Бул әдиўли ўазыйпаны мен бир өзим атқардым деп айтыўдан аўлақпан. Қарақалпақ көркем өнерин раўажландырыў исине үлкен үлеслерин қосқан областлық партия комитетиниң ҳәм республика хүкиметиниң ағзаларының ҳәм республиканың бурынғы мәденият министрлери Төреш аға Алланазаровтың, Кәримбай Худайбергеновтың, Атағулла Худайбергеновтың мийнетлери көп екенлигин айрықша хүрмет пенен тилге аламан. Олар менен өз мәҳәлинде үлкен шөлкемлестириўшилик жумысларын алып бардық. Жоқарыда атлары аталған азаматлар менен бирге көркем өнеримизди, ол арқалы пүткил ата мәканымызды дүньяға танытыў ушын ат салысқаным, усындай уллы ислердиң басы-қасында болып, перзентлик үлесимди қосқаным өзиме ада болмас қуўаныш бағышлайды.

ТИЛ, ӘДЕБИЯТ ҲӘМ ТАРИЙХ ҲАҚҚЫНДА ПИКИРЛЕРИМ

Мен илим ҳәм мәденият ҳаққындағы пикирлеримди жоқарыда баянлаған едим. Бирақ оған қосымша тил, әдебият ҳәм тарийх ҳақ-қында арнаўлы сөз еткенди мақул көрип отырман. Буған еки нәрсе себепши болып турған сыяқлы.

Биринширден, ҳәр қандай елге басшы болған адам өз халқының патриоты. Ал, халықтың патриот басшысы болыў ушын ең дәслеп оның мәдениятын раўажландырыў керек болады. Кешеги совет дәўиринде де бул патриотлық болды. Бирақ биз мәдениятты СССР халықлары этирапында улыўмаластырыўға күш салғанбыз. Әсиресе, бул ўатандарлық илимниң раўажланыўына көп жәбирин тийгизди. Сол себепли халқымыздың тарийхы орнына партияның тарийхы үйренилди, миллий тил ҳәм әдебият орнына улыўмаласқан (ҳәтте, ҳәр қыйлы тиллер ҳәм әдебий тәсирлер араласпалары), төркини узақ мәдениятларды бир-бирине жақынластырыўлар, өз тилимизди, әдебиятымызды, тарийхымызды менсинбеў жағдайлары жүз берди. Бул әлбетте, Орайдан келген нусқаўлар еди. Орайдың бундай сиясатының ақыбетиниң жаман болғанлығы соншелли, бизде экономика раўажланып, турмыс жақсыланса да, илим ҳәм мәденият раўаж алып, қаншама көп нусқада китаплар басып шығарған болсақ та, бизиң тарийхый шығысымыз, төркинимиз белгисиз болып қала берди. Буған сол совет дәўириниң сиясаты белгили дәрежеде себепши болса керек. Сол себепли өзимизди тек басқалардың көлеңкесинде ғана көрдик. Ал, ҳәзир болса көп халықлар ғәрезсизлик алып, өз алдына мәмлекет болды, ҳәмме өзин танытыўға умтылып атыр. Бирақ, жыйналып қалған машқалаларды бирден шешиў қыйын.

Бизиң алымларымыз, изертлеўшилеримиз, шайырларымыздың қосықларының шеберлиги орнына бурынғы баба шайырларымыздың

гедейлигин мақтап кеткен. Бий адам батыр болса оны айтыўға да қорыққанбыз. Буған тек сиясат айыплы деў қыйын. Себеби, басқа халықлардың тарийхында әдалатлы патшалардың да болғанлығы айтылады. Ал, жазыўшылардың өзи патша, ўәзир, граф, бий, бай, дворянлар болған. Негизинен алғанда, жазыўшылардың өзи де саўатлы адамлар арасынан шыққан. Ал, бизде болса ертедеги классик шайырларымыздың бәрин кәмбағаллардан шыққан деп көрсетип кеткенбиз. Бул ҳәр бир миллеттиң руўхый мийрасларына қатаң партиялық-класслық идеологияның қатнасын басшылыққа алыўдың ақыбети болды. Буған келешекте итибар бериўи керек. Өз өтмишимизди тереңирек изертлеўимиз, анығына шығыўымыз керек. Бизиң ҳәмме классик шайырларымыз жупыны гедейлерден шыққан, күнликши, от жаққыш, падашы, шопан болған дегенге исениўге бола ма? Сол жағы мени әдеўир ойландырады.

Бәлки айырым адамлар: «Камалов бул ҳәдийселерди өзиниң қолынан келетуғын ўақтында дүзетпеди. Енди ақыл берип атыр»— деп ойлаўы мүмкин. Ырасын айтсам, мен ол ўақытлары бул жумысларды арнаўлы адамларға тапсырып, өзим республиканың аўыл хожалығы менен қурылысына берилип, қолым тиймейтуғын еди. Енди көп китапларды оқып көрип, сол кемшиликлерди сезип атырман. Мен бул пикирим менен адамларды гүналамақшы емеспен, республиканың бир жасы үлкени сыпатында кемшиликлерди саплас-тырыўға өз кеңесимди бермекшимен.

Екиншиден, мениң қәнигелигим тарийхшы. Адам ҳәр түрли лаўазымларда ислесе де өз қәнигелигин умытпайды екен. Бәлки, соның ушын ба, әйтеўир кейинги ўақытларда тарийхый мийнетлерди қалдырмай оқыйтуғын болдым. Тарийх илиминде топланып қалған машқалалар мени әдеўир ойландыра баслады.

Тил, әдебият ҳәм тарийх илими ҳәр бир елдиң ўатандарлық илими болып та есапланады. Себеби, бул илимлер қандай қәнигеликтеги адамлар болса да таныс, белгили бир халықтың мәденият тарийхы да болып есапланады. Соның ушын болса керек, бул тараў мени көбирек қызықтырады. Сол тийкарларда өз пикирлеримди айтпақшыман.

«Қарақалпақ тили XIV—XV әсирлерде пайда болған» деген пикирлерди С. Е. Малов, Н. А. Баскаков ҳәм Д. С. Насыров мийнетлеринде оқыған едим. Лекин, буның тарийхый раўажланыў жолы илимде толық ашылмай қалды. Қарақалпақ тили билими бойынша Н. А. Баскаков, Г. Убайдуллаев, А. Қыдырбаев, А. Есемуратов,

Қ. Бердимуратов, Д. Насыров, Е. Бердимуратов, Х. Ҳамидов, М. Дәўлетов, А. Дәўлетов ҳәм басқа да алымлар жемисли мийнет етти. Қарақалпақ тили илими соңғы дәўирде әдеўир өсти. Бирақ тил тарийхы жетерли үйренилмеди.

Тил — адамзаттың қарым-қатнас қуралы. Соның менен бирликте, ол миллийликтиң белгиси, бир халық пенен екинши халықтың айырмашылығын аңлататуғын белги. Соның ушын да, ҳәр қандай халық бар жерде ана тили жасаўы тийис. Лекин, үлкен миллет тили, кишкене миллет тили деген түсиниклер де бар. Ал, гейпара мәмлекетлер тек бир тилде сөйлейди. Мәселен, Америка. Бул елде ҳәр түрли халықлар жасайды. Ҳәтте, миллеттен тысқары ҳәр түрли расадағы ақ, қара ҳәм қызыл тәнлилердиң өзлери де тек инглис тиллеринде сөйлейди. Олардың қайсы миллеттен екенлигин тили арқалы айырыў мүмкин емес. Ал, бизиң бурынғы СССРда халықлар тили ҳәм миллети жағынан ажыралатуғын еди. Ҳәр бир миллет өз тилинде сөйлеўге, билим алыўға, газета-журналлар, китаплар шығарыўға ҳақылы еди. Бирақ, усыған қарамастан мәмлекетлик тил болған рус тилиниң үстемлиги мойынланды. Себеби, жәмийетти басқарыў, илим мәденият рус тили тийкарында өлшенетуғын еди. И. В. Сталин 1930-жылы РКП (б)ның Х съездинде сөйлеген сөзинде: «Тилге репрессия жасаў қыйын. Соның ушын да, мәмлекетлик тил рус тили болып қалады. Бул тил СССР қурамындағы барлық тиллерди жеңип кетиўи мүмкин»—деген пикирди айтқан еди. Лекин бул болжаў жүдә нақ болмағаны менен алпыстан аслам майда тиллерди ысырып таслағаны мәлим. Сол тийкарда СССРда дизимге алынған 140 тилден 80 тил ғана қалды. Қарақалпақ тили солардың ишинде 34-орынды ийелейди.

Мен ҳәр қандай миллет ушын тил баслы фактор екенлигин мақуллаў менен бир қатарда, басқа тиллерди де үйрениў зәрүрлигин мақуллайман. Мәселен, рус тилин үйрениў бизге көп пайда келтирди. Рус тили арқалы биз пүткил дүньяның жаңалықлары менен таныстық ҳәм өз тилимизди де раўажландырдық.

Ал, ҳәзир, мениңше рус тили менен бирликте инглис ҳәм өзбек тиллерин үйренген мақул. Себеби, инглис тили пүткил жер жүзилик тил. Өзбек тили — мәмлекетлик қарым-қатнас қуралы. Соңын ала бул тилде пүткил дүньяның ең әжайып шығармалары аўдарылып, халыққа инам етилиўине толық исенемен. Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың:

Ана тилим басқадан айырмам,
Сен турғанда мен де әдеўир шайырман,—

дегениндей ақ турмысымызда қарақалпақ тилиниң тутқан орны айрықша. Себеби, биз дүньяға келгеннен баслап усы тилде сөйлеп, тилимиз шыққан. Ең дәслеп аналарымыз тап усы тилде ҳәййиў айтқан. Соның ушын да, ҳәр қандай ана тилдиң орны басқа. Өзге тиллерди үйрениў — бул бахыт. Көп тил билген адам билимли ҳәм илимли де бола алады. Бирақ ҳеш қашан өз тилинди умытпаслық керек.

Бизиң тил тарийхымыз ерте дәўирлерден баслап, басқа да түрк тиллес халықлар менен ортақласып, соң XIV—XV әсирлерде қарақалпақ тили болып қәлиплести. Буған сәйкес айырым ески қолжазбалар да бар еди. Бирақ биз оны сақлай алмай қалдық.

Жигармаланшы жылларда басланған репрессия араб имласы менен жазылған қолжазбаларға қарсы ҳүжим баслаған еди. Бул дәўирде ким саўатсыз дийқан болса, сол нағыз патриот саналып, көбирек мақталды. Сол себепли биз өзимиздиң саўатлы адамларымызды да, мәдений мийрасларымызды да көбирек жоқ еттик. Бул жағдай басқа халықларда да болды. Бирақ биз пүткиллей асырып жибердик. Себеби, биз ески жазыўларға қарсы гүрестик. Ески мийраслардың дерлик ҳәммесин отқа жақтық. Мен бизде ески мийрастан ҳеш нәрсе қалмады деп айта алмайман. Оның қәдирин түсинип, усы дәўиримизге шекем сақлап келгенлер де бар. Бирақ, ески қолжазбаларды оқый алатуғын саўатлы кадрларымыз жүдә аз. Биз, ҳәтте, шығыс таныўшы боламан деген адамлардың изине түстик. Мәселен, Нәжим аға Дәўқараев қарақалпақ халық дәстанлары, соның ишинде, Едиге дәстаны ҳаққында өзиниң пикирин айтқаны ушын кейнине КГБ жалаң аяқланып түсип алды. 1952-жылы Нәжим ағаның тил, әдебият, тарийх институтының директоры болып ислеп атырғанына қарамастан оны сол институтың басланғыш партия шөлкеминде миллетшил, диншил деп партиядан өширди. Бул мәселе қалалық партия комитетинде қаралғанда Әмет аға Шамуратов (сол ўақытта қалалық партия комитетиниң 2-секретары), мен (қалалық атқарыў комитетиниң баслығы) екеўимиз қарсы шығып, Нәжим ағаны қоллап-қуўатладық, партияда қалдырыў ҳаққында усыныс жасадық. Бизлерге Сабыр Өтениязов (сол ўақыттағы қалалық партия комитетиниң 3-секретары), Исмайыл Султанов («Қызыл Қарақалпақстан» газетасының редакторы) қосылды. Солай етип, 4

бюро ағзасы қарсы болдық. Рыжков (сол ўақыттағы қалалық партия комитетиниң биринши секретары) және үш бюро ағзасы партиядан шығарыў ҳаққында даўыс берди. Тәреплер төртке-төрт болып мәселе шешилмей қалды. Кейин бизлерди обкомның бюросына шақырып (сол ўақытта обкомның биринши секретары А. Махмудов еди), бул мәселени және қарады, бирақ Нәжим ағаның тәғдири шешилмей ашық қалды. Сол жағдайда Нәжим аға Дәўқараев директорлық исин даўам ете берди. Мен сол ўақыттағы шығыс таныўшы алымлардың миллий сезимине қарсы болған гүрести көзим менен көргенимди баян етпекши едим.

Москвада, Ташкентте, Бакуде, Алма-Атада шығыс таныў институтлары болды. Араб, парсы, қытай, ҳинд, ҳәм түркий тиллери жазылыў таңбалары менен үйренилди. Оларға ҳәр жылы бир-еки студент жиберип турғанымызда болатуғын еди. Ал, биз өз мәдениятымыздың тарийхына жүдә бийпарўа қарадық. Ата-бабаларымыз қалдырған жазба мийраслардың бәринен ўаз кешип те, тек Совет дәўиринде пайда болған мәдений мийрасларды изертлей басладық. Соның ушын да, халқымыз қашан пайда болды? Оның тили ҳәм әдебияты қайсы дәўирлерден баслап раўажланған?— деген сораўларға жақын күнлерге шекем жуўап таба алмай келдик. Бизде рус тилин жақсы билетуғын алымлар бар. Ал, шығыс тиллерин жетик билетуғын алымлар жоқ. Соның ушын да, алымларымыз тек рус тилиндеги дереклерди ғана билип, шығыс тилиндеги дереклердиң ҳеш биреўин билмейди. Араб, парсы ҳәм қытай дереклери арқалы жумыс алып барыў мүмкиншилигине ийе емеспиз. Биз өзи Шығыстан тарқалған халықпыз. Негизги мийрасларымыз араб имласы тийкарында араб, парсы ҳәм түркий тилиндеги қолжазбаларда сақланған. Сол қолжазбаларды дурыслап оқый алмасақ қандай илимий жумыслар алып барыўымыз мүмкин. Ташкент ҳәм Алма-Атадан шығыстаныў институтлары ислеп тур. Буған қосымша ески қолжазбаларды илимий изертлеў институтлары бар. Ал, бизлерде болса бул тараўда жетик қәнигелер елеге шекем жоқ. Бул әҳмийетли иске кеўил бөлмегенбиз. Мен бул тараўда еки қәнигени билемен. Биринши, филология илимлериниң докторы, профессор Хуснатдин Ҳәмидов (тил билими бойынша қәниге). Х. Ҳәмидов араб тилин өз бетинше үйренген. Сол тийкарда қарақалпақ тили тарийхын изертлеўге үлес қосты. Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университетинде араб тили бөлиминиң ашылыўына өз жәрдемин тийгизди.

Екиншиси, филология илимлериниң докторы, профессор Камал Мәмбетов (қәнигелиги әдебиятшы) — Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультети ҳәм соңынан усы университеттиң Шығыстаныў факультетиниң парсы филологиясы бөлимин тамамлаған белгили жазыўшы ҳәм алым. Ырасын айтқанда, оның рус ҳәм шығыс дереклерин теңнен билиўи және көп илимий мийнетлери маған жүдә унайды.

Әдебият илими ҳаққында да тап сондай пикирдемен. Әдебият — бул халықтың өмир айнасы. Солай болса да бул илим бизде усы әсиримиздиң 30-жылларынан баслап раўажлана баслады. Бул бағдарда ҳүрметли алымымыз Нәжим Даўқараев мийнетлерин тән аламан. Ол қарақалпақ әдебиятының дәслепки жыйнаўшысы ҳәм изертлеўшиси болды. Әдебият илимине дәслепки соқпақ салып, XVIII—XIX әсирдеги әдебият сырларын ашып көрсетти. Буннан тысқары, Қаллы Айымбетов, Исмайыл Сағийтов, Марат Нурмуҳаммедов, Сражатдин Ахметов, Қабыл Мақсетов, Бабаш Исмайлов, Сарығүл Баҳадырова, Әбдисайыт Пахратдинов, Қәлимбет Султанов ҳәм Қонысбай Камаловтың мийнетлери менен азы кем таныспан, әсиресе соңғы ўақытлары олардың көп мийнетлерин көзден өткердим.

Көркем әдебиятымызды раўажландырыўға үлес қосқан Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Тилеўберген Жумамуратов, Жолмурза Аймурзаев, Ибрайым Юсупов, Төлепберген Қайыпбергенов ҳәм Кәраматдин Султановлар мениң ең сүйикли жазыўшы, шайырларымнан болып есапланады.

Бул бағдардағы жағдайлар да тап жоқарыда көрсетилгендей. Алымлар жақын әсирде өмир сүрген шайыр ҳәм жазыўшыларымыздың жасаған заманын ҳәм көркем шығармаларын анықлады. Бирақ дәўир сиясатына бойсындырыў нийетинде олардың тарийхый шығысын төменлетип жиберген. Мәселен, Жийен жыраў айырым мағлыўматлар бойынша Хожа Ахмед Яссаўийдиң медресесинде оқыған. Ол да шопанның баласы деп айтысып жүр. Әжинияз Хийўа медресесинде оқыған, ол да жылқыманның баласы яки Бердақ шайыр өз қосықларында: «Бухара менен Хорезмге саяхат жасадым» — дейди. Ол Қарақум медресесин питкерген. Буны да кәмбағал дийқан адам сыпатында көрсетпекши болады. Булар жүдә бай адамлардың балалары болмаған менен де бек яки руўханыйлар шаңарағынан шыққан болыўы мүмкин. Себеби, өмир ҳақыйқатлығының өзи соны көрсетеди. Өз күнин зордан көрип отырған адамның бирден

үлкен шәҳәрлерге қәрежет таўып барып оқып, данышпан ҳәм шайыр болып кетиўи исенимсиз. Сонлықтан, биз Жийен жыраў, Бердақ, Әжиниязды қара табан гедей-дийқаннан шықты дегенге исенгимиз келмейди. Олар өз заманының қурғын хожалықларынан шыққан, өз дәўириниң алдынғы адамлары болған. Олар диний медреселерди питкерген үлкен руўханий адамлар болган. Соның менен бир қатарда, олар өз заманының алым адамлары саналған. Мәселен, Бердақ қарақалпақ халқының шежиресин жазған. Демек, ол тарийхшы. Шежирени жазардан алдын көп дереклер менен танысқан, көп адамлар менен ушырасып, сәўбетлескен. Саўатсыз, интасыз эпиўайы дийқан адам қалай халқының тарийхын жазыўға қол ура алады?

Бердақтың шығармаларындағы философиялық пикирлери ҳақ-қында философ алым Кәримбай Худайбергенов докторлық диссер-тациясын жақлады. Демек, Бердақ — философ. Қарақалпақтың ҳәзирги халық намаларын ким дөреткен? Бәлким, Бердақ бақсы менен Әжинияз усаған талантларымыздур? Сол сыяқлы, Жийен жыраў бизиң ғаррыларымыздың айтыўы бойынша, ол Түркстанда жасағанда Хожа Ахмад Яссаўийдиң медресесинде оқыған жүдә саўатлы, руўханый адам болған. Солай болмағанда «Посқан ел»ди, «Гүлайым»ды жазған адамды ишерге асы, кийерге кийими жоқ жупыны жарлы-жақыбайлардан шыққан деген пикирге исениўге бола ма? Жийен жыраў да алым, тарийхшы адам болған. Сол сыяқлы, Хийўада еки медресе питкерип, диний жоқары билим, ахун атағын алған Әжинияз шайыр, әлбетте, үлкен алым болған.

Орай жүргизген сиясат қолларына қәлем услатқан бизиң әдебият изертлеўшилеримиз класслық-партиялық қатнас талабына бас ийип, олардың көбисиниң шығысын пүткиллей бурмалаған ямаса терең изертлемеген болыўы мүмкин. Бизиң әдебий тарийхымызға қарасақ, бурын бизде алым болмаған. Бул да ҳақыйқатлық емес шығар деп ойлайман. 20 томлық фолкьлоры бар, бай мийраска ийе халықтың алымлары болмаған деўге мениң тилим бармайды, исеним туўдырмайды.

Мине, усы көзқарастан биз әдебият тарийхын қайта қарап, қайта изертлеп, ҳәр нәрсени өзиниң орнына қойыўымыз керек шығар. Яки болмаса, Бердақтың:

Анаў мешит минарланған,
Басларында шырақ жанған,

Қуран ашып халықты алдаған,
Ийшанларға жоқты салық.

Өтештиң:

Қазы, имам, ахун, ийшан, моллалар,
Көзлериме шайтан яңлы көринди,

— деп айтыўлары ҳеш кимди исендире алмайды.

Бизиң изертлеўшилеримиз, алымларымыз Бердақ пенен Өтешти атеист етип көрсетип қойыпты. Усыған исениўге бола ма? Мениңше, бул да исеним туўдырмаса керек. Олар руўханый болмағанлықтан, динге қарсы шығыўы мүмкин емес. Уллы шайырларды кимдур бурмалап, идеологияға жығып берип, шынлыққа қыянет етип отыр. Оларды «жасалма коммунистлик шайырлар» етип қойыўға болмайды. Булар да қайта изертлеўди талап етеди.

Әдебият тарийхы менен халық тарийхы тығыз байланыслы. Сол ушын ғәрезсизлик алғанымызды есапқа алып, әдебий тарийхымызды пүткиллей қайта қарап шығып, коммунистлик руўх пенен суўғарылған идеологиядан әдебиятымызды, тарийхымызды тазалап алыўымыз керек шығар деп ойлайман.

Мениң айтпақшы болғаным тек бул ғана емес. Биз жақын күнлерге шекем өз әдебиятымыздың сағасын XVIII әсирден баслап келдик. Тарийхты оқып қарасақ, бирден пайда болған әдебият та жоқ. Сонда бул қалай болды? Әдебиятымыздың сағалары қаяқта? — деп ҳеш ким айтпаған. Ырасын айтқанда, бул бизиң әдебиятшыларымыздың үлкен кәтелиги. Буны да дүзететуғын ўақыт жеткен шығар деймен.

Усы жағынан қарағанда профессор Камал Мәмбетовтың «Ерте дәўирдиң естеликлери» (Нөкис, 1984), «Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты» (Нөкис, 1992) китаплары дыққатқа ылайық деп ойлайман.

Бул мийнетлер тек қарақалпақ халқының әдебияты ғана емес, бәлки оның халық сыпатында қәлиплесиў тарийхын изертлеў жолында да белгили орын ийелейди.

Қарақалпақ халқының тарийхын изертлеўде С. П. Толстов, П. П. Иванов. Я. Ғуламов. Т. А. Жданко, Б. Андрианов, С. К. Камалов, Р. Қ. Қосбергенов, Я. Досумов, У. Шалекенов, Л. С. Толстова, Қ. Сарыбаев ҳәм басқа да алымлардың орны гиреўли.

Бирақ солай болса да мен С. П. Толстов, П. П. Иванов, Т. А. Жданко ҳәм Б. Андрианов мийнетлерин көбирек қәстерлеймен. Себеби, бул алымлар «қарақалпақ халқы қайдан ҳәм қашан келип шыққан?» — деген сораўға жуўап изледи. Бирақ, бул үлкен

алымлардың өзлери де шығыс дереклерин толық көрип шыққан, — деп қарауға болмайды.

Ал, бизиң ўатандарлық алымларымыз болса XVIII әсирден ары өте алмады. Бәлким, буған олардың өзлериниң таңлаған темалары XVIII—XIX әсир болғаны ушын шығар, сол жағынан қарағанда оларды да гүналап болмайды. Солай болса да, бул тараў бойынша жергиликли кадрларымыз жан күйдириўи керек еди. Тилекке қарсы, буларды тек жақын дәўирлердеги әсирлер тарийхын ғана тема етип алды. Тарийх илими үлкен патриотизмди талап етеди. Себеби, биз қандай халық болғанбыз, ата-бабаларымыз кимлер? Буны халқымыз билиўи керек. Ал, бизиң тарийхшыларымыз бул мәселеде улыўмаласқан пикирлерден ары өте алмай атыр. Бизиң тилимиз XIV — XV әсирде қәлиплескен болса, неге тарийхымызды тек XVIII әсирден баслап, ал аржағына қол урмай келдик? Қарақалпақлар Арал бойында көп жыллардан берли жасаған деймиз. «Қырқ қыз» қаламыз бар, басқа да тарийхый дереклер бар. Неге биз тек XVIII әсир менен шекленип, оннан арғы жағын изертлемегенбиз? Ҳәзирги оқыўшыларға усынылған тарийх китабы әййемги заманлардан бүгинги күнге шекем деп жазылған. Сонда XVIII әсирден аржағы тек археологиялық қазылмалардан ибарат болып қала берген ғой. Демек, жазылған тарийх та шала. Онда өз тарийхымыз, өтмишимиз, қәдириятларымыз ашық-айдын көрсетилмеген ғой. Усы түринде қала берсе бола ма? Қарақалпақлар Днепр бойында «чёрные кло-буки» деген ат алып жасаған, ол ҳаққында рус дереклеринде («Слово о полку Игорове» де), Олжас Сулейменовтың «Аз и Я» китабында да бар. Сол тарийхымыз елеге шекем изертленбеген ғой. Сол түринде қала бере ме? Волга бойында, Орал бойында қарақалпақлар жасаған деймиз. Олардың тарийхы да жазылмаған, изертленбеген. Қарақалпақлар Маңғыт, Қоңырат, Ноғай болып, басқа түркий халықлар менен жасаған деген де пикирлер бар. Бирақ, бул да жақсы изертлеўлерди талап етеди. Түркстаннан көшкенде қарақалпақлар үшке бөлинип кеткен деседи. Ал, айырымлары төртке бөлинип, арқа Қазақстанға қарап көшкенлери де бар деп айтысады. Бул да изертленип, писип, жүзеге шығарылмаған ғой.

Адамға ой саларлықтай тағы бир нәрсе — Молдавияның географиялық картасына нәзер салсаңыз Баймаклия, Тараклия, Казаклия, Чумишлия, Комрат, Минжир деген қалаларға көзиңиз түседи. Булардың бәри де қарақалпақ руўларының атлары. Сондай-ақ, ол жақта Қайнар деген дәрья, Сасық, Қытай деген көллер де бар.

Мине, усылардың ҳәммеси, мениңше, тарийхшыларды әлле қашан қызықтырыўы тийис еди. Ол жақларға тарийх изертлеўшилерди жиберип алыўға да болар еди. Не ушын тарийхшылар қызықпайды, изленбейди?

Қулласы, бизиң халқымыздың тарийхында усындай шешилмеген түйинлер көп...

Туўры, Қарақалпақстан тарийхының биринши ҳәм екинши китаплары жазылды. Бул китаплар жаман жазылған деп айта алмайман. Бәри де сол дәўирлер талабы тийкарында жазылған. Лекин, олар халық массасына толық жетип барды деп айтып болмайды. Ашығын айтыўымыз керек, бул еки томлық тарийх китабы халық тарийхынан көре партия тарийхына уқсайды, ҳақыйқаттан гөре көбирек сиясатқа жақынласқан. Тарийх изертлеўшилеримиз тәрепинен XVIII — XIX, әсиресе XX әсир еле де терең изертленбеген, халқымыздың, халық хожалығының раўажланыўы ҳаққында толық таллаў ҳәм жуўмақлар жоқ. Усы китапты ҳәм тарийх китабын оқыўанлар оны тез аңлайды.

Совет ҳүкимети ҳәкимлик сүрген жылларда да ҳәр дәўирге берген таллаўлар ҳәм жуўмақлар көринбейди.

Ҳәзир өзбек, қазақ, тәжик, түркмен ҳәм қырғыз алымлары өз халқының тарийхына сәйкес китаплар шығармақта. Бурынғы партия тарийхы орнына ҳәр бир халықтың өзине тән болған тарийх китаплары пайда болды. Ал, бизде болса еле де мәселелерге жетерли дыққат жоқ, ҳәттеки қолға да алынған жоқ шығар деймен.

Қарақалпақстан тарийхы өз алдына пән сыпатында қабыл алынды. Солай болса да, бул тараўда материаллардың жетиспеўи муғаллим, студент ҳәм оқыўшыларды ойландырмақта. Мен жақында «Еркин Қарақалпақстан» газетасында (20/XII — 1994-жылы) Г. Убайдуллаев атындағы халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнигелигин жетилистириў ҳәм қайта таярлай институтының тарийх пәнин оқытыў кабинетиниң хызметкери У. Әдилова ҳәм М. Салабаевлардың «Өзбекистан халықлары тарийхын ҳәм Қарақалпақстан тарийхын оқытыў машқалалары» деген мақаласын оқыдым. Бул мақаладан оқыўшылар тарийх пәнин оқыўанда ҳәр қыйлы материаллардан пайдаланатуғынлығы, бир тыянақлы системаға түскен оқыў қуралының жоқ екени белгили болды. Оқыўшыларымыздың алдында тарийхшы алымларымыз еле қарыздар екенин аңладым.

Биз кишкене халық болғанымыз бенен тарийхымыз үлкен. Бул ҳаққында С. П. Толстов, П. П. Ивановлар төрели пикирлер айтқан. Ал, сол пикирлерди раўажландырып, бүгинги өзлигимизди

таныўға үн қоса алғандай тарийхшыларымыздың шықпаўы мени қатты ойландырады. Бизиң үлкен тарийхшыларымыз ҳәм олардың тәрбиялаған шәкиртлери қаяқта?

Бизде археология тараўы бойынша да бир қанша табыслы жумыслар исленди. Бул бағдарда В. Н. Ягодин, Ю. Манылов, Е. Бийжанов, М. Қыдырниязов, М. Торебеков, О. Доспанлардың мийнетлери бар. Лекин, булардың мийнетлеринде де улыўмаласқан пикирлер оғада көп. Сол дәўирлерге қарақалпақлардың қандай үлес қосқанлығы ҳаққындағы пикирлерди таба алмайсаң.

Бәлки, археологлар сөз еткен ески дәўирлерде қарақалпақ халқы пайда болмаған да шығар. Бирақ бизиң халқымыздың бет-әпшерине уқсас сүйеклер, буйымлық затлар, нағыс үлгилери, миллий дәстүр төркинлери сақланған гой. Солай екен, олар қарақалпақ қәўимлик дәўирлери ҳаққында да өз пикирлерин айтыўы керек еди. Тилекке қарсы, бундай пикирлерди табыў қыйын.

В. Н. Ягодин соңғы дәўирдеги изертлеўлеринде Әмиўдәрьяның Аралға қуяр жериндеги ески қалалардың қарақалпақлар мәдениятына тән болған белгилерин тапқан. Бул ҳәр тәреплеме қуўатлаўға ылайық мийнет. О. Доспанов, М. Қыдырниязов мийнетлеринде де оғада баҳалы пикирлер бар. Бул пикирлерди еле де тереңлестириў ҳәм раўажландырыў керек шығар деймен.

Усы жерде китаптың «Өзбек халқы менен мәңги бирге» деген бөлиминдеги қарақалпақлардың пайда болыўы ҳаққындағы тарийхқа азлы-көпли тоқтап өтемиз.

Қарақалпақ халқының халық сыпатында танылыўы «Чёрная шапка» деген ат пенен Русь жылнамасының XII әсирде шыққан әдебиятларында көринеди. Анығырақ айтатуғын болсақ, 1146-жылы Ипатьев (Русь) жылнамасында «қара шапка», «чёрные клобуки» деген ат пенен Қара теңиз бойында Паросье далаларына жайласады. Кейин «Чёрные клобуки» 1193 ҳәм 1225-жылларда Русь жылнамаларында баян етиледи.

«Печенег» Қара теңиз жағаларында, Киев Руси жерлерине жақын отлақлы жерлерге қоныс басып, бираз жасаў жағдайын дүзеп, қурғынласады. Олар тийкарынан ат, ири шақлы қара маллар сақлайды. Киев армиясына атларды саўға ретинде берип қоңсышылықты беккемлейди. Киев армиясының саўашларға атланысында «Печенег» («Чёрная шапка») армияға солдатлар да береди. Солай етип, Русь князлигине жақынласып, сиясий ҳәм ел басқарыў ислерине де қатнасады.

Л. Н. Гумилевтиң анықлаўы бойынша Печенеглер Едилден 899-жылы IX әсирде өтип Қара теңиз жағасына, Киев князлигине жақын жерде жайласады. Ал, С. П. Толстовтың айтыўы бойынша X—XI әсирде Киев князлиги қапталына орналасқан, деп көрсетеди. Буның қайсысы дурыс екенин тастыйықлаў қыйын.

Биз Л. Н. Гумилевтиң анықлаўына тоқтаймыз. Печенеглер X—XI әсирлер даўамында 200 жылдай Киев князлиги менен татыў жасайды.

Печенеглердиң Украина жеринде жасағанлығын билдиретуғын еки дәлилди келтирип өтпекшимен.

1. Мен 1960-жыллардың ортасында Киевке барғанымда пещерадағы (жер асты) музейде қызлардың көйлек, камзолларындағы нағыслардың қарақалпақлардың нағысларына оғада уқсайтуғынлығын көрип ҳайран қалдым.

2. Киев қаласының ең бас майданшасын «Майдан» деп атайды. Славянлар тилинде майдан деген сөз жоқ. Бул сөз де печенеглердиң сөзинен алынған болып, әсирлер даўамында украин тилине сиңип кеткен болса керек.

Киев Князи Святослав (полководец) әскер басы, (945—972), әскерий ислерге жүдә уқыплы, шебер болғанлықтан князь болған жыллары қоңсылас көп еллерди басып алады ҳәм үлкен атаққа ийе болады.

Кейинирек Святослав Болгария, Венгрия еллери менен шәртнама дүзип, биригип Византияға урыс ашады, бирақ Византия күшлилик етип, оларды жеңеди. Святослав елине қайтып киятырып, Печенеглерге ҳүжим жасайды. Печенеглер темир саўыт кийип, тюрк әскерлериниң қураллары менен — найза, оқ жай, қылыш ҳәм үш метрлик ушына алмаз қуйылған шанышқы менен Святослав армиясын қырып таслайды және Святославтың өзин де өлтиреди. Бул 972-жылға туўра келеди. Святославтың армиясын жеңген Печенеглер күшли, урыс жүргизиў уқыбына ийе екенин исте дәлиллейди. (Большая Советская энциклопедия, 23 том, 96-бет). Л. Н. Гумилевтиң анықлаўы бойынша бул урыс Печенеглер 200 жылдай Киев Руси менен қоңсылас болған ўақытқа туўра келеди.

Бул жағдай келешекте Киев Руси менен Печенеглер ортасында суўықлық пайда етеди. Жеңилген Киев армиясы Печенеглерге көп атланыс жасайды. Аралықта татыўлық бузылады.

Усы урыс-қағыс, азаптан қутылыў ушын «Чёрные клобуки» өзлерин аман сақлаўдың басқа жолын излейди.

Печенеглер енди «Ноғай» ордасына қосылып, оның армиясында баслы күшке ийе болады. Бирақ, Волга бойы, Қара теңиз жағалары, Карпат таўының дөгереклери мәңги урыс майданына айланады. Мәмлекетлер бир-бирине қарсы болып, урыслар көп жыллар даўам етеди. Тәбийғый жағдай, урыста әззилер жеңиледи, күшлилер жеңеди.

Қарақалпақлар Ноғай ордасына қосылған менен Русь князьлериниң ордаға соққысы, оларға аўыр жағдай туўғызады. Усындай жағдайлардың нәтийжесинде қарақалпақлар аш-әптада болып, XVI әсирдиң ақыры XVII әсирдиң басында ата журты Түркистанға қайтыўға қарар етип, атлы, жаяў жолға раўана болады.

Қарақалпақлар «Ноғай» ордасында болғанда миллет атағын алады. Ноғай тили менен қарақалпақ тили — бир тил. Ноғай толғаўы (қосығы) қарақалпақтың да қосығы, оларды бир-биринен ажыратып болмайды.

Қарақалпақлардың сол ўақыттағы турмыс жағдайын дәлиллейтуғын бир қосық қатарын келтиремен:

«Едил қайда, ел қайда?
Жайың қайда, жай қайда?
Жалаң аяқ сорлыға,
Тикенексиз жол қайда?»

Орта-Шығыс Европадан Түркистанға шекем 1000—1200 км шамалас жолды қарақалпақлар азап-ақырет пенен жүрип өтип Сырдәрьяның орта ҳәм төменги бөлимине орналасады. Олар Түркистан жерине жайласқаны менен, өз мақсетине жете алмайды, бул жерде де азап-ақырет күтип турғанға мегзейди.

Абулхайыр ханның ләшкерлери қарақалпақларға қатты соққы берип, малларын тартып алып, оларды Сырдәрья бойынан Жаңадәрья, Қуўандәрья бойына қуўып салады. Усындай азапқа шыдамай бийшара халық төрт тәрепке бөлинип көшип кетеди. Қарақалпақлардың үлкен бир бөлеги атақлы шайыр Жийен Жыраўдың «Посқан ел» поэмасынан белгили, олар Арал теңизи, Әмиўдәрья бойына көшеди.

«Жол азабы, гөр азабы» дегендей посқынлардың бираз бөлеги, жолда азық-аўқаттың, ишимлик суўдың кем болыўы нәтийжесинде дүньядан көз жумады. Оларды жолда жерлеп, дуўа оқып, қалғанлары «өлдим-талдымда» — дегенде Арал теңизи бойына келип қоныс басады.

Арал теңизи, Әмиўдәрья бойлары Хийўа ханының қурамына киретуғын еди. Көшип келген адамлар еле бойын тиклей алмай, қәддине келмей атырғанда ханның қысымына ушырап, аўыр салық төлеўге мәжбүр болады. Бул ҳаққында шайыр бабамыз Бердақ өзиниң «Салық» деген қосығында баян етеди.

Хийўа ханының әдилликке жатпайтуғын ислерине халық наразы болып, бираз көтерилислер болады. Солай болса да, қарақалпақ халқы бир әсирден аслам ўақыт Хорезм елиниң қарамағында болды.

Сол жыллары халық аш-аптада болып, қыйыншылық пенен күн көрди. Усы дәўирде Россия империясы үлкен күш пенен Орта Азия-Түркистан жерлерин басып алып, генерал-губернатор басқарыў системасын дүзеди. Ташкентте Генерал-губернатор болып К. П. Кауфман басшылық етеди. Россия армиясы Ташкент дөгерегинде бираз жерлерди (қалаларды) басып алып, ендиги сапарын Хорезмге бағдарлайды. Кауфманның қол астында 13 мың «бес атар» менен қуралланған армия бар еди. Оған қосымша 56 пушка (топ) менен Хийўа қаласының қыр дөгерегин қоршап, бир неше мәртебе топтан қала үстине оқ атып, қала халқын қорқытып, Хийўа ханы Сайид Мухаммед Рахимхан II ниң алдына шәрт қояды. Ол: «Я Россия менен урыс ашасаң, ямаса ханлықтың ярым бөлегин, өз ықтыярың менен Россия қарамағына бересең» — дейди. Хан Россияның күшинен қорқып, ханлықтың жарты бөлеги, Әмиўдәрьяның оң тәрепин — Шораханнан Мойнаққа шекем аралықты «өз ықтыяры менен» қол қойып, Россияның қол астына береди.

Россия қарамағына қосылғаны менен халықтың турмыс-жағдайы өзгермейди, аш-әптада болып жасай береди. Еки жерде Шорахан, Нөкис (кейин Шымбайда) Россия ҳүкимдарлығы уезд дүзеди. Халықтан шийки зат жыйнаў, салық төлеў, армияға (мәрдикарға) алыў даўам етип, халықтың әбигерлиги күшейеди.

Халықтың турмыс аўҳалының жүдә нашар (төмен) екенин мына қатарлар дәлиллейди:

«Үш ай саўыным,
Үш ай қаўыным.
Үш ай шабағым,
Үш ай қабағым».

Мениң халқымыздың өтмиштеги аўыр турмыс жағдайын жазғандағы мақсетим-ҳәзирги жаслардың көпшилиги өткендеги халқымыздың көрген азап-ақыретлерин билмейди, билсе де, шала биледи. Олар бар әдебиятлардан пайдаланып, оқып, уғып алсын

деген мақсетти гөзледим. «Өтмишин билмеген халық, келешек өмириниң қәдирине баҳа бере алмайды».

Жасырарлығы жоқ, бизиң ўатандарлық илимимиздиң дәслепки басқышлары раўажланбай қалған. Тил, әдебият ҳәм тарийх илимлериниң жетискенликлерин бирлестирип, халқымыздың өтмиштеги тарийхы ҳаққында белгили бир пикирге келгенимиз мақул. Себеби, бизиң алымларымыз жетерли болғаны менен өтмишимиз белгисиз болып қала берсе қалай болады?

Ҳәзир илимниң ең раўажланған дәўири. Соны нәзерге алған ҳалында илимде үлкен проблемалардың шешилиўи керек,—деп ойлайман.

Бурын биз Совет дәўирин изертлеўге көбирек итибар бердик. Соның себебинен айырым шешилиўи зәрүр проблемалар да шешилмей қалды. Бурын ең ири проблемалар деп аталған мәселелер де ҳәзир бир мәселениң бөлегине айналып кетти. Биз белгили бир халық екенбиз, демек ўатандарлық илимимизди раўажландырыўымыз керек. Бул тек мениң ғана талабым емес, ҳәзирги дәўирдиң де талабы, халқымыз күтип отырған талап.

Мен бул пикирлерим менен ҳәмме ерте дәўирдеги тарийхымызды изертлейик — деп айтпақшы емеспен. XVIII — XIX әсирдеги, ҳәтте советлик дәўиримиздеги тарийхымыздың да ашылмай қалған жерлери көп. Биз өзимизге таныс дәўирди изертлеп, белгисиз дәўирлерди кейинги әўладларға қалдыра берсек, тири шежирелер пүткиллей жоғалып, узақ дәўирлер кейинги әўладларымызға жүдә гүңгирт болып қалыўы мүмкин.

Сол ушын да, ҳәмме нәрсениң өз ўақтында исленгени мақул деп есаплайман. Кейинги әўладларға бул машқалаларды қалдырмай ҳәзир ислеп, оларға баҳалы мийрас қалдырыўымыз керек. Партия тарийхына усаған тарийхтың өмири келте, ол бир тәреплеме ҳәм үстиртин жазылғанлықтан мийраслыққа жарамайтуғын шығар деймен.

Мен усы пикирлерди айтып, алымларға өз кеңесимди бермекши едим. Айырым пикирлерди илимий дәрежеде айта алмаўым да мүмкин. Ол тәбийий, мен алым емеспен. Бирең-сараң алымлардың кеўлине тиймес деймен, егер кеўлине алыўшылар болса, мен кеширим сорайман. Буған өкпелеўдиң кереги жоқ. Себеби, ерте мекеш пе илимдеги қайта ислениўге, қайта изертлеўге тийисли мәселелерди айтыў орынлы.

БИЗ МИЙМАНДОС ХАЛЫҚПЫЗ

Бизиң халқымыз әзелден кең пейил, қолы ашық, дастурханы жайыўлы, қонақшыл, сақый халық болған. Дослықты, бирадарлықты ардақлаў, кисиге қайыр етиў, мүтәжин питкерип саўап табыў усаған әдиўли қәсийетлер әзелден қанына сиңген бизиң халқымыз миймандослықты, үйине қонық алыўды үрдис еткен, соны күсеген. Үйде қонақ қондырыў, оны жақсылап күтиў, елдиң ишинде абырай-атақ ушын да хызмет екен. Үйине келген қонақты күтиў ушын бөлек ажыратылған мийманханасы, көрпе-төсеги болған. Сыйлырақ азық-аўқатын, қыйыншылық пенен ғамластырып тапқан тамағын өзлери де жемей, қупыя жерге қойып, қонаққа сақлаған. Қонақ күтиў үлкен мәртебеге айланған. Қонықтан ҳеш нәрсени аямаған. «Тапқан биреўин сояды, таппаған екеўин сояды»—деген нақыл қонақ ушын улықпанында барын жумсайды, ҳәттеки туўайын деп турған қойын да сойып жибереди деген мәнисти аңлатады. Бул нақыл тек қарақалпақ халқында ғана бар. Бул гәпти мен басқа миллетлерди кемситиў ушын айтып отырғаным жоқ. Миймандослық бизиң ҳәмме халқымызға тән қәсийет.

Бизде дастурхан тек үйге келген қонаққа ғана жайылған емес, той-тамашаларда, ел ақсақалларын күткенде, уламалардан пәтия аларда кең дастурхан жайылған. Сондай-ақ, аразласқан адамларды жарастырғанда да дастурхан хызмет еткен.

Мине, халқымыздың усы жақсы қәсийетлерин сақлап, елди танытыў, дос арттырыў мақсетинде бизлер де Қарақалпақстанның дастурханын кеңнен жайыўға ҳәрекет еткенбиз. Бизиң халқымызда «Мың сиз-бизден бир шыж-быж» деген нақыл бар. Сол айтқандай, келген қонақларға сиз-бизликти орнына қойыў менен бирге, ылайықлы дәрежеде дастурхан да жайғанбыз.

Елдиң атағын биринши гезекте сол ел азаматларының мийнети шығарады, соның менен бир қатарда дастурханның да орны айрықша. Нәтийжели мийнет, кең дастурхан екеўи елдиң абырай-

атағын көтериўге, көп еллерге танытыўға, дос арттырыўға хызмет ететуғынын түсинип, итибарға алғанбыз. «Ҳәр ким сыйлағанның қулы» деғендей, терең иззет-ҳүрметти, кең дастурханды көрген қонақлардың да жүреги жылып баўыры елжиреп, сыйласыққа сыйласық пенен жуўап бергени, мүтәжимизди питкергени сыр емес. «Көп мәселе дастурхан дөгерегинде шешиледи» деген гәптиң жаны бар. Ҳақыйқатында да, «Жеген аўыз уялар» дегендей, бизиң кең жайылған дастурханымызды, ашық кеўилимизди, терең иззет-ҳүрметимизди көрген қонақлар бизлер олардың алдына мәселе қойып, өтиниш етпесек те, ҳақ кеўилден бизлерге жәрдем қолын узатып турды, республика ушын әҳмийетли көп мәселелеримизди шешип берди. Елимизге келген мийманлардың арасында дузымызды татып қурғақ ўәде берип, жумысқа жеңил-желпи қараған басшылар жоқ десек қәте болмайды. Ташкенттен, Москвадан бизге қонақ болып келип, дуз-дәмек болған басшылардың бизлер барғанда ҳәмме ўақыт есиги ашық еди, жыллы қабыл етип, мәселелеримизди кешиктирмей шешип берер еди.

Бизлер биринши гезекте өз мойнымызға жүкленген хожалық ўазыйпаларын инабат пенен орынлап, абырай-атаққа ийе болып, елди Өзбекистанға, аўқамға танытқан болсақ, екинши гезекте «бир күн дузын ишкенге қырық күн сәлем бер» деғендей, дастурханымыз бенен де елди танытқанбыз. Әлбетте, бизлерден бурын да Қарақалпақстанда кең дастурхан болған. Сейтжан аға Матжанов, Нурымбет аға Ешматов усаған талай ақсақаллар бизиң республикамызда берекетли дастурхан жайып, елдиң қонақларын инабат пенен атқарған.

Бизлер ислеген жыллары елимизге келген мийманларға көп хызмет еткен жигитлердиң де атын айтып кетиў орынлы деп есаплайман. Булар: Айназар Қунназаров, Генжебек Қурбанов, Равиль Абдуллаевич Забиров ҳәм т.б. лар өз хызмет ўазыйпасынан тысқары кеўил толарлық миймандослығы менен елдиң атақ абыройын арттырыўда зор хызмет етти.

Дастурхан жайыўдың, столды таярлаўдың, тағамды мазалы етип писириўдиң де өз алдына сырлары бар. Оны заманагөй, мәдениятлы, халықаралық норма дәрежесине келтириў жүдә әҳмийетли екени мәлим. Усы жерде бир мысал келтирип кетейин.

Мен обкомқа биринши секретарь болып сайланған 1963-жылдың бәҳәри жаўынлы, салқын келди. Пахта көп қайта егилди, жас ғаўашалардың түбин қатыўаштан босатыў аңсатқа түспеди. Сол

жылы май айында бизге ӨзКП Орайлық Комитетиниң екинши секретары Карлов Владимир Алексеевич келди. Оның менен бирге көп районларға, соның ишинде, Шымбай районына да бардық. Ол гезде Шымбай районының курамына бурынғы Шымбай, Кеңес, Қараөзек, Тахтакөпир районлары киретуғын еди. Мен бир күн бурын Қыдырнияз Әбдиреймовке (сол ўақыттағы райкомның биринши секретары) телефоннан қоңыраў етип, «ертең Карлов пенен барамыз, бәлким түски аўқатты сизден жермиз», деп ескертип қойдым. Ертеңине Шымбайға атландық. Жолшыбай азы-кем Кегейли районының хожалықларын көрип бардық. Қ. Әбдиреймов бизди шегарада күтип алды. Бираз ўақыт пахта араладық, соң Қараөзекке келдик. Түс те болып қалды. Қыдырнияздан «аўқатты қай жерге уйымластырдың?»—деп сорасам, «Қараөзекте», — деп жуўап берди. Қараөзекке жетип келдик. Бизлерди поссоветтиң кеңсесине апарды. Қол жуўып столға отырдык. Бир ўақытта пүтинлей писирилген үлкен бир түйетаўықты нәҳән табаққа салып, бизиң алдымызға әкелип қойды. Бир үлкен қазан пышақ бар, басқа ҳеш нәрсе жоқ. Тарелка, шанышқы, пышақ, сүлги дегенлердиң аты-заты жоқ. Карловтың биринши мәртебе Қарақалпақстанға келиўи еди. Карлов жүдә мәдениятлы адам. Ол соң 1965—86-жылларда КПСС Орайлық Комитетиниң аўыл хожалығы бөлиминиң баслығы болып жигирма бир жыл иследи, жүдә абырайлы, саўатлы ҳәм көргенли адам еди.

Бул аўҳалларды көрип Карлов та ҳайран қалған болса керек, ал мен жүдә қысынып кеттим. Қыдырнияз өз қолы менен түйетаўықты пуштарлап алдымызға шөректиң үстине қойды. Карлов аўыз тийди де қойды, жеген жоқ. Ат-таң қалған болса керек.

Бул аўҳал бизге үлкен сабақ болды. Сол ўақыттан баслап дастурханға тарелканы екеўлеп қойыў, пышақты, қасықты, шанышқыны, таза сүлги, таза майлықты қойыў ҳәм тағы да басқа дастурхан жайыў мәдениятын халыққа үйрете басладық. Мийманханада ҳәр адамға үш сүлги болыўы керек. Биреўи бет сүртиўге, биреўи аяқ сүртиўге, биреўи денени сүртиўге деп түсиндирип, буны майда ис деп есапламай, бул да халқымыздың мәдениятлылығының бир белгиси, деп үйреттик ҳәм талап еттик.

Камалов бундай мәселени не ушын жазып атыр деп гейпаралар ҳайран қалыўы мүмкин. Бирақ ойланып қарасаң булар мәденияттың ажыралмас бөлеги.

Рети келгенде айтайын, бизде айырым адамлар сырттан келип, қол жуўмай, аўқат жеп отырған адамлар менен қол алысады. Биреў-

лер аўзын аўқатқа толтырып жеп отырып сөйлейди, аўзынан аўқат шашырап турады. Айырым адамлар жўзим жегенде ҳәр жеринен жулып жейди. Соған усаған унамсыз, мәдениятқа жатпайтуғын ислерге сын тақтым, көпшиликке үйреттим. Бул керек емес пикир болыўы мүмкин емес.

Солай етип, дастурхан жайыў, қонақ қутиў мәдениятын халықаралық нормаға жеткериўге әдетленип, ҳәмме районларда, әсиресе Нөкисте қонақ қабыл еткенде Москвадағы ҳәр қыйлы жоқары дәрежедеги қабыллаўларда көрген-билгенимизди барлық басшы хызметкерлерге үйреттик. Қонақ қутиў мәдениятын үйретиў бурын бизге әдет болмаған. Бирақ жоқары мәдениятлы, раўажланған мәмлекетлер дәрежесине жетпеген менен халқымыздың экономикасы менен бир қатарда мәдениятының да өсип-раўажланғанын көрсетиў алға илгерлеўдиң бир түри шығар деп ойлайман.

Мен обкомда ислеген жыллары бизиң елимизге көп сыйлы қонақлар келди. Бизиң хожалық көрсеткишлеримиз турақлы раўажланған жыллары, әсиресе 1970-жылдан кейин Қарақалпақстанға Өзбекистанның үлкен ақсақалларын айтпағанда аўқамлық министрлерден 14 министр қонақ болып келди. Олар: С. А. Оруджев, П. С. Непорожный, Г. С. Золотухин, Л. И. Хитрун, Г. А. Караваев, Е. Е. Алексеевский, Н. Ф. Васильев, Л. М. Замятин, Б. П. Бугаев, И. Г. Павловский, В. А. Динков, Е. М. Тяжельников, В. Д. Даниленко, М. Т. Ефремов—СССР Министрлер Совети Баслығының орынбасары. Бул аты аталған министрлердиң қайсысы халық хожалығының қайсы тараўларын басқаратуғыны жоқарыда айтылған. Усындай үлкен аўқамлық көлемдеги басшылардың бизге келиўи—бул бизиң елимизге итибардың күшейиўиниң, абырай-атағының өсиўиниң, аўқамға танылыўының арқасында болса, ал екиншиден, бизлер көп мәселелерди Москва басшылары алдында көтерип, олардың шешимин талап етиўимиздиң нәтийжеси деп билемен.

Бул келген әзиз мийманлар бизиң көп әҳмийетли мәселелеримизди шешиўге өз жәрдемлерин тийгизди. Сонлықтан, биз тек Өзбекистаннан ғана емес, ал Москадан да өз пайымызды алыўға еристик, яр-дос арттырдық.

Мен тек мәселени өзлери шеше алатуғын аўқамлық министрлердиң атын атап көрсеттим, ал министрлердиң орынбасарларын ҳәм КПСС Орайлық Комитетинде жуўапкерли лаўазымда ислеген мийманларды қоссақ, олардың саны жүдә көбейип кетеди.

Бизиң шақырыўымыз бойынша ямаса өз жумыслары бойынша сол жыллар ишинде Өзбекистанның ҳәмме министрлери, соған жете ғаба лаўазымында ислеген ақсақаллары Қарақалпақстанға талай мәртебе қонақ болып келди. Мен олардың барлығы менен жүдә жақсы сыйласықта болдым, ҳүрмет-иззетин жоқары дәрежеге көтердим. Олар Нөкиске келерде күтип алыўға ҳәм кетерде узатып қалыўға ҳәмме ўақыт шәртли рәўиште өзим Е. Айтмуратович пенен бирге барып жүрдим. Айырым областьларға барғанда оларды тек облисполкомның баслығының орынбасарлары ғана күтип алар екен. Биз үлкенлик етпедик, елимизге келген қонақларды өзимиз ҳүрмет пенен күтип алып, қонақ асын берип, сиз-бизликти күшейттик, ӨзКП Орайлық Комитети, Министрлер Советиниң тапсырмасы болмаса да өз мәселелеримизди министрлер менен шешип алып турдық. Сыйласықты көрген министрлер материаллық ҳәм қаржы ресурсларын аямай беретуғын еди. Буны екинши дәрежели мәселе деп қараўға болмайды. Сол ўақытта мүшкилиңди жеңиллетип, проблемаларыңды шешип берип, исиңди алға илгерилетиўге жәрдем берген адам, бизлерге ҳақыйкый дос болған. Бизлер ҳәмме ўақыт усындай досларды излегенбиз ҳәм тапқанбыз.

Мине, усындай қарым-қатнас Қарақалпақстанның экономикасын көтериўге, халықтың абаданлығын арттырыўға хызмет етти.

Булардан басқа Өзбекистанда өткерилетуғын аўқамлық республикалардың әдебият ҳәм мәденият күнлериниң қатнасыўшыларын, республикаларда атағы шыққан жазыўшыларды, сахна шеберлерин бирдейине қабыллап турдық. Олар ҳәрдайым районларға да шығып, аўыл мийнеткешлериниң де мийманлары болды.

Бундай сыйлы қонақларды күтиў ушын, әлбетте, дастурхан бай ҳәм мәдениятлы болыўы керек. Соның менен бирге, оларды қабыл ететуғын мәдениятлы жай да керек. Ел қонақсыз болмайды. Усыны нәзерде тутып, бизлер ҳәмме районларда 3—4 бөлмели мийманхана қурдық. Нөкисте заманагөй мийманханаларды қурып пайдаландық. Бул мийманханаларды көрген меннен соңғы басшы «бул хәдден тыс төкпелилик, керек емес», деп ҳәммесин ҳәр қыйлы мәкемелерге берип жиберипти. Нөкисте ең үлкен қонақларды қабыл ететуғын мийманхананы кеңсе етип пайдаланыпты. Ҳәзирги басшылар оны қайтадан бурынғысынша пайдаланып атыр. Булардың ҳәммеси бурмалаўшылық, жоқ жерден, тырнақтың астынан кир излеўшилик. Мийманханадан айырылған районлардың басшылары ҳәзир сыйлы мийманды қай жерде қабыл алыўын билмей, көбисин өз үйлерине апарып жүр.

Мениңше, ҳәр районда жақсы мийманхана болыўы керек, қонақларды үйге сүйреп жүретуғын заман өтти. Гейпара үйлер қонақ күтиўге бейимлеспеген де шығар. Ҳәр үйдиң машқаласы өзине жеткиликли. Ҳәр сапары үлкен қонақларды күтиў былай турсын, өз шаңарағының жақын-жуўықларын, яр-досларды күтип үлгериў де аңсат емес. Сырт еллерде усындай сербиске жүдә итибар береди. Бизге келген жасаўыллар шаш ал десе бас алып, бийбастақлық етеди, миймандос халқымыздың шырышын бузып, кеўлине не келсе соны ислеген.

Район орайындағы кишкене ғана үш-төрт бөлмели мийманхана ел ушын керек. Ал, Москвада, Ташкентте ислеўши ҳәр бир жуўапкерли хызметкердиң мәмлекет салып берген усындай жайлары (дачалары) бар. Олар қаладағы квартирасынан басқа. Олар керек емес деген мәселени айтпақшы емеспен. Оларға усындай жағдай туўдырылып бергенде, бизиң маңлай терин төгип жүрген район басшылары ушын қонақ күтетуғын жай артық болар ма екен? — деген сораўдың турыўы тәбийий. Жасаўыллар Камаловтың заманында усындай керек емес ислер исленген деп, мени халыққа жаман көрсетиў ушын ҳәр қыйлы жолға түскен. Миймандос халқымыз бундай ҳәрекетлердиң орынсыз екенине түсинеди деген үмиттемен.

Усы жерде және бир айтып кететуғын мәселе — китап оқыўшыларда қонақ күтиў ушын қәрежет қаяқтан шықты деген сораў туўыўы мүмкин. Биз буған да ашық жуўап бере аламыз.

Мен үлкен жыйналысларда талай мәртебе тәкирар етип айтқанман: қонақ бизден бурын да күтилген, ҳәзир де қонақ келип атыр. Келешекте де елимиз қонақсыз болмайды. Ал, қонақты күтемен деп колхоз, совхоз кассасына асылмаң, жәмийетлик малға тиймең. Жәмийет малын, пулын қонаққа қәрежет етип жумсасаң қатаң жазалаймыз, тыныш жүриң, деп көп ескерткенбиз.

Қонақ күтиў ушын жерден пайдаланың, «жер ғәзийне» деген халқымыз. Ҳәр колхоз, совхоз 1—1,5 га жер ексе, инкубациядан 0,20—0,25 тийиннан 500—600 шөже сатып алып, оны бақса, бир жылға қонағы атқарылады. Сол сыяқлы районларда РайПОның, Совминниң дачасының қапталында хожалық есабында жәрдемши хожалығы болған, олар егин, бағ егип, мал сақлаған, өзиниң қунын өзи көтерген, сарп етилген шығынларын қаплаған ҳәм қонақларды күтиўге жумсағаннан емес, ал егин, бағ егиў, мал сақлаў есабынан болған. Бул мәселе өз ўақтында жүдә қатты қадағалаўға алынды.

ЕЛИМИЗДИҢ ЖАСЛАРЫНА ТИЛЕК-НӘСИЯТЛАРЫМ

Мен мине, 93 жасты қарсылап атырман. Усы жыллар ишинде көп ўақыяларды бастан кеширдим, көп адамлар менен сырлас болдым, жасы үлкен ақсақаллардың нәсиятын еситтим, ашшыны да, душшыны да таттым. Жаманнан қашып, жақсыдан ибрат алыўға талпындым. Көп итибарлы жумысларда иследим, абырай-атаққа да ийе болдым. Ел басқарып жүрген күнлеримде тек өзимди емес, елимди, халқымды ойладым. Көп қыйыншылықларды да, бултлы күнлерди де басымнан өткердим. Жумыстағы қыйыншылықлар, аўыр машқалалар көп излениўди талап етти, адаспай ақыл табыўға үйретти, гейде ой үстинде түн бойы бас қатырыўға мәжбүрледи. Өмирден азлы-көпли тәжирийбе топладым. Жумыс ислеген ўақытларда жеңислер де, кәте-кемшиликлер де болды. Булардың хәммеси дүньяға көзқарасты тереңлестирди, жетилистирди. «Көп жасаған билмейди, көпти көрген биледи»—дегендей, көп ўақыяларды бастан өткерип көп ҳәдийселердиң гүўасы болғанлықтан, өмирдеги бастан кеширгенлерим бай турмыс тәжирийбелерин топлаўға себепши болды, ақты ақтай, қараны қарадай танып билиўди, адамлардың түрин көрип-ақ олардың ишки ой-сезимлерин, жүрегиндеги пикирин аңлаўды, жасырын дүньясын болжап билиўди үйретти.

Бул гәплерди майдалап айтып отырғандағы мақсетим— бастан өткен усы бай тәжирийбеге сүйенип, елиме, халқыма, әсиресе жасларға жақсы тилеклер тилеп, нәсиятлар айтқым келеди. Мен уллы болайын, киши болайын, хызметте ямаса «басқа дүньяда» болайын, мен ҳәмме ўақытта халқымды, елимниң бирлигин, абаданлығын, мол дастурханын, ошақ басының аманлығын, саў-саламатлығын ойладым. Қудайдан мениң ең уллы тилегим—елимниң аманлығы, халқымның қурғын турмыс кешириўи, руўхының бәлент болыўы. Басқаша болыўы да мүмкин емес. Өзин сыйлаған инсан ҳәмме ўақыт

биринши гезекте туўған елин, халқын ойлаўы керек. Өз қара басын ойлаған адам ол—ишкирне, тар пейил, тәкаббир адам. Мен ондай пикирден аўлақпан. Бирдейине қолымнан келгенше халқымның, елимниң ийгилиги ушын хызмет қылғанман. Ҳәзир де пенсияда жүрип, сол нийет, сол мақсет пенен жасап атырман. Елдиң жасы үлкени сыпатында мен усы мақсеттиң орынланыўын тәғдирден жалбарынып тилеп жүрмен.

Усындай көз-қарастан мениң оқыўшыларға тилеклерим, жасларға айтажақ нәсиятларым бар еди, енди солар туўралы қысқаша сөз етпекшимен.

Бизлер Әмиўдәрья бойларында көп жыллардан берли бирге жасап киятырған қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен ҳәм т.б. халықлармыз, бәримиздиң түбимиз ҳәм тилимиз жақын, динимиз бир, жақсы қарым-қатнаста жасап, қыз алып, қыз берип, қуда-күдағай болып қанымыз, қосылып кеткен. Бизлер ҳәммемиз бир мақсет ушын—Қарақалпақстанның, қала берсе пүткил Өзбекистанның жайнап-жаснаўы ушын ҳадал мийнет етип атырмыз.

Мениң тилегим — ең биринши гезекте сиз болайық, биз болайық, ҳәммемиз бир адамның баласындай дос, туўысқан ағайин болып, мийтиндей бирликте, аўызбиршиликте жасаўымыз лазым. Ҳәр бир инсан усы халықлар арасындағы дослыққа садық болыўы керек. Халықлар дослығын көздиң қарашығындай қәстерлеп, жүректиң төринде, оған дақ тийгизбей сақлаўымыз керек. Дослық күшти бириктиреди, адамларды алдағы турған қыйын ўазыйпаларды жемисли шешиўге жәмлейди. Бизлер ислеген дәўирде бул әдетке айналды. Мынаў қазақ, мынаў түркмен деген гәплер жоқ еди. Ҳәзир де сол жақсы дәстүр сақланып киятыр. Бирақ ишимизде аз да болса араға суўықлық салатуғын ҳәрекетлер болды. Олардың ҳәммесиниң тамырына балта урылды. Қалған жағында дослықты және де беккемлеп, биймәни сөзлерге, ерси ҳәрекетлерге жол қоймаўымыз керек. Дослық темасы ҳеш ўақытта өшпейтуғын, ҳеш ўақытта гөнермейтуғын, ҳеш ўақытта өзиниң мәнисин жоғалтпайтуғын мәңги тема. Солай деп түсиниўимиз, сол түсиник ҳәм тилек пенен жасап, алға қарай илгерлеўимиз зәрүр деп ойлайман. Бизлер — мениң өзим ҳәм мениң заманласларым барлық ўақытта усы халықлар дослығын жырлап, халықларды бириктириўдиң уйтқысы болып жүремиз. Бизиң жасларға айтажақ ең әдиўли ҳәм ең баслы тилегимиз усы.

Жаслар елдиң келешеги. Елдиң гүллениўи жаслардың қолында. Елде бирликтиң болыўына, халықлар дослығын беккем сақлаўға

жаслар үлкен итибар бериўлери тийис. Ҳәр бир халықтың дәстүрин, миллий өзгешелиғин, тилин, басқа да жақсы қәсийетлерин тән алып, оны қоллап-қуўатлаў керек.

Буның менен мен «Америка ашпайман», бирақ халық аўызындағы бир гәпте: Дәўлеттен (байлықтан, ығбалдан) «Қайда барасаң?» — деп сорапты. Сонда ол: «Бирликке бараман» — деп жуўап берипти. Сол айтқандай, бирлик болған жерде ҳәмме ўақыт жеңис болады, усы сөзлер қулағыңызға алтын сырға болсын, ядыңызда беккем услаң демекшимен.

Усы жерде бир рәўият айтайын. Бир ғаррының үш баласы бар екен. Ғарры дүньядан өтер алдында барлық балаларын жыйнап, мәсләҳәт берип кетпекши болады. Үш баласы да жәм болып келип: «Ата, бизлер келдик» — дейди. Атасы ортаға бир байлам қатты буўылған сипсени таслап, «Қәне, усыны сындырың», — дейди. Үлкен баласы бар күшин жумсап, сипсени сындырмақшы болады. Бирақ сипсе қайысады, ал сынбайды. Нәўбет екинши баласына келеди. Ол да олай-былай күш салып көреди, бирақ сындыра алмайды. Үшинши кишкентай баласы да бар күшин салып, сипсени сындырмақшы болады. Сипсе қайысып сынбай қала береди. Бул аўҳалды көрип, ғарры қолға пышақты алып, сипсени шандып байлаған жипти кесип, дара-дара шыбықларды биримлеп пырт-пырт еттирип сындырып таслайды. Соннан кейин ғарры балаларына мәсләҳәт береди:

— Балаларым, мен дүньядан өтип баратырман. Көрдиңлерме, сипсениң шыбықлары дара-дара болғанда ғана сынды. Бир топ болып биригип турғанда сынбады. Демек, сизлер мен өлгеннен кейин ҳәр қайсыңыз өз басыңызға кетсеңиз, онда қыйналып қаласыз, жә-бир көресиз. Егер үшеўиңде бирлик болса, сизлерди ҳеш ким, ҳеш қандай қыйыншылық сындыра алмайды. Мен сизлердиң келешекте бирликли жасаўыңызды уқтырып кетпекшимен, — деп балаларына нәсият айтқан екен.

Дослықты, бирликти сақлаған ел жәнжелден, урыстан аўлақ болады. Жәнжел бар жерден бирлик қашады, бирлик жоқ жерде берекет болмайды. Усы жерде шайыр Ибрайым Юсуповтың бир қосығын келтирейин:

Усласса палўанлар жаға услассын,
Тасласса қошқарлар ғелле таслассын,
Урысса қоразлар ғана урыссын,
Адам урысқан жерлер ўайрана болар.

Бул қосықта үлкен мағана бар. Оны талқылап мәни бериўдиң кәжети жоқ шығар деймен, себеби бул қатарларда шайырдың нәсияты ашық-айдын көринип тур.

Қосықта айтылғанындай, елимизде жаға усласыў, талас, урыс болмасын демекшимен. Дослықтың, бирликтиң төркини тынышлықта, парахатшылықта, беккем аўызбиршиликте. Аўызбиршиликли болың, балаларым демекшимен.

Ҳүрметли Биринши Президентимиз Ислам Каримов өзиниң бир гәпинде: «Ағайинлер, ҳәр биримиз 40—50 жасқа келип қалдық, аржағы жақын қалды, адамларға жақсылық етип үлгерип қалыңлар» — деген еди. Бул ҳақыйқатында дурыс гәп. Адамларға жақсылық қылсаң да, жаманлық қылсаң да ол, әлбетте өзиңе қайтады. Сонлықтан, халқыңа, достыңа, қоңсыңа, ғәрип-кәсерлерге жақсылық еткен адамға алланың берекети жаўады. Я өзиңе, я балаларыңа сол жақсылық еткен адамнан ямаса алла тааладан қайтады. Керисинше, сен биреўге жаманлық ислесең, ол да я саған, я сениң жақынларыңа қайтарады. Буны тәжирийбеде көрип жүрмиз. Бул Қураны кәримде де бар екен. Сонлықтан, ҳасла биреўге жаманлық ислей көрмең. «Сени тас пенен урса, сен ас пенен ур» — деп бийкарға айтпаған дана халқымыз. «Биреўге гөр қазба, өзиң түсерсең» деген халқымыздың нақылы да тәжирийбеден алынған. Тәбиятта сондай күш бар, есап–китап бар, адамларға жаманлық ислесең өзиң де жаманлық көресең.

Биреўлерге жақсылық етиў — бул адамгершиликтиң ең жоқарғы белгиси. Халықта мынадай нақыл бар:

Жақсылыққа жақсылық,
Ҳәр кисиниң исидур,
Жаманлыққа жақсылық,
Ер кисиниң исидур.

Бул дана сөзлерди ҳеш қашан естен шығармаңлар. Сол сыяқлы көкиреги кең, жүреги таза, кек сақламайтуғын инсан болыңлар. Кемшиликти жипке дизе бериўге болмайды. Адам кеширмели болыўы керек. «Билмегенди кеширмесең, сениң билгениң қайда» — деген нақыл бар. Оны да итибарға алыў керек. Жаманлығын алдына келтиремен деген пикир инсанға жараспайды. Және бир нәрсе — адамды сыртынан сайыў гүнаның ең үлкени болады. Сырттан адам жаманлаў әдетин үйренбең. Егер биреў екинши адамды жаманлап

отырса, оны тоқтатыў керек. Биреўдиң кемшилигин сезсең, оны көпшиликтиң алдында емес, бәлки, көзбе-көз, бөлек жерде досларша айтып түсиндирген мақул. Бул дослықтың, туўрылықтың белгиси.

Бир-биреўге мүриўбетли, сыйласықлы жасаған жақсы. «Ҳәр ким сыйлағанның қулы» дейди дана халқымыз. «Сыйлағанды сыйла, басың жерге тийгенше» — деген сөз бар. Буның мәнисине терең түсинип, итибар бериў керек. Сыйласық дослықты беккемлейди. Биреўдиң кеўлине тийип қапа етиў, кеўлин қалдырыў жарамайды. «Достың кеўли бир атым насыбайдан қалады» — деседи. «Достынан кемшилик излеген адам доссыз қалады» деген гәп те бар. Буны да есте сақлаў керек. Әлпайым, сыпайы, сақый болыңлар. Барың болып, мүтәж адамға қол көмегиңди тийгизбесең, бул да жарамайды. Биреўдиң жақсылығын көрип, оған рахмет айтпаў, итибар қылмаў бул да мәдениятқа жатпайды.

«Балам, быдым-быдым бол, мийзамкеш бол» — деген гәп бар. Сымбатсыз болсаң да сыпайы бол, аңлап сөйле, көпшиликте өзиңниң орныңды тап, сулыўлық сонда», деген мәнини аңлатады. Буған да итабар бериў керек.

«Жақсы көреди екен деп бара берме, береди екен деп ала берме» — дейди халқымыз. Демек, инсап болыўы керек деген сөз. Бийинсаплық, нәпсиқаўлық, қоқаң-суқаңлың жас жигитлерге жарас-пайды. Жасүлкенди сыйлаў керек, көрсең алдынан өтпе, аттан түсип сәлем бер, қолыңнан келсе пәтиясын алған мақул.

«Жыллы-жыллы сөйлесең жылан ининен шығады» дейди, жақсы сөз бенен достыңды йошландыр, кеўлин хошла, ашыўын тарқат, сонда исиң питеди, мақсетиң жүзеге асады.

«Қәте қылмайтуғын инсан жоқ, қәтесин сезип, өзи дүзетсе — ол даналық» — дейди Қытай халық нақылы. Сол айтқандай, кимде қәтелик жоқ дейсең. Қәтелик ҳәммеде болыўы мүмкин, оны өзи сезип, дүзетсе — бул даналық екен. Дана болыңлар, балаларым. Сөйлеген сөзиңе атлаған адымыңа сын менен қараңлар, асып-тасып кетпеңлер, өз қәтелигиңди сезетуғын дәрежеге жетиңлер. Әлбетте, бул қыйын, бул ушын сезгирлик керек.

Усы қәсийетлердиң ҳәммеси бизиң жасларда болса екен, жас әўлад мәдениятлы, сыпайы, көргенли, әлпайым, соның менен бирге биринши Президентимиз И. А. Каримов айтқандай «елим, халқым деп күйип-писип жасаса» — екен деген үмиттемиз.

Ер азаматтың досты көп болыўы керек. Ел ақсақалы Ш. Рашидов «мың достың болса да бул аз, ал бир душпаның болса бул көп» деген

Рудакийдиң сөзин жийи-жийи қайталайтуғын еди. Қандай терең мәнили гәп! Дос арттырыў ушын кеўлиң қалған адамнан қашпаў керек, керисинше, оның кеўлин алып, дослықты беккемлеген үлкен ақыллылық болады. Ақыл-парасатлы болың, өкпе-гийнени умытың демекшимен.

Адамзатқа сабырлылық та керек. Болар болмас гәпке ушып-қонып, жеңилтеклик етсең, ол да жигитке мүнәсип болмайды. Соның ушын да «сабыр түби сары алтын», «сабырлы жетер мурадқа, сабырсыз қалар уятқа» — деген ата-бабамыз.

Рус халқында бир жақсы гәп бар: «Слово серебро, молчание золото» (сөз гүмис, үндемеў алтын) деген. Мен билгишпен, мен шешенмен деп қомпылдай бериў — бул да жеңил тәбиятлықты аңлатады. Айырым әнжуманларда биймәни гәплер айтылса, сын берилсе, ақыллы жуўабың, күшли дәлилиң, өткир пикириң болмаса сөйлемей отырғаның абзалырақ. «Дым билмесең үндеме, жыйынның бир шетинде отырарсаң» деген гәп бар. Мазасыз гәп абырайды төгеди.

Мен көбирек нақыл келтирип, тилек билдирип, мәсләҳәтлер бердим. Буның қайсы бирин орынлай аламыз деўшилер де болыўы мүмкин. Буған мен қосыламан. Ақыл адамның жолдасы, ол бир күнде, бир жылда толысып кетпейди. Русларда «век живи, век учись» («жүз жыл жаса, жүз жыл үйрен») деген нақыл бар. Жас өтип, тәжирийбе топлап, ашшыны-душшыны татсаң, турмыстың өзи-ақ үйретип қояды. Бирақ талапшаң, жақсы инсан болыўым керек деп талпынған жас қыз-жигитлер ақыл-ойды ислетсе, бәрин де орынлаўға ерисе алады.

Мине усы мақсетлерди әмелге асырыў ушын, балаларда жасынан жақсы минезди, сыпайылықты тәрбиялаў ушын белгили алым Жуманазар Базарбаевтың зайыбы Қырмызы Дәўлетова екеўи жазған «Әдептаныў» китабы көп жәрдем етеди. Бул баҳалы мийнет өзбек ҳәм қазақ тиллеринде де жарық көрди. Елимизде бундай бийбаҳа китаптың бизиң авторларымыз тәрепинен жазылыўы үлкен мақтаныш. Ҳүрметли автордың китабы бойынша мектеп оқыўшылары ҳәм студентлер ушын балалардың жасына, билимди қабыллаў қәбилетине қарай бағдарлама дүзилип, билимлендириў министри орта мектепте «Әдептаныў»ды оқытыўды турақлы бағдарламаға киргизсе, пединститутттың педагогика факультетинде әдеп-икрам тәрбиясы бөлими ашылып, арнаўлы кадр таярласа — булар бир үлкен унамлы пайдалы ис болар еди, деген пикирдемен. Себеби әдеплиликти тәрбиялаў — бул үлкен мәмлекетлик ўазыйпа.

«Баланы жастан» дегендей, жасынан елди сүйетуғын, ел исине жаны ашыйтуғын, күйип-жанатуғын, мийнетте өзин көрсететуғын, әдепли ҳәм билимли әўлад тәрбияласақ — бул теңи-тайы жоқ үлкен хызмет болады, елимиздиң бахытлы келешегин тәмийинлейди. «Әдептаныў» китабы халық нақыллары тийкарында еки китап етип, биреўи — орта мектепке, биреўи ВУЗ ға арнап, авторлар тәрепинен қайта, толықтырып жазылса мақсетке муўапық болар еди, деген пикирдемен.

И. А. Каримов өз дәўиринде «Соғлом авлод учун» көп илажларды әмелге асырды. Саламат әўлад дегенде денсаўлығы күшли әўлад ғана емес, ал әдеп-икрамлы, көргенли, билимли, руўхы сап ҳәм күшли әўлад жетилистириўди түсиниўимиз керек. Саламат әўлад дегенде және бир нәрсеге итибар бериў керек. Олда болса ишимликтен, нәшебентликтен аўлағырақ болған мақул. Ишимликтен, нәшебентликтен аўлақ болған инсанның әўлады саламат туўылады.

Бурынғы СССР дүзиминиң, оған сүйенген «Социалистлик лагерьдиң қулаўы менен ол дүзимниң «уйытқысы» саналған коммунистлик идеология да сиясий турмыстан шығарылып тасланды. Ендиги жағында пуқараларды, бәринен бурын жасларымызды қандай идеологияда тәрбиялаўымыз керек деген мәселе күн тәртибине қойылды. Иделоғиясыз ел болмайды. Идеологияның түпки мәниси, бул адамлардың келешекке исенимин аңлатады. Сонлықтан, биринши Президентимиз И. А. Каримов Өзбекистан Республикасының миллий ғәрезсизлик иделогиясын ислеп шығыўды илимпазлар, философлар, социологлар, мәденият хызметкерлериниң алдына ўазыйпа етип қойды ҳәм өз мийнетлеринде бул идеологияның мазмунын баянлап берди. Буның мәниси Өзбекистанның келешеги уллы мәмлекет екенлигине исениўден, оған жетисиў ушын аўызбиршиликти беккемлеў, ўатанды сүйиў, жеделли ҳәм ҳадал мийнет етиўден ибарат. Сонлықтан, жасларымыздың санасына республикамыздың миллий ғәрезсизлик идеологиясын сиңдириў, оны ҳәр бир пуқараның бәринен бурын жасларымыздың өмир компасы ретинде басшылыққа алатуғын етип тәрбиялаў күтә әҳмийетли жәмийетлик ўазыйпаға айланып атыр.

Бул ўазыйпалар жүдә үлкен, оны бир жылда ислеп болмайды, әсте-ақырын әмелге асырыў мүмкин. «Аз-аздан үйренип дана болады» дейди халқымыз. Бул мәселеге ҳәмме бет бурса, алға жылжыў тезирек болар еди. Саламат әўладты пайда етиў ҳәммемиздиң

инсанлық ўазыйпамыз. Оған пўткил жәмәәт, оқыў орынлары аянбай үлес қосса, мақсетке муўапық болар еди.

Саламат әўладты тәрбиялаўда физкультура менен спорттың әҳмийети оғада үлкен. Шығыстың уллы шыпакери Ибн Сина мудамы ҳәрекетте болып, денени шынықтырыў, таза ҳаўада көбирек жүриў инсанның денсаўлығы ушын жүдә пайдалы екенлигин нәсиятлап айтып кеткен. Ҳәрекетсиз дене мисли бир жерде турған суўға усап бузылады екен. Әлбетте, бул туўралы талай адамлар мақалалар жазды, белгили спортшылардың өмири ҳаққында китаплар да шықты. Еске түскен жерде айтып кетейин, өз ўақтында бизлер — Қарақалпақстанның басшылары республикада спортты раўажландырыў мәселесине үлкен кеўил бөлдик. Обкомның бюросында, Жоқарғы Совет Президиумының ҳәм Министрлер Советиниң мәжилислеринде бул мәселелер талай мәртебе додаланды, спортшыларға жағдайлар дүзип бериў бойынша илажлар белгиленди. Нөкисте, Берунийде, Төрткүлде ҳәм республиканың басқада аўыл, қалаларында стадионлар салынды, спорт мектеплери ашылды. Қарақалпақстанның көплеген спортшылары Өзбекистанға, Аўқамға, ҳәтте дүньяға танылды.

Бир жағынан, өзлеримиздиң денсаўлығымыз ушын екинши жағынан, басқаларға жекке өрнек көрсетиў мақсетинде бизлер Нөкисте «Денсаўлық топарын» дүзип, ҳәр күни азанғы саат алтыдан саат сегизге шекем спорт залда гимнастикалық шынығыўлар ислейтуғын едик. Бул топарда мен, Ережеп Айтмуратов, Камал Рзаев, Чаржаў Әбдиров, Абдулла Худайберғенов, Тимур Камалов, Еркин Тәтибаев ҳәм басқа да басшылар бар еди. Әлбетте, әййемги греклердиң «сап денеде сап ақыл» деп айтқанындай, спорт пенен шуғылланыўдың адамға келтиретуғын пайдасы оғада уллы. Сонлықтан мен заманласларыма, әсиресе жасларға спорт пенен ҳәр күни шуғылланыўды нәсият етер едим.

Заман ағымы өзлериңизге мәлим. Билимли ел ғана үлкен өсиў, раўажланыў жолында көп табысларды қолға киргизип атыр. Данышпан шайырымыз Бердақтың «Билимли ел болмайды қор» деген даналық сөзи есиме түседи. Ҳақыйқатында да билим — өмир шырағы. Келешекке жолды билим жақтыртады. Билимсиз ақылгөйлик дәнлемейтуғын егинге усайды. Бул ҳаққында халқымыз: «Билеги жуўан бирди жығады, билими күшли мыңды жығады» — деп даналық пенен айтқан.

Ендиги жағында озық билим ҳәм таза технология болмаса, ол елде жөнли турмыс-тиришилик болмайды, артта қалады. Билим потенциалы күшли ел, тез өсип, раўажланып, тез жетилиседи. Сонлықтан, жас әўлад билим сырларын мийге қуйып, заман талапларына сүйенип, билимли болып өсиўи лазым.

Билимли болыў және таза технологияны ийелеў ушын ана тили менен бир қатарда шет тиллерди жақсы билип алыў мақсетке муўапық болады. Ол тиллерди билмей таза технологияны тезирек үйрениў ҳәм өзлестириў қыйын болады.

Сонлықтан, жасларға нәсиятым — билим сырларын терең үйрениң, ана тилиңизди терең билиў менен бир қатарда, шет тиллерин де билиң демекшимен.

Жас әўлад руўхы бай, жоқары мәдениятлы, «сегиз қырлы, бир сырлы» болып өсиўи тийис. Жасынан руўхый мәдениятын байытса жигит-қызлар гөззал болады, турмысы жеңил кешеди, олар дүньяның сулыўлығын сезип, өзлери де өмирден ләззет алып өседи.

Билимли болыўдың, илим үйрениўдиң инсан ушын зәрүрлиги қаққында Пайғамбарымыздың ҳәдислеринде тәкирар-тәкирар айтылады. Бул ҳикметли сөзлерден ибарат болған китаптың бир жеринде пайғамбарымыз: «Талап етпек илимди парыз болады ҳәр бир мусылман ер ҳәм нашарға» деп уқтырады.

Дин — бул руўхый байлығымыз. Ол адамда ең унамлы қәсийетлерди тәрбиялайды. Улама адамлар жүдә сыпайы, кишипейил, әдепли, туўры сөзли, дуўпияз көринеди. Олардан өрнек алса болады. Дин кеш ўақытта халық хожалығының раўажланыўына зыян бермейди. Керисинше, ол ел абаданлығына, бирликке хызмет етеди, адамлар арасындағы қарым-қатнасты беккемлейди.

Бизиң елимизде тоталитар режим идеологиясы, КГБ ҳүким сүрип, динди қадаған етип турған заманда да бизиң халқымыз диннен безген жоқ, «куда қәлесе» деген сөзди умытпады. Өлини көмерде жасырын болса да ҳәмме диний мәресимлерди орынлады, кейин хошласыў мәресимлерин өткерип, жерлеўдиң жаңаша тәртибин сақлады. Ал диннен қол үзген еллер өзиниң руўхый байлығын қоғалтып, ишиўшиликке берилип, исжақпас, ҳайяр, тайын асқа таяр болып кеткени мәлим. Бул жерде қол шошайтып олардың ким екенин, қайсы мәмлекет екенин көрсетиўдиң кереги жоқ шығар деймен.

Егер дин зәҳәр болса, неге динди қоллаған, қудаға исенген еллер АҚШ, Япония, ГФР ҳәм тағы басқалар ең раўажланған мәмлекетке

айналып кетти? Керисинше, коммунистлик басшылық болған еллер раўажланыўдан артта қалып қойды.

Динге, қудайға исениў керек, исенип жасаў керек. Тәбиятта бир жасырын, бендеге белгисиз, үлкен бир әдил күш бар. Ол жақсыға да жаманға да ҳәр кимниң пейлине қарап тәғдир, несийбе үлестирип берип отыр. Перзентлеримизде, жасларда динге садықлықты тәрбиялаўымыз керек. Бирақ буннан динге исенбейтуғынның ҳәммесин бузық адамлар, оларды жек көриў керек деп түсинбең. Бул мәселеде Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының Конституцияларындағы ҳүждан еркинлиғи ҳаққындағы режелерди басшылыққа алыў лазым.

Ақсақалымыз Ш. Р. Рашидов айтар еди «Егер азаматты сынамақшы болсаңыз, оған ҳәмел бериң» — деп. Ҳақыйқатында айырым адамлар қолына ҳәмел тийгеннен кейин пүткиллей өзгерип кетеди, достын да танымай қалатуғын, итибар бермейтуғын, қарым-қатнасты өзгертип жиберетуғынлар турмыста ушырасып қалады. Ҳәмел бул ўақытша нәрсе, ал дослық мәңгилик. Ҳәмел қолыма тийди деп ҳәдден асып, қудайыңызды умытып кетпең демекшимен. «Адамның адамгершилиги ҳәмел тийгенде белгили болады» — деген нақыл бар. Ел ағаларына (колхоз, совхоз, район, мәкеме басшыларына) мәсләҳәтим тилиң менен ҳәрекетиң, сөзиң менен жүрегиң бир болсын. Өзиң бир нәрсени айтып, басқаша ис етсең, бул жарамайды. Бундай етсең ишки дүньяың сезилип, өзиң әшкара боласаң, халықтың исениминен айырыласаң. Сөзиң, ҳәрекетиң бир жерден шықса абыройың артады, сыйласығың күшейеди, ҳүрметке бөленесең. Сөзи менен иси бир инсан, ол үлкен талант ийеси. Питпейтуғын исти питкеремен деп ўәде етпе, ўәде бердиң бе, оны орынла, өз сөзиңниң хожасы бол. Халыққа ҳүрмет-иззетиңди аяма, халықтың жағдайын билип басшылық ет, болмаса сайызға шығып қаласаң. Ел ағасы болып хызметте жүрген адам өзиниң турмыс тәжирийбесиниң дәнин лаўазымда турған ўақтында шашыўы лазым, бул демек, халық пенен, ел менен сыйласықта исле деген сөз. Усылай болса, ҳәмме ўақыт ҳүрметке бөленесең демекшимен.

Үлкен лаўазымда ислеген адам ҳәкимликти қорқытыў жолы менен емес, ал адамлардың жүрегине жыллы жол табыў арқалы жүргизсе, ол күшли ҳәм абыройлы болады, буны мен өз тәжирийбемде сынап көрдим.

Жасы үлкен адамлар жасларға дийқаншылықтың сырын үйретиўимиз, солай етип, жасларда жерге муҳаббат оятыўымыз, ҳәмме

керегимизди жерден өндирип алыўды әдетке айландырыўымыз керек. Басқаша болыўы мүмкин емес. «Москва бизди аш етпейди. СССР да бийдай болмай қалса АҚШ тан, Канададан долларға сатып әкелип береди» — дегенге исенип, бийғам, аўызды ашып отыратуғын заманлар қайтып айналмайтуғынын түсиниўимиз керек. Аспаннан ун жаўмайды. Ендиги жағында ҳәр ким өзине-өзи ғамхорлық етип, мийнет пенен, маңлай тер менен жердиң баўырын ийдирип, тәрбиясын берип, оннан керегимизди өндирип алыў ҳәр семьяға нызам болыўы керек. Ериншекликти қоятуғын заман келди. Жатқаннан не пайда, мийнет етсек, азанда ерте турып жерге айналыссақ, бала-шағаларымыздың тамағы тоқ, үсти пүтин болады ҳәм саламатлықты да беккемлеймиз, денимиз саў, жасымыз узақ болыўына тийкар саламыз. Аўылдағы басшылар да базар қатнасықларының қатаң талапларын, нызамларын адамларға түсиндирип, жеке хожалықлардың усы жумысларды ислеўине көмеклесиўи, шараят дүзип бериўи ҳәм керек жеринде адамлардан буны талап етиўи тийис.

Усы исти қалада жасаўшылар да ислеўи керек. Көбиси менен сөйлессең, ўақтым жоқ, жумыс пенен бәнтпен деп жуўап береди. Буның менен келисиўге болмайды. Ҳәр күни азанда саат алтыда турып, үй қапталындағы атызда еки саат ислеў әдетке айналса, питпейтуғын жумыс қалмайды. Өзиң руўхый қанаатланыўшылық аласаң, азан менен таза ҳаўа жутасаң, денсаўлықты беккемлейсең, жерге қызығып, басыңдағы ғаўғалы ислерди умытасаң, пәк боласаң, ҳарам терди шығарасаң, және бала-шағаңа ырысқы-несийбе дәретип, өзиңнен-өзиң рәҳәт таўып жасайсаң.

Ақсақал мәсләҳәт берип атыр, ал өзи не қылып атыр екен? деўшилер де табылыўы мүмкин. Бул тәбийий саўал. Мен өзим азанда алтыда тураман, қолымнан келгенин ислеймен, үй қапталы жерден бир жылда еки рет зүрәәт аламан, алмаслап егемен. Үйимиздиң бюджетине өзимниң үлесимди қосып атырман. Азанда алтыда турған адамның басы таза, денеси жеңил болады, азмаз атызда ислесең денсаўлық та беккемленеди, мен оны өзимниң мысалымда сынадым. Мийнет еткен адамның уйқысы қатты, терең, жүдә мазалы болады. Мал сақлап, таўық өсирип ырысқыны көбейте бериўимиз керек. Жер ҳаққында, үй қапталы участкасы ҳаққында көбирек айтып жиберген шығарман. Бирақ аз айтайық, көп айтайық, бул ис керек ис. Ҳәр ким өзиниң шаңарағының абадан, тоқ жасаўын өзи қолы менен тәмийинлеўи керек. Ҳәр бир хожалық байымай мәмлекет,

ел байымайды. Жеке үй абадан болмай, ел абадан болмайды. Көп этажлы жайларда жасаўшыларға жери болмаса ҳәкимият қаланың дөгерегинен оларға егислик жер участкаларын ажыратып бериўге ғамхорлық жасаўы керек. Базар экономикасына өтиў мапазында тағы бир мынадай қубылыс жүз берип атыр:

Базарлар дийқанның өндиргенлерин «аспаный баҳа» менен жайып сатып отырған алып сатарларға толы. Көп адамлар басқа қалаларға қатнаўды кәр етип алған. Булардың бәри, әлбетте, ўақытша қыйыншылықтан пайда болып атырған жүдә унамсыз нәрселер. Базар қатнасығының шәрти алып сатарлық, дүкәннан алып, былайырақ шығып қымбатына сатыў емес, ал басқа жерлерден әкелип, дүкәнларды толтырып қойыўдан ибарат, саўда мәдениятын турмыска ендириўден ибарат болады. Қала басшылары бул мәселелер үстинде көбирек бас аўыртыўлары зәрүр.

Екиншиден, ҳәммеге мәлим, бизиң халқымыздың ишинде өнерпаз адамлар көп. Олардың бирли-ярымы көзге түсип, өз өнерлериниң арқасында бала-шағасы ушын напақа таба баслады. Мениңше, усыны ел ишинде кеңнен раўажландырыў, ата-бабаларымыз үйренип кеткен миллий өнер-кәсиплердиң ҳәммесин қайта тиклеў лазым.

Мен халқымның, елимниң абадан турмыста жасаўын, тамағының тоқ, кийимниң пүтин болыўын, шаңарағының аман болыўын тилеймен. Қудайдан тилегим, иншалла Өзбекистан, Қарақалпақстан жерине қуданың нуры жаўсын, берекет дарысын, жерден алатуғын зүрәәтимиз арта берсин, елимиз бағы-бостанға айналсын, парахатшылық, беккем аўызбиршилик, дослық, туўысқанлық, бир-биреўге мийрим-шәпәәт артсын, қыйыншылықлар тезирек артта қалып, дастурханымыз мол болсын, нанымыз қалыңып, турмысымыз жаңарсын, дәртлеримиз жоғалып, ҳәр шаңарақта той-тамашалар болсын, ҳәммемиздиң жүзимизден күлки кетпесин, ғошшақ жигитлер, қыз-жаўанлар шадлықта турмыс қурып, биримиз еки болсын, елимиз өсип-өнип жасай берсин, бул тилеклерге периштелер әўмийин десин. Мениң халқыма, заманласларыма, әсиресе жасларға тилегим, нәсиятым усылар еди.

Адамның нийети жолдасы дейди, илайым гүллән жақсы нийетлер бәржай болып, өнип-өсе бергеймиз.

МУРАТБАЙ НЫЗАНОВ

ДӘЎРАН СИЗИКИ

(Қаллибек Камаловтың 90-жыллығына жазылған қутлықлаў)

Ҳәрким сиздей болса әрманы болмас,
Ҳәр екки дәўирде дәўран сизики,
Сизге хошаметтиң жалғаны болмас,
Абырай — мәртебеде қырман сизики!

Сиз билгенсиз ҳәр атыздың тәрийпин,
Ҳәр дийқанның бүгинин ҳәм тарийхын,
Сорасалар: «Қарақалпақта ўәлий ким?»,
Куда көпсинбесин, бул ҳәм сизики!

Сиз анық билмеген тараў болмады,
Ҳеш кимге алағат қараў болмады,
Жуўабы шешимсиз сораў болмады,
Даңқ — абырай жолында умман сизики!

Ел ағасы болдың, елиң сыйлады,
Сиз ушын бәрше халық абырай жыйнады,
Өсек сөз айтыўға көзи қыймады,
Тоқсанда тозбаған ығбал сизики!

Сизде күш-қуўат бар таўды жыққандай,
Ақыл-зәкаўат бар миллион уққандай,
Қуўанаман өзим жүзге шыққандай,
Әсирге татырлық ийман сизики!

20-март, 2016-жыл.

МАЗМУНЫ

Жаңа басылымға алғы сөз 3
Китап оқыўшыларға 9
Өзбек халқы менен мәңги бирге 20
Пидайы ел басшылары 27
Қарақалпақтың үш байтереги 54
Дийқан жерди тойдырса, жер елди тойдырар 70
Қолласқан жүк жолда қалмас 142
Қарақалпақ ҳаял-қызлары 170
Қурылыс раўажланбай ел раўажланбайды 180
Санааттағы қурылыслар 264
Дипломатиялық жумыста 275
Кеңесли ел азбас 309
Билим — ақыл шырағы 321
Университетти ашыўға байланыслы машқалалар 337
Илимли елге нур жаўар 364
Денсаўлық — терең байлық 378
Көркем өнер — елдиң келбети 398
Тил, әдебият ҳәм тарийх ҳаққында пикирлерим 417
Биз миймандос халықпыз 432
Елимиздиң жасларына тилек нәсиятларым 438
Дәўран сизики 450

ҚАЛЛИБЕК КАМАЛОВ

ЕЛ ХЫЗМЕТИНДЕ

(Еске түсириўлер)

Нөкис
«Билим» баспасы
2018

Редакторлар *С. Айтмуратова, С. Байназарова*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *А. Бегдуллаева*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 15. 01. 2018-жыл. Форматы 60x90 $^{1}/_{16}$. Тип «Times New Roman» гарнитурасы. Кегль 11. Офсет қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 28,25 б.т. + 1,0 п.л. вкл. 29,02 есап б.т. Нусқасы 2000 дана. Буйыртпа № 18-19.

«Билим» баспасы. 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Электрон мәнзил: bilim.baspa@bk.uz

Өзбекистан Баспасөз хәм хабар агентлигиниң «Өзбекистан» баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи баспаханасында басылды. 100011, Ташкент қ. Наўайы көшеси, 30.